Ongka 1 Kemis kaping 6 Januari 1876

BRA MARTANI

Nalika tanggal kaping 1 wulan punika, kanjeng tuwan residhen atatela bilih tiyang ingkang anami Poncawirana ing bananupma[…] dhusun bawah ing Mangkunagaran tuwin celak tapel wates ing Ngawi, arembugan kaliyan durjana kecu sanalika kanjeng tuwan atepang rembag kaliyan Kanjeng Gusti Pengeran Adipati Ariya Mangkunagara sarta amundhut prajurit sawatawis ingkang kautus anyepeng tiyang wau, ingkang mangke Pncawirana dalasan anakipun sampun kacepeng sarta lajeng kamondhokaken ing kunjara, parentah ingkang tandang tandukipun cikat tantaha ing pakewuh saestu pantes pinuji ing kathah inggih punika lalampajaning para parentah ing sajatosipun.

Panjurung saking dhusun Karang bawahing Surakarta

Ing dhusun Karang ler bawah kapulisen ing Klathen kaleres dhusun tebasanipun Raden Arya Condraresmi wonten satunggaling tiyang wasta Sontayuda bekel ing dhusun Karang ler punika dipunpengangkah palenggahanipun kabekelan, Sontayuda dipunpurih pocota kabekelanipun, dene ingkang mengangkah punika awasta Ki Jayeng ing dhusun Ngreden, naming pun Sontayuda boten saged pocot sabab damelipun sae lan boten nate ngather paos dados bendaranipun ragi awrat yen copota, anaming Ki Jayeng sanget pangangkahipun, punika Ki Jayeng lajeng medal akalipun, bojonipun Ki Jayeng punnika teksih enom kalih ragi sae wrenanipun, punika tiyang estri lajeng dipunleledhek dhateng pun Sontayuda wrenanipun kados tiyang remen mekaten, lan Jeyeng estri pijer wira-wiri dhateng griyanipun Sontayuda sarta ngajak gugujengan, dangu-dangu pun Sontayuda gingsir, dhasar Sontayuda wau tiyang mudha boten gadhah bojo sareng bok Jayeng estri wau badhe dipunremeni, saweg dipuncepeng tanganipun lajeng jeleh-lejeh nedha tulung, boten antawis dangu Ki Jayeng jaler dhateng sarta bekta rencang mawi gegaman, pun Sontayuda lajeng dipunlokaken yen tiyang badhe bedhang sarta dipunoyak, dene pun Sontayuda tiyang rumaos lepat lajeng lumajeng nusup-nusup lajeng kesah minggat boten mawi mantuk-mantuk ngantos sapriki, punika menggah kabekelan siyos kenging dhateng Ki Jayeng tanpa prekawis sabab karukun ing sadhusun sami trimah mila boten katur ing kapulisen sabab Sontayuda lajeng atrimah boten gugat, nalar makaten punika ragi anggumunaken.
Katandhan dening Raden Ayu Condraresmi.

Ing nalika wulan kang kapengker punika wonten satunggil tiyang awasta pak Cathis tiyang ing dhusun Karangturi bawah Surakarta, pak Cathis anakipun estri kang wasta pun Cathis puinka dipuntedha sumeja dipunrabeni dhateng tiyang wasta pun Madyasura, anaming Pak Cathis boten suka lajeng katembung malih mawi dipuntumbasi ing yatra, anaming Pak Cathis meksa boten suka sabab pun Madyasura punika sampun kawentar yen pethuk durjana, anaming lare estri pun Cathis wau sampun dipuntembung piyambak dhateng pun Madyasura sampun purun malah sampun kerep dipunwewehi warni barang pengangge utawi warni yatra dhateng pun Madyasura, ing wusana Pak Cathis sareng siyos kekah boten suka anakipun dipunrabeni lajeng pun Madyasura medal kurdhanipun, sareng ing dinten Senen Pak Cathis badhe dhateng sabin dipuncegat wonten ing lepen sakidul griya, nanging Pak Cathis boten sumerep dhateng pun Madyasura, sareng dumug itengah lepen Pak Cathis lajeng dipunlamengi dhateng pun Madyasura tatu sirah utawi pundhak tuwin githok, nanging Pak Cathis dereng pejah bengok-bengok nedha tulung, lamengipun Madyasura ngantos tugelpesenipun, sareng mekaten pejahipun Pak Cathis dipunsilep-silepaken ing lepen, sareng sampun pejah Pak Cathis wau pun Madyasura saweg minggah saking lepen kapethukaken dhateng anakipun jaler Pak Cathis kang wasta pun Kramayuda, pun Madyasura saweg minggah lajeng dipunwudhung ing lameng sirahipun ngantos sigar, pun Madyasura males bacok lameng anaming boten pikantuk sabab lamengipun Madyasura tanpa garan, lajeng dipunkaping kalihi dhateng pun Kramayuda kenging sirahipun malih Madyasura lajeng pejah babar pisan.

Ingkang punika sareng kauningana para kuwajiban karembag tanpa prakawis sabab tiyang sampun sampyuh pejahipun, amung ingkang gadhah waris sami kasapih sadaya trimah amung ngaturi uninga kimawon. Katandhan Kramayuda.

Ing dinten Sabtu tanggal kaping 1 wulan Januwari punika Mas Ngabehi Harjanabda abdi dalem mantri kabayan gedhong tengen, dalu wanci jam 2 mantuk saking dherek tedhak dalem ing paresidhenan dumugi pakaranganipun ngaleresi enggok-enggokan kapethuk tiyang nyunggi kajeng, saking peteng boten sumerep sawijining tiyang dumados Mas Ngabehi Harjanabda paraupanipun kacocog kajeng ingkang kabekta durjana, kabar ngantos labet, mas ngabehi jola lajeng alok ana maling, ingkang gadhah kajeng kabekta durjana nami Ranusemita ugi kabayan gedhong tengen ngaleresi gadhah anak jagongan mireng jawi wonten alok maling, para priyayi jagong tandya tangginas medal, pandung kacepeng dados rubungan para tongga, boten dangu kaladosaken dhateng pulisenipun kabendhenan kados adat dhawah nagari, ingkang kula gumuni pandung wau kabar rencangipun Mas Ngabehi Wiryautama griyanipun jajar-jajar ingkang nyepeng ingkang kapandungan kajeng, ingkang gadhah rencang purun mandung let kemawon boten sarta penabuhipun bendhe sanget adamelgeter ngeget-egeti ingkang celak sapisan sora kaping kalih katitir saengga wonten kecu apes-apesipun wonten raja tatu boten urup dene namung pandung kajeng rencek, mila para tandang kathah ingkang nuweni sarta angregep dadamel, sareng mirsa pandungipun katangledan mendhet kajeng rencekan kathah sami ngresula para tandang boten angsal saking kaniyatan anggenipun cangkut, benjing malih bilih nabuh bendhe ingkang prelu kaliyan ingkang boten prelu kadamela kacek.
Gadhing tanggal kaping 2 Januwari 1876. Sanityasa.

Nalika malem Akhad kaliwon tanggal kaping 28 dumugi malem Isnen tanggal kaping 29 Dulkangidah kang kapengker punika pulisi ing nagari Ngayogyakarta baris kaping wonten sakiwa tengenipun setasiyon ing Lempuyangan sumedya anangkep durjana kecu, ananging dipunantosi ngantos sajam tigang dalu boten wonten masanipun kalampahan rahaden adipati kalih dalu pisan anindaki kapaing sakilening setasiyon inggih meksa tanpa wasana, ingkang punika puji kula mring snag durjana kecu mugi angarsakna nglaksanani kajatipunsupadya ana yogyanana sang pulisi. *Dhe Porsten Landhen.*

Ing wekt upunika para abdi dalem ageng alit ing Ngayugyakarta sadaya rumaos bekja awit ing mangke Kanjeng rahaden Adipati Danureja bintang singaning Nedrelan atas karsanipun kanjeng tuwan A.Ye.Be.Wanten Dhorep residhen ing Ngayugyakarta ayasa pamulangan angirib pamulangan dalem kanjeng gupremen, menggah papaning pawiyatan wau wonten ing Kadanurejan ugi, ananging para rare ingkang sami sakolah boten mawi medalken waragad satunggal punapa, mila dalasan anak cina inggih lumebet ing pawiyatan ngriku tan mawi kawragadan.
Wondenten ingkang amedalaken kawragadanipun inggih ingkang kagungan karsa amurwani pawiyatan wau piyambak.
Ingkang punika pamuji kula inngkang kalayan urmat mugi-mugi pawiyatan ing Kadanurejan wau sampulura dumugi sapanginggilipun sampun ngantos kikirangan satunggal punapa. Titi.

Banjir
Ing Sampang Surabaya

Nalika tanggal kaping 23 dumugi tanggal kaping 26 wulan Dhesember ingkang sampun kapengker punika ing Sampang kabanjiran, lampahipun toya boten kados banjiran ing Surakarta, ing Surakarta manawi banjir ilining toya boten santer, ing Sampang lampahipun toya anglangkungi santeripun, griya tuwin barang darbekipun tiyang pakampungan kathahi ngkang larut ing toya, beras ing pacinan pinten-pinten koyan ingkang boten katulungan kasesa

dhatengipun toya ngaget kimawon, para sudagar wah para cina ingkang sami bikak toko sadaya sami jenggruk.
Saking pakabaran boten ngemungaken ing Sampang kimawon ingkang kabanjiran, ing Bangkalan utawi Sumenep, Pamekasan ugi kabanjiran.
Katandhan pun R.A.Jaka Lalona.

Ing ngajeng kula asring maos serat *Bra Martani* anggugujeng dhateng ingkang manjurung bab rare guyang kapal sasanderan, kula manah saking panasten tuwin tanpa paedah, ing wasana sareng dinten Rebo enjing wanci jam 7 wulan Dhesember punika, kula pinuju kliyek-kliyek anglemesaken suku dhateng radinan ageng, boten dangu wonten kapal nyander saking kidul kathahipun 5 iji ingkanag numpak sami rare tumambirang, dumugi ler kula caket wonten rare alit umur 7 taun saking kilen sumedya mangetan ngleresi dhatenging kapal nyander wau, rahayu rare bejanipun ingkang gadhah anak teka boten kapidak amung kalangkahan, para tiyan gkiwa tengenipun ingkang sami mirsa sami jerit ngelokaken mati, lo dados leres ingkang atur pepenget ing ngajeng dhateng para priyantun pulisisupados angambengana rare guyang kapal sanderan.
Katandhan Masudi.
Redhaksi amanadukara mugi polisi karsa ambengana, nanging ing nginggil mungel bilih sudi anggugujeng punika kapara anggumunaken.

Panjurung ing Bra Martani

Ing kabopaten Kaparak tengen ing mangke katinga ngegla sanget rumeksanipun dhateng ing bawah amurih indhakipun tata tentrem, katondhan priyantun jaler ingkang sami rundha kaperdi sanget saking pranatan ngalempakipun jam 9 wonten pandhapi kabopaten mawi karolis kirang jangkepipun, dene ubengipun kaping 2 sadalu jam 11 utawi jam 3, bibaripun wanci jam 5 enjing, dene dedamelaniun maos pedhang tarkadhang mawi senjata, kathahipun ingkang rundha boten kirang skaing 14 iji, jalaran peke kang mentsa saos ing nglebet dalonipun inggih lajeng rundha, ananging kuciwa para tiyang kampungan boten katingal biyantonikacihna awis ingkang griya samangsa prayantun rundha pinuju mubeng sarta mawi celuk-celuk dhateng tiyang […] melok, wonten ingkang sumaur satunggal kalih inggih saking salebeting griya terkadhang wonten ingkang nyauri kaliyan ngadhag-adhag, wonten ingkang stiyar nglindur, ingkang saupami kalampahana paben wonten priyantun rundha pinuju[….] medal saking griya tumin lajeng ngubengi priyayinipun, saking watawis para durjana resmer tuwi dhateng pakampungan, saestu yen budhal anemahi kalingseman kacelik.
Ing wasana dadunge kula ingkang kasebut ing ngajeng wau sadaya kasumanggana [….] tuwan redhaktur, bilih sakinten pantes mugi kapacaka ing pabaratan *Bra Martani*.
Kampung Saragenen kaparak tengen kaping 18 Dulkangidah Ehe 1806.
Katandhan Jajar ingkang pinuju rundha Cakrawongga.

Kasmaran lakuning miskin, minongka uler nagara, karsane mung ancak bae ,jawi wirang, datan arsa kangelan, kasengsem denya jejaluk, tan rekasa sugih kaya, kere desa pun niteni, dudu kere sakereya, pan kere gedhe kayane, sambaja kaya, anyewaken busana, aneng wisma mangkruk-mangkruk, jegang angasta bedudan, luhestri ganti-ganti, genira angeles dilah, pan marga sanget sayahe, teka primadanan, nulya sallin busana, prabot priman malbeng tumbu, pakebonan sinung prenah, […] metang angsalneki, kang jaler angsal sak reyal, boya kacek lan estrine, mangke ta pendhak sapar, wus kena winajibna, panggih apes petangipun, para mindhak datan suka, jalu estri ing sesasi, kawan dasa wolu reyal, kalempakane kayane, lauta apa, ing jaman sak punika, nekat dereng ing setaun, terkadhangan dadi mulya, maido kang datan uning, kere desa petang ira, ngandhap punika gancare, sahenanira, agung sabar ing manah, sinentaka kadya asu, ingkang bisa dhandhang gula. Peken ageng den pemuti nenggih, padhusunan kirang langkung tan kathah, janma gangsal atus bae, […] igaran sirna wus, namung kantun sen lawan dhuwit, angsala mung sak bagya, sareyal mulang langkung wage peken karang pandhan, kliwon kutha bekonang ing

dina legi, paing nang Karanganyar, ing dina pon apan ngaso nenggih, wewarungan tan murwat pinaran, tan urup lawan kesele, angur amangan nginum, saha metang ing darbek neki, boding pepetang dhahar, nulya minum pretmu, ngraon ing muktenira, datan kena panggawehaning nagari, gugur gunung tan kena. Mila nira kesaya dadi, wismeng desa malbu jompon kena, tan pinupu ing gawene, nganggur athenguk-thenguk, tan rekasa ngupados menggih, angger tiyang dhinodhokan, mannis jawabipun, mas bendara […] priman, tiyang miskin boten waged nambut kardi, ing sak paring sampeyan.
Ing nginggil wonten tembung sak pada lingsa ingkang sakalangkungan lingga boten kaebahan. Redhaksi.

Pamular sih

Lwir sad pa:da weku parsa, ngingsep ganda:ning widadi, rumarah:ruming padma, duk manitreng: pranasmara, lawenya:basa gita, riwimbaha:ndasa ari, nging sedyar: saha medhar, darunada:yaning driya. Nihanta: jjeng ulun, kanang sani:ntyas mugi, sumaos ngabyantaring, panjenenganing redhaksi, tangehyya:nwarna nentu, sthaning ulu:nduku pemadi, nembangha:kupi panjarwa, padukamma:yang tyas mestu. Dyan cumu:ndhun ri weca, lwir wejanging: titi sunda, ndah ritang: sawastu di, penedu pawa:wa[…]tiknya, myang ulu:nupakamantyan, suka ama:nadukara, labaning tyas mangripta, kadita ing:kang winayya. Saengga:tarulata, dhuswa yuka:traganing we, kawarsa:nlabuh kapat, saenu puhu:nupemi sumyar, sumyanta:rama pala, arsayeng nging: tyas mracayan, mangaya:t makir tyakung, kongas supingha:smara tura. Sahasa: manembrama, mring waryaning: darma yasa, wiyaseng: kadarmanta, ing palamar: tabu dyar sih, nya keh: winargati, sanggyaning kang:pariwara, wahyaning: pangindripa, masa santi: dirga yuswa. Kadaya:n kya punagi, yapya dana: wawekyaning, niscaya:warddaya sung, sadarganing: pamong gita, rarasuping: kala desa, inggih sandre:maning punggung, yekti se:hos yen jinadha, lawan upama:tyan ting kawruh. Satyando:ning panggelung, cinitreng a:ri anggara, tri likur:ring candrama, leking Dulka:idah:warsa, ehe myang wuku tambir, masa sapta:delen angka:ning warsa:sinengkalan: catur brastha: estha janmi.
Pakutis mitranipun inggal wakne Nawungkridha.
Redhaksi tan kaweken amacak palupining kasebut ngiggil punika, owel kedhik dene tembungipun kawi sadaya dados boten mesthi saged radin kasumerepan ing para punggung, ananging andadosaken suka seneng ingkang kintun karsa panglingga warah sasantining redhaksi tan lyan pangajeng-ajeng ira sampun teka kanggeg dados sastra nawala, mugi linulus mamurih arjaning *Bra Martani*. Redhaksi.

Sarehning mitra kula sang arya menak koncar ing mangke saweg kapugutan kalam panurat kaaling-alingan padhanging pandam kang murub amubyar-mubyar dadya pungun-pungun kadya galing kawilis, reming netra tansah aramyang-ramyang catho-catho tanduking kalam panurat tumitis ing papan karetas, wagugen ing tyas kadi baledhosa yenta sinabeta merang sagedheng bel kadya muruba.
Pramila ing mangke sarehning mitra kula sang arya menak koncar dereng karsa narbukani dhateng pitakenipun mitra kula rahaden mas Kusumawicitra ing Ngayugya, kang mungging pustaka pawarti ongka 49, dados kula kumawi urun-urun panjarwa bok manawi kapareng condhong kalayan karsanipun rahaden mas Kusumawicitra sarta kalayan pamanggihipun sang arya menak koncar, kadya ing ngandhap punika pitaken lan panjarwanipun.

Pitakenipun

Sang wina nyapa lana umah wangunen tulya mretang rat kabeh.

Panjarwa

Mangkana sang pandhita iku gawenen den becik den tetep pangabektine marang pangerane, pakolehe ambeciki ing jagad dene satuhune sang hwang amerta iku dadi panguriping buwana kabeh.

Milah wreti palanya ring sruti pageh ri buddhi tan cangcala.	Lungguh puja lan aji iku pakoleh akukuh ing budine kang marang rahayu teka ora kewuhan.
Bogawin dhwapa lan nyayan kinahanan ring warta dana ring praja.	Wong agung kanggonan sakathahing ngarta lan panganan luwih, lamun tinrapena iku luwih becik pakolehe akukuh negarane dadi wedi yen wong agung kakeyan ing calathu bae tan ana paparinge marang talane kaleru ing wawekune wnang den unduri dening balane kang adoh.
Ring stri putra yalapalan maring suratalen sradula wigring dita.	Yen wong rabi iku asedyoha oleh anak lanang bedoha lan wacan mangkana tan genep pindho anake kumanak.
Busana wastra mukwa tekaping para jana mamilih.	Dadine kang basa kawi iku penganggo kang linuwihaken dening wong nora kaya dodot sakehing wong padha milih dodot kang sapantese kang den anggo.
Stri gemuh ing payodara miduk wahina mreri hakung.	Yen mungguhing wong wadon iku kang linuwihaken budiring payodaranipun karana linuwihaken yen wus laki kang den demeni kariyin marang lakine tan kaya prembayune kinudang-kudang.
Sastra wisesa mukwa tekaping muni wara wilihen.	Sang pandhita kang linuwihaken sastra wisesa karana linuwihaken, dene asung tuduh kang ambeciki badane.
Utamaning mana olah ngamet priya awak aputeran.	Utamaning sandhi mangan iku yen oleya angamet dhawak kang kaskaya.

Sampun namung punika ing kawontenanipun panjarwa kula tiyang bodho, leres lepat kula nyumanggakaken dhumateng mitra kula sang murwakondha, rahaden mas Kusumawicitra inggih makaten punapa boten kisanak sang arya menak koncar.

Anjawi saking punika mitra kula rahaden mas Kusumawicitra prasaja boten sumedya mangsuli dhateng pitakenipun mas Mukhamad Sadali bab tegesipun sekar macapat lan sekar tengahan tuwin sekar ageng.

Saking bab punika manawi panjenenganipun redhaksi angrujuki sarta kagalih boten karoncenen punika inggih badhe kula andhar ing sakawontenanipun boten langkung namung andadosna regenging *Bra Martani* sumanten wau bilih mas Mukhamad Sadali narimah panjarwanipun tiyang bodho ingkang kadi pun kula punika. Ing wasana atur kula ingkang sampun tuwin ingkang dereng kula nuwun anyumanggakaken dhumateng para parameng sastra ingkang mugig dipunagung ing pangapuntenipun kula sumongga.

Treban kaping 29 Dulkangidah Ehe angkaning warsa 1804. Jaya Premana.

Ing nginggil anegesi wredining tembung kawi srti gemuh punika kapara kameloken ngatasing pustaka warti, dene ingkang dipunkarsakaken Jaya Premana badhe anegesi sawarnining tembung, redhaksi tan saged ameca ngronce botenipun.

Panaraga (Madiyun)

Sasampuning ingkang kaurmatan kathah-kathah ingkang mijil saking eklasing manah suci lumuntur ing wardaya ening, manawi wonten kithal kaoning tembung utawi panyerat kula mugi ingkang agung pangaksamanipun para sarjana utawi para mimpuna ingkang sampun sami ketarta munggi pasamuwaning pustaka *Bra Martani* awit panyerat kula boten mawi waton ukarana utawi paramasastra, margi kula

pancen boten gadhah sarta dereng nate maos serat ukarana utawi paramasastra wau, namung saking sengkunging sedyar samedaling mungging pasamuwaning *Bra Martani*.
Sampun kapara lami pamireng kula bilih ing dhusun cekok dhistrik kitha Panaraga wonten pekaulan ageng (pesadranan) inggih punika ingkang sampun misuwur saking pundi-pundi pesadranan dhosolan, mila katelah makaten awit ingkang kakubur wonten ing ngriku punika wasta tuwan Dhosol. Nalika dinten Jumungah Pon kaping 24 Dhesember 1875 kinten wanci jam tabuh 8 enjing, kula amrelokaken sejarah dhateng kuburanipun tuwan Dhosol wau, ing ngriku sakelangkung andadosaken gumuning manah kula awit janma ingkang sami dhateng ing ngriku kathahipun saistha kados tiyang pekenan, para priya para dyah para arum samya menganggya gonda widaburat arum kasturi jebadan myang busana ingkang sarwa adi (pepaes), gandaning kusuma awor kukusing ratus dupa ngantos angebeki samadyaning samuhan pasadranan, kumentheng mulek ngedhanu mring ngantariksa isthaning kadya anonsongi para dyah para arum ingkang saweg samya memuja minta harja ayuning sarira supadya tambah ing kauntungan myang kaharsayan, sang kukila ingkang samya mencok mungging panging mandera taman kwawa kataman subing ratus dupa, ahatma bubar asasaran, para dyah para arum wau yen tinon tuhu maneka-neka pating parelok pating galebyar pating karelip ujwalaning wastra puspakarna myang kalap ika temah merangken dayaning hyang pratongga pati kalindhih kenyaring busana margi wektu punika pancen tedhuh, ngantos sadinten muput sang hyang diwangkara boten karsa kekadhar.
Boten antawis dang utumunten kesaru dhatengipun jodhang kekalih isi tatedhan warni-warni, kula pitakeni ingkang satunggal gadhahanipun nyonyah …… cina ing ……., ingkang satunggal gadhahanipun raden ……. klangenanipun ……ing…… teksih sami kantun wonten wingking margi sami numpak kareta, boten antawis dangu nyonyah …….. kalyan raden…….dhateng sami menganggya ingkang sarwa endah, dhasar sami endah kang warni wimbuh karengga ing busana di sami lumampah dharat kairing ing rencang jaler estri sawatawis, awit radinanipun simpangan ingkang dhateng Dhosolan boten kenging kaambah kareta mila karetanipun sami katilar wonten radinan ageng, sang kekali wau yen tinon saking mandrawa kadya waranggana saking kaendran tumurun dhateng madya pada badhe ngrancana bagawan mintaraga ingkang mangun tapa ing ngarga endrakila, sak dhatengipun ing ngriku tandya ingayu bagya ing pandrama dhateng kyahi juru kunci, pra arum-arum ingkang kongas ing ujwala mantras kadya sekar setaman asri, sak dhatengipun sang kakalih wau samya surem ujwalanira kucem wadoning wastra, koyup kedhep kaungkulan praba sadaya pantes amawongan sang kekalih wau.
Saking criyosipun tiyang ing dhusun ngriku saben dinten Jumungah inggih wonten tiyang saking monca nagari ingkang sami dhateng nyadran sakedhikipun 80 utawi 100 sadintenipun.
Kaserat ing Bangunpuspita ping 27 Dhesember 1875.
Katandhan Cakra Kusuma. Teksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Brahmana Randhi akaliyan Raden Suwelacala.

Pangandikanira sang Bagawan Wrahaspati, iku raden pangandikane eyang ira sang brahmana Randhi ing sawuse sira pundhi tumuli konana aja kongsi lali lan sumarmane ingsun iki melu sumusul marang sira ana pakon ingsun kang luwih perlu, ing gunung condramuka kang wus den elih aran gunung marmabu dede eyang ira sang prabu Kusumawicitra ing Pengging, ing mangko gunung marmabu kang iring wetan kanggonan pandhita luwih kawlas asih amarga ing tanah kono banget laranging banyu ora anduweni sumber utawa belik kang padha dianggo marang wong sarupane kang ana ing tanah kono iku mung banyu udan, mulane ing semangsane pinuju larang udan wong kabeh meh apapantaran pati.
Kang iku ingsun umatur ing eyang ira sang brahmana Randhi, amung sira kang bakal bisa amitulungi aweh banyu sabab sira wus andarbeni bawah sang gandarwa duduk warih, yen sira utusan sang duduk warih iku sedhela bisa amek banyu kang songka sangisoring bumi, lan bisa sang gandarwa iku angetokake banyu kang songka dhuwuring gunung supaya banyu iku bisowa mili tanerambah ing sakehing manungsa kabeh, dene yen sira wus bisa mitulungi banyu ing desa kono lihen aran ing desa Pantaran sabab ing ngarep asring kudu pantaran pati.
Dene arane pandhita kang kawlas asih iku sang bagawan Sidhicipta, iku si pandhita andarbeni anak wadon ingaran retna Pamuja, mungguh rupane bocah wadon iku kaliwat dening ayu utama apindha yang yanging swarga, iku paneja ningsun putraning pandhita iku dadiya garwa nira luwih prayoga, raden

suwela cala amiharsa gya manembah sarwi umatur dhumateng ingkang eyang, dhuh pukulun pangandika jeng eyang kawula inggih ugi sandika anglampahi, anaming menawi kawula kakersakaken mangun krama ing sapunika dereng gedugi anglampahi kilap menawi ing benjing manawi sampun kadhatengan ing panejaning manah kawula.

Tumunten sang brahmana Randhi anambungi pangandika sarwi mesem, lo..raden sira ing saiki durung arep mangun krama, mongka yen sira weruh marang bocah wadon kang aran retna Pamuja iku ora kena ora sira banjur bingung kasmaran karungrungan, saking warnane si Pamuja bisa narik marang ati nira, lan cahyane si Pamuja amindha purnamaning snag hyang wulan lan ing besuk iku bocah wadon yen wis dadi garwanira tumuli anak-anak lanang bagus rupane parabana Arya Panuntun, iku besuk bakal dadi ratuning wong tani, bakal bisa amuruk marang sarupane wong tetanen kabeh, dene pamuruke bab gawe lemune ing tanduran lan ilange sakehing ngoma, sumarmane becik tumuli lakonana ing pangandikane eyang ira sang bagawan Wrahaspati.

Yata sawusira dumugi pangandika nira sang pandhita kekalih lajeng pamit dhumateng raden Suwelacala tumunten musna, raden Suwelacala sapengkere ingkang eyang lajeng angandika dhumateng para raja gandarwa anantun prayogine kang dipunlarahi, atur ira sang gandarwa bancuring kalaban curing, angger mugi andhereka ing karsnipun jeng eyang paduka sabab langkung prayogi atutulung janma kasangsaran lan menggahing lampah paduka ngiras anarubaken sakathahing para gandarwa ingkang kamargen, yata sedaya samya kasembadan lan aturira sang gandarwa duduk warih badhe gedugi andhatengaken toya ingkang sakinten anyekapi aha saged medal umbul saking sanginggiling ngardi lajeng kasaos samekta sampun.

Tumunten sagung para raja gandarwa andherek saha menggah ing lampah karengga ing upacara kapraboning nata lan ginarbeg ing wadya bala siluman, nunten budhal raden Suwelacala ingaturan nitih wimana retna pinikul ing para brakasan, dene para rajaning gandarwa nunggil ing raden Suwelacala, menggahing lampah medal ing jumantara kasarengan ing prabawa lesus kang anggigirisi, dening rerengganing kaprabon sakalangkung dening asri kawuryan sunaring upacara kasarwa kencana kang pinatik ing sawernining sosotya mubyar karti kasumebar utaminya.

Wau kocap ing cariyos ing sawernining para siluman kang kamergen sami katelukaken kapurih lajenga sami dherek, sangsaya langkung kathah menggah wewahipun agenging lampah punika para pangagenging gandarwa kang katelukaken negal ing tal pegat, ing wringin pethak, ing kedhung garunggung, ing dalepih, ing roban, ing karengas, ing kayu landheyan, punika sadaya boten wonten kang nama raja amung sami nama umbul lurah, dene menggah kang anelukaken dhateng para lulurah sadaya wau amung raja bancuring kala bancuring lan raden sang dya linglung, nunten gentos kang kocap sang begawan Sidhicipta ingkang lagya martapa ing wukir marbabu, sang begawan lagya lenggah lan kang putra kang nama retna Pamuja lan ingayap sakathahing jalma kang kasangsara dening kikirangan toya sabab punika pinuju tengahing ketiga mila sanget panangising jalma.

Yata lagya suning sungkawa sang bagawan Sidhicipta kasaru rawuh sang bagawan Wrahaspati ingkang jleg tanpa sangkan jumeneng munggeng ngarsane sang bagawan Sidhicipta, yata sang bagawan inggal methuk dherakalan anambrama ngaturi lenggah dhumateng sang pandhita kang kinawasa, nunten tata palenggahan. Sang bagawan Wrahaspati angandika, lo…kowe adhi delenge kaya banget kasusahanmu dene lagi siniwi mring sakehing jalma apa kang dadi sabab, sang bagawan Sidhicipta andheku sarya alon umatur, dhuh pukulun jeng paduka ing wetawis kados datan kakilapan boten wonten malih ing ngriki amung susah boten wonten toyanipun sadaya tiyang punika sami anangis dhateng kawula, lo..yen mengkono ayo padha rembugan.

Ingkang supama ingsun bisa amitulungi banyu kang sakira bakal kena kanggo ing selawase, mungguh anakmu wadon ingsun ambil mantu apa sira andhanganake, sabab iki putu ningsun kang nama raden Suwelacala putrane prabu Angling driya ing Darawati Pengging, dene ibune iku yoganingsun kang nama Raden Wisitawati, Raden Suwelacala ing besuk jumeneng nata ana nagara mendhang kamulyan, wau sang bagawan Sidhicipta dupi amiharsa ing pangandikanya sang bagawan Wrahaspati sakalangkung entyar saking salebeting panggalih ing wusana anyumanggakaken dhumateng putranira anggeripun tumunten kapitulungan.

Punika taksih wonten candhakipun.

Redhaksi amemuti bilih ingkang kasebut nginggil dongeng.

Punika Cariyos Babad Kartasura

Tan kawarna solahireng nguni, pangeran kalih pan sampun bubar, saking kapurubayane, gantya ingkang winuwus, panembahan ingkang palinggih, neng Madiyun nagara, kang sampun amengku, wadya ing monca nagara, pan angrebda duk semana budhal saking, Madiyun karsanira. Amerpeki ing Kartasureki, panembahan arsa ngraboseng prang, gumuruh wadya balane, datan kawarneng ngenu, sampun prapta ing Sokawati, abaris ing pandonan, pabarisanipun, duk saking ing Kartasura, wus rinakit kadhaton kinubeng biting, akarya panangkilan. Alun-alun pan sampun aradin, punggawa nirsa sampun malatar, pinarapat pakuwone, wong sokawati nungkulpan akathah jinujung linggih, wong kalang pan akathah, kanag dadya tumenggung, dipati sasra nagara, wus saduduh mring sagunging prajurit, samya ngelar jajahan. Kang angilen ing kampak wus prapti, kang angidul prapta ngaribaya, wong Sokawati barise, yata ingkang winuwus, jeng pangeran Balitar nenggih, kang tansah anggegabah, marang wadyanipun, mangkana ki garwa kondha, anggubel pangeran ingaturan wiwit, punapa ingantosan. Garwa kondha marmanya kadyeki, dene sutanira kinunjara, ki ragum ika wastane, ing gembong prenahipun, dosanira asaba puri, marma ki garwa kondha, sanget aturipun, dadya pangeran balitar, anuruti wadyanya pinepak sami, siyaga ing ayuda. Apan sampun utusan mring loji, anodhi marang kapitan jasma, mandheg ing tengah ature, pan sami kadhangipun, tanah jawa padha duweni, tan arsa munasika, ing sakarsanipun, denira rebut nagara, wong kumpeni singa kang aneng jro puri, pasthi gusti manira. Singa menang ingsun kang ngemongi, singa kalah ingsun milu jarah, kang botcok sun cocok bae, singa unggul sun panggul, pan wus bubuhane kumpeni, aneng ing tanah jawa, pan suwiteng ratu, yen mungsuh ana wong liya, nadyan remuk den bandhemena tan gingsir, mangkana turira. Dadya eca pangeran tyas neki, wadyanira wus samya siyaga, miwah ki garwa kandhane, pepak sentanannipun, miwah para kaum myang kaji, samya rembag anunggal, suwawi angamuk, anuju ing sasi ruwah, ari Saptu tanggal ping limalas nenggih, marengi bedhug tiga. Jeng pangeran ngrasuk busana glis, waos dhahar binagi sadaya, marang ing para lurahe, miwah kagungan dhuwung, dinum marang wong becik-becik, kang yogya tan kena sah, lan saliranipun, jeng pangeran sigra budhal, saking dalem sawadyanira lumirig, tyasira mundur mara.

Ongka 5 Kemis kaping 3 Pebruwari 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Ing dinten Rebo tanggal kaping 2 Pebruwari ing taun punika wonten wlandi saradhadhu kapanggih sampun pejah wonten salebeting jagang beteng ing Surakarta ingkang sisih kidul kilen leresipun kerkantin, antawis sampun dangu jisim sampun mambet, dene labeting kacemplung wau boten wonten ingkang sumerep.

Ing nagari Semawis

Ing nalika dinten Setu sonten tanggal kaping 29 Januwari kang kapengker punika, kabar ing Semawis kadhatengan bancana banjir ageng toya sakelangkung dening anggigirisi ngantos angalebi margi kreta api, mila ing waktu punika ngantos dumuggi dinten Senenipun kareta api boten saged lumampah, salajengipun margi saweg sami kaleresaken malih, anaming menggah para tiyang utawi griya-griya wilujeng boten wonten ingkang kasangsara.

Surakarta

Nalika kaping 24 Januwari jam 10 enjing ing lepen pepe sangandhaping kreteg gantung kang mujur mangaler wonten bangke tiyang estri sangandhaping kreteg ngriku kasangsang papringan kang wonten ing lepen, punika kathah kang sami ningali tiyang jaler tuwin tiyang estri sami katitik menggah bangke wau wangunipun tiyang padhusunan keli kabekta ing banjir, mila katepsir dede keretuwin dede tiyang awonsabab sandhanganipun sarwa sae lan sarwa kenceng kados mrayitnani kala panyabrangipun tiyang punika malah mawi gendhongan tutumbasan saking peken lan warninipun tiyang sae teksih ragi nem, yen upami dipunkanioyoha ing tiyang boten wonten labetipun ing tatu punika andadosna saserepan manawi wonten ingkang gadhahi akrab, ing samangke bangke sampun kesah saking ngriku kabekta kentir ing toya kang ragi ageng, wusana boten sumerep lajengipun.
Punika andadosna kapriyatinan manawi lepen pepe banjir anguwatosi manawi kasabrangan.
Katandhan pun Kudu.

Kabar mas Demang Praba putranipun lare jaler saweg umur tigang taun kabekta kesah minggat dhateng rencangipun estriamargi nyambut yatra boten angsal, sareng kauningan yen lare wau ical lajeng dipunupadosi dhateng pundi-pundi boten pinanggih saha ingkang madosi tiyang kathah meksa boten pinanggih, punika andadosaken susahipun mas demang jaler estri ngantos kados tiyang ewah sami nangis turut radinan, sampun mekaten wonten margi taken-taken mawi dipunajrih-ajrihi tiyang, kabar yen lare ical punika asring kawade dhateng pabrik kadamel wadal, punika sangsaya sanget panangisipun mas demang jaler estri.
Watawis sangeting susah kados angsal pitulung, lare wau kapanggih dipuncadhangi dhateng Demang Kiringan, dene kang bekta lolos boten kantenan sabab mirsa yen lampahipun kacethikan yen lare colongan, sareng lare wau pinanggih wonten ngriku sakelangkung suka bingahipun lajeng sami jangji kang kecalan putra kalih kang manggih dados sedherek selamenipun saha kang manggih mawi tampi persen kapal pengaos seket rupiyah, punika lare sareng sampun kabekta mantuk mas demang anggenipun bajana boten sita-sita ing sarehning sugih boten kirang wragat, sanak sedherek sami prayitnaha dene tiyang durjana sangsaya dadra sampun manggih kados kula punika. Katandhan pun Kedah.

Nalika malem Jumungah tanggal kaping 1 wulan Sura taun Jimawal ongka 1805 kapalipun murti pinilih griya kampung ugi miji piniliyan karsa dipungondhol ing durjana tur ta boten kainan gedhoganipun santosa, kori karante mawi kunci suprandosipun kenging, punika punapa saking wegigipun punapa saking nekatipun sang durjana dene kok ngantos saged mendhet, mila para

kagungan kapal kaaturan ngatos-atos manawi ngantos katemahan kados murti pinilih wau. Satuhu.

Ing nalika malem kaping 28 Januwari taun punika kabar griyanipun Mas Rongga Sastra Sumarta celak bawah ing Ngadikusuman kalebetan durjana pandung mawi ambabah leresing wingking celak patilemanipun mas rongga, sareng durjana sampun malebet dhateng salebetipun ing griya lajeng kawenangan dipunlokaken, pun durjana lajeng medal kapitunan boten angsal punapa-punapa punika amung andadosaken prayitna ing wingking, dene tiyang durjana sangsaya sanget boten ajrih dhateng wasesane prayagung pulisi. Pun Temen.

Kabar griya kabesmen

Nalika dinten Rebo dalu angrinakaken tanggal kaping 30 wulan Besar ingkang mentas kapengker punika sakinten ngajengaken jam 12, sawingking dalem kabopaten kaparak tengen wonten sebawaning tiyang nedha tulung angganter, rehning ingkang jagi rundha smapun sumekta inggal lajeng sami mangkat saha andarbeni panginten bilih wonten kecu awit genira sami miyarsakaken cerek wau kirang tetela, sareng dumugi sawetan dalem kabopaten katingal sulaking latu kang sedya ambrastha griya, sareng latu angalad-alad sawatawis ragi cuwa jalaran griya antep teksih ngemu toya labet siyangipun mengsah jawah dados sang brama empanipun kirang sengkut tansah mulad saenggen, rikatipun para tandang griya ingkang kabesmen lajeng karebahaken dhateng panggenan ingkang sela lajeng kapopok ing ngendhut, brama lajeng lilih krodhanipun saingga sampun narimah mongsa griya naming telas sapalih, yen ta sampun amarengi mongsa rendheng sawatawis boten narimah yen brastha griya 3 utawi 4 kemawon, dalem ing kabopaten ugi sumelang sanget nanging bab aslenipun ing latu boten saged anerangaken, kapitunanipun sakedhik.
Sinerat tanggal kaping 2 Mukharam taun Jimawal sinengkalan tata ilang ngesthi wani.
Cakrawongsa.

Ing lepen celak baki wonten lare umur 6 taun nami pun Wakiya badhe nyabrang ing lepen wau kabelabag kentir dening banjir.

Ki Sandimeja bekel ing dhusun Babad mentas damel sumur enggal, ing wusana wektu enjingipun estri tangganipun badhe dolan ing ngriku salajengipun kacemplung ing sumur wau, sampun antawis dangu bapak biyungpipun ngupadosi lare wau ing pundi-pundi, wekasanipun wanci sonten lare sampun pinanggih pejah wonten ing sumur inggal wau, mila konca kula jawi bongsa alit sadaya manawi wonten ingkang gadhah sumur mugi kapagerana ingkang prayogi sokur banggi mawi kasukanan pager banon.

Pakabaran ing peken Kaliwon bawah nagari Surakarta wonten sawijining tiyang ingkang ngadegaken kambengan saweng saking pamanahipun piyambak panggenan wau sampun kiwa sanget sarta kang sami surak boten ngantos brebegi tongga tepalih, ananging saking soranipun anggenipun sami surak ngantos mireng saking tatebihan sarta dadosaken susahipun para tiyang sami griya celak ing ngriku.

Ing nalika kaping 28 wulan Januwari taun punika tiyang nami Tarana ing bawah Mangkunagaran wasta ing dhusun Dari, wonten maesa ngamuk anggudag tiyang wasta Talesana ing dhusun Dondang, Talesana ngantos nandang tatu sarta satengah pejah tujunipun panggudagipun boten kadugekaken, maesa lajeng lumajeng dhateng wona ngantos sapriki maesa wau dereng kacepeng.

Nalika malem Kemis tanggal kaping 1 wulan Sura taun punika kabar griyanipun mas Wirasukarna celak bawah Ngadikusuman kalebetan durjana pandung mawi ambabah, ingkang kababah kaleres sawetan griya, ananging salajengipun konangan dipunlokaken, pandung

salajengipun malajeng boten kacepeng, ingkang punika andadosaken kaprayitnanipun para sadherek ingkang ingkang sami griya ing Ngadikusuman sadaya.
Katandhan pun Seru.

Panjurung jampinipun tiyang sakit panas.

Sinadyan sawatawis sampun lami kados boten wonten kasepipun manawi saudara tuwan redhaktur andhanganaken ing karsa saha kagalih wonten paedahipun, panjurung kula kojah ing ngandhap punika mugi kapacakaing kabar *Bra Martani*.
Nalika kula taksih neneman andarbeni sakit napas saingga mengi, dene yen pinuju kimat ing saestu andarbenni salah cipta kados tebih kaliyan pangajeng-ajeng bilih sageda sumerep sorote diwangkara ing dinten aliyanipun ingkang wonten namung sumedhe sakarsanipun ingkang murba ing gesang jalaran sadaya saranduning badan sakojur sampun karaos cape sadaya dene ingkang teksih tumindak ing kawajibanipun namung kalih prakaawis mripat kaliyan kuping hawa nepsu cepak sanget yen kamirengan swara ingkang ragi sora sakedhik mripat punika lajeng mondhar-mandhir kedah tiwikrama kimawon, naming sajatosipun boten teyeng, nyablok lemut kemawon boten saged pejah, ing wasana wonten sumitra ingkang tuhu tresna asuka kaol kula dipunpurih urus-urus godhogan oyot semboja kapiliya ingkang alit-alit saingga oyot satekem kadekek ing kendhil lajeng kakebakan toya lajeng kagodhog, yen toya sampun kantun satengah kendhil lajeng kaunjuk sacangkir yen dereng kraos inggih kaunjukan malih sacangkir sareng sadaya kaol sampun kula laksanani, saweg ngunjuk sapisan cangkir ageng ingkang kula angge punika lajeng karaos pating palilit utawi mules sanget boten antawis dangu lajeng ngedalaken sesukar sarta mawi ngedalaken riyak kathah utawi satempolong ingkang kapara ageng klempakipun ing dalem sadinten sadalu, sareng sampun tuntas anggen kula ngedalaken riyak inggih lajeng saras sapriki boten nate kimat antawis sampun wonten 26 taun, ing wasana kula sumongga saidara tuwan redhaktur awit badhe wonten panunggilanipun. Katandhan pun Waluya.

Kabar kere ing Bekonang ingkang asring munyal-munyal boten limrah lan sasamining kere, ing mangke pun kere wau kelampahan dipunpenthung dhateng tiyang gegramen kang wonten peken Bekonang ngriku, dene marginipun kapenthung pun kere yen nenedha boten angsal lajeng purun misuh-misuh punika misuh sampun boten dipunrewes kakendelaken kimawon, wusana pun kere purun angrebat daganganipun tiyang, punika lajeng kapenthung ngantos kesakitan, anaming boten pejah prandosipun keloyoran kesah sarwi misuh, andadosna pangenget-enget manawi mrangguli kere kang makaten prayogi kasingkirana.
Katandhan pun Sadiman.

Punika candhakipun cariyos Brahmana Randhi akaliyan Raden Suwelacela

Kacariyos pamboja kramanipun para siluman dhumateng prabu Sandayanata tuwin saha bala manungsa sedayanipun kadamel kang langkung angerami, manungsa kapurih uninga dhumateng kamulyaning siluman utawi dewi Sitawati sasampunipun kaunigakaken dhateng badhe mantu kang nama retna Pamuja, Dewi Sitawati sakalangkung suka sokur aningali badhe mantu, dene yayah musthikaning wanita ing ngindra bawana, dene menggahing patrap retna Pamuja genira angladosi dhateng badhe marasepuh witning andadosaken resep ing panggalih ira ingkang ibu, ing wusana dewi Sitawati mijil pangalembana pangandikanira, angger Pamuja sira iku kalebu mumpuni ing patrap pranataning jalma wanita, ingsun atetanya maring sira, iku sapa kang amumulang mring solah tingkah ira kang luwih respati lan mungguhing pamicara ing tembung ira kang luwih manis arum lan alus lurus ing tata krama iku sakehing para wanita kang umiring maring ingsun padha kaeramen andulu marang raras rum ira.
Yata retna Pamuja dupi amiharsa pangandikaning ibu sanalika rinaos ewet menggah ingatur wegca, dadya amung sumungku ing bathara rehning angsal pangalembananing ibu, mangkana bathara sukma kawekas datan samar gya anduta waranggana kakalih kinen tumurun anjarwani pandanguning raden Wisitawati, dene wastaning waranggana ingkang tumurun satunggal dewi

Prabasini satunggal dewi Sarsasini, wau sang waranggana dupi antara celak lan pasamuwan pasanggrahan ing wingking sanalika kang sami palenggahan kagyat gandaning waranggana kang sakelangkung dening arum angebaki ing samudananipun, dewi Sitawati kinunten andangu dhateng retna Pamuja, angger iki gandaning apa kang luwih songka wawadine ing madya pada kabeh dene ingsun iki jumeneng dadi prameswarining ratu agung kang musthi panggonane raratusan kang luwih wangi suprandene kasor marang wang ikang prapta iki.

Manembah umatur sang retna Pamuja, pukulun jeng ibu menggah gonda punika ing wetawis gandaning waranggana kang saking ngendra bawana sabab kawula ing saben-saben atamiyan widadari gandanipun kados makaten, lo…yen mengkono angger kowe iki asring kadayowan para widadari, ing samangsane prapta iku apa gawene kang widadari, pukulun jeng ibu punika waranggana kang mulang solah tingkah dhateng kawula.

Utawi sabarang patrap inggih saking pamulanging para waranggana, lo..angger iku awit songka ngapa sira anampani sihing jawata kang tanpa tumimbang, dhuh jeng ibu awit pangestunipun jeng bapa kiyahi kawula lampahi temen-temen, yata lagya eca imbal wecana praptaning sang waranggana kekalih kang jleg datanpa sangkan, sang waranggana katingal cara manusa sadaya mara wanita kang munggeng pasamuwan sampun andugi yen kang prapta sang waranggana, dene ningali cahyane kang prapta kadya purnamaning wang, ing wusana dewi Sitawati lan garwanira para raja siluman sadaya tumurun skaing palenggahan saha angabekti dhateng waranggana.

Yata sang waranggana Prabasini lan Warsasini sareng denira ngandika, punika pangandikaning sang widadari kekalih andadosaken pangunguning sakathahing kang amiharsa dene kembar swara utawi kembar tembung tan mawi geseh serambut, swaraning waranggana kapiharsa dados satunggal dene pangandikaning sang waranggana makaten tembungipun, ingsun iku dutaning bathara sukma kawekas kinon anjarwani marang patakone jalma wanita kang sumedya gawe kamulyane awake, ing jaman wadhag kang kongsi prapta ing delahan jaman alus kang dhingin jalma wanita iku nalika duk misih bocah wong tuwane ora pegat rumeksane marang anake, ing selawase bocah wadon iku ora aweh katemu marang wanita kang anglakoni ing panggawe ala goroh luput lan kapindhone ora diwenehi weruh marang rasane pepangan kang ana rasane enak lan ping telune bocah wadon iku ora diwenehi mangan ing sadurunge hyang diwangkara gumingsir lan selawase bocah wadon iku ing sawise kena diajak caturan kang dicatur ora liya ing panggawe bener temen becik lan ora diwenehi krungu bosa gangsul utawa bosa bengis lan ujar kang ana semune ala.

Ah wruha sira para wanita patrap kang kaya mangkono iku wong tuwane pesthi bisa anunggalake dhasar lan ajar sabab sakehing ajar iku ing semangsane wus tumrap iku dadi dhasar lan wijine dhasar iku awit songka wong tuwa karo-karone ing nalika kumpuling rasa mulya iku wong tuwa sekarone kudu singlar marang gelah-gelah sarta ati sirung yen tetep kaya mengkono iku musthi tetep dadi dhasare manungsa becik, mongka bocah wadon iku ing sawuse ngangkat diwasa tumuli dipasrahi marang gawe gemi nastiti angati-ati mongka tumuli dipunsurupake sejatine basa gemi nastiti angati-ati, tegese basa gemi iku ora kena kecer tegese nastiti ora kena keleru tegese angati-ati aja kongsi kaluputan.

Yata sang waranggana wusnya terang ing pangandikanira tumunten amaringake cahya dhumateng retna Pamuja kang terang peparinge bathara sukma kawekas sanalika retna Pamuja cahyanira amindha kenyaring wulan lagya purnama, tumunten malih sang waranggana amaringaken talam kencana kang isi raja kaputren kang pitung busana, ing sasampunira ketampen dhateng retna Pamuja ing samudayanipun sang waranggana kekalih sigra musna wangsul dhumateng ngendra bawana, sanalika ingkang sami palenggahan sakalangkung kagawokan aningali marang retna Pamuja tuwin busana kapariksa inggih sakalangkung angebat-ebati, dewi Sotawati gya tumedhakmangrangkul marang retna Pamuja saha angandika sangsaya sru pangalembananipun, wusnya tata titi palenggahan gya binojana.

Yata gantya kang winuwus pasamuwan ing pasanggrahan paranata kang lagya bojana pakumpulan munggeng ngarsanipun Raden Suwelacala, kacariyos ing mongsa punika nalika mangun krama Raden Suwelacala dhaup lan retna Pamuja, tuhu winongwong dening hyang kang

amisesa bawana sabab katingal ing kaelokanipun, dene Raden Suwelacala punika temen yen bongsa manungsa, mongka sinung waget anempungaken bongsa gandarwa lan bongsa reksasautawi bongsa prayangan peri atepang kaliyan wilbarat tuwin wilkuthip utawi bongsa brekasakan inggih ugi saget pitepangan drubiksa sumawon bongsa manungsa wadya bala punggawa santana ing Pengging ugi waget apitepang ing sawarnining bongsa kang sami wonten ngriku, punika ingkang andadosaken pengungunipun prabu Pandayanata tuwin sawadya sadaya lan malih prabu Pandayanata kaparingan kabar saking ingkang ibu dewi Sitawati ing nalika retna Pamuja katurunan waranggana amaringaken cahya saha busana lan ajnawab ing pandangu kasusilan, punika prabu Pandayanata saya wewah ing pangungunipun ing wusana sampun rumaos yen kaungkulan pangwasa dhumateng ingkang raka utawi kaungkulan ing kaluhuranipun, temah jrih sanget dhumateng kang raka.

Tuwin sadangunipun prabu Pandayanata wonten ing ngardi Marbabu akaliyan ingkang ibu tansah ingaturan aningali ing yasan pupujan kang awarni gedhong pasanggrahan utawi langen-langening taman kang warni sekar kang saking pandameling para raja siluman, tuwin ingaturan aningali umbul kang medal sainggiling redi punika sadaya mawi kaganjaraken menggah asalipun dewi Sitawati lan prabu Pandayanata tuwin wadya santana sami mangalembana saha amamangun suka parisuka.

Nalika lagya eca mangun bujana kasaru rawuhipun sang hyang Baruna lan sang hyang Ontaboga, anaming hyang Ontaboga awarni jawata boten warni sawer ageng lajeng kapanggih kaliyan sang brahmana Randhi akaliyan Resi Wrahaspati utawi bagawan Sidhicipta punika ing sakawontenanipun kang sami palenggahan sadaya angabekti marang sang jawata kalih kang saweg rawuh mangkana sasampunira sami manembrama sang brahmana Randhi mesem sarwi angandika, lo…yayi prabu kamayangan sira iku padha prapta karana banget ing pangarep-arep ingsun manawa yayi prabu bakal kari mungguhing gawe sabab mungguh papesthene mengko sore dhaupe wayahira, yata Hyang Ontaboga gumujeng sarwi amangsuli, lo…kakang brahmana sumarma ingsun iki gupuh prapta arep angemutake marang sira manawa sira kasupen, yen mungguh temuning panganten wus kamesthi mengko sore ora kena ora sabab hyang giri nata wus rumanti barang bekakasing penganten.

Yata pangandikaning para anipuna ing samanten punika sakelangkung andadosaken kaelokan malih kang sakelangkung kang ngebat-ebati.

Dene snag pinandhita akaliyan sang jawata anggenipun sami katingal sami raresepan tuwin sabiyantu menggah ing rembag sabarang ingkang dipun pangandikakaken andamel sukaning para raja kang sami sumewa munggeng pasamuwan sadayanipun tuwin prabu Pandayanata lan wadya manungsa ugi sakalangkung suka sokur dhumateng sihing bathara kang mwantu-wantu dhumateng kang raka.

Yata lagya eca tumunten sang hyang Ontaboga angandika, lo…kakang brahmana Randhi iki ana dutane hyang Girinata kang bakal teka, snag brahmana gya mangsuli wis karuhan lah iku wus ana ing jumantara sang jawata duta, yata matur nembah prabu Pandayanata pukulun menggah lampahing duta punapa kang dados perlu, sang brahmana amangsuli eh prabu sira umatura marang eyangira sang hyang baruna iku sumurup preluning duta sabab hyang baruna gahduh musthika calung, musthika calung iku bisa anuturake obah osik sah rat iki kabeh, mangkana dereng ngantos umatur selak sang jawata duta rawuh ingkang dados pangiriding duta bathara Sramba lan bathara Darma lan ambekta panekar jawata kang ambekta kembar amayang kajeng dewadaru lan ambekta talam kencana kang isi busana wastra lan busana sosotya badhe pangangge penganten.

Sang duta sasampuning sinambrama gya andhawuhaken timbalan hyang Girinata atembung dhumateng bagawan Wrahaspati, pangandikanipun hyang Srambah, eh Resi Wrahaspati iki paparinge hyang Girinata marang wayahira Raden Suwelacela lah iki tampanana rupane, sasampunipun katampen sedaya tumunten sang hyang Darma andhawahaken pangandika yen saestu kapanggihna ing dinten punika ing wanci sonten ing saderenging sang hyang Surya sumurup.

Tumunten sami dipunleksanani karengganing badhe penganten putra putri, ing sasampunipun paripurna lajeng kapanggihaken raden Suwelacala akaliyan retna Pamuja anuju ing taun surya sang lata angkaning taun 334 anuju etanging dinten sasra mulya, mila kawastanan sasra mula dene angleresi panggihipun ing samukawis kadosta nuju etangipun panggih surya lan wulan utawi nuju etang panggihipun ing rinten lan dalu utawi nuju etang panggihipun ing ngandhap lan ing nginggil lan nuju etang panggihipun ing keblat sekawan, punika tiyang jaman kina ingkang dipunluluri angupadosi nuju angka mekaten sabab watakipun ing jojodhowan sakelangkung dening sae.

Dene menggah cariyos ingkang anjenengi menggah panggihipun penganten para jawata kathah ingkang tumurun tuwin para widadari kang angayap dhateng retna Pamuja etang wolung dasa langkung kalih ijisaha mawi sekar mayang kajeng dewa daru lan gongsa loka donta kang munya munggeng ngawang-awang kagung hyang Girinata.

Ing sasampuning titi tentrem panggih ira sang penganten lajeng para jawata amurih karengganing wiwahan mawi kaubengaken ing sanginggiling ngardi ngantos tepung gelang pisan, dene sang panganten putra putri katitihaken ing wimana kencana kang pinatik dening sosotya.

Punika taksih wonten candhakipun.

Redhaksi amemuti bilih ingkang kasebut ing nginggil dongeng.

Ing samangke sampun boten pisan-pisan anyumelangi dhateng ingatasipun ingkang kawajiban nyepeng pulisi, awit tiyang ingkang apala cidra sarana sanjata dhateng tuwan Lowares ing siluk lanteng nalika malem Kemis Pon wanci jam 7 samangke sampun kapikut dening trangginasing pulisi ageng nagari ingkang prabawanipun rambahing dhateng pulisi ingkang kawajiban ambawahaken tuwan wau, antawisnamung 6 dinten durjana sakawan iji sampun kapusara dening pulisi, sarehning pun gelah-gelah tan kikip samendhang, pakurmatanipun ing nalika tindak saking magiri praptaning dalemipun gedhong ageng saler ngalun-alun tansah binayang bayang kari, pasamuwanipun tansah lan panganten mulya kang nembe panggih samargi-margi praptaning nagari akarya ascaryaning wrani ningal wantawis boten ngantos lami, pandugi kula tumunten kundur ing kalanggengan ingkang kalayan kaurmatan kang masthi.

Saka punika antawis sampun wonten sadasa dinten kula kinten kabar manawi Kanjeng Pangeran Adipati Litnan Kurnel kumendhan arya Sasraningrat kepandungan, ingkang dipunpendhet ing dursila bendera pandhel karimatan wonten ing gedhong panggenan sanjata kumpeni, sarehning kori cendhela sarta selotipun gedhong wau boten wonten ingkang ewah tuwin gedhong wau kajagenan plangkir sekilwah, mila kula mestani manawi patraping anggenipun dursila mendhet bendhera pandhel wau balawadi sanget, pantes kula suka uninga dhateng saudara tuwan redhaktur supados andadosna kauninganing kathah.
Sinerat ing Ngayugyakarta ing dinten Senen Pon tanggal kaping 11 wulan Sura taun Jimawal ongka 1805. Katandhan pak Dahwen.

Panjurung kabar ing Surakarta

Kala ing dinten Jumuwah tanggal kaping 8 wulan Sura punika Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun karsa tedhak ing Langenarja saha garwa putra, wiyos dalem saking kadhaton wanci pukul pitu enjing anitih kareta, ananging lajeng kemawon tedhak ing pasanggrahan Parangjara, saking pakabaran badhe wonten priyantun bupati nayaka ing Ngayogyakarta anyuwun sowan ing sampeyan dalem kaliyan garwanipun anama Raden Ayu Maduretna inggih punika sadherek dalem Ingkang Sinuhun Sultan, nalika samanten sampeyan dalem badhe karsa adamel sukaning manahipun priyantun ing Ngayogya wau punapa malih Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom sarta pangeran putra santana tuwin bupati mayor upsir sawatawis sampun sami kadhawahan amanggihi ingkang badhe sowan wau, wondene Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun awit pukul wolu enjing sampun lenggah wonten ing pandhapi pasanggrahan Parangjara sineba ing wadya putra sadaya, sareng wanci jam satunggal wonten abdi dalemingkang jagi nagari nusul dhateng pasanggrahan kalayan ambekta serat aturanipun abdi dalem mayor ingkang saos, serat lajeng konjuk ing sampeyan dalem suraosipun angunjuki uninga bilih priyantun ing Ngayogya punika nyuwun pamit boten saged sowan amargi garwanipun gerah benter, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun sasampunipun maos serat lajeng kondur saking Parangjara dhateng ing Langenarja anitih bahita, o..inggih talah menggah lalampahan makaten punika saiba cuwaning panggalihipun para ingkang sami badhe amanggihi langkung malih priyantun ingkang badhe sowan wau saking watawis inggih sakalangkung getun ing manahipun, denten sampun andarbeni atur ubanggi dhateng panjenengan nata, wasana boten saged kalampahan jalaran sakit sariranipun piyambak.
Katandhan Pak Bangun.

Surakarta

Ing kampung Palugunan bawah Prawiradipuran wonten tiyang pangindhu nama Bongsa Wikrama, kala malem Akad tanggal kaping 3 Sura punika wanci jam kalih dalu griyanipun kalebetan durjana pandung mawi ababah prenah sawetaning kori, nalika samanten pun Bongsa Wikrama jaler saweg sakeca tilem, ananging bongsa Wikrama estri saanakipun prawan sami

dereng tilem amargi sampun dangu anggenipun mireng swaraning durjana ingkang ababah wau, mila tansah dipunawasaken kemawon prenahing swara ingkang sampun dipunkinten bilih pandung babah siti, nanging sanadyan makatena nyai Bongsa wau boten purun anggugah ingkang jaler utawi dhateng anakipun jaler, osiking manahipun sumedya badhe dipun ayoni piyambak kaliyan anakipun estri ugi sami amirantos, sareng pun pandung smapun butul anggenipun ambabah lajeng malebet ing griya, boten saronta nyai Bongsa kaliyan anakipun wau lajeng anjambak rambuting pandung pun ukel tiyang kalih, dang uudreg-udregan wonten ing jogan sakalangkung rame, nyai Bongsa dipunsongkoli dhateng pun pandhung ananging boten dipunraos sarta anggenipun angukel rambut boten uwal-uwal, dangu-dang ukyahi Bongsa saanakipun sami tangi sumerep yen ingkang estri uleng kaliyan pandung lajeng anulungi kalayan ambekta gandhen ageng, pun durjana dipungandhen sirahipun namung rambah kaping tiga lajeng tutut sumungkem ing siti boten sawala sakarsanipun ingkang gadhah griya tuwin dhateng ingkang sami tandang tulung, malah tanganipun lajeng mirantos pyambak ngalempak wonten ing wingking tumunten katangsulan kalayan duk kalangkung kekah, sadhatengipun priyantun pulisi durjana kadangu namanipun tuwin ingkang dipungriyani, aturipun wasta pun Martadikrama, anggenipun gagriya mondhok ing griyanipun Mas Rongga Jayaprawira ing kampung Cakradiningratan, sareng sampun terang aranipun lajeng kaladosaken wonten ing parentah, wondene ingkang tandang tulung wau sami eram angalembana dhateng nyi Bongsa sawawratipun tiyang estri kalebet banter manahipun. Langen gathita.

Ing Surakarta

Wonten rare estri wasta pun Tember angabdi wonten nagari, manahipun sumedya anilar bandaranipun, naming pun Tember boten karsa kesah nglenthung jurungi ardaning cipta mampir gondhol anakipun konca rare saweg umur 4 taun, sareng wancining rare dolan mantuk anak katingal sepen bapa biyungipun ngulati biyas, tujunipun wonten ingkang sumerep nilih rare kagondhol pun Tember wonten dhusun Kartasura kajujul ugi kapanggih, lo..punika kados pundi sedyanipun punapa namung prelu bibingung dhateng yayah rena punapa wonten kajengipun sanes kaniyatanipun pun Tember kula kok gumun sanget, sukur ing bapa biyung dene rare taksih wilujeng, amin. Pemut.

Ing kampung Miji piniliyan boten kadosa Mas Murti Pinilih, ingkang mentas kapandungan kenging kapaliyun tumunten let kawan dinten dipundhatengi durjana malih babah griya, pun durjana sareng sampun malebet dhateng salebetipun griya lajeng anggemeni barang saisining griya, kabar kathah kapitunanipun Mas Murti Pinilih, pun durjana lagis ngantos sapriki, mekaten punika andadosaken pangungun. Katandhan pun Serep.

Wonten satunggal prakawis ingkang saking pangraos kula langkung parlu kaginem sapisan wonten ing ngajenganing tiyang kathah inggih punika bab tiyang madati.
Menggah tiyang ingkang sampun risak badanipun ngantos langkung apes tuwin nistha dening kapatuh makaten punika ingkang sampun kelampahan kathah sami purun mamoyoki awoning solah bawanipun, mongka sayektos inggih kathah pratingkah tuwin tenaganipun ingkang memper kados papoyokan samanten ugi saestu boten pantes yen moyoki, milamakaten dene yektosipun mamelas kepatos, tiyang sanget risak ing badan kaliyan jiwanipun kaping kalihipun menggah pundi tiyang ingkang moyoki sapunika saupami katilar dhateng pangreksanipun gusti Allah punapa saged sagah salaminipun badhe boten kapatuh piyambak, pandugi kula boten saged.
Wonten nalar satunggal ingkang asring murugaken tiyang kecandhak dhateng kapencut ingkang nistha tuwin ambilaheni punika dalah tiyang ingkang waunipun boten pisan nyana makaten inggih kathah tiyang yen boten sakeca badanipun kadosta kesel, ambekan sesek, dhugalen, weteng mules, toyanen, sapanunggilanipun lajeng dipunsereti sakedhik nate saged mantun, mila kapan-kapan kumat dipunsereti malih sarta makaten lami-lami tuman malah kepatuh ugi.

Wondene menggah jampi ingkang makaten punika saestu awon ngungkuli awoning pisakitiipun, leres asring saged mayaraken utawi mantunaken raosing sasakit, nanging boten saged nyarasaken sayektos pisakit namung mindhak nyalamur badhan mindhak lemes suda kakuwatanipun sangsaya boten kuwawi nyembadani sasakit tuwin umating sasakit sangsaya nemen saha andados temah sangsaya kumedah ngudud racun wau yen boten sakeca, malah wewah manah inggih sangsaya suda bakuhipun sangsaya anut pundi-pundi kapencut ingkang tumimbul temah badan kaliyan jiwa sami risakipun, pramila pandugi kula sampun leres kemawon yen mastani awoning jampinipun angungkuli piskaitiipun.
Awit saking punika sanget-sanget pangudi kula dhumateng sinten-sintena ingkang nate eses candu kedamel jampi supados mugi sampun ngantos malih-malih, kula aturi ngupados jampi ingkang sayektos inggih punika ingkang estu minongka jalaran nyarasaken sae ambetahaken raosing sasakit ngantos sasarasipun kalih nyamuraken sasakit temahan boten saged saras pisan malah anggenjah pejah.
Wontene manawi wonten ingkang sampun kepatuh eses karsa ambucal mongka rumaos boten kuwawi punika kula aturi mendhet rembagipun para dhokter, dene punika salimrahipun sami nyimpen ugi jampi kedamel anggampilaken pambucalipun, wonten rembag satunggil prakawis ingkang kenging kula giyarakaen wonten ing ngriki ingkang sampun nate dados tulungan bab punika inggih babakan suren kaliyan kajeng legi tuwin jae sawatawis kagodhog wowor kapendhet wedangipun katedha jaman sadinten-dinten, dene ingkang sampun kelampahan mergi saking punika yen kenceng pangangkahipun makaten tiyang saged sangsaya nyuda panyeretipun mongka badan malah mindhak kuwat saya doyan nedha sekul kaliyan ulam, samanten punika yen dereng wonten sasakit, saupami wonten anjampeni punika rumiyin ngantos sasarasipun kalih dene ingkang parlu panjurungipun gusti Allah punika kasuwuna. Muritama.

Sakelangkung andadosaken senenging manah kula jalaran anggen kula maos panjurungipun mitra kula Jaya Pramana anggenipunanegesi wastaning sekar ageng, tengahan, tuwin sekar macapat saking pangraos kula panjarwanipun wau terang sadaya sarta amaedahi dhateng para punggung ingkang kados kula punika, wasana manawi kepareng karsanipun mitra kula Jaya Prana mugi wontena lumunturing panggalihipun aparing saserepan dhateng kula kadosta sekar ageng, tengahan, tuwinsekar macapat puinka ing kinanipun ingkang gadhah anggitan sinten, sampun atnawis lami anggen kula tatangled dhateng para kadang karuh ananging dereng wonten ingkang aparing katranganipun utawi kula sampunanglili ingkang kasebut ing serat paridin ugi boten wonten kajawi namung amratelakaken ingkang anganggit sakathahing serat-serat lan cacah namaning serat sadaya, amila manawi panjenenganipun Jaya Pramana sampun angsal saserepan atur kula ing nginggil wau mugi aparinga barkah dhumateng kula.
Anjawi ingkang punika wonten ingkang kula kodhengi malih ing sawatawis kadosta tembung *sewaya* punika saking pamireng kula tuwin ingkang kasebut ing serat dasa nama ugi anggadhahi teges *putu*, ananging sareng kula gathukaken kalayan karsanipun para priyantun ingkang sami karsa angagemna mawi sewaya punika suraosipun katamtokaken bilih sewaya wau anggadhahi teges putra, ingkang punika manawi sampeyan sampun angsal katrangan menggah leresipun kados pundi. Pakne Bangun.

Punika cariyos saking Iman Nawawi bongsa Arab
Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Amurwani sekar dhandhang gendhis, yanta pamurih ayya katresan, pustaka warti maha ngreh, sinanti lir ngendhanu, sampun singlar regeng amungging, biwareng pasamuwan, nahan kang winuwus, cariyosipunjeng sultan, Ibnu Adam, panengran Sultan Ibrahim, sri mulki ing Bulkiyah. Nalikanya jumeneng narpati, anggantyani kapraboning rama, kasusra sru susilane, nata mahambeg ayu, pamurdane ngecani budi, wadya tan sinung rengat, santana lit agung, winong ing sakarsanira, dananira narendra mimba ilining, hernawa kang tan pegat. Titi tetela amengku adil, lamun amatrapaken siasat, tan mangetang mring wangsane, manut wicareng kukum, sumarmanya

wadya gung alit, sumungku jrih sih marang, natambeg linuhung, mangkana duk panjenegnan, ing nem likur warsa jeng sultan Ibrahim, sru mamangun nastapa. Tan kaetang kawibawan aji, myang sengseme marang garwa putra, sininglaran sedayane, tur lagya wancinipun, panedhenge amongka mugtin, nata kalbu lumepas, mring sang murbeng tuwuh, denira mrih kautaman, panjenengan ing dunya prapteng akir, yata satunggil dina. Mimbeng papanggungan narapati, mrih polat aningali sujalma, kang munggeng praja idere, yata wonten kadulu, jalma juga sawitning miskin, nanging tanpa lalara, munggeng soring turu, sang jalma lagya anendra, tanpa lemek myang kendhi pothol sumandhi, lan sacuwil rotinya. Prenah tumumpang luhuring kendhi, dupi sang miskin tangi anendra, gya binukti rarotine, anulya nginum ranu, saceguan nuli amuji, amaca Subkanalah, sru narimeng kalbu, pasiyan sang murweng jagat, yata Sultan Ibrahim dupi ningali, mring miskin kang mangkana. Lawan nata sinungan miharsa, marang pujinira risang sudra, lamun dinulu majade, tan kapiharsa estu, rehning tebih antara mungging, luhuring papanggungan, prabu tyasnya ngungun, dadya kaanggep sasmita, ingkang mijil saking sang amurbeng urip, nata sigra tumedhak. Saking panggung tindaknya anilib, tan mega abi kang sajuga, wusana prapteng ngenggene, sang jalma kang wus lungguh, soring tarunata praptaning, sigra nguluki salam, sinaurans ampun, narendra tumulya lenggah, angandika eh kisanak ingsun iki, tatanya marang sira. Mau sira duk amangan roti, mung sacuwil apa wareg sira, lan apa enak rasane, dene datanpa lawuh, nuli sira anginum warih, katon mung saceguan, apa marem iku, sang jalma sudra gya ngucap, eh wruhanta yen mungguh goningsun bukti, ing roti cucuwilan. Sakelangkung nikmate wak mami, mupangate kongsi telung dina, miwah kanggone warege, dene duk ingsun nginum, saceguan iku kang warih, seger sumrana rambah, sumarma ngong nebut, ing asma kang murbeng ngalam, dene mulih sihira sarta peparing, mring seger kawarasan. Kanjeng sultan mesem ngandika ris, iku mokal kaya tuturira, dene tan lumrah ing akeh, ya ngendi ana iku, mung sethithik teka maregi, lanngombe saceguan, ora seger terus, kang wus kanggo ing manungsa, kalumrahan tan kaya ujarmu iki, sabab sang murbeng ngalam. Wus amesthi gawe okeh kedhik, lawan kang rasa enak tan enak, manungsa pepanganane, jalma sudra duk ngrungu, pangandika nira narpati, muncereng denya ngucap, eh maido tutur, sira iki abebakal, bisa ngucap wisesa kang murbeng bumi, nangingta kurang terang. Lamun mungguh anane hyang luwih, bisa gawe rasaning manungsa, sasenenge dhewe-dhewe, yen mung semono kawruh, angilani pangwaseng widhi, apa sira tan myarsa, nalika Nabi Nuh, amaringi pepanganan, mring kang putra bagendha Kuhnuk ing nguni, kang gedhene tan lumrah. Lan manungsa ing sadonya iki, bagendha Kuhnuk limang prabata, gedhene lawan dhuwure, saprandene ya iku, mung pinaring roti sacuwil, mring Nabi Nuh kang rama, kinen dhahar tuwuk, sang Kuhnuk kalangkung eram, dene roti mung sacuwil amaregi, tur warege temenan. Yen madade Kuhnuk lamun mukti, yekti roti kang satugel arga, semono temen warege, kepriye penampamu, ing sasmita carita nabi, nata mesem ngandika, ingsun ya wus krungu, ingkang kaya tutur ira, kang mangkono iku pangwasaning nabi, yen umat ora bisa. Kudu nganggo salumrahing jalmi, jalma sudra gya sumahur sugal, wis menenga tanpa gawe, micara lawan ingsun, sri narendra mesem nauri, kisanak ingsun tanya, apa sira iku, tan kumpul lawan wanita, apa nora melik warna yu respati, lan bakal darbe tedhak. Pesthi tuna yen manungsa urip lamun ora andarbeni anak, bakal cupet selawase, wong iku duk angrungu, mengo ngucap tigapar aglis, wusnya sigra angucap, lamun jalma iku, wus tan kena kasmaran, wong sabumi iki sutane sayekti, pagene nganggo tuna. Sawusira ngucap jalma miskin, sarwi kesah angalih pangenan, ngaub sor wreksa liyane, gya nendra angalugur, sri narendra meksih ningali, pantese denya nendra, nikmate kelangkung, nata kacathet ing driiya, wus kadhadha sasmita sang murbeng bumi, prabu kundur ngedhatyan. Sapraptanira ing dalem puri, tata lenggah lan sang prameswara, sang garwa alon ature, pukulun kongsi dangu, jeng paduka tindak pribadi, datan amawi wadya, pun panyalimur, sultan aris angandika, ingsun yay inilip temu pekir miskin, munggeng ngisoring wreksa. Jalma pekir marma sun temoni, sun wetara yen dadya sasmita, jeng sultan gya ngandharake, sasolah bawanipun, amiwiti prapteng mekasi, ngungun sang prameswara, alon denya matur, pukulun jalma punika, estu lamun pinaring pangkat pribadi, dening snag murbeng jagat. Titah luhur miwah titiah alit, titah nata miwah titah sudra, sang

prameswari ature, kadya manjingken semu, marang driyanira narpati, sabab sang prameswara, wrin lamun sang prabu, kadya kagiwang tumingal, mring pratingkah jalma kang umanjing sukci, supe yen pangkat nata. wus ngungkuli sesameng dumadi, teka galih jalma sudra papa, prameswari sudibyang ngreh, miluteng driya prabu, sri narendra sampun udani, karsaning prameswara, kang amawa semu, sultan mesem angandika, angecani mring kalbu sang prameswari, witning yya kanthi maras.
Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Brahmana Randhi kaliyan Raden Suwelacala

Yata risang winiwaha raja putra Suwelacala akaliyan sang retna Pamuja lajeng kairit dhumateng para jawata lan para widadari, ingkang angandthi Raden Suwelacala ing kanan sang hyang Ontaboga ing kering sang hyang Taruna, sang brahmana Randhi akaliyan Resi Wrahaspati lumampah munggeng ngarsaning panganten ragi kapering sawetawis, dene kang dulur-dulur anjajari sagung para gandarwa, kairing dening raja karawu akaliyan raja banjuring kala banjuring lan gandarwa kang para pangageng kang boten nama raja kairit dening arya duduk warih lan arya sang dyah linglung, dene wadya bala reksasa kang saking krendha wahana kairit dening raja balika, punggawaning wilbarat lan wilkuthip kang angirit ditya rendhumeya lan ditya kacemba sisiyanipun ditya jangli lan ditya rendhuma, lampahing wadya reksasa angapit-apitna mring kaprenah ragi tebih, menggahing lampah sedaya sami sikep gagamaning prang saha pepandhen bandera umbul-umbul lan mawi tengara gongsa salompret bendhe gubar dene wadya manungsa munggeng wingking.
Dene pangiride paganten putri kang nganthi retna Pamuja dewi Prabasini lan Warsasini kang garebeg waranggana kang wolung dasa, dene pangiriding para garwaning raja gandarwa satunggal nyai panggung sisih lan nyai Ragawati, sawedalipun saking pasanggrahan kadya kancana sumebar tutunon kasorotan mring sang hyang diwangkara saha mungal pakurmataning para raja-raja, syarama brama barungan kadyangganing gurnitaning sabuwana wor pangriking reksasa kang singa nabda myanag pangriking kuda liman kang maewu-ewu makatena kang wasta ditya rendhuma punika anggadhahi kuwasa mindha syara, manawi mindha syaraning gelap saestu kados gelap mangampar, yen mindha syaraning gludhug ugi kados geludhug sayektos sumawona amindha syaraning sabarang kewan saget punika kang kinarya prabawa.
Sareng sampun nitih wimana sang panganten putra putri kang anunggil sawimana dewi Sitawati lan sakathahing para waranggana, dene Prabu Pandayanata anunggil kang para jawata tuwin kang para resi kasaosan nimana piyambak punika menggah kang ngrembat sadaya wadya reksasa dupi sampun lajeng kabekta mabur napak gegana samudayanipun, amung wadya manungsa ingkang kantun baris munggeng pasanggrahan lampahnya karengga kang ngebat-ebati ngantos tepung gelang ing ngarga lajeng kundur mesanggrahan mangun bujana kang mawantu-wantu.
Sareng sampun antwis papanggiyan putra putri sih siniyan tumunten kang para jawata lan para widadari sadaya muksa kundur ing kayangan piyambak-piyambak, dene sang brahmana Randhi anggenira muksa sarwi tilar pangandika, makaten pangandikanipun angantenana wiwahanipun patang puluh dina sabab bakal diundhuh mantu marang dewi Sitawati ing Pengging lan maninge para raja gandarwa teksih padha tetepa rumeksa kongsi sabubaring wiwahan ana ing Pengging lan prabu Pandayanata besuk barenga bae lan lakuning penganten lan ingsun amameksa ing sajroning patang puluh dina padha angati-atiya poma-poma, tumunten sasampunira amameling sang brahmana muksa sareng lan resi Wrahaspati.
Wuwusen kang kantun ing pasanggrahan sami andugekaken denira mangun bujana, yata gentos kang kacariyosaken trahing guratna ing Wanasaba awasta pun Carmatosan punika trah guratna pun Carmatosan sakalangkung wegig tur sekti mahabara awit gentur denira mangun tapa amesu cipta sabab pun Carmatosan sumeja badhe amales ukum duteng Raden Suwelacala tuwin prabu Pandayanata, punika badhe anagih kala pun guratna kaplagsana dening prabu Kusumawicitra ing Pengging, punika pun Carmatosan mawi aminta sraya dhateng prabu ing Mendhang Kamulyan kang anama prabu Mondrasaraba, pun Carmatosan sampun maget raket lan prabu Medhang

Kamulyan, sareng sampun dados rembagipun nunten bidhal anglurug dhateng ing ngardi Marbabu sabab mireng yen Raden Suwelacala mangun krama wonten wukir marbabu.
Lampahipun wadya bala ing Medhang Kamulyan tan kawuwus ing margi inggal prapta ing wukir Marbabu, baris angebaki ara-ara saha mirantos sakapraboning aprang senggani tengara mawantu-wantu, yata wadya bala ing Pengging mirsa yen kadhatengan parang muka lajeng ngatur uninga dhumateng prabu Pandayanata, dene sareng sampun terang pamirsa nira dhumateng sang parang muka menggah kang dados rembag boten mawi ngaturi uninga kang dhateng Raden Suwelacala manawi andadosaken kaget rehning penganten enggal.
Punika taksih wonten candhakipun.
Redhaksi amemuti bilih ingkang kasebut ing nginggil dongeng.

Ongka 7 Kemis kaping 17 Pebruwari 1876

BRA MARTANI

Kulawisudhan

Saking beslitipun kanjeng tuwan residhen kaliyan kanjeng raden adipati pepatih dalem ing Surakarta, Mas Mangun Sentika kaparingan pangkat mantri pulisi ing Getas saha kaparingan nami Mas Jaya Sentika, kasumpah saha katetepaken nalika tanggal kaping 15 Pebruwari 1876.

Narendra tanaya Engglan panuju ing nagari Indi

Sinten-sinten ingkang anyipta menggah sawarnining amangun suka sadangunipun sang narendra tanaya Engglan wonten ing tanah Indhostan panyipta wau kadi boten analisir awit sang krun prines ing saestu sampun anguningani titingalan amonca warni sarta urubing rerenggan anjalari sang narendra tanaya boten badhe kasupen sadangunipun.

Ing praja mandras sang krun prines kang sagah mariksani rerenggan sarana latu dipun wastani sekar latuning ombak samudra, sang narendra tanaya anitih bahita rinengga, para jamhur angaturaken wiwangga boten kaconggah nganggita kadi ingkang sampun ginelar awit saking endah tuwin angebat-ebati ingkang katingal, dene aluning samudra agugulungan lampahira sawarnining gedhong-gedhong urut gigisik katingal wonten sisihing alun sarta murub saking tetebiyan, nanging ingkang anggumunaken inggih punika saganten, bahita kapal ingkang wonten jaladri prisasat kambang ing samudragni sakedhap-kedhap angulukaken sekar latu manginggil retat sorot kaliyan kelabing toya wah malih aluning samudra kasorotan ing obor pinten-pinten dipuncepeng dening para tiyang bumi ewon kathahipun nunten katingal kencaring latu saking tetebiyan mangandhap manginggil sangkanipun saking bahita alit-alit ingkang dipunsolahaken para wasising samudra adedolanan kaliyan aluning saganten kadi tiyang alolomban ing saestu dodolanan anggigirisi, boten dang upara wasis sami mentas dhateng gigisik nunten lumumpat malih dhateng bahitanipun tinadhahan ing alun kadi silem-silema, para tiyang ewon ingkang sami gumun sumlengeren ningali tiyang sami jojogetan ngaben daya kaliyan aluning saganten.

Suprandene ingkang kasebut ngajeng taksih wonten caraning bongsa Eropah katimbang kaliyan ingkang badhe kapariksa malih dening sang narendra tanaya salebeting kadhatonipun sang mahabrata jujuluk Hekwar ing praja Barodha, ing ngriku sang narendra tanaya anuweni punapa ingkang kakojahaken ing kadhatoning sang prabu Harun al Rasid, sang krun prines sapraptanira ing setasiyun sepur dipunpanembrama dening prabu Hekwar kadherekaken sawarnining punggawa walandi sarta bongsa luhur Indi sami busana abra murub ingubengan para abdi katingal ajanges sami ngangge surban pethak sarta ijem.

Wasana dene para tiyang ingkang murugaken gumun ingkang ngebat-ebati inggih punika sawarnining kewan sami warna dwipongga ingkang binusana di dhastra endah-endah pinatik ing sotya kancana, wonten dwipongga satunggal sakalangkung ageng inggil katingal lir giri suta gesang punika mawi dipunatrapidhampar kancana mulya sarta kasasaban krun mas tinaretes sosotya di rebat sorot kaliyan ujwalaning baskara ginubah ing kasur babut prang wedani tuwin baludru alus dumugi mangandhap, liman wau telalenipun mawi ginelangan emas dipunobat-abitaken lir anyarengi dhawahing gendhing.

Endhasipun liman dipunkaborehan wungu kupingira ijem suku kaliyan gadhing kagelangan kancana sarta kapatut ing ecet monca warna, sareng narendra tanaya anyelaki dirada sawarnining liman salarik sami amakidhupuh sareng kadi anyasmitani kormat dhateng jeng gusti sang pangeran adipati anom ing Engglan, sang krun prines nunten anitih liman ingkang kadi giri suta tindhak lon-lonan dhateng kadhatonipun sang prabu Hekwar, nalika snag narendra putra kaliyan sang prabu Hekwar badhe anitih dwipongga mawi dipuncaosi sadhiyan ondha jene, saweg kemawon para agung nitih lajeng gendhing mungel umyang meh ambudhegaken tinadhahan mriyem ambal-ambalan kapireng kadi prahara, dene rerenggan liyanipun sami rebat sae nanging kenging ugi dipuncipta warnining titingalan, dhasar praja Barodha sakalangkung bagus prenahira gedhong endah-endah tuwin prajuritira sang prabu Hekwar sami jarot-jarot kadi tan tedhas ing

gurenda sabusananipun dipuntingali angajrih-ajrihi kados balaning prabu dasa wadana nanging ugi sami anggumunaken, dalasan tiyang alitipun jaler turuning mahrata ageng-ageng gilig punika inggih amewahi bagus sabab sami surbanan abrit rasukan pethak cara Indhu kawewahan bentering baskara, wondene bab aben-aben liman kaliyan warak sapanunggilanipun boten kagelaraken ing ngriki namung kantun ingkang kasebut ing ngandhap punika.
Praja Barodha nalika sang narendra putra alerep ing ngriku dipunsuledi ing sekar latu nalika badhe mariksani kedah miyos kareteg ageng langkaning kareteg kiwa tengen kadekekan warni setan angajrih-ajrihi kasisiyan damar sela, dalasaken salebeting pangimpen dereng nate wonten titingalan kang makaten, dene maujud kang makaten ingkang kokojah boten saged anerangaken namung warni kados reca dipunbusanani busana angebat-ebati, rambut kinalabang ngalewer urut jongga, sareng dipuncelaki katingal panthelenging maripat kadi pancoronging latu mangah-mangah sarta molak-malik punika ingkang sami ngunduraken para tiyang ingkang kagunturan ing giris mila kathah ingkang sami anebih aningali titingalan tiyang kang sami rebat unggul saking endah bagusipun.

Nagari dereng lami kecalan pujongga jawi ngatasing tembung jawi, malajeng sapanunggilanipun utawi liyaning kamemetan inggih punika awit sedanipun tuwan A.Be. Setiwar priyantun ingkang pinarsudi amijang-mijang menggah uruting tembung jawi sapanunggilanipun ing nagari jawi.
Ing nalika layon kaselehaken ing kaluwat wonten ing pasareyan Tanah Abang ing Betawi, para ingkang andherekaken lajeng angunduri sawatawis tuwin sadaya kendel boten wonten walang salisik nunten kanjeng tuwan mister Dhrekinderen ingkang jumneng linding rat pan Nederlanse Indi, ing ngajeng nalika smai tumaruna tunggil luru kaliyan ingkang lalis karsa amangandikakaken lampah-lampahipun sang pujongga dipunkandhar denira taberi amarsudi sawarnining kawasisan sumarma sampun jajaka mila dipunpethek bilih Kohen Setuwar badhe dados niyakaning ngatasing tembung bongsa wetan, mila misih kapara enem pujongga Setiwar karsaning gupremen dipunkula wisudha dados priyantun sarta kadunungaken ing Surakarta dipunkanthekaken kaliyan tuwan juru basa sepuh rindher winter, dereng lami kawistara manawi Setuwar meh tanpa sisiyan sabab wawatoning kamemetanira sakalangkung santosa, ing ngriku piniji dening gupremen kakarsakaken angrampungaken bab serat barata yuda kawi kinen anegesi sarta angresikaken mawi tinandhing tandhing serat panunggilanipun kathah, ing ngajeng ingkang kapatah pujongga tuwan Rordha pan Insingga, sareng badhe dipunwiwiti rumaos boten neceki kaliyan pamanggihipun pujongga Setiwar mila lajeng andarbeni atur nyuwun amurwani babar pisan dados kadhapur sanes, dene babaripun inggih punika serat barata yuda kalih jilidan ageng ingkang sampun kasusra ing pundi-pundi, ewadene puongga Setiwar watakipun boten kars aangandharaken ing kawicaksananira awit sakalangkung mangatos-atosipun, ananging kathah ingkang sampun anyongkok utawi awawaton pamanggihipun snag pujongga malah nalika sadinten saderengipun seda kanjeng tuwan mister Dhrekinderen amariksani Setuwar anyandhing buk ageng ingsenipun sawarnining pengetan ingkang manggepokan dhateng ing kamemetan dereng wonten ingkang saged andugi sapinten pangaosipun serat pengetan titilaripun sang pujongga wau, ing saestu samangke nagari kaecalan punggawa ageng ingkang sadangunira minongka tatenggoran, bilih wonten tetembungan ingkang peteng ruwet tegesipun dene bongsa kamemetan kapitunan janma putus ing kawicaksanan, ing suraos nagari arekaos anyulihana panyulihing pujongga kadi dhokter A.Be. Setiwar.

Serat kabar *Dhe Porsten Landhen* angabaraken makaten: Ngayogyakarta
Pamupuning prabeya saking tiyang alit ingkang pancen sampun kagelengaken tumut padamelan pompa, nanging saking kajeng ira ingkang dados lurah kalepataken ing padamelan pompa wau, pamupu wau taksih lestantun sarta anuwuhaken udur sadangunipun, ing mongka wekdal sapunika misilipun para alit sakalangkung kedhik kawewahan pangaosing uwos malah sangsaya andedel punika sakalangkung rekaosipun tiyang alit, manawi ambayara prabeya 50 sen sawulan sasanggeman ingkang kapetelaken dhateng tiyang alit makaten wau anjalari kathah ingkang boten

saged anglampahi, dene ingkang boten kaconggah asok prabeya lajeng dipunelo tegesipun kinen angrakal radinan ageng panjangipun 5 elo, manawi nedya lepat ing krakal kedah bayar panebus 5 ringgit.
Sumongga kagaliya dhateng pundi purugipun yatra padhendhan wau, pawedaling prabeya mirungga kang kapratelakaken ngajeng sawek pakabaran boten kenging kawastanan kedhik, manawi boten kalintu kojahing kathah kyahi lurah wau pamupunira sawulan langkung saking 2000 rupiyah, kawontenanipun samangke sakalangkung amurugaken sayah, para tiyang sami angarsa-arsa mugi kanjeng tuwan residhen ingkang kuwajiban angiyomi para alit enggala karsa anindakaken aniti pariksa, oalah punapa kemawon ing Ngayogya ingkang boten linampahan.

Ing Ngayugyakarta

Nalika tanggal kaping 22 wulan Besar taun Ehe ongka 1804, abdi dalem bupat ianom ing kadipaten kawisudha dados bupati wadana nem prajurit sinelir (kawan dasa) nama Raden Tumenggung Purwakusuma patedhah dalem lenggah sabin karya 50 bayar ing dalem sawulan 52 rupiyah 5 uwang.
Nalika tanggal kaping 26 wulan Besar taun Ehe ongka 1804 kagungan dalem prabayeksa ing kadipaten kabibrah saha badhe dipunyasani malih ukuran tuwin balunganipun nyangkok kagungan dalem prabayeksa ing kadipaten kina.
Dinten pabibrah wau sampeyan dalem kanjeng gusti busana pameran ngagem kanigara, gusti Pangeran Arya Mangkubumi kaliyan para sadherek putra dalem sadaya ngagem berci kemawon, dene Raden Adipati Danureja sakancanipun para bupati tuwin panewu mantri jawi lebet mangangge cara saos kyahi pangulu utawi para sayid pangulu landrad para ketib modin sarta kabar jumungah mangangge cara ngadad.
Sareng sampun pepak ingkang sami marasowan wonten ing banjar andhap wanci jam 9 sadaya ngandika lumebet sowan wonten ing ngarsa dalem kanjeng gusti, sasampunipun dipunpanembrama lajeng sami kakarsakaken dhateng pengkeren, kanjeng gusti tindak akaliyan para pangeran, raden adipati dherek sairit pri kancanipun para bupati panewu mantri sapangrembenipun sadaya.
Kyahi pangulu donga sadaya abdi dalem sami tadhah amin, pungkasing pandonga kanjeng gusti dhadhawuh raden adipati kakarsakaken miwiti aturipun sandika lajeng parentah dhumateng prikonca damel kadosta: gawong, margong sarta gladhag inggal sami majeng tumandang pakaryan, menggah para bupati jawi lebet sami biyantoni sadaya cangcut atali wanda gumerah swaranipun rebat pakaryan.
Sareng wanci jam 10 ingkang sinuwun kanjeng gusti miyos dhumateng ing kadipaten kaliyan kanjeng tuwan Waten Dhorep residhen ing Ngayuja, wektu samanten kanjeng tuwan residhen ing Surakarta pinuju martamu inggih dherek dhateng ing kadipaten lajeng mider-mider sakanan keringipun padaleman sarta mirsani gambar badhe wangunipun dalem prabayeksa anyar.
Nalika taksih mider-mider kanjeng tuwan residhen ing Surakarta kapanggih kaliyan Raden Adipati Danureja maringi wilujeng sarta tabeyan ngandika yen ingkang putra wingi saking Surakarta ananging lajeng dhateng Samarang, o..patrap ingkang makaten wau mratandhani yen kanjeng tuwan residhen panggalihipun berbudi saged damel mareming wardaya, samanten wau wonten ingkang gumunaken ngakathah sarta kalebet anglengkara rehning sampun wanuh dhateng abdi dalem bupati anom inggih punika raden tumenggung Sumadiningrat jalaran kala konggres ing Ngayuja raden tumenggung dados komisarising konggres, pramila sareng kapranggul wonten plataran ing kadipaten kanjeng tuwan residhen anganthuki maringi wilujeng sarta tabeyan sanajan angen-angenipun raden tumenggung saking panginten kula dahat kaget amargi pinuju ngadhep wonten ing ngarsa dalem ingkang sinuwun tuwin kanjeng gusti, o..berbudinipun kanjeng tuwan residhen wau pantes dipunalembana dhumateng bongsa ing lyan sabab damel wignya pangarem-arem.
Raden Adipati Danureja minta bupati wadana satunggil ingkang dados jejeneng padamelan inggih punika Raden Tumenggung Prawiradireja anindhihi prakonca damel bau suku dhusun ing

kilen praga, dene bau suku mataraman kadamel sudhiyan padamelan sanes-sanesipun utawi jagi babanton pundi ingkang awrat, menggah pratikel makaten wau nyekapi sanget saha patitis pantes dipunalembana ngakathah.
Bapa pucung, katambang liring sul-ingsul ring aten dyan caya, bramana me, ster wiyati, mardi basa, kawruh kawi, tembung tembang. Duk rumiyin, rakamta wus mireng tutur, yenngeksi supatra, lir panjarwa, nta mas yayi, nanging supe, wit cingkrang marsudi sastra. Sokur-sokur rimas kaserenan kawruh e, mung titip amba, atma catur kang dadasih, mugi-mugi angsala luturing sabda. Guna kawruh, kang ginelar, praja sagung, ginandheng swarjana, salah juga lepas budi, sokur sewu, sadaya tumus panyipta. O saiba suka rena, wardayeng sun, yen nyamleng paneja, putra catur, wekel bangkid, lir nugraha, cumleret tiba jiwangga. Kang sasiki piniji paduka pupu, wus rila trus manah, tar darbya tyas songga runggi, sampun titi tondha kusumawicitra.

Ing ngriki kula kedah anglaksanani punapa sagayuh kula tiyang bodho awit saking pitakenipun mitra kula Atmareja aliyas Mintajarwa sarta kapingin pitepang rembag kaliyan kula mungging samadyaning *Bra Martani* ajalaran paminta wardining tembung kadya kang kasebut ing ngandhap punika.
Bab 1, taruniteh cute tegesipun taru: godhong, niteh: uler, cute:wirang utawi risak, punika salokanipun tiyang manggih kawirangan utawi karisakan kaupamekaken kados risaking gogodhongan dening uler.
Bab 2, tirta candra geni raditya, tegesipun tirta: toya, candra: rembulan, geni: latu, raditya: srengenge, punika salokaning jeksa manawi angadili, titinipun kadosa toya tatanipun kadosa rembulan wisesanipun kadosa latu pariksanipun kadosa srengenge, terangipun makaten ingkang dipunwastani titi kados toya wau ngibarat leresipun kadosa toya wonten wadhah miring jejeging wadhah katawis saking toyanipun, tata kadosa rembulan ngibarat manising ulat, wisesa kados latu ngibarat kencenging adil, dadosa sanak sadherek manawi kaleres katrap inggih kawisesaha ing adil kados upamenipun latu boten mawi pilih empan-empan, pariksa kados srengenge ngibarat terang resik pariksanipun.
Bab 3, titi mantri, tegesipun manti: temen, punika salokanipun jaksa ingkang anglampahi temen-temen boten keguh dening sarasa.
Bab 4, denika tarpa citra tan nate jawaktra makucem, tegsipun dene wong kang tan weruh ing sastra iku dadi ilang tan ana tejane raraine mesum.
Bab 5, lir sekaring swame muru parak tatar ana gandanya, tegesipun upama wong kang tan bisa ing sastra iku kaya kembang wora-wari abang warna branang tanpa gonda arum.
Bab 6, tingkah ing suta sasanaka kadi raja tanaya ri sedhengira ponca warsa, tegesipun goning tingkah anak iku yen wis umur limang taun den becik lungguhe nyata den kaya ratu sakarepe paden wong kewala.
Bab 7, sasad denan satekap tamayan dasa warsa wineruhaken ing aksara, tegesipun mangkana anak manawa uwis ganep umur sapuluh taun winardi wineruhake ing aksara.
Bab 8, takita kinengse sawabuna wadya, tegesipun wong anom iku den guguruwa dhingin tingkah ing ngasawita kaliyan kagunan.
Sampun namung punika ing kawontenanipun paminta sampeyan panjarwa.
Anjawi saking ingkang sampun kasebutaken ing nginggil sarehning sampeyan prasaja kapengin mimitrak kalayan pun kula sarta borongaken yen wonten kalentuning panyerat, dados kula wau kok kedah angleresaken kalentuning panyerat sampeyan kadosta kang mungel kadheng, leresipun kodheng, inggih punika ungelipun aksara jejeg, yen ing parama sastra ingkang dipuntembungaken guru aksara sumerep leresipun sawab sa yen karaketaken sandhangan swara tegesipun suku ingkang dipun suku sa talawya makaten su ngandhap, leresipun ngaNdhap sawab uruting wanda sigeg ing na mongka bubukanipun dhya mila makaten ngaNdhap.
Mantri leresipun mantri sawab pasangan ta yen kaleres dados pasangan mongka karaketan sandhangan ywanjana tegesipun cakra, pasangan ta wau santun dhateng wujuding ta malih kadosta sastra.

Punnika, mannawi, leresipun punika, manawi, sawab enanipun gondhel namung nunut wanda kang karaketan awit pakecapanipun *pu* punika utawi manawi ngadeg semu rebah mila boten perlu dipungondhel mindhak pating greyong, sastra leresipun saStra sampun kasebut nginggil, sumongga leresipun Sumongga, Su sampun kasebut ing nginggil wau, serjana leresipun sarjana, janawari leresipun januwari sawab punika tembung wlandi awit ingkang mungel ku punika ingkang dipunangge ibya *u* dados makaten *Januarij* mila tumraping sastra jawi dados Nu, panjarwa leresipun panyjarwa sawab manawi uruting wanda sigeg ing na mongka bubukanipun ja, pa, sigegipun na talawya mila makaten panyjarwa.

Wondenten saseratan sampeyan ingkang kathah-kathah sampun prayogi sadaya, sumanten wau anggen kula kumapurun angleresaken patitising panyerat kasumanggakaken ing karsa sampeyan, kula sumongga manawi wonten ingkang dados ing kalepatan kula nyuwun pangaksama ingkang agung.

Kalih dene malih sauruting saseratanipun mitra kula aliyas Mintajarwa wonten pamintanipun mitra kula anyar apaparab silih nama Patralalita.

Awit kapetengan dening tembung kawi ingkang andadosaken kodhenging panggalih punika kula kapurih amitulungana panjarwanipun, sarehning kula wau dede sarjana mongka dipunpaksa dhateng pra sobat sae inggih manawi wonten kalentuning teges kemawon kula kedah nyuwun priksa sampeyan paring pangaksami pri tuwin sarjananing *Bra Martani* ingkang agung-agung, wondenten ingkang dados bubukaning pandangu sampeyan kadya ing ngandhap punika.

Takyaning kang laleren repa badulurangan saya ganda sumaremut keng raupi ngalaya kirana ing raka tona ulap, lwir papikat jalada nglihara rasa pithang kanikin kumlab pindha limungsung nganisa sadara kawkasni alinta ngara.

Punika anjawi ing karsa sampeyan ungel-ungelanipun kathah ingkang lepat enget kula leresipun makaten.

Tkyaning kala rereb rereb dulu rangin upaya ganda sumor ramya tkeng rauping ngalayahi rawikara katon haulap, lwir papikat jaladhaplih hararas awithanka nikin kumelab mindha limun suraning sasad dhara kawkas ri halintang ira, tegesipun makaten tkyan kalayan, ningkala: ing nalika, rereb-rereb: grimis-grimis, adulu rangin: tumut lampahing angin sarya ambekta, ganda sumar: gonda wangi, ramya: asri, tkeng: dumugi, rauping: dhawuhing, ngalayahi: tengangening, rawikara: srengenge, katon: katingal, haulap: sulap, lwir: kados, papikat: jala, jaladhaplih: mendhung tipis, hararas: asring, awithanka: soroting srengenge, nikin kumelab: punika kelab-kelab, mindha limun suraning: memper walungsunganipun, sasad dhara kawkas: hyang onta boga, ri halintang ira: ing lampahipun, wondenten menggah ing terangipun makaten.

Kalayan nalika jawah arimis katut ing angin ambekta gonda wangi amewahi asri ngantos dumugi ing wanci tengange srengenge katingal sulap kalingan ing mega tipis ramyang-ramyang kados jala asri soroting srengenge kelab-kelab ing lampahipun kadso walungsunganipun hyang ontaboga.

Sampun namung punika kawontenanipun kula nuwun sumongga mitra kula Patralalita, pratondha kula kurmat atur taklim ing sampeyan. Kasrat ing Treban kaping 5 Sura Jimawal 1805.

Mitra paduka raket sakaliyan Jaya Premana.

Manawi andadosaken kaparingenging panggalih panjenenganipun Jaya Premana ing Treban Ngayogyakarta ingkang sawek andon waweka tambah kasusra ambek arja linapis musthika maya asihing sesamenipun widagda angalap prana.

Mugi karsa aparing barkah supados anglejaraken duhkitaning manah kula nyuwun saserepan sawatawis menggah nalaripun tiyang supena sanadyan makaten wau sampun mesthi dumunung wonten sipating manusa minongka puspitaning tilem, ananging tansah andadosaken kodhenging wardaya kaelokan ingkang anglimputi kumambang aramyang-ramyang kadosta ing dalem sareh supena kakesahan tebih mongka yektosipun sang badan boten mingser saking gen pagulingan punika katarik saking parabot punapa, manawi roh ingkang jumedhul saking jasat dipunwastani pejah bilih pun tanah ingkang tebih wau cumawis kados dereng angsal nalaripun, utawi malih

kula nyuwun saserepan sababipun tiyang tilem mawi ngalindur punika ugi nalar saking pandaya punapa dene salebeting sare tan dya garegah wungu sarwi alenggah dheleg-dheleg saweneh wonten ingkang saksana lumajeng wonten ingkang nyuwara boten waton mongka kyahi roh ing jasat boten wonten ingkang pisan rumaos anandukaken tembung tuwin patrap makaten punika inggih kados pundi tuwin malih kula nyuwun saserepan bilih wonten tiyang tilem mawi karaos winastan tindhihen mongka ing ngriku boten rumaos supena sarta boten suka dipunwastani nglindur, katondha satangenipun kang tilem dipuntangledi ingkang melek wangsulanipun tindhihen mila saengga kaewokaken supena kados boten pikantuk nalaripun awit nalika kagebeng ing tindhih rumaosipun boten saged wicanten punika ugi kagendheng saking gagolongan punapa, namung punika atur panyuwun kula boten langkung pangesthi terusing pamuji mugi panjenenganipun Jaya Prana karsaha anembadani lumunturing sih tumrap dhumateng tiyang bodho, wasana bilih wonten saru sikuning tembung kula nyuwun pangaksama ingkang agung.
Katandhan kampung gajahan lami pun Rara Sejati.

Punika candhakipun cariyos saking Iman Nawawi bongsa Arab
Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Kinanthi. Angranggani karsa prabu, patitise solah wadi, pangandikaning narendra, dhuh sang nayakaning estri, tyasira ayya rumaras, kumandela sira yayi. Marang sang amurbeng tuwuh, nora kena den tilapi, obah osiking kawula, sira sesaosa nuli, wanita roro kewala, kenya kang ayu respati. Busana nana kang patut, kang peni kang adi-adi, karsa ingsun kon nyokoha, anggodha si jalma pekir, lan gawanana panganan, kang sakira amengini. Myang wastra kang alus-alus, rakiteni ngkang abecik, sang prameswari atanggap, agya lineksanan sami, wus rumanti winelaingan, ing karsa sigra narapati. Cundaka kenya yu-ayu, kinanthen cethi kekalih, kanag bekta talam kencana, mesi boja lan wastra di, wus mijil saking jro pura, tan winuwus aneng margi. Lepas prapta lampahipun, dununge ki sudra guling, munggeng ngisoring mandira, tanpa lemek kasur wedhi, krang ngulu oyodi wreksa, kapanggih kepati guling. Sang duta nganteni dangu, lenggah munggeng kanan kering, sumandhing lir tinemaha, mindha lar waduk amet sih, mangkana sira ki sudra, wus tutug denira guling. Dupi tangi kagyat dulu, marang wanita kekalih, warnane samya yu endah, denira linggih sumandhing, ki sudra mingser asigra, ngulari potholan kendhi. Lan sacuwil rotinipun, janggilengan tan kepanggih, sabab siningitken samya, marang cundaka kang prapta, sang kusuma mesem mojar, swaranira rum amanis. Milu ta rarasing tembung, lir mangrepa aminta sih, dhudhuh sang jalma utama, tyas paduka den saririh, pukulun kula tur wikan, yen menggah pothol kendhi. Lan sacuwil rotinipun, punika kula santuni, dhaharan kang sri awuryan, kang pantes paduka bukti, jer kawula langkung welas, dhumateng ki dalem pekir. Sarira kongsi akuru, labete yen kirang bukti, ki sudra dupi miharsa, rengu mengo tan nauri, sang wanita gya ambuka, talam kang mesi sesaji. Katon dhaharan supenuh, talam sinaosken ngarsi, anulya sangunggal ira, sang duta gumantya angling, dhuh ki sudra sarireng wang, punika kula ngaturi. Busana kang adi luhung, rasuken lamun sayogi, yya angangge tetambalan, warna paduka respati, kawula welas tumingal, ki pekir dupi miharsa. Ruditane tyasmu rengu, tanpa mojar tan ningali, mring asrining kang dhaharan, tuwin warna busana di, lawan tan arsa tumingal, mring wanita yu respati. Miwah tan arsa rumungu, mring tembung kang asih-asih, pijer denya janggilengan, ngulari potholan kendhi, sang wanita malih mojar, sarwi nandukaken liring. Tinuju parengan dulu, rinambah sarwi ngesemi, dhasare ayu utama, wigenane amantesi, lamun menggaha samangkya, manawi sujalma baring. Tan kagingsir sabab limut, tuwin jalma wuta tuli, tan miharsa tan tumingal, marang respatining estri, ki pekir sujalma wantah, paran dene tan kagingsir. Sang wanita merang dulu, ing pratingkah lir tinampik, sigra mundur pelarasan, myang babektane tan kari, wanita kalih wus lepas, ki sudra denya ngulati. Potholan kendhi kapangguh, miwah kang roti sacuwil, yata lampahing wanita, laju tumameng jro puri, sumiweng ngarsa narendra, duk lenggah lan prameswari. Solah bawa sampun katur, yen ki sudra tan kagingsir, malang rengu netyanira, tan tumingal mring sarwa di, sang nata mesem miharsa, sigra aken animbali. Marang sang mantri pangayun, datan dangu sampun kerit, rekyana patih builham,

nembah sumiweng ngarsaji, jeng sultan aris ngandika, paring warta mring papatih. Ing sasolah baweng dangu, nalika panggih lan pekir, miwah nalika anduta, manyoba marang ki pekir, eh apatih wruha sira, ana kerasa tyas mami. Sasmita kang marang ingsun, karsane kang murbeng ngurip, panjenengan ingsun nata, pinrih umanjinga sukci, kyana patih duk miharsa, mangungun nembah turnya ris. Dhuh pukulun sang aprabu, kang mongka wakiling nabi, menggah kados kang punika, tan pantes paduka galih, sinten kang kados narendra, sihira kang murbeng bumi. Tinimbang lan pekir sewu, kang sami asukci-sukci, datan nimbangi narendra, miwah sagung para kaji, tan sami kalawan nata, kamulyaning donya akhir. Mesem ngandika sang prabu, bener atur ira patih, lamun mungguh sarireng wang, utamane narapati, dhasar ratu wicaksana, anetepi kukum adil. Tan singlar pakaryeng ratu, lan ngagema kalbu sukci, ngiriba kekasihing hyang, nabi kang ngiras narpati, eh patih sira mijila, paparentaha den aglis. undhangana sapraja gung, ingsun nyoba mring si pekir, sapa-sapa kang katekan, mring si sudra yya sung bukti, kyana patih keter ing tyas, kaluhuraning sabda ji. Kyana patih nembah mundur, prapteng jawi gya ngundhangi, werata ing sanegara, pepacuhe narapati, yata genti winurcita, ki sudra kang mungkur ngelih.
Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Brahmana Randhi kaliyan Raden Suwelacala

Prabu Pandayanata tumunten angaturi para raja gandarwa lan para pangageng reksasa kairit ing raja balika, sasampuning tata palenggahan prabu Pandayanata anggelaraken pitembung, paman raja bancuring kala bancuring punika rehning wonten mengsah dhateng menggah pikajengan kula wageda rampung wadya sawarnining bongsa kang sami wonten ing ngriki sadaya sampun ngantos angregoni jeng kakang mas, kados pundi menggah pamatahing pamethuking aprang, raja bancuring gya matur, angger manawi pandamelan prang punika mugi kapasrahena dhateng eyang jengandika raja karawuha kaliyan raja balika sabab punika sami pamugarining pun eyang jengandika prabu Kusumawicitra, gya prabu Pandayanata mangayu bagya.
Aturira raja karawu angger menggah prang punika wetawis boten rampung dening para raja sadaya punika sabab mengsah prabu saraba ing medhang kamulyan akanthi pun Carmatosan ing wanasaba, pun Carmatosan punika trah guratna langkung guna sekti badhe males ukum dhateng angger, lo..eyang senadyan pun Carmatosan saklangkung guna sekti dene kula akathi para raja siluman datan kirang guna sekti, angger mugi sumerepa menggah wadya siluman punika badhe wonten tandhingipun prang piyambak sabab raja saraba badhe angsal bantu saking bongsa siluman kekalih raja, satunggal raja kala sekti kadhaton ing wana Madiyun akaliyan prabu yeksa kedhaton ing Pasuruhan wau prabu Pandayanata sakelangkung ngungun dene raja Karawu sakelangkung waskita uninga ing rempit.
Nunten raja Bahlika nambung sabda, kakang raja Karawu senadyan kaya mengkono luwih becik pinagut ing aprang wadya reksasa ingsun atahan nanggulang aja kainan, raja Karawu nunten anjurungi tuwin para raja rembag samudaya, sasampuning dadya kang rinembag nunten undhanga kikirab methuk ing aprang, tengara munya mawurahan wedaling wadya raksasa kadya prakempaning jaladiyan sadaya sampun asikep gegaman saha pepadhen bandera umbul-umbul sapanunggilanipun, punggawaning reksasa anindhihi wadya sowang-sowang sami munggeng wahana telase wadya reksasa nunten kasambungan wadya bala manungsa ing Pengging ugi boten sanes menggah samektaning busana, telasing wadya manungsa nunten kasambungan wadya bala siluman, dene kang rumeksa ing pasanggrahan amung kapatah sawetawis, mangkana dupi lumampah kang badhe methuk prang swara kabina-bina adamel kagyat sang pinanganten.
Kawuwus sang pinanganten putra lan putri nuju palenggahan lan ingkang garwa, dene kawontenan ing ngarsa pangirit para garwaning raja siluman nyai Panggung lan nyai ragawati lagya sisiwo ing pasamuwan kasaru amiharsa syaraning bala kang anggeteri tuwin syaraning tengara kang mawantu-wantu, wusana Raden Suwelacala atetanya dhateng pangarsa siluman nyai Panggung, bibi punapa syara kapiharsa kang gegeteri punika, nyai Panggung nunten umatur angger punika syaraning wadya paduka ingkang umangkat badhe amethuk ing prangdhatengipun mengsah punika, Raden Suwelacala mangungun dene kadhatengan mengsah datan mawi

ingaturan uninga, bibi punika mengsha saking pundi dene kula boten kamirengan, punika angger kabar mengsah saking mendhang kamulyan akanthi pus Carmatosan ingkang kaucap badhe males ukum dhateng ing trah prabu Kusumawicitra ing Pengging.

Dupi terang pamiharsanira Raden Suwelacala kat gada mundhut busana kapraboning prang sumeja amanggihi jalma kang darbe punika, makatena ingkang garwa dewi Pamuja rehning wanita susila lepas ing panggrahita wruh tata titining semu retna Pamuja langkung dening kewran anggenira badhe umatur dhumateng ingkang raka sabab yen boten umatura sang retna uninga patraping lampah ing raja putra kang dadya tutunggul ingkang musthi boten kenging ganas utawi kagetan kedah angagem titi pariksa, dene retna Pamuja lamun umatura dhumateng ingkang raka punika pakewed bilih kadakwa anggegendholi rehning lagya sih siniyan denira palakrama katingal temen yen kadereng boten kenging pisah, ing wusana sareng ingkang raka anetera genira mundhut busana ing prang sareng retna amung mesem anandukaken sasmita kang anuju prona.

Sanalika Raden Suwelacala kataman ing eseming retna Pamuja kadya susah rempu langkung entyarsaning panggalih sabab kacariyos retna Pamuja ing saklaminira kepanggih lan Raden Suwelacala dereng nate mesem utawi anandukaken netya kang ngemu wadi ingkang kapatrapaken ing sadintenipun amung netya lejar lan anembadani sabarang karsaning raka mila makaten ingkang kacegah manawi kawestanan wanita sember utawi wanita sembrana, dene Raden Suwelacala sampun uninga dhateng semuning garwa yen ragi lepat patraping satriya dibya, ing wusana rereh menggahing karsa sarwi lenggah gya mundhut pucangan lan manembrama dhumateng ingkang garwa.

Punika taksih wonten candhakipun.

Redhaksi amemuti bilih ingkang kasebut ing nginggil dongeng.

Ongka 8 Kemis kaping 24 Pebruwari 1876

BRA MARTANI

Para durjana ing Ngayoja dereng dangu aningalaken kapurunanira awit purun andustha pandhel saking gudhang wadhah sisimpenan ing Pakualaman, punapa kajengipun durjana dene amandung barang kang makaten punika dereng saged andugi gumun teka durjana saged anyolong pandel, mongka korining gudhang kapanggih kinancingan sarta boten wonten labet dipunkagangnir utawi kaparusa.

Dereng dang uwonten kanan keringipun Prambanan Surakarta wonten prahara ageng saingga angleburaken padhusunan, dhusun karahulon celak jamben sakalangkung kaprawasa kathah los sarta ingkang ambruk, taneman tebu ing tanjung tirta tuwin ing Cundhi sewu kathah ingkang lebur.

Serat kabar *Surapringga* awawarti bilih satingkasing jawah kanjeng tuwan besar ingkang wicaksana guprenur jendral karsa tedhak tutuwi dhumateng Surakarta utawi Ngayogyakarta.

Lokomotip anyariyosaken nalika tanggal kaping 27 Januwari wanci pukul satengah nem sonten Kanjeng Raden Adipati Arya Panatayuda bupati ing Barebes sampun dumugi ing jangji atilar dunya kondur ing jaman kalanggengan, dene raden adipati wau 25 taun anggenira jumneng bupati ing Brebes kalulud dening ing akathah bongsa kulit pingul utawi bongsa jawi, kathah ingkang rumaos kaecalan mitra saweneh kecalan pupundhen, raden adipati wau seda boten atilar putra, ananging amengkeraken garwa santana ingkang sami gung sungkawa ing ngajeng dados tatanggelan ingkang lalis, ing mangke wonten pataken sinten yoganipun ingkang badhe gumantos punapa parentah ageng ing Betawi badhe ananemi priyayi monca ing Brebes punapa badhe karsa anengeri labetipun raden adipati ingkang kamuksan nunten amijiya sadhengah turunira ingkang celak bok manawi parentah ageng dereng nguningani menggah santananipun raden adipati kadosta Raden Bei Wirakusuma, Raden Bei Prawirakusuma, Raden Bei Padrakusuma tuwin Raden Yudakusuma sami dados priyayining kanjeng gupremen, 1. dados wadana ing Bumiayu, 2. wadana ing Losari, 3. asisten wadana ing Balapolang, ping 4nipun dados asisten wadana ing Belik.

Kula mrangguli serat tembung Nedrelan suraosipun amratelakaken menggah seseratan ingkang pinanggih ing sela ageng wonten ing Prambanan, seratan wau sarehning seratan Buda dipun jarwakaken ing tembung Jawi dening panjenengan dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan ing Sumenep dirja, selajengipun serat tembung jawi wau dipunsalin ing tembung Nedrelan, lah serat tembung Nedrelan wau saka dugi kula katembungaken jawai malih, ing ngandhap punika suraosipun.

Anenggih duk purwanira ingkang sinitreng sela, tutuwuhan saka kandhaning para sepuh, amaedahi yen den ruruba, manawi dikiwakake, anjalari nuwuhaken dhendhaning wisesa.

Ana dene pangriptaning tulis nalika ing taun 396 ing tri wulane, pinuju dina Jumungah sajeroning jaman pineme, tutulisan iki anggelarake nalar ingkang luhur pisan, iya iku marganing bisa anemahi padhang sarta kamulyan, murih anyumurupi karaharjanning praja, dene tandhane: murah sandhang pangan tuwin anjalari ayem tentreming nagara, supaya anyerambahi marang ingkang mungkul ing dewane, ana dene pamungkul mau rupane: adarbenana tingkah laku nirmala, yen sira anetepi amasthi andadekake parenge, awit sing sapa kang anuwoni kautaman bakal ginanjar swarga kang kaliwat langene, kang sarta liyaning para dewa, sanadyan sang hyang siwalan sang bathara endra, bakal anyinung ing nugraha, ana dene kang alaku culika dhendhane, sipate ing tembe awarna brakasakan srengtata wandane, kang mengkono iku jalma bingung lumuh marang kautaman sarta anuruti hawa napsune, mongka iku mungsuhe gedhe, kabeh dikawruhana ing

ngalam donya murih milih laku sukci, sarta angulukna kaluhuraning dewa mungkula ing bathara kang angrenggani ngalam donya andarbeni swarga lan budi.
Ana dene paran wijawara, kudu sira kurmati awit kalungguhane, iku kang sira puruhitani, nanging kang prelu pisan sira tumungkula ing abathara kang misesani jagad, kang angugeri sarta anyantosani kabeh, iku kang sira adhepaken lan sira ruruba, murih anemahan kamukten salawase sira tumitah ing ngalam donya.
Wasana sira angormatana wong tuwanira, sarta lulupur ira, apadene wuwulange, kang sira temuana titinggalane layang tutulisan, kawit kawentarake ing sanagara, mulane tan kena owah, tan siwah lakuning lulupur ira mau, kang nganggep utama pituturing ngabathara, kang anyucekaken atine tanggap maring sarupaning kautaman.
Kawruhanira luluhur ira mau padha kalilan agem puspita, apa bae kang dadi kuwasane, ora bakal beda karo kuwasanira, kang bisa anyalini karep yayah wateking nata kang amarentah ing ngalam donya, mulane sira aduweya lalakon mengkono, alakuwa utama nurut ujaring tulis, ngupayaha ing kasantosan sarta piranti kang bisa anangkis babaya, tan siwah karo gonira anarekah angeningake banyu umbul, lir mulku kang amarentah ing ngalam donya murih raharjaning kawulane kabeh, aja sira gelem angrengkuh wong kang jebule saka ing gegelenganing ala utawa kang becik, kabeh iku wis melok duwe papan dhewe-dhewe, nalar kang mangkono mau sira kudu ngawruhi, aja sira ambedakake setyaning kawula nira, kang durung terang mungguh kahanane ngabathara, awit bathara wis amaringi panguwasa marang pekenira, tuwin wis amitayakake sajroning jagad kang utama tuwin kang ala, dhasar sang bathara iku kang ngratoni amranata kapenedan murih aja kangrurupa ing juti, sira andarbenana kuwajiban lir bapa kalawan wekane.
Sumongsa ana kawulanira kang duwe laku culika, sira emutna murih amareni, yen bongsa sira surupena endi kang utama utawa kang ala sarana surasaning sarak, lir unining sastra minongka rahayuning manungsa.
Ing praja ngendi-endi kudu ana priyane kang utama kang amranata prakara, wusana ambukuhana nalar telu kayata:

1. angopenana murihana pamulangan kaya kang dadi sesebutaning sastra.
2. Supaya wong cilik aja kongsi kukurangan sarta sawijine kudu angawruhi balabage kang masthi dipulasara.

Kaping 3 aneguhana pangrubanira marang ngabathara lan salawase sira angluhurana tuwin sira abubungaha.
Salawase sira anyandhangana kang patut lan badanira, den resik saurute nganggepa wasesaning sang giri nata, ora-orane sira kongsi anemahi pitunan saka ing liya sira sira bakal kasinungan, kawignyan kang angluhurake ngatasing manungsa, murih anyirnakake durbala, sira dikukuh sajroning kautaman, cecek karo lakuning jalma nirmala, manawa sira arsa angalih papan panggonanira muriha ing sesepen, apatiya raga murih kauningan dening sang ngabathara, ora ana nalar kang ngungkuli utamane kaya janma kang kaconggah angalangi hawa nepsune kang juti, tinelukna marang sedyane kang suci sarta luhung, angundurna mungsuhe kang sedya anuntun marang pihala marmane iku ing tembe anduduhake kawicaksananira, awit sang sri maharaja bakal anurunake wasesane sarta anyuwara.
Amumujiya sang hyang bathara amesthi tumurun atiwikrama murih anyawabi, nuli anyuwuna wawatoning lalakune wong ngaurip murih bisa anuwonana.
Sira aja pegat ngangen-angen awakira kang temen sabab sasirnanira sira bakal mulih, mulane prelu sira gulang lan sira wejanga sasamaran marang kang durung dhenger murih angreksa awak ira dhewe, yen mangkono lalakonira ora bakal luput marang rahayu, yen mangkono panggarap ira amasthi sira bakal andarbeni pangrasa lir amarentah praja yayah kang jumneng ratu sabab saliring pamuji nira kabul kabeh lan ora ana kang bakal anisihi sira, iku pratondha yen manungsa unggul papanne, kasinungan kuwasa lir sima rodra kang angratoni sarupaning buron alas, yen ratu mangkono lakune patut ditetepake anguger praja sarta ora anyingkirake anitahake ratu mau, mendah apa gedhening nugraha sing sapa nungkul marang ratune sarta amilu bela murih angluhurake gustine apadene para padagang kang anglumpukake kasugihan ora ana kang nisihi

marang kang miturut ing parentah awit sang brahma tan karsa andhendha sabab asoca bathara sumerep sadurunge pinapanake, kala becik kang bakal tinemu, sing sapa amangun teki ana ing ngarga iku lakune aja kongsi giris marang isining ngalas gung liwang-liwung, ananging anuwuhana amurih winedenan wawaton pangwasaning kang amanjingi awak ira, aja pegat angulukake puji kang diunjukake sadina-dinane marang ngabyantaraning sang priyayi kang anyuwita ing nagara iku kudu umur kang sedheng, yen sira wis umur seket taun sira kudu anyamar raga sarta amumujiya ing tembe bisa mulih ing kailangan lir babayi, rungokna sarta waspadakna kahanane ing dunya sabab ora ana kng madhani wekasaning urip, yen sira wis putus ing kawruh iku sira bakal anegesi kautamaning nyawanira lan awak ira, mulane sasedya panuwunira ora bakal luput lan manawa sira tumekeng jangji amasthi alon lan mayar sirnane.

Wondene tetengere kawistara yen si nyawa angupaya dadalan liyane lah iku menyang ing ngendi puruge, yen ora nitis ing bongsa luhur ya nitis marang manungsa kang nistha utawa menyang kewan lan manuk, yen nitis ing bongsa luhur swarga panggonane manggon ing kamukten, yaiku ingaranan patamanan kang endah rupane, yen nitis ing janma nistha duraka panggonane, ananging padha kena angarep-arep pangapuraning dewa, yen ing manjing sato kewan lah iku ora kena diapura sanadyan ana waktune diparingi apura iya kewan mau bakal binukti ing janma kongsi tuntum dadi siji, mulane aja sira angrasula yen kailangan sanak sadulur kang utama kalakuwane sabab iku kang nyampurnakake pidosanira.

Yen sira ing suci mongka sira sedya menyang panggonan reged, iku anjalari abethetake anyeme nyawanira, yen dinangu sapa kang andarbeni ati ayem iya iku katemu ana ing panggonane kang mungkul marang ngabathara, sing sapa duwe laku resik amasthi kadugen sedyane, nanging sing sapa lakune angiwa ayengan lan doyan nendra sarta yen tuwuk nuli amanggon ing wanita iku bakal tan bisa amujadah sanggama, tan nedya amumuji ing bathara, mulan eing jaman akhir sira bakal anemoni titimbangan karo lalakonira ing ngalam donya sarta mesthi anjalari sungkawanira.

Wasana sira anetepana surasaning kang winulang bakal anyirnakake hawa nepsu kang reged ngatasing sasama kang sarta ora bakal anggempalake ayem tentreme padha manungsa, aja sira wedi marang kang sugih sarta aja anyenyampahi wong miskin, aja sira angluhurake wong sugih iku karsane ngabathara sabab sugih miskin kabeh sakarsaning dewa, wis diperang enggone anitahake.

He..mulane sira kabeh kang anetepi sarak yen jumneng ratu kalipah Allah sira kudu angawruhi lalakone kawulanira, mengkono karsaning ngabathara kang mengkoni pati urip.

o..manungsa sira iku kewan padhane, nanging kang sinungan pangreti murih kasonggah anguger kabeh kang kumelip ana ing donya malah uga kang ana sajeroning samudra, sanadyan ratuning dina maksa ora bisa angungkuli janma, mangkono dhawuh timbalane ngabathara.

Sawiji-wijining priya wis pinapanake amarentah wadone, nanging lumrah priya asring kagunturan panggelthuke pawestri, mongka wis tinakdir ing dewa yen wanita mangkono ora kasinungan nalar patitis sedyane mung bisaha anekem jalune wasis angiketi hawa nepsune murih anungkulake lanange, timbange wanita astha wegig iku lagi padha karo priya sajuga samono uga ana kang jumneng narendra kayata Sri Citrawati, Sintadewi, Sangkawati Drupadi.

Ing kuna-kuna palamane prabudi dharajaga, tirtajaga, kartajaga lan sanggara tansah apaparengan gedhe lan akeh para nata nemu dhendhaning dewa kongsi dicipta dadi ula gedhe utawa dipongga awit ratu mau ora miturut wawalering bathara, mulane sanadyan gajah asring andhisiki maju ing palagan endi kang tinempuh ora ana siji kang dhenger sasmitane, mangkono uga lalakone priya kang wis pinasthekake ing ngalam donya, yen miturut pangrintihe wanita sarta kasengsem ora anecegi lakuning ratu utama kudu sareh sabarang gawe yayah kang amara tapa ing arga angluwurake kang murbeng jagad winedenan dening sarpa, awit dhenger yen sira panguncang ing dewa sang brahmana tansah miling-miling ajejengkungi marang sira, ananging sira tan angawruhi pati uripira.

Ana uga kang lumaris ing arga endra murih amati raga sedyane bisaha anyuwita ratune, yen durung anglakoni kang mangkono surasane wis langkah yen anduwenana panuwun marang

gustine, wasana yen tan tinurutan nepsu beda karo kang anetepi kuwajibane kang sarta tinurutan panyuwune timbang karo lalabuhane.
Yen sira anguncang sukmanira rinaketake sang ngabathara iku pangrubanira marang kang wasesa lir urubing latu agaran, yen sadhengah padha mangkono lakune anabereni murih rahayu bakal anemoni apa kang pinuji.
Lah punika saseratan ing sela kang pinanggih, panjangipun sela 6 kaki, inggilipun 5 kaki, sarehning aksaranipun alit-alit kang mongka kathah aksara satunggal anegesi satembung mila pantes yen seratan sapapan kathah wuwulang rehipun.

Kula angaturaken pepethikan saking buk Nedrelan amratelakaken taun nalika wonten lalampahan ageng kapendhet saking etangan condra sangkala, bok manawi amaedahi awit kula manah kathah ingkang dereng anyumerepi.
Taun jawi
1 praptanipun sang Ajisaka ing tanah Jawi.
10 nusa jawi malih kapesan neswarnni.
10 adeging Nusatembini, Nusabarong lan Baweyan.
33 dadosipun Ardi Muriya.
39 dadosipun Ardi Tegal.
40 dadosipun Ardi Brama.
40 dadosipun Ardi Semeru.
70 dadosipun Ardi Sumbing.
70 dadosipun Ardi Ala-ala.
94 dadosipun Ardi Lawu.
118 dadosipun Ardi Bengkok.
131 dadosipun Ardi ing sisih kidul.
141 dadosipun Ardi Wilis.
175 dadosipun Ardi Pendhem.
193 dadosipun Ardi Prawata.
193 dadosipun Ardi Ajuna.
195 dadosipun Ardi Igel.
211 adegipun candhi maling.
297 ananemi jagung saking Turki ing tanah Jawi.
308 dadosipun Ardi Merapi.
343 dadosipun Ardi Anyer.
551 adegipun kraton Singasari.
752 sedanipun nyai Sukawati.
808 kobongipun candhi-candhi redi pasir.
924 panggaraping pura ing pareden sisih kilen, kacariyos ing kina pulo Sumantrah, Jawi, Bali, Lombok lan Sembawa misih kumpul salajengipun sempal dados 9, manawi sampun rendheng ping 3 ewu kumpul malih.
1018 pandamelipun candhi Sewu bongsa sabrang ngajawi ambrastha nagari.
1055 timbulipun talaga pasir bawah Toyamas.
1067 timbulipun randhu kuning ing Toyamas.
1114 sempalipun tanah Jawi kaliyan Palembang.
1164 katingalipun pulo mengare sainggiling saganten ing Surapringgga.
1204 sempalipun Bali kaliyan tanah Jawi.
1217 adeging pagunungan.
1218 panggarapipun masjid ing Kalibening wonten sarpa gung ambrastha bumi.
1280 sempalipun sela parang kaliyan Sembawa.
1300 pandamelipun pasantren ing Salatiga, para janma kathah murca.
1300 risakipun kraton Pajajaran, manusa sirna kautamenipun.

1300 pandameling pasantren ing Salatiga.
1301 adeging kraton Majalengka, ngatingalipun sela ingkang anyuwara.
1308 padameling blumbangan ing Pengging, Ambahrawa.
1340 bedhahing kraton Majalengka.
1400 adeging kraton Demak.
1419 adeging kraton gegelang.
1420 adeging masjid Demak.
1421 adeging kraton Surabaya.
1432 palamaning keniten.
1433 palamaning pra bupati.
1440 sedanipun kayub bralit.
1441 praja Kajoran kinepang.
1442 sedaning pangeran titiga.
1448 bedhahing Kedhiri dening Sunan Ngalaga.
1449 bedhahing Tubin.
1450 bedhahing Wirasari.
1451 bedhahing gegelang.
1452 bedhahing Mendhangkungan
1454 adeging Surabaya dipunewahi.
1455 bedhahing Pasuruwan.
1462 bedhahing Panarukan.
1464 kengseripun anakira bupati Lamongan, Blitar lan Wirasaba.
1465 bedhahing Pananggungan.
1466 bedhahing Pamenang.
1467 bedhahing Singa.
1468 bedhahing Balambangan Banyuwangi.
1469 bedhahing sarta patununning praja Sengara sapanunggilanipun ing Blambangan.
1470 praptaning Pangeran Giri ing Kedhiri.
1472 panalesipun patamanan ing pungkuran sangandhaping ardi.
1473 patununing kraton Daha sarta murcaning Pangeran Prawata.
1475 perang ing Surwi.
1475 kyahi Wirasama mangkat dhateng Jipang.
1478 bedhahing Blora.
1478 bedhahing Madura.
1479 murcaning adipati Kedhiri sagarwanira sasampuning agama Islam.
1500 bedhahing Katujan, Wirasaba, Pranaraga.
1202 kawitipun wonten bak lan sabengat.
1503 adeging kraton Pajang.
1504 sedanipun Sunan Prawata.
1506 lindhu ageng.
1509 risaking kraton Pajang.
1510 Risaking kraton Demak, para tiyang sami ngili ngambang.
1513 tiyang ing Jipang sasampuning bedhah kali dhadhung dipunkunjara.
1515 panggarapipun pura pingul ing Matarap.
1517 perangipun senapati ing Jathasari.
1521 kraton ing Kreta kabesmen dipunpindhah dhateng Lipura.
1521 praptanipun panembahan Crebon ing Mataram.
1522 Adipati Puger putranipun Panembahan Senapati dhateng Demak ing ngriku jumneng nata.
1525 kraton Demak dipunkepang dening Sunan Krapyak lajeng bedhah.
1525 perang ngalih dhateng Gresik, wasana Sunan Krapyak seda ing Metaram.

1526 perangipun Kaliranan.
1531 praptanipun kyahi Ageng Pamanahan ing Mataram, kathah pangageng dipunwisani.
1532 Praptanipun sultan Pajang ing Giri, punggawa titiga dipunjunjung dados bupati.
1532 sedanipun Adipati Martalaya.
1535 sedanipun kyahi ageng Mataram, panggeraning para punggawa dipungempal.
1536 Pangluruging Sultan Kerta dhateng Malang.
1539 kraton Pajang dipuperang.
1540 Panembahan Senapati sabedhahing Pajang angratoni namung sataun lajeng perang Tubin, dadamel perang sami larut dening banjir.
1541 Jaman singa padu.
1543 praptanipun Panembahan Senapati saking Madiyun, bupati nayaka sakawan kapatah anata bumi.
1545 perangipun ing Madura.
1546 Jumnengipun Panembahan Senapati dados sultan Mataram.
1547 Panembahan Senapati tedhak mangetan uliya sakawan ingkang mranata prakawis.
1547 ing Mataram wonten wewalak ageng sarta adeging kraton Mataram.
1549 adeging beteng Bacingah, konten sekawan dipungepuk dening ratu.
1552 perang ing Pathi, adeging beteng Mataram.
1553 Sedanipun Panembahan Senapati dipungentosi ingkang putra saha manjing ing sarengat nabi nuwuhaken raharja.
1553 perang Betawi.
1555 panataning alam sarta perang Betawi ping kalihipun.
1557 Pangeran Puger mindhah saking Demak dhateng Kudus, para wali marentah nagari.
1560 Pangaran Danalaraga nepsu sarta katundhung saking Mataram.
1560 tiyang bang wetan dhateng Mataram saki kakarsakaken gugur tunung.
1561 Bedhahipun Balambangan, telukipun raden kembar.
1562 Kanjeng sultan pindhah dhateng Tembayat, lumbung ageng Gadhing kabesmen.
1564 perang Cirebon, praptaning bongsa kulit pingul sakawit ing Mataram.
1565 bramantyaning sang ratu dhateng bupati Palembang, wadya Banjirmasing sowan ing Mataram.
1565 sinuwun Krapyak seda dipungentosi kang putra, pangger-panggeran dipunlemesaken.
1566 Wewelak kaping kalih ing Mataram, pandameling gongsa ageng anama Kyahi Guntur Geni.
1568 kraton Wirasaba kaperang, sultan adi dhateng Mataram.
1568 sedanipun Sultan Kerta.
1569 Sultan Adi nglurug dhateng Mataram, perang ing dhusun Paselan, mundhuti pajeg dhateng para lurah dhusun, peperangipun lamsem pangyasanipun dipunsantosani.
1569 pangluruging konca Mataram dhateng Belambangan sarta ing Bali nunten katungkulaken.
1569 tanah Pathi kaperang, para guru saking karsaning ratu murca.
1571 Pangeran Mandura dipunsedani ing lepen tangi.
1571 pandameling masjid sarta kramanipun sultan kaliyan putri kraton, tiyang kalang kesah dhateng celaking Bengawan Sala.
1572 adeging kraton Pleret, ingkang sinuhun kasesem dhateng para kalaran para punggawa sapanunggilanipun kalilan sesemah kalih.
1573 Papatih Cirebon sowan ingkang sinuhun ambekta pasungsung gajah, dhatengipun papatih ing Jambi ngaturi uninga sedanipun sultan Jambi, utusaning bongsa kulitpingul ing Mataram sarta bekta pasungsung mriyem ageng kawan iji.
1574 Utusan bongsa kulit pingul kaping kalihipun.
1575 Balabur ageng, lintang kumukus ngatingal.
1576 Telukipun tiyang Sokadana ing Borneyo.
1577 Telukipun nagri Siyem, kumpni ngaturi titiyan wajik ageng.

1578 Sedanipun sultan agung dipungentosi putra kakung, angger-anggeran persasad tanpa daya.
1579 Sedanipun bupati Malang.
1580 Wonten gajah dipunpejahi.
1582 pajengipun arta nama picis.
1591 sedanipun Pangeran Slarong.
1592 Ingkang sinuhun adhedhawah dhateng Pangeran Purbaya andikakaken anyedani Wiramenggala.
1592 pajeblugipun gedhong obat saingga amejahi sekil wak.
1592 bongsa Nedrelan atur turongga kakalih endah warninipun.
1594 pangluwatipun layonira Raden Dhobras.
1594 redi-redi sami murub.
1595 dhatengipun bongsa Bugis ing Demong, Mataram kumpul kaliyan monca nagari sarta urut gisik.
1596 unduring wadya bala Madura, Gresik lan Sumenep ambangkang dhateng Mataram nunten perangipun Tarunajaya.
1599 Pangeran Purbaya seda, perang asilih-ukih.
1600 Kraton Mataram dipunsempal-sempal dening Trunajaya, para tiyang lemes dayanipun.
1600 para tiyang pasisir saeka kapti lajeng anglebur kraton Mataram, ingkang sinuhun los saking kadhaton sagarwa putra santana, nanging kadhaton dipunbesmi, lajeng seda ing Tegalwangi, ingkang putra sinuhun Mangkurat ingkang gumantos.
1601 sinuhun Mangkurat jumneng ing Tegal, ing ngawang-awang katingal kathah tiyang dipuntegesi yen badhe wonten perang.
1601 prabu Trunajaya teluk, praja Kadhiri kaperang.
1602 sinuhun Mangkurat tedhak dhateng Kedhiri miyos Japara mundhut bantu kumpni murih angremuk Trunajaya.

Cariyos nginggil punika taksih wonten candhakipun.

Kula midhanget kabar radinan ageng ingkang sisih kidul anjok dhateng Kartasura, sajawining nagari wonten sasebutan karan ing kathah ara-ara sipendhung, jamaning kina kacariyos kathah tiyang kapenthung wonten ing ngriku sapunika mubal malih, kathah tiyang ingkang kasusahan langkung ing ngriku, kadosta tiyang gendhong karebat purun, tiyang babektan kasendhal wani, dalah kantong wonten salebeting kemben meksa dipungoh-gohi, tiyang bekta sabet kacangking ugi kenging kasebrot, meh saben dinten kemawon boten ngemungaken dalu sanadyan siyang bedhug theng-theng kathah tiyang katiwasan babektanipun, tiyangipun awon saben-saben ambles dhateng tebon ingkang wonten sakiwa tengening margi, sking bab makaten punika kados pundi dene reresah ngantos andrawasi boten kasirnakaken. Gumun.

Wanngsulan tumanduk mitra kula Pak Bangun

Saklangkung andadosaken suka senenging manah kula dene mitra kula pak Bangun karsa nyaruwe dhateng badan kula ajalaran bab anggenipun mitegesaken sinten ing kinanipun ingkang nganggita sekar ageng, tengahan tuwin macapat, sabab saking punika ki sanak sampun pisan-pisan andadosaken cuwa rengating panggalih sarehning kula dereng mrangguli wawatonipun ingkang matitis dados kula boten saged angaturaken panjarwanipun.

Ananging manawi panjenengan sampeyan ngarsakaken namung cariyos runyah-runyah kemawon, kula badhe ngaturaken supados anjalarana badhe patitisipun ing tembe, makaten cariyosipun.

Nalika swargi dalem gusti kula Kanjeng Panembahan Amangkurat ing Ngayugyakarta punika sring-sring ngandikaaken wontenipun sekar ageng.

Mula bukanipun ingkang nganggit prabu Windhayaka ing Medhang kamulyan kala taksih anama Raden Aji Kusuma, makaten gancaripun.

Nalika jamanipun ratu ing Giling wesi punika kadhatengan parang muka ratu danawa anama raja Girisa putranipun kawan dasa kalih jaler sadaya, patutanipun saking ingkang prameswari dewi Sokarini, sareng raja Girisa sampun dumugi ing nagari Giling wesi lajeng kapethukaken ing prang, dene ingkang putra ratu Giling wesi wau inggih punika Raden Ajikusuma, ing ngriku sasirnanira raja Girisa tuwin garwa dewi Sokarini para putra lajeng smai misah ing ngayuda majeng piyambak-piyambak, sinten ingkang majeng ing yuda dipuntakeni namanipun, para putra kawan dasa kalih dalah yayah rena sami mameca nama sajati, lah punika Raden Aji Kusuma nyathet ing wardaya, sasirnanipun raja Girisa sagarwa putra sadaya lajeng dipunanggit dados sekar ageng punika, wondene sekar tengahan koyub dhateng sekar ageng, bab sekar macapat kula dereng angsal saserepan.

Ingkang punika menggahing leresipun kula nyumanggakaken ing panjenengan sampeyan.

Kalih dene malih pandangu sampeyan bab tembung *sewaya* punika manawi wawaton kula *sewaya* wardenipun tulisan *siwaya*, *putu* sareng sewaya ingkang kadunungan sandhangan swara *sa* murdanya punika kula dereng mudheng.

Wasana punapa saesthining dalem manah sampun kula prasajakaken mungging *Bra Martani* sadaya, kula sumongga. Jaya Premana.

Punika candhakipun cariyos Brahmana Randhi kaliyan Raden Suwelacala

Yata kawuwus lampahing wadya bala reksasa saking menganjuri ing prang, wataking reksasa tan mawi saronta, sareng katingal mengsah anggabag ingkang sampun rakit sagegamaning prang lajeng gumulung misah saha masinga nabda, pangiriting lampah detya Rendhuma lan detya Rendhumeya, dene detya Rendhuma anggenira dhateng wadya reksasa mawi medalaken prabawa amindha syaraning gelap angampar, sanalika mengsah ing mendhang kamulyan ingkang munggeng ngarsa kapileng ing syara rebah abilulungan, dene wadya reksasa lajeng kasapih kaunduraken kapurih anggantosana parentah lajeng kadhawahan tata pacak baris saha rakit pasanggrahan, sasampuning dadya lajeng kumpul amasanggrahan kang para raja sedaya.

Dene mengsah ing mendhang kamulyan sareng sampun tentrem anggenira bilulungan lajeng smai animbangi tata pesanggrahan, prabu Saraba lenggah lan kyana patih tuwin para punggawa sadaya sumewa, kang kapareg munggeng ngarsa sang Carmatosan, prabu Saraba angandika dhateng Carmatosan, eh paran budinira Carma dene kabar mungsuh ingkang andarbeni kanthi bala bacingah siji warna siluman ingkang iku musthi manungsa susah mungguh paguting prang, pun Carmatosan gya mangsuli, pukulun kula saged angupadosaken tandhing kang sami bangsanipun, anaming wontena nawala saking jeng paduka, kawula ingkang anglampahi minta sraya menggah bongsa siluman kula minta sraya dhateng raja kalasegli ing wana Madiyun, dene raksasa kula minta sraya dhateng raja gargayeksa raja denawa ing wona Pasuruhan, yata raja Saraba amiharsa sekalangkung suka lajeng linaksanan adamel nawala katampen pun Carmatosan.

Nunten pun Carmatosan pamit mesat lampah kras kadya napak gagana, sanalika sakedhap pun Carmatosan saged amanggihi dhateng raja kekalih kang dipunminta sraya wau saha lampahipun angsal damel saking pun Carmatosan, Surasekti luwes manising tembung, prabu kekalih tan antara lajeng abudhalaken wadya bala sarta sagelar sapapan, lampahipun siluman lan reksasa sedaya napak gegana, pun Carmatosan datan kantun saged tumut napak gegana tan kawuwus menggah ing margi laju dhateng pasanggrahan panggih lan prabu Saraba sami suka parisuka angraos yen badhe kenging kabeskup trah prabu Kusumawicitra ing Pengging, anunten angrembag samudana anonjok serat tunggul panantang ing prang.

Ing sasampuning dados serat tugul panantang kang dhateng Raden Suwelacala nunten kalampahaken dhateng punggawa kekalih kapilin gingkang prayogi, sasampuning serat panantang kaleksanan katampen dening prabu Pandayanata lajeng kawangsulana saestu yen dados aprang, ri sampunya utusan wangsul angaturaken wangsulan lajeng ubanggi enjing pagut ing aprang sabiyantu, nalika dalu mengsah tuwin rowang sami mabujana adamel sukaning wadya gung alit ngiras paguneman badhe rakit gelar-gelar utawi pamatahing para titindhih samudayanipun.

Sareng ing wanci bangun enjing mungel sakathahing tengara kang awarni bendhe, gong, gubar saloprek kang maewu-ewu, wedaling wadya bala mengsah utawi rowang kadya ernawa nedheng ing banjir lan syaraning wahana pangriking turongga liman tuwin panggroning reksasa kang ambirama singanapda kadya ruhara magentaran, dene menggah rakiting aprang ingkang dhadha sakathahing wadya manungsa wadya reksasa kapatah munggeng panjawat tengen wadya reksasa munggeng panjawat kering, lajeng mengsah ugi animbangi reksasa ajeng-ajengan sami reksasa, manungsa sami manungsa, siluman sami siluman, ing sasampuning sami rakit lajeng katengran sareng pagut ing aprang prajurit sami surama wantah mamrep nanduken sagung warastra saha surak mawanti-wanti lir karengeng ing ontariksa, ramening prang surung sinurung rok ruket tanpa linggaran tan ketang ing papejah.

Kacariyos menggah prang punika boten wonten wadya ingkang kenging mundur dening katindhihan para punggawa kang sampun kawangsit ing karsa nata sekaliyan kinen mahambek lalis sabab prabu Saraba ing medhang kamulyan anggadhahi cipta sumeja ambawah dhumateng trah prabu Kusumawicitra ing Pengging, dene prabu Pandayanata ugi sampun uninga dhumateng karsanipun prabu Saraba, pramila punggawa ing Pengging ugi kawangsit mahambek pejah, sareng pranging wadya alit sampun kathah kasupen menggahing gelar awit riwut kasesegaken saking para titindhih, ing wusana prang ruket kuwel lintu papan, wahu rekyana patih Tambakbaya papatih ing Pengging sareng aningali yen wadya kathah pejah agya sang mantri wisesa adamel surat kakalih, satunggal serat katur ing prabu Pandayanata satunggal serat dhumateng prabu Saraba, suraosing serat atembung anedha ubanggi prang tandhing sabab rumeksa dhateng karisakanipun wadya alit, sareng sampun dados anggenipun damel serat menggah lampahipun kapatrap munggeng jemparing, patih Tambakbaya kawical wasis menawi anglepasaken jemparing nunten kaleksanan serat lumepas dhateng prabu sekaliyan.

Punika taksih wonten candhakipun.

Ongka 9 Kemis kaping 2 Maret 1876
BRA MARTANI

Ngandhakaken candhi Lara Jonggrang amethik saking buk tembung Nedrelan

Saelering dhusun Prambanan tigang atus tindak saking margi ageng wonten candhi anama candhi Lara Jonggrang, katingal sampun sasad silem salebeting rerengkedan, kathah ingkang sami kawon dening dayaning ngalam, bok manawi ugi ing kina dipunreresah dening panutan Islam, saweneh wonten ingkang ambruk saengga meh boten saged dipunperang-perang, sedaya iji ingkang boten patos risak kajejer tigang larik saking kidul mangaler, ing ngajeng kados wonten candhi 20 iji kathaipun, nanging rehning kathah ingkang nasabi dados boten saged anamtokaken, emperipun candhi wau wangunira pasagi wiyaripun 20 dugi 25 kaki, panjang sami ugi, inggilipun boten saged andugi, wonten ingkang taksih ngadeg inggilipun 90 kaki, sadaya mawi dipundekeki legokan ing tembokira sakalangkung endah pandamelipun, samanten ugi sakanipun sami urut panggarapipun mawi kaukir kapetha sasekaran saingga saged amarnekaken gugubahan sarta lulungan utawi ingkang angrimpyong-ngrimpyong, malah lunglungan satunggal-satunggal dipundekeki paksi nori angablak lar ira, ugi ukir-ukiran sela, palataraning candhi sakalangkung jeblog, meh kemawon kula kajungrup ing luwangan tujunipun kaelikaken dening konca kula.

Ing salebeting candhi ingkang ageng pyambak panggenanipun embok Lara Jonggrang, punika dalasan samangke taksih dipundamel pupundhen, manawi dipunraos-raos sarta tinimbang-timbang partima wau saestu yen recaning dewi Parwati kaenthe Durga amratandhani baunira wolu punika sangsaya angencengi panginten, mila kula kedah anyariyosaken kandhaning sang Parwati.

Wondene dewi Parwati wau amralambangi kawontenaning kodratolah punika awarni-warni tatiga murih saged dhaup kaliyan putranipun titiga Brahma, Wisnu, lan Siwah, sareng panggih kaliyan Siwah lajeng ngagem nama dewi Parwati, bilih atiwikrama sang Parwati dados bathari Durga ngagem warastra amejahi sang maesa ratuning sipat awon ngatingal yayah maesa andanu sakalangkung anggigirisi sarta anguya-uya para dewa ngantos angengseraken bathara endra kang lepat ing pejah tuwin sawadyanipun sadaya.

Sareng sang maesa sampun angawonaken kaendran sarta amendhet cupu kang isi toya gesang lajeng para dewi dipungarap sawiyah-wiyah anjalari sang brahmana amurinani lajeng sami kairid dhateng sang Wisnu tuwin dhateng sang Siwah ingkang pinuju kabesturon, sareng wungu tuwin aningali nisthanira sang endra sawadyanipun sang Harimurti lan sang waha wungu atiwikrama angedalaken saking lathi sarta saking lathining para dewa ingkang luhung, agni murub lajeng anyipta wanudya sakalangkung ayu endah anama Durga, baunira sadasa lan dipunpasrahi sawarnining lalandhep ingkang ampuh lajeng amapagaken sang maesa dipunpejahi anjalari tata tentreming kadewan lajeng sang Durga kaparingan ganjaran jemparing saking Hyang Wisnu, saking bathara Siwah anampeni jemparing tri jatha, saking bathara Baruna anampeni singat samudra, saking bathara agni anampeni cakra, saking bathara bay ukaparingan gandhewa, saking hyang surya anampeni bumbung isi jemparing, saking hyang Yama kaparingan panjalin, saking bathara Brahma anampeni tesbeh, saking hyang Endra kaparingan untu gelap, saking bathara Kuwera anampeni gada, saking bathara Wisyakarma wadung sekti, saking bathara samudra anampeni warni sela apangaos tuwin dadamel kinarya ambedhah mengsah, saking snag lintang anampeni kalung mutiyara, saking arga Himalaya anampeni singa rodra, saking hyang Hananta anampeni singsim kapetha sarpa nglekre, liya-liyaning dewa inggih masiyati dadamel kanggo ing palagan.

Tatedhakan saking serat kabar *Dhe Porsten Landhen*

Serat kabar *Dhe Lokomotif* atampi kabar saking tanah wetan amratelakaken lalampahaning durjana begal ingkang ambek sudarma kadosta: wonten cina ingkang mantukipun saking kakesahan wonten ing margi kaandheg ing durjana begal, tiyang nenem sami amirantos ing dadamelipun, cina wau ambekta yatra warni wang kertas kathahipun 1400 rupiyah dipunendomi

wonten ing lapising kulambi, sambatipun pun cina dhateng pun durjana asanget-sanget mugi sampun ngantos dipunpejahi, ing sajatosipun piyambakipun tiyang malarat sampun sakawan dinten dereng kalebetan sekul, wah sangunipun namung gangsal sen sampun telas mongka maksa tega dhateng badanipun inggih badhe lajeng cucul sandhanganipun kasumanggakaken sarta sanalika amratelakaken dhateng para durjana bilih anyerantosna para durjana badhe angsal-angsalan ingkang anuwuki sanget awit sanesing dinten badhe wonten kancanipun lumampah badhe ambekta sang ukathah, sanadyan cariyosipun cina sadaya dora durjana lajeng sami anganggep, temahan bonggolipun welas dhateng piyambakipun kaparingan sangu sarta kalilan andugekaken lampahipun, wah supados wilujeng mawi kairid ing kancanipun urut margi dumugi watesing tanah Madiyun, pintenta begjanipun pun cina dumugi griya sanes dinten lajeng anglujengaken telas 200 rupiyah.

Tanah Londhen atampi kabar bilih ing pelikan tanah kap amanggih inten wawrat 300 karat sarta satunggal malih wawrat 103 karat, ingkang sampun kasade pajeng 3350 ponseterling, satunggal ponseterling aregi 12 rupiyah.

Wonten kabar saking Surabaya amratelakaken bilih kanjeng tuwan ingkang wicaksana benjing mongsa katiga badhe tindakan amertamu dhateng karaton kakalih.

Punika anyariyosaken kedhik bab sarengat Buda

Bab Buda utawi agamanipun ngatasing bongsa cina ingkang dipunpitados ing ngandhap punika pratelanipun.

Ingkang analesi igama Buda ing kina jujuluk sakya muki buda petanganipun bongsa cina sang Buda wau lairipun ing praja Mahada bawah Indhustan ing sisih kidul nalika taun 1027 saderengipun Nabi Ngisa tumedhak, sang Sakya Muni titisipun bathara Wisnu kang kaping 9 ingkang dipungulang anglampahaken kawicaksanan murih nyingkiraken sesakit utawi lepata sepuh utawi pati, ing dalem 16 taun sang dwi jara waha nganyut napsu saingga sirna ing raos, taun 948 saderengipun gusti Nabi Isa tumedhak sang Sakya Muni musna kadi silem ing jagad, sareng ing taun 66 sasampuning palamaning gusti Isa, prabu cina jujuluk Mingti utusan angumpulaken para ulya sarta sarupining serat Buda saking Ngindi, dene serat wau suraosipun anggugulang sirnaning sarira sarta amenging mejahi sinten-sintena ingkang kadunungan gesang tuwin pamalihing rupa tuwin ilmu panitisan sarta ganjaraning lalampahan kang prautami utawi ingkang juti.

Ing nagari Cina samangke kathah candhi Buda pinten-pinten santri ingkang kumebut sami anyirnakaken gendeng cenenging sadherek sarta wahdad (ijen), ngaramaken daging, sami cukur sarta ngengemis, bongsa Cina sami gadhah reca Buda tigang iji kadi Trimurti amralambangi jaman kang sampun kapengker ing samangke utawi kang dereng kalampahan, reca tiga wau warninipun muda, rema amrenthel, mawi alenggah satunggal kang amangku jagad satunggal malih anyepengi kedur mulya, kang satunggal malih dariji panuduh kaathungaken manginggil, satunggal-tunggal bongsa Cina gadhah reca, wondene ingkang kalampahaken tembung santrika mongka ingkang ngimani boten pisan mangertos.

Swarganing Buda warni mas kraton tuwin patamanan pandamelipun mawi sosotya di, kathah isining kakajengan mawi peksi ingkang sakeca swaranipun, dewa ingkang agung pisan anama Olohan tuwin dewaning kamurahan, dewa tengahan sarta para musanif, manggon ing ngriku boten isi wanudya sabab sami dipunalih warni priya.

Ingkang sami sarengat Buda saged katampen ing swarga wau manawi saged anyebut tembung: O metofuh mawi gegemboran ngantos kalemper punika ganjaranipun swarga, dene ingkang saged anembutaken nama wau ngantos kaping 200.000 punika sampun masthi rumaos kadunungan kawicaksananipun sang Buda, ingkang saged nglairaken nama wau ngantos kaping 300.000 punika badhe katurunan dewa kang winastanan Omato.

Ingkang sampun ajal dipunsidhekahi sarana ambesmi kartas parada kawastanan saged angujudi warni yatra prabot sarira utawi prabot wisma tuwin pirantos liya tuwin amangujudi laskar punapa dene malih sidhekah mawi panganan kathah para santri ingkang anyegah bukti ngantos kera sanget anampeni paparinging dewa, nanging para ingkang panutan kongfu boten purun kukumpulan kaliyan ingkang lampah makaten.

Kamayaran nanging kanggep paseselaning *Bra Martani*

Manawi tiyang badhe amulang murih angraosna reja utawi kamayaran boten wonten malih rekanipun kajawi ingkang badhe dipunwulang wau kasukanana ngicipi raosing reja lan kamayaran wau.

Wonten swarjana amastani makaten: pamulanganipun kamayaran iku tan liya namung kamayaran uga tegesipun sanadyan dipunwulanga menggah raosing kamayaran manawi pancen boten wonten kamayaran kados pundi genipun saged semerep raosing kamayaran.

Mila sarehning tanah dereng wonten kamayaranipun rembag kula prayogi sampun dipunaru biru murih sampun ngantos isining tiyang angrentengaken rapet-rapetaning kekancan ingkang pancen kinarya pusaraning mimitran.

Oyatalah yen saweg kabar pekenan kemawon bok sampun grusa-grusu macak kabar munggeng ing pustaka *Bra Martani*, kadosta kula sampun maos pustaka *Bra Martani* ongka 6 wonten ingkang macak kabar wontening ngriku asesilih nama Pak Dahwen, suraosipun yen pandhelipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Litnan Kolonel Komandhan Surya Sasraningrat ical kapendhet ing durjana kang anyalawadi mongka pandhel wau boten kaserepaken yen pandhel jene punapa pandhel bandera ingkang asring dipundamel baris padintenan.

Saking prakawis punika ing Pakualaman inggih yektos wonten pandhel ical anamung pandhel bandera ingkang asring kadamel baris padintenan yasanipun kanjeng gusti piyambak malah bandera wau kasukanan waos, ing wusana namung elet sadalu waosipun bandera wau lajeng kapanggih, kapanggihipun inggih anyalawadi sumelap wonten ing gedhong danawara, wondene bandera kaliyan dhandhanipun ngantos sapunika dereng pinanggih.

Ingkang punika pramila kula ing sasaged-saged kedah kedah nyerepaken menggah warnining pandhel bok manawi wonten priyayi ingkang salang serep ing pandhakwanipun.

Katandhan siswa sakolah pun Saliya.

Panjurung bab kasangsaran

Ing gredhu siti abrit bawah kapulisen Kartasura, nalika dinten Salasa dalu malem tanggal kaping 20 ingkang mentas kapengker punika sakinten wanci jam ½ 3 ngungalaken gundhala, perlu kula lajeng ningali sareng dhateng ing ngriku adhenipun ingkang gadhah griya sampun katingal jepapang labetipun namung satunggil gulu butul antawis gurungipun pedhot nalaripun makaten: ing gerdhu wau meh saben dalu katuwenan durjana pandung, ananging kerep kapregok lajeng mlajeng, sareng ing wektu dalu wau sumedya dipuncegat ijen sarta bekta dadamel arit, botenantawis dangu sang durjana lajeng dipunsapa sauripun sugal, boten saronta lajeng dipunancap purun, sang durjana prayitna lajeng campuh asilih ukih saking watawis sang durjana menang corok dadamelipun katondha merjaya rumiyin, sareng ingkang gadhah griya ambruk kapisanan sang durjana lajeng oncat sanalika sang durjana wilujeng, kilap ing tembe dene ingkang gadhah griya lestantun badhe dipunlujengi mila kaurmatan kaliyan ungelipun gundhala ingkang angganter.

Sinerat tanggal kaping 23 Mukaram warsa Jimakir sinengkalan bayu sirna ngesthi pratiwi. Cakrawongsa.

Punika candhakipun cariyos pepethikan saking buk tembung Nedrelan
nalika wonten lalampahan ageng kapendhet saking etangan condra sengkala

1602 kraton Kedhiri kacakup, Trunajaya teluk.
1603 adeging kraton Kartasura, kawanteran katingal ing pundi-pundi.
1603 Prabu trunajaya dipunsedani, ingkang sinuhun tedhak dhateng Pajang lajeng angrenggani kraton Kartasura, Kanjeng Pangeran puger ambangkang dhateng ratu.
1604 Pangeran Puger nungkul
1604 raja Nimrud ing Salinga ambangkang, kraton katunu.
1605 praptanipun utusan saking Johor sarta Palembang dhateng Kretasura sarta ambekta atur-atur gajah.
1607 palamanipun Madakusuma.
1608 perangipun Surapati kaliyan kumendur Tak, Surapati apala cidra komuk kawanteranira.
1608 supitipun Pangeran Dipati, amirantos badhe bujeng kewan ing Kartasura.
1609 Telukipun konca redi bang kidul, panembahan rama murca saking biting Palembang.
1609 sedanipun kumendur Tak sakancanira bongs akulit pingul, dredahipun tiyang sisih wetan ingkang sami ilon Surapati, kathah tiyang ngaben kawasisan murihanglegani ingkang sinuhun.
1612 risakipun kraton Kartasura.
1613 Masjid Kartasura kabesmen.
166 dhatengipun tiyang Blambangan sangkanira saking Kedhiri sarta anumpesi tiyang.
1620 tiyang Blambangan anglurug dhateng Pasuruhan, nanging dipunpethukaken mengsah ing Pacitan ngantos kawon, kapitunanipuntiyang sewu.
1620 kraton Kartasura kapager banon.
1621 Pangeran Adipati krama angsal putri endah kang warni anama Raden Ayu Lembah saking Surakarta.
1621 bedhahipun Pranaraga.
1622 sedanipun Raden Sukra.
1624 teka kaliyan janala dipunaben tandhing pejah sampyuh.
1625 palamanipun Arya Sindureja, wonten sipat awon kakalih ambadhok manungsa.
1625 tedhakipun ingkang sinuhun dhateng Mataram utusan dhateng Mekah nyuwun kasinungan asma aji.
1627 Sunan Mangkurat surud, ardi kakalih genjod.
1628 putra sepuh gumantos, Raden Suryakusuma ambangkang pangkat sakajeng-kajeng lajeng dipuncepeng dening tiyang Kartasura, Pangeran Puger inggih dipuncepeng, nanging lajeng dipunluwari, sarehning gerah manahira lajeng tedhak dhateng Semarang.
1628 Pangeran Puger lurug dhateng Kartasura.
1629 Jumnengipun Kanjeng Pangeran Puger dados susuhunan ing Samarang ingkang mratikeli Tumenggung Mertayuda.
1630 Sajumnengira nata sinuwun Pakubuwana karsa adamel pajangjiyan kaliyan kumpni, praptanipun amral saking Betawi ngantos alerep sataun ing Surakarta, Pangeran Purbaya dhateng Pasuruhan.
1630 tiyang pasisir kilen ambedhah kraton Kartasura, sunan lolos saking kadhaton tedhak mangetan ambekta bala sewu karsa kumpul kaliyan Surapati, kumpni prapta ing Kartasura kapanggih suweng lajeng anjumnengaken Pangeran Puger ing dhedhampar anama Sinuwun Pakubuwana.
1631 Pasuruhan kaperang.
1631 Sinuwun Mangkurat sisingidan ing Kedhiri.
1632 sunan kedhang kakambang nunten kabekta dhateng Jakarta.

1633 Pangeran Purbaya kapethukaken yudanipun sunan mas saking teluk, Surapati kasedanan, sunan pasrah sarira dhateng amral lajeng kabekta Surapringga, saking Surabaya sasarengan sang dayita sarta Patih Jayengrana dipunirid dhateng Betawi.
1634 Patih Jayengrana tilar dunya, Jayapuspita kaparingan piyagam, busana sarta yatra 2000 semat.
1634 Tumenggung Cakrajaya kaangkat dados patih.
1634 Jayapuspita dipundadosaken bupati ing Surabaya.
1635 sasampuning Tumenggung Cakrajaya dados patih dipunutus dhateng Betawi.
1637 tedhak dalem ingkang sinuwun dhateng Mataram.
1641 tedhak dalem ingkang sinuwun dhateng Padhang.
1642 Perang ing Surapringga, Jayapuspita mantuk.
1642 pangeran Balitar prapta ing Kaduwang, Pangeran Dipasana pacak baris ing Jagaraga.
1642 panglurugipun tuwan kumendur kapisan dhateng Surabaya, bedhahipun Surabaya, Amral pan Dherle sedeng prang, dipungentosi Amral Briman.
1643 Sinuwun Pakubuwana seda dipungentosi putra sepuh.
1644 Amral Briman dhateng Mataram agebag pangeran Purbaya.
1645 Pangeran Arya Mataram seda ing Japara.
1645 pangeran Balitar ambangkang dipunuber dening Amral ngili dhateng Magetan lajeng ajal, layon kabekta ing Kartasura.
1645 amral badhe damel pranatan nagari.
1648 Pangeran Purbaya, Dipanagara lan Surapati kacepeng kaladosaken Betawi, Pangeran Dipanagara kawangsulaken.
1649 Kyahi Tohjaya perang kaliyan Raden Ibrahim.
1650 Sunan Prabu seda kagentosan putra, pranatan sami sirna.
1651 Tumenggung Nitinagara dipunutus dhateng Batawi, sedanipun Pangeran Purbaya.
1652 Dhatengipun layonira Pangeran Purbaya kadherekaken garwa putra.
1653 lampahipun kyahi adipati dhateng Semarang kapurih ngesahaken sambutan dhateng kumpni.
1653 kacepengipun Pangeran Arya Mangkunagara sarta kapasrahaken dhateng kumpni.
1655 Ingkang Sinuwuh Kanjeng Susuhunan yasa bedhaya.
1655 sedanipun Pangeran Mangkubumi, praptanipun kumendur ing Kartasura.
1656 eyang dalem kanjeng sunan kanjeng ratu seda, kanjeng ratu mas aputra kakung.
1656 kyahi Adipati kautus dhateng Samarang, ing ngriku dipunkunjara.
1657 Kanjeng ratumas kondur genira ameng-ameng dhateng Mataram, kyahi dipati kautus dhateng Semarang, ingkang sinuhun karsa anglampahi ibadah ing masjid.
1660 raden adipati wangsul saking Betawi.
1664 tedhak dalem kanjeng sunan dhateng Mataram.
1667 perang kaliyan Cina, kraton Kartasura kaperang, santri nenem adamel resah.
1668 Ingkang Sinuwun kondur saking Pranaragi, Kartasura kaperang malih, Randhulawang inggih kaperang.
1670 pindhahipun kraton Kartasura dhateng Sala kawastanan Surakarta Hadiningrat.
1671 rawuhipun gubrenur Jendral Baron pan Imhof ing Surakarta sarengan Pangeran Mangkubumi.
1675 ingkang sinuwun kaping 2 surud, Pangeran Mangkubumi ngaken jumneng sunan.
1676 Perangipun Pangeran Mangkubumi ing Jenar, bedhahipun Pekalongan dening Pangeran Mangkubumi.
1677 Jawah awu geter pater.
1682 Pangeran Mangkubumi teluk, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom arerembagan kaliyan Pangeran Mangkubumi bedhami paliyan negari, Pangeran Mangkubumi jumneng sultan ing Ngayogya Hadiningrat.

Cariyos nginggil punika taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Iman Nawawi bongsa Arab
Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Pangkur. Jalma sudra kawuwusa, wanci enjing karsa angupaya bukti, pakaryane abuburuh, mring warung pinggir marga, sakadarnya, ing pakarya dadya urup, opah roti cucuwilan, kang binukti saben ari. Agya mintar jalma sudra, prapteng warung jujug wong wade roti, sumandhing gen agni murub, paroten kang den olah, anglagani ing sabarang karseng bakul, miwah ngurubken pawaka, wus antareng dangu dening. Tan sinung pisungsung opah, sabab jalma ingkang awade roti, wus tampi undhang sang prabu, marma kendel kewala, datan akon tan pradulibaweng semu, ki sudra datan sumelap, yen wonten undhang nerpati. Saya lungse ing antara, meksa datan sinung cuwilan roti, ki sudra tan arsa nembung, pangkat salilanira, dadya dheleg-dheleg amicareng kalbu, apa baya luput ing wang, marang sang amurbeng bumi. Dene tan pinaring pangan, apa saking baya wong iki lali, pijer ngladeni wong tuku, ki sudra gya yun wikan, angganira pribadi ingkang pinesu, yen temen antuk duduka, pesthi ciptane tan dadi. Sawesnya gerjiteng driya, jalma sudra mangsah semadi ening, tan katareng netyanipun, kalbunira lumepas, sanalika dadya kang sinedyeng kalbu, ki sudra panedhanira, asat sakehing warih. Ing sak nagari Bulkiyah, ayya ana toya kang kaeksi, miwah malih sakeh latu, ayyana ingkang gesang, wusnya kabul ki sudra kesah lan muwus, eh wong adol roti sira, tan rila mring jalma miskin. Lah ing mangko tingalana, paran baya gonira adol roti, lepas ki sudra wus wangsul, marang soring mandira, yata kuneng wus asat sakehing ranu, kali bengawan sendhang, sumur wus tan ana warih. Myang sakehe wadhah-wadhah, datan ana saceret ingkang warih, tuwin sakathahing latu, sirna sami sakala, duk semana dadya gegering praja gung, bingung sakathahing jalma, tan kawasa nginum warih. Myang ngratengi kang tatedhan, datan wignya sabab tan wonten agni, swaraning wadya gumuruh, kadya kiyamat kobra, saya dangu narambahi praja gung, punggawa mantri sadaya, bilulungan tawan tangis. Kyana patih manjing pura, lan nayaka punggawa para mantri, myang pangulu ketib kaum, sumiweng naranata, sang narendra dupi marikseng kedhatun, asate sagunging toya, lan sirna sakehing agni. Prabu tyasira waskitha, wus anduki yen saking jalma pekir, dene antaraning semu, pangunjuka narendra, jroning wadhah kang warna kendhi jomerut, toyane tan milu asat, pratondha rinekseng widi. Tan kasor prabaweng nata, lan prabawanira wali lan mukmin, nanging mung sarira prabu, ingkang tan keneng lapa, lan sagarwa putra meksih nginum ranu, saliyane kang manungsa, kasangsara tan sinipi. Mangkana rekyana patya, wus sumiweng munggeng ngarsa narpati, aturira asmu gupuh, pukulun naradiipa, wadya bala ing Bulkiyah estunipun, punika nandhang sangsara, kadi pepacangan lalis. Sirnane agni lan toya, kadya para lamun kongsiya lami, estu bebendu kang dhawuh, linebur sakeh jalma, amba nyadhong pukulun ing karsa prabu, punapa kang dados sabab, sang nata aris mangsuli. He patih kelamun sira, ora weruh kang dadi sabab iki, sira metuwa den gupuh, takon-takona warta, nanging aja liya ingkang sira jujug, wong adol roti kewala, iku wruh ing sabab iki. Rekyana patih miharsa, langkung ngungun dene pangandika aji, lir wus waskitha sang prabu, kang dadya wit bancana, kyana patih sigra nembah lengser sampun, lan sagung para punggawa, sapraptanira iing jawi. Mituhu welinging nata, tanya-tanya mring jalma wade roti, pantaran tuk kabar estu, saking jalma wadeyan, roti ingkang darbe sabab duka ing dangu, lan ki sudra kang baberah, nalarnya wus katur sami. Kyana patih ngungun ing tyas, wusnya terang gya wangsul manjing puri, kyana patih nembah matur, marang sri naranata, dhuh pukulun punika ingkang saestu, kang dadya witing sangsara, sirnaning toya lan agni. Saking pandameling sudra, abeberah tan sinung opah roti, sabab jrih undhang sang prabu, temah pun jalma sadura, muri-muri karya nir agni myang ranu, punika sumangga nata, sang prabu ngandika aris. Eh patih sira metuwa, temonana iku si jalma pekir, kalamun uwis katemu, den becik tembungira, kyana patih wus wineling karsa prabu, kadhadha gya nembah medal, lan sagung para bupati. Miwah mantri sawetara, tan dyeng lampah semana wus kapanggih, lan ki sudra neng sor kayu, pitekur tanpa solah, kyana patih gya uluk salam gupuh, jinawab wus tata lenggah, mojar sang anindya mantri. Eh ki sanak pekenira, tompa dhawuh saking jeng sri bupati, timbalanira snag prabu, amundhut pangaksama, nira awit nagara sangsareng ranu, lan agni engetan nata, mung sira bisa nulungi. Karya mulyaning sangsara, eh ki

sudra lamun kalakon yekti, nir sangsara karsa prabu, sira pinundhut mitra, lawan sinung apa ingkang sira jaluk, ingsun kinen maringana, mantri wasesa wak mami. Ki sudra dupi miharsa, gya manabda sira iki pepatih, utusanira sang prabu, mengko pitembungira, tanpa karya iku marang angganingsun, wus kapundhi sabda nata, nanging tan arsa wak mami. Nglancangi karsaning sukma, kang amurba marang sakalir-kalir, lah uwis baliya gupuh, mangkono ujaring wang, kyana patih miharsa piyapi bendu, sarya sru denira mojar, eh sira jalma pekir. Lali mring kang darbe praja, lamun sira wangkot karsa narpati, pesthi bilahi awakmu, ingsun wenang misesa, marang jalma kang mopo ing karsa sang prabu, ki pekir nauri sabda, sakarsane narapati.
Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos brahmana Randhi kaliyan Raden Suwelacala

Dupi sang narendra kekalih kadhatengan serat kang saking rekyana patih Tambakbaya kang atembung anyuwun ubanggi prang tandhing sami ngaben punggawa prawira mantri, samanten punika awit ing pangowelipun dhateng wadya alit kathah kang pejah, yata prabu pandayanata tuwin mengsah sang prabu Saraba lajeng sami andhawahaken undhang yen badhe angaben prang tandhing saha dhawah tengara angunduraken wadya alit kang sampun ruket ing aprang tumunten kaleksanan mungel sakathahing tengara lajeng unduripun wadya alit kadya sinaring, dene cariyos pranging wadya reksasa tuwin wadya siluman inggih ugi kados mekaten ramenipun sabab atandhing sami bangsanipun sapih dalu sami pasanggrahan.
Nuntenenjing mungel tengaraning prang mengsah utawi rowang wedalipun sami santun gelar, para punggawa sampun samekta yen badhe aprang tandhing, dene wadya alit amung kadhawahan baris saha surak lan mawi anabuh gongsa, punika ungeling gongsa barunen utawi sarunen amurih gambira sura marta, ing sasampuning sami rakit tumunten pun Carmatosan pamit dhateng prabu Saraba anyuwun wedaling papan mengsah dharat sarwi mandhi dedamel trisula pusakaning gandarwa gagrapati ing Wanasaba, nunten sumbar-sumbar anantang prabu Pandayanata angajak tandhing aprang angagem sawenang-wenang, punika para punggawa ing Pengging kathah kang murina sarta garegeten dhateng pun Carmatosan awit lancang tanpa krama.
Nunten wonten punggawa mengsah awasta Arya Trijaya dedeg parusa sarwi mandhi gada, sareng sampun kapanggih lajeng taken-tinakenan menggahing nama pun Carmatosan gumujeng, eh kowe punggawa dudu tandhingku, tandhingku prabu Pandayanata lan Raden Suwelacala, Arya Trijaya sakalangkung krodha si Carmatosan pengawak setan ingsun bae anguwisi mocot murdanira, nunten prang Trijaya amupuh gada tinadhahan dening lengen gada katulak, sareng sampun tita lajeng pun Carmatosan males andhawahi trisula tumameng angganipun Trijaya boten mawi ngaping kalihi malih punggawa Trijaya lajeng pejah punika surak utawi gongsa langkung dening rame, kacariyos prangipun Carmatosan sadinten unggul amejahi punggawa titiga ingkang kacepeng gesang punggawa kakalih punika dados pangeram-eram, dene prabu Saraba sakelangkung dening suka nunten mundur kasaput ing dalu.
Ing nalika saunduring prabu Pandayanata ing wanci dalu angaturi sakathahing para nata siluman tuwin prabu Bahlika kang rinembag dening prangipun tansah kasor, awit pun Carmatosan sakelangkung dibya sekti, ing wusana andadosaken prihatin ing samudayanipun, lagya mangureh kang ginunem kasaru rawuh sang brahmana Randhi, sasampunya kinurmatan sang brahmana paparing wangsit manawi prang punika kang saged amungkasi namung Raden Suwelacala piyambak, sang brahmana sasampuning paring wangsit lajeng manjing padaleman wingking kapanggih lan Raden Suwelacala, sampunya kinabekten Raden Suwelacala enjing kadhawah andikakaken miyos ing prang angagema sanjata rante kencana lan anglepasna kang cundha manik, sasampuning perang sang brahmana Randhi tumunten musna.
Yata ing wanci enjing Raden Suwelacala mituhu miyos ing ngadilaga, sapraptaning pasanggrahan kumpul lan para raja sedaya tumunten adhedhawah amedali ing aprang tandhing malih, sareng sampun samekta pun Carmatosan medal ngaping kalih saha susumbar anantang Raden Suwelacala tuwin prabu Pandayanata, dene wadya siluman ugi sampun campuh ing prang, reksasa inggih sampun prang piyambak tumunten Raden Suwelacala umangsah anglepasaken

senjata rante tuwin amusus kang cundha manik, tan antara cundha manik mijil dahana baswara jumegur muluk ing ngakasa, dahana lajeng ambrastha sakathahing mengsah reksasa lan mengsah siluman, sanalika mengsah larut lajeng bibar, dene senjata rante sareng kalepasaken medal rante sakelangkung dening kathah punika lajeng tumameng ambesta ing sawernine para titindhih pun Carmatosan tuwin prabu Saraba ugi katangsulan, ing sasampunipun dumugi sedaya sami teluk, nanging prabu Saraba kadhawahan ngalih negari dhateng tabela suket, pun Carmatosan kakula wisudha dados bupatos ing Wanasaba, ing sasampuning sampurna Raden Suwelacala nunten jumeneng nata wonten ing nagari medhang kamulyan.

Dene menggah kunduripun dhateng nagri medhang kamulyan mawi kaiden dening sang bethari kalayuwati ing krendha wahana budhal saha garwa retna Pamuja kadherekaken wadya siluman tuwin wadya reksasa, prabu Pandayanata ugi dherek dhateng medhang kamulyan, sasampunipun rawuh ing medhang kamulyan lajeng angedhaton lulus genira jumneng nata, dene para raja-raja sedaya ing antawis pitung dinten sami kalilan mantuk sowang-sowang, anaming ubanggi lulus pangreksanipun dhateng prabu Suwelacala saha sedaya kaaken dadosa mitra selamenipun.

Sampun naming semanten kimawon awit cariyos dongeng caranganipun prabu Suwelacala nalika campur lan bongsa siluman ing tanah jawi kilap leres lepatipun.

Ongka 10 Kemis kaping 9 Maret 1876
BRA MARTANI

Lalampahanipun Jendral Pel

Nalika tanggal kaping 24 Pebruwari wanci dalu jam sawelas langkung saprapat kanjeng tuwan Jendral Mayor Pel ingkang jumneng senapatining prang sarta angasta pangwasa ing Aceh sampun dumugi ing jangji seda kondur ing jaman kalanggengan panuju wonten ing Bifak kampung wongga, menggah Jendral Pel wau wiyosanipun ing kitha Mastrih Eropah tanggal kaping 10 Januwari 1823, sareng yuswa 18 taun panuju ing taun 1841 Pel malebet dados saradhadhu inpantri ing Nedrelan.

Sasampuning minggah dados kopral purir tuwin sersan mayor lajeng mangkat dhateng nagari Jawi, samanten panuju ing salebeting taun 1843, sareng ing wulan Juni 1848 kakula wisudha dados twedhe litnan inpantri, salebeting taun 1853 kakula wisudha dados irste litnan, ing taun 1857 kajungjung dados kaptin lajeng andherek nanggulang perang ing Boni lurugan kaping kalih kapasak dherek setap nunten diparingi bintang militere wilemse ordhepir dhe klas ganjaran anggenira anggelaraken kawanteran nalika lurugan sajawit dhateng Boni.

Salebeting taun 1865 Pel kakula wisudha dados mayor, ing taun1869 dipunpatah dados direktur pamulangan militer ing mister Kornelis dumugi ing taun 1870 lajeng kakula wisudha dados litnan komendhan ing Plembang lajeng pamit dhateng nagari Wlandi, asreng ing taun 1873 wangsul malih ing nagari Jawi, saweg kemawon jumneng komendhan ing Surapringga lajeng kakresakaken dherek ngalurug dhateng Aceh angumendhani batalyon 14 inpantri lurugan kaping kalih kagelengaken brigadhe nomer 2, ing ngriku sang prawireng asring-asring anglairaken kekendelanipun.

Sareng majeng ngayuda para komendhan brigadhe sami kanin, sang prawireng prang lajeng kakarsakaken anglurahi brigadhe setap, lajeng ing salebeting wulan Pebruwari 1876 kakula wisudha kadadosaken kolonel.

Wasana sareng barisan ageng twedhe eksepedhisi nalika wulan April 1874 kondur, karsanipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana Litnan Jendral pan Switen, Kolonel Pel ingkang kapiji anggentosi jumneng senapatining prang sarta ngasta pangwasa ing Aceh.

Menggah Kolonel Pel wau rehning cekap sabarang dameling perang saged anyantosani papaning kumpni wonten ing payudan jalaran asring-asring saged mangsulaken panempuhing mengsah sarta saged anelukaken benteng-bentenging mengsah ing sakiwa tengening kota raja utawi awit saking ungguling jurit awali-wali wasis anerang ngesthi saengga ing salebeting kalih wulan kang sampun kasengker wadya bala kumpeni ing Aceh sumeta saged angalingi anempuh perang.

Sasampuning ambedhah sukip VI, IV sarta IX prenah kilen utawi kidul sang prawireng prang lajeng agepuk mangetan, nalika tanggal kaping 13 anggepuk mukim XXVI, ing ngriku sang andon prang ugi unggul juritira.

Ananging sampun samanten takdiripun dene meh angrampungi damel sang jayeng palugon dugi ing jangji sedeng ngalaga jalaran saking anggenira kabanteren anglampahi ayahaning ratu anyantosani pusaraning parentah.

Sasampunipun katarima lebetipun sang jayeng jurit karsanipun panjenengan dalem ingkang sinuhun sri maharaja dipunganjar ingkang rumiyin kaparingan bontang dher dhe klas lajeng boten elet dangu kaganjar malih dados komandur sekruwis sarta kapethil kajumenengaken jendral mayor, wah malih kaparingan serep suka pirenaning panggalih dalem kanjeng raja awit ungguling

dadamel, ing suraos sang ratu tuwin Nedrelan sesedanipun kanjeng tuwan Jendral Mayor Pel kaicalan panungguling prang ingkang badhe analesi pangwasaning Nedrelan ing Aceh awit rembuging kraton, wadya bala kumpni ugi ingkang sakalangkung angendelaken dhateng sang sedeng ngalaga growong manahira katilar seda dening sang senapati ing prang amumpuni sadaya.

Pepethikan saking buk tembung Nedrelan

Bab igama Indu

Tiyang tanah Jawi duk kala kina kathah ingkang tetangkaran saking tanah Indhustan sarta sadaya sami apanutan Indhu saderengipun wonten panutan Islam, mila prelu anyumerepi panutan Indhu purih saged andilahi menggah panutaning bongsa Jawi ing kina-kinanipun malih kaserep-serepaken kaliyan tetenger ingkang misih wonten tilasipun utawi tata caraning tiyang manawi boten aneges panutaning bongsa sanunggal-nunggal kang dipunpengeti, ing sadangunipun pengetan wau kirang jangkep sabab bongsa Indhu makaten panutan ingkang prisasad jiwaning kukumpulan punapa dene awawaton tata krami adad kalimrahaning nagari tuwin babading praja utawi kasusastran punapa dene malih lampah-lampahing praja, dalasan genira imbalan wacana punika inggih tutuwuhan ingkang mangiket sadaya, mila ing suraos yen dereng dhenger panutanipun boten pisan saged andugi wawatekaning bongsa Indhu.

Ing nagari Asiyah sisih kidul utawi wetan punika ing kina wonten panutan ageng kalih kathahipun: panutan bramin kaliyan Buda, ing tanah Industan ingkang dados paugeran panutan Bramin dene panutan Buda amanggen ing tanah Tartar, Tibet cinakosin cina, Selong, Silama sarta ing jan, wondene panutan kalih wau ingkang sepuh para ingkang ngalampahi dredah pikiripun sabab sami rebat inggil, wasana ing salebetipun sami aponca bakah wonten ing pepetengan teka wonten pandam kakalih ingkang andilahi punika ingkang amancasi yen panutan Bramin sepuh pyambak dene panutan Buda kantun, punapa Brahmin punika ingkang dipunanggep anggep inggil dening serat Weda ingkang tuwuh sasarengan nalika gatraning jagad sarta ing ngriku boten pisan anyebutaken menggah panutan Buda ingkang dados susulan.

Yenta serat Weda kawontenanipun sasampunipun wonten igama Buda amesthi sirna komukipun dipundiyen serat Weda wau pupujan ageng, kalih malih bongsa Brahmin badhe sakedhiken ngantosa saged anundhung bongsa Buda kang sakalangkung kathah saking Indhustan, dene pandam ingkang kaping kalih: para tiyang sampun amanggih candhi sarta reca dadamelan Brahmin ing nagari selong sapanunggilanipun ingkang samangke taksih sami igama Buda, sadaya wau boten badhe wonten bilih sakesahipun tiyang panutan Buda saking Indhustan dhateng ing Selong derenga wonten igama Brahmin, mila ing mangke kenging kapasthekaken manawi sepuh igama Brahmin kaliyan igama Buda, wasana pamanggihipun kathah ngatasing bongsa Indhustan kapesthekaken bilih sadereng-derengipun ing ngriku sampun wonten ing silar jalan tata krami kang tetales ilm adi mila kenging kaanggep bilih sadaya wau tutuwuhipun serat Weda.

Panjurung kabar ing Surakarta

Nalika tanggal kaping 16 wulan Pebruwari punika ing wanci dalu pakabaran griyanipun Ngabehi Trunamargongsa kampung kaparak kiwa kalebetan durjana pandung sarana angewahi salarak gedhogan lajeng kenging kapalipun, sang gentho lestantun wilujeng boten ngantos kasaru dening bagus murina, lah ing mangke sangsaya galibed ing pangungun kula sampun pinten rambahan kimawon anggen kula maos serat *Bra Martani* saben-saben anrejuhi kabar priyantun kaecalan kapal, boten namung bilih dadosaken suka kalayan condhonging panggalihipun para priyantun

ingkang kedah ngingah kapal, ananging dereng santosa pager cepurinipun, kula ngaturi pratikel alit-alitan inggih punika dipunistiyari supados sageda sawatawis badhe anggidhuhaken lampahing durjana gedhogan umpakipun kainggilaken yen wanci dalu trataban kang pancen kangge udhun-udhunan kabikaka lajeng karumatana ingkang tretip, ngajenging gedhogan kadekekana jugangan ingkang sakinten pikantuk nalaripun, ewadene sampun kaleksanan tarekah makaten wau mongka meksa karangsang ing durjana mawi pirantos ingkang dereng kula sumerepi manawi saged inggih ngupados pamanggih malih botenipun sumongga kimawon sabab yen makaten punapa punika sesmita namung badhe takdir karsaning kang mujudaken jagat boten langkung anggen kula sumengka angaturi pamriyogi samanten punika mugi sampun kagalih damel bodhonipun para priyantun ingkang saweg kalempit kaengetaning nalar.
Katandhan kampung gajahan lami pun Rara Sejati.

Ing nalika dinten malem Rebo tanggal kaping 22 wulan Pebruwari punika ing bawah Mangkunagaran kampung Gendhingan sakidul margi Gondawijayan punika wonten 1 kaji nama tuwan kaji Darun griyanipun wau rambah-rambah dipunambah ing durjana, sareng wanci jam 3 dalu durjana wangsul malih, durjana saweg natas tali konten gebragan griya sabab griya wau ngiras pantes kadamel bango genipun bikak toko minnuman tuwin dhaharan sakawontenanipun, durjana lajeng kasapa saking saklebeting griya rambah kaping 2 penyapanipun wau durjana kendel penatasipun anaming boten purun kesah, sareng dipunrosani penatasipun tali wau lajeng dipuntumbak saking saklebeting griya jenging lempengipun sabuk setagen terus dhateng ing kulit, durjana lajeng malajeng antawis angsal 20 tindak lajeng ambruk pejah, anaming kang sami dipungumuni dhateng para tandang namung pun tatu boten nyilepaken kuku tuwin kang dados durjana wau sami nunggil pakampungan ngriku kaleres tangganipun piyambak, griyanipun namung 2 surup, durjana wau nama Kyahi Amat Kusen ugi kaum ing Gendhingan ngriku, sareng jam 7 enjing griyanipun durjana kapriksa dhateng pulisi kang bawahaken, griya pinanggih kagembok saking jawi kang wonten saklebeting griya 1 kang estri anak jaler estri antawis umur 9 taun, 1 umur 11 taun, sareng kapeksa pambikakipun gembok dhateng pulisi wau kang wonten saklebeting griya kathah barang peteng kang awit kiwa panengipun ing ngriku, kang sami kecalan barangipun sami pinanggih wonten griyanipun durjana, punika kula kok sanget ing pangungun kula rehning sampun kasebut tiyang tiyang ngulama ing wusana ing wusana gadhahi sarengat kang makaten.
Katandhan Mas Renggapitana.

Panjurung kabar saking Ngayogyakarta

Nalika ing dinten Rebo tanggal kaping 16 wulan punika wanci jam tabuh 3 siyang kaprenah ler leres saking pakampungan ing Ledhok ratmakan katingalan ing dirgantara ngendhanu, kayektosan boten antawis dangu ing lepen condha saengga banjir ageng meh kirang sakedhik pakampungan sawetaning lepen bawah ing Pakualaman kaluberan toya.
Ing ngriku saderengipun toya dhateng wonten satunggal prikonca panatu saweg pinuju meme ngalnthang barangipun para tuwan-tuwan wonten sapinggiring lepen, toya banjir saksana rawuh badhe amundhut barang ingkang dipunmeme klanthangan wau, ananging saking cukatipun prikonca panatu anggenipun ngrakupi barang memeyan dados sang tirta banjir boten saged mundhut barang satunggal-tunggal tansah lestantun laju tindak mangidul gleleng-gleleng semu kalingseman awit karumiyinan ingkang darbe barang.

o..punika mendah prikonca panatu sampuna cukat anggenira ngrakupi barang memeyan klanthangan amasthi lajeng kerut ing toya banjir saiba kapitunanipun ingkang gadhah wasuhan.
Pramila ing wingking kula anyaosi priksa dhateng prikonca panatu, sampun malih-malih meme nglanthang wonten ing pinggiring lepen prayogi meme wonten ing tegal sawetan beteng ngloji ageng kemawon.
Kaserat ing Ledhok ratmakan tanggal kaping 18 wulan Februwari 1876.
Katandhan siswa sakolah pun Saliya.

Kula sampun anguningani wangsulan mitra kula kang paparab Jaya Pramana

Awit saking anggen kula nyuwun saserepan bab ingkang anganggit sekar ageng tengahan tuwin macapat utawi malih manggenipun tembung sewaya, ing mangke mitra kula paring saserepan ingkang kalayan lunturing panggalih prasaja sanadyan paringipun jarwa wau mawi katembungaken namung cariyos runyah-runyah kemawon, ewadene sanget andadosaken suka pirenaning manah kula ingkang terus ing batos, menggah ingkang punika upami tumrapa wujud barang saestu kula tampeni ing tangan kalih awit paring sampeyan jarwa punika kilap leres lepat sampun radi andadosaken mareming manah kula, wondene bab sekar macapat panjenengan sampeyan dereng angsal saserepan ingkang terang punika mugi sampun andadosaken panggalih inggih bok manawi ing tembe wonten lunturing panggalihipun para sarjana ingkang karsa aparing barkah utawi malih pataken kula tembung sewaya punika sayaktosipun kalintu panyerat kula, pancenipun niyat kula badhe nyerat siwaya awit punika ingkang sampun kula sumerepi bilih tegesipun putu, ananging inggih dados kaleresan awit kula malah angsal wewah saserepan bilih tembung sewaya punika wardinipun tulisan ingkang sawau kula manah sami kemawon.
Kajawi saking punika anggen kula kumawa kedah alantaran saserepan wonten ing serat *Bra Martani* wau manawi kapareng ing karsa sampeyan mugi andadosna jalaran rumaketing pawong mitra pinten banggi yen sageda lega lineganan raosing panggalih, wontenipun makaten ingkang parlu namung tulusa sami angagem panggalih prasaja kemawon sampun cekap sabab saking watawis kula bilih makaten kados boten andamel pangkalaning pawong mitran ingkang anungkulaken eruning panggalih, nanging inggih saestu kemawon panjenengan sampeyan badhe kathah kalonging kagunan ingkang awit saking atur pataken kula dhumateng ing sampeyan jalaran kathahing kakirangan kula sanadyan tembung ingkang sampun lami tumraping serat waosan ananging kattah ugi ingkang dereng kula sumerepi manggenipun kadosta tembung dama punika kados pundi katranganipun sabab wonten sasebutan muda dama, dama meskin utawi putra dinama-dama, punapa malih barang ingkang sakedhik tunggilipun inggih katembungaken dadaman sasaminipun kados tembung marma punika ugi makaten ingkang katembungaken asih marma palimarma, ya marmane, tyas nyumarma mring anu, wonten malih tembung reke tuwin robaya punika kados pundi manggenipun, menggah sadaya atur kula wau saking watawis ugi sampun sami angretosi suraosipun ananging wijangipun kula dereng sumerep panunggilanipun kadosta tembung angebunbun enjing anjajawah sonten, makaten punika ing saben tiyang inggih sampun mangretos grebaninng suraosipun yen anangletaken putraning pawong mitra ingkang badhe dipunangkah dadosa rabining anakipun jaler, pramila kathah ingkang kalantur boten sumerep tegesipun jalaran kabesturon boten purun tatangled dhateng para saged kajawi saking sumelang bilih kawastanan bodho dumeh sampun mangretos grebanipun wau, wasana mugi sampun kagungan panggalih ewed pakewed anggen sampeyan badhe paring wulang dhumateng kula sanadyan patraping panyerat kula tuwin tembung ugi sampun anglenggana bilih kathah ingkang dereng patitis mila mugi wontena karsa sampeyan angleresaken.

Pak Bangun.

Panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama Muritama ingkang tumrap ing *Bra Martani* ongka 6 ing ngriku anyariyosaken awoning pratingkahipun tiyang beret punika sakalangkung andadosaken suka pirenaning manah kula amargi suraosipun nyamles sadaya boten wonten ingkang nalisir, wah kaleresan sanget nalika kula maos serat *Bra Martani* punika anuju katamuwan sadherekan kula tiyang sakawan, ingkang tiga sami nyerat ingkang satunggal boten, sareng mireng suraosing *Bra Martani* wau sami gumujeng angguguk, ingkang satunggal awicanten makaten: o..inggih leres kemawon ingkang damel cariyos wau dhasar sayektosipun tiyang nedha satunggal punika bilih sampun nyakot angel sanget pambucalipun, kula punika sampun rambah-rambah anggen kula badhe medhot ananging boten saged pedhot babar pisan, sampun mrending kiwir-kiwir kantun thelipun kemawon inggih lajeng wetah malih, ing mangke badhe kul aayati malih ingkang mawi srana wedangan babakan suren punika dene gampil wragadipun kedhik.

Satunggilipun anyambit makaten sayektosipun bilih tiyang nyerat wau sampun kalajeng remen saestu mokal sanget sageda mantun babar pisan, tiyang dipunilani sadinten kemawon satengah pejah anggenipun sakit mila awis ingkang saged anahanaken.

Kula lajeng anyelani apitaken sayektosipun tike punika raosipun kados punapa dene kathah-kathah temen ingkang sami karem sarta kayungyun ngantos boten amarduli badanipun trimah ical kasipatipun ingkang prayogi, wangsulanipun makaten: o..yen sampeyan andangu suraosipun tike punika boten kenging katembungaken eca inggih punika raos sakeca, mila pantes kadamel kamuktenipun para tiyang ingkang sami sugih arta awit ingkang kabasakaken nikmat punika kalih prakawis.

1. inggih punika layaping pejah ingkang angsal kanugrahan saking sawabing ngelminipun kalayan anetepi kuduhing guru ingkang sampun kaesthi ing salaminipun.
2. Layaping tilem ingkang mawi kaangkah kalayan eninging manah.

Wondene endeming cemengan wau meh kemawon animbangi kaliyan layap kalih prakawis punika, awit raosing badan boten melek boten tilem tansah ler-leran kemawon boten gadhah raos bilih kajawi namung sakeca.

Ingkang satunggil pun anyambeti kaliyan gumujeng, o..kajawi ingkang sampun kacariyosaken sadaya wau sampeyan sumerepa mila tiyang sampun karem tuwin remen punika boten saged medhot dhel awit saletipun nyeret wau anggadhahi bibingah sarta lega manahipun, menggah panggenaning bingah inggih bilih enyerot bedudanipun ing pungkasan mawi mungel jeblis punika lega bingah manahipun inggih sareng kemawon jeblising cupak kaliyan cumeplonging manahipun kang mongka lumintu kemawon kabingahanipun wau saben jeblis manahipun plong blis plong blis plong ing rinten dalu makaten, lah kados pundi kemawon anggenipun saged angendhakaken kabingahanipun wau, sumongga kagaliya tiyang boten kesah-kesah saking jrambah namung trimah kulina kaliyan kajang sirah tuwin jagongan kaliyan dilah kemawon, mongka bingahipun mindeng saben dinten, makaten malih saupami ingkang sami teret nyeret punika amituhu ing wulang sae sadaya mindhak adamel karugiyanipun ingkang sami sugih apyan ingkang numbasi sinten utawi tiyang ingkang sami meteng-meteng punika amesataken manawi kluron.

Kula sareng mireng makaten lajeng boten saged amangsuli dados dheleg-dheleg kemawon, tamu kula lajeng satunggalipun ingkang boten nyeret wau lajeng bisik-bisik dhateng kula makaten, o..prayogi dipunturut kemawon tiyang sampun dados tekading manahipun mongsa kenging

dipunpalangi, tiyang wau bilih sampun makaten sampun sanes rembagipun katimbang kaliyan ingkang boten madati, bilih dereng wekdaliipun enget dhateng kautamen upami dipunsulangna ing susulang sae inggih malah seling serep tur pyambakipun inggih sampun sumerep kadadosanipun tiyang madat madon main tuwin minum wau meh kenging katampekaken kasangsaraning badanipun ananging mila dipunlampahi awit saking katarik bingahing manahipun ingkang sampun kaanggep leres.
Nalika samanten ngantos antawis dangu anggen kula mirengaken kalayan angrojongi dhateng cariyosipun tamu kula sadaya wau awit anjing ngantos bedhug siyang bibaranipun.
Wakne mukman.

Punika candhakipun cariyos pepethikan saking buk tembung Nedrelan
Nalika wonten lalampahan ageng kapendhet saking etangan condra sengkala

1683 Sokaprabaya amarentah Surabaya, para jamhur katimbalan dhateng nagari.
1685 kadhaton kaingser mangilen, karsaning ratu katurutan.
1685 pandamelipun panggantenan sela konten sri menganti kawit dipunyasani.
1685 Pangeran Juru dhateng ing Surakarta.
1685 Pangeran Arya Mangkunagara amampang purun dhateng Surakarta, ingkang sinuhun angrenggani kadhaton anyar.
1687 ingkang sinuhun miyos ngalun-alun sarta ngarsakaken ngadegaken saka-saka satunggal ing masjid ageng.
1690 saka wau dilalah kasamber ing gelap.
1691 adeging siti inggil.
1692 Pandamel pager banon saubengipun kadhaton.
1694 Pangeran Prabujaka kacepeng.
1695 ingkang sinuwun kanjeng susuhunan kaping 3 papanggiyan kaliyan rad pan Indi kanjeng tuwan Poshisem lajeng rad pan Indi kondur dhateng Semarang.
1697 salebeting kadhaton wonten telik anama Adiwarsa dipuncepeng, ingkang Sinuwun ngarsakaken damel gumukan salebeting kadhaton lajeng kataneman kakajengan.
1698 adegipun pasowanan.
1699 Kumpni ayasa beteng ing Surakarta.
1705 Raden Adipati Sasradiningrat kautus dhateng Semarang kapurih anyaosaken panembramaning kang sinuwun dhateng kanjeng tuwan ingkanag wicaksana guprenur jendral renar dheklerk.
1706 Raden Mangkukusuma ing Surakarta dipunundur saking palenggahanipun.
1707 Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom amanggih babaya, kumpni nedha bantu dhatengipun Inggris ing Betawi, ingkang sinuwun andikakaken pradandosan prajurit sewu sarta mangirid wirotameng jurit kawan dasa, nagari katingal jumbul.
1708 Raden Adipati Sasradiningrat kagentosan dening Raden Adipati Sindureja, ingkang sinuwun ngarsakaken yasa ilen-ilen toya dumugi ing kadhaton.
1708 Kramanipun Kanjeng Pangeran Adipati Anom kaliyan putri Pamekasan.
1710 Sedanipun Raden Adipati Sindureja kagentosan Raden Adipati Jayaningrat.
1715 praptanipun kanjeng tuwan Idler Graping, surudipun ingkang sinuwun kaping 3 kagentosan Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom jujuluk Kanjeng Susuhunan Pakubuwana Kaping 4.

1715 pandameling masjid ageng Surakarta, ingkang sinuwun saben Jumungah ngarsakaken tedhak masjid.

1717 kanjeng tuwan Idler Graping rawuh angrukun uduring kraton Surakarta kaliyan Ngayogyakarta, sareng tan migunani kondur dhateng Semarang, praptanipun Amral Atman kanthi wadya kumpni sarta tiyang pasisir pangirit bupati Tegal lan Surabaya tuwin barisan Madura sarta tiyang monca nagari, bawah Ngayja sami ngepung Surakarta.

1718 Sedanipun Pangeran Purbaya sarta surud dalem sultan ing Ngayogyakarta kagentosan putra sepuh Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom.

1723 sedanipun Pangeran Mangkudiningrat.

1723 ingkang sinuhun kanjeng susuhunan miyos dhateng sitihinggil angasmani prajangjeyan.

1724 Dhatengipun onta sakawit ing Surakarta.

1725 Rawuhipun komisaris jendral ing Salatiga lajeng tindak dhateng Surakarta tuwin Ngayogyakarta nunten kondur dhateng Batawi.

1729 ingkang sinuwun tedhak dhateng Salatiga sarta atepang rembag kaliyan Idler.

1730 Raden Arya Cakrawinata kacepeng nalika samanten badhe majeng sowan ingkang sinuwun, Raden Adipati Mangkupraja dipunsamaraken ing Toyamas.

1733 Tumenggung Cakrajaya dados patih dalem anama Raden Adipati Danuningrat, pandameling benteng Klathen, mriyem ing beteng Surakarta dipunkathahi, lindhu.

1747 Ingkang Sinuwun Pakubuwana kaping 4 surud panuju ing dinten Senen tanggal kaping 13 wulan Besar (taun boten kapratelakaken) kagentosan Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom anama Sinuhun Pakubuwana kaping 5.

1748 Kanjeng ratu Kancana garwa dalem ping 5 surud.

1749 Kanjeng Ratu Kencana garwa dalem kaping 5 surud punika ibu dalem kanjeng susuhunan kaping 7.

1750 Ingkang Sinuwun kaping 5 surud panuju ing dinten Jumungah tanggal kaping 29 wulan Besar kagentosan putra anama Kanjeng Susunan Pakubuwana kaping 6 nalika ing salebeting wulan Sura.

Punika candhakipun cariyos saking Iman Nawawi bongsa Arab
Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Sinom. Tandya Patih Abu Ilham, langkung kewran amiharsi, mring wangsulanya ki sudra, kyana patih anggelari, regadha memedosi, dinulu kadya satuhu, denyarsa wasa-wasa, mring ki sudra bilaheni, miwah sagung para mantri lan punggawa. Manut satingkahing patya, prabawarsa nglunasi, saweneh anarik pedhang, saweneh ngular tetali, weneh kang briga-brigi, tingkahnya kadyarsa nubruk, nanging sira ki sudra, tyas ira datan umiris, eca kendel netyanya nyalejar sumringah. Tan kontap dening bebaya, wus kumandellair batin, marang sang amurweng ngalam, temah weleh kyana patih, tan antuk don sayekti, sang mantri wisesa gupuh, anglampahken cundaka, tur uninga mring narpati, solah tingkahira katur ing narendra. Duta sampun winangsulan, mawa pangandika aji, rikat lampahing cundaka, wus dhumawuh mring apatih, tembung kinen nimbali, ki sudra marang kedhatun, kya patih sigra nabda, eh ki sudra dipunaglis, payo sira tinimbalan mring narendra. Natarsa wrin marang sira, ki sudra sigra nauri, nora ana karep ing wang, sumepa marang narpati, estu tan arsa mami, kyana patih sigra muwus, lah iku ora kena, sira tan lumrah lan jalmi, sri narendra wenang misesa mring jalma. Kang kawengku ing Bulkiyah, sapa mopo den lunasi, wus sah sang amurbeng ngalam, wawenang ira narpati, ki sudra gya nauri, lah ya apa sekarepmu, nanging ingong tan arsa, durung ana karep mami, kyana patih

miharsa langkung bramantya. Sigra denya narik pedhang, mawi ngawinga mawengis, eh-eh si kumpra urakan, gawe apesing narpati, wani-wani badali, marang karsane sang prabu, lah iya rasakena, pesthi murdamu suncangking, kyana patih ngikal pedhang duk lumarap. Sigra sang punggawa werda, kang mongka sisiyan patih, nawajir rastarosan, anyandhak pedhanging patih, sarya umatur aris, dhuh ki lurah sampun-sampun, andhatengken bramantya, yen dede karsa narpati, karya lunas mring ki sudra kadya paran. Temah yen manggih duduka, luhung tur uninga malih, cumadhong karsa nerandra, pamopone jalma pekir, ki patih kagyat nolih, enget sigra denya nurut, kendel nglampahken duta, kinen tur uningeng aji, duta rikat tumameng byantara nata. ngaturken solah tingkahnya, bramantyane kyana patih, sang nata gupuh ngandika, age warahen si patih, ingsun arsa nindaki, mring si sudra arsa weruh, padha samengko uga, si patih konen nganteni, duta nembah lengser rikat prapteng patya. Agya dhawuhken timbalan, wuwusen sri narapati, andika mring prameswara, yayi dandana den aglis, sira miluwa yayi, kerigen sajro kedhatun, sakeh cethi pawongan, gawanana berana di, ingsun arsa tetemu lawan si sudra. Sang prameswari saksana, nembadani sampun rakit, condhong lan karsa narendra, sigra tedhak sri bupati, nitih garbong rinukmi, lawan prameswari prabu, ginarbeg upacara, jajaran wadya prajurit, para putri sedaya nitih jempana. Dadya totonan samarga, lampahira sri bupati, oreg sapraja Bulkiyah, kang sami miharsa warti, ngungun rerasanmungging, satepining lurung-lurung, eloke kang carita, denye natarsa nedhaki, jalma sudra paran karya dene nistha. Saru loking pra mudati, kang wus wikan anauri, sumarma nata tumedhak, kerig wanita jro puri, sabab ilang ing agni, kelawan ilanging banyu, ki sudra kang akarya, awit mung roti sacuwil, tan sinungan ki sudra denya baberah. Lah kapriye ing wusana, yen tulus tan ana warih, pesthi ludhes sanegara, sumarma nata tedhaki, sandhinge anauri, nora talah ingsun weruh, ki sudra saben dina tan ketara yen wong luwih, dhedhapure padha lan wong kere belaka. Sirep sagung kang rerasan, de wus parek lan narpati, laju lampahnya narendra, wus prapta gene ki pekir, tumedhak sri bupati, lawan prameswari prabu, sagung mantri punggawa, sumingkir sami anebih, mung kyana patih kang keni pareg lan nata. narendra gya uluk salam, ki sudra nulya nauri, sang nata anuli lenggah, tanpa lemek animbangi, satata jalma pekir, miwah sori nata tumut, samya sumandhing lenggah, wusnya prabu ngandika ris, eh kisanak sun minta aksamanira. Sawiting ingsun katresnan, sirnane banyu lan agni, awit ing pakaryaning wang, lir papaguyan lan pekir, ing mengko nelongsa nir, sira welasa mring sagung, ring umat kang sangsara, pulihna banyu lan agni, dhuh kisanak mugaya dadi tyasira. Kendel pangandika nata, ki sudra sigra mangsuli, pukulun paduka nata, kalipah sang murbeng bumi, amba datan nglangkungi, saking pangwasa pukulun, amba tan saged karya, icaling agni lan warih, atas lamun ing karsa sang murbeng ngalam. Dadya tan saged kawula, dhatengna toya lan agni, sumangge karsaning sukma, sang nata dupi miharsi, ngungun sungkaweng galih, dang ukendel sang prabu, mamangun sidhi cipta, paran wekasane iki, wangsulane si sudra bener kewala. Temah nata sru sungkawa, kongsi kawistareng liring, sadaya punggawa narpa, bela tumungkul miyati, yata antara nuli, ki sudra aris umatur, dhuh pukulun narendra, paduka teka sih widi, mugi-mugi jeng paduka galiya. Kautamaning kalipah, tulusa dadya kekasih, ing donya prapteng delahan, sampun peoeka sekalir, wusnya mojar ki pekir, uluk salam mring sang prabu, nata pamit kawula, linggar saking ngarsa aji, tilar syara puniku jatining sudra. Wali kulup bongsa harap, mimindha darbening pamrih, mring prabu kekasihing hyang, mangkana sultan Ibrahim, ngungun saya mangudi, ing karsa kang amrih luhung, kundur sri naranata, wus mulya sangsareng nagri, parisuka ing tingkah asmaradona.

Taksih wonten candhakipun.

Ongka 11 Kemis kaping 16 Maret 1876
BRA MARTANI

Lokomotif

Saking Salatiga nalika tanggal ping 8 Maret punika atampi kabar manawi ing dinten wau ugi ing dalem asistenan pasamuwan ageng, jalaran kanjeng tuwan residhen Semarang amaringaken ganjaran medhali jene saking kanjeng parentah ageng dhumateng Raden Adipati bupati ing Salatiga awit genira wekel aseca tuhu panyuwitanira ngantos samanten laminipun.

Wanci jam 10 enjing bidhalipun sang bupati saking dalem, ingiring kontrolur sarta prajurit kapalan dipuntindhihi opsir satunggal tuwin priyayi jawi sapanunggilanipun.

Ing dalem asistenan nalika samanten sampun pepak para amtenar sarta para opsir tuwin para mardika, sareng ingkang badhe sinukarta prapta pradongga walandi sarta jawi mungel nunten raden adipati kairid malebet sarta amapan sisihipun kanjeng tuwan residhen lajeng dipunjarwani dunungipun pasamuwan punika sarta kanjeng tuwan residhen anglairaken panrima dhumateng para ingkang sami prapta ambyantoni murih angagengaken pista, tuwan asisten residhen saksana kakarsakaken amaos nuwala dalem kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral, nunten kanjeng tuwan residhen angacarani ingkang bupati mawi tembung malajeng dipunpratelakaken cacekakan anggenipun ngrembat ayahaning gupremen sampun seket taun laminipun lajeng kaserepaken sih tresnaning gupremen ingkang samangke karsa amaringi ganjaran tetenger, pangajeng-ajengipun kang tuwan residhen mugi-mugi anjalari amungokaken murih amikantuki ganjaran sanesipun ingkang langkung skaing punika, sasampunipun makaten para priyayi-priyayi jawi inggih dipunpangandikani dening kanjeng tuwan residhen, nunten kanjeng tuwan residhen amrepegi sarta anemplekaken medhalye ing pamidhanganing sang bupati tuwin dipunpanembrama mugi tetenger wau aweta dipunagem ing redne adipati, pawingkingipun dipundamela warisipun putra wayah, raden adipati nalika samanten trenyuh panggalihira lajeng amangsuli sakalangkung panuwun menggah ganjaran wau sarta kormat ingkang sampun tumindak, panuwunipun malih mugi-mugi kanjeng tuwan residhen karsaha angunjukaken sumungkemipun ing ngabyantaraning kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral.

Salajengipun kanjeng tuwan residhen anglairaken panrimanipun dhateng tuwan militer komendhan anggenira ambyantoni kormat ing pasamuwan punika tuwin suka senengipun awit katingal manawi para priyayi kaliyan para militer sami sae karasa, pangajeng-ajengipun kanjeng residhen mugi-mugi lestantuna ing sapanginggilipun.

Sasampunipun agentosan manembrama sarta para kearerehan sami angujung dhateng ingkang saweg kanugrahan lajeng para ingkang prapta sami ngunjuk kawilujenganipunnunten angawiti kasukaning tiyang alit sakalangkung andadosaken kasenengan, dangunipun ingkang bupati adamel pista dhangsah ing dalem asistenan mawi anyuled sekar latu.

Lokomotif angabaraken kadi ing ngandhap punika: saking Kedhiri atampi kabar sae bilih durjana ingkang komuk sarta sampun amejahi tiyang nama Raden Tirtareja, ing mangke sampun kacepeng ing bawah Banyuwangi sampun kalih taun anggenipun dhawah kanjeng tuwan residhen Kedhiri kinen angupadosi durjana wau nembe samangke angraosaken suka renaning panggalih sarta angsal damel.

Wasana pakabaran wau boten kenging kaewokaken padintenan anggowokaken para tiyang Jawi ingkang sami kormat dhateng gentho wau dipunkabaraken saged angical sarana dhuwungipun para alit sami anggega anjalari lurah dhusun sami asring-asring asanjangi bilih wonten konca polisi angupadosi.

Kadadosanipun ingkang saged anyepeng wasana dhistrik ngunut (owel boten kapratelakaken namanira) bawah ngrawa, mila samangke priyayi awu sakalangkung mancorong anggenipun angresikaken badan sabab ing ngajeng dhawahing panggrayangan bilih sarasa kaliyan durjana kang sampun kacepeng nalika wadana amasrahaken dhuwungipun ambeg reged sakalangkung angresepi tiningalan, dene pun Tirtareja dhatengipun ing Surapringga benjing tanggal kaping 13

wulan punika, bok manawi saking ngriku murih rikat dipuntumpakaken kreta dhateng Kedhiri 10 Maret saiba geng ing damel.

Sadangunipun kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom Engglan lelangen ing nagari Jenggala kathah cariyosipun sarta mawi dipungambar mawi warnining panggenan sapanunggilanipun ingkang dipuntuweni, punapa dene malih para agung-agung ing nagari mawi dipunwedalaken gambaripun sarana serat kabar Inggris kang kawastanan ilustrasi.
Kadosta nalika atmajeng draha nitih dipongga tedhak dhateng kadhatoning prabu Hekwar ing praja Beradhe utawi nalika adamel sekar latuing saganten tuwin angaben gajah sami gajah, warak sami warak punika inggih wonten gambaripun mila amewahi suka seneng manawi aningali tur namung gambaripun kemawon.
Sarehning sakelangkung endahipun warni sanadyan kathah ingkang boten anegesi tembung Inggris kula maksa amastani kathah paedahipun manawi gambar-gambar wau kauningana ing para agung jawi sabab ing kina-kina mila bongsa jawi bok manawi kathah ingkang turun saking Indhustan, ingkang anyenengaken pisan gambarira para santri agung-agung utawi para raja-raja teka angandhakaken bilih tedhakipun wilonda, mila kula arda angrembagi dhateng sinten-sintena ingkang sengkung badhe aningali anembunga dhateng para tuwan utawi ing kamar bolah ingkang sami darbeni serat ilustrasi kang kasebat nginggil kapesthekaken bilih andadosaken suka pirenaning galih.

Pepethikan saking buk tembung Nedrelan
Bab janma Buda ing tanah Jawi

Saweneh ingkang sami amulana ngupayeng kawruh asring anarungi pamanggih, tegesipun dereng gumathok punapa ing tanah Jawi duk kina panutan Buda utawi panutan Brahma ingkang ngrebda sanadyan pujongga tuwan Kromurd ingkang kawentar ing kamemetanira sarta teberi aniti pariksa barang ingkang taksih kasasaban ing wados inggih amratelakaken bilih sawarnining serat makina-kina wedalan saking tanah Jawi boten anerangaken bab panutan wau, bok manawi awit kapigeganen dhateng para tiyang Jawi ingkang kapara komuk ing kasagedanira awit pujongga tuwan Kromurd ragi tuna seserepanipundhateng tembung Jawi mila tarimah angugemi kondha ingkang sampun katembungaken basa Eropah, ananging ing samangke geseh sabab saestunipun ing tanah Jawi ugi wonten kandhanipun awit kula pyambak gadhah serat anama babad nata rat Jawa, dene papan ingkang kawitan anyebutaken babaden nata rat Jawa awit nagri giling wesi duk maksih Buda kang jumeneng narendra jujuluk bathara Wisnu, sanadyan namaning dinten wonten ingkang kawastanan dina Buda inggih punika ing mangke dinten Rebo boten angemungaken para tiyang Jawi andarbeni titilaran kandhaning agama Buda, amratandhani bilih ing kina-kina pancen sampun tumindak anyembah panutan Buda, sanadyan samangke ing tanah Jawi sisih kilen bawah paresidhenan Banten kawan epal saking bageyan Lebak taksih wonten isining tiyang ingkang sami apanutan Buda anyele kaliyan tiyang dhusun sanes, wasana kenging kaanggep temen bilih ing kina pangungsiring bongsa Buda saking Benggala kawon kaliyan bongsa Brahma punika murih anjereng panutanira sami angajawi sakalangkung kathah ingkang sami pindhah dhateng tanah Jawi saweneh dhateng tanah Jawi, Bali, tuwin Sumantrah lan liyaning pulo-pulo kadamel singidan.

Lokomotif angabaraken nalika kaping 26 Pebruwari kang saweg kapengker ingkang bupati ing Malang saking karsaning kang kawasa angsal cocoban anjalari sakalangkung andadosaken sungkawanira inggih punika awit tilaripun putra estri anama Fatimah semahipun wadana ing Sumberkarang bawah Prabalingga.
Wondene putra wau sakalangkung diuntresnani dening rama ibu, nalika dereng krama putra di wau ingkang ngereh salebeting dalem sarta dipunluluti dhateng sadhengah ingkang sami tepang mila ing ngajeng sasad sengkering praja.

Sareng tanggal kaping 27 dipunkubur ing pasareyan Krebik pancen daganing luluhur prenahipun jawining praja Malang, nalika samanten katandhan sihipun nagari ageng alit sami dherek anjujugaken layon, dalasan kanjeng tuwan residhen prelu prapta anjujugaken dhateng pasareyan, sareng kunarpa sampun kadonganan tuwin sumeleh ing kaluwat, kanjeng tuwan residhen karsa anglairaken tembung anglayat dhateng ingkang sami tinilar kantun anjalari ngrontok panggalihira ingkang sami wonten tuwin amranani panggalihing sudarma tuwin priyanira sarta kang para santana, ingkang bupati tumunten mangsuli sarta kasesegen wedaling wacana, kathah ingkang sami rumaos kapitunan sarta dherek kecalan.

Saking pakabaran litnan cina ing Martapura bawah Banjarmasing ingkang dereng lami menang lotre satus ewu rupiyah, nalika tanggal kaping 29 Pebruwari sampun ajal.

Pangrekatning tiyang

Sapriki wonten saking kawan taun laminipun ing Surakarta wonten abdi dalem upsir lenggahipun manawi boten kalintu mayor tilar dunya kakubur ing celakipun pasareyan Laweyan.

Sareng jam kirang langkung 12 siyang kula badhe mantuk dhateng dhusun medal ngalun-alun dumugi ing Slompretan, kula aningali ingkang anjujugaken layon sami mantuk, dalasan para prajurit jajar sapanunggilanipun lampahipun pating guledrah agiyak-giyak kados balanipun prabu ngalengka slempang munten pingul namung cuwa kathah ingkang sami nyunggi berkat anyangklong degan utawi mikul liyaning angsal-angsal dipunrembat mawi sanjata, dene ingkang dados pangarsa nisih taruna, wonten ingkang kados bunta radyan tangan wonten ingkang kados layang setra kumitir saweneh kados liyaning ringgit, nanging Ingsa Allah nglangeni bilih katingalan.

Sarehning prajurit lumampah boten mawi baris dados kareta kula lampahipun kapara tengah kadi adat, samantena sareng kula tingali wonten taruna sami branyak-branyak anumpak kapal dados nisih kiwa sabab radinan penuh ing bayahita, suprandene kula tansah kasiku, wonten pangagenging prajurit wonda menak koncar ing pratapan redi wilis punika sanadyan kula sampun kendel lajeng anrajang anyelaki dhateng kula sarta angling, he apa tradha tau adha prajurit jalan jangan lagi sekali tamtu dhapet susah, kula amarikelu sarta mangsuli, saya tuwan raden tetepi sampun kaduk tyas abela tampi saya minta maklum anggen kula amatur rehning ajrihboten kantenan, lajeng kula dipunpenthelengi, nanging kula inggih dengeri katingal wandanipun laladak nanging kothong, sasampunipun kula katilar sakalangkung bingah kula awit luwar saking babaya, nanging para jajar prajurit ingkang sami ningali sareng anglangkungi kula saweneh angajrih-ajrihi salong sangkuhipun kaacungaken, kula inggih kendel kemawon nanging kraos ela kojur wak mami.

Ing ngajeng angkah kula badhe kula udur nanging kengetan paribasan welandi eman-eman arenge dene jangan etung kaya mengkono, dunungipun prajurit jawi lebet utawi dhumateng sosoranipun sabab sakaliyan kula sampun wanuh nanging kula manah malih bok aja nyaruweni panyepaking kuldi, ananging dangu-dangu kapanggih nalaripun sakalangkung bingah dene kula ngantos saged tepang kaliyan prayayi taruna ingkang dukani wau owel sapriki kula boten kanugrahan saged apanggiyan iba anggen kula angrapetaken mimitran, pamanggih kula priyayi wau sampun kulina dhateng kula, ananging kula pyambak boten badhe saged nengeri mila yen dhasar kapinujon ing panggalih bok inggih kula dipuntuwenana murihangencengaken esuhing mimitran.

Wasana punika minongka pamenget dhateng liyaning tiyang manawi ngantos amrangguli panggretak sampun ngantos kasupen kidul wetanipun.

Seselan

Punika amratelakaken menggah karemenanipun tiyang ingkang mlampah dipunalem saged, dereng lami kula tampi serat saking raden tumenggung polisi nagari dipunulesi mawi dalancang ingkang pancen sampun kangge ules serat saking bupati polisi Klathen malah wonten capipun sarta ciri.

Aan
Den Hoove Regen Politie
te Soerakarta
De. Qe. Po.
Van Klatten.

Sumongga dipunuruta menggah kamemetanipun ingkang anyerat, lah rak punika ingkang asring ambrastha ukara, dene tembung *Qe.* punika rekanipun badhe anyerat *Re.*kalintu *Qe.*
Peling.

Surakarta

Panjurung kabaran kang andadosaken leking pambeliyut

Awit saking sasumerepan kula piyambak saking panjenengan dalem Gusti Kanjeng Pangeran Arya Natakusuma sampun pindhahan dhumateng dalem ing Natapuran punika ing saben-saben karsa amangun suka topengan, dene ingkang anopeng tiyang estri terkadhang taledhek ing Mangkunagaran ugi mawi kaslundhingan konca jaler abdinipun piyambak.
Anenggih nalika ing dinten Rebo legi tanggal kaping 1 wulan Maret punika leres tingalanipun Gusti Kanjeng Pangeran Arya Natakusuma ing wanci siyang panuju topengan malih, ingkang anopeng taledhek anama pun Gadhing, ungeling pradongga sarana kasindhenan taledhek pun Dhawung, ananging sareng sasampuning bibaring beksanipun sang prabu bantarangin kula lajeng mantuk, dalu punika kadugekaken topengan malih dilalah karsaning hyang suksma Gusti Kanjeng Pangeran Arya Natakusuma karsa beksa nopeng piyambak jumeneng dados snag prabu wukir sari, sareng miyosipun sang prabu wukir sari mawi kadherekaken upacara kaprabon dalem, sang prabu wukir sari lajeng beksa ngaleter sasampuning beksa lajeng kendel lenggah korsi sarwi angandikan sarta andangu-dangu dhateng sang bapa patih tuwin sang bagus regol, wondene para jalma ingkang sami umiyat jalu wanudya ageng alit langkung kathah sanget, ing ngriku anggen kula ningali saklangkung andengongong ngantos kamitenggengen andadosaken suka pirenaning manah kula sapanunggilanipun ingkang sami ningali sadaya awit umiyat beksanipun sang prabu wukir sari dene teka sembada ing sasolah pangandikanipun tinon saking mandrawa langkung anglangeni teka kasmaran pindha putra ngawongga badhe anempuh yuda kalayan risang wara sumbadra.
Makaten malih pangagemanipun sang prabu wukir sari langkung endah abra murub sarta aasri yen dinulu, kang sarira wimbuh ules jenar kadya gebyaring sitengum ing pat belas karahinan awingit ingkang manipis, saking panginten kula kathah wanodya ingkang wingkis lathi sarta ingkang kaempi, awit andulu beksaning sang prabu wukir sari dene teka lalewa amingini teka iming-iming teka gergetaken manah kados anjiwit-jiwita dhateng sang prabu wikir sari ingkang sawek kadunungan budyambek angereki kakiter wonten ing pasamuwan samadyaning pura, wondene anggen kula ningali ngantos sadalu muput, ananging langkung ngoncer saupami kula pratelakaken sadaya.
Awit saking makaten wau sakalangkung andadaosaken suka senenging para wanudya tuwin para priya ingkang sami remen dhateng tatingalan, ewadene saupami Gusti Kanjeng Pangeran Arya Natakusuma karsa amangun suka topengan malih mongka ingkang dados sang prabu ing bantar angin bandara Tondhakusuma kalayan mawi kaslundhingan para taledhek sawatawis kadosta Mas Ajeng Menur, Mas Ajeng Cipta Asmara sarta Mas Ajeng Inyep, Mas Ajeng Kenil sapanunggilanipun, ungeling pradongga sarana sarana katimbangan pangelikipun Mas Ajeng Prenthel. Lo..ingkang makaten punika saengga kadugen ingkang dados ciptaning manah saiba ta andadosaken wimbuhing sedhep seger kumepyar ing badan kula anglir mentas nyidham rujak cempaluk, sanajan panunggilan kula ingkang sami badhe ningali ugi makaten ing saestu Gusti Kanjeng Pangeran kadunungan pangalembana saking wadu wandawa para kadang kadeyan sarta para saudara tuwan-tuwan tuwin para babah ingkang ingkang sami badhe rawuh ing ngriku punapa dene para jalma lit sadaya.

Amila skaing pamuji kula ing gusti kang maha kuwasa mugi pinarengna kadugen ingkang dados esthining manah kula wau kalayan sepen ing satunggal punapa.
Sinerat ing Tegal sumyar tanggal kaping 12 wulan Sapar Jimawal ongka 1805.
Katandhan kang dahad angayun-ayun pun blenger-blenger loyop.

Redhaksi tampi serat saking Yoja ngalamatipun mungel dhateng tuwan Pilip tukang *Bra Martani*, lo punapa wonten tiyang kikirangan sanget, suraosipun serat amratelakaken bab lampah-lampahipun lurah opas genira mupuni yatra, ananging sarehning panjurung wau tanpa tondha tangan dados boten kenging kapacak, aliya saking punika wonten tetembunganipun ingkang boten manggen ing serat kabar saking wadhagipun, redhaksi angrembagi manawi lampahipun pamupu yatra wawaton yekti prayogi dipunaturna dhateng kang kuwajiban amambengi duryasa utawi adamela serat ingkang prayogi tetembunganipun sarta mawi serat pangiring murih ksumerepan dhateng redhaksi namanira ingkang kintun.

Panjurungipun Subakastawa boten kapacak sabab sanadyan saeya ing wekasanipun tetembungan ingkang anggepok tata krami sarta pancen manggon ing serat waosan, samanten redhaksi kedah angalembana dhateng ingkang kintun menggah wasisipun dhatng tetembungan sarta purwakanthi tutumpukan ngantos asring-asring kasengsem angangge tetembungan ingkang sakeca kapyarsakaken punika ingkang anjalari ambingungaken saged dipunatanggap suraosing anggitan sabab anglirwakaken paedahipun, wonten raosipun malih yayah ingkang nganggit wau pancen kapara lukita kapanujon kandhuhan kingkin, mila ingkang kalairaken punika tutuwuhan saking turidaning manah kagelaraken ing tulis sakalangkung prayogi bilih dipunsekaraken nunten kawade. Redhaksi.

Punika cariyos lalampahan caranganipun Kanjeng Susuhunan Mangkurat ingkang kaping kalih ing nagari Mantaram katelah anama Sultan Agung
Lalampahan ingkang boten kalebetaken ing serat babad

Ing nalika Kanjeng Susuhunan saderengipun jumeneng kalipah uliya kutub punika kagungan abdi satunggal ingkang bongsa siluman awasta pun Juru taman awarni laweyan kulit pethak kaparingan panggenan ing wana tujung bang talatah ing siti Mantawis, anaming pun juru taman ing siyang dalu tansah sowan ing ngarsanipun Kanjeng Susuhunan sabab pun Juru taman teksih doyan tetedhan cara manusa, mila yen wonten ing ngarsa dalem kaparingan tedha tuwuk, dene menggah damelipun kapasrahan menawi wonten para jalmaning satru kang alampah rempit, punika pun juru taman ingkang kapatah ananggulang lan malih menawai Kanjeng Susuhunan karsa ameng-ameng tebih pun Juru taman anyugi dhampar ingkang kaleres dipunlenggahi Kanjeng Susuhunan lajeng kabekta lumampah ing ngawang-awang ugi sakedhap saged dhateng ing pundi menggah karsa dalem.
Kalih pun Juru taman ing ngajeng abdi tuturunan saking Kanjeng Panembahan Senapati ing Ngalaga ingkang kacariyos kala prang negari Pajang pun Juru taman anggadhahi panyuwun purun ambithi jajanipun sultan Pajang, punika mila sakelangkung sihipun Kanjeng Susuhunan Sultan Agung.
Ing nalika satunggal dinten Kanjeng Susuhunan akarsa tindak dhateng ing nagari Banten badhe amariksani jajahan ingkang pakewet utawi ingkang gampil menawi kapukul ing prang saking Mentawis supados sampun andadosaken rekaosipun ing wadya bala prajurit sabab kala samanten nagari Banten dereng nungkul dhateng Mantawis, tumunten Kanjeng Susuhunan saestu tindak patrap lenggahing dhampar lajeng kasunggi dhateng pun Juru taman kabekta lampah kras medal ing gegana awit tindaking wanci suruping surya dumugi negari negari Banten ing wanci bakda mahirib, dados amung dipunlampahi saejam, menggahing dalu punika anuju terangipun wulan kang mongsa katiga, mila anggenipun mariksani saged tetela kajajah samudayanipun ing papan sajawining nagari, sareng sampun terang nunten karsa amariksani ing salebetipun cempuri utawi

kaputren ing nagari Banten, anaming teksih kabekta lumampah ing gegana, sareng dumugi sanginggiling pandhapi ageng sultan ing Banten nuju ringgitan purwa.
Tumunten Kanjeng Susuhunan angandika dhumateng pun Juru taman payo ingsun arsa aningali patraping wayang ing nagara Banten, gusti jeng paduka ratu agung mugi sampun karsa amariksani ringgit kang tanpa damel ingkang manawi kawanguran mindhak andadosaken pakewed sabab nagari punika dereng nungkul dhumateng jeng paduka, Kanjeng Susuhunan angandika eh juru taman aja kowe sumelang lan aja kowe amambengi marang karsaningsun pangandika ragi sereng, pun Juru taman wusana ajrih, lajeng susuhunan kabekta dhateng pandhapi prenah anggenipun ringgitan sultan ing Banten, anaming kaselehaken teksih lenggah ing dhampar, pun Juru taman rumeksa munggeng ing ngarsa saha boten katingal sareng antawis ragi dangu lajeng wonten priyantun ing ngriku uninga manawi wonten prayagung lenggah dhampar saha sanes wangun lan cahya anukmeng diwangkara.
Lajeng prayantun uninga dhumateng sultan ing Banten, sultan gupuh tedhak dhateng pandhapi, sareng tepung paningal sultan ing Banten gumeter asmu ajrih, sor prabawa kuntap ing cahya kang amindha baskara, ing wusana sultan mendhek lan umatur dhuh pukulun tigas kawuryanpaduka prayagung ing pundi dene rawuh paduka lan palenggahan singgasana boten paring dhadhawah dhateng ulun, inggih kawula punika sesepuh ing Banten kang panengran Sultan Pakuwati, wau jeng suhunan nalika amiharsa ing tembung ira sultan kang mangasih-asih ing wusana suhunan aris amangsuli sarta amawi krami sapantesipun sabab ing wancining yusya ragi sepuh sultan ing Banten.
Paman sultan kula weca dhateng kang sarira, ingsun Suhunan Amangkurat ing nagara Mantaram, sumarma ingsun prapta ing nagarane paman prelu amariksani kang badhe papan ing prang, ing sanalika wau empun kajajah sadayanipun, ing wusana ingsun mampir ningali patraping wayang nagara Banten katemu lan paman dhewe, sultan ing Banten dupi amiharsa pangandikaning jeng suhunan sakalangkung pangungun ing panggalih lan kaeramen mring kasektening raja suhunan sabab katingal amrandhani yen suhunan wagen lumampah ing rempit lan pratondha wagen rawuh lan sadhamparipun, ingkang saupami menawi saestu kapukul ing aprang saking Mantawis sampun boten montra-montra yen kuwawiha ananggulangi sabab sampun kapiharsa ing wektu punika prajurit ing Mantaram tuwin para sentana kasub sura sekti lan teguh timbul, sultan dadya sakelangkung ngesoraken sarira lan susun-susun kadi aminta sih.
Taksih wonten candhakipun.

Ingkang serat saha ingkang tabe kaurmatan ingkang akathah-kathah ingkang mugi kaatur ing panjenenganipun ingkang saudara tuwan Jonas Portir ingkang ngrenggani saking redhaksi sadaya kabar serat *Bra Martani* ing nagari Surakarta Hadiningrat.
Sasampunipun ingkang kadya punika wiyos boten langkung manawi saudara pareng saha wontenipun ing papan *Bra Martani*, kawula ngaturi kabar sakedhik, ananging sampun radi kasep, rehning semangke taksih wonten wujudipun prayogi dipunkabaraken supados para ahlul nujum utawi para sujana punapa malih para ageng karsa numbas utawi paring pitedah damelipun, ing ngandhap punika cariyosipun: wonten satunggal tiyang bongsa Cina wasta babah Gubuhi gagriya ing kampung Trajeng dhistrik kitha Pasuruwan, ing nalika taun 1873 wulan utawi tanggalipun kasupen, punika babah Gubuhi kesah numbas wedhi dhumateng pinggir lepen Gembong lajeng wonten kelapa garing keli saking kidul lajeng dipuncandhangi kakinten kelapa balak, sareng dumugi ing griya dipunsulumbat sepetipun, wujuding kalapa kados waluh kenthi, kala ing dinten Kemis tanggal kaping 28 wulan Mukaram taun Jimawal punika dipunbekta katedhahaken dhumateng kawula, sareng kawula tingali terang sanget eram kawula dene kawula smapun umur 70 taun dereng mireng dereng ningali kelapa ingkang mekaten wujudipun, pramila inggal angaturi kabar dhumateng saudara tuwan redhaksi supados karsa meradinaken ingkang sareng serat punika kawula ngaturaken polaning kelapa.
Ing pangadhangan dhistrik kitha Pasuruwan kaping 29 wulan Sura Jimawal ongka 1805.
Kawula Raden Panji Jaya Sudirja.

Punika candhakipun cariyos saking Iman Nawawi bongsa Arab

Lalampahanipun sultan Ibrahim Ibnu Adam

Asmaradana. Sapraptanira jro puri, sang prabu lan prameswara, aningali jro kedhaton, senene asri kawuryan, beda lan saban-saban, kadya rinenggeng kukuwung, pratondha sang madeg nata. estukalipah kekasih, amrabani jroning pura, cahyanira sang akatong, mangkana sawusnya mulya, sirnane agni toya, nalika ing wektu dalu, jeng sultanmanjing jro sanggar. Datanpa kanthi pribadi, prabu angeningken cipta, kang kaesthi duk murwang ngreh, sasmitanira ki sudra, dangu antaranira, narendra sare ing ngriku, jeng sultan dalu supena. Wonten sujalma kang prapti, lan ambekta tutulisan, warni kitab cathetane, katingal jroning supena, sultan tata alenggah, sang nata waspa dadulu, mring tingkahe kang sujalma. Anggung angiling-ngilingi, amiyaki ponang kitab, katingal tutulisane, cara sastra ing Bulkiyah, nata dadya ngandika, kisanak tatanya ulun, puniku tulis punapa. De tansah den olak-alik, kang den upaya punapa. Jalma punika saure, puniki kitab cathetan, sagung kekasih ing hyang, munya jro kitab puniku, para nabi para nata. tuwin para ingkang wali, sang nata dupi miharsa, ngungun sarta lon ature, kisana badan kawula, punapa munyeng kitab, jalma punika sumahur, ing samangke dereng munya. Kang nama Sultan Ibrahim, Ibnu Adam ing Bulkiyah, narendra duk pamyarsane, kamantyan panyiptanira, marang sang murbeng ngalam, tulus sariranipun, denira manji utama. Darapon munya ing tulis, wus kasedya banten punapa, lan karya grah sarirane, mangkana dupi antara, wonten syara kapyarsa, eh Sultan Ibrahim iku, lebokna jroning tulisan. Prenah panggonaning tulis, saluhuring para nata, ngisoring pra nabi gone, kang katon jalma gya ngucap, sultan puniki munya, nama padukane luhur, kinacek samaning nata. gya sujud Sultan Ibrahim, narimeng sih sang amurba, lan anon tutulisane, jeng sutlan aris atanya, puniku tutulisan, cara Bulkiyah satuhu, punapa ta beda-beda. Sangunging para kekasih, darbe cathetan priyongga, manut sastrane prajane, jalma punika lingira, tulis amung punika, namung yen sejeng kang dulu, tulise manut kiwala. Yen wong Arab kang ningali, sayekti yen cara Arab, liya praja yekti sanes, nging mung satunggal punika, sultan ngungun miharsa, kapingungunen gya wungu, mingak-minguk tanpa rowang. Gya kundur mring dalem puri, pinethuk mring prameswara, wus tata palenggahane, sang nata nulya wawarta, yen ing dalu supena, tinurut wijiling semu, eh mas yayi karsaning wang. Ingsun arsa nglaksanani, mring sasmita mrih sampurna, tanpa siring utamane, ing dunya prapteng delahan, yayi sira kariya, atunggu jroning kadhatun, lan among mring putranira. Ayya sungkawa mas yayi, wruha karsaning hyang suksma, dene becik wekasane, ingsun lawani mulana, amrih ngeningken cipta, sang prameswara tumungkul, miharsa andikeng nata. drawayan waspanya mijil, langkung sungkawa sang retna, munyeng tulis lalangene, sori nata ing Bulkiyah, nata retna osiyah, pindha yang yanging syarga gung, sarira rurus araras. Cahyane anukmeng sasi, wingiting solah jetmika, kamot amengku kedhaton, nastiti bekti mring priya, mangkana hen sungkawa, sang retna aris umatur, aseret mijiling sabda. Dhuh pukulun sri bupati, amba tan kenging sulawa, mring karsa paduka mangke, estu yen manggih druhaka, estri suwaleng priya, mung sakedhik wagelipun, dede putra jeng paduka. meksih timur dereng wanci, paduka tilar mulana, kadya paran wusanane, karaton nagri Bulkiyah, sinten kang ngayumana, estu matis tanpa prabu, dhuh paran solah kawula. Mangkana Sultan Ibrahim, miharsa aturing garwa, anulya nyandhak putrane, pinangku den aras-aras, cumucud wancinira, raja putra langkung bagus, kang rama alon ngandika. Kulup paran sira kari, ingsun tilar amulana, sira mengku jro kedhaton, apata sira kaduga, yata sang narpa putra, manthuk tan nauri wuwus, lan tumenga non mring keblat. Mesem sira sri bupati, kang ibu ngungun tumingal, de putra dereng wancine, keni liningan mengkana, wau dewi Osiyah, sangsaya prihatinipun, reh wanodya keh kagagas. Prabu nulya angecani, angimur-imur mring garwa, sinarehken ing ngarsane, ing dalu tan winurcita, enjing ningali patya, kinen ngundhangi wadya gung, natarsa cangkrameng wana. Kya patih sigra ngundhangi, wus pepak sagung punggawa, nulya tindak sang akatong, lan sagung sentana warga, sultan nitih turongga, lepas lampahnya sang prabu, laju tumameng jro wana. Kacarita neng wana dri, sultan kapisah lan wadya, amung lawan turanggane, sang prabu kaluntа-lunta, nulya miharsa syara, eh eh sultan yya katungkul, enak wong mangun suka. Lawan anitih turongga, jro neraka liwat panas, nata kagyat pamyarsane,

tinilingaken kang syara, munggeng kekapa kuda, nata driyanya suh rempu, nander mijil pelarasan.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 12 Kemis kaping 23 Maret 1876
BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami ngemin serat *Bra Martani* kula aturi ambayar arta panumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1875 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing *Bra Martani*, ingkang punika pangajeng-ajeng kula sampun ngantos kalampahan mindhak andadosaken kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en.ko.

Pakabaran benjing ing dinten Jumuwah tangga kalping 24 ngajeng punika ing alun-alun Surakarta wonten baris ageng dunungipun badhe angormati pangulunging ganjaraning sri maharaja dhateng irste litnan kakalih, 1.pe pan Lawik, 2.We.Je.Pilip ingkang sami kinula wisudha dados ridhering militer wilemse ordhepir dhe klas.

Nalika ing dinten Rebo kaping 15 wulan punika wonten lare kakalih bongsa kulit pingul sami dolan ngandhaping uwit kamal ngajengan kamar bolah ing Surakarta, lajeng wonten tiyang jawi jaler amrepegi sarta apitaken dhumateng lare wau punapa remen layangan nunten sami nganthuki lajeng dipunbekta kesah dhateng Cayudan dipunirupaken yatra 9 rupiyah wah payung sutra satunggal kaliyan sinjang satunggal dhateng cina dagang, durjana lajeng kesah, sarehning para lare boten angsal layangan lajeng sami nedha mantuk, sareng kapambengan sami nangis gembor-gembor, cina ingkang ngandhek lare kajrihan lajeng kajujugaken mantuk, yatra 9 rupiyah kaliyan kaliyanpyung sutra satunggal sarta sinjang satunggal dipuntedha wangsulipun saking bokipun lare ingkang satunggal, sareng boten angsal lajeng kesah, owel cina wau dereng kacepeng, bok manawi kathah kadurjanan ingkang badhe kawiyak kajawi makaten pun cina boten kenging yen ngakena boten semerep manawi lare wau anakipun bongsa kulit pingul.
Sareng sadinten anakipun tuwan W inggih dipungalembug tiyangbadhe kasukanan layangan dipunirid dhateng setasiyun sepur, sareng wonten margi ageng kapethuk mandhoripun tuwan W lajeng dipunbekta mantuk.
Sasampuning wonten kadurjanan kang makaten para bapa biyung kaengetan sampun teka anguja lare tanpa ngulat-ulat tujunipun kaping kalih wilujeng, nanging maksa anyumelangi pawingkingipun, wasapa prelu sanget amanggihna juru pandung lare, dene cina juru dangang lare kados badhe kapanggih sarta anampeni ganjaran.

Nalika ing dinten Kemis kaping 16 Maret ing setasiyun sepur Surakarta katingal uyeg jalaran matsekapei angaturaken damel badhe ambekta layonipun Raden Ayu Gusti Adiwinata dhateng Yoja mawi ekstra trein, saking ngriku badhe kabekta dhateng pasareyan imagiri, sareng enjing wanci jam 9 panotoging layon dipunrumiyini prajurit dalem jawi lebet mawi tambur dharedhet, sareng sampun prapta ing setasiyun bandhusa lajeng kapapanaken ing trein, wanci jam sadasa bidhalipun saking Surakarta, dene Raden Ayu Gusti Adiwinata wau putra dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan kaping V.
Nalika ing dinten Rebo kaping 15 Raden Mas Arya Gondawardaya, paripeyan dalem kanjeng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara kabekta dhateng pasareyan celak karang pandhan, sarehning raden mas riya wau lenggahipun kapitan stabel mila layonipun kairing prajurit militer dumugi ing Jurug.

Serat kabar *Dhe Porsten Landhen* anyariyosaken menawi kanjeng pangeran hangabehi badhe karsa krami dipunpundhut mantu Ingkang Sinuhun Sultan ing Ngayoja, wertos punika menawi inggih temen menawi inggih temena saiba saenipun dene ratu besan sami ratu kepingin badhe pirsa kelampahanipun, naming putri ingkang pundi punapa Ratu Ayu, punapa Gusti Sekar

Kadoaton, punapa Gusti Sekar Taji, tiga wau pundi ingkang badhe dhaup lan gusti behi, wontena sanak sadherek ingkang mangsuli genahipun bap nginggil punika.

Nalika ing dinten Kemis tanggal kaping 9 wulan Maret punika wonten tyang nami Suramenggala, 2. Karya Wijaya, sami kampung ing Gabudan, rehning sami neneman sarta malem Jumungah sabyantu kesah tirakat dhateng prenah sakiduling bacem, sareng wanci pukul 4 enjing badhe mantuk, dumugi sabrangan bacem boten wonten bahita awit ingkang nambangi taksih tilem, wasana sami nekad sumedya anggebyuri, ingkang lonyo pangucap ngingisaken kapurunanipun dumugi tengah-tengah katut kendhang ing toya, ingkang nami Suramenggala wilujeng, o..inggih dilalah samanten takdiripun, sumongga kagaliya menawi wiyar toyanipun panuju dhateng peres kok nekat, dados tembung nemaha saking pakabaran bojonipun ingkang kendhang boten tarimah anggadhahi aturing parentah ageng kilap dadosipun.
Katandhan pun Pemut.

Panjurung ing Surakarta

Awit saking sampun pinasthi dening sang jawata linangkung nalika ing dinten Rebo tanggal kaping 18 wulan Sapar punika Gusti Bandara Raden Ayu Adiwinata putra dalem Ingkang Sinuhun ingkang kaping 5 atilar donya kondur dhumateng ing jaman kalanggengan, saking pakabaran menggah jalaranipun namung gerah sepuh, lajeng kasarekakaen dhumateng ing imagiri, wondene rarengganipun layon saklangkung samuwa asri tiningalan mawi kajajaran abdi dalem praajurit dharat tuwin prajurit kapalan lajeng kasambutan gumerdegipun para nyai tumenggung sapanunggilanipun bongsa estri sepuh anom ageng alit sadaya, ungelipun tambur kabarungan bremengipun para jamhur ingkang sami mujwa dikir, ing kanan kering layon kaampingan dening prajurit dorapati ingkang amundhi tumbak ing wuri ginarebeg dening kanjeng raden adipati sarta para bupati kaliwon sapanekaripun sawatawis tuwin kasambetan malih para prajurit dharat lajeng kasambetan para kanjeng pangeran putra santana dalem wonten ingkangtindak dharat sarta wonten ingkang nitih wanjik tuwin kreta, makaten malih lajeng kaselanan gandaning para ledhis apek penguk tuwin lengik sapanunggilanipun langkung angambar ing samargi-margi inggih punika barebeting para sang bagus jalebud bajingan kopyok, lampahipun tanpa kapranata langkung sakeca-keca angagem karsanipun pyambak-pyambak, cinarita anggenipun sami anandukaken sumebaring arta sawur saklangkung guyup sarta rahab sanget solah patingkah pating caringap pating julalat, dene teka tan mawi suba sita tuwin sigug saru dinulu langkung anggigirisi tiyang inggih sampun sinebut bajingan bangsat, salami kula sumerep kok boten wonten bajingan ingkang anggadhahi manah isinan sarta rikuhan ingkang mesthi saen anguthuh doyanan…..= kocapa sareng layon dumugi ing margi parapatan Darpayudan, wonten satunggaling bajingan wau dipunpulasara kalayan camethi dening Kanjeng Pangeran Arya Cakranagara jalaran bajingan radi kaladuken anggenipun nandukaken icaling suba sita, pundi wonten arta sawur taksih wonten salebeting wadhah bokor lajeng dipunrayah purun kimawon, mila kalampahan kilap satunggal kalih wonten bajingan ingkang kadunungan rengkuk badanipun tuwin nandhang sangsara, saking panginten kula pun bajingan lajeng gadhah sambat makaten (eh kojur durung karuwan oleh dhuwit malah nandhang cilaka awaku), lo ingkang makaten punika ing saestu pun bajingan kados boten yen anggadhahana cipta kaduwung tuwin getun anggenipun anglampahi pandamel kados ngajeng wau amargi ingkang sapisan pancen sampun dipunsedya, kaping kalih piyambakipun ingkang tamtu sampun sring-sring tuwin kerep anglampahi nandhang cilaka.
Ewadene sanadyan kula sampun amastani samuwa bab rarengganing layon, ananging kula taksih kadunungan manah gela sakedhik jalaran namung abdi dalem para prajurit ingkang wonten pengkeraning layon punika lampahipun saklangkung riwut pating kaungsang pating balesar tur ingkang wau sampun dipunpranata sarta ungling tambur panabuhipun saengga dipuntitir purun, ing ngatasipun saweg anglampahi damel makaten leresipun punapa sabarang solah tuwin pangandika kedah ingkang kalayan tamban-tambanan, punika boten lampahipun malah kados

badhe tandang griya kabesmen, lah ingkang makaten wau andadosaken saru tiningalan ing akathah, dados para prajurit wau kenging kawastanan resah patrapipun saha boten amarduli dhateng punapa ing sabarang cacah, dene lampahipun teka kedah anglancangi tuwin kedah anunggil kaliyan para nyai tumenggung tuwin para bupati nayaka dalem sadaya, saupami wekdal samanten saengga kula dipunwenagkaken amranata saestu inggih kula pranata ingkang prayogi, wangsul sareng kula punika nama tiyang ningali, dados salebeting manah ingkang wonten namung gumun saha kedah anyanyawadi bilih wonten lampah ingkang pancen boten leres, milanipun skaing pamuji panuwun kula dhumateng para ageng boten langkung ing tembe wingking malih manawi wonten pandamelan kados kang kasebut nginggil wau langkung prayogi kadhawuhaken supados sami ingkang ngatos-atosa angenipun anampeni parentahing bandara sampun anggadhahi manah sambrana kedah ingkang tata sarta prasaja, kenging prayogi dinulu sagunging pra jalma punapa dene ingkang ngalnggana punapa sapangandikanya kang dadya manggala.
Awit saking ingkang makaten wau tegesipun ingkang sapisan supados pantes tiningalan kalayan asri dening pra jalma sadaya, ingkang kaping kalihipun ing saestu gusti kula Ingkang Sinuhun kasaosan unjuk sakathahing pangalembana sarta kenging kaangge tutuladan ing praja liyan.
Ing sapraptanipun layon wonten ing setatsiyun Surakarta lajeng lajeng kasumanggakaken dhumateng tuwan ingkang ngasta pangawasa sepur weh supados anglajengna lampahipun dumugining setatsiyun ing Lempuyangan (andum wilujeng mas).
Sinerat ing sangatinawut tanggal kaping 25 wulan Sapar taun Jimawal angkanipun ing warsa 1805. Katandhan pun maca udrasa.

Serat saha tabe kula pakurmatan sogi katur tuwan ingkang ngarang serat pakabaran *Bra Martani* ing Surakarta.
Sasampuning kadya punika wiyosipun manawi andadosaken dhangan ing panggalihipun saudara tuwan redhaktur, serat panjurung kula pekabaran punika kula aturi macak ing serat *Bra Martani*malih, kula namung angabaraken manawi ing Ngayujakarta ngriki wonten bupati satunggil dados patih Kadanurajan sarta kapasrahan pandamelan pulisi ing kitha ngriki, punika kala badhe kesahan kamipurun mrintahi panji dhistrik sakawan kinen dherekaken piyambakipun dhateng ing Samawis, awit panji sakawan wau kenging kawastanan sabawah bupati punika inggih nunten sami nurut parentah dherekaken, pambekanipun sangu sadaya amung sakedhik sabab sampun limrah manawi dherek sadaya ongkos ing margi ingkang wajib ambayar lurahipun ingkang kadherekaken.
Panji dhistrik sekawan wau lepat pangangkahipun awit wonten ing setatsiyun Ngayugya sampun sami kajibahan bayar ongkos sepur piyambak, sareng dumugi ing Samawis sangunipunsadaya telas, boten karembag dhateng bupati ingkang kadherekaken wau, kalampahan sami nyuwun nyambut sangu dhateng bupati punika, ananging boten dipunsukani, mongka bupati wau anggenipun bekta sangu kathah sanget, panji sakawan wau kewedan pikiripun sadaya, ngantos sami badhe nangis sabab meh boten saged mantuk dhateng Ngayugyakarta malih.
Anggen kula nglebetaken pakabaran punika jalaran saking kula mesakaken sanget dhateng panji sakawan wau awit panji punika sadaya kathah kakiranganipun, mongka dipunakali kados makaten tuwin supados ingkang nyepeng panguwasa ing nagari Ngayugya sageda pirsa manawi kula boten kapalanga dening pandamelan benjing kula badhe ngabaraken malih bab bupati satunggal punika.
Sinerat ing Ngayugyakarta ing dinten Kemis tanggal kaping 2 wulan Maret taun 1876.
Katandhan pak dahwen.

Katur mas Jaya Pramana

Kula sampun kerep kemawon amirengaken kojah tegesipun sekar ageng tengahan tuwin macapat, ujaripun ingkang sampun nate aningali wawaton saking cariyosipun serat sidin utawi serat sanesipun wangsul manggenipun sabab punapa mawi diunwastani sekar ageng tengahan tuwin

macapat, kalih dene punapa wawatonipun manawi badhe angerasaken tembung amendhet witipun ungel-ungelan ingkang sampun kakerasaken punapa namung anguger saanggeripun wonten tembung ingkang pungkasanipun dhawah aksara lagyana, kenging kakeresaken […] yen boten makaten lah kados pundi, wasana kula nyuwun katrangan manggenipun pataken kula kalih bab wau. Katandhan Kramadongsa.

Wangsul dhumateng mitra
Jaya Pramana

Sarehning kula sampun rumaos kawaledan ing sihipun mitra kula Jaya Pramana saking anggenipun karsa angudhari ruweding manah kula sarta paring saserepan kalintuning panyerat kadi kang kasbeut ing *Bra Martani* ongka 7, saestuning dalem manah atur kula nuwun.
Bok manawi ing tembe wingking yen wonten ruweding manah kados dene ingkang sampun kula kalilana mitegesaken malih.
Atmareja aliyas Mintajarwa.

Wangsulan
Tumanduk ing mitra kula : Jaya Pramana

Saklangkung andadosaken senenging manah kula ajalaran saking panjarwanipun mitra kula Jaya Pramana anggenipun karsa paring tegesipun paminta kula bab tembung kawi kados ingkang kasebut ing *Bra Martani* ongka 7 ingkang sampun kapengker.
Ingkang punika sarehning smapun anyundhuki kaliyan pamanggih kula wasana sanget ing panuwun kula.
Anjawi saking sapunika satelasipun pamaca kula dhateng seseratanipun Jaya Pramana, kula tumunten maca seseratanipun rara sejati ingkang suraosipun minta serep dhateng mitra kula Jaya Pramana bab tiyang tilem dene mawi supena tuwin anglindur, sabab saking punika boten pisan kula manah.
Anamung kedhik ingkang anjalari andadosaken eraming manah kula wau awit saking pasanging penyeratipun rara sejati, mokal sanget manawi rara sejati dereng angambah wawatoning sastra jawi amargi kanyina patraping panurat, ananging panyeratipun ingkang mungel:
1. panjenengan, 2.asih ing sesamenipun, 3.supena, 4. Manungsa, 5.anydadosaken kadheng, 6.baten mingser, 7.jasat, 8.pikantuk, 9.gagolongan.
sanesipun saking punika kathah kemawon manawi kawilisa, yen makatena rara sejati punika sampun kacemplung bangsanaing sarjana awit sampun kanyina wignya nyarup wor aksara: dantya katunggilaken kalayan aksara talawya, angrembak, tembung dwipurwa lan tembung dwi lingga andunungaken suku: mungging: sadantya bucal aksara alap prana ngangge aksara: maha prana, dados yen mekaten sarehning rara sejatisampun kacetha sanget manawi kacemplung bangsaning sarjana dados sampun boten susah angangge wawatoning sastra jawi lan amatrapna sastra guru aksara: 66 kok teka gampil temen, eh lah ing ngriki kula nyuwun serep bab pamasanging panyerat sampeyan kadya ingkang sampun punika punapa paboya andadosaken congkrahing sastra: nun. Dene kok teka carobo makaten, eman owel kyahi *Bra Martani* anggersah angesah wit kadunungan panyobo sampeyan.
Mas: mas: titi.
Patralalita mitranipun anyar Jaya Pramana.

Kasmaran ing tyas mangaksi, surat prajangjeyan anyar, Injil bab sapta kacriyos, ginubah sinungan tembung, dene ta kang jinarwa, gancar panganggite Markus, caritanira mangkona. Anadene wong parisi, saweneh ing wong ngulama, kang prapta sing Yerusalem, padha ngalumpuka marang, ngarsane Nabi Ngisa, wong parisi langkung gawok, tandya samya ananacad, sabab wong parisi, lan wong Yahudi kabeh iku, yekti datan arsa mangalun. Lamun durung anuceni, tangan ingkang resik pisan, netepi ila-ilane, angluluri ing wong kuna, sedene yen ing pasar, tar mangan yen durung adus, lan malih wonten pratingkah. Kang tan mapan den tetepi, katata anagumbah-umbah,

cangkir kendhi tuwin bokor, miwah amben wade samya, de wong parisi lawan, kang para ngulama wau, sigra samahur tabanya. Maring jeng Yesus linuwih, punapa sabab sampeyan, boya nglampahi sapakon, ila-ilane tyang kina, dene genipun nedha, roti datan mawi wisuh, Yesus amangsuli sabda. Beser pamecane nguni, yesaya mring dhewekira, wong semang yekti ngatase, kaya kang wus katulisan, askehe iku bongsa, angurmati jeneng ingsun, kalawan lambe kewala. Nanging tyasira atebih, saka panjenenganing wang, yekti iku tanpa gawe, genira ngabekti mring hyang, sajatine punika, amumurukaken wuruk, wit saking pakoning janma. Sabab dene sira sami, aninggal pakoning Allah, enggonmu anetepake, ila-ilaning wong kuna, olehmu angungumbah, kendhi cangkir samenipun, tuwin nglakoni pratingkah. kaya kang mengkono ugi, yekti akeh liyanira, Yesus angandika alon, marang wong ing mau ika, sayekti kowe teka, amba talake puniku, marang parentahing Allah. Supayane anetepi, ila-ilamu priyangga, sabab jeng Musa kinahot, dhadhawuhana angajenana, marang ing yayah rena, sing sapa wonge amerdud, ngalaken ing ibu rama. Amasthi dipunpateni, dene kowe lamun ngucap, yen ana wong matur bares, marang bapa biyungira, iku ingkang utama, tur gedhe paedahipun, punikuingaran kurban. Tegese pisungsung becik, lan sira wignya ngampaha, marang wong keng karya awon, kurmata mring wong tuwa, iku panggawe mulya, amurungna ing laku dur, poma padha estokena. Wong kang murungken sabdaning, Allah amarga lahila, kang padha kotur larake, lan keh-akeh karyanira, kaya mangkono uga, sawuse nimbali iku, sakehing kang gogolongan. Yesus angandika aris, kowe padha angrungokna, sakehing pituturing ngong, sarta padha sumurupa, tan ana apa-apa, liyaning wong kang kalebu, kang wignya jembering janma. Balik kang mijil sing jalmi, iku ingkang jember rana, uga sing sapa adarbe, kuping pangrungu ngrungokna, sawuse pisah lawan, wong gogolongan puniku, kang munggeng sajroning wisma. De para sakabat anglling, umatur tatanya marang, Yesus mungguhing tegese, pasemon wau punika, Yesus Kristus ngandika, marang pra sakabat wau, sira iku arsa iya. Padha balilu sayekti, ora sumurup sabarang, kang kalebu marang ing ngong, iya kang saka ing jaba, iku apa tan bisa, anjemberi marang wong iku, sabab datan manjing manah. Mung manjing weteng anuli, banjur mijil ing pakiwan, ngresiken panganan kabeh, gya Yesus sru angandika, sabarang ingkang medal, saka ing manungsya iku, yaiku kang jember rana. Sabab ingkang metu saking, sajroning ngatining janma, kayata panyipta awon, bandrek jina karya pejah, colong murka pihala, cidra brancah ladak punggung, panasten panyatur ala. Pihala iku sayekti, kang mijil saking jroning tyas, anjemberi marang ing ngong, Yesus wusing mangandika, sigra arsa umangkat, tindak mring lalandan tirus, lan sidon gya malbeng wisma. Ing karsanira sri nata, yya ngantya kawruh anjanmi, nanging tan saged umpetan, wit ana wadon sawiji, darbe atmaja estri, jimreged kang manjing iku, marang janma wanodya, sira jim wus ngrungu warti, wartanira mungguh ing ngatase sang Isa. Muga ambuwanga setan, kang aneng atmaja estri, jeng Yesus alon ngandika, marang wong wadon puniki, karebene kariyin, anak-anak padha tuwuk, sabab datan pratistha, yen ingambila kang roti, kauncalna marang sangareping sona. Wong wadon mangsuli sabda, marang jeng Yesus amanis, gusti langkung kasinggiyan, dene sagawon puniki, nedha roti sacuwil, lare-lare ingkang asung, saking ngandhaping meja, Yesus angandika aris, mring wong wadon awit saka aturira. Jeng Gusti Yesus ngandika, sira muliya tumuli, setane wus metu gancang, saka ing anakmu yekti, sawusira amulih, setan wus kapanggih metu, dene ta anakira, ngaleleh neng jinem wangi, langkung suka sudarma miyat atmaja. Yesus tumuli umangkat, wangsul sing laladan nagri, tirus lan sinon gya prapta, satepining kang jaladri, galiye anenggih, satengah laladanipun, de kang polis nagara, gya wonten janma sawiji, nyebakaken wong budhek pelo mring ngisa. Padha adarbe paminta, ingsun timurtining bumi, kang mugi gusti numpangna, asta dalem maring janmi, ingkang budheg puniki, supadya nuline mantun, sawusira pinisah, lan wong gogolongan sami, gya binakta pinisah sing wong golongan. Yesus aneselken asta, dariji dhumateng kuping, Yesus kecoh sarwi ngasta, mring ilate wong kang tuli, tumenga marang langit, angesah andika arum, mring wong budheg punika, efata tegese mugi, binuko kupinge sigra miharsa. Sarta tatalining ilat, dipunuculi tumuli banjur bisa clathu cetha, dene sakehe kang janmi, sadaya den waleri, ajana kang tutur-tutur marang ing jalma liyan, kamantyan dera maleri, nanging malah sangsaya wawarta. Kalangkung ascaryeng

janma, ing pangucapira smai, mangkana pangungunira, panggawene yekti becik, wong budheg den tambani, wekasane bisa ngrungu wong bisu jinampenan, wasanane wignya angling sampun tamat pratondha Jaya Premana.

Punika candhakipun cariyos Sunan Amangkurat

Sultan ing Banten anunten mundhut palenggahan sasampuning tata sami lenggah dhampar tumunten angaturaken pambage lan panembrama kang atembung murda piluta, angger sarawuh jeng paduka ing nagari Banten pun paman sakalangkung andadosaken suka rena lan sokur ing gusti kang amurbeng ngalam, raosipun manah kawula kados dening katurunan ing laelatul kadri utawi kabanjiran ing samodra madu, menggah panambramanipun sultan ing samanten punika andadosaken sih kawelasanipun ing panggalihira jeng suhunan, ing wusana amangsuli laras angasrepi ing panggalihira sultan ing Banten, pangandikanipun jeng suhunan mangayubagyaning paman sultan andadosaken panarimah ingsun, lan paman mugah ampun rumaras ing sajroning panggalih yen negarane paman kula alimi boten kapukul ing prang.

Yata sultan ing Banten sakalangkung sokur amiharsa ing pangandikanipun sang suhunan, nunten sultan ingaturi sugata dhadhaharan sarta kacarakaken ing tembung kang angsih-asih, ing sadangunira palenggahan abdi laweyan pun Juru taman rumaos boten kuwatos anggenipun rumeksa, dene sultan Kanjeng Suhunan pitepangipun sami sae, pun Juru taman nunten kesah amanggihi pawong mitranipun bongsa siluman ingkang wonten ing tanah ngriku, pun Juru taman saweg mengker wau jeng suhunan karsa kundur dhateng Matawis lajeng pamitan dhateng sultan, dupi jeng suhunan tedhak pun Juru tamanboten wonten lajeng dipunupadosi dhumateng jeng suhunan dangu boten pinanggih, punika sakalangkung andadosaken sungkawa utawi sumelang ing panggalihipun jeng suhunan sabab rumaos yen badhe kawanguran boten saged kondur lumapah rikat.

Wau pun Juru taman sasampunipun kapanggih lan pawong mitranipun nunten wangsul dhateng ing ngarsaning jeng suhunan kagyat dening sampun sepen, amung kantun palenggahanipun dhampar kimawon, pamanahipun Juru taman jeng suhunan kagalih sampun kondur saged lumampah rikat piyambak, tumunten dhampar enggal kasunggi kabekta nusul mantuk dhateng Mantawis, punika tiyang ing Banten sareng sumerep yen palenggahan dhamparipun jeng suhunan musna sakalangkung andadosaken pangungun utawi eram ing pangwasanipun jeng suhunan Mantaram, sultan ing Banten saya sanget ajrihipundhateng jeng suhunan.

Wau jeng suhunan kang ngupadosi Juru taman kalajeng medal sajawining cepuri kedhaton ing Banten mubeng meksa boten pinanggih, jeng suhunan sangsaya langkung rudatosipun jroning panggalih ngantos amesu sarira yayah maladi ening, sareng panggalih wau terus lan sang amurweng dulu, sanalika jeng suhunan sampun pana, ananging dereng angsal pambukaning menggah kasampurnan, ing nalika jeng suhunan lenggah ing sela angajengaken keblat tumunten wonten katingal prayantun jumeneng wonten ing ngarsanipun jeng suhunan warni prayantun kakung wanci satengah sepuh angagem busana warna endah lan mawi cahya wor soroting wulan kang lagya terang tan katawengan dening ngima, sareng jeng suhunan aningali boten angandika amung andheku kimawon.

Tumunten prayantun ingkang jumeneng punika ing sabda kang sakalangkung dening manis arum, he..ya suhunan, dene kapanggih sungkawa wonten ing ngriki mila panjenengan ratu punika pepengeting boten kenging salah karya, ing mangke suhunan langkung susah kados pundi kawekasanipun angandelaken pangwasane dhateng bongsa siluman kasupen boten angandel dhateng sejatining sarira utawi kang amurbeng ngalam, jeng suhunan amiharsa langkung pangunguning panggalih sarta kados dipunosikaken kang dhateng kasampurnan, ing wusana jeng suhunan sumeja anggalih puruhita lan anyuwun pitulung wageda kundur dhateng Mantawis kang jleg tanpantara, jeng suhunan nunten umatur, pukulun kula sumangga ing jeng padukarehning kang telangso mugi-mugi wonten sih kawelasan jeng paduka kalih pukulun punika sinten dene mawi boten kakilapan dhumateng satingkah kawula ugi kawula anyunyuwun kapanjingna dhumateng kasuciyan.

Prayantun punika dereng karsa amalohaken asaling sariranipun amung angandika makaten, sunan paduka tampi sihing ingkang murbeng ngalam, kula kalilan amejangdhumateng suhunan tumunten jeng suhunan kawejang ing ngelmi sasengkeran kang langkung dening prayogi rehning sang prabu wirutama limpad ing panggrahita, sanalika lajeng katampen lan tumunten saged angagem suraosing ngelmi kang sinasab, trang trus ing panggalih datan kewran, lajeng prayantun punika angandika, eya suhunan punapa sampun katampi, suhunan umatur ing pangestu jeng paduka, lajeng suhunan kaatag manjing ing lengen rasukanipunprayantun punika darapon saged kundur dhateng nagari Mantawis tanpantara, lan prayantun punika amedharaken angsaling sarira angakeni yen Sunan ing Bayat, ananging larasing tembung kados lilingsen kimawon sabab amung amengku pamrih.

Pramila prayantun kang amanggihi Jeng Suhunan Mangkurat angakeni manawi piyambakipun punika Sunan ing Bayat, sabab kala samanten pasareyan dereng kawangun sae, bok manawi anggenipun anulungi dhateng kasusahan punika , jeng suhunan kapurih anyaenana dhumateng astananipun sunan ing Bayat, sabab ali warisipun Matawis boten saged anyaeni, punika tiyang kina sami arebatan ing pandalih, wonten ingkang mestani ingkang manggihi punika turunipun Sunan Bayat kang nama Pangeran Minongkabo, punika inggih kacariyos sekti, wonten malih kang manggihi punika Sunan Kalijaga, wonten kang mestani miji saking gaib, ing wusana Allahualam.

Sampun sareng dumugi kateranganipun panggalihira kanjeng Suhunan mireng manawi kaatag manjing lengenan rasukanipun prayantun kang mejang punikawau, sanalika trangipun panampi kapurih amanjing ing rasukan, ingkang kawejangaken punika supados wageda rawuh ing kadhaton kang tanpantara, anaming sarana manjing lengen rasukan sayektos, sareng jeg suhunan malebet sanalika lajeng rawuh wonten ing salebeting gadhaton ing nagari Mentawis jeng suhunan sakalangkung ngungun lan sokur mring sang murbeng gesang, dene para garwakang aningali yen rawuh jeng suhunankang jleg tanpa sangkan sakalangkung sami kagawokan lajeng kumarubut sami angujungi lan manembrama ing sabda kang manis arum.

Yata wau pun Juru taman ingkang mantuk rumiyin kang sarta mawi nyunggi palenggahan dhamparan, sadangunipun kanjeng angupadosi dhumateng kanjeng sultan anaming boten pinanggih, pun Juru taman lajeng dhateng pawingkingan panggenan para selir, ciptanipun manawi kanjeng suhunan wonten ing ngriku, pun Juru taman saweg amengakaken kori gedhong sarta ngatingal cara manungsa, lajeng priyantun selir kang wonten ing ngriku jerit-jerit sabab ajrih, kanjeng suhunan nalika rawuh menangi ingkang mekaten lajeng duka sanget, pun Juru taman kalampahan diunjojoh ing tengen kenging mripatipun kang kiwa ngantos bawur, punika pun juru taman awitipun mutung kesah sarwi ngresula, boten panggih pinanggih ngantos sapriki, punika saweneh cariyos pun Juru taman kakabaraken motha-motha badhe angganggu para selir, punika kilap leres lepatipun. Taksih wonten candhakipun

Punika candhakipun cariyos saking Iman Nawawi bongsa Arab
LalampahanipunSultan Ibrahim Ibnu Adam.

Mijil. Sanalika kanjeng sultanIbrahim tyas kadya kawuron, basa arab majeng nun tegese, sruning brongta mring kang murbeng bumi, temah lir kalindhih, puniku mejenun, yata wau jeng sultan Ibrahim sawusira miyos saking wana tilar mring wadya keh, laju kundur tumameng jro puri, sang aprameswari, gupuh nulya methuk. Sarwi umatur anilas werti, de paduka katong, tanpa wadya punika kundure, paran dupi babedhag wona dri, prabu gya mangsuli, yayi angganingsun. Sru kasereng de kang murbeng urip, kang tungkul buburon, marmaningsun kundur age-age, ayun anelongsa mring hyang widi, sang aprameswari, myarsa langkung ngungun. Wusnya tata palenggahan sami, gantya winiraos, kyana patih kang tan sewanane, miwah punggawa satriya mantri, sring-sringan ngulati, marang sang aprabu. Nulya wonten duta saking puri, timbalan sang katong, ingandikan wadya sedayane, miwah patih kinen manjing puri, yata kebut saking, wus manjing praja gung. Kyana patih lan parabupati, laju mring kedhaton, samya kendel munggeng pasowane, tugurnya nalamun menggah runtik, gya ngandikan sami, mring ngarsa sang prabu.

Sultan mesem angandika aris, patih ing samengko, yya sungkawa myang salah ciptane, payo pareka ingsun jateni, ing satingkah mami, miwah karsaningsun. Gya narendra ambuka wewadi, kadya cacariyos, winiwitan duk kala panggiya, lan ki sudra dadya sasmitaning, myang nalika nguni, supena ing dalu. Myang duk myarsa syaraneng wanadri, pepenget mring katong, patih myarsa langkung pangungune, sri narendra gya ngandika malih, eh iki apatih, samangko karseng sun. putra ningsun adegna narpati, amengku kaprabon, sira kang among bot repote, lawan sagung kang para bupati, yya owah lir nguni, dene sarireng sun. arsa mulana ngendingken dhiri, eh patih parabon, kacakupa sekaro-karone, kene kana tetapa antuk sih, wau kyana patih, ing pamyarsanipun. Langkung kagyat gya umatur aris, pukulun sang katong, kadya parandining gusti angger, meksih timur kinarya narpati, estu dereng kenging, yen paduka prabu. Dereng kundur mring rahmatolahi, manawi kasemon, dene putra dereng wanci mangke, lan pukulun karsa tilar nagri, estu yen prihatin, wadya saprajagung. Miwah garwa sadaleming puri, sru nandhang wirangrong, lawan malih langkung kuwatose, lamun wonten parang muka prapti, sagung para abdi, wrat nanggulang mungsuh. Sri narendra sereng asmu runtik, patih away wangkot, sawadine karsa ningsun kiye, nora kena yen sira palangi, pasraha yang widhi, kang miseseng tuwuh. Balik yen wngkot sira bilahi, lah uwisa mengko, undhangena mring wadyengsun kabeh, lamun putraningsun madeg aji, kya patih wot sari, undhang lan rawat luh. Miwah punggawa satriya mantri, gegetun andongong, anekseni lan mijil waspane, miwah pangulu suhada ketib, dodonga lan nangis, sruning tresneng prabu. Yata wus titi luwaran saking, ing ngarsa sang katong, prapteng jawi saya sru tangise, kabiwara orem sanegari, wuwusen jro puri, prameswari prabu. Dahat mangun ardayaning galih, lir nandhang wirangrong, Dewi Osiyah mumpuni ing reh, wignya simpen kang mawa wewadi, parandene kongsi, kawingking srawat luh. Wit panggalih trenyuh amimbuhi, cahya wenes ijo, pindha wulan katawengan dene, ngima monda-monda anuluhi, nanging sang dyah ajrih, tan arsa umatur. Marang raka tuwin anggendholi, tumurut sapakon, Dewi Osiyah tetep bektine, mring narendra tuwin mring hyang widi, jeng sultan udani, yen garwa matrenyuh. Dadya mangimur mring prameswara, sinidi wiraos, kawibawan ing jaman akhire, garwa sinung wruh mring wusananing, karsaning narpati, yen ing tembe wangsul. Sreping galih gya sare sang putri, wau sang akatong, madyeng ratri mijil sing purane, nitih kuda lampahira nillip, tan kawruhan dening, kang wadya bala gung. lEpas lampahira sri bupati, dukap ing parandoh, nanging teksih nunggil jajahane, ing Bulkiyah ing nalika enjing, kang kantun neng nagri, sru sawayang-wuyung. Kyana patih lan punggawa mantri, wus prayitneng kewoh, rempeg ajeg jro nagri tindake, duk ing nguni kacariteng tulis, sapengkering aji, kya patih mamangun. Mring rukune tan sulayeng budi, rumekseng keraton, wit kawignyan patih pratikele, anglangkungi arjaning negari, malah angungkuli, duk maksih sang prabu. Estu pitulung sang murbeng bumu, dalajat kinaot, maratani praja rahayune, datan ana darbe solah juti, mung tumemen sami, rumekseng praja gung. Tuwin durjana bobotoh maling, kalbune kawuron, amareni rahayu samangke, parang muka samya ajrih asih, wus mangkana nuli, ganti kang winuwus.

Taksih wonten candhakipun.

Ongka 13 Kemis kaping 30 Maret 1876

BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami ngemin serat *Bra Martani* kula aturi ambayar arta panumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1875 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing *Bra Martani*, ingkang punika pangajeng-ajeng kula sampun ngantos kalampahan mindhak andadosaken kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en.ko.

Paradhe

Nalika dinten Jumuwah enjing wanci jam 7 ing ngalun-alun Surakarta sampun jibeg tiyang aningali baris ageng kumpni tuwin lesiyun Mangkunagaran utawi prajurit kapalan sarta para sekiter sami sumekta badhe kormatipun upsir kekalih lenggah irste litnan 1. Tuwan Lawik, 2. Tuwan We.Je. Pilip, ingkang smai kaganjar kaparingan rindering militer wilemse ordhe pirdhe klas, dene ingkang nindhihi paradhe tuwan militer komendhan piyambak Litnan Kolonel Sefer.
Sareng langkung kedhik jam pitu kanjeng tuwan residhen sasarengan kanjeng gusti Pangeran Adipati Kolonel Komandhan Arya Mangkunagara rawuh kadherekaken putra Kanjeng Pangeran Arya Prabu Prangwadana nunggil sakreta anama condra retna, ingkang pangaos kalih dasa ewu sinambetan dergunder lan kreta malih dipuntitihi putra santana Kamangkunagaran inggih punika gegelengan dados setap para sudarmanipun litnan kalih sarta para rindher inggih smai kumpul kaliyan setap, boten dangu Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan tedhak mariksani nitih kagungan dalem titiyan wajik, kadherekaken Kanjeng Guati Pangeran Adipati Anom Amengkunagara sarta putra santana liyanipun, kendel wonten sacelakipun waringin sengkeran, boten dangu setap lajeng mangetan panggenanipun upsir kakalih, ingkang sinuhun inggih karsa amerepeki, sareng makaten upsir taruna kakalih kakarsakaken masrahaken komandhanipun sarta lajeng amajenga sareng ing ngarsanipun tuwan militer komendhan utawi anyelaki setap, para rindher sami jejer ugi ing caketipun upsir kakalih, saksana tuwan militer komendhan amanadukara dhumateng upsir kakalih sarta amaos nawala dalem sri maharaja Nedrelan, ijemanipun sampun andadosaken parenging panggalih dalem angulawisudha dhateng sang prawireng prang kakalih kaparingan lenggah rindering militer wilemse ordhepir dhe klas inggih punika awit sampun amiyarsakaken aturira jeng minister pan koloni sarta jeng militer uloh menggahing kawanteran sarta atiti sruti tuwin kasetyanipun upsir kakalih kang kasebut nginggil wau, kathah-kathah pangandikanipun tuwan militer komendhan dipun engetan menggah kaluhuraning ganjaran wau ingkang sami neges ing tembung Nedrelan acecriyos sakalangkung amranani tetembunganipun uprester seper, sabab dipunsuprih kadamela tutuladaning kang sami dados militer sadangunipun angrembat ayahan dalem tan pegata ing setya tuhu murah anyantosani kaprabon, sareng makaten lajeng upsir kakalih lajeng dipunpundhut sumpahipun ing sangandhapipun pandhel kasuprih yemen dhateng ratu utawi mituruta ing parentah, salajengipun rindher satunggal majeng angaturaken bintang gya sinambut ing tuwan Upreste kapasang gentosan ing jajanipun sang prawireng nom kakalih, sasampunipun lajeng tuwan militer komendhan amanembrama dhumateng upsir kakalih mawi anepak midhanganipun kang kiwa, para rindher inggih lajeng sarenti dherek satindakipun tuwan Upreste sami manembrama anepak pamidhangan kasambetan kanjeng tuwan residhen tuwin Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Kolonel Arya Mangkunagara sarta para ingkang dados gegelenganipun setap, lajeng sudarmanipun upsir kakalihmilujengaken dhateng atmajanira, kendel sakedhap para upsir kakalih dipunawe dening Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan sami kaparingan asta kaslametaken, para sudarma kakalih inggi samanten ugi dipunparingi asta dening sang prabu sarta kawilujengaken, ing sadangunipun tambur mungel sinarengan ing musik.

Sasampunipun makaten tuwan Upreste lajeng nitih titiyan malih andhawahaken komandho wadya bala kasuprih dhe pilir (kitir) kaping kalih ing sangajengipun upsir kang lagya sinukarteng bintang, dene ingkang sami anjenengi mundur mangetan, sareng sampun dhe filir kaping kalih para prajurit sami mantuk sowang-sowang, Ingkang Sinuhun kondur kaderekaken kadi sarawuh dalem, para ageng-ageng inggih sami kondur lajeng bibaran, sakalangkung andadosaken pangenget-enget menggah suka senengipun titingalan ing dinten Jumuwah wau.

Nalika wulan Maret kaping 11 pagriyanipun ketib Amat Kidin ing kampung Pakauman Mangkunagaran katingal usrek rumatinyudhiyani dhawahipun tiyang bajingan wasta pak Mandras ngaken tiyang pakampungan sepur, pamundhutipun pak Mandras Ki Amat Kidin dikakaken ngaosaken kang sae-sae, menggah dhawah katembungaken manis arum sarta uluk salam cara ngulami, Ki Amat Kidin lajeng gupuh anyudhiyani sarta kanthi malik ing pangebang badhe kathah kauntunganipun, kang estri Amat Kidin ngampah malah dipunsrengeni sarta kaserepaken ing kauntungan wau, ing wusana lajeng kaleksanan rumat barang sambutan bekakas sarta medalaken wragad saha santri sampun sami dhateng, ing wusana pun lelana pak Mandras wau dumugi ing wanci boten dhateng, Pak Mandras amung prelu mundhut bodhingipun Ki Amat Kidin kang mentas kaasah gilap landhep, sareng sampun tita Ki Amat Kidin amung lenger-lenger sarta kathah kapitunanipun sarwi dipunkrawus dhateng ingkanga estri, mung tansah dados gugujengan, pun lelana lagi sasuka bingah.
Katandhan Renggapitana.

Papenget bab kirang ngati-ati

Nalika ing dinten Sabtu tanggal kaping 18 wulan punika wanci jam 12 siyang wonten cina mentas ider mori sukunipun jeklok dumugi prapatan Baturana, pun cina arsa susuci dhateng kalen, mori kaseleh galengan ing sapinggiring margi, boten nyana manggih babaya dene mung sakedhap, kocapa wonten bajingan sumerep mori sumendhe galengan ingkang gadhah lagi kalimpe, boten saronta ceg kapandhi gereng kabekta nyokla singetda nyalimpet, pun cina dhasar singkek sareng minggah mori katingal musna lajeng bingung mungsa-mangsru tanglet-tanglet boten wonten ingkang sumerep awit tiyang mande katungkul tengga dhasaripun pyambak, pun bajingan kados-kados lajeng nglehep, nanging lajengipun kacepeng tuwin boten kula boten sumerep katranganipun.
Katandhan Sanityasa.

Panjurung kabar saking dhusun Sragu

Nalika ing dinten Jumuwah phing tanggal kaping 20 wulan Sapar taun punika kabar ing dhusun Sragu wonten tiyang nami pun Ngalimun tukang muter ril ing sepur weh katrajang ing kreta latu, jalaranipun katrajang pun Ngalimun angleresi muter ril wau, sarehning benteripun sanget pun Ngalimun wau dipunjereng kadalem kudhung, mongka anggenipun muter wau panggenanipun sakeca sarta sampun mawi kudhung udheng wau, pun Ngalimun lajeng ngantuk wonten ing ngriku, sareng sawantawis kareta badhe langkung pun Ngalimun dipunsemprit boten mireng lajeng kareta dipunlampahakenmawon, dados Ngalimun dipungarit kaleres jangganipun, pun Ngalimun lajeng dipuntulungi dhateng para tiyang ing dhusun ngriku, pun Ngalimun dipuntingali sampun kapanggih pejah, milanipun kula asung pepenget dhateng para tiyang ingkang sami nyambut damel sasepur ngriku sadaya kula aturi angatos-atos dene ngantos wonten lalampahan ingkang makaten.
Katandhan pun saguh burik.

Panjurung saking Sampang, Madura

Nalika tanggal ping 9 Maret, Sampeyan Dalem Panembahan ing Bangkalan karsa tedhak dhateng Pamekasan, tedhakipun sang Panembahan wau parlu nakseni jumenengipun tuwan Kokinis ingkang sawau dados residhen ing Surakarta.

Dene tedhaipun sang panembahan saha rawuhipun tuwan residhen saklangkung andadosaken senengipun para tiyang ingkang sami ningali jajalaran panganggenipun tiyang ingkang smai methuk saben pos tansah santun warni, punapa malih rerengganipun gardhu-gardhu tuwin epos saklangkung endah.

Pasakitan kang miruda jalaran bikak tembok ing Sepirana, Sampang watawis sampun angsal tigang taun lamenipun ing sapunika smapun kapikud dening tuwan asisten Pan Dheldhen kang kautus nyepeng lurah upaswasta mas Hendu.

Nalika tanggal ping 16 wulan Maret ing Sepirana, Sampang wonten pasakitan miruda kakalih, mila ing wkatu punika para pulisi prasasat boten saged nedha utwi tilem manawi dereng manggihi laletheking nagari kang sampun miruda saking sepir wau.
Sinerat tanggal ping 17 Maret taun 1876 katandhan R.A.M Jaka Lalona.

Sekar pangkur kasanyata, anyaketi *Bra Martani* wedaling, ongka napuluh kapungkur, wonten panjurungira, pakne mukmann, dadosaken condhongipun bab lalampah tiyang mamadad, salangkung ngumbar ing isin. Yen ngeri pamili ira, aja nutuh bapa biyang myang kaki, lan ratu miwah yang agung, dadi wuwuh duraka, awit saking pamilihira kang luput, tibane beja cilaka, ginoyong krasing budi. Yen sira milih kang arja, gegulang ngelmu rasa ing batin, bobot timbang kkang linuhung, kagadhung ing kawula, nglakonana, budi andhap asor iku, tarima sabar tawekal, lamun sira milih becik. Sirayen amilih ala, jroning urip nyekroka amadati, agegulang udut candhu, yen arsa bubrah tata, raga rusak bencirih, mring karya ngepluk, lakune napas rekasa, umur ira mendap mindip. Nora pisan darbe wirang, sajeg urip nora duwe prak ati, yen wus nyeret masangangkuh, kaya wong dhewe lanang, pambekbane sapa sira sapa ingsun, aku wong guna iktiyar, wruh rasa kang luwih-luwih. Sun ngreka arta pan gampang, lawan sugih sanak wong saba tengi, rumongsa tan ana ratu, myang Allah Rasulolah, mung dheweke kang jumeneng berakbasu, dhidhis sarwi turon jegang, bantal linekuk tru miring. Ngoceh carita lelaban, pan gumune alam kang lami-lami, umure sagara gunung, dalil Khuran den andhar, wus mufakat bisa ngomong tanpa ngangggur, wong umure sesambungan, swara orek kadi kucing. Wus pinesthi lalamatan, sajeg urip, tuman dadine baring, nora kadunungan patut, alum cekak kang napas, sugih cidra sugih lara, sugih nepsu, yaiku drajating bujang, dadi lesaning bilahi. Lir ilang manusanira, wong madati, cinodra ingkang warni, kadya jrangkong jisim wujud, panjang kenakanira, wus tetela dudu trape bongsa luhur, suprandene ngingu rayat, ing sahwat angapirani. Iku gagedhening nistha, ina papa jaba jero bilahi, tanpa amrih tanpa tutur, mung mendem petagiyan, tan rida samung siyang tanapi dalu, goroh culikane muyap, lumuh saliring pakardi. Lumuh pegawe ibada, sarta lumuh kramaning urip, lumuh mikir somah sunu, lumuh tani nyudagar, lawan lumuh kinongkon lelunga lurug, gantar bahu pawuletan, cahyane ppucet lir mayit. Yen koncatan panyekroknya, petagiyan cotho sabarang kadri, riyak umbel dadi mungsuh, luhira derewesan, prembeh-prembeh, angising pethotan usus, andelinding awor lan rah, isih mulya tai anjing. Sambate lir prawan manak, nora wangun ngeden dengkeng maringis, ngongkong dengu pretat-pretut, aji bathang neng jurang, sinelusur wetengira sarwi ngadhuh, ya Allah astapirullah, tobat anyereta maning. Adhuh biyang ngapuraha, iya iku tobate wong wus gembring, ngakuwa mari tan lulus, manungsa papedhotan, lewer sendher, nora wirang gathel asu, kang kewan kena den ajar, wong nyeret tan bisa mari. Mung ngendha saking pangumbal, mlocot larut, sinarang ing sesami, judheg genya ngapus-apus, wus kepaten pesaban, kelayaban, luruh kadang miwah karuh, yen wus olih arta suwang, saknalika umat maning. Bududan papahing gedhang, kaling carang serak buntuting kirik, calupak katela gantung, lengane lenga kendhal, sigra nyeret kanginan damare lampus, kasusu anake tukar, damar jinejeg ing sikil. Bojone gya tinabokan, kang kaetang mung telung lintir, calupak den gondhol asu, labete lenga kendhal, gya binuru asune kecemplung sumur, adan gundhali kebonan, jalma kerah lawan anjing. Iku ambeke wong blasar, nora patut dadi prabot nagari, yen pinenging saya nglangut, gremeng ujar sembrana, lekas darbe tiwikrama

sidi kepruk, arsa malebu wang panas, tinampik sersan prajurit. Den cacad alesu lupa, nora kelar lamun amundhi kerbin, katonton rupane biru, tondha yen kerep lara, datan wande gawe susah kancanipun, nimpal tai dina-dina, kadi nging ukucing cilik. Baya wus karsaning sukma, pratandhane milih margakang sungil, dene ngukum wujudipun, marga nuruti hawa, aben-aben saya wuwuh gendheng bingung, kababuh pengunging sasar, bilahine saya dadi. Sampun sigeg caritanya, pracekane titiyang madati, taklim ingkang mugi katur, mring mitranta kang inggal, wakne mukman, lan mitra sadayanipun, sampun kirang pangaksama, titi tondha wakne mukmin.

Kang rinipta anggendhing artati, caritane Dawud ngrakit wadya, gogolongan dhewe-dhewe, merang-merang pra wadu, tinindhihan ewon atusan tuwin, eket talen puluhan, senapati nipun Dawud lajering payudan, nanging raja saol sanget gething ering, tansah ngupaya marga. Pejahipun Dawud senapati, nanging Dawud temen-temen tatag, tar gingsir mante kalbune, sumendhe mring yang agung, beja lara urip lan pati, kawula tan kawasa, atas kang amengku, pangeran kang luwih mulya, darma-darma kawulya lumakyeng tuding, sabawa paripolah. Angencengi prajangjeyan nabi, kawuleng yang Musa, khalamolah, tar ginggang meleng ciptane, tar pegat amanekung, amaladi samadi ening, aneges karsaning samur haweng padulu, engeta kang padha murtat, mitur tan ing angger-anggeran ing nguni, Musa kawuleng suksma. Wus katrima pamitan ing dasih, temen-temen yekti tinurutan, manusw apunjul jatine, tarna tumimbang sagung, makluking yang gumlang ing bumi,sigeg kang wus katrima, nahen snag aprabu, Saon kajegan roh ala, tawur geter atemah budi tan luti, murka durbaleng jagad. Gya kumpul lan amiharsa pikir, putra nata len mukya punggawa, masalah Dawud kuwate, myang tresnane wadya gung, weh sandeya wibawa wuri, manawa ngendhih praja, yun cinidreng laku, ananging putra tumanggah, adipati yen tan dahat malangi, wit Dawud tan pados. Yen makaten karsa paduka ji, dadya nerak ger-anggeran kuna, kawula ajrih yektine, druha kakang pinangguh, kaping kalih dasih sang aji, Dawud keh lelabetnya, nyawa katur prabu, duk tandhing golya aprakosa, yen sampuna Dawud tumanggah nrang westhi, kadi karajan sirna. O saiba pitulung ing dasih, masthi datar darbe karsa, lire bongsa duk karajeng, putra paduka nanggung, riribede ari kang wuri, menggah karsa narendra wutah rah tan khukhum, akarya dosa piyambak, kadi pundi tar ngowel miji pribadi, namung ngubung ikarsa. Duk samana mitur sang aji, kapanujon ature putrandra, rumaos sisip sang rajeng, prajangji sang aprabu, boten mengo nganan lan ngering, ameleng geng-enggeran, jujur ambek luhur, wus bubar Yonatan panggya, Dawud ngadhep sinabdas sinrih lestari, mestuhi prajangjeyan. Wekel sabar Dawud tuhu jangji, tandya mintar ngarseng Saol raja, Yonatan ngirit lakune, katri agunem rembag, agupita mengsah prapti, bongsa Pilistram ngrupak, jajahaning batur, kagiri-giri gung ira, leksan kethen samana Dawud tinuding, mapag ripu kang prapta. Wus lumengser saking ngarsa aji, Dawud ngarkit prajurit tri pontha, agancang pangguh mungsuhe, ruket gumulung ngamuk, Bani Srail Yahudi mamrih, mengsah dhadhala lorendan, pirang ewu tumpur, Pilistim sanget kasrakat, Dawud kondur sawadya prajurit mukmin, tur wrindhateng sri nata. raja Saol katurunan, roh ala angundur budi, ngasta tumbak pudirangan, lumaksana ganing siwi, dene Dawud duk lagi, tatabuhan kenyu lempung, lenger-lenger lir ngadad, Saol prapta nrajang aglis, kang warastra tumanceb tebok tar prana. Adiling ywang kang wisesa, Dawud yuwana tar keni, angles dan panggih garwanya, ing dalu sampun jinatin, Milakhal nabda mring laki, he gancang mintara Dawud, nanging Saol munjaga, prajurit ngepung ring panti, dadya Mikhal miguna Dawud jinarwan. Marga acandhela kebat, Dawud mituruti rabi, lestari lumakyeng awan, jog terbis anumpal keli, kojar garwa kang kari, neng panti narekah wujud, reca pinindha priya, neng ngulonmawi piranti, wulu kambing sinasaban ring kang wastra. Prajurit smapun mangrupak, angiptip pipining kori, Mikhal manabda ing duta e Dawud saiki sakit, cangkelak duta tur wring, raja Saol mirsa tutur, age kinon yektkna, wujuding Dawud kang yakin, sasananya pinundhut ring ngarseng nata. kawuryan ring wadya suksma, ye gunane sang dyah dewi, reca pinindha kang priya, angungun sagung prajurit, Saol renguk pati, putra stri inguwus-uwus, dene cidra ring bapa, dahat tresna marang laki, aweh dalan ring Dawud satruning raja. Sagalakane sradula, wigring dita mongsa siwi, lingen Dawud jujur lampah, prapteng ramah panggih nabi,

semual jerwa ngenti, sang wiku angungun kalangkung, kadwi sareng lelampah, lerep wonten nayot tuni, kojar Saol sampun ngaturan sadaya. Garjita Saol nyaraka, Dawud ken nyekel den keni, samana wus ginrudugan, prapteng gon Dawud lan Nabi, caraka duk mangeksi, pra nabi golonganipun, semual wadyeng panthan, memeca rahayweng budi, pra caraka sadaya kajegan imam. Roh mulya sampun tumedhak, pratingkah katur ing aji, kaping tri angimbagara, pratingkahe tan nalisir, samya kojagan suci, buna memeca pra wadu, Saol gumergetdandang, sabertnya gumerdegi ngiring, duk samana Saol katurunan imam. Roh mulya manjing narendra, dumadya sabar tyas aji, amigunalen memeca, kaelokaning yang widi, tanpa karkat sang ai, nahen Dawud sampun luyut, gancang cudhuking patya, Yonatan warta wus titi, adhuh amba kirang sajangkah meh mukta. Dosa kawula punapa, lan wus damel punapi, mareng ramanta sri narpa, nyawa amba arseng ambil, tuhu sikareng satik, wacana Yonatan arum, e mitra Dawud tita, away sandeyeng pakreti, mesthi ora yen kitha tibeng ngantaka. Karana bapa narendra, wus jangji sumpah ring kami, tar nyingkur bara prakara, kang gedhe utawa cilik, Dawud awawan angling leres sabdanta pukulun, nanging rama paduka, wus suning padha tresna sih, mring kawula paduka ywa sakwardaya. E lah yen mengkono iya manira nurut sakanti, nanging ywa temah pralaya, Dawud angling benjing enjing, pada nglapurna jati, awat kesah marang dhusun, rita unaning bapa, ananging opet tan lami, neng tegilan sasana singuk asimpar. Yen ramanta lejar nala, delahan sae pinanggih, dene yen sereng ramanta, mesthi ngangkah pejah mami, iya iku patitis, karyeng tondha ala ayu, sinten paduka duta, sung wrin ala tuwin becik, adipati Yonatan ngadu kenaka.

Cariyos Dawud punika taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Sunan Amngkurat

Kacariyos sareng enjing kanjeng suhunan lajeng miyos lenggah ing pandhapi, animbali rekyana patih lan para punggawa, saha senapati panembahan Purubaya, lan para santana sedaya, lajeng Kanjeng Suhunan adhedhawah andhikaaken mangun pasareyanipun sunan ing Bayat kapageran banon kang sae sarta kang kekah supados awet, dene menggah banon kaparingan saking nagari Mentawis, punika ingkang andadosaken pangungun menggah pangusungpiun banon kang badhe kapasang wau boten kalilan kausung ing kapal utawi keser tuwin karembat ing tiyang.

Dhawah dalem patrap lampahing banon ugi tiyang sami lenggah jajar wayang lajeng lung-ulungan tampen-tinampen antawis tiyang sakalangkung kathah sabab kapuput saking Mantaram dumugi ing Bayat pisan, saben dinten boten wonten kendelipun kados makaten ngantos rampungipun pasareyan ingkang karengga sakalangkung dneing prayogi utawi sae.

Ing sasampunipun rampung pamangunipun pasareyan ing Bayat punika Jeng Suhunan kawentar saged tindak jumungahan dhateng kakbatolah ing Mekah saha lajeng ajujuluk nama Ingkang Sinuhun Prabu Sultan Agung Hanyakrakusuma ing nagari Mantawis, dene menggah kawentaripun wau ngantos dumugi ing nagari pundi-pundi, lajeng sawetawis dinten panungkulipun nagari Crebona kaliyan nagari Banten saha papatihipun sami sowan dhateng Mantawis mawi ambekta atur-atur warni kang peni-peni asarengan kaliyan bongsa kulit pingul ing Betawi ugi angaturi pissungsung dhateng nagari Mentawis warni mriyem ageng-ageng sakawan iji, dene papatih Crebon wau mawi kabektanan ngaturi pisungsung warni titiyan dipongga, saha malih asarengan papatih ing nagari Jambi sowan dhateng ing Mentawis angunjuki uninga manawi raja ing Jambi seda, punika sadaya nuju taun ongka 1573.

Punika kacariyos lulus susuyudipun monca negari amung kantun nagari Palembang ingkang dereng nungkul dhateng Mentawis, malah pakabaran sultaning Pulembang angrukti barang dadamel gegamaning prang, saha yasa mariyem ageng-ageng sumeda badhe amukul ing aprang dhateng nagari Mentawis, ananging taksih pradongdi kalih patihipun sabab patih angaturaken pakabaran kaprawiranipun prajurit ing Mentawis saha kasektenipun senapati Panembahan Purubaya tuwin para santana ingkang guna sekti, lan ngaturaken pakabaran panungkulipun nagari Banten tuwin nagari Carebon saha nagari Jambi lan bongsa kulit pingul ing Betawi angaturi pisungsung mriyem, ananging sultan ing Pulembang taksih kenceng badhe mungkuk ing prang,

kabar makaten wau sareng kamireng saking Mantaram lajeng sang senapati Panembahan Purbaya tindak nyalamur dhateng Pulembang datanpa kanthi.
Yata kawuwusa ri sang senapati panembahan Purbaya ingkang sumeja anukwa dhateng nagari Pulembang ing nalika dalu malem ing dinten Jumungah angrasuk busana sarwa lungset lan busana cara pangangge tiyang dhusun, lan ing dalu punika panembahan Purbaya sanget rudatosipun anungku cipta mugi sageda tindhak dhateng nagari Pulembang ingkang kaliyan lampah enggal rawuh, ing sasampuning pana wanci bangun enjing siyos tindak boten mawi ngunjuki uninga dhumateng panjenengan dalem ingkang sinuhun, saha malih panembahan kakabaraken saged lumampah rikat kadya lampahing risang jalma utami, ing wusana lajeng rawuh ing nagari Pulembang anuju wanci enjing.
Wau lampahira sang senapati laju manjing ing nagari boten wonten ingkang munasika dumugi anggenira papriksa boten kawanguran, sareng sampun terang samudayanipun, sang senapati lajeng anningali dhateng panggenanipun abdi Pulembang kang sami damel mriyem, sarawuhipun ing ngriku sang mindha-mindha apitaken makaten, niki napa rupane kang kaya gligen nganggo bolongan lan digawe napa, tiyang kang sami garap mriyem kaget nunten mangsuli, lo kowe iku wong ngendi apa ora tau weruh mriyem, iki gawene bakal digawe bedhil uwong abedhah nagara Mantaram, sang mindha-mindha mangsuli kula tiyang dhusun dereng nate weruh kang makaten, punika sang senapati anggenipun nauri sarwi liyangan mriyem kang ragi ageng, sareng mriyem dipunliyangi gepeng kados lempung sarta mingkem bolonganipun.
Sadaya tiyang Pulembang kang ningali sami gumun sarta sarta sanget eramipun, sang mindha-mindha lajeng ngalih angliyangi mriyem sanes ugi nunten gepeng mailh, punika sangsaya andadosaken derdah ngantos katur dhateng prayantun bupati kang jagi panangkilan, lajeng prayantun kathah kang sami dhateng ing ngriku sarta sang bupati aningali kayektosanipun sami gedheg-gedheg saweneh jomblong lajeng sami aniti pariksa, sang senapati ngakeni pun tiyang dhusun bawah tanah jawi pinggir kang ragi celak kaiyan nagri Pulembang, sang bupati lajeng ngandika makaten, eh kowe wong jawa meluwa aku tak sebakake nyang kanjeng sultan, sang mindha-mindha nauri, lo kula boten purun ajirh dika sebakake lan kula dede rencange , sang bupati lajeng duka, eh kowe tak bonda sarta dilarak wong akeh yen ora gelem, sang mindha-mindha nauri sugal la daweg nek dika ajeng nyekel kula, punika sang mindha-mindha sarwi astanipun sarwi angangkat mriyem satunggal sisih, punika sadaya tiyang ing ngriku geger sami lumajeng ajrih kamigilanen, wusana lajeng katur dhateng sultan ing Pulembang barang lampahanipun sang mindha-mindha wau.
Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos saking Iman Nawawi bongsa Arab
LalampahanipunSultan Ibrahim Ibnu Adam

Pangkur. Yata gantya kawususa, kang anilip lampahnya sri bupati, amung lan turangganipun, wus tebah sakin gpraja, gya angambah radinan ing dhusun-dhusun, nanging meksih jro jajahan, nagri Bulkiyah tatampi. Srining dhusun gemah arja, sri narendra wus tun kuningan maring, sakeh wadya kang lelaku, tan wruh yen iku raja, kang kapethuk datan wonet sigan-sigun, nanging yen kapethuk janma, nata tansah den simpangi. Sabab busana narendra, maksih ngagem sabusaneng narpati, nata amicareng kalbu, iki busananingwang, ngatarani becik angagema ingsun, cara busana kawula, tan karya ringganing jalmi. Nata wusnya ngunandika, gya lelampah mundhun nuntun turanggi, tan antara gya kapethuk, jalma sepuh lelampah, radi miskin nanging busananya wutah, sarwwa resik nging wus luwas, sang nata ngandika aris. Paman yen lega ing driya, payo liron busana lawan mami, iku sakeh busanamu, kacaryan sun nganggoha, jalma ika sru kagyat miharsa wuwus, osiking driya mangkana, wong iki aneh tan sippi. Busanane sarwa endah, ngajak liron busana tanpa aji, apa cocolongan lamun, mangkono ingong susah, sigra ngucap eh bagus ingsun tan ayun, bok peteng busananira, temaha karya bilahi. Jeng sultan mesem ngandika, yya kuwatir lah enya layang mami, iki ta busananingsun, ingkang nganggo kencana, lah rujaden sira edol den gupuh, pepayone okeh uga, iku besuk anyukupi. Jalma ika milik mangkyan, sigra sami

cucul lilironsami, gya ungkur-ungkuran laku, wau lampahnya sultan, dadya eca wus tan ana sigan-sigun, lepas prapteng pinggir wana, ning marga jalma lumaris. Jalu estri pepasaran, dulur-dulur nata lumaris, dupi antaraning laku, tengah-tenaghing wana, kapanuju wonten bebeka kadulu, angrimong kathah tatingal, lelakon munggeng ing margi. Angrimong mulat ing jalma, agrong-agrong weneh amrepeki, mindhik-mindhik arsa nubruk, jalma keh bilunglungan, kagum-kagum niba tangi sru lumayu, kadya gabah inginteran, dherodhog tan nyipta urip. Denya sima langkung kathah, kadya paran genira animpangi, temahan nagis gumrumung, mangkana sri narendra, duk tumingal sigra denira mangayun, sang nata ubayeng driya, yen ingsun tulus antuk sih. Pesthi sirna sakeh macan, yen tan antuk sih ingsun pesthi mati, narendra meroeki gupuh, maring enggoning macan, eh angrimong lah payo panganen ingsun, sang sima dupi wus perak, bubar lumayeng wanadri. Sang angrimong kawistara, lir giniring gumrubyug sru dera jrihmring prabu ingkang linuhung, sanalika wus padhang, yata para jalma tumingal ngungun, denya kidar wis kawasa, tutulung sakehing jalmi. Nanggulang babaya singha, rurubungan manungsa jalu estri, marepeki mring snag prabu, suka mangalembana, bagus darwis sira ing ngendi wismamu, abagus maksih taruna, kaya trahing jalma mukti. Sembada pangawasanira, wetarane munjuli wong sak nagri, lamun kapirsa ing ratu, gedhe ganjaranira, sri narendra mesem denira sumaur, kisanak ywa salah cipta, tanpa daya ingsun iki. Kang tutulung marang sira, mijil saking kakarya pati urip, yata saweneh ana muwus, jer ingsun kapotangan, marang sira mampira mring wismaningsun, arsa asusuguh ing wang, sakarsanta sun turuti. Paran yen ayyana sira, pesthi akeh longe jalma kang lalis, sang nata mangsuli wuwus, iya liwat tarima, mring sihira ingsun tatanya satuhu, apa saben-saben mongsa, angrimong sesabeng margi. Pagene padha nenambah, dalan gawat tan ana liyan margi, jalma kang tinanya muwus, tan ana marga liya, kiwa tengen iku jurang pereng gunung, mung iki ingkang arata, mojar sang amindha darwis. Yen mangkono rembug ing wang. Ingsun tulung mring sakeh wong lumaris, darapon tulus rahayu, lah iki layanging wang, aturna mring sang miseseng praja gung, darapon nir kang babaya, ki darwis nulya nunulis. Wus dadya sinungan asma, kacariyos sampun den leksanani, kang surat semana katur, marang rekyana patya, duk binuka nawala saking sang prabu, kyana patih ngungun ing tyas, lan sukanira tan sipi. Denya nata wus katingal, mangunahnya tuhu wus andhatengi, kawasa nirnaken kang hru, sigra rekyana patya, animbali para punggawa gung-agung, wusnya kumpul sinung wikan, nawala saking sang aji. Gantya-gantya anupiksa, samya suka kya patih marentahi, lumaksaneng agnya prabu, mrih sirnaning babaya, yata para punggawa tumindak gupuh, karya rahayuning marga, wana padhang den babadi. Sato-sato kang agalak, kinembulna yayah amangun jurit, sanalika sirna sampun, ngungun jalma padesan, kang uninga mring ki darwis duk ing dangu, ananging sang mindha papa, samana wus kesah tebih. Dereng mrih yya kawanguran, lampahira jeng sultanamalipir, susuku agraning gunung, suka ngeningken cipta, lamun dalu kekadhar sare ing watu, yen siyang nulya lelampah, kang dhinahar tan ginalih. Sakadhar-kadhar narima, muhung karya panulak lapa kedhik, lampah ririh gandrung-gandrung, sukanireng wardaya, aningali resmining kang gunung-gunung, kathah sekar nut tepi marga, umekar katempuh ngingin. Gonda rum-arum sumrambah, maweh ayem mring sang lagya lumaris, yata ing nalika wektu, kendel ngabekti mring hyang, kuneng enjing lampahira sang aprabu, kapethuk satunggal jalma, kasangsaran nandhang sakit.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 14 Kemis kaping 6 April 1876
BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami ngemin serat *Bra Martani* kula aturi ambayar arta panumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1875 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing *Bra Martani*, ingkang punika pangajeng-ajeng kula sampun ngantos kalampahan mindhak andadosaken kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en.ko.

Menggah kraton Surakarta kaliyan ing Ngayogyakarta

Wonten mitra kula tuwan ingkang cacriyos menggah ingkang kaandharakening serat kabar *Lokomotif*, punika ing pangraos wonten asilipun kawaradina ing bongsa kula jawi kathah ingkang dereng aneges kawontenaning kraton kakalih amastani manawi sadangunipun wonten pranatan bab majegaken utawi amajegi bumi, tiyang alit dhawah ing papa utawi kikirangan sandhang tedha manawi boten lepat ingkang asring mastani makaten wau namung gethok tular saking wasising amolahaken kalam panurat utawi kabujeng ing manah sengitan, sumongga dipungaliya.
Menggah pranatan wau sanadyan taksih wonten kikiranganipun maksa kenging kawastanan kanugraha ngatasing tiyang alit, dene paprentahan nagari abathi darbeni daya, sabab pranatan wau anjalari anyigega utawi amambengi lalampahan samukawis andadosaken suka senengipun tiyang alit, kaliah dene pranatan wau anjalari angulukaken pangaosing siti awit dipunrabuk tuwin dipunselehi bendungan utawi ilen-ilenan toya ing pundi ingkang kagalih prelu, punapa dene pranatan wau anjalari kathah dhatengipun pitulungan manawi pinuju wonten wewelak tuwin manawi wonten kurdaning redi murub sarta kabanjiran, liya saking punika pranata wau amikantukaken sandhang tedha dhateng tiyang atusan tanpa lampah durjana utawi musapir sarta ambakuhi manawi wonten derdah, dene manawi wonten ingkang maksa but tajengan amastani bilih nalar makaten wau awit saking tarekah murih utungipun piyambak ingkang amajegi siti, lah bilih nakatena punapa wonten awonipun dene kadadosanipun kathah ingkang sami ngraosaken kabekjan awit para ingkang majegi sabiyantu sae kapraya anglempakaken yatra kethen, murih adi tulungi para lare-lare ingkang wonten ing dhusun ingkang tanpa wuwulang, ing mangke lampu wonten panggenanipun lerep utaiw dipunwulang sadaya wau saking kajengipun para ingkang majegi siti dhusun ingkang kagalih cethil lamis sarta kaereng-ereng kawastanan ngupados kauntunganipun pyambak, ingkang punika ingkang sami delebamastani bab mupakating tiyang alit salebeting kraton kakalih sampun agahan anurat yen dereng yakin anyumerepi piyambak, benjing bilih kula ginanjari wilujeng sarta wonten prelunipun kula badhe anyambeti panjurung punika. Kondhestu.

Saking *Lokomotif*

Serat saking Prabalingga wetan kaping 29 Maret angabaraken lampahan sakalangkung anggegirisi celak ing dhusun Wadran kapal sisih kidul wetan saking Lumajang ing dinten satunggal badhe angremuk sela ageng sarana sandawa, wasana wonten kuli anggenipun ngesokaken sandawa dipunjojohi mawi linggis wesi anrajang padhas atos medalaken latu anyandhak sandawa ngantos anjeblug anggigirisi anjalari pejahipun kaonca kuli 5 sarta anatoni konca kuli 6 ngajrih-ajrihi tatunipun ingkang pejah, wonten jisim satunggal pegat endhasipun kaupadosan kapanggih sasangsang ing wiwitan.

Padameling kreteg kang saklangkung risak

Kretek ing marek setrat celak praja Piladhelpiya Amerikah nalika tanggal kaping 20 Nopember kabesmen lajeng ajur luluh, sarehning kreteg wau sesambetaning panggenan ingkang sugih tiyang mila para tiyang enggal ngrembag sageda adamel kreteg anyar, dipunsanggemi dening tuwan A

Skot saged angrampungaken benjing tanggal kaping 1 wulan Januwari 1876 dipuntebas ing yatra 65.000 ringgit sarta anyanggemi badhe dipunbaku ing tikel katimbang kaliyan ingkang kabesmen panjangipun kreteg 540 kaki mawi longkang tiga wiyaring kreteg 48 kaki sadaya dipunreka mawi kajeng.
Sareng padamelan wau sampun kaborongaken dhateng tuwan Sekot lajeng dipunlekasi nalika tanggal kaping 5 Dhesember, sareng tanggal kaping 24 Dhesember wanci jam satunggal siyang kreteg wau sampun kenging kangge ing akathah, dados dereng ngantos salikur dinten anggenipun anggarap damel kreteg wau, dene dadamelipun katiti priksa kapanggih perak sarta santosa amituruti sakajeng, pangeduming pandamelan ingkang sakalangung patitis sarta tanpa sisihan, lah punika mratandhani yen ingkang anggarap bongsa Amerikah.

Surakarta:
Panjurung kabar *Bra Martani*

Anenggih nalika dinten Sabtu tanggal kaping 25 wulan Maret punika wanci jam 5 wonten sasumerep kula sakathahing tiyang pakampungan salebeting beteng karaton, jalu wanudya ageng alit sami gupuh medal saking wismanipun pyambak kalayan wicanten ana apa he ana apa he, kilap pakampungan sanesipun amargi sami mireng swaraning para rare alit-alit ingkang suka-suka dolan wonten kagungan dalem alun-alun kidul jalaran para rare wau sami alok-alok makaten ana cleret taun, ana cleret taun, o iya galo, o iya galo, para tiyang pakampungan ugi lajeng katularan sami alok kados makaten wau, kapinujon kula saweg anendra layap-layap lajeng tangi gregah medal sendhot saking griya, sareng kula medal inggih temen wonten caleret taun wau, anggen kulamandeng ngantos jenger amargi salami kula saweg punika kula sumerep swarnining cleret taun, dene wujudipun pethak kados manthering kukus agengipun sapucang panjang kinten 8 utawi 6 kaki, solahipun mogal mogel lumampah ing nginggil sangsaya alit-alit lajeng musna, wondene prenahipun saking griya kula kaleres pojok kidul wetan, kilap padhusunan ingkang dipuntrajang, lah dalah ing ngriku sareng caleret taun sampun kondur anggenipun mentas amenga-menga gantya cinarita ing dirgantara lajeng katingal angendhanu mak prepet rep sirep nulya baris anggenggeng katimbangan swaraning sang gurnita langkung angganter saengga ungeling mariyem pating gleger, sakathahing para wiwitan amanglung tumiyung gela-gelo sami dikiran angurmati jengkaripun sang samirana anggenipun badhe karsa atandhing palugon kaliyan ingkang sampun baris paradhe wonten samadhyaning dirgantara wau, kalampahan sanalika acampuh yuda langkung asilih ukih sami angaben kaprawiran gada ginada, samber sinamber, para baris lajeng anandukaken ungeling sang gurnita (gleger-gleger), wekasan sang samirana sumingkir sawadyabalanipun (ayo-ayo konca padha sumingkir bae wis ora kaconggah aku ambalekakerepe wadya bala ing dirgantara lagi ora kena diampu-ampu puluh-puluh kapriye wong wis dadi karsaning sang jawata linuwih jurit kulagi pinarengake kudu asor, bok manawa ing tembe buri bisa unggul) wasana sareng wanci jam 6 para baris ing dirgantara anglajengaken karsanipun sumedja angancik dhateng ing alam padhang, ugi kalampahan sampun prapta wonten nagari ngalam padhang inggih punika dhawahipun toya jawah langkung angerceh.
Kocapa para jalma bakul-bakul, para priya, sudagar, sarta para ingkang sampun kakesahan tuwin para pethel, antukipun anggenipun mentas anyambut damel sami kalocut dumugining griya langkung anggebibir, dene para badhe mangkat kakesahan sarta jagong dados lan sandenipun tuwin para malincur para baladak dados lan mindhak angsal aling-aling utawi para royal para calunthangan datan mawi keguh ing pikajengipun malah dipunbandhani tarutusan kalayan namung kudhung kacu nancutaken sinjang kang tengen bekta upet kang kiwa nyangking teken punapa dene para maliter para birahi sami datan pisah wedhak parem pupuripun anginger kaca sarwi angemek-emek sinom sarta wadananipun sinambi angronce sekar malathi, rampung lajeng angewahi ukelipun badhe tinrapan raroncen sekar malathi, rema ingukel malih sampun nyamleng dhemes lajeng dhahar ganten sarwi madhepaken pangilon kalayan amringis ngatingalaken gebyaring waja sarta mingkis lathinipun, sampun resik rampung asila panggung myang arimong sarung jongga manglung dinulu kados janggrung.

Makaten malih para panganten anyar sangsaya mempeng anggenipun posah-pasiyan punapa dene para keset malah mujung angencengi kemul, para nyeret andadosaken lan kapiranipun para ingkang sampun gadhah tike langkung nikmat anglegeyah nekuk bantal angadhep wedang bubuk lan pangananipun, jeblas-jeblis wonten punapa-punapa boten dipunperduli sarta para ketagiyan lajeng mupus anjingkrung tilem kalayan ngorok sasenggeran langkung amelas asih tuwin para sedhih, susah, ngenes, para aras-arasen, punika datanpa gunem namung anyedhodhog ngrangkul dhengkulipun wongsal-wangsul ngakep rokok kalobod ingkang ngelar gangsir kempas-kempis tan darbe pigunan lyan utawi malih para ingkang badhe bikak toko dhateng sakatenan langkung angraos-ngraosaken sarta ametang-etang telasing waragat tuwin cacah warnining barang ingkang kasade badhe pajeng lan botenipun utawi badhe angsal bathi pinten, sadalu manah tansah molak-malik ngantos tan angsal nendra makaten ugi para budi sudagar, para nglampahaken arta, para nebas, para gadhe, para kuwadeyan, sami anekuki darijinipun ametang-etang badhe kauntunganipun sinambi angeloni anak pasusonipun utawi malih para ingkang sugih anak alit-alit langkung bingung pating creweng, saweneh wonten ingkang jaluk kelon wonten ingkang jaluk nusu, jaluk sega, jaluk emban, wonten ingkang nangis, wonten ingkang gugujengan sami lan sadherekipun pyambak, lajeng katimbangan para mukti, para kesongga, para ayem langkung eca sami maca rengeng-rengeng, ura-ura, sasindhenan myang kalenengan, saweneh jagongan medayinan, lo punika kenging dipunmirengaken sarta kenging dipuntingali.
Cinarita para tiyang lampah awon langkung acikrak-cikrang jogedan amargi rumaos badhe gesang wadhukipun sarta angsal margi anggenipun badhe anglampahi kadurjanan.
Nginggil punika pinarengaken medaling mongsa jawah riwis-riwis langkung angerceh.
Sinerat ing Langyan tirta tanggal kaping 3 wulan Mulud ing warsa Jimawal sinengkalan naga muluk ngesthi ningrat.
Katandhan pun Suranrang jaya.

Kula sampun maos serat wangsulanipun mas iti dhateng mas jayapremana ingkang gumelar ing *Bra Martani* tanggal kaping 23 wulan punika saha mawi anyaruwe dhateng rara sajati semu angerang-erang sanget.
Lo, lo, alon ta mas mangke rumiyin sampun ngantos kalajengaken anggen sampeyan nglingsemaken dhateng priyantun watun-watunipun sampeyan badhe ngatingalaken kawignyan sampeyan menggahing para mong sastra inggih sampun leres mas benjing punapa anggenipun ngatingalaken.
Menggah panyerat sampeyan boten pisan-pisan kula amraduli, namung satunggil tembung sampeyan ingkang mungel kanyana, tembung makaten punika pangrimbaging saking lingga punapa, saha punapa tembung jawi mugi wontena karsanipun ki mas paring katerangan awit kula saweg uninga sapunika.
Mega paminikan kaping 26 Maret 1876 pun Siswadi sastra.

Redhaksi sampun tampi serat katiti mangsan Sapar Jimawal tanggal kaping 15 ingkang nandhanira den panji Trunasembada, tetembunganipun angoko yen ta namung makaten kemawon taksih kenging kaewokaken manawi ingkang jujuluk Trunasembada suda kaengetanipun, ananging sareng ingkang dipun sastra nalar nistha dados redhaksi gadhahi manah yen pun Trunasembada sakalangkung busuk boten pantes yen dipuntimbangana parikrama sarta prayogi dipunsingkirana, ingkang punika andadosna pamirsanipun para mitra ingkang pancen wanuh dhateng tiyang wau, dipunawasna sampun ngantos Trunasembada saged amitunani ing sanes. Redhaksi.

O, mesakaken temen mitra kula rara sejati ing ngajeng sampun kacemplungaken bisaning sarjana wekasan kacempllung bangsaning mamelas awit saking sedyanipun angupados indhaking kawruh sarta wewah ing pawong mitranipun wasana badhe lepat sadaya anggenipun nyuwun barkah dhateng Jayapremana, nanging kula amrayogekaken dhateng rara sejati mugi sampun

katanggelan anggenipun angupadosi indhaking kawruhipun langkung prayogi lajenga anyuwun wulang pisan dhateng patra lalita patraping panyerat sarta jangkeping tembung supados mindhaka saserepanipun dhateng kasusastra, ewadene saupami saseratanipun Patralalita wau gentosan dipunmaoni ugi kathah ingkang dereng leres kadosta ingkang mungel wangsulan saking anyundhuki panyerat kanyina sarjana nyarus wor aksara mintranipun anyar.
Lah ingkang makaten punika punapa sampun leres, nanging yen kawangsulan makaten sakedhik parlunipun prayogi salah satunggal kemawon ingkang aparing wuwulang dados boten katingal grejegan rebat unggul, kalih dene tiyang mamaoni punika yaktosipun angel amargi kedah anyekapi kawruhipun supados botyen kuciwa ing semu.
Wondene patakenipun dhateng Jayapremana bab nalaripun tiyang tilem kados ingkang sampun kapratelakaken punika sarehning Jayapremana sampun katingal bilih badhe boten badhe mangsuli ingkang punika prayogi kasarehaken rumiyin, kalihdene ing ngatasipun kawruhipun tiyang jawi saking bab punika kalebet radi awis sarta boten pantes yen kadamela lantaran rembag wonten ing kabar *Bra Martani* ananging bilih rara sejati taksih adreng anggenipun badhe sumerep dunungipun ingkang sampun katakekaken wau kula aturi angliling *Bra Martani* ingkang nalika redhakturipun swargi tuwan pris winter, ananging taunipun kula kasupen enget kula ing ngriku wonten patakenipun kyahi warga piluta inggih dunungipun ingkang tilem sarta ingkang dados supenan, anjawi punika kathah panunggilanipun ingkang katakekakan pun margapiluta wau bab suluk ngelmi, manawi boten kalintu nalika samanten ingkang anegesi priyantun ing Surakarta wasta Raden Atmadikara, ananging sasampunipun anjarwani ugi katingal geduwungi manahipun raden Atmadikara wau, saking watawis inggih karaos manahipun bilih saking bab punika kalebet radi wados, amila rarasejati mugi sampun angudi malih patakenipun dhateng Jayapremana, prayogi angupados *Bra Martani* ingkang kula aturaken ing ngajeng wau supados boten katingal kathah pinten banggi saged padhang ing panggalih. Den Jakasungkana.

Punika candhakipun cariyos Sunan Amangkurat

Yata sultan ing Pulembang ing nalika mireng aturira sang bupati, ingkang bab angaturaken lemahanipun kadhatengan tiyang ing tanah jawi, ingkang boten murwat sasamining jalma menggahing kagunanipun sanalika sultan ing Pulembang geter ing panggalihingkang sarta kendho anggenira amesah suhunan ing Mataram, sultan lajeng animbali rekyana patih saha punggawa kang ahli bicara, ing sasampunipun sami sowan ingkang katimbalan sultan adhawah dhateng rekyana patih kapurih angrembaga saenipun menggah lelampahan mekaten punika sabab sampun sami karaos ing mongsa punika tanah jawi yektos awrat sesanggenipun, dene kaelokanipun sawawrat tiyang dhusun kimawon samanten kasektenipun.
Punika menggah kempelipun ing rembag badhe anglampahaken utusan sarta badhe angyektosaken kadibyanipun suhunan ing Mentaram ingkang kadamel serona ing Pulembang gadhah pusaka warni sela cemeng kang saking luluhur denawa kala jaman ing maospait, sela punika selaminipun angker sanget sarta boten kenging apecah sabab boten tumama ing sabarang tosan utawi waja, punika manawi suhunan ing Mentaram saged mecah sela punika wau estu sultan Pulombang lajeng nungkul dhateng Mentawis.
Ing sasampunipun dados ingkang rinembag, rekyana patih lan para punggawa sami kadhawahan amanggihi tiyang kang dados gendra punika, ing wusana lajeng sedaya medal panggih lan sang mindha-mindha, kyana patih lajeng apitembung sareh sarta manis arum, eh bagus dhawuhe ratuku kanjeng sultan mundhut pitulung menyang kowe, sultan kersa utusan menyang tanah jawa lan anggawa ondha watuiku sunan Mentaram menawa bisa mecah ratuku ing kene banjur nungkul aris.
Yata sang mindha-mindha api kaget lan gumuyu genira anauri, lah dalah niku becik rembung kang kaya mekoten, nyana kula sipa kerengan niki wau sabab pun kula pesthi mriyem loro dhing kula panggul niki bakal tiba endhase wong ngriki kang rongatus patang atus, mriyem kalih lajeng kaputer sarta kadamel oclang gentos-gentosan, lah niki rupane kaya mekaten, punika sedaya kang ningali sangsaya kapingungunen lan sanget giris, ing wusana sang mindha-mindha lajeng

amituruti sagah angateraken lajeng budhal lampah mawi bahita layar dhateng ing tanah jawisaha sela kang badhe sarona datan kantun.
Kras lampahing bahita kang saking Pulembang tumunteng enggal dhateng ing muara tanah jawi lajeng sedaya minggah dhateng dharatan saha kang mindha-mindha ugi andedahaken margi kang tumunten enggal dhateng ing nagari Mentawis, sareng sampun ngambah radinan ageng lajeng sang mindha-mindha wicanten makaten lah niku dalane kang bener teng negara, dika banjur kula ming ngaterake ngriki mawon, bupati Pulembang mangsuli lah ya bok mangko yen wus cedhak karo negara bae kowe baliya, lo kula yen konangan lurah ngeterake, sang bupati amangsuli sarwi gumun, lo dene kowe kasektenmu kaya mengkono bok iya kok tandangi lurahmu apa dadak kalah kowe, sang mindha-mindha sumahur sarwi bekis, lo niku boten kena semangsane kula mungsuh lurah banjur kuwalat kasekten napa-napa ilang kabeyan pun mekoten tatane wong jawi niku.
Para prayantun Pulembang sami gedheg-gedheg sarwi laju lumampah, dene sela pusaka dipundekek ngajeng karembat tiyang kawandasa, sareng sampun ungkur-ungkuran sang mindha-mindha enggal kondur kalayan lampah rikat, sarawuhira ing dalem lajeng santun ngagem-agem cara senapati, nunten lenggah munggeng madyaning pendhapi sarta dhedhawah dhateng para abdi andikakaken nyegat utusan kang saking Pulembang kang badhe ngaturaken sela, agya abdi ingkang kapurubayan enggal angleksanani, boten antawis dang ulajeng kapethuk kalayan utusan kang saking Pulembang lajeng katiti priksa yen utusan saking Pulembang badhe angaturaken sela dhumateng kanjeng suhunan Sultan Agung, utusan lajeng kairid dhumateng kapurubayan kadhawahan yen boten kenging yen lengkah saking sang senapati.
Wasana lajeng tumurut, sapraptanira sang senapati andangu dhateng utusan menggahing karsa tuwin nyukani pun angajeng sabat punapa utusan lajeng angaturaken cariyos ing purwa ngantos dumugi ing wusana sarta menggah kang dados ubaya, sang senapati angandika yen mengkono mungguh karepe ratumu ingsun bae bisa nguwisi ora susah tumeka ing panjenengane ratuku, payo ajokna mrene watune tak sigare, nunten sela kaajengaken menggah genipun nampeni sang senapati amung kacengkiwing ing asta kiwa, sela nunten kagaris ing kenaka lajeng kacoklek kalambaran dhengkul, sela nunten sigar dados kekalih, tiyang Pulembang sami jenger langkung pangungunipun. Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos saking iman Nawawi bongsa Arab,
Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Pucung. Kawuwus kang sakit munggeng sor turu, wasta ki kajinah, tanpa rowang mung pribadi, atuturon tanpa lemek kawlas arsa. Jalma ingrum, ki kajinah aslinipun, ngalih mring Bulkiyah, cukup sandhang miwah bukti, ki kajinah jalma alim sru ngibada. Duk puniku mentas kekesahan dangu, arsa mantuk mring gyan, aneng marga nandang sakit, langkung susah nuju tebih palerenan. Senggrak-senggruk kajinah munggeng sor kayu, mangkana jeng sultan, marepeki ngandika aris, eh kisanak apa baya sira lara. Dene ngungkruk tanpa rowang neng sor kayu, jalma ngendi sira, ki kajinah anauri, ingsun aran kajinah jalma Bulkiyah. Eh ya bagusingsun niki temen angluh, mentas alulungan, ing mengko tan bisa mulih, luwih susah jalma lara ngentheng-ngentheng. Tanpa batur paran ing wusananipun, jeng sultan ngandika, payo ingsun kang nulungi, tunggangana lah nya iki kudaning wang. Ingsun melu angeterken mring wismamu, yata ki kajinah suka sokur srep ing ati, lan nuturken banget ing panrimanira. Tandya sampun ki kajinah gya lumaku, anunggang turongga, sultan nuntun munggeng ngarsi, wetarane lampah duk saunjotan. Prapteng warung pinggir marga dhasar seyup, wau ki kajinah kaluwen tan darbe picis, sang telas ki kajinah aris mojar. Eh ya bagus ingsun kaluwen kalangkung, dhasar lagi lara, cacade tan darbe picis, bok manawa sira misih sangunira. Ingsun jaluk darapon karya patuku, mengko yen wis prapta, ing wisma ingsun lironi, sang amindha darwis anauri sabda. Payo gupuh sira mudhuna mring warung, nuli memangana ingsun mengko ambayari, away ngetung kehing bayar angger waras. Sigra mudhun ki kajinah malbeng warung, laju amemangan, saha yuna pun tutugi, dupi smpun tuwuk gya gya sang mindha-mindha. Alon muwus lah iku turangganingsun, siranggowa bayar, pira teke kang pengaji, wenehena lan saput rantine pisan. Langkung ngungun ki kajinah

gya pitembung, kuda urup bayar, wus tampan tinampan sami, jalma warung angsung tambah sarta kathah. Wusnya rampung ki kajinah pamit lelaku tan pisah lan sultan, aneng marga angot sakit, kalantingan gya ginendhong mring jeng sultan. Lampahipun malah prapta wismanipun, akrabe kajinah, ngungun rubung anangisi, ki kajinah megap-megap awawarta. Dhayoh iku kang tutulung marang ingsun, age atur boja kramanen den becik, ingsun iki ngrasa banget kapotangan. Mring ki bagus kang ambek jalma linuhung, pesthi raganing wang mati aneng tengah margi, tuturira miwiti prapteng wusana. Rabinipun ki kajinah mirsa tutur, gupuh mring pandhapa, mangrepalan ngasih-asih, dhuh dhuh anak payo age manjing wisma. Dhuh pun babu arsa males sih kang tamtu, paran lamun aja onoha sira nak mami, kang mengkono pokale sudarmanira. Pesthi lampus, lan pira ajine kulup, turongga kang karyaya, bayar neng warung nguni, sun ileni anikeli arganira. Sokur lamun sira kongsi leren dangu, aneng wismaning wang, yya susah mulana tebih, sun tutugi apa ing sakarsanira. Wong tuwamu ki kajinah iku cukup, barang sarwa ana, nyai kaijnah dereng ngling, andarbeni panggrahita kaya-kaya.mring tetamu nyana yen trahing leluhur, katara ing solah, jatmika pasemon wingit, lan cahyane amindha wulan purnama. Angkah-angkuh tuhu snag murweng praja gung, myang suwarnanira, apekik sarwa respati, ki kajinah kaletheke driyanira. Mring ki bagus keniya den ambil mantu, sutane kajinah, kenya warna yu linuwih, wruh ing sastra sru bekti mrang hyang agung. Rama babu katresnanira kalangkung, ingunggu dinama, wit suta sepuh pribadi, sundhulane priya nom gagah prakosa. Yata wau sang mindha darwis lingnya rum, bibi away susah wus liwat tarima mami, mring sihira kang sedyarsa manembrama. Anggeningsun tan darbe cipta satuhu, amurih baliya, tutulungingsun ing nguni, mring ki kajinah mung awit welas kewala. Mengko ingsun arsa enutugken laku, bibi lilanana, yata nyi kajinah myarsa, asru nyegah lawan mijil waspanira. Bekah-bekuh sarya sarya sru mangadhuh-adhuh, kapyarsa sing wisma, ki kajinah sigra mijil, kerengkangan prapteng jawi menggah-menggah. Alon muwus adhuh babo sutaningsun, yya mangkono sira, karya saksesa mong jalmi, bok manawa sira kasereng ing suskma. Mengko yen wus nembadani ing sakayun, kayun kang prayoga, awit songka bener becik, iku wajib sinembadan tan sangsara. Dene kayun kang wajib tinampik tuhu, goroh lawan ala, iku satruning hyang widi, dhuh dhung angger payo age maring wisma. Yata nurut jeng sultan ngecani kalbu, yata kawuwusa, sutane kajinah estri, wasta sulbi adamah dupi tumingal. Mring tetamu sang rara tyase kumepyar, mangkana jeng sultan Ibrahim kagyat ningali, mring warnane sutane nyai kajinah. Tuhu lamun mindha traah hjalma linuhung, cahya kadya wulan, purnama lagya piningit, dening ngima sabab dereng kaupama. Sarwa patut, babahon wijanga lurus, adedeg pidegsa, pasemon wingit mrak ati, rara sulbi mendhak neng kering nging wang. Wusnya langkung jeng sultan sang rara gupuh, tumameng pengkeran, angambil sagung sesaji, tan aganas awit pakone kajinah. Sultan ngungun sru sabil daleming kalbu, osike wardaya, dene kagiwang ningali, mring wanita kang dumadak marga gampang. Wusnya teguh nata mesem jroning kalbu, lah iki rencana, lir wawalesan duk nguni, pamelehe duk ingsun nyoba ki sudra.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 15 Kemis kaping 13 April 1876
BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami ngemin serat *Bra Martani* kula aturi ambayar arta panumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1875 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing *Bra Martani*, ingkang punika pangajeng-ajeng kula sampun ngantos kalampahan mindhak andadosaken kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en.ko.

Panjurung kabar ing Surakarta

Gumrahing pawartos ingkang kapireng dening para priyantun bawah kabupaten gedhong kiwa, nalika ing dinten Senen tanggal kaping 1 wulan Mulud taun punika awit saking timbalan dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ingkang bupatos ing gedhong kiwa rahaden Tumenggung Kartadipura, kalerehaken genira jumeneng wadananing gedhong kiwa jalaran sampun yuswa sepuh ugi kawartos saking dhawuhipun panjenengan dalem kanjeng Raden Adipati Sasranagara papatih dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan, salebetipun taksih lowong dereng wonten ingkang kakarsakaken gentosi dados priyagung wau, ingkang kadhawuhan ngampil nindakaken paprentahaning wawengkon ngriku kaliwonipun Raden Angabehi Martadipura.
Ing langen winangun tanggal kaping 15 wulan Mulud taun Jimawal sinengkalan paksa nir ngesthi tunggal. Katandhan Kramadongsa.

Nalika ing dinten Jumuwah sabibaripun bakda garebeg mulud punika kula ketamuwan pra sobatan saking kutha Klathen wasta Khaji Ngabdul Rakhim anyariyosaken bab anggenipun tampi paring dalem pesangon awit anggenipun ngalam barkah slawatan wonten kagungan dalem surambi masjid ageng, menggah paring dalem pesangon arta wau sampun boten kuciwa sakedhiken saha rampak waradin sadaya, sampun kenging bilih kawastanan adil, ananging Khaji Ngabdul Rakhim pengajeng-ajengipun sanget penueunipun mugi ingkang kuwasa wajib mranata wau kagungan kersa mangkak mangkat kadosta ingkang pagriyanipun tebih pesangon dalem sampun kasami kaliyan ingkang celak, saupami pangajeng-ajeng punika saged kalampahan saiba bingahipun ingkang saking monca tebih wau bok menawi saged anambahi angluhuraken kaprabon tuwin ajining karaton dalem ing nagari Surakarta Hadiningrat. Panjurung kula punika menawi sakinten pantes panjenenganipun tuwan Jonas Portir kula aturi macak bok manawi tembe saged kalampahan saklangkung sanget panuwun pengajeng-ajeng kula , wasana atur tabe pakurmatan kula ingkang kathah-kathah panjenengan sampeyan.
Kaserat tanggal kaping 15 Mulud Jimawal ongka 1805.
Kula pun Wiryamartana.

Panjurung biyantuning pangajap

Kula punika kalebet golonganipun bangsaning manungsa remen tontonan, sareng aningali pawartos ingkang angandhakaken bilih gusti kula Kanjeng Pangeran Ariya Natakusuma karsa lelangen topeng raosing manah teka lajeng kumecer anggen kula ngangkah badhe ningali saengga panyidhaming wanita ingkang anggarbini peksa kepingin rujak-rujakan mila tandhanipun sanget angesthi dene biyantoni ngencengi pangajap mugi-mugi gusti kula wau karsaha topengan malih iba anggen kkula ningali kados sakelangkung seneng, badhe sapinten pamberi monusing kabingahan kula amila cumanthaka saha bipraya kaliyan yayi blenger-blenger loyop angajap tumetesipun ing seja, empering kaleksanan kawartos dereng antawis lami bandara Tondhakusuma ingkang kontap bilih karsa jumeneng anopeng sampun ambangun pambebering kawruh, kalampahan wonten pandhapi tumenggungan Suryawinatan malah inggih kadherekaken ing biyada ingkang karan mas Ajeng Kenil, saking pakabaran kilap leres utawi lepat, para tiyang

kang sami ningali ngantos jejel uyel-uyelan jaler utawi estri, kula sareng dipuncariyosi dening makaten mandar kula tutuh kathik boten cariyos saderengipun kalampahan dados parlunipun naming sumeja anyeneng gela gegetun ing manah kula kemawon awit sampun kasep kula boten saged aningali, o..mongka satemenipun kula punika manawi wonten tontonan kapelaur kecalan yatra seteng kaliyan dipunpenging nonton, eh..latiyana ming urun sedhakep kaliyan melampah sahanti wis lenggah dhelog-dhelog badhe angudhuh kabingahaning manah semanten, praos kula timbang ragading ingkang karsa lelangen utawi rekaosipun ingkang jumeneng beksa dene riwe inggih gemrobyos kula sami ambandhani pambeliyut kawewahan para her-her ingkang kadongengaken makna cilik wau wonten sadaya, ah sampun ta sampun judheg.
Katandhan Larasdriya.

Surakarta

Kala angrintenaken tanggal kaping 11 April punika kula mireng pawarti bilih griyanipun tuwan Khaji Mustapa ing kampung Pakauman kalebetan durjana, sarehning gebyaring hyang sasongka sawek anedhengipun dados ingkang gadhah griya ragi dleya, mila kalampahan durjana saged anuntun turangganipun ingkang pangaos *f*250, ing mangke ingkang kedah kaginem, namung julig tuwin kapurunanipun sang leletheking jagad ingkang tansah angeramaken ing akathah awit gedhogan wau pancen sampun rempit menggah ing dunungipun sarta slaraking gedhogan sampun kakunci tuwin kagembok, suprandosipun maksa saged anginggahi malah-malah kunci gembok tuwin radentanipun kabekta pindhah, punapa malih lampahipun durjana kala anuntun turongga punika medal ing pundi-pundi, dene radinan ingkang anjok dhateng griyanipun tuwan Khaji Mustapa wau sampun katundha-tundha dening pajagen, wasana ingkang makaten wau temahan saged anuwuhaken pataken, punapa konja khaji saweg ewet ngantuk dene wonten lampah ingkang nyalawadi teka eca-eca kemawon.
Bathangan kaping 12 April 1876 pun Tabiyat.

Punika candhakipun cariyos Dawud

Payo padha mring tegilan, kita ring wang prajangji bayapati, myang satedhak turunipun, away na kang sulaya, sapa wiwit anyidrani tan rahayu, kenaha ujar priyongga, Allah ingkang anekseni. Yen rama tuhu tan arja, eh lungaha slamet samargi-margi, mangkana pratikelipun, neng watu esel sira, ring wang nuju anglepasken warastreng sun, lir lesan satriya manah, rarywa lin kebat mucuki. Jemparing kaping tri kentar, rarywa alit ngabil tibeng siti, kitaka panggih lan ingsun, slamet samya raharja, lamun panah lampah ring panggonmu, rikat anglesa kang tebah, nanging ywa cidra prajangji. Dawud mituhu ubaya, kojar tanggak kapisan sri bupati, lenggah kadi adatipun, Yonatan ngarseng rama, tuwin asenapati munggeng ngayun, catur Dawud nanging sonya, palungguhan suwung mangkin. Saul ngunadikeng nala, apa pambeng Dawud sadina iki, aluwaran sang aprabu, tanggal kaping dni raja, lenggah kadya adad Dawud tan kadulu, Saul manabda ring putra, pa sabab Dawud tan prapti. Yonatan pyayameng rama, sang pukulun Isaya yekti, pra saben kesah mring dhusun, Betlekem panggih bapa, len prakadang akarya kurbaning taun, mila tan sumiweng narpa, Saul winga wengangis. O Yonatan sira cidra, punggung pengungkap lingersa sapikir, kokira nora sumurup, ring sun ingakal ira, luwih tresna sira mring Isaya sunu, e punggung dahat kanistan, yen Dawud urip neng bumi. Karaton mongsa kukuha, ngriribedi samengko tuwin wuri, Dawud udangen den gupuh, sariki masthi pejah, adipati Yonatan matur ring prabu, lah sababipun punapa, Dawud pacanganing pati. Lan sampun damel punapa, Saul krudha sang putra den larihi, dereng utung tarka cundhuk, angles Yonatan wirang, myang sumurup kang rama dumurkeng tuwuh, rengu Yonatan wus medal, ingiring rarya lit siji. Nyangking astra prapteng tegal, gena Dawud kang sampun dipunpesthi, kang hru linepasken mamprung, kaping tri kapya langkah, kebat rare kucuki ngabil ponang hru, binakta kodur agancang, Dawud Yonatan wus panggih. Kadwi samya rarangkulan, Dawud ajrit muka kojem ing siti, kasesegen amlas ayun, amba kapejahana, asta pada ywa lyan kang ngutapken ring sun, Yonatansanget kagagas, ketang durbaleng sudarmi. E Dawud sira anglesa, kanthi slamet Alah

rumekseng ciri, ywa kapyan prajangji ngayun, sagesanging pangeran, wijenira wijeningsun atut runtut, kang cidra anemu papa, ywa basuki dina wuri. Sawusnya ungkur-ungkuran, wirandhungan Dawud samargi-margi, analasah wana sunung, ajujur sungil gawal, prapteng ing nob, gene imam mau luhur, akhi Meleh wastanira, kawuryan dan ngacarani. E Dawud sabab punapa, padha ijen kuswala wonten pundi, Isaya putra ngling arum, tan srung pramilah narpa, maweng wadya ujar kang piningit iku, prajurit kabeh wus pernah, ana panggonan sawiji. Len imam kalamun rila, sunga roti lilima dipungipih, yetana sahananipun, imam matur wus telas, roti dhahar namung panonton mau luhur, roti suciye wadyanta, cegah setri inggih kenging.. ngarcana Dawud ring imam, wingi-wingi wadya wus cegah stri, dene wadhahe wadyeng sun, padha suci sadaya, de ari kinucekake wadhahipun, imam asung roti mulya, Dawud awacana malih. Kene apana gagaman, tumbak pedhang sablakusu niki, kasusu dhawuh sang prabu, gancangan tanpa astra, imam nabda pedhang cegolyat puniku, ing nguni pada kang gebag, wonten jurang ela brangti. Yen karsa paduka ambil, Dawud ananggapi pedhang, cangkelak wangsul ge-age, ing kono norana janma, mung lurah pangon nata, do egwong edom puniku, nuju pambeng ngarseng sukma. Dawud luwar skaing pati, laju mring nagara inggat, bongsa Pilistim sang rajeng, prabu Akhis wastanira, asuka Dawud prapta, nyipta entheng mungsuhipun, kang babaya sampun kentar. Ananging punggawa aji, tan rembag Dawud ngawula, sabab wus kathah labete, angririsak bangsanira, Dawud sampun garjita, gya salin tarekahipun, rewa-rewa janma ewah. Dalewer idu nring lathi, ineb lawang cinlerongan, galuyuran sasolahe, sang nata ngandikeng wadya, eh kokira wong apa, lir wong edan solahipun, prayoga tudhungen kebat, dawud ge-age wus bali, ngungsekaken urip ira, manjing guwa adulan ge, neng kono manting sarira nanedha mring yang suksma, gagra kusika sang bagus, rila lebur kang jiwangga. Ye tar antuk sihing widi, samana pitulung ing ywang, para ahli-ahli kate, bapa babu para kadang, samya miyarsa warta, yen Dawud neng guwa sampun, ge-age wus pinaranan. Utawi para prajurit, kang tresna myang kang musakat, sarta kang serik atine, lan bongsa kang sugih utang, samya miyarsa warta, sadaya ngetup ring Dawud, kawan atus winatara. Amondhong mring Dawud sami, satya tuhu tresna dahat, asareng para kadange, Dawud pinundhi pinujwa, tan dya kinarya lurah, Dawud tumurut ring kayun, lumengser mring tanah moab. Wonten wispa saha dasih, darbya atur mring narendra, bapa kaliyan ibune, tinitipaken narendra, maharaja ing moab, Dawud gugulang pra wadu, neng beteng ulah payudan. Wonten wangsiting hyang widi, wasta Nabi Adam pyayama, e Dawud ayya neng beteng, metera ring tanah pada, Yahudi wewengkonya, ngriku gen wutah rah Dawud, mestuti wangsiting suksma. Lumaris mring wana werit, ing keret sungil kalintang, nahen Saul mirsa ture, sang prabu asru manabda, eh sakeh wadyaning wang, dene nora kaatur wruh, si Dawud saenggyanira. Saul wonten nginggil ardi, sor mandira ngasta tumbak, musa maring wadya kabeh, eh wong bunyamin sadaya, apa wus binecikan, mring anak Isaya Dawud, dene nglilimpe maring wang. Lan putreng sun dyan tupikir, doegwong edom pyayama, amba ngeksi Dawud katong, ing nom akhi Meleh imam, akhi Tub atmajanya, aneges karseng ywang luhur, ring Dawud dan asung pedhang. Gya ngimba sira sang aji, akhi Meleh sampun prapta, sareng sabrayate kabeh, pra imam ing nob sadaya, Saul asru manabda, akhi Meleh nunggal kayun, mring Dawud satru narendra. sung gagaman tuwin roti, leneges karsaning suksma, anglama limpe marang rajeng, seja nglawan marang rajwa, akhi Meleh pyayama, gih yaktos sabda pukulun, nanging tar lepat kawula. Sampun muwer-muwer gusti, mareng dasih kang tar dosa, pun Dawud sae anggepe, lan dadya mantu narendra, jujur budi raharja, sinten kang sami pukulun, Dawud mantep labuh pejah. Pun patik tar wrin prakawis, sru wengil Saol gya ngatag, kajineman tar yun kabeh, sabab pra imam tar dosa, doeg kinen tumandang, kancit nubruk linampus, gugung pra imam kang pejah. Wolung dasa gangsal iji, tan lilih Saol dan nglarag, mring inob imam prajane, tinumpes saisenira, bayi estri gen kewan, gempur tumpur tar na kantun, namung sawiji kang gesang. Atma aki Meleh naming, abya tar rinakseng suksma, luyut ring Dawud unggyane, wawarta amelas arsa, para imam wus sirna, garjita Dawud mangimur, abya tar ing ngela-ela. Ywa muri ring tyasmu yekti, sapa kang yun ngambil nyawa, kita ring wang tumut layon, eh imam sira sun resa, de anak driyanira, efod pinuju montra wus, piranti neges pangeran. Cariyos punika taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos sultan ing Mataram

Yata sang senapati Panembahan Purubaya, angandika dhateng bupati Pulembang kang angaturaken sela, lah iku ki sanak, kowe padha muliya umatur marang ratumu, yen watu wus pecah dneing ingsun, ora kanti katur maring panjenengan suhunan Sultan Agung, lan karo dene watu iku tinggalena separo, separo gawanen bali mulih, ratumu tumuli aturana ayya cidra ing ubaya, tumunten para utusan kang saking Pulembang sami pamit mantuk, saha sadaya sami kaganjar busana kang indah-indah, tuwin kaparingan sangu langkung kathah waradin samudayanipun, punika para utusan sakelangkung panggugungipun dhumateng ri sang senapati, sabab boten nyana yen manggih ganjaran makaten, dene sang senapati sampun katingal pangwasanipun angagem ambeg santa paramarta.

Dados samargi-margi para utusan smai suka-suka, kang saweneh wonten prayantun bupatos smai raos, lah apa pandelengku dhewe, panembahan Purubaya iku tak emper-emper kaya wong desa kang nglayangi mriyem gepeng ika biyen, kaceke ukur cahyane bae beda wong gedhe karo wong cilik, nunten kancanipun sami bupatos amangsuli, kuwe bener pangempermu iku, sabab kala semana rak nganggo kulu-kulu, saiki nganggo cara wong gedhe pesthi cahyane mentar, ing wusana smai kenceng amastani yen Panembahan Purubaya kang nyamur dhumateng nagari Pulembang, sabab katepsir yen tiyang alit boten gadhah kasekten ingkang makaten.

Enggal lampahing duuta sanalika sampun sami dhateng ing nagari Pulembang, lajeng smai umarek dhateng sultan, angaturaken kawujudanipun sela ingkang kapecah dhumateng ri sang senapati Panembahan Purubaya lan sami angaturaken sadaya pratingkah lan kang mawi wados kala mindha-mindha, punika sultan ing Pulembang sakelangkung gawokan sarta umiris ing panggalih, ing wusana estu angrembag angaturi pratondha pisungsung kados dening sultan ing Banten, Crebon lan mawi tatenger ngaturi dipongga kakalih jaler setri kang endah wernanipun saha kang langkung ageng-agengipun, sareng utusan kang saking Pulembang sami dhateng malih saha bekta atur-atur punika andadosaken kagetipun ing panggalih Sultan Agung ing Mantawis sabab boten sumerep nalaripun ing ngajeng, tumunten Panembahan Purubaya angaturaken nalar sedaya ingkang sampun kalampahan, wusana sakelangkung suka sang prabu kang minulya.

Ing sasampunipun kaleksanan panungkulipun nagari Pulembang Panembahan Purubaya sangsaya prawiranipun sabab kasebut saged anelukaken satunggal nagari ingkang boten mawi pukul ing prang kasab, dene kanjeng Susuhunan Sultan Agung inggih ugi kawentar saged anelukaken nagari tetiga, inggih ugi boten mawi kapukul ing aprang tur sadaya kang katelukaken kalebet nagari ragi ageng, satunggil nagari sabrang ing Jambi, kalih ing Banten, tiga ing Crebon, punika kaskayanipun jeng suhunan piyambak, ing Pulembang kaskayanipun Panembahan Purubaya, ing wusana punika para prayantun dalasan tiyang alit sami anggadhahi manah sumeja angetingalaken kaprawiranipun sabab ingkang sampun sami angsal lelabet ingkang ingkang mekaten ageng ganjaranipun lan kaparingan mindhak ing kalenggahan utawi kaluhuran.

Yata ingkang kawuwus kiyahi mas pangulu ageng ing Mentawis ingkang sampun kaparingan kamulyan kasugiyanipun ing sabarang, punika kiyahi mas pangulu andarbeni niyat angatingalaken mangunah ing bongsa ngalim, dene menggah bubukanipun kiyahi mas panggulu anggenira badhe ningalaken pangwasa kinawitan boten tumindak sowan ingkang manawi wonten sidhekah wilujengan dalem menggah anggenipun dongani amung wakil ketib bunon kimawon, punika ngantos andadosaken rengating para prayantun alim, wau nuju satunggil dinten wonten tingalan dalem kanjeng suhunan, tingalan tumbukan taun, adat jawi menawi tingalan tumbukan damel bujana ageng, punika pepak para nayaka sowan sadaya dalah bupati pasisir monca nagari ugi pepak, ing wusana amung kiyahi pangulu ageng ingkang boten sowan, katiti pariksa boten sakit.

Sareng hajad dalem sampun katata, jeng suhunan miyos lenggah ing pandhapi sadaya ingkang sowan lajeng kadhawahan ngepuh hajad dalem, punika mas pangulu kauningan yen boten wonten, sareng kadangu catur yen saben-saben makaten, kanjeng suhunan sakelangkung duka, lajeng utusan prayantun gandhek annimbali mas pangulu sarta kaparingan jajeneng bupati kekalih menawi boten purun sowan kadhawahan misesa ing patrap siya lajeng kaleksanan utusan

lumampah gita dhateng ing pangulon sarta badhe jarah rayah, sareng dumugi griyanipun mas pangulu para utusan sami jenger ngungun sanget sabab mas pangulu boten kapanggih griya lan griya sampun kothong suwung bleng tanpa tiyang tanpa barang.
Ingkang wonten amung satunggal jontra wonten jerambah mubeng mungser piyambak tanpa kendel, punika utusan sedaya ngantos kamigilan lumajeng wangsul katur ing panjenengan dalem, anaming kiyahi mas pangulu sampun kepanggih wonten ing ngarsa dalem lajeng mapan wonten tengah badhe dongani hajad dalem, sareng utusan ngaturaken nalar ingkang angerami ingkang elokan jontra muser tanpa tiyang, jeng suhunan entyar sasuka gumujeng punika mas pangulu kadhawahan adongani hajad, mas pangulu boten purun donga kedah wakil kemawon, jeng suhunan lajeng duka malih sabab punapa mawi boten purun donga, mas pangulu agya matur, dhuh pukulun menawi kula purun donga sedaya tetedhan punika wande dipuntedha dhumateng abdi dalem sedayanipun, jeng suhunan mangungun sarwi dhawah ameksa badhe sumerep kayektosanipun ing atur mas pangulu sareng katudingan kalayan pangandika sereng gupuh lajeng andonga, sareng saweg angsal kalih amin sedaya hajad sami obah ing sawernenipun ulam-ulam wangsul mentah sedaya, dene sekul sedaya wangsul dados uwos malih.
Sareng donga tigang amin sedaya ulam kesah saking wadhah sami lintu lambang pating baleberpating panculat ngucali bangsanipun piyambak, kadosta ulam maesa kumpul sami maesa, ulam ayam kumpul ayam, punika andadosakensumenger pan dhateng sadaya kang ngepang hajad utawi jeng suhunan inggih gumun dene mas pangulu lajeng ngical boten kantenan, ing wusana jeng suhunan dhawah bibar pakepungan wande kadhawahan wangsul sonten sabarang kang wangsul mentah kadhawahan ngolah malih, punika sareng sampun bibar andadosaken drahing sanegari. Taksih wonten candhakipun.

Panjurungipun jamadabah ning Ngayuja boten kapacak awit boten masajani namanipun ingkang sayektos. Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos Nawawi

Gambuh. Dangu jeng sultan ngungun, solah baweng semu sarwa atut, Rara Sulbi terampil angleladeni, tan montra yen jalma dhusun, lir trah miseseng gedhotan. Sang nata gung mirangu, osiking driya sariraningsun, datan marga ginodha teka kagingsir, bocah wadon iku tuhu, tan darbe cipta maring ngong. Pesaja mrih pamilut, wewalese duk sudarma angluh, dadi ingsun dhewe kang apoyang paying, uyanging driya tan urus, malut warna kang mangkono. Ika ta garwaningsun, tuhu putri ing jagat pinunjul, paran dene dadak ana kang nimbangi, sutane kajinah iku, tuhu kumaraning wadon. Nata dang uanjetung, nyai kajinah weruh ing semu, pasemone ki dhayoh kadi kagingsir, nyi kajinah sukeng kalbu, ing wusana wuwus alon. Dhuh babo sutaningsun, payo angger dhahara kang tutug, nyenyamikan iku gone ngraratengi, arinira bocah cubluk, angepluk dhasare wongkot. Ya jalma weton dhusun, ngakuwa wasis jer nora patut, ngaku ay urupane kaya kuwali, bengus-bengus kuthah angus, tanpa krama tembung dhoso. Den gedhe apuramu, engger maring arinira iku, sultan mesem cinoba temah kawingkis, mingis prabaweng tyas giyuh, selang surup ing wiraos. Bibi panduluningsun, teka sungsat lan kang sira wuwus, ingsun kerep wruh wanita yu linuwih, durung tumimbang satuhu, sutamu iku kinahot. Rara Sulbi angrungu, kang ginunem sigra mintar gupuh, asmu merang sultan ngliring nut pangaksi, ki kajinah sukeng kalbu, gya tangi saking tuturon. Margegeg alon muwus, engger ingsun arsa tutur-tutur, lara rumab ing samengko uwis mari, marga songka pitulungmu, apa baya wales ing ngong. Yen sembada ing kayun, arinira bocah wadoniku, sun aturken dadiya wawales mami, jer biyung irarsa nahur, sira tampik nora kanggo. Jeng sultan myarsa wuwus, meh kasupen wit geng brangteng kalbu, mongka sinung marga gampang reh pamardi, nata mesem ngandika rum, eh kajinah ing samengko. Tan kena angganingsun, lamun darbe cipta mring dyah ayu, sedyanira wus banget tarima mami, sapa wruh ing wuri besuk, yen dinulur mring hyang manon. Mung iku wuwus ingsun, lah kariya prabu tedhak gupuh, kesahira sarwi tiga pardha rindhil, paran dene kapirangu, gun mangungun tanpa ntuk don. Yata kang sami kantun, munggeng wisma langkung denya ngungun, ki kajinah tyasira

lir antuk wangsit, kalamun tetamunipun, iku ratu geng kinaot. Dadya agunem rembug, lan kang estri manedheng hyang agung, wus mangkana yata ganti kang winarni, lampahira sang aprabu, anrang marga tan rinaos. Kapambeng surya surup, dadya kendel umamping mring dhukuh, dhukuh asri keh mantri munggeng ing masjid, wakt umahrib sang aprabu, manjing masjid salah momor. Tan kawruhan yen ratu, nyana santri tongga nunut wektu, yata dupi wus bakda denya ngabekti, bubar santri samya mantuk, amung kantun sang akatong. Ki kaum asru muwus, payo sira metuwa den gupuh, pintu masjid ikiya arsa ngong kunci, jeng sultan mangsuli wuwus, dhuh kiyahi raganing ngong. Parenga minta tulung, pasipengan ing salatri namung, rehning tebih kadar punapa wong langip, ki kaum sumaur bekuh, eh ora wetuwa gupuh. Bok sira anjujupuk, iku akeh kitap aneng dhuwur, sri narendra ngrerepa denya nauri, dhuh ki kaum kang satuhu, ulun tan watak nyenyolong. Ki kaum saya bendu, yya kakeyan ujar sira iku, lamun wangkot mengko sira ngong gebugi, yata sultan mijil gupuh, sarya sru ngungun ing batos. Nata micareng kalbu, iki silih bebendu kang dhawuh, luput ingsun nguni dupikagingsir, mring kajinah sutanipun, tujune durung kelakon. Dang ujetung sang prabu, rehning latri petengan kelangukung, kewran ing tyas tan antuk sipeng ing panti, mangkana jeng sultan dulu, wonten agni marong-marong. Nging tebih prenahipun, sri narendra tindak mring gen latu, sapraptane gen agni sultan ningali, ana lajma juga lungguh, tunggu kubur dhelog-dhelog. Memelas tanpa kemul, sri narendra uluk salam gupuh, jalma ika dang udenira nauri, pijer ngurubaken latu, wus murub sumaur alon. Gya tata sami lungguh, sultan nabda kisanak tanyeng sun, pagene ya sira neng makam pribadi, wong ika nnauri wuwus, eh ki bagus raga ning ngong. Neng kena abuburuh, pendheman anyar iki ngong tunggu, bok manawa kubur dhinudhuk mring jalmi, ngambil ules jamla rusuh, ing saben-saben amngkono. Sultan miharsa ngungun, jalma ika malih denya muwus, nanging ingsun buburuh karya sengadi, ingsun jalma mukmim suyud, sinung wangsit mring sng hyang manon. Mangkono dhawuhipun, eh ki ngalim sira mring akubur, nemonana Sultan Ibrahim yen prapti, iku kekasih hyang agung, sultan waliyulah kaot. Mrih asapangatipun, sira ngujunga meing sultan kutub, sun pangan tosan, sapangartos akeh dosanira enting,eh ki bagus tanya inghsun, apa sira sang akathong. Sutlan Bolkiyah tuhu, sultan ngungun gya nauri wuwus, sakarsanta ki sanak dera andalih, payo ngujunga maring sun, umanut karsang hyang manon. Ki ngalim dupi ngrungu, asru nangis sumungkem ing suku, sesambate dhuh gusti sultan, Ibrahim, kang antuk sihing hyng agung, tanpa sesameng para katong. Dhuh gusti amba nuwun, sapangat tuwan gen kula mantuk, maring jaman langgem amung anggenteni,mring jeng paduka pukulun, rekyana patya sigra lampus, ing mangke rawuh sayektos. Ki ngalimwuwusnya sujud, nulya narik napas sigra lampus, sultan mulat anjenger tan kena angling, duk jisim arsa rinangkul, gya musna tilar wiraos.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 16 Kemis kaping 20 April 1876
BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami ngemin serat *Bra Martani* kula aturi ambayar arta panumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1875 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing *Bra Martani*, ingkang punika pangajeng-ajeng kula sampun ngantos kalampahan mindhak andadosaken kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en.ko.

Serat kabar *Porsten Landhen* angabaraken

Kanjeng tuwan residhen Lamres pan Toren Boreh kaauturan uninga dening cundakaning pulisi wonten durjana sami apepanthan badhe angecu ing kampung Kapatiyan Surakarta, selak dalemipun kanjeng raden adipati, ing pagriyanipunn wanudya anama raden nganten Dwaradiwati ingkang kaceluk sugih, dene sedyaning durjana badhe dipunleksanani nalika malem Salasa kang saweg kapengker, anggenipun ngrancang lampah wonten ing pagriyanipun tiyang jawi anama Sawinangun kampung ing wiradikan bawah kadipala.
Saksana wanci jam 8 sonten griyanipun sawinangun dipunkepangi ng konca pulisi sakarerehanira, sareng dipundingkik saking jawi salebeting griya sampun wonten tiyang 8 sami asikep dadamel.
Sasampuning kawaspaosaken satunggal-tunggal murih sampun ngantos pandung bilih babal, korinipun griya lajeng dipuntutup ing konca pulisi, para durjana dipuntubruk sadaya boten saged lawan, ananging sami oncat saking kori wingking, ngantos marucut ingkang gangsal, ingkang tiga kapikut, mongka kapara mikantuki sabab badhe pikantuk kaeneranipun dene nama nira ingkang kacepeng.

1. Raden Benindra kapara asal.
2. Sawinangun ingkang gadhah griya.
3. Nayawijaya.

Dadameling durjana ingkang kapanggih borang sasenik ingkang dipundamel suwa mawi katunjepaken ing gedebog pisang.
panah sabongkok pirantos ambesmi griya,
wadung ageng pirantos ambuka lemantun sapanunggilanipun
lameng tiga
arit sakawan
gandhen kajeng satunggal
dhuwung satunggal
waos sakawan
linggis satunggal
wasana wonten ingkang kacepeng malih 1. Cadrana, 2. Inasmita, para durjana nunten kakunjara.
Ing ngajeng amratandhani bilih pulisi ing Surakarta sareng kaereh ing bongsa wegig kendel ugi anyepeng durjanakecu, mila mugi ingkang ngasta pangwasa lestantuna makaten sampun ngantos dipunbibidhung ing sanes.

Surakarta

Wonten tiyang estri kakalih anama Minah akaliyan Pegen sami bathi anggenira wawadeyan lajeng mantuk saking pasiten renak, boten pisan anginten yen dipunodhol dening durjana titiga, sareng samadyaning margi tiyang estri kakalih dipuntubruk sarta dipunbalojodi.
Sareng sawatawis dinten malihbok Pani inggih mrangguli pakewed kang makaten panuju mantuk saking Karanganyar wonten durjana kakalih sakalangkung apari krama tutulung dhateng pun Pani ingkang kapara enem wancinipun dipunpitulungi angrembat gegendhonganira mawi anjorogaken saengga krungkeb lajeng dipunbalejedi prabotipun, sakalangkung rikat anggenipun nindakaken

kadurjanan dumados biyang pani boten waged anjerit saderengipun para durjana oncat, awit kapitenggengen saking ajrihipun.
Wasana bupati Karanganyar acukat anggenira anindakaken kapolisen, namung elet kalih dasa dinten para durjana kapikut, biyang Minah saha Pegen boten pandung dhateng durjana pun Singalesana, dene bok Pani boten pandung dhateng durjana kang nama praya, polisi ing Karanganyar sakalangkung dipunpuji.

Tiyang pejah kedadak

Lokomotif angandhakaken wonten nyonyah cina anumpak kreta kabentus ing sela ngantos anugelaken piring kreta saengga jumpalik, tiyang estri wau sampun kapara sepuh, nanging boten kabilahen namung sakalangkung kaget sarta boten saged wicanten, sareng dumugi ing griyanipun dipunrerompa kaselehaken patileman, bojonipun lajeng ambekta toya inum, nanging nyonyah cina boten saged ngulu kelajeng tan enget ngantos kapara dangu boten ebah, saksana katuwen malih dening sanak sadherekipun kapanggih tanpa napas kalajeng ajal.

Surakarta

Sanadyan priyantun ageng alit sampun anguningani menggah kawontenanipun ing alun-alun nalika ungelipun kagungan dalem gongsa sekati, ewadene kula kumedah anglairaken eraming manah kula awit saking kathahing indhakipun wawarnen sarta barang dagangan awarni-warni saenget kula boten kados punika, punapa dene kathahipun tiyang ningali kajawi priyantun ing Surakarta priyantun ing ngamonca ugi kathah ingkang sami parlu aningali ing rinten dalu boten wonten kendhatipun, dene ingkang anambahi asrining titingalan punika bilih ing wanci sonten amung kathahipun para gusti para bandara ingkang sami tategar nitih kareta tuwin turongga, makaten malih para tuwan-tuwan ingkang aningali kalayan garwa putranipun, wonten ingkang nitih kareta weneh karsa dharat kemawon inggih punika ingkang andadosaken tambahing kasenenganipun ingkang ingkang sami aningali, wonten malih bilih ing wanci dalu ingkang tansah dados titingalaning ngakathah namung lesmen sawetaning gapura ingkang mawi main tombolah kinurmatan musik sarta papanipun rinengga ing dilah sewu.
Anjawi saking punika pamireng kula kabar abdi dalem pulisi ing kabupaten nagari sami kadhawahan niti pariksa sakathah kedhikipun tiyangningali utawi tiyang sasadeyan dalah papajenganipun sadaya awit sakaten mungel sapisan dumugi malem bakda, ingkang punika saking pakabaran palapuranipun priyantun pulisi wau gunggung kumpulipun kados ing ngandhap punika.
Sakathahipun tiyang ningali sadaya bongsa kalebet para kaji sapanunggilanipun ingkang tilawataning surambi masjid ageng gunggung 87474iji.
Tiyang sasadeyan ingkang dhasar utawi ider kumpulipun ing dalem pitung dinten pitung dalu gunggung 8207.
Papajenganipun sadaya gunggung 38037 rupiyah 75 dhuwit, samanten punika sanesipun sewan kareta lesmen, pamireng kula babah tiyang singke mawon angsal 3000 rupiyah, menggah lesmen sanesipun kula boten terang saking watawis kirang langkung boten tebih.
Langenpranata.

Kala ing dinten Jumungah tanggal kaping 19 wulan Sapar taun punika kula malebet sowan dhateng dalemipun lurah nagari Sala dumugi radinan sahantawising kampung macanan kacundhuk satriya lalampah, wanci satengah tuwuh kilap asmanipun, kula cireni gembala ketel sarira gagah rasukan gebayak tanggung dipunsong-songi pethak seret, pengkeranipun satriya wau wonten khaji neneman cakrak wawangunan sarira jenar nyamping utawi rasukan monten pethak sinetik songsongan piyambak motha pethak cara Siyem, lampahipun kemlaras, yen saking panginten kados sanes sajatining khaji, awit yen khajiya kula dereng nate mrangguli ingkang birahi purun mamatut ngerik amidih imba ingkang ngantos jelerat, kilap yen pancen imba wau kodrad anglengin muyek wilis kadya inganggit mila yen boten makatena tambah-tambah getun

gumun pangungun kula, ing ngriku kula dahat amandeng sareng sampun pengker-pengkeran kula kendel sangajenging bale pamidadaren inggal ingkang dumunung sapinggiring margi kampung kratonan aningali pambebering widhadharyya ingkang karsa ambarang saha ambahyakaken eraming manah kaliyan konca dene sajeg kula kumethip wonten ngalam padhang celak saweg punika ningali khaji solah larasipun makaten sarta saestuning kodrad bilih pinatuta jelarating imba wasana sapinten kageting manah kula sareng midhanget panggretak saking tiyang ingkang celakan ningali kaliyan kula, ujaripun makaten: e.. kang ampun car-cor dika nyatur khaji sing sing tindak jumungahan mangalor nika wau rak dara asmane dara newu K.D. nanging empun dhongkol, mirenga mesthi sampeyan kasiku, sareng kula nampeni panawaning tembung makaten gugup ing manah kula boten kenging kaampet temahan andadak damel pamangsul sampunta dhi dika ampun bribin-bribin nek kula kojah makaten lah andum wilujeng kula sami kalilana andugekaken lampah. Mangun krama masaran.

Panjurung kabar: andadosaken pangungun

Nalika kaping 21 wulan punika wonten abdi dalem panewu pandhe awasta mas behi Japan ing nagari Surakarta punika gadhah rencang jaler nami Mertasemita, o ing mongka rencang wau dipunpitados sanget kaliyan mas behi wau, anaming rencang boten nimbangi katresnannipun lurah, kayektosanipun pun Mertasemita wau lajeng oncat sarta bekta dhuwung kalih iji denten dhapure dhuwung ngandhap punika.

1. dhuwung lup 13 dhapuron dhuru, pamor wos wutah, denten rongka kajeng trembalo mendhak jene dhapur parijatha kandelan bale wahma mas ukiran tunggak semang kajeng tayuman, reginipun dhuwung 150 rupiyah.
2. Dhuwung luk 5 mawi naga mantaram pamor wos wutah rongka gayaman kajeng trembalo ukiran kajeng tayuman mendhak kandelan jawi, punika dhuwung regi 25 rupiyah, Mertasemita wau antawis umur 50 taun sarta ules cemeng wanguning rai bithu-bithu sajakipun anglemer, katranganipun sapriki dereng kapanggih.

Katandhan pun getun.

Pataken sapala

Salebeting *Bra Martani* ongka 15 wonten panjurungipun mas Larasdriya, ing ngriku wonten tetembungan makaten: sareng aningali pawartos ingkang ngandhakaken punika punapa boten kalintu sabab pamanggih kula pawartos makaten boten kenging dipuntingali kajawi kapirengaken kenging.

Larasing sekar srinata arum lir gonda wida mrik, denira murweng carita mas sileng ing krama niti surtining tyas piningit yata kang pinurweng kidung prayogi linaksanan wigati driya mestuti, rasa-rasa meh tan gayuh ruming sabda. Sabdane kang ambek darma, awiyos amba wus uning, sasmitanira dyan kawa, ingkang mungging *Bra Martani*, sadaya wus kaesthi, kang tumraping sekar pucung, sabab saking punika, ulun mung darmi ngladosi, langkung-langkung karsane kang para siswa. Wondene pada wekasan, dhawahing lingsa satunggil, pa:karwa ingkang kkraketan, sandhangan swara kakalih, punika gih prayogi, manawi pinujweng kayun, tar namung paminta mba, yen pinuju ing panggalih, kang pratistha sairib gantal lan warsa. Ingkang tri karuban yuswa, seyos timbanganing krami, ewa samanten sumongga, mitramba namung sadarmi, andherek ing sakapti, rumaos paduka kukup, witning arinta sudra, ananging rukun keng dadi, ing wasana pratonda, jaya premana.

Kula sampun maos *Bra Martani* ingkang suraos wonten pamintanipun rara sejati amitegesi babing tiyang tilem dene kok mawi ngimpi sarta nglindur, sabab saking punika kisanak sampun pisan-pisan andibyaken runtik awit kula boten saged ngaturi panjawab, ingkang mawi kula manah ing *Bra Martani* dede papanipun yen dipungelarana pangawruh ingkang kadi paminta sampeyan punika.

Ewadene manawi wonten satunggiling sarjana sanesipun saking pun kula karsa amarna bab paminta sampeyan wau kula teka anyumanggakaken malumpah asta kakalih.
Wasana atur taklim kula iring ing kaurmatan ingkang mawantu-wantu rinatusing gonda wida mrik katura ing sampeyan.
Kasrat ing Tremban anuju mongsa jita tuwin kismira leksa dasa sinangkalan maruta muluk brahmana tunggal, jaya premana.
Owel temen pitakenipun rara sejati boten pikantuk panjarwa ingkang saestu amargi rungsit ingkang dipunpitakekaken tansah akarya cuwaning lyan. Sukarta.

Eling-eling mumpung dereng rame
Pandaleming parlu tumanduk dhumateng sinten priyantunipun
ingkang kajibah anggalih nalar punika sadaya

e..e.. para mitrabok inggih sampun saregep adamel walesaning udur ingkang larapipun badhe cecengilan, lah punapa sami boten angemuti kala jamanipun satriya menak koncar dredahipun kaliyan pak kutis, dene dereng antawis lami genira satriya waukaclakuthak ing liyan jalaran naming saking boten anggega wawarah ingkang pantes dipunestokaken, sasantining redhaksi: para taberi manjurung ing *Bra Martani* sampun pisan kulina ngagem lantaraning bebenteran pari paben anguman-uman dhapur ngisin-isin awit punika sanes kajengipun saha boten pisan-pisan anggepoki parlunipun ing papan, lah ing samangke kula peksa kumawawa gujeng ngencengi panyuwun, para pitra ingkang kasupen mugi katetesana kaengetan murih amagenaken maksudipun papan punika dados saged badhe anyingkiraken rembag ingkang pancen boten pantes tumrap saking kira-kira manawi kaleksanan ingkang makaten badhe aji panemunira, manah punika manawi kirang pamindinipun sampun tamtu kemawon wekasanipun kapara mugi wang dhateng ing meda sarta badhe boten kangelan abalaken umobing erah tur makaten punika sajatosipun saking pabenipun tiyang kacupetan kawruh lumuh yen kasora ing bicara dados mokal-mokal ingkang damel gelar, sampun labetipun tiyang kacingkrangan pambudinipun asring-asring kasaputan ing kapanasan, dene dayanipun kapanasan mesthi agahan lumawan ing susualan kaliyan bantah-bantahan, mongka para sualan punika gadhugipun naming amikantukaken rebat unggul ing pangawikan, yen tansah rebat unggul ing pangawikan makaten boten wande andadosaken pasulayan tur bathi kecal-kecalan, mila kabaripun ingkang sampun amumpuni ing pangawikan boten sumedya susualan jatmikanipun den sempun amusthi kautaman dados boten kagungan budi kapanasan, ewadene boten kenging katutuh kados arya menak koncar rumiyin kadosta mas iti sampun makaten tandhanipun manungsa ingkang anupunika.
Suprandene den jaka sungkana sakeclapan kemawon kawistara bilih cekap kawruhipun dhateng babaganing kasusastran, kula alem sage damel lemesing lelagon, ananging anyuwani kedhik dene karem anggelaraken kawruh pangawur dados sasat ajiyat menganing pamikir ing liyan kasuprih anyumerepana bilih ing sarira dereng katrecepan ing anu, suwawi kagaliya rak inggih makaten: nun.
Saking kawontenanipun saseratan punika para sadherek sampun ngantos sampun angaruh-aruhi, dene lenggahing aksaranipun taksih sami pating predeng boten pisan anyelaki wawaton jalaran kabekta saking bodho balilu kula sarta dumulur ing raosipun nginggil punika ugi pating semberet, ing satemenipun kula dereng saged adhamisaken ukara murih angrapetaken antup-antupanipun.
Ing Langenwinangun tanggal kaping 18 wulan Mulud taun Jimawal sinengkalan paksa nir ngesthi tunggal. Kramadongsa.

Punika candhakipun cariyos Sultan Agung ing Mataram

Makatena ingkang dados pangungunipun tiyang sanagari Mentawis dene mas pangulu ageng ing nalika kadukan badhe kajarah raja darbekipun, ingkang anggumunaken griyanipun mas pangulu katingal peteng sarta suwung dalah gelaran satunggal boten wonten mongka mas pangulu sampun kasebut sugih anak putu, ingkang saupami kasingkirena barang wau tongga tepalih boten wonteningkang nyumerepi utawi malih menggah dhatengipun utusan dalem sampun dipunangkah

kakagetaken kimawon, mongka mas pangulu boten pisan yen sumerep, ingkang punika estu kasebut mas pangulu ageng medal mangunahipun utawi kanjeng suhunan sareng mirsa menggah kayektosanipun andadosaken suka ing panggalih dalem lajeng maringi pratondha ganjaran sih siniyan.

Anaming mas pangulu teksih kedah anyuwun pagujengan ngaben pangawasa kaliyan ingkang sinuhun kanjeng suhunan sareng anuju ing wulan ramelan punika kanjeng suhunan boten karsa siyam saha boten mangabekti yen sonten, mas pangulu sareng kamirengan lajeng enggal malebet sowan tanpa larapan sarta bekta rencang ketib kakalih, ing wanci enjing jeng suhunan panuju lenggah wonten lokang ing dalem panepen lenggah ing dhampar sarwi ngadhep sarapan dhedhaharan tuwin wedang, kang ngladosi biyada manggung aseluran ambekta dhedhaharan salin sumalin, sareng mas pangulu dhateng ing ngarsa dalem lajeng mendhek nembah sarwi purun wicanten anjengek makaten wiraosipun, lo kaya mengkono kanjeng suhunan kuwe lagi tumon sasi pasa dhahar sarapan esuk-esuk ora siyam.

Jeng sunan mesem sarwi angandika ya geneya kowe sudi gawe gonku ora pasa, apa kowe wus sumurup dina pasa lan dina ora pasa, rak ora nana dina pasa kajaba wonge kang pasa lan ora nana dina luwe wareg, kang luwe wareg rak wonge, iku bedane apa wong wareg karo wong luwe, kang luwe ya uwong kang wareg ya uwong , yen dhasar uwis uwong rak ya wis pasa manut sarak rasul ing saben dina, mara kowe pasa lamun pijer ngarep-arep gonmu buka mengko sore, iku padhamu bocah cilik mari dadi wong tuwa.

Mas pangulu kaluhuran ing pangandika kethip-kethip lan lathine angucemil pakewed genira badhe amangsuli, wasana nolah-noleh dhateng ketib kekalihkang miharsa mesem sarwi tumungkul, dangu-dangu mas pangulu angsal manah lajeng nembah umatur, lo kasinggiyan dhawah dalem, anaming panjenengan dalem ratunipun tiyang sanegari wajib dados panutan, manawi boten siyam estu badhe kathah kang gempil dhateng sarak rasul.

Pangandika dalem jeng susuhunan, eh pangulu wis mesthi wong kang dak ratoni iku bisa manut marang ingsun kabeh, basa tegese wong manut mono iku kudu padha karo kang dienut, yen durung bisa padha iku iku manut lamis arane, mas pangulu nembah matur punika boten kenging boten pesthi kedah kapurih manut dhumateng panjenengan dalem, jeng suhunan gumujeng sarwi angandika lah kowe iku lali, kowe tak kon dongani bae nganggo dol gendhul, apa mengkono wong manut, eh pengulu sesuk ingsun pasa kowe ngadhepa ana ing ngarsa ningsun supaya kowe sumurup apa iya wong kabeh bisa manut kaya pasaningsun, tumunten sami kadhawahan mantuk lajeng mas pangulu lan ketib sami mantuk.

Ing dalu tan kawiraos kawuwusa ing nalika wanci enjing mas pangulu genipun sowan lan ketib kakalih maruput kepara enjing, jeng suhunan dereng wung, mas pangulu sampun hdelog-dhelog, boten antawis dangu jeng suhunan wungulajeng lenggah ing dhampar prenah lenggahan wingi sarta boten mundhut sarapan punapa-punapa, mas pangulu lajeng katimbalan majeng saha ketib kakalih, jeng suhunan angandika eh pangulu dina iki ingsun sida pasa lah tunggunen kang becik, mas pangulu umatur sembah sandika sarwi angawasaken jeng suhunan, ing nalika awit pukul nem siyamipun jeng suhunan sareng dumugi ing wanci pukul pitu enjing palenggahan dalem dhampar sukunipun katingal benggang kaliyan siti antawis benggangipun sakilan.

Mas pangulu dupi unninga yen dhampar benggang akaliyan siti gedheg-gedheg sarwi ngungun, sareng antawis dumugi jam wolu siyamipun jeng suhunan dhampar muluk sangsaya inggilipun Kanjeng Sultan Agung Suhunan Prabu Anyakrakusuma katingal kaelokanipun, para garwa para putra biyada manggung sami gupuh medal angadhep aningali ing panjenengan dalem kang mumbul akaliyan dhamparipun, ing wusana tiyang saklebet gedhaton gumarabyag aningali sedaya, dene mas pangulu jenger tan saged wicanten.

Tumunten jeng suhunan angandika eh kabeh padha kariya aku arep amor karo bangsaningsun kang bisa pasa kaya mangkene, yata nyai emban pidikan gupuh wicanten dhateng kiyahi mas pangulu, lah niku mas pangulu dika kang bakal gawe susahe wong akeh yen jeng suhunan siyos musna dika rak bakal dikerawus dhateng sakeh para nyai niki, ta enggal dika udhunake mupung diring disosotake, mas pangulu lajeng bingung kewedan genira badhe angudhunaken, ing wusana

mas pangulu angsal manah gupuh lumajeng malebet ing pawon mendhet sekul boten etang-etung ngantos surbanipun pethak kenging angus pating balentong saha bathukipun inggih kenging angus boten uninga sareng medal saking pawon tiyang gumujeng ambanon rebah, nyai emban pidikan wicanten lah iku mas pangulu dadak leren salat ana ing pawon, mas pangulu boten praduli amung bikut agenira nyawati kepelan sekul ing panjenengan jeng suhunan yata dhampar lajeng tumurun wangsul ing panggenan saben lenggah, ing wusana andadosaken suka bingahipun para abdi para garwa, mas pangulu lajeng mantuk angunjal sarwi getun agenira gupak angus tansah dados gugujengan. Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Nawawi

Sarkara. Langung ngungun jeng Sultan Ibrahim, dene jisime ki ngalim musna, dereng dugi pamriksane, dupi kendel sang prabu, amiharsa swara dumeling, eh Sultan Ibnu Adam, sampun gung mangungun, jeng paduka anglajengna, ing pratingkah kalih prakawis, rumuruh kautaman. Kacakepa mring paduka aji, jumenenga ratu waliholah, ulun asru anjulung ing reh, dene paduka prabu, yya kasupen darbe nagari, atas kang murbeng ngalam, pakarya kang perlu, sampete karaton mulya, angadili sagung kawulaning widi, kang dumunung mring tuwan. Wusnya sirna swara kang kapyarsi, bangun enjing jeng sultan tumedhak, anglajengaken lampahe, ngambah rahara ngalngut, apolatan wiyar aradin, lawan keh tirta tama, myang sendhalan umbul, nanging tan kanggenan jalma, sri narendra amicara jroning galih, lah iki sabab apa. Dene bumi kaliwat respati, teka nora nana jalmanira, iki mubadire yektine, bumi kalebu mring sun, jajahane bumi paminggir, pama yyan dadi desa, akeh wetunipun, sang patih kurang pariksa, sri narendra dang utan kapethuk jalmi, dadya tan antuk tanya. Enengena sultan kang lumaris, kawuwusa malih ki kajinah, kang maksih aneng wismane, gringnya waluya sampun, ki kajinah tansah prihatin, enget mring tamunira, nguni kang tutulung, dene dereng mangsulena, mring pitulung ki kajinah sigra angling, mring sutane kang priya. Jaka islar agagah respati, intar budi mring kawicaksanan, ki kajinah lon wuwuse, dhuh kulup sutaningsun, padhangena driyeng sun iki, dhayoh kang amawa, susulen den gupuh, yen katemu labetana, lara lapa dadiya wales becik, lan rasane tyas ing wang. Dayoh iku kaya simpen wadi, cahyanira tan kena rinusak, pesthi yen trahing agedhe, ketareng angkah angkuh, pasemone wingit respati, nauri jaka islar, kiyahi satuhu, kula gih lintang katresnan, mring ki dhayoh dadya kapinujon yekti, kula agya nusula. Nanging panedha kula kiyahi, yen sembada bok ayu punika, kenginga dadya jodhone, kiyahi smapun tanggung, denya dadya sudara wedi, yata rara sulbiyah, miharsa basengut, mojar si islar nglengkara, wong katresnan mring dhayoh ngembet-embeti, soroh kadang wanodya. Jaka islar gumuyu nauri, eh bok ayu anggoleki apa, nanging ta gajeg-gajege, kowe kaya wis kenyut, ing ngong weruh batinmu sulbi, lah wis sira kariya, ki islar sumebrung, agancang tan wrin babaya, sinaremoeng ing siyang dalu lumaris, lan nanedha mring suksma. Mugi-mugi pinanggihna nuli, lan dhedhayoh ingkang ambek santa, kuneng wus lepas lampahe, gantya sultan winuwus, dupi linggar rahara saking, umambah padhusunan, kawuryan dinulu, tataneman keh katingal, pategalan kang munggeng pinggir margi, jeng sultan gya kapapag. Jalma siji munggeng pinggir margi, celak gubug tunggu patimunan, timun nuju who nedhenge, jalma ika andulu, mring jeng sultan tetanya aris, bagus wong ngendi sira, leren ing gubug, payo padha rerembugan, sri narendra ingagyan sigra nuruti, kendel anulya lenggah. Munggeng gubug ki wisma agupuh, ngundhuh timun tanapi semongka, sinaosan ngarsane, lawan ngunceki tebu, wusnya rampung gya tata linggih, eh bagus adhahara, iki suguhingsun, dadi usadeng kasatan, ingsun iki teka resep aningali, ki bagus marang sira. Apa sira santri jro negari, yen santriya nora sundhul sira, apa wong ngalim sutane, sultan mesem sumahur, eh ki wisma sarira mami, jalma langip lelana, tan wruh wijilingsun, lumakyeng karsaning suksma, kang tuduhken ing bapa babu sejati, ki wisma suka myarsa. Ehya bagus wicaramu sidik, payo engger sira adhahara, mring susuguh ingsun kiye, sultan ngecani kalbu, gya dhinahar sugata sami, wusnya antareng dhahar, ki wisma lon muwus, bagus ingsun iki susah, tunggu timun jer ngrangkep karya mami, lan pakarya jro wisma. Yen sembada tulungana mami, lah tunggunen tegal patimunan, sun ingoni sadinane, selawas ira tunggu, mung supaya yya kether

mami, sultan mesem ngandika, lah iya sun turut, den age sira muliya, dene pracaya sun tunggune timun iki, ki sukma suka mintar. Yata wau Jeng Sultan Ibrahim, rinten dalu tengga patimunan, dupi tri ari lamine, wonten jalma lelaku, saha kuda kadi patinggi, nguwuh-uwuh mring sultan, eh wong tunggu timun, sun iki liwat kasatan, lah sungana timun roro bae mami, dadya tomba kasatan. Sri narendra gupuh anauri, timun iki dudu darbeking wang, amung darma tunggu bae, antinen singsun tutur, mring kang darbe sadhela dhingin, jalma kang munggeng kuda, mancereng sru bendu, ayya kakeyan saraba, wus lumrahe timun aneng pinggir margi, sring dadya jejalukan. Payo age ulungana mami, sri narendra kukuh datan arsa, jalma kadurus nepsune, ngikal camethi gupuh, nginger kuda sarwi merpeki, mangkana kawuwusa, kang lagya lelaku, jaka islar kaleresan, prapteng ngriku waspadadenya ningali, nguni dhedhayoh ira. Ingkang arsa pinukul camethi, jaka islar krodha gya lumumpat, tandang andugang kudane, lan nyandhak tanganipun, gya sinendhal binanting siti, kantep angathang-ngathang, kudanira rubuh, jaka islar ngrangkul sigra, mring jeng sultan sarya sru denira nangis, dhuh babo kadang ingwang. Kadya paran dene anemahi, arsa pinukul sawiyah jalma, jeng sultan mesem delinge, linggiha ariningsun, yata kendel denira nangis, wus tata sami lenggah, saksana den udur, ginancar wit mulanira, jaka islar ngungun denira miharsi, dene kadya sri nata. taksih wonten candhakipun.
Raden Panji Partakusuma.

Ongka 17 Kemis kaping 27 April 1876
BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami ngemin serat *Bra Martani* kula aturi ambayar arta panumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1875 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing *Bra Martani*, ingkang punika pangajeng-ajeng kula sampun ngantos kalampahan mindhak andadosaken kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en.ko.

Surakarta

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 24 April wanci jam satengah kalih welas siyang tuwan dhokter Mayor Smit saking karsaning kang wasesa muput ing jangji seda kondur ing jaman langgeng jalaran gerah sesek namung tigang jam dangunipun, menggah tuwan dhokter Mayor Smit wau anggenipun angladosi ing kraton Surakarta tuwin ing Mangkunagaran laminipun kirang langkung 18 taun, sakalangkung dipunbapa-bapa dening sri narendra utawi para bongsa luhur ing bawah kratonan tuwin dening Jeng Gusti Pangeran Adipati Kolonel Komendhan Arya Mangkunagara, mila sakamantyan anjalari pangunguning para luhur dene taka dadak anggenira amengkeraken donya.
Sareng ing dinten Salasa sonten wanci jam 5 layon dipunbekta dhateng pasareyan walandi ing Jebres dipundherekaken dhateng para ageng walandi jawi sarta para priyantun sanesipun tuwin bongsa walandi utawi cina punapa dene kadherekaken ing militer sekumpni sakalintang kathahing janma ingkang sami dherekaken kunarpa dhateng kaluwat, ingkang katenger sami wonten saliyaning kanjeng tuwan Residhen Lamres awit punika ipen ingkang lagya murca, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom Mangkunagara, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Kolonel Komendhan Arya Mangkunagara sarta para gusti tuwin para kanjeng pangeran liyanipun utawi Kanjeng Raden Adipati Sasranagara sapanekaripun para bupati ageng-ageng, salaminipun ing Surakarta dereng wonten ingkang anyameni kormat ingkang kados makaten: pinten-pinten songsong gilap utawi songsong bupati sapanunggilanipun ingkang katingal, kreta ingkang sami dherek tut wingking layon kirang langkung 150 iji madulur ing margi, sumongga kagalih layon lampahipun lon-lonan sampun dumugi ing mesen suprandene kreta ingkang wekasan dereng saged liwat kareteg ageng ngajeng dalem residhenan.
Sareng dumugi ing ngajengan kaluwat bandhusa badhe kaselehaken lajeng drel sarambahan nunten kaprenahaken ing kubur dipunkormati edrel sapisan malih, para ingkang sami angubur lajeng mundur kedhik murih amyarsakaken tetembunganipun Kanjeng Tuwan Residhen Lamres angandhakaken riringkesan lalampahanipun ipe ingkang seda sarta anggenipun amitra dhateng sesamining umat, katingalan kathah ingkang kapranan ing tembung ingkang kalairaken manawi makaten sinten ingkang maiben sabab meh sadaya ingkang sami dherekaken sampun nate dipunusadani.
Wondene ingkang badhe gumantos jumeneng dhokter kraton utawi Mangkunagaran dereng kintenan.

Surakarta

Nalika ing dinten Isnen tanggal kaping 22 wulan Mulud ing taun punika Kanjeng Pangeran Arya Atmaja tilar donya kondur dhateng kalanggengan margi gerah sarira sadaya, menggah surudipun wanci ½ nem sonten, Salasa siyang tanggal kaping 23 kapethak dhateng ing dhusun Cemani, dene renggan paurmatanipun ing margi sakalangkung saking semuwa.

Serat kabar *Dhe Porsten Landhen* ongka 31 angojahaken makaten

Menggah demang ingkang dipungaledhah griyanipun dening bupati ing Bantul, awit dipunwastani asimpen apyan peteng salajengipun kakunjara sanadyan boten kanggenan apyan peteng wekasanipun inggih dipunluwari, nalika semanten nagari amurinani sabab barang darbekipun ingkang kabestup kasuprih mangsulaken dhumateng ingkang gadhah suprandene wonten priyayi satunggal ingkang asring-asring anindakaken sakama-kama dhateng tiyang alit, sareng dipunsowani dening pun demang wangsulanira demang kinen panggiyan kaliyan carikipun, ing mongka pun carik wau boten benten anggenira open dhateng belduging kapulisen Ngayogya lajeng angulungaken barang darbekipun demang ananging mundhut pituwas 100 rupiyah, pun demang mopo boten purun bayar yatra samanten kathahipun lajeng sami awis-awisan, kadadosanipun demang namung saged uwal mawi kecalan arta pitung rupiyah langkung satengah.

Dene priyayi wau ingkang asring-asring kawada tingalipun sakalangkung karemipun adamel prakawis sabab ingkang dipunangkah kajrihaning para tiyang, nunten sami anuwuhaken yatra utawi barang panebus amurang saking margi ingkang temen, e sampunta sakalangkung memetken ruruwed ageng-agengan pamatawis ing akathah boten pisan yen cecega kaliyan karsaning parentah nagari utawi karsa dalem ingkang sinuhun.

Panjurung ing Surakarta

Manawi andadosaken kaparengipun ing panjenenganipun tuwan redhaksi serat kula kabar punika bilih wonten selaning papan mugi kapacaka ing *Bra Martani*.

Nalika ing dinten Senen sonten tanggal kaping 10 wulan April punika wanci jam 6 sonten kula palesir dhateng radinan bawah kabopaten Sewu ngantos dumugi radinan ing Kedhungkopi, ing sakantuk kula saking palesir dumugi sak ngajengipun garedhu jagalan wanci jam 8 dalu kula mireng suwanten kumrosok ing ngajeng wreksa pradata lajeng kula enggal amurugi dhateng ing panggenan ingkang kamrosok wau, ing wusana wonten 1 bendi dalah sakapalipun dhawah saking radinan ageng dumugi ing satengahing kalen ngandhaping dhapuran deling ori, dene bendi inggih wonten ingkang numpak priyantun 2 iji, 3 kenek, dene priyantunipun rehning dalu dados kula boten trang awit kula boten anyelaki, sareng makaten kula lajeng apitangled dhateng pre sobatan kula nama mas garwa kondha awit radi celak ing radinan ngriku, mas niku wau priyantun pundi, la sing nitih bendi kacegur kalen iku, wangsulanipun sedherek kula makaten, ayaknen priyayi kidul kono awit mau awan aku weruh manawa ana prayayi nunggang bendi menyang ngetan wangune kaya preyayi ing beton, o tujune mau ora budi mungguh budiya mesthi bilahi, sareng kula sampun pitangled trangipun kula lajeng dugekaken lampah kula sumedya badhe mantuk kimawon awit kula sampun kraos sayah, dene sapengker kula waget wilujeng tuwin botenipun kula boten sumerep, ing saknalika kula teksih ningali bilih andadosaken kasangsaranipun kula boten tahan aningali suwantenipun pating barekuh tuwin pating kalothak, priyantun ingkang dawek wonten ing salebeting kalen wau.

Ingkang punika saking panuwun kula dhumateng para priyantun ingkang sami remen nitih bendi mugi sami anggaliya sampun ngantos lena sanget manawi sampun radi kedalon, ewadene kula nyumanggakaken mugi sampun andadosaken ing panggalih.

Kaserat ing kampung Watrelo (Mangkunagaran) kaping 14 April taun 1876.

Kula ingkang methik kabar punika pun Banjang semita.

Panjurung

Sanadyan sampun awit kala rare mila anggen kula suwita wonten ing karaton dalem Surakarta utawi kerep kemawon anyumerepi barang kagungan dalem ingkang peni-peni warninipun ingkang dadamelan ing tanah jawi tuwin ingkang saking nagari Eropah, ewadene saweg sapunika kula ngraosaken eram sanget, sareng sumerep kagungan dalem urgel ingkang saking tuwan Dhorpol akaliyan ingkang saking tuwan Dhatu ing salami kula gesang ngantos ngantos umur seket taun punika kula sumerep barang bangsanipun mebles ingkang sami dhateng ing nagari

Surakarta saestu dereng wonten anyameni kados ingkang kula cariyosaken ing ngajeng wau aneh tuwin saening wujudipun, kilap kawontenanipun ing Batawi tuwin ing nagari Nedrelan punika kula boten saged andugi, menggah katranganipun cariyos kula wau kados ing ngandhap punika.

1. awarni paksi kakalih manggen ing sekaran ingkang rinujit pregil jene sarta wujuding sekaran wau sairit kados griya wangun monda kina, wondene paksi kakalih punika bilih dipunsorog puteranipun ing ngandhap lajeng asareng mungel tuwin swaranipun kados dene paksi ingkang mungel wanci bangun enjing sakalangkung rame swaranipun awarni-warni sampun kados satuhuning paksi.
2. Wonten paksi amung satunggal amencok satengahing sasekaran punika bilih dipunsorog puteranipun paksi wau lajeng mungel kados swaraning sarta kathah solahipun asareng kalayan ungeling urgel ingkang sunggil ing kotak ngriku , dene ungelipun sampun nyamleng kaliyan ungeling musik, dalah larasing gendhingipun boten wonten ingkang kalintu.
3. Awarni paksi 4 iji kupu 2 sedaya wau pethanipun sami asingedan ing kebon sasekaran mencok ing ngepangipun uwit sekar dhaliyah pethak punika bilih dipunsorog puteranipun paksi wau sami mungel awarni-warni swaranipun sarta mawi tenaga kados paksi sayektos utawi kupu kalih ugi sami kekejer wonten sanginggiling sasekaran kados badhe arebut mamangsan, makaten malih eraming manah kula wau ungeling paksi punika atnawis gangsal menit lajeng kendel, dene kendelipun ugi namung gangsal menit lajeng mungel malih makaten sadangunipun naming kaputer sapisan wau kemawon.
4. Wonten malih awarni paksi titiga sami mencok ing nguwitipun sekar argulo wungu ingkang pinarnah ing ngepot beling saha langkung sae warninipun punika bilih katarik puteranipun ing ngandhap paksi wau sareng mungel awarni-warni swaranipun utawi solah bawanipun sami angeram-eramaken.

Kajawi ingkang punika ugi kathah panunggilanipun kagungan dalem ingkang lami tumbasan saking toko ing Surakarta, wonten ingkang warni bahita keci dalah ingkang numpak tuwin pambelahipun, punika bilih katarik puteranipun bahita wau lajeng lumampah milir wangunipun kados lumampah wonten ing lepen sayektos, wonten malih ingkang pinetha kados kareta api rerentengan, bilih kaputer lampahipun ugi rikat mirit kareta api, o kathah kemawon barang kagungan dalem ingkang aneh-aneh bilih kula pratelakna sadaya, ananging pangraos kula dereng wonten ingkang mirib utawi anyameni kados kagungan dalem ingkangs aking tuwan Dhorpolakaliyan ingkanag saking tuwan Dhabu punika wau, dene ingkang angeram-eramaken sanget punika sadaya paksi wau anggenipun kados gadhah nyawa pyambak-pyambak sarta ungeling urgel sadaya kados dipuntabuh ing tiyang sayektos utawi gendhinging musik inggih boten wonten ingkang kalintu, o..inggih talah makaten punika kados pundi pangangkahipun ingkang sawau anggenipun anganggit.

Sarehning saben enjing damel kula angresiki dilah-dilah setrali dhateng sasana prabu tuwin ing langen gupit mondragini punapa malih ing dalem prabayasa sapanunggilanipun punika kula asring-asring anyumerepi ungeling urgel sadaya wau, mila sanget anggen kula karenan mirengaken swaranipun paksi-paksi punika, yenta saupami tiyang kados kula wau yen kenginga radi wonten ing panggenan ngriku watawis nadyan sadinten sadaluwa kaliyan boten nedha boten tilem kados betah kemawon aningali tuwin amirengaken swaraning urgel punika, langkung malih pangunguning manah kula barang makaten punika upami tumbasa saiba kathahing pangaosipun ewadene karsanipun tuwan kalih wau namung sami kasaosaken kemawon.

Katandhan pun sarparen.

Surakarta

Awit saking sampun pinesthi dening sang jawatadi nalika ing dinten Senen tanggal kaping 23 wulan Rabingulawal taun punika Kanjeng Pangeran Ariya Atmaja putranipun Kanjeng Pangeran Ariya Mangkubumi ingkang kaping 2 atilar donya kondur dhumateng jaman kalanggengan, menggag jalaranipun namung gerah sepuh, lajeng kasarekaken dhumateng ing Cemani, wondene rarenggan saha pakurmatanipun ing layon langkung semuwa anyenengaken tiningalan ing

akathah, e..sampunta sampun dede dede, anggumunaken sanget dene kathahing para ingkang dherekaken tuwin jajaring jalu wanudya ageng alit sepuh anom, kajawi para prajuritlangkung jejel uyel-uyelan saengga meh tanpa kapranata lampahipun amargi saking kathahipun ingkang sami dherekaken, dalasan Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom sarta para kanjeng pangeran putra santana dalem tuwin Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara punapa dene kanjeng raden adipati sarta para wadana kaliwontuwin para bandara riya panji para militer sasaminipun langkung pepak sami dherek anggarebeg tuwin anjajari, kajawi punika taksih kathah panunggilanipun para prayantun ingkang dherekaken wau ananging kula boten susah anyariyosaken kathah-kathah amargi langkung ngoncer bilih kapratelakaken wijang-wijangipun sadaya anggeripun kenging kawastanan samuwa kimawon sampun cekap.
Kocapa pra yayah rena ingkang kantun dahad amijilaken waspa daredesan langkung anggung sungkawa myang mumuji nanuwun maring hyang maha kawasa mugi-mugi kanjeng pangeran wau antuka margi ingkang padhang jembara ing pasareyanipun dene ingkang kantun ginanjara raharja donya ngakerattinebihna ing ponca baya cinelakna ing suka pirya wilujenga sapanginggilipun.
Sinerat ing made gonda tanggal kaping 1 wulan Rabingulakir ing taun jimawal sinengkalan naga muluk ngesthi pratiwi.
Katandhan pun macaudrasa.

Kula sampun ngingling saseratanipun mitra kula pun Siswadisastra ingkang mungging *Bra Martani* ongka 15, punapa ing suraosipun kula sampun mangretos sadaya sarta andadosaken seneng ing manah sanajana wonten ingkang radi gangsul sawatawis boten kula rembag, ananging bab pandangu sampeyan tembung kula satunggal ingkang mungel *kanyana* punika lepat leresipun *kanyina* ingkang makaten punika rimbag saking wisesana bawa *ka* tanggap tri purusa saking lingga *nyina* tembung jawi tuwin dede kula sumongga sampeyan.
Makaten malih pamancahipun den Jakasungkana kula dereng saged ngaturi katrangan amargi kula dereng angsal wangsulanipun mitra kula rara sejati mila sampun pisan-pisan andadosaken cuwa saha rengating panggalih sampeyan awit ing ngriki badhe kathah wangsulan kula ajalaran saking pamancah sampeyan sarta kula inggih badhe pitaken kathah.
o..mas katimbang ngraosi omh sasai ingkang boten wonten kasilipun aluwung wicantena babagan kasusastran wonten paedahipun ing ngatasing kula, inggih sanajan samangke kedhik damelipun anamung kula dhasar remen, sampun namung sapunika atur kula. Iti Partalalita.

Punika candhakipun cariyos Dawud

Nembang durma Dawud ngaturan uninga, mengsah Pilistim prapti, sagelar sapapan mringkila, karya resah, jarah rayah kebo sapi, menda lan beras, rusak bongsa Yahudi. Dawud nekung minta wangsit Pangeran, arsa lumawan tandhing, nanging pra kuswala, kadya sumelang driya, ye nranggulang wonten ngriki, badhe kineban, Saol nalabung jurit. Mengsah kadwi dadya eroh kang linawan, prajurit tar ngrembagi, dene celak kutha, kirang kobet bawera, Dawud kang gegya semadi, manekung suksma, geges karseng ywang luwih. Wus rinilan Dawud gambira umangsah, prajurit tan lumindhih, gergut mamrih lawan, trangginas rebat ngarsa, mengsa keksi gya den byuki, mengsah kuciwa, Pilistim keh ngemasi. Dadal larut mengsah tar buh den ungsiya,Dawud kendel salasih, wonten praja kila, jarahan den dum wrata, lir angger-anggeran nguni, lingen narendra, Saol ngaturan uning. Lamun Dawud mangsah prang neng praja kila, Pilistim gempur gusis, Saolinggar guywa, rumaos musneng ngasta, Dawud masthi titeng pati, dene kineban, papan miwah piranti. Saol undhang prajurit dan budhal, ngepung Kila nagari, Dawud wus uninga, Saol nalabung yuda, aneges karseng ywang widi, wus winangsitan, Dawud ocat sadasih. Winatara nem atus ring kang tut wuntat, ngubara sagen-gening, gunung ngara-hara, ing sungil singub gawat, Saol wus ngatur uning, cuwaning nata, tansah angigit-igit. Dan tumutur ngupaya Dawud sagyanya, nanging marmaning widi, Saol terka pedhak, tansah ajejeblungan, ring papan kang singup sungil, Dawud prayitna, kanthi rahayyeng budi. Adipati Yonatan adhedhemitan, panggih

Dawud gyan sungil, wawan-wawan sabda, tansah asih-siniyan, manuhara dipati, ring Dawud kita, tar wande angratoni. Bani Srail ring wang dadi sosoranta, kadi matengken jangji, ring asmeng pangeran, kang cidra nemu papa, wus sah kur-ungkuran kalih, kari anggana, Dawud neng wana terbis. Tiyang ingsip minggah atur wrin mring raja, gya sabda dhawuh gusti, pun Dawud samangkya, angungsi ugyaning wang, neng terbis sungiling margi, kila ki dunya, yesimon sampun yakin. Saol angling e janma sira sun trima, nanging baliya maning, yetekna kang terang, Dawud julig kalintang, kang singub kang sungil-sungil, sira nyatakna, ingsun iki ngrakiti. Prabu Saol budhal lan sabala tontra, nglarah Dawud sagyaning, Dawud langkung gancang, sawadya pipiliyan, prawira sura nrang westhi, lamun katungkak amesthi abeg pati. Kusumawicitra.

Panjurung saking Purwakreta, Toyamas amratelakaken manawi kang kikintun kacepeng dene konca patrol ing celakipun pabrik gendhis Kalibagor punika boten kapacak sabab pratondha tanganipun boten pratela kalih dene tembungipun kapara wadhag sarta dede serat *Bra Martani*, marginipun manawi murih amambengi lampah ingkang boten wajib.
Liyanipun kasarehni kang kikintun tingalipun kapara sregep, manawi kapareng redhaksi angentos-entosi kabar ingkang mikantuki ing akathah. Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos Nawawi

Jeng sultan aris ngandika, eh Islar undangen aglis, kang darbe tegal timunan, dimen agya angawruhi, solah bawanya nguni, darapon ya keneng luput, iku lajma kelaran, suwe nora bisa tangi, megap-megap kabangeten pambantingnya. Gumuyu ki jaka Islar, jer paduka kang akardi, duk wau ulun wontena, kadi tan prapteng bilahi, jeng sultan ngandika ris, kaya ngapa pratikelmu, panyapihing bebaya, dene kang ingsun lakoni, panjaluke timun mring jalma kasatan. Supama ingsun ngulungna, timun ora sah sayekti, aprasasat cecolongan, sinereng mring kang darbeni, yen ora mulung mami, wong kang jaluk iku nepsu, iku temah bebaya, asung sisip cukeng sisip, jaka Islar miharsa sangsaya suka. Dhuh kakang lamun kawula, kang makaten estu gampil, kawula ngulungi enggal, mring ki kasatan kaswa sih, dene kinarya pamrih, esah mring kang darbe timun, kawula tebas ngarta, upami timun kekalih, amba angsung patumbas kang kakalih dinar. Lah inggih ngangkah punapa, estu suka lila ngenting, dene sereping kecalan, dinar kang namung kekalih, panebasing bilahi, lan panulaking gegebug, sayekti kadya paran, lamun kongsi cinamethi, estu sakit lan kaping kalihnya wirang. Lah inggih ngangkah punapa, mung kecalan dinar kalih, nadyan silih kalih dasa, datan eman owel yekti, jeng sultan amiharsi, mesem amicareng kalbu, bocah iki utama, titikane sru patitis, sultan nabda eh Islar wus bener sira. Lagya eca paguneman, kasaru ki omah prapti, ingkang darbe patimunan, kagyat denira umaksi, jalma kantakeng siti, ngathang-ngathang ngangsur-angsur, turanggane malesat, angrempong dinugang uning, kyahi omah agupuh denya tetanya. Eh ki bagus kadya paran, kang dadya titika iki, mring jalma kang kasangsara, jeng sultan aris nauri, lah iki ari mami, kang banting mring jalma iku, sumarma dadya krodha, ingsun arsa den camethi, awit cukeng jinalukan timun ing wang. Ki omah ngungun miharsa, paran wekasane yekti, apa tan dadya prakara, yen jalma kabanjur lalis, ingsun susah tan sipi, wruh prakara kaya iku, datan wus yen kangelan, malah mandar bok bilahi, kang mangkono tan urung prakareng praja. Mesem sang amindha papa, kisanak ayya kuwatir, jeng sultan sigra tumedhak, marepeki mring kang sakit, prabu ngandika aris, lah sira tangiya gupuh, lawan sira warasa, terang karsaning hyang widi, durung karsa amundhut mring jiwanira. Jalma kalaran anulya, gumregah denira tangi, sirna sekathahing lara, nembah-nembah sarya nangis, minta aksameng sisip, umatur sinten pukulun, dene akarya eram, pangwasa tuwan tan sipi, lawan sinten jalma kang banting mring amba. Jeng sultan datan aweca, mung sinamar jalma langib, yata kang adarbe wisma, sangsaya ngungun tan sipi, jeng sultan nulya pamit, wus rampung gen tunggu timun, gya kesah lan ki Islar, lepas lampahing narpati, jaka Islar tan pisah suka ing driya. Jeng sultan lan jaka Islar, agunem samargi-margi, jaka Islar aturira, kakang kawula wineling, dhateng bapa kiyahi, Kajinah aweling atur, ugi badan kawula, kinen tut wingking nglabeti, mring paduka dhuh mugi-mugi parenga. Sokur yen paduka arsa, kundur

wangsul den aturi, supados kalampahana, pun sumbiyah dados cethi, mongka wewales nguni, duk kiyahi bapa angluh, jeng sultan mesem nabda, Islar ing samengko mami, durung kena yen amrih ngenakena raga. Ing besuk yen tuhu arsa, manaur panggawe becik, iki Islar tampanana, kalpika kang songka mami, sungna ramanta nuli, darapona iku lulus, katekan ing sakarsa, jeng sultan gya ngungun sisip, kacarita kalpikanira jeng sultan. Musthikane her bantala, anakan mamlukat gaib, agem jeng Nabi Suleman, jro kalpika mawa ciri, dhadhasaring her bumi, sinung tulis langkung alus, ciri nama jeng sultan, ing Bulkiyah Sri Ibrahim, yen binuka sosotya tulis katingal. Jaka Islar sinung wikan, ciri kang munggeng jro singsim, dadya sru pangungunira, jaka Islar tan kena ngling, dupi uninga yekti, puniku kang tinut pungkur, estu yen ratunira, kang nama Sultan Ibrahim, jaka Islar gumuyu lan mendhak nembah. Sarya micara suka, dhuh dhuh sang amurbeng bumi, mugi-mugi linulusna, sihing dasih kawlas asih, den agung mangaksama, jeng sultan aris naur, ehya Islar kang mangkono wus kaseja. Ayya sira wancak driya, lan poma ayya kawingkis, mung sira dhewe weruha, ki Islar matur wot sari, sultan ngandika malih, eh Islar tetanya ingsun, ana papan polatan, prayoga keh banyu mili, kulon ika teka tan kanggonan jalma. Apa ingkang dadya sabab, ki Islar nembah turnya ris, nguni wus geng punika, sumarma suweng samangkin, wonten bebaya prapti, sarpa geng manggen ing ngriku, karya susahing jalma, gung memongsa kebo sapi, boten kenging yen sarpa tinanggulang. Jeng sultan ngungun miharsa, yen mangkono karsa mami, sira yogya sun duta, kang gawa nawala mami, paringna mring si patih, kang pasthi parentah ingsun, jeng sultan gya nunurat, roning aren kang cinawi, wusnya dadya sinungken jaka Islar. Lan winisik ing pratingkah, ing lampah ingkang kapingit, jala Islar wus kadhadha, mangkana duk gunem pikir, munggeng sor wreksa sami wonten jalma naru wuwus, prapta wahana kuda, kekalih jalma baduwi, sami mendem tingkah ling yuda kenaka.
Taksih wonten candhakipun. Raden Panji Partakusuma

Ongka 18 Kemis kaping 4 Mei 1876
BRA MARTANI

Kula wisudhan ing Surakarta

Awit saking karsa dalem gusti kula Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan nalika ing dinten Senen tanggal kaping 1 wulan Mei punika karsaha matedhakaken sih siniyan angganjar pangkat kalenggahan dhhumateng abdi dalemurdenas lurah sarta panakawan suket aris tuwin kapilih katranganipun ing ngandhap punika.

1. raden lurah Atmawiryana lulurahing panakawan dados urdenas, nama lastantun kaotipun sasebutan lurah kaicalan.
2. Mas Sumadi dados lurah, nama Raden lurah Atmasasana.
3. Mas Sugir dados lurah, nama Raden lurah Atmawipala.
4. Mas Sumarja dados lurah, nama Raden lurah Atma Sundaka.
5. Mas Sukir dados lurah, nama Raden lurah Atmawimana.

Sedaya wau kula mireng menggah kawajibanipun dereng katanjakaken, ewadene ing mangke kula kedah anglairaken ciptaning manah atasing lalampahan kasebut nginggil punika saklangkung andadosaken tatuladanipun ing akathah saha minongka dados panuntuning ingkang kantun dereng pikantuk ganjaran pangkat, mila saking pamuji kula dhumateng para prayantun abdi dalem ing gedhong kapilihan, gedhong minuman sarta ing gedhong kan sapanunggilanipun sadaya tuwin tumrapipun dhumateng badan kula pyambak, bilih sami dados sarjuning panggalih mugi-mugi karsaha jenak sobeng neng jroning pura atebhina genira karsa mangun kawiryan neng wismanira pyambak sokur bage saged nyegah dhahar lawan nendra kalayan sakinten-kinten saha nyingkirna lalampah ingkang boten leres anyelakna pandamel kaleres sae, dene ingkang sampun karsa wekel inggih kalastantuna wekelipun ingkang pancen malincar sami amiwitana petheling sowan taberining kawajibanipun, makaten malih bab ningali nayuban inggih dipuncegaha nanging sawatawis kemawon kenging.

Awit saking makaten wau supados ing tembe wingking bok manawi saged tatularan kadi ingkang sampun kadhawahan nugraha pinten banggi saged angungkuli anggeripun dipunlampahi kalayan panggalih temen-temen.

Sinrat Surakarta tanggal kaping 8 Rabingulakir Jimawal ongka 1805.

Katandhan pun Driya Asmara.

Surakarta

Ing nalika malem Ngahad angrintenaken tanggal kaping 30 April ing salebetipun kagungan dalem gunjara sepir ing loji wonten sebawaning pandamel ingkang mutawatosi ing sanalika ingkang kaleres jagi gunjara sampun amrayitnani, boten antawis dang ukalayan sireping tiyang punika dursila ingkang wonten salebeting sepir purun ambabah tembok gunjara, ingkang jagi rehning sampun prayitna sareng uninga yen wonten tiyang lebet ing gunjara ambobok banon trangginas lajeng dipunsanjata satunggala kenging tatu pramana lajeng pejah, ingkang kalih ugi kenging dipunsanjata malih punika labet sanget naming dereng pejah, ingkang satunggal nami Partadikrama ing dhusun Kemiri bawah dhistrik Wanagiri punika ingkang waged miruda, ing wusana lajeng kauningakaken dhateng para kuwajiban kilap kadadosanipun, lah punika amung andadosna pangenget-enget dhateng kaprayitnan sadaya ingkang sami kapatah jagi kagungan dalem gunjara sipir sabab sampun kerep kemawon wonten lalampahan ingkang kados makaten.

Katandhan pun prayitna.

Dereng lami ing lepen pape Surakarta wonten titingalan ingkang nganeh-anehi, wonten tiyang estri kakalih sami darbekipun tiyang jawi anama Krama punika sami kerengan ing lepen ing mongka sakaliyan lugasan tanpa tapih ngantos uleng jambak-jinambak lelep-linelep sami wasisipun boten wonten ingkang kasoran, dene pun Krama eca anggenipun nyawang bojo sami

ponca bakah, sareng dipuntingali manawi ingkang sami tukaran sampun sayah lajeng sami dipunulungi rasukanira ingkang sumeleh nunten mantuk ararunturgan.

Kabar benjing sarawuhipun kanjeng tuwan jendral mayor komendhan twedhe apdheling wonten para militer bongsa Belgi akaliyan bongsa Nedrelan ingkang sami badhe adamel kumedhi, panggelaripun wonten ing tangsi salah satunggal gedhong ingkang prayogi.

Dereng lami ing prambonan dalemipun tuwan ingkang majegi siti anama be pa dha ha dipun lebeti durjana kecu, tujunipun ingkang darbe wisma gotrahipun seweng, para durjana lajeng angakahi pethi yatra wesi ingkang wonten ing pakantoran lajeng dipunpecah tujunipun namung ingsi kirang langkung 300 rupiyah, wonten ingkang cariyos manawi kathah prabot griya ingkang sami dipunrisak kalih dene malih wonten tiyang kemit satunggil ingkang tatu jalaran dipundhawahi penthung.

Celak ing setasiyun sepur ingkang asring-asring kadamel panggenan anggledhah bongsa jawi ingkang mangkat utawi dhateng numpak sepur, dereng lami wonten lalampahan ingkang anggujengaken, wonten sawijining tiyang jawi anjarak bekta buntelan kados dene ajrihing kathah mawi klimputan lajeng awor kaliyan tiyang kathah kados badhe mlajeng, para congcun ngepakan enggal ambujeng kacandhak buntelan sanadyan dipunawataken darbekipun tuwan maksa dipuntedha dening congcun, nanging dipunkekahi, dangu-dangu bungkusan wau dipunsawataken ing siti angedalaken canthuka ageng-ageng kathah mila sakalangkung andadosaken suka renanning kang sami ningali tiyang gumujeng ger-geran, tetela manawi saemper kadi narpati salya gesehipun sang nareswara saged angedalaken diyu pinten-pinten.

Surakarta

Ing kampung Talangpaten griyanipun Mas Ngabehi Jagapraja abdi dalem panewu gedhong tengen sampun sawatawis dinten dumugi sapunika taksih kapondhokan tyang estri saben dalu kasurupan cariyosipun raden Mayang saking gunung Lawu, o..punika kathah sanget ingkang nuweni nuwun sawab sakajengipun pyambak, wonten nyuwun sugih saweneh nedha anak, dadosa priyantun saben dalu dados rubunganing kathah, lo nalar makaten punika kados pundi ing pambudidene kok tiyang dipunsurupi dhemit, manawi doraha dene kathah kang gega manawi temena dene mokal, dados ingkang nguntung dhukunipun tuwin kang gadhah griya awit angsalipun mejani saking para gugon tuhon kathah. Pun maiben.

Surakarta

Sampun antawis dinten kula sumerep bilih radinan bawah ing kabupaten sampun katingal sami kaurug ing krikil utawi sami tandho karikil wonten ing sakpinggiring bageyanipun radinan pyambak-pyambak.
Ingkang punika saking panuwun kula dhumateng para priyantun ingkang sami kagungan bageyan radinan, ing sarehning nalika tanggal kaping 16 utawi 17 wulan April taun punika jawahipun radi nyengka sakwatawis, bok manawi radinan ing radinan ing kabupaten sewu wonten ingkang radi risak jalaran katrajang ing jawah wau, punika saking panuwun kula bilih wonten ingkang sakantawis risak mugi lajeng kauruga tumunten sampun ngantos kalajeng risakipun kula borong mas ngabehi Wongsa Pranata nun.
Sinerat ing Losari kaping 19 April 1876. Kula pun Mangunsuwara.

Dereng lami ing Ngayogya wonten lalampahan ingkang anggumunaken tujunipun enggal kapambengan, wonten tiyang jawi satunggil wayah dalu sampun purun-purun malebet ing lebet beteng kraton ngantos dumugi ing kori griya manganti mawi sikep dadamel dhuwung satunggal sisih kaslempitaken ing sabuk dipunsapa wangsulanipun kadi badhe purun boten wonten ingkang

dipunajrihi, saksana wau tiyang lajeng dipunkrocok ing akathah dene bab nalar-nalaripun dereng kapireng.

Nalika malem Salasa kang sawek kapengker bekel dhusun Jalaran bawah Bantul Ngayoja dipuntuweni ing durjana kecu, sakalangkung anggenipun sawiyah-wiyah tingkahing durjana sami ngangkuti barang darbekipun bekel pendhek mas tiga inggih katut tuwin liyaning barang pangaji akaliyan arta polisi dhusun cecelakan ngriku lajeng dipunsukani pirsa murih anyepenga para juti wau ananging owel sanget, ing Ngayoja titi kaliyan polisi punika sami diyon.

Ing Ngayoja taksih lesstantun caket ing nagari dipunrubeda ing durjana pandung, dereng dang utuwan Fengka kepandungan, wonten malih cinten ing ketandhan kalebetan pandung pangkengipun ngantos angeruki barang kathah, wasana mugi para tuwan ingkang wisma ing Ngayoja purun anelat pandameling para bongsa cina ngatasing dilah sabab ing pacinan sadaya sampun sami mawi lentera, iba mayaring polisi bilih anindakaken damel kalaning dalu.

Nalika dinten Kemis kaping 27 April ing Ngayogya kraos wonten lindhu ebahipun boten patos-patosa nanging kapara dangu.

Ing pangecapan nagari Betawi wonten kang ngecapaken malah meh rampung anggitanipun Raden Abdullah Ibnu Sabar bin Arkebah angandhakaken pamanggihira nalika kesah dhateng Nedrelan katembungaken jawi jilidanipun kapara ageng, maksuding anggitan wau murih dipunwaca adening para alit ewadene kathah pamanggihipun ingkang nganggit suprandene kathah amastani manawi anggitan wau panggarapipun mawi dugi prayogi pantes dipunwaca sarta kawradinaken.

Lokomotip angandhakaken nalika ing dinten Akhad tanggal kaping 23 April tiyang Jawi anama Polyasetika kaliyan sadherekipun jaler sami gegriya ing kitha ageng katuwenan ing lurah macanan, dhatengipun tanpa larapan dipuniring dening panekerira kathah, sanjangipun kautus ing kanjeng parentah ageng dikakaken anyepeng tiyang kakalih wau awit kadakwa sami adamel patopan ing griyanipun saingga dipuntuweni para bongsa jawi kathah, wangsulanipun tiyang kakalih boten pisan-pisan adamel lalampahan makaten, ananging para macanan boten pisan anggega aturan, kadadosanipun emeh kemawon tiyang kakalih wau dipunbesta sampuna angedalaken yatra panebus kathahipun 170 rupiyah, yatra wau lajeng kaladosaken dhateng sawijining lurah polisi.
Wondene pamanggihipun ing kathah prelu sanget lalampahan peteng wau dipuntiti pariksaha ingkang kenceng.

Dereng dang upara militer ing Ngayoja sarta ing Surakarta ingkang sami tumut perang ing Aceh kaparingan ganjaraning narendra ing Nedrelan warni medhali Ngaceh, jinisipun pregulan ingkang dipundamel mriyem ageng badhangan saking Aceh mawi cithakanipun mastaka dalem sang narpati, nalika amaringaken ganjaran wau para komendhanipun ing Ngayojakarta 2 ing Surakarta mawi anyabdani kasuprih temen sapawingkingipun angrembat ayahan.

Manawi pareng karsanipun para sujana tuwin sarjaning *Bra Martani* mugi karsaha paring barkah dhateng petenging manah kula ingkang salaminipun dereng pisan-pisan angsal wawengan ingkang andadosaken padhanging manah kula wau inggih sanadyana kula sampun anggadhahi panginten bilih badhe pataken kula punika tumrapipun dhateng para sarjana kalebet babaganing remeh, ewadene saking sangeting bodho balilu kula dados kedah-kedah andarbeni atur panyuwun mugi wontena lumunturingpanggalih aparing pitedah dunungipun kados ing ngandhap punika.
Sampun antawis lami anggen kula angabdi dados tukang angopeni kagungan dalem paksi awarni-warni, ananging namung paksi satunggal ingkang tansah kula raosaken menggah ing nalaripun kadosta punika paksi beyo, saking panimbang kula sampun tetela bilih panggrahitanipun amunjuli

dhateng sakathahing paksi ingkang sampun kula sumerepi, dene antawisipun bilih dipungulung wicanten tata janmi boten antawis lami lajeng kathah ingkang dipunsagedi sarta boten kasupen ing salaminipun malah anamtokaken indhaking kasagedanipun wau.
Wondenten ingkang andadosaken kodhenging manah kula punika menggah parabot salebeting badanipun salebeting mencok wau punapa wonten kaotipun katimbang kaliyan paksi ingkang kathah-kathah, bok manawi saestu makaten katranganing kaotipun praboting badan wau ingkang pundi dununging, amila manawi pareng karsanipun para sarjana tuwin para mitra ingkang asring karsa alantaran rembag wonten ing *Bra Martani* sarta manawi sampun angsal kaol bab katranganipun atur kula wau mugi karsaha aparing barkah kapacakaken ing kabar *Bra Martani* supados kenginga damel sasamben minongka pangasahing manah kethul ingkang kados kula punika. Wajidan reksa kukila.

Kula nguningani *Bra Martani* ongka 12 punapa ingkang dados suraosipun ing pakabaran saklangkung angresepaken manah ingatasipun manah kula, ananging sareng andungkap pangarangipun mitra kula pak dahwen ingkang anggancaraken lalampahanipunandara menggung bupati patih ing Kadanurejan kala andon lalana dhateng ing Samarang punika botenta punapaha anamung wasananing tembung ingkang dadosaken eraming tyas.
Dene purun-purunipun ambekta sakawan iji abdi dalem ingkang sampun pinacak pangkat panji dhistrik saha mundhi sorot dalem panguwasa pulisi dhusun punika punapa boten kenging ndara den menggung wau anganggeya wawenangipun pyambak, sanadyan makatena ugi rak inggih kenging ta mas, tiyang sampun kuwaos sumanten wau kasarah ingkang nglampahi andhedherek, o.. makatena malih tiyang ngandhap mung sadarmi kemawon awit dening rumaosipun bilih andadosaken rengganging pangawulanipun, nalar makaten punika ta dede masthinipun ewadene ingkang ijengan ngandika andharaken gagelengan ingkang dipunakali kados makaten wau punika teka anggumunaken sanget.
Yen anitik patitising panarka bok manawi saestu ananging kok mokal.
Ingkang punika sarehning kawula cilik, o..inggih kawula nuwun sumongga ingkang amurweng pandum.
Makaten malih ingkang kula nguningani pamancahipun mitra kula Patralalita dhateng saseratanipun mitra kula rara sejati bab kalentonipun pasanging panyerat kula andherek pamanggihipun mitra kula Patralalita awit ingkang makaten wau kangibaratna tiyang mangangge inggih ugi boten kenging sakajeng-kajengipun pyambak, kedah manut ing wawatoning pangangge kadosta sinjang dipunangge udheng, udheng dipunangge sinjang sasamenipun ingkang makaten punika punapa boten kenging ta rak inggih kenging, ananging boten kalimrah tumraping wawatoning pangangge sanajan babagan sasatra bok manawi makaten.
Magersarenipun jayapramana. Pun pati open.
Suprandene ingkang nganggit nginggil punika mawi anembungaken kuwaos. Redhaksi.

Sampun kapara lami sanget anggen kula angajeng-ajeng rawuhing sang ambeg piwulang, ewadene samangke panjenenganipun Patralalita karsa aminihi paring barkah sarana pangereng-ereng inggih punika saking temen lepating panyerat kula kang sampun kaanggep caroto wonten ing pasamuwan *Bra Martani* ongka 7 dhasar sayektosipun kula punika dereng pisan anggrayang watoning panyerat twin sastra jawi mila tansah andadosaken pangunguning para priyantun ingkang saweg nyadham panggigiting kawruh krana angraosaken pangriwuting sastra, ananging bok manawi panjenenganipun Patralalita wau saweg enggal anggenira tampi ganjaran tesmak wingka sarta kenging kabasakaken amandung gudir, sanadyan makaten wau pancen sampun boten pantes saengga karangkula dening mas rara gumun, samantena teksih kedah gonthel kemawon kaeraman kula nalika sampeyan maca seratan kula rumiyin bok inggih kawespadakna ingkang trang amirida teken kula kemawon supados saged badhe boten karsa anuwuhaken duduka ingkang mawantu-wantu sampun kok terkadhang ngasru pitados dhateng sakala menjing kiden mariksani sastra lah mindhak boten uninga yen kula punika awit bayi dumugi prawan

sampun kinondras karsaning kang maha suci kinarya sipat estri mongka karsa sampeyan sanadyan estri kasupriya mawi brengos lah masa ngalama kadosta sampeyan anukulaken panacat dhateng kabodhohaning hyang kalayan anyuda tata krami, punika bilih sakinten dereng sembada tegesipun saweg temampokemawon kawruh sampeyan prayogi sampun kalajeng-lajengaken sabab manawi ngantos kasumbung kuminter mindhak wonten kuping udut srutu. Mila saupami kula purun ambikak kalempiting nalar sampeyan kang tumrap wonten ing saseratan ngriku o..rehning dereng sembada kula manah badhe boten timbang wasananipun, sareng dangu-dangu anggen kula ngliling pangereng-ereng sampeyan samanten kok kedah gumujeng kemawon, ta ihi ihi andhu, ing dalem cipta tandya anglairaken panyebut, ii ya jagad dewa ngobo petiken atur panuwun kula maring sang jaya pramana durung kongsi diparingi wangsulan, dene kok katrajang wedhus bigar, iki mau kepriye ta neh taya wau bengi aku ngimpi aala, dadosna katranganipun sampeyan punika kula sawang dangu-dangu, lo lo lo i lah dalah jebule kalungsup jebule sruwa patut kagaliya prayantun makaten punika dipunwastanana walak ladak sumalonong tur boten awengan inggih teka patut, mila jroning cipta darbeni pamanggih makaten, e la rumasa aku iki dadine bener gone patralalita duka marang aku saka rusuhing sastra, lah wong dak rasakake rehne wong wadon dadi katenta nek aku tinuju gaguyon lawan bedhang aku kae ora ngamungake jiwit bae nganggo gelem anyekel bedakan kang ora katon.

Kadosta sampeyan anggadhahi panggalih ewa boten marduli dhateng pitaken kula prakawis impen sapanunggalanipun dhateng sang jayapramana ounika inggih leres sanget jalaran kula timbang kasagedan sampeyan punika kados taksih blengur dereng jumeneng banyak, parandene meksa lumampah den puruhitanana, oalah kenthol ingagesang punika harak langkung sae tepang rukun sasamining agesang dados pikantuk tambah asring tinon ing kathah saengga boten makaten punapa sampeyan sumedya marojol saking sipating manungsa lajeng manjing sipating elok kemawon la rak mesakaken putra wayah sampeyan kang kantun, sanadyan sampeyan taksih angumbar budi kang lumuh kasoran ananging sampun cok remen anggadhekakentata krami mindhak rugi kekathahen sareman meksa sanes rangen, yen sampun sumedya anundhung tata krami prayogi kawadekake mawon inggih sampun npak cilik, wasana rehning sampeyan sampun saged amadeg prayagung sarjana lebih baik bagus patralalita ingkang kedah kula pasthekaken amangsuli kalayan trang sadaya panuwun kula dhateng sang jaya pramana mongka sampeyan boten saged anglaksanani bok manawi wangsul dados tigan banyak, lo pikasalipun amung kapindhang.

Katandhan kang saweg gantung ningkah tinuju garap sari pun rara sejati.

Lah ing nginggil punika sampun wiwit angrembe nanging prayogi samanten kemawon. Redhaksi.

Sakalangkung saking pakewed anggen kula manah dhateng suraosing panjurungipun ingkang sisilih nama Kramadongsa, saking watawis kajating panggalihipun badhe karsa amisahi kang sami remen paben amurih rumaketing pawong mitrab, ananging sarehning wedaling pangandika radi kaworan deksura sawatawis amila suraosing saseratanipun dados kawangsul manggon dhateng sariranipun piyambak malih katingal bilih badhe minihi paben, liripun kadosta pun arya menak koncar punika sampun lami anggenipun boten manjurung, bok manawi rumaos lepatipun piyambak, ing mangke teka dipunungkat-ungkat kalayan pangerang-erang langkung malih mas itituwin den jaka sungkana sami dipunuwus-uwus winastan karem anggelaraken kawruh pangawur, lah punika punapa sampun kagalih matitis kalayan osiking galih anggenipun badhe adamel tata tentreming serat pakabaran wau, ewadene kula inggih mangayu bagya bilih wawarah wau wedaling pangandika angresepaken manah, lah sumongga ta sampeyan galih kados panjenenganipun redhaksi punika tur ingkang nguwasani wedaling *Bra Martani* punika, ewadenten inggih boten karsa angerang-erang ingkang suraosipun ingkang adamel rengating manah nadyan anglairaken wawarah kapara alus sarta remit boten angayah kados panjurung sampeyan makaten, amila mugi kauningana bilih pangandika deksura wau boten kenging yenta kawedharaken wonten ing pasamuwaning tata krami, kedah namung kaangge yen wonten salebeting cepurinipun piyambak kadosta bubukaning tembung mawi mungel ehe punika rak

sampun kalebet embahipun deksura, mila gampilanipun bilih badhe anggalihi kautamen anyirep para udur cacengilan amurih asih rumaketing pawong mitra sarta ingkang tamtu badhe dipungegesa wawarahipun wau inggih kedah anglairaken pangandika ingkang turut alus manisipun, amargi solah bawa punika saestu wawalesan kemawon manut ingkang adamel bubuka, tegesipun saupami sadhengah tiyang kula wicanteni awon saestu inggih mangsuli awon awit rumaos dados rencang kula, bilih kula anglairaken pangucap manis arum tamtu inggih badhe angsal wangsulan ingkang angresepaken manah, liripun saupami serat kula punika sampeyan wangsuli sereng kula inggih mangsuli malih, punika namanipun punapa ha rak inggih paben tanpa damel wekasan dados geseh kaliyan pangancabing sampeyan ing ngajeng tur kula inggih boten badhe amangsuli malih namung amangsulaken sapisan edhang kemawon sokur karsa agalih kalayan sareh atur kula punika supados boten seling serep ing panampi.
Langenpranata mitranipun jaka sungkana.
Redhaksi asung panrimah dhateng mitra langen pranata.

Punika candhakipun cariyos Nawawi
lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Pangkur. Jalma Baduwi duk prapta, asru ngucap eh wong lungguh den aglis, tuduhena awak ingsun, marang ing wismaning wang, marma bingung dene ingsun banget wuru, lawan iki kancaning wang, yata jeng sultan ningali. Mring jalma kang munggeng kuda, datan samar puniku wong Baduwi, abdi tutumbasanipun, cacah kang kalih nambang, piniliyan kang gagah-gagah geng luhur, karsa prajurit pangarsa, yen kalaha mangun jurit. Nanging wong Baduwi kilap, kasamaran tan wruh marang gusti, sabab saking sruning wuru, yata agya jeng sultan, nyandhak kuda kendhalinira tinuntun, ki jaka Islar duk wikan, sru kagyat ing batin runtik. Maleleng dupyarsa krodha, kinejapan marang jeng sultan aglis, kinen tumuta anuntun, turongga siji sowang, jaka Islar menggah jrih marang sang prabu, dadya mailwa nuntun kuda, kang tinuntun suka sami. Tan wruh samya binektanan, mring ngastana kubur kang kiwa rempit, akiwa makam kang singup, semana dupi prapta, pinggir makam alon ngandika sang prabu, lah ta iki wismanira, kang pasthi tan kena gingsir. Jalma Baduwi duk myarsa, sami melek saking rem-merem pitik, kagyat denira andulu, dene prapteng kuburan, jalma kalih krodha sru denira muwus, lah apa wong iki jawal, panggene mring kubur iki. Ingsun kon nuduhken wisma, jroning praja Bulkiyah wisma mami, jeng sultan nauri wuwus, eh iya wruhanira, sakeh omah-omah kabeh iku dudu, mung iki omah sanyata, yen sira takon mring mami. Wong Baduwi saya krodha, nginger kuda sarwi ngikal camethi, jeng sultan arsa pinukul, tangginas jaka islar, tinadhahan camethinira rinebut, sinendhal sigra jinangkah, wong Baduwi sru binithi. Dhadhane sru kaprawasa, kajungkelang tiba kantakeng siti, kang sawiji dupi dulu, yen kancane kantaka, sru bramantya sigra narik pedhang gupuh, ki jaka Islar pinedhang, tatag tan sedya gumingsir. Dupi lumarap kang pedhang, panglangene cinandhak sru pinidih, sanalika pedhang runtuh, agya nulya sinendhal, saking kuda binanting siti gumebrug, sareng kalih kapidhara, galasar lan munggeng siti. Jeng Sultan Ibrahim mulat, prawirane jaka Islar linuwih, tatag tanggon datan keguh, pantes dadya gagala, yata Sultan Ibrahim ngandika gupuh lan angambil toya tapa, jalma kalih den raupi. Mukane den usap ngasta, kang kantaka gumregah sami tangi, lan eling denira wuru, wruh marang gustinira, nembah-nembah sarwi nangis lan umatur, dhuh gusti nuwun aksama, druhaka sanget pun patik. Sru kilap ing jeng paduka, sri narendra pangandikanira ris, eh iya muliya gupuh, Baduwi samya mintar, sri narendra lan jaka Islar wus wangsul, anggunem denyarsa pisah, lan ubaya denya panggih. Jeng sultan aris ngandika, eh ta Islar sira manjinga nagri, paringna nawala ingsun, mring Patih Abu Ilham, nanging ayya kongsi kasuwen lakumu, yen uwis sira nusula, mring Kakbah atawab khaji. Mung kurang rowelas dina, tawab khaji sira ingsun anteni, jaka Islar mesat sampun, saking ngarsa narendra, lampahira agancang tan wrin pakewuh, tan winuwus aneng marga, wus prapti wismaning patih. Kyana patih dupi lenggah, neng pandhapi siniweng para mantri, lan wonten wajir pangayun, awasta rasta rosan, munggeng ngarsa jaka Islar praptanipun, dumrojog tanpa larapan, nir babaya datan wigih. Katupiksa samya singak, mring kang prapta dhapur gagah

respati, tan kontap cahya sumunu, lir trahing wita redya, dupi parek lan patih deg neng ngayun, atajem polatan tatag, nanging tembung rum amanis. Mangkana wicaranira, eh ki patih pyarsakna wuwus mami, ana sujalma lelaku, munggeng ngiringing marga, tanpa rewang warnane anom abagus, cahyane mindha basonta, nging busana cara santri. Dupi kapapag lan ing wang, asung tulis kinen maringna nuli, mring sang pramukaning wadu, iki nawala nira, roning aren kang cinawi ngastanipun, agya sira tampanana, ki patih gupuh nanggapi. Nawala wusnya tinampan, jaka Islar anulya mendhak gipih, yata ki patih duk dulu, mring sastra datan samar, estu lamun tapak astane sang prabu, ki patih arawat waspa, dugmeng surat lan manangis. Winaos dongiyah ira, amlas asih pupuji mring hyang widi, kang munggeng jagad sawegung, kang ganjar lara lapa, surat ingsun praptoha mring sira iku, mantri muka Abu Ilham, kang ngayomi ing praja di. Kang wus kasusra ing jana, bisa karya mulyaning praja mami, tumemen ing tyas rahayu, kang wus luwih wibawa, eh wruhanta iya amung sarirengsun, kang tumanggah lara lapa, tumameng wulusan sepi. kAng sonya boga kamulyan, panas atis sasaneng jro wanadri, sru ning kayuyun anglayung, pindha ron aking kentar, gung mangingsep-ingsep lakuning praja gung, jajahan nagri Bulkiyah, sira sumurup yekti. Kang kabener doh lan praja, akeh rusuh tata kurang titi, lah iki paranta ingsun, sira leksanana, mamatah apatuguran lurung-lurung, sakehe lulurah desa, agilira saben ari. Kang musthi pakaryanira, nanggulangi yen ana jalma juti, lawan kapindhone iku, yen ana wong kelaran, munggeng lurung agya angsunga pitulung, yen kang lara wong kadohan, nuli ulihna den aglis. mring banjar pawismanira, ayya kongsi kurang kang binukti, dene ingkang kaping telu, yen ana wong lulungan, kang kawengen kang anjaluk nginep iku, nuli sungana panggonan, ing prenah ingkang abecik. Pangane ayya kapiran, lan mruhana wong ala lan wong besik, kaping pat parentah ingsun, yen ana jalma liwat, ing dedalan kasatan darbe panjaluk, inuman miwah mamangan, tumulung sungana aglis. dene yen ngetung prabeya, inyadhonga arta prabeya nagri, ping lima parentah ingsun, sira angawruhana, bumi wates tamping kulon ana suwung, bumine jembar tur rata, lan okeh banyu kang mili. Mengko tan kanggonan jalma, sabab ana sarpa geng ngrurusuhi, isirnakna den gupuh, sarpa kang dadya gawat, titi tamat ing wusana salam ingsun, paringna mring gustinira, prameswari yya mong kingkin.
Taksih wonten candhakipun. Raden Panji Partakusuma.

Ongka 19 Kemis kaping 11 Mei 1876
BRA MARTANI

Raden Bei Natadimeja mantri guru ing Grobogan (Samarang) ingkang sampun lereh, ing mangke kinawula wisudha dados guru bantu ing Surakarta sarta kaparingan balonja *f*20 ing sawulanipun. Pun Tabiyat.

Kanjeng tuwan residhen ing Surakarta ing mangke karsa anandhangaken bilih sakalangkung sengit dhateng kadurjanan awit dipunpambengi sasolah tingkahing para durjana, dene kayektosanipun punika rongga pulisi sarencangipun ing ngajeng manggen ing satasiyun sepur, nanging lajeng musna punika samangke dipunpacak ing ngriki malih sarta sami kareh dening lurahing setasiyun sabab lurah wau wajib sarta awaton angger-anggeran, yen ambau reksa papan panggenanipun punapa dene malih ing setasiyun wau badhe dipunpirantosi kamar polisi ingkang masthi kajenengan ing kanca polisi rinten dalu, dene pranatan makaten wau teka anyar-anyaran boten pisan namung nglastarekaken ingkang klayan kenceng sarupining papacak kang pancen sampun kapesthekaken ing ngajeng sabab sampun kamanah saderengipun bilih lurah polisi tanpa pitulungan sasat tanpi damel.

Gugon tuhon

Ing Singapura isining tiyang bumi kraos tiyang giris awit wonten ingkang ngabaraken bilih nagari badhe sidhekah sarana endhasing tiyang sawatawis murih dadosipun genira yasa bendungan sapanunggilanipun, nalika ing salebeting taun 57 dumugi 59 inggih makaten ugi wonten ingkang purun-purun adamel dongeng ingkang tanpa waton makaten, lajeng tiyang budi ingkang pancen watak andel-andelen angugemi sakalangkung ajrih girisipun, tiyang bumi ngantos anjalari susah bilih angupados kuli satunggal kemawon, yen dalu para tiyang ajrih asesanjan, serat kabar ing nagari Englan amratelakaken sakelangkung gumunipun dene sampun lami para tiyang bumi anggenira akumpul kaliyan para bongsa kulit pethak teka maksih smai agugon tuhon makaten.

Margi tembusan saking Klathen dhateng Bayalali katingal risak sanget sumawana margi ingkang boten dipunaken ing polisi Bayalali kawastanan kabawah ing Klathen, ananging ingkang saestu mila dados bawahipun Bayalali, ingkang mugi tuwan asisten residhen ing Bayalali anguningana ing babingahipun para ingkang asring ngambah margi wau.

Dereng dang uing dhusun Gilingan celak sepur wonten tiyang dipunbegal ing durjana nenem lajeng dipuntulungi dening konca agen polisi ingkang kapacak mangke punika, rahajeng kathah barang ingkang kabegal kapanggih malih, benggolipun sareng badhe dipuncepeng sedyanipun angamuk nanging kapambengan lajeng kabesta.

Surakarta

Ing sanadyan kirang pamaryogi kedah mangayubagya ing panjurunging prayagung kang sami ahli sarjana, ananging mugi marengena punapa ingkang kalebetaken ing pustaka *Bra Martani* mawi anggaliya wiraos wonten paedahipun utawi amurih suka seneng ingkang sami amariksani suraos ing *Bra Martani* punika ingkang supados badhe boten adamel kapitunan ing pangaranging redhaksi.

Kawuningana kadosta wiraosipun tiyang bongsa bodho kapulasara sarta mawi ulas-ulas saestu para sarjana sampun boten kakilapan malah-malah angesemi.

Punika wonten tiyang bongsa alit tur bodho awasta pun Kenthus awiraosan kaliyan sedherekipun pawestri awasta pun Timbang, pun Kenthus amiraos mekaten, Timbang kowe kuwe sok kenes yen ngucap kumetes tur ora tetes, bok ya jajal kok wangsuli pandehane rara sejati kang mungguh suraosaning wong turu nganggo ngimpi, pun Timbang amangsuli makaten, Kenthus aku wis lawas gonku arep amangsuli dek lagi kawit jaluk sapisan ananging aku matur menyang lurah ora

pareng, jare rerasan mengkono iku dudu panggonane ing *Bra Matani* sabab bakune koran angabarake saebah osike negara, malah-malah aku didukani menyang lurah ngendikane mengkono, eh Timbang wruhanamu para sarjana iku wis okeh kang nyurupi surasaning impen anaming ora gelem amangsuli sabab dudu benere.
Kenthus parandene aku bareng krungu rerasane rara sejati dhek Kemis ika nganggo muni jare lagi gantung ningkah lan lagi garap sari, tegese kang mangkono agawe gela sabab banget regede dadi pareng ora pareng lurah tak aturi nglebokake aturku kaya ing ngisor iki.
Yen menggah tiyang jawi terbukanipun sabarang kawruh inggih ugi cara jawi, manawi kawruh jawi katerbuka suraos cara Arab punika tiru-tiru, pun rara Timbang manahipun dereng adhangan kadosta menggah suraos impen aturipun rara Timbang kapirit saking suraos basa turu utawi basa sare lan basa tilem lan basa guling lan basa nendra, punika ingkang anedahaken raosing ngimpi utawi supena.
Tegese basa turu punika sami katunggal rupa, tu tunggal, ru rupa, makaten tiyang tilem punika tunggal rupa kaliyan patiutawi tunggal rupa kaliyan urip, sabab tilem punika dipunwestani gesang kawujudanipun boten sumerep punapa-punapa kados dene tiyang pejah, dene yen tiyang tikem dipunwastani pejah: punika teksih obah osik napas teksih lumampah anaming boten karaos punapa-punapa, punika sarta taksih kaparingan tatenger aningali punapa-punapa ing salebeting supena, dene ingkang katingal salebeting supena punika kapirid saking basa guling, tegese guling sing digugu sing dieling-eling, punika ingkang katingal ing sajroning supena.
Dene ingkang katingal ing salebeting supena punika mila kaparingan wahana awon utawi sae sabab ing panggugu utawi ing pangenget-enget panuju terus sumarmi medal kayektosanipun, dene basa tilem tegesipun tinemune impen luwih lembute punika ingkang boten kenging dipunwiraosi kalayan bongsa kang kaliraken dening akathah, dene menggah tegesipun basa sare punika saher rehe, tegesipun saher rehe punapa ing sakarsanipun manawi temen supenanipun manut kemawon, dene tiyang tilem mawi sok nglindur, tegese nglindur wus nglitir nanging durung tangi punika dados wdhagipun taksih tilem kaengetanipun sampun tangi.
Makaten pamanggih kula pun rara Timbang.

Kabar saking Ngayujakarta

Nalika tanggal kaping 2 wulan Rabingulakir taun Jimawal ongka 1805 siyang wanci jam ½ 5 langkung 40 menut para tiyang karaos ebah ing siti (lindhu).
Nalika tanggal kaping 5 wulan Rabingulakir taun Jimawal ongka 1805 siyang wanci jam ½ 3 ing keben kamandhungan ler wonten tiyang lumampah saking ler wetan, tiyang wau wujudipun kapara sepuh, sareng dumugi tritising regol sri panganti tiyang wau nyembah kaping 3 minggah bebatur sumeja lumebet, ananging prajurit ingkang saking sekil wak ngandheg sabab solah pratingkahipun nyumelangi awit geseh kaliyan tiyang kathah, mripatipun mondar-mandir, dhuwung dipunondar-andir, sajakipun dede tiyang Ngayuja kados tiyang Surakarta, tondha rongka ukiran wangun cara sala.
Tiyang ingkang kaandheg wau mangsuli sugal, prajurit sekil wak murugi kekah mangsulaken, tiyang wau sebrak narik dhuwung prajurit dipun prejaya ananging boten titis, prajurit sumeja males nanging tiyang lajeng geblas malebet dhateng sri manganti kilen ngliga dhuwung, prajurit alok he..wong ngamuk, para kancanipun kaget ingkang celak panggenan ngriku nyandhak dadamel dhuwung sabet waos sanjata sumeja tulung, bupati nayaka ingkang caos sri manganti sarta panewu mantri miji carik gebayan prajurit mantri lebet nyutra sapanunggilanipun ingkang sami caos sadaya kaget guregah nyandhak dadamel lajeng jibeg mirantos, saweneh rakit sangajengipun regol danapretapa wlandid lagunder sekil wak inggih rakit.
Tiyang ngamuk boten saged gagal sabab kapepetan pun saroh amuk dumugi pojok sri panganti ler wetan nanging dipunpambengi panewu mantri miji, carik, gebayan, ingkang caos pangapit regol, prajurit ingkang ngadhol saking ler inggih mambengi pun umuk minger nrajang mantri miji dipuntadhahi canggah udreg rok silih ukih, canggah uwal pun umuk nyarok dhuwung, mantri miji malumpat kacemplung laren dhawah, pun amuk sumeja ngakahi, mantri miji nangkis epek-epek

kang tengen beser, panewu, carik, gebayan, tutulung nyanggah, pun amuk nangkis dhuwungm dhuwung bingkong janggirat pun amuk nyurung katadhahan canggah saking wetan, rame swara gumerah lajeng kaprejaya saking kilen, pun amuk nandhang kanin bingung nangkis ngiwa tengen, prajurit mantri lebet manrajang nyangkuh medhama wor gregut tandangipun, prajurit nyutra ngebyaki medhang numbak nawok, para panewu mantri ngaroyok saking kidul, prajurit atusan nrajang saking wetan, pun amuk galoso nemahi jineng ngenggen salering sri panganti.
Katandhan pitutur jati.

Wonten sawijining tiyang gegriya celak ing dhusun Gamping Ngayogyakarta, atampi serat panantang bilih piyambakipun bilih badhe katuwenan durjana kecu kalaning dalu dinten wancenipun mawi kawejang, owel namaning tiyang dhusun wau boten kapratelakaken dening ingkang kojah, pun tiyang pancen kendel griyanipun gebyok tutup atep.
Sareng anupiksani serat panantang lajeng kesah manggihi lurah bekelipun sarta andedahaken serat wau tuwin nedha idi badhe ambesmi made griyanipun benjing sapraptaning durjana kecu ugi dipunjurungi sabab griyanipun kapara tebih saking griya sanes.
Sareng durjana sami dhateng lajeng dipunwengani kori sabab kagalih kebek mas inten, saestunipun grobogan wau dipuniseni sela ageng-ageng, isinipun ingkang pangaji sampun kasingkiraken, saksana sakalangkung kaget sareng myarsa gentangan griya kabesmen, ing mongka latunipun katingal, pun durjana gugup sareng mirsa griya ingkang dipunpanjengi ingkang kobong, badhe malajeng medal nanging boten saged awit korinipun kasorok, wekasanipun durjana gangsal ingkang pejah tumangan tanpa pancaka dene kajengipun pyambak, lah punika parampungan sakalangkung ringkes resik sarta wawaton.

Lokomotif angabaraken manawi bawah paresidhenan Prabalingga wetan kathah para lurah dhusun kaganjar dening kanjeng gupremen awit anggenira setya tuhu angrembat ayahan tuwin jalaran lami panyuwitanira boten kikirangan punapa-punapa, dene ujuding ganjaran wau medhalai sanguban mawi ciniren katrimah anggenipun ngaladosi padamelan nagari, dherek suraosing saseratan kakancinganipun kanjeng gupremen kang katiti mangsan ing wulan Oktober 1871 ongka 36, namaning lurah dhusun ingkang tampi ganjaran Setrataruna bekel patokan, Krunasetra bekel kanigaran, Mawiguna bekel ing ratus, sami bawah dhistrik Prabalingga, Wongsatruna bekel ing Kledhung dhistrik Dringo, Brajasari bekel ing Triwung ler dhistrik Sumberkarang, Kretasari bekel ing Rambakan dhistrik Tengger, Kretawana bekel ing Pandhanlaras dhistrik Kraksan, Jayaleksana bekel Wringinanom dhistrik Jabung, Karyalesana bekel Alasmalang dhistrik paiton, Wiraniti bekel ing Pakecik dhistrik Paiton, Bidhumiranti bekel ing Maron dhistrik Gendhing, Wiradongsa bekel ing dhistrik Jarakan, Jayaleksana bekel ing Jayatrunan dhistrik Lumajang, Sela Awartawar bekel ing Lingakreta dhistrik Lumajang.

Ing Ngayujakarta

Nalika tanggal kaping 22 wulan Sapar taun Jimawal 1805 abdi dalem bupati anom 4 bawah jawi kiwa tengen 1 Raden Tumenggung Jayanagara, 2. Raden Tumenggung Jayadiningrat, 3. Mas Tumenggung Sastradilaga, 4.Mas Tumenggung Prawiradipura, ridhre militer wilem sordhe pir dhe klas, sarehning sampun sepuh saking sih palimarma dalem ingkang sinuwun bupati anom 1 wau dipunpundhut dados rehing kadipaten, dene salowongipun kalenggahan kapatedhan lintu 1 Raden Tumenggung Sonta Atmaja, 2.Raden Tumenggung Brotadiningrat dados bupati anom bumi sewu, 3. Raden Tumenggung Kertanagara dados bupati anom panubak anyar, 4. Raden Riya Natanagara dados riya bupati bumija, bupati 4 ingkang dados lintu wau ing ngajeng sami reh ing kadipaten.

Nalika tanggal kaping 2 wulan Mulud taun Jimawal ongka 1805 abdi dalem riya bupati redi kidul (Playem) Mas Riya Tondhanagara kapundhut lumebet dados miji reh mangkubumen, dene salowongipun kapatedhan lintu wadana panakawan ing kadipaten Raden Wadana Prawirapraja

dados Riya bupati ing redi kidul (Pleyem) nama Raden Riya Cakranagara kalenggahan wonten nemipun Raden Riya Prawirasantika, riya bupati redi kidul (pSemanu).
Nalika tanggal kaping 6 wulan Mulud taun Jimawal ongka 1805 abdi dalem riya bupati wadana ngajeng (Gladhag) Kyahi Riya Jaganagara sarehning kathah kisruhipun anggenira nindakaken paprentahan, sapunika dipunpeundhut lumebet dados miji reh ing mangkubumen, dene kalowonganipun kalenggahan taksih gumantung, menggah paprentahan gumantung utawi sumampir wonten ing kapatiyan.
Nalika tanggal kaping 18 wulan Mulud taun Jimawal ongka 1805 adegipun kagungan dalem prabayaksa ing kadipaten nagari ing Ngayujakarta.
Dene rerigenipun Raden Adipati Danureja ridherdhe ordhe pan Nedrelanse leyo kawrat ing serat sarta dipunasmani kacepengaken bupati titindhih 4 iji, bupati jejeneng 1.
Ingkang ngwasani ajeng uduripun para nambut kardi bupati jejeneng inggih punika Raden Tumenggung Prawiradireja sawernenipun pri konca damel kadosta panewu mantri mergongsa, gawong, gladhag, sapanunggilanipun ingkang kagalong nama damel sami mirantos swanten ing tengah sakiwa tengenipun seteger saweneh menek wonten nginggiling gethek ngrakit pirantos, menggah isarat warni-warni sajen-sajen sarta dupa kados ngadatipun bongsa jawi.
Bupati titindhih ingkang bageyan ler Raden Tumenggung Sasranagara, bupati titindhing ingkang bageyan kilen Raden Tumenggung Danuadiningrat, mayor komendhan bupati titindhih ingkang bageyan kidul Pangeran Arya Suryawinata, bupati titindhih ingkang bageyan wetan Raden Tumenggugng Suranagara kalih Raden Tumenggung Gondakusuma, bageyan 4 gen wau sami kanthi bupati majegan nyatunggil ngirit bau suku nyeket iji.
Saderengipun wiwit tumandang nambut kardi raden adipati ngidiri sakiwa tengenipun seteger kaliyan Raden Tumenggung Prawiradireja kanthi panewu mir gongsa Ngabehi Brajadrana, miji ngabehi Kertapraja, Panji Hendraharja sami titi pirsa pirantos sarta samudayanipun.
Wondene para bendara pangeran sami prenca saemper dipunpara sakawan sasampunipun mirantos samudayanira, kanjeng gusti karsa ngideri sanginggilipun bebatur para pangeran sami dherek, sareng sampun tepung gelang kendel jumeneng wonten ler wetan lajeng kakarsakaken wiwit jejeneng asung sasmita dhateng konca damel.
Raden Mas Asman sakidul Baluwarti.

Sabibaripun anggen kula dereng remen amethik pangomongipun mitra kula Patralalita ingkang tansah ambeteraken panyeklonging tata krami nalika kumlobot wonten ing jajanipun *Bra Martani* ongka 12, amargi sampun katabeg dening para mitra ingkang katuju sudi angresepi pancering udur kanag tanpa isi, addos kula p unika sampun boten parlu angijati sifat kula estri kajawi pangwayuhing manah ingkang kedah nuwuhaken tembang raos rumaos ngatasipun samangke punika para tiyang salebeting nagari Surakarta kang sami sesambat sakit panas myang atis sarta genging pangungun kula dhateng para priyantun ingkang maksa kwaledan arta badhe pambayaring *Bra Martani*, kula lajeng maos serat *Bra Martani* ongka 51 ing ngriku mirengaken cariyosipun mitra kula kang sisilih nama Wiryamartana, angandhakaken bilih dinten ingkang saweg kapengker mentas katamuwan pra sobatanipun khaji wasta Mabdulrakhim ing Klathen parlu angalembana dhateng para ingkang lagya kinuwasakaken andum paring dalem arta slawat mauluttwin andarbeni panuwun inggih punika bab tumraping slawat wau ing tembe para kinuwasakaken mugi karsaha ampangkat-pangkat, makaten wijangipun para khaji ingkang pancen tebih wismanira, paring dalem slawat sawatawis dipunkathahana katimbang kaliyan ingkang celak, lo punika punapa boten badhe andadosaken panuntuning kalepatanipun para kinuwasakakenngatasing amungsa darmi mundhi dhawuh parenging karsa dalem, mila saupami purun anyakob bebasan ingkang makaten lah kados pundi sumongga ta kagalaiha ingkang mesthi kemawon, kadosta para khaji ingkang celak pagriyanipun saestu badhe saged namur angaken kaji tebih krana aming murih kathaha slawatipun, sanadyan ing wau kyahi tamu sampun amratelakaken menggah sased kasembadan ing panajab, saestu badhe angindhakaken deresing puji ingkang mawantu inggih sasampun leres, nanging dereng kaleresan sabab upami boten saged

kaleksanan punapa karsa nyuda muji dikiripun, wasana padhanganing kalepatan kula mugi katur panjenenganipun mitra kula Wiryamartana.
Ewadene wedat ingkang sampun kalampahan kula katuju lenggah sendhen ing saka sarwi awanguran cipta dheg dheg dheg sleweng dumadakan sang manah enget sumedya angandhut nyampinge pun gendhuk *Bra Martani* ingkang lair ongka 16, lah kocapa ing alebet anyariyosaken kawontenaning mustika inggih paringipun barkah pamangsul panjenenganipun Jayapremana awit saking atur pitaken kula bab impen sapiturutipun.
Cekak ing pambekah panjenenganipun Jayapremana boten karsa anjereng wonten ing pasamuwan *Bra Martani* jalaran sanadyan punika prakawis sapele, ananging kula ajeng-ajeng lumunturing panggalih suci, dene panjenenganipun Jayapremana sampun angilekaken beda-bedaning empan papan prenah babaring kawruh, boten langkung pun bodho kedah-kedah teksih kumapurun anyekakaken papan ingkang sampun dados pareng karsa panjenengan sampeyan, wasana atur pangabekti cinarup ing kalepatan ingkang tanpa wangen katur ing panjenengan sampeyan.
Gajahan kaping 7 Rabingulakir taun 1805.
Katandhan ingkang saweg gantung ningkah panuju garapsari kula pun rara sejati.

Kalih dene malih kula nguningani ing *Bra Martani* ongka 13 ing ngriku wonten anggitana pangerang-erangipun mitra kula pakne mukmin dhateng para titiyang serta dhateng bangsaning apyan, inggih sanadyan pangerang-erangipun wau nyempil serat wulang gembring, bok inggih sampun kaseron makaten ta mas mesakaken dhateng ingkang sami septa gugulang dhahar apyan, sanadyan ing jengandika boten pisan-pisan angarsakna dhahar apyan bok inggih sampun kajelir-jelir raket, ngarda tiyang ingkang cumeri dhateng bongsa maksiyat punika sok inggal tuwuh ing wohipun.
Sumanten wau wonten paribasanipun wong sengit ora kurang papada wong dhemen ora kurang pangalem, wondene pangalemipun tiyang remen sumongga kula nuwun uran-uran ing ngandhapa punika ing jengandika kalaras kaliyan pangaranging jengandika sasrempilan gembring, punika lo seratipun.
Sekar megatruh. Teruhane yen sira suka ngelmuku, banjur dhemena madati, yen bisa nyereta candhu, saben dina bot sadhuwit, iku wong mukti kinaot. Lan gaweya bedudan gadhing sing bagus, seluten salaka putih, cupak kukuwasing alus, weton negara imohi, rupane lejet mancorong. Ming urike tukuwa marang ciyucu, sak bos rega slawe rispis, sacupake akik wungu, ming regane rongatus rispis, apyan tukuwa saglondhong. Lah jajalen nyerete neng tempat tidhur, selirmu konen ngladheni, ngiris-iris roti gandum, mertegane aja kari, sarta pinanggang neng anglo. aH apana kang ngungkuli nyeret candhu, dhasar bengi nganggo grimis, diyan neong ting wis murup, tehe pun-punan sumandhing, cerete kumrengseng nagnglo. Nyamleng banget pacitane nyemat satus, ukon talen seket rispis, sakarep-karepmu tutug, gawe nyeret rina wengi, sayah rak kaya topekong. Ah becike nganggo ngundanga, sobatmu wong roro utawa siji, sing sok padha nyeret candhu jaken nyeret dadi siji, saben bengi hajate wong. Yen wis mendem mangko rak gatel awakmu lan rembugmu banjur mintir apa sing padha kok rembug, wista mantune padha gilig, saperti rat ana kantor. Mikir jagad ing darat tuwin ing laut, ngisor bumi dhuwur langit, padha anakna den guyup, lan lakune snag hyang rawi poma aja nganti cobong. Pangkur. Mulane wong mangan madat, ora ana wasise sing nimbangi sabab bisa jaring kukus, lan wruh suruping diyan, bakal kasar bakal alus kabeh weruh tur tekade muter jagad, rina wengi tansah mintir. Mara ta kaki rak iya, pan dek pun akeh wong sing maoni, ana sing ngarani saru, ana sing jare ala, weneh ana sing rada tipising rembug, wedi menek banjur gombal, ana sing jare bencirih. Lan keset tan doyan karya, ana maneh jarene gelis mati, sabab dipangani kukus, ana maneh sing nacad, awa kkuru lambene tur nganggo biru, iku kaki taksih kurang panacade wong kang sengit. Iku kaki poma-poma, aja mikir marang wong kang mamaoni, iku rak wong durung weruh marang lukit-lukita, yen andhen wisa wasis kaya aku mongsa sek banjur nacada, setun-setun ngalem becik. Mara sing ngalani ala, jere saru mara iku sing ngendi mulane aku sok gumun, kok bisa temen nacad, kleru banget wong jlagedhag jare saru wong wis ora kena nglara, prandene jare bencirih. Malah yen

dheweke lara, jaluk tomba marang wong sing madati, nuli diwenehi candu, diubek karo wedang, dikon ngombe sakal banjur bisa guyu, tuwin yen ana wong sayah, ditambani iya mari. Bareng anunacad gombal, dhasar gombal ananging sasat sugih, sabab bondha wus sinusup, anuli winadhahan, aneng cupu manik astagina kumpul, sadina-dina binakar, temah dadi mega putih. Besuk yen ana ngakherat, mega putih iku kang mayungi, bedudane iku besuk, bakal dadi tunggangan, dene urikdadi cumethi ki pamuk, lah mara nek kuwe ala, pancen wong dhemen maoni. Olehe tan doyan karya, mula nyata ora tau sok glidhig, nanging nalare wus cakup , trak usah nganggo glawat, cangkem bae bisa gugurake gunung, wong ilate bisa angasah, rak mengkono wong wis wasis, lah mara dicacad apa, awak kuru malah kaya jenawi, mongasa na janaka lemu, mara rak iya nyata, lambe biru delengen rak malah semu, lah cacaden maneh apa, yen bab pati iku mesthi. Ora ming wong nyeret wadat, nadyan ora nyereta pesthi mati, enom tuwa geneya dhud, lah mara dadak ora, gek moyoki ming wong nyeretbae mampus, wis kaki aja kok rasa, mundhak bubrahake pikir. Nanging kaki aja eram, yen dicacad utawa diwaoni, marang sanak sadulurmu, apa maneh wong tuwa, anuturi menging gonmu nyeret candhu, wis aja kore wesisan, iku sing sok bilaheni. Godha kang katon wong tuwa, ana katon sadulur anak rabi, ana katon dhemenanmu, kabeh padha gogodha, akon medhot gonira angutal candhu, iku kaki den prayitna, sing panggah aja gumingsir. Yen wong ahli marang tekad, ora kena nanggo eling nak rabi, utawa manut wong sepuh, iku banget larangan, menek kowe tan digugu wong tuwamu, lah lara badhe kadukan, nyang eyangmu she idajil. Tengere menek kadukan, rasakena kowe rak banjur linding ngising getih mancur-mancur, mongsa mari-mariya, kejabane kowe banjur mantek ampum, tukuwa candu bot sigar, sereten wis tamtu mari. Yen ko rasa selak lara, sing sagodhong uyuben bae ya wis, rak banjur lega wetengmu, sakal bae ya bablas, yen wis nyeret kowe tamtu bisa mabur, wis tan ana sing karasa, lesu lupa sirna gusis. Kari seter kuwarasan, lah kapriye mara rasakna kaki, apa dhemen mancur-mancur apa dhemen sing ora, menek kowe dhemen lara nganggo mancur, ya manuta mring wong tuwa, kareben gelis mati. Yen kowe tan arsa lara, lah manta srengete wangi dajil, aja nganggo rikah-rikuh, rikuhmu buwangana, lan aja sok nganggo wedi nyang rakmamu, karo aja wedi gombal, kekeya wong adol blenyik. Sok anggere ana rina, tamtu ana sega tur nganggo dhuwit, angger isih ana dalu, candhune iya ana, bok mengkono bae lah wong urip iku, eh nora kakeyan nalar, sing nalar kok ya juwiwik. Gene ora kathok emas, lan tan nganggo iket mriyeming loji, mengkono iku yen aku, nanging mula wis lumrah, yen wong iku lakoning panggawe luhung, akeh temen sing sok nacad, maoni tur nganggo sengit.

Mager sarenipun Jayapramana. Pun pati open.

Ongka 20 Kemis kaping 18 Mei 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Ing dinten Senen kaping 15 Mei wanci jam 9 enjing tyang wasta Krama, kampung Cakethen bawah Mangkudiningratan, menek kalapa badhe mapah bongkok sempal lajeng pejah kapisan boten ngaleset sakalangkung dene mamelas.

Kajawi punika wedalipun *Bra Martani* kaping 4 Mei punika wonten angabaraken tyang kasurupan ing kampung Kalangpaten wasta Raden Mayang saking gunung Lawu punika inggih leres, malah mandar semahipun mas Ngabehi Suradipuha abdi dalem mantri kuningan saben-saben dipunundangi tiyang, Mas Ngabehi Suradipuha dipunkinthil ngetutaken bojo ingkang ambekta surupan dhemit, naming untung awit anampeni mejani suruh ayu jambe wangi gedhang bengkong, pamanah kula cobolonipun ingkang agega, dene meturut tiyang anglindur, walahu kampung Purwasari tanggal kaping 18 Mei 1876. Pun Dhemit.

Nalika dinten Jumungah dalu angrintenaken tanggal kaping 27 wulan Mulud ingkang mentas kapengker punika, ing kampung Kaparak tengen kabopaten Purwadiningratan badhe katamuwan tiyang ingkang sampun misuwur nami juru pangroda inggih kyahi kecu, ingkang sumedya dipunangkah tiyang kalih, satunggil nami kyahi Ranawiya ingkang satunggil nami Kyahi Singalukita ingkang sami kasusra sugihipun.
Sareng wanci sonten sakinten jam 8 mas ngabehi pulisi kalih mas ngabehi Jayametataka ingkang sampun misuwur dados simaning praja sami sowan ing kabopaten ngaturi wuninga yen ing dalu punika badhe wonten bebaya ingkang dhatengi, sanalika prayantun kakalih kinen mangkat rumiyin lajenga kaping wonten ingkang celak radinan ing warung kemiri, antawis bekta rencang kirang langkung 60 iji sami mirantos dedamel.
Sareng antawis jam ½ 10 sang bopati karsa tindak piyambak bekta abdi antawis kirang langkung 50 iji sarta sami sikep dadamel waos sanjata pedhang lajeng kaping wonten pasiten saragenen, sareng rawuh ing ngriku lajeng dhawah ambili prikonca sarageni ingkang sami gagriya ing ngriku, sapangindhungipun kalempakipun wonten dedamel 80 iji, dene ingkang kantun jagi dalem ing kabopaten wonten dedamel saking 35 iji kalebet ingkang jagi rundha, samongsa saestu kecu adhatengi dedamel ingkang kantun wau lajeng mepeti margi ingkang anjog sabin saler saragenen.
Saking pakabaran sang juru pangroda laletheking praja awit seraping yang pratongga pati sampun karsa angumbar cundaka angawasaken solah bawaning tiyang siti, ing wusana sumerep yen wonten kaping ingkang santosa, sang durjana lajeng esmu merang ngunduri saking panggenan kakempalan.
Sareng malem tanggal kapisan kacariyos bilih griya ingkang boten tebih kaliyan setasiyun ing Mangkunagaran kakecu kenging barangipun rupi-rupi kakinten pangaos kirang langkung 2200 rupiyah pethak, saking trangginasipun ingkang ngasta panagwasa paprentahan nagari boten dang usang juru pangroda sampun kathahi ngkang nandang sangsara ginarubyag ing kathah saingga panganten ngarak, ngajeng wingking sinung jajaran waos ligan, sapraptanipun ing nagari sarehning dereng kinanten ijabipun lajeng kaparingan pondhok ing griya kang tertib inggih punika ingkang winastan kunjara sepir. Titi. Cakrawongsa.

Kula maos *Bra Martani* ongka 18, sareng anujoni cariyosipun tiyang jawi ingkang ambekta buntelan kalayan anemaha solahipun supados dipundakwaha ambekta apyan peteng, sareng kacepeng lajeng ambucal buntelanipun ananging awarni bongkong ageng-ageng kathah andadosaken gumujengipun ingkang sami badhe amasesa wau.
Ingkang punika kula dados kaengetan lalampahan ingkang makaten punika, dereng antawis lami ing dhusun Kalathen ugi wonten satunggaling tiyang ingkang badhe dipungaledhah, ananging

saderengipun dhateng para congcun wau pyambakipun sampun rumaos bilih badhe kadhatengan priyantun ingkang asring anggaledhah apyan peteng, pyambakipun lajeng ambubucal dipunwadhahi bathok ageng, sareng congcun dhateng bathokipun enggal dipunsasabi dalancang kalayan kabekta sumingkir badhe dipunumpetaken ing longan ananging lajeng karebat kaliyan congcun wau, dangu agarejegan rame wekasan isining bathok amradini dhateng ingkang sami badhe amasesa ingkang gadhah griya wau, sareng isining bathok sampun meh telas ingkang gadhah griya gumujeng kekel kaliyan angeculaken bathokipun, ananging gandaning reged sampun angrebda tumanduk dhateng ingkang sami angroda peksa badanipun wau sadaya aseru mimisuh kaliyan anggebagi ingkang gadhah griya dene kamipurun adamel pratikah sambrana kaliyan parentah, ewadene sakendelipun anggebagi inggih sami gumujeng kelayan anedha toya kadamel wisuh. Katandhan pun Saryana.

Serat saha tabe kula pakurmatan sayogi katur tuwan ingkang ngarang serat pakabaran *Bra Martani* ing Surakarta.
Ing ngajeng saudara kula tuwan redhaktur sampun amacak serat kula wonten ing *Bra Martani*, anyariyosaken wonten satunggaling bupati patih ing Kadanurejan punika radi parlu kula amratelakaken sakathahing panrimah netepi prajangjeyan kula punika wonten ing serat koran wau, wusana punika angaturi kabar malih dhumateng saudara kula tuwan redhaktur bab kawontenanipun raden tumenggung patih wau kadugi sampun wonten sataun laminipun raden tumenggung wau mundhut waosipun demang pakem, pamundhutipun wau mawi medal kapulisen, demang pakem wau inggih lajeng gupuh anyaosaken rehning ajrih kabawah tuwin kaprentah wusana ngantos sapriki waos boten kaparingaken wangsul boten kalintonan yatranipun, menggah cethanipun mawi kapundhut baon kemawon inggih sepen rehning ingkang gadhah tiyang alit sakelangkung ajrih anyuwun, saking rumaosipun kablerengan sabab ing pangkatipun, ing wusana raden tumenggung wau sapunika mundhut dhuwungipun demang pakem malih, pamundhutipun inggih ugi medal kapulisen sarta inggih boten mawi dipunwartosi katumbas utawi kasambut parlunipun namung badhe kapriksa kimawon, ingkang punika demang pakem sakelangkung ajrih manawi dhuwungipun ingkang kapundhut wau kalajeng ical kados waosipun ingkang kapundhu tanpa tondha, wekasan piyambakipun kodheng manahipun utawi ajrih menawi kadamel susah dhumateng raden tumenggung wau, ewa samanten kula badhe pitangled dhumateng saudara kula tuwan redhaktur, punapa bupati wau pamrihipun namung damel ribet manahipun tiyang alit supados kathah kaajrihanipun, manawi saking pangraos kula piyamba mesakaken manawi tiyang alit kadamel risak kaliyan lurahipun, wonten serat koran walandi ingkang kawedalaken ing nagari Surakarta ngantos anyariyosaken manawi tumenggung satunggal punika ngingaha kasang kados kasangipun umar maya inggih punika kasang ingkang kaisen boten saged kebak-kebak, namung punika atur kula dhumateng saudara kula tuwan redhaktur bok manawi benjing kula mireng kabar malih ingkang pantes kenging kula kabaraken ing *Bra Martani* kula tamtu kintun serat malih namung menawi adating satriya blubut boten ta yen ngantosa lingsem ananging ngondhok-ondhok.
Sinerat ing Ngayugyakarta ing dinten Salasa tanggal kaping 9 Maret taun 1876.
Katandhan pak Dahwen.
Panjurung nginggil punika kajibahaken dhumateng kang kintun. Redhaksi.

Wangsulan dhateng pak Dahwen

Kula sampun mirsani seratipun pak Dahwen nyariyosaken kawontenanipun ing nagari Ngayogya para panji dhistrik 4 ingkang sami sarengan kaliyan Raden Tumenggung Gondakusuma nalika dhateng Semarang, ingkang punika cariyos sampeyan kathah ingkang nalisir sabab kula inggih sarengan dhateng Semarang malah nunggil gen, bok manawi pak Dahwen wau boten sumerep piyambak dados namung nempil pawarti pramila lajeng nuwuhaken nalar kirang yakin utawi bebeging panggalih ngonaraken asmaning priyayi.

Kula perlu mangsuli supados saged lereb sampun ngantos nuwuhi nalar ingkang kirang pantes gumelar ing akathah, sumongga kula kondha saleresipun kemawon, para panji dhistrik 4 ingkang sami sareng dhateng Semarang punika boten kapeksa terang sampun sami dados sejanipun piyambak amargi kapengin gsumerep ing purug kados dene kula punika, bab sangu mesthi sampun kawawrat saderengipun mangkat, yen kajibahaken sadaya ongkos ing margi ingkang wajib bayar lurahipun punika boten leres dados nalisir kondha sampeyan wau sabab para panji 4 kaetang priyayi, dene rencang para panji sampeyan tarka lepat pangangkahipun punika sangsaya ngencengi panyipta kula yen pak Dahwen sumeja nuwuhaken nalar kirang yakinipun sarta damel kusuding priyayi.

Makaten malih sampeyan ngarani raden tumenggung anggenipun sangu kathah sanget, kula sakalangkung eram pak Dahwen saged mastani pinten gunggungipun yatra sangu wau utawi raden tumenggung kadakwa ngakali dhateng para panji sabab saking punapa pak Dahwen welas dhateng para panji kapanggih pinten prakawis kajawi yen gepok dhiri priyongga anggen sampeyan kojah amring ngusudaken asmaning priyayi punika panggepokan nalar punapa dhateng pribadenipun.

Wasana anggenipun suka kabar pak Dahwen kenging kula wastani ngawu bawar, wondene ing tembe pak Dahwen badhe ngabaraken malih dhateng bupati satunggil punika inggih sokur kula inggih sumeja biyantoni, ananging kula prajangji sampeyan sampun remen nempil pawarti yen boten sumerep piyambak, menawi pak Dahwen kekah boten gega rembag ingkang sae amesthi badhe dipunurugi ngakathah sabab mursala o..eman-eman.

Siswa pawiyatan ing nagari Ngayogyakarta Raden Mas Usman sakidul Baluwarti.

Babading sangu redhaksi murih kendela, redhaktur Se Ef Fe.

Anyawadi

Kula anusuli panjurung kula ingkang sampun kawrat wonten ing pasamuwan *Bra Martani* ongka 18. Ing ngriku kula anyariyosaken bab kula wisudhan ing Surakarta atasing ganjaran dalem pangkat kalenggahan tumrapipun dhumateng priyantun abdi dalem urdenas lurah sarta panakawan suketaris tuwin kapilih cacah prayantun 5 iji, ing mangke kedah kula cawadi piyambak namung sakedhik menggah prayantun ingkang ongka 1 anama Atma Wilaga punika leresipun Atma Wilapa sarta kajawi prayantunipun urdenas sasebutanipun sadaya boten mawi raden anaming namung lurah kimawon, samanten punika sampun leres utawi dereng kula anyumanggakaken panjenenganipun prayantun ingkang saweg kadhawahan nugraha amargi wekdal samangke kula saweg kadunungan budi bodho baliluning manah kawit kula punika atasing neneman golonganipun asring taksih remen dolan angundhal layangan kanekeran, ananging inggih saselanipun padamelanipun parentah milanipun pinten-pinten kula saged kober anglebetaken panjurung dhumateng panjenenganipun tuwan Jonasportir en.co. tegesipun amung supados angindhakaken nalaripun manah kula ingkang leres sae sarta minongka jakaran sirnaning anggen kula asring remen lalangen.

Awit saking punika pamuji kula ing lair trus ing batin dhumateng panjenenganipun para swarjana mugi sampun ngantos aandhawahaken daduka saha raraosan ingkang pancen andadosaken panariking kalepatan kula bab kalintuning anggen kula nglebetaken pakabaran wau sokur bage karsa aparing pangaksama ingkang agung tumrapipun dhumateng badanipun tiyang bodho kados pun kula, wasana sanget-sanget pamuji dikiripun pun Driya Asmara.

Redhaksi rumaos kesel amyarsakaken dangiyah ingkang kasebut nginggil punika upamining tiyang lumampah boten wonten onjotanipun ingkang kenging kadamel aso, dangu-dangu amumetaken panon. Redhaktur Se Ef Fe.

Sakalangkung anggen kula angayubagya dhateng panjurungipun mitra kula Driya Asmara anggenipun amratelakaken bab kula wisudhanipun konca punakawan kepilih, ananging wonten ingkang kalintu sakedhik kadosta ingkang mungel Atma Wipala punika leresipun Atma Wilapa.

Dene panggenan inggih leres dereng katanjakaken kilap manawi angrompol wonten kepiliyan kemawon.
Namung anggen sampeyan suka peling punika kula amrayogekaken sanget inggih tiyang sami angawula ing ratu wau mongsa botena puji tuwin wulangipun dhateng weka utawi wekaja kadosta punakawan ingkang pancen anak urdenas lurah wau kedah angulatna dhateng kawajibaning tapa supados ing tembe sampun ngantos katampik ing gusti jalaran saking bodho tuwin polahipun ewon, makaten malih ingkang pancen beben gadhah wuris punika upami boten anggayuh sageda aminihi angsal kanugrahanning badanipun ingkang sarana saking setya tuhuning pangawulan, lah kados pundi kadadosanipun yen ta katungkula gombyakan utawi anuruti pakareman aksara ema kawan prakawis boten wande karisakan badanipun saupami wewah aksara ema satunggal engkas saestu malebet ing wisma gendheng, menggah tuladhanipun ugi wonten anak urdenas lurah ingkang dados punakawan panyutra punika angangge ema gangsal prakawis wau sasampunipun manggen ing griya gendheng lajeng kabucal dhateng sabrang nalika samanten pasang yogi nuju wonten lurugan dhateng ngacih, sawarnining pasakitan kaangkat dados kuli amikul barang awrat sarta kasapih ing makaremanipun lan boten saged anyingkiri rekaosing padamelanipun wau, wasana nyawanipun mutung angoncati dados kapethak ing laut kemawon, anjawi punika kathah kemawon lalabetaning pratingkah awon ingkang anemahi dhateng badanipun wau, ananging kula boten pisan-pisan yen andarbenana cipta cumanthaka amumulang dhateng para priyantun kathah namung tumrap dhateng golongan kula pyambak, mila sareng wonten karsa dalem angangkat dhateng konca nem-neman punika sanget bingahing manah kula mugi dadosa pangasah ing manahipun ingkang dereng angsal kanugrahan, kalih dene bilih kathah ingkang nem-nem wau mewahi regengipun ingkang dherek ameng-ameng dhateng Langen arja sapanunggilanipun sabab saking panimbang kula sami-sami abdi dalem ing nglebet urdenas lurah wau kalebet rekaos pyambak damelipun kajawi sowanipun rinten dalu sasumerep kula ingkang andhedherek tedhakan ing sawanci-wanci inggih namung punika kaliyan priyantun prajurit, dene anggen kula mrayogekaken kabanjelan ingkang nem-nem wau sabab ingkang sepuh-sepuh punika saking panginten kula balung ototipun sampun sulaya kalayan kajating manahipun anggenipun badhe anglampahi padamelan ingkang radi rakaos wau, wekasan badhe anyuda regengipun ing margi namung anyagahi regenging tuguran kemawon. Titi.
Katandhan pun pupuji arja.

Sakelangkung andadosaken gumun sanget jalaran anggen kula ningali serat *Bra Martani* ongka 19, dene mitra kula ingkang sisilih nama lara sajati teka saged temen nyambi manceni nglepataken dhateng pun uwa Wiryamartana, bab anggene nyariyosaken wicantening tamunipun kang mongka pun uwa wau sedyanipun namung murih supados sae prayogi kemawon, mila kathah pangalembananipun, lah punika seratan sampeyan prelunipun ingkang mungel makaten (lo punika punapa boten badhe andadosaken panutaning kalepatanipun para ingkang kinuwasakaken ngatasing namung sadarmi mandhi dhawuh parenging karsa dalem) tembung punika kados pundi ta leresing kajengipun mongsa sampun kasebut mundhi teka badhe kalepatan menapa sampun leres mas ayu, kaliyan anggen sampeyan nyebutaken (para khaji ingkang celak griyanipun saestu badhe saged namur ngaken khaji tebih krana naming murih kathaha slawatipun) punika inggih leres bilih ingkang ngedum wau tiyang estri awit bok manawi kirang sumerepipun, ananging bilih priyantun jaler tamtu terang pamriksanipun sabab mawi kapundhut tondha yektinipun seratipun paslamah, dene bilih (upami boten saged kalaksanan punapa karsa nyuda puji dhikiripun), lah punika saking kinten kula boten awit tiyang sampun kasedya angalap barkah.
Ing wasana lepat kula ingkang tumpa-tumpa nyuwun pangaksama ingkang agung kang awit kula wau namung nglampahi pakening tiyang sepuh kedah kateksa amangsuli serat sampeyan mila tembung ukaranipun pating langkrah jalaran taksih kirang saserepan sadaya.
Katandhan ingkang wonten Dhepok Sinarja. Sang Sriyatna.

Wangsulan kanthi nyuwun

Saklami kula tampi wangsulan saking para mitra ingkang langkung sae-sae dereng saged samai prayoginipun kados paringipun panjarwa saking mitra kula yayi mas Rara Timbang, asreping manah kadi gring manggih usada, ewadene kula kamipurun anglairaken cuwaning manah kados ing ngandhap punika.

Kadosta

1. eseming para sarjana awit sampun kadunungan kawruh kados paminta kula sadaya.
2. bubuka raosing tembung jawi tumraping kawruh arab kawastan tiru-tiru.
3. Supena kateges saking jarwa suta.

Tigang bab wau pancen sampun boten parlu sampiyan pratelakaken awit raosing paparingipun yayi punika upami tembung arab aming saweg kendel wonten ing makna kemawon, mila boten langkung bilih kapareng tumuwuh ing sih panggalih gusti yayi mugi karsaha jangkepi pisan inggih punika amung kirang murad maksud, mekaten malih kula nyuwun sumerep anggenipun yayi saged mastani gantung ningkah myang garap sari punika kagalih reged sanget, lah menggah dumununging reged punika sayektosipun anglindhung wonten ing kodrad punapa wonten ing wiridad sawab rereged punika kathah, yayi mas karsa anyelehaken rereged saking winih punapa, sampun samanten kemawon rumiyin. Wasana kalepatan kula mugi sumaosa wonten ing ngarsanipun yayi mas rara Timbang.

Katandhan ingkang mentas gantung ningkah kaping kalih ugi teksih garap sari.

Pun rara sejati: ning.

Awit kula dipundhawahi dhateng lurah kapurih andelingaken panjawabipun rara timbang ba suraosing supena kang saking panedhanipun rara sejati, punika panedhanipun redhaksi menggah suraos wau manawi kagalih badhe angrukunaken kawruh amung amuriha angresepaken ing panggalihipun para prayantun ingkang anampeni pustaka warti punika supados boten andadosaken rekaosing panggalihipun redhaksi kados nalika anampeni panjurungipun arya menak koncar ingkang tanpa mawi dugi-dugi.

Manawi suka rena ing panggalihipun panjenenganipun tuwan kula redhaksi supadosa yen wonten benggangipun serat kabar *Bra Martani* kalebetaken ing kabar bab pawarta kula awit sanget anganeh-anehi utawi masthi kawujudanipun.

Bab ayang-ayangan pethak

Saking kalimrahanipun tiyang ing salebetipun nyupena punika ayang-ayangan wau cemeng, ananging ayang-ayanganipun manusa punika wonten ingkang pethak sanginggiling awang-awang.

Anjawi saking punika manawi tuwan redhaksi utawi para priyantun tuwin para mitra ingkang kirang pracadosipun kagalih manawi namung badhe-badhe kimawon, sumongga kula aturi aningali ayang-ayanganpethak wau rekanipun (atrapipun) kados ing ngandhap punika.

Ing samangsa enjing wanci jam 8 leresing bathara surya malethek, kula aturi jeje ing latar sakedhap kimawon, ananging sadangunipun anjejer wau ayang-ayangan ingkang cemeng ing siti punika kapandenga sirahipun ingkang sanget sarta boten kenging amange-mange utawi anggalih punapa-punapa anjawi mandeng dhateng ayang-ayanga cemeng wau laminipun 1 utawi 2 menut, sesampun amandeng semanten wau lajeng tumenga dhateng awang-awang biru ijem ingkang sumilak boten karidhu ing mendhung sarta atiti amasthi ayang-ayangan pethak wau katingal, ananging katingalipun boten ajeng wonten ingkang tingal caket watawis 3 elo utawi 2 elo, manawi tebih watawis 10 utawi 15 elo.

Lo punika kula nuwun wewanipun dhateng para mitra kula amargi saking punapa ayang-ayangan pethak wau punapa saking dharah tuwin punapa saking pandameling bathara surya punapa saking gaibing yang agung, ananging katrangan punika kula boten pisan-pisan ababatangan dhateng panjenenganipun tuwan redhaksi utawi para mitra tuwin priyantun-priyantun namung kula nuwun

jarwa amargi kula piyambak sanget saking jubeb saha sumegipun. Kaserat ing Puger kaping 2 Mei 1876.

Sanadyan panjurung punika boten genah paneratipun sarta boten kapratelakaken panggenaning ingkang kintun, redhaksi purun ugi kinen amacak bok manawi wonten ingkang karsa alabeti kesel angupadosi kajengipun mas tambak baya, redhaksi ugi boten kalimpi manawi tiyang ingkang pancen kapatah anambak pakewed kadi mas tambakbaya pantes dipunturutisawatawis. Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos Nawawi
lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Smaradana. Nawala sawusnya titi, ki patih jetung sungkawa, keh kagagas wardayane, lepat nyarumeg sang praja, denya kirang pariksa, ping kalih sungkawanipun, myat gustinya lara-lapa. Tangeh sedya ambelani, mring gusti kang kawlas arsa, ki patih osik kalbune, arsa akarya parentah, kanag dhingin lumaksana, ing ngagyanira sang prabu, dene kaping kalihira. Arsa undhang ambelani, lara-lapaning narendra, kang tresna marang gustine, mangkana ing sawusira, ki patih gya ngandika, eh duta tetanya ingsun, sira asli saking ngapa. Dene warnamu respati, lan prayoga tangek ira, eh ya ana kapindhone, nalika katemu sira, lan kang ausng nawala, yen ana wangsulaningsun, sira bisa ngaturena. Jaka Islar gya nauri, ki patih asli kawula, jalma desa trah mancore, panengran pun jaka Islar, de menggah karsanira, arsa ngaturi sul-angsul, dhateng kang paring nawala. Kawula sampun wineling, jeng andika tan kalilan, umangsulana surate, mung kinon nglaksanana, sagung kang munyeng surat, eh ki patih pamit ulun, ki jaka Islar gya mintar. Saking ngarsa kyana patih, tinon gancang lampahira, ki patih ngungun ajomblong, jaka Islar sampun lepas, ki patih gya parentah, nimbali punggawa kumpul, lan sagung para satriya. Samya kinen nupiksani, mring nawala gantya-gantya, keh kapiluh kang tumonton, wusnya kya patih gya undhang, ing pangkat kang kalih bab, dhingin mituhu mring dhawuh, kang kasebut jro nawala. Pinurih samya ngundhangi, mring bawahnya sowang-sowang, dene ta kaping kalihe, sapraja pinurih bela, mring gusti kang grah lapa, sagunging nayaka wuda, sadaya kapanujon tyas. Dhasar wus seja belani, sruning tresna mring narendra, wusnya mangkana nulya ge, ki patih siyageng karya, arsa nindhihi lampah, denirarsa amunah hru, taksaka kang karya rusak. Sigra budhal kyana patih, lan punggawa pangarsa, lir mangun aprang lampahe, lawan surating narendra, wus katur prameswara, dewi Osiyah rawat luh, sru manedha mring hyang sukma. Yata ganti kang winarni, Sultan Ibrahim lampahnya, kang karsa andhatengake, tawab kaji marang kakbah, suka datanpa wadya, wus sinung sihing hyang agung, lampahira tan rekasa. Ngambah jurang trebis sungil, ing lampah eca kewala, siluk singup wana gedhe, wus nir sakehing babaya, wana wukir wulusan, sung pambage esthinipun, keh sekar-sekar umekar. Gonda rum katempuh angin, mring minging nanduki grana, darapon ayem lampahe, myang peksi-peksi kang munya, kadya tur panembrama, ring sang sujalma lunuhung, mangkana ing lampahira. Anuju ing tengah ari, jeng sultan munggeng jro wana, mamrih ayem sarirane, anulya kapethuk jalma, wok bris gagah birawa, asereng polatan regu, cahyane kadya baskara. Busana mubyar kaeksi, gonda lir kasturi ngambar, dupi kapethuk lampahe, jeng sultan ngerpepeh mendhak, gya jalma uluk salam, jinawab wus tata lungguh, sang jalma gagah gya ngucap. Sarya mesem tembung manis, ehya Sultan Ibnu Adam, pinanggih neng wana gedhe, dhateng ing pundi paduka, dene datanpa wadya, jeng sultan sumahur dheku, pukulun badan kawula. Perlu arsa tawab kaji, dhumateng ing Kakbatolahjalma kang gagah wuwuse, kawula mangayu bagya, lah daweg sesalaman, nulya astanira mulung, jeng sultan gya jawab asta. Wusnya sang gagah lingnya ris, sultan paduka lajenga, ingsun sung pangestu dene, ri sang jalma sigra mintar, lampahnya kadi kilat, jeng sultan ngungun andulu, gegetun tan kongsi tanya. Astanya ginonda wangi, labet tilas sesalaman, sangsaya sru pangungune, saksana ririh lumampah, nulya malih kapapag, sujalma busana murub, kadya narendra lelampah. Cahyane anukmeng sasi, wingiting pasemonira, nedheng ing karya wancine, duk kapethuk uluk salam, jinawab ngajak lenggah, sultan daweg sami ngaub, ing ngriku ngisor mandira. jEng sultan sigra nuruti, samya lenggah sor mandira, gya ngajak jawab astane, sawusira sigra nabda, he sultan yun punapa, nrang babaya jro wana gung, dhateng ing pundi paduka. jeng sultan dheku nauri,

awedhar satawab kajya, sang tetanya lon wuwuse, sultan kula sesegah, paduka adhahara, gya ngrogoh kekasang gupuh, amijilken dhedhaharan. Myang inuman sarwa adi, mesi wawadhah mutyara, jeng sultan alon ature, pukulun sinten paduka, dene waskitheng amba, lingnya Nabi Kilir ulun, kang sinung rumekseng toya. Jeng sultan umatur malih, duk wau amba kepapag, jalma geng inggil kinaot, lah inggih sinten punika, Nabi Kilir saurnya, punika sami trah ulun, kang paparab Nabi Ilyas. Taksih wonten candhakipun.
Raden Panji Partakusuma.

Ongka 21 Kemis kaping 25 Mei 1876
BRA MARTANI

Kanjeng tuwan Finsil Dhe Jong residhen ing Kedhu dereng ngantos karaos mukti lajeng dumugi jangji seda kondur ing jaman kalanggengan, sakelangkung kawelas arsa awit garwa putranipun sami seweng titirah ing Eropah.
Dereng sawatawis wulan kanjeng tuwan residhen Dhe Jong saking karsaning jeng parentah ageng kakula wisudha dados residhen ing Kedhu, nanging nalika samanten kapinujon gerah, suprandene sareng tampi dhawah lajeng bidhalan saking Kendhal dhateng Magelang, nanging gerahira saya ngrunuhi saya dinten sangsaya awrat lajeng karsa titirah dhateng dhusun Pakis bawah Kedhu, nanging sampun dumugi ing jangji, ing ngriki anggenira surud, layon lajeng kabekta dhateng Megelang kasarehaken ing pasareyan walandi sakalangkung kathah ingkang dherekaken kunarya.

Surakarta

Para tuwan sarta para priyantun jawi sami acondhong pikir badhe adamel pista ngormati tuwan asisten residhen Jonghir pan Dherwek, mawi anglempakaken yatra urunan sakedhap kemawon sampun kumpul yatra kirang langkung 2000 rupiyah, sakalangkung katha ing para tuwan sarta para priyayi jawi tuwin bongsa cina ingkang sami guyub ambyantoni amratandhani bilih tuwan asisten residhen pan Dher Wek kathah ingkang sami tresna asih, awit saking tangkebipun prayogi kenceng cukat ing damel wasis amancasi udur tuwin angemong dhateng sinten-sintena ingkang manggepokan dados awis ingkang mesgul, kajawi bilih sampun wajibipun, dene wanci utawi dintenipun badhe pista benjing kapratelakaken.

Serat kabar *Dhe Porsten Landhen* atampi wawarti saking Semarang Suraosipun makaten: ing ngajeng panggaraping yatra urunan kadamel amulyakaken masjid Semarang, ingkang sami kawedalaken dening bongsa moslim punika sakalangkung anyalawadi malah wonten ingkang cacariyos bilih yatra wau dipunbekta sasamaran kadamel angragadi perang ing Aceh menggahan kaliyan kumpni awit dipunmanah panggaraping masjid boten wonten indhakipun.
Ing samangke yatra urunan wau dipunjibahaken dhateng para kumisi, dene ingkang kapatah 1. Encik Akowan, 2. Khaji Hasan, 3. Khaji Eliyas, 4. Bongsa Arab kalih iji, anama Mahrus, sarta bahita asowang-sowang kedah anyumerepi wedaling arta, pangajeng-ajenging para tiyang, pangruwat kang makaten wau saged amulahaken ing kappiatunan, punapa dene malih pangajeng-ajengipun ing kathah wewelak ingkang asring-asring anuweni nagari Semarang awit saking dur cara angangge yatra dede dunungipun punika sageda sirna kabuncang ing angin, nagai wangsula lir uni-uninya reja sarta gemah.
Dene pangarsa-arsa ingkang wekasan wau redhaksi boten saged ambyantoni sarasa mila kajibahaken ingkang manjurung, nanging babing arta ingkang pancen dumunung kangge mulyakaken masjid boten kenging teka damel mragadi anggenipun ropyan-ropyan para priyayi, punika redhaksi dherek anyantosani.

Mangkunagaran

Nalika ing dinten Ngahad enjing wanci jam 8 tanggal kaping 26 wulan Rabingulakir warsa Jimawal ongka 1805.
Kanjeng Pangeran Arya Kusumadiningrat mayur pan stap ingkang raka Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, ginanjar puput ing jangji kundur ing jaman langgeng jalaran gerah sepuh, sapun ayuswa 72 leres kala badhe nyirami, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun karsa tedhak anjenengi kadherekaken sagarwa putra santana kamisepuh sadaya utawi Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ugi sagarwa putra santana sadaya, layon angkatipun ing dinten Senen enjing jam 11, bidhalipun kauntapaken ing kanjeng gusti tuwan residhen, asisten tuwin kolonel, mayor, kaptin, menggah rengganing layon saklangkung samoha sanget mawi jajaran prajurit inpantri samusikanipun, prajurit ingkang bekta waos abdi dalem ing

Mangkunagaran winastan wiratana, subamanggala, margayuda, ingkang mikul layonipun abdi dalem bramataka, sareng dumugi sawetaning benawi Jurug, ingkang mikul dipungentosi abdi jaga astana ngantos dumuginipun sawetan redi adeg winastan pesareyan ing giri layu punika yasan enggal.
Katandhan rongga sakidul suryamijayan. Sang dirga yuswa: Samawigena.

Panjurung kabar ing Surakarta

Anenggih nalika dinten Jumuwah tanggal kaping 17 wulan Rabingulakir taun Jimawal punika wanci jam satengah 2 siyang, lah dalah ing ngriku wonten sabawa kumrusuk sarta gumrubug langkung anggigirisi ing akathah, bok manawi punika awit saking amurbeng titah saweg karsa anglairaken daduka dhateng sagunging kawula ingkang kadunungan salah tuwin ingkang pancen kathah durakanipun, wondene purwanipun sabawa kumrusuk wau sasumerep kula kaprenah saking ler kilen inggih punika rawuhipun sang samirana langkung yayah siniwi kalayan adrenging karsa sarta situ-situ saengga meh boten kenging dipunpambengi dahad kasesa anglir congcun badhe gledhah apyan peteng pating tlusup pating blenthi wonten ing kebon.
Sareng sang samirana sampun rawuh masanggrahan wonten ing pulo jawi sakathahing para taneman para wiwitan geng-ageng alit sami asung pakurmatan saha ngaturaken panembramanipun dhateng sang samirana, sakathahing tiyang lajeng rep sirep datan wonten banenipun, ananging sami nyuwun nyebut asmaning Allah, dene para jamhur ngulama para budi santri sami nandukaken sarad puji donga ing sakawruhipun pyambak-pyambak saweneh wonten ingkang ngadhep dupa, wonten ingkang padha slawat sarta adan, wonten ingkang ngiling-ilingi kitab Kuranipun, saweneh dhelog-dhelog, namung para keset malah karingkelan amujung ngencengi kemul, punapa dene para nyeret sampun mokal kimawon yen ngantos purun anyelehna bedudanipun, malah ngeca-eca sangsaya nemenipun anggenipun nekuk bantal sarta galintirring tikenipun tur prasajanipun dilah ingkang kaangge nyeret malah kerep pejahipun, ewadene sakathahing puji donga wau boten wonten ingkang tumama amargi kathah para griya ingkang nandhang sangsara kadosta wuwung malorot, welilt morat-marit, gedheg mengkep-mengkap, dalasan wit kalapainggih radi kathah ingkang karsa sasareyan tuwin ngagir.
Gantya cinarita sakendhaking dukanipun sang samirana ing dirgantara lajeng katingal anglalentrih mak prepet saengga badhe anambahi daduka malih, wasana kalampahan lajeng jawah ingkang langkung deres saha paceh. Katandhan dhanyang Krendhawahana pun bagus Turnita.
Punapa sababipun teka anyambut asta dene kabar yektos namung karoncenen sakedhik. Redhaksi.

Panjurung wangsulan

Kala sampun maow panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama mas tambakbaya ingkang kawrat wonten pasamuwan *Bra Martani* ongka 20, ing ngriku mitra kula anyariyosaken bab tiyang salebeting dunya punika ayang-ayanganipun cemeng, nanging taksih anggadhahi ayang-ayangan pethak wonten ing awang-awang, menggah cariyos ingkang makaten punika kula boten pisan-pisan yen amaibena, ananging sakalangkung andadosaken wimbuhing saserepan kula amargi ing salaminipun kula dereng nate angalami sarta dereng nate sumerep pawartos makaten, milanipun sanajan sampeyan amastani sampun kalimrah kula ugi sampun kadunungan manah piyandel, ananging ing mangke saking kumedahing manah, kula akamipurun cumanthaka nyuwun ugungan ing sampeyan namung sakedhik atasing pawartos ayang-ayangan wau, yen ta mawiya wawaton wawatonipun punapa sarta sampeyan punapa sampun nate nglampahi piyambak anjejer wonten ing latar, amung punika ingkang dados pangesthining manah kula, sanajan pawartos punika mawi utawi boten mawi wawaton kula inggih boten wande saestu kula cobi enjejer wonten ing latar.
Wasana mugi sampun andadosaken sabab ingkang tumuwuh ing eruning panggalihipun mas tambakbaya. Titi. Katandhan pun jayeng tirta.

Amangsuli seratipun mitra kula ingkang sisilih nama tambakbaya ingkang kapacak wonten ing serat pakabaran *Bra Martani* kala Kemis kaping 18 wulan taun punika ongka 20 kula ngungun sanget dene teka wonten cariyos makaten, wiwitipun sampeyan nyariyosaken paring piwulang yen wonten wayanganing manungsa ingkang pethak wusana pungkasaning serat sampeyan suraosipun mundhut katrangan sababipun wonten wayangan pethak dados manah kula radi kodheng, mila manawi kober sampeyan kula aturi mberesaken kemawon mundhut piwulang punapa paring piwulang, yen mundhut piwulang ing wingking badhe wonten ingkang kadugi nerangaken punika kaliyan cetha tur wela-wela tela-tela.
Mesten kaping 42 Mei 1876. Ri sang Gunawan.

Redhaksi enggal angruwat kalepatan ing salebeting *Bra Martani* ongka 20 wonten ungel-ungelan ingkang anjalari dados cuwaning manah awit ing ngriku wonten panjurungipun rara sejati nginggilipun ing larikan kang wekasan anyebutaken tetembungan ingkang pancen manggon ing wewengkoning wanita, ing mongka redhaksi nalika aniti pariksa sarupining panjurung kapara katawengan bok manawi redhaksi boten pisan anyumerepi panjurung wau, dangu-dangu ingkang kula tetah pun rara sejati dene wanodya teka boten pisan saged anawengi wados purun medal ing pabaratan angungasaken sarira ingkang pancen masthi kakeker. Redhaksi.

Saking panedha kula dhateng panjenengan kakang embok rara sejati mugi-mugi lulusa lumuntura ing katresnan utawi sih siniyan ing selamenipun, dene menggah ingkang kula aturaken bab sasmita raosing supena ingkang kula pirit saking wiraosing jarwa suta punika amung nedahaken tetelaning basa sabab raos9ing supena punika ingkang tamtu boten kenging kasami-sami kapurih nunggil ing tarbukanipun sawawratipun tiyang ahli nujum inggih wonten saged nunggil anggenipun anjarwani sasmitaning kang amurweng supena ingkang apatrapaken ing sadaya umat, awit kala Nabi Adam dumugi ing sapriki kalih dene lamun menggah acangkriman ingkang saged condhong tarbukanipun amung jawabipun piyambak, ingkang punika mugi sampun kalepasaken dhateng kang amurba amisesa sabab ing pangraos kula manawi kalebetaken ing pustaka warti kirang prayoginipun anjawi manawi raosing supena wau kagalih basa remeh kula inggih sumongga.
Dene panjenengan sampeyan amurih dumelingipun panedha ingkang 3 bab ing ngandhap punika pamanggih kula.

1. menggah eseming sarjana angesemi samining sarjana ingkang sampun sami kadunungan kawruh punika sarjana wau menawi teksih anggadhahi pamurih kirang utaminipun.
2. Menggah raosing tembung jawi tumraping tembung arab mila kawestanan tiru-tiru sabab basa arab punika dede basanipun tiyang jawi, yen menggaha rapal makna menawi sanes rapalipun ugi sanes maknanipun anjawi manawi sampun saged anunggilaken raosing sekathahing basa punika manawi dereng waget teksih tiru-tiru namanipun.
3. Bab supena kategesa ing jarwa suta saestu ingkang pantes amung kendel wonten ing makna kemawon sabab waler sangker manawi anegesna ing panunggil pati lan urip ingkang badhe amuridi raosing tiyang tilem ingkang sabab mawi supena.

Dene menggah tetelaning reged utawi resik ing semangsanipun sabarang wiraos manggepok saru punika reged. Panampenipun rara timbang.

Nalika *Bra Martani* ongka 18:

/8/ kula nuwun saewu pun kaki kedah-kedah kamipurun ambenakaken kumlewering nyampingira putu kula panjenenganipun pati open ingkang lagya kumlebed kadi ing ngandhap punika.

Lepatipun	leresipun
Pasthenipun	pasthinipun
Sasamenipun	sasaminipun
Kuwaos	kawasa
Annyepeng	anyepeng

Tuweni	tuweni
Besta	besta
Saestu	saestu
Kalentonipun	kalintunipun
Kadosta	kadosta
Magersarenipun	magersarinipun

Sampun kula nun samanten kemawon rumiyin.
Katandhan jomblongipun rara sejati ninggih kula pun kaki: jalangen.
Yen milih nama prayogi ingkang sae tegesipun. Redhaksi.

(Panjurung nyuwun serep)

ing sarehning rumiyin sampun wonten prayantun kang karsa manjurung saking bab kawruh falak, lah samangke kanggenipun wau kawruh ing samangke nagari kula katuwuhan babantah sulaya bab ajengipun keblat jalaran saking pamanggihipun konca khaji inggal dhateng sanadyan para jamhur para mutangalit sami kaweken ing pamanggih awit boten saged nguncalaken pratondha kang ngandhakaken pratondha kang ngandhakaken leres liya saking pandoman pramila inggal kula ngasil wonten pabarataning *Bra Martani*, nuwun mugi wonten rumentah sihing sasaged saking kawruh punika aparing barkah pituwa panyapihipun para tregonca.
Kaserat ing nagari kula wiyar 70 panjang 1370. Katandhan mustari.
Panjurung ing nginggil punika mung kedhik ingkang dipunewahi mila kajibahaken. Redhaksi.

Minta serepan dhateng ingkang ahli kawruh manawi saged maedahi ngakathah

Sarehning kula dereng sumerep perangipun tembung kadostajalma baduwi, wahabi sapanunggilanipun tanah sanesipun, punika sakawitipun ing tembung saking bongsa punapa bok manawi ing ngajeng kala nini-nininipun wonten ingkang ngejeni, tembung ingkang kados kasebut nginggil wau sanajan bongsa kula piyambak jawi punika kula inggih dereng terang sakawitipun ingkang mijeni tembung, manawi para mitra wonten ingkang saged nyorahaken o..saiba sukanipun manah kula kadosta bongsa satriya, santri, tani, sudagar, punika tur sampun jimrah kasumerepan ngakathah, meh sadaya bongsa jawi mireng wijangipun ananging kula piyambak taksih kodheng, menggah ingkang mijeni tembung pinten malih tembung kina kala jaman buda pamireng kula wonten perangipun bongsa punika sangsaya nambahi ribengipun manah kula sabab kula dereng manggih wawaton ananging wonten ingkang kula sumerepi kedhik, samanten wau inggih dereng terang kadosta bongsa mataram punika sakawitipun ing tembung kala kyahi ageng mataram sapiturutipun putra wayah ingkang pancer jaler, dene ingkang pancer estri punika bongsa punapa kula inggih dereng kateranganipun.
Wonten malih ingkang radi kula sumerepi kadosta bongsa Ngibrani Israil sabab kula sumerep sorahipun ing ngajeng sakawitipun nama abram lajeng malih nama Ibrahim puputra Iskak, Iskak puputra Yakub, Yakub ngalih nama Israil, sakonduripun dhateng tanah kenangan, dados sapiturutipun para putra wayah ingkang pancer jaler kasebut bongsa Ibrani Israil, ananging putra Ibrahim ingkang sepuh nama Ismangil wonten tanah Arab, pamireng kula kasebut bongsa Ismangil mila kula prelu persudi katranganipun ing tembung, manawi saged maedahi ngakathah awit dene pawingkidipun bongsa Ismangil wau kathah pancaripun bongsa Kures, Kasim sasamenipun kula kirang terang.
Wondene tanah kenangan punika ingkang cikal bakal putra wayah Enuh sasampunipun bumi kaleban, cekakipunturun Yakub manggen wonten tanah ngriku wiwit sabidhalipun saking tanah Mesir nalika dipun irit Musa kawulaning Alah, ananging dereng dumugi Musa seda dipundumugekaken Yusak akatnhi khaleb-khaleb punika buyutipun Yahudi, dene Yusak buyutipun Yusup, sasampunipun para bongsa Israil manggen ing tanah ngriku Yusak mranata mranata miturut angger-angger Musa.
Tanah kaperang 12 sabab putra Yakub ingkang jaler 12, 1. Ruben, 2.Semangun, 3.Yahuda, 4.Sebulon, 5.Isakar, 6.Asar, 7.Dhan, 8.Naptali, 9.Gan, 10.Bunyamin: Yusup angsal kalih

bageyan, 1.Eprayin, 2.Menase, gunggung 12, dene lewi boten angsal sabab dados imam mila kaprenca sawernanipun bongsa Israil kanggenan turunipun Lewi putra Yakup pandhadha, ananging kapaduman kutha sarta pangonan, sigeg pratelan kula punika yen kula andhara sadaya kekathahen, perlonipun kula damel nuntun kawruh ingkang dereng kula sumerepi kateranganipun.
Siswanipun openKusumawicitra ing Ngayugyakarta.
Redhaksi sakalangkung suka anggalih amaos panjurung punika sabab dipunkawiti anedha seserepan wekasan amadeni kawruh. Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos Nawawi:
Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Smaradana. Kang sinung dening hwang widi, rumekseng gunging wana, Nabi Ilyas pakaryane, yen wonten kekasihing hwang, lelampah munggeng wana, gih Nabi Ilyas puniku, kang darbe wajib rumeksa. Lah sultan dhahara nuli, puniki sasegah kula, darapon ayya kaluwen, ing mangke yen sampun dhahar, kula angsung pituwas, mring jeng paduka satuhu, mrih mupangati sarira. Jeng sultan gya dhahar aris, kalangkung denya kaecan, kang dhinahar sawarnine, manut seneng pakareman, nadyan sakeh inuman, milya ing sasenengipun, Nabi Kilir pangwasanya. Mangkana wusnya dumugi, jeng sultan denira dhahar, wus linorodan ambenge, musna wangsul mring kekasang, sultan ngungun kacaryan, lan sarira lir ilesu, kadya sang angrarap driya. Mijil. Yata ngandika jeng Nabi Kilir, punika sang katong, mangkya ulun kinen maringake, kanugrahaning sang murbeng bumi, mring paduka inggih, darapon linuhung. Tetepi sultan wali kekasih, ing tembe kinaot, jaman langgeng tetep kamulyane, datan liwat duk supena nguni, paduka tinulis, malekat kutubun. Lah punika paduka tampeni, sihira hyang manon, gya winejang jeng sultan jatine, pipingitan raseng ngelmi gaib, ageming pra nabi, ingkang sampun mashur. Dhasar sultan angganya wus suci, [..] jati rinaos, mangkya kataman mring wewejange, Nabi Kilir entyar samranani, sanalika ening, tan kewran ing kalbu. Kabudayan Kilir karsa bakit, sayekti rinojong, pindha para nabi pangwasane, wusnya terang jeng sultan ngabekti, mangkana jeng nabi, Kilir ngandika rum. He ya sultan wus waskitheng galih, punika sayektos, ngilmuning hyanag kang pinaringake, mongka istiyar sakehing jalmi, dununge ngaurip, istiyar lumintu. Datan pegat dadya serananing, jro donya linakon, temen-temen barang pakaryane, anuwuhken sandhang lawan bukti, mijil saking sukci, utamaning laku. Kang tigang bab pangupaya bukti, punika darapon, nistha madya lawan utamane, ngawruhana pangupayeng bukti, nisthaning ngaurip, yen pakaryanipun. Langkung rekasa gen nambut kardi, wusana antuk don, tan mirasa binukti tan sampe, kang makaten nistha nambut kardi, madyaning pakardi, rekasa kelangkung. Nanging antuk mirasa binukti, timbang yen binobot, kang makaten madyaning panggawe, dene utamaning nambut kardi, tan rekaseng kardi, mirasa tinemu. Lah punika sultan ing samangkin, paduka kinaot, barang karsa tan rekasa dene, sabab sampun ngagem ngelmi gaib, estu den rojongi, ing sakayun-kayun. Jeng Nabi Kilir denya mengeti, sasmiteng hyang manon, kang gumelar ing donya sakeh e, kang puniku pinaring mring jalmi, yen tuneng pambudi, saestu tan antuk. Sumarmanya sinung pangkat katri, manusa darapon, murih lepas miwah sampurnane, titi tetela tataning ngurip, jeng Sultan Ibrahim, wus waskitheng semu. Mesem ngandika jeng Nabi Kilir, sultan wus waspaos, ing samangke tuwan patrapake, mrih kamulyan kang miji hyang widi, makaten patraping, jro karsa mangimpun. Yen paduka sultan arsa bukti, kang langkung miraos, ingkang datan rekaos wiwite, lah punapa paduka wus bakit, kang tan kadya nguni, duk atunggu timun. Langkung rekasa tur meh bilahi, temah tan miraos, kang dhinahar sakena-kenane, tuwin paduka yen arsa guling, sampun kadya nguni, dupi dalu-dalu. Karsa nedha mondhok jroning masjid, prande tanpantuk don, sru sinereng-sereng mring kaume, malah-malah arsa den gebugi, yen sampuna aglin, paduka mring kubur. Marma nunten patrapna den aris, ngelmuning hyang manon, estu luhur spaurug-puruge, nir babaya sakarsanta dadi, jeng sultan Ibrahim, matur langkung nuhun. Nabi Kilir wus titi gya pamit, eh paduka katong, nglajengena atawab khajine, marang kakbah kawula jurungi, jawab asta nuli, nabi musna smapun. Kantun anggana sri narapati, nanging wus kinaot, pindha

para nabi darajate, kacarita jeng sultan Ibrahim, nalika lumaris, lamun kendel dalu, gya munajad sakedhap gya manggih, padaleman gedhong, sri kawuryan sampet sakalire, papajangan kadya sawar gading, gonda rum awangi, lir ning taman santun. Sekar-sekar tumutur jro beji, wenya wening tinon, mring dhaharan memeji sakehe, mesi mungging wawadhah sarwa di, mangkana sawusing, tinilar mring prabu. Nulya musna wangsul lir ing nguni, salaminya andon, alelampah yen kendel lampahe, ing sakalir kamulyan pinanggih, jeng Sutlan Ibrahim, sokur mring hyang agung. Nahan kinendelken kang lumaris, ganti wonoraos, jaka Islar wau saundure, saking praja sedyarsa umampir, mring wisma yun panggih, rama lawan ibu. Prelu arsa ngaturaken singsim, kang saking sang katong, jaka Islar sineru lampahe, tan winuwus ing marga wus prapti, ing wisma nujoni, rara sulbi methuk. Munggeng latar mesem denira ngling, iku arining ngong, gelis prapta dene nora suwe, maweh melang-melang ing jro ngati, sadulur sawiji, bok nemu pakewuh. Sasaneng marga reh tanpa kanthi, paran ing samangko, lakunira sayah tanpa gawe, jalma moyang jer sira kikinthil, ki Islar gya ngambil, singsim lan gumuyu.

Taksih wonten candhakipun.

Raden Panji Partakusuma.

Ongka 22 Kemis kaping 1 Juni 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Bra Martani ongka 21 awewreti manawi para tuwan sarta para priyantun jawi sapanunggilanipun badhe guyub adamel pista angormati tuwan asisten residhen Pan Dher Wek ingkang samangke kapindhah dados asisten residhen ing Bagor.
Ing mangke sampun sumeta sadaya bilih pista wau badhe kaleksanan ing asistenan benjing ing dinten Akhad tanggal kaping 4 wulan Juni punika.

Loterei arta ing Surakarta kang mawi preis 50 ewu punika pamadenipun elot samangke sangsaya sengkut, mila dipunkinten manawi panggebaging loterei wau bok manawi saged kalampahan benjing salebeting wulan Agustus ngajeng punika, dereng lami wonten elot sewu iji kakintunaken dhateng Surapringga saemper boten ngantos dangu badhe wonten ingkang dagang elot anganggahaken pangaos 15 rupiyah saelotipun, ingkang punika sinten ingkang nedya tumbas elot prayogi angrumiyinana.

Nalika tanggal kaping 14 wulan punika celak ing dhusun Puswareja utawi peken Pubon (Kaliyasa) wonten tiyang estri sepuh dipuntrajang ing lokomotif ongka 8, kalih dinten punika tiyang estri wau tilar dunya jalaranipun makaten.
Sampun kapara limrah adating tiyang jawi manawi wonten kreta badhe langkung punika sanadyan sampun sumisih lampahing tiyang wau sarta tan anyumelangi suprandene asring-asring amindhah lampah dhateng sisih sanesipun, mila asring-asring kaplindhes utawi kasrempet ing kreta ingkang lumampah.
Lah tiyanag estri wau umur antawis 60 taun, nalika tanggal kaping 14 panuju wonten ing ngandhaping ril dumadakan sareng trein kapireng dhateng badhe langkung ing ngriku, pangintening tiyang estri wau prayogi ngalih panggenan dados enggal minggah anugel margi ril, nanging rehning karembenen dados katututan dening lokomotif kasrempet dhawah galundhung mangandhap kalih dintenipun lajeng ajal.
Bok inggih lalampahan makaten wau andadosena tuladan sampun ngantos ngolah-ngalih yen wonten kreta lumampah.

Ing bawah sembuyan bumi Mangkunagaran wonten redi alit dipunnamani tirtaswara, awit sadangunipun kapireng gumarenceng kadi ileding toya, nalar makaten wau anuwuhaken pamikir nedya aniti pariksa punapa ingkang dados marganing swara wau, dene ingkang nindakaken 1. Tuwan El Santi, 2. Onderegen Raden Mas Wira Asmara, 3. Raden Panji Ponca Santika.
Sareng pandhudhukipun pikantuk 15 utawi 20 kaki katingal ing ngandhap wonten balumbang alit isi toya 5 kaki lebetipun, panjang 100 kaki, wiyar 5 kaki, sarehning pandhudhuk wau dipunmanah kalebeten dados dipunwiwiti saking papan ingkang kapara andhap, ing ngriku inggih manggih balumbangan malih isi toya sarta lajeng kenging kailedaken.
Ing samangke sampun wonten tigang Akhad ileding toya wau boten wonten kendelipun dumados saged anoyani sabin kirang langkung 500 bau, para priyantun ingkang manggih damel wau karsanipun kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sami dipunparingi ganjaran, 1. Tuwan Santi dipunganjar rante arlji mas, 2.Raden Mas Wira Asmara kaparingan dhuwung sapirantosipun pangaos 800 rupiyah, kathah malih ingkang kaparingan ganjaran kang murwat pangkatipun satunggal-satunggal, wasana smapun kapara lami kacariyos manawi ing bawah sembuyan wonten ilening toya nanging kedhik ingkang anggega, ing mongka samangke sampun wonten nyinanipun.

Sarehne anggen kula manjurung kabarsedanipun kanjeng Pangeran Arya Kusumadiningrat prelu dipun ing cariyos taksih wonten ingkang kirang dados kula kedah nusuli wewahan.

Nalika layon dumugi ing Jurug sareng badhe nyabrang dhateng sawetaning benawi punika mawi kaurmatan ungeling drel sanjata kaping 3 rambahan lajeng bidhal, para bendara pangeran tumunten sami kondur wondene ingkang lajeng dherekaken layon para bendara pangeran namung sawatawis, menggah layon wau kasemarekaken wonten ing Astana Ardi mangadeg.
Katandhan rongga sakidul ing Suryamijayan.
Ring dirga yuswa sama wigena.

Panjurung kabar saking dahat kacuryan

Awit paletheking wulan Rabingulakir dumugi samangke saengga boten kendhat anggen kula mider-mider manawi dalu ngubengi kagungan dalem beteng, manawi karaos sayah lajeng ngaso wonten sangandhaping kagungan dalem waringin rakit utawi wonten ing sitihingil sarta ambesemi dupa, perlonipun namung pikantuk barkahing gusti ginanjara wilujeng kasarasan sakwekas mami sadaya, saksampunipun ngumbulaken pamuji kulalajeng matuk kampir ing lepen lajeng adus, ingkang sawau manawi kula dhateng wonten bawah kaparak tengen raosing manah kula tansah boten sakeca awit saking peteng utawi singubing kakajengan tuwin deling ingkang sami tumelung angiyomi radinanngantos andadosaken pangresula dhateng para langkung manawi dalu, ing wekdal mangke para ngresula sampun badhe sirna ginantyanan ing suka pirena jalaran ing mangke lentera gantung sampun awit crabus barang rerungkut sampun smai karampas sarta radinan ingkang mujur mangidul anjog warung kemiri sampun awit kagarap, mila saking pangajeng-ajeng kula dhumateng prayanttun ingkang nyepeng prentahan ing ngriku tuwin dhateng para ingkang pinretahan samiya sabiyantu ing karsanipun sampun ngantos anggalih kemba dhateng pandamelan nagari ingkang sampun winajibaken sampun ngantos kalendho, dene lelangen ing sanesipun yen kapersudi ingkang kalayan santosaning panggalih tumemen , bab pandamelan radinan wau teka entheng sanget kadosta prayantun mantri lenggah gadhuhanipun sabin 4 ¼ jung, bageyanipun radinan ingkang kathah piyambak 25 kaki terkadhang wonten ingkang kirang, punika anjawi ingkang bebodongan, suprandosipun dados sungsang buwana balik, ingkang bageyanipun panjang sanget dados pangaleman sarta kalis ing duduka, ingkang bageyanipun sakedhik ragi kerep tampi duduka terkadhang ngantos dipunlerebaken wonten kagungan dalem bangsal sri manganti ngantos 8 utawi 10 dinten, lelampahan makaten wau bok inggih radi dipunsirik ugi boten damel amutawatosi ing saestu namung damel kapitunan tuwin lingsem, mila kula sedya cumanthaka anglairaken kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau sadaya boten murih punapa, namung sami lastantuna kawilujengan anggenipun nglampahi pandamelan sarta suwita ing gusti, pinten banggi waged urun-urun ngaluhuraken karaton dalem sumongga tur kula punika dipungaliya.
Kalangan nagari Surakarta kaping 27 Rabingulakir warsa Jimawal ongka 1805.
Katandhan siswanipun cakrawongsa, Wreksatenaya.

Manawi kapareng saha lumuntur sihing panggalih panjenenganipun para priyantun sarjana, kula nyuwun kaparingan sumerep teges utawi kajengipun tembung kawi kados ing ngandhap punika, sanadyan punika kagalih remeh ananging ngatasipun tiyang ingkang taksih bodho kados kula punika kaanggep prelu dipunsumerepi.

Dhandhanggula

Awigena mastu namastu nama sidhi, sinidhaha dera sang murweng rat, kang anglimputi sahrate, dening ulun mahayun, makirtyaring, kanang palupi, lepiyan kang supadya, dumadya wuwuruk, ing suta wayah priyawak, sinengkalan sapta catur swareng janmi, janma niskumadama. Sampun namung punika. Katandhan sugyarja.

Wangsulan satemenipun.

Serat saha ingkang tabe kaurmatan akathah-kathah skaing kula Ngabehi Jagapraja abdi dalem panewu gedhong tengen ing kabupaten gedhong tengen, mugi sumaos panjenenganipun saudara tuwan Se.Ef. Pilip redhaktu ring pawartos *Bra Martani* ing nagari Surakarta, manawi

andadosaken kaparenging panggalih selaning papan panjurung kula wangsulan kasebut ngandhap punika mugi karsaha macak tumrap *Bra Martani*.
Kula sampun amaos *Bra Martani* ongka 18 tuwin ongka 20 sami ing wulan Mei taun 1876, ing ngriku wonten panjurungipun ingkang sisilih nama pun maibentuwin pun dhemit sami angandhakaken tiyang estri kasurupan ing kampung kalang paten, pangakenipun tiyang ingkang kasurupan wau nami Raden Mayang saking gunung Lawu, ananging cariyosipun ingkang silih nama pun maiben ingkang kapondhokan kula punika temenipun dora, dene temenipun ingkang kapondhokan tiyang ingkang kasurupan wau awasta kyahi guna pinilih abdi dalem prajurit miji pinilih ingkang griyanipun kaprenah sawetan kula.
Ingkang saking punika eh sanak muhiben menggah anggen sampeyan ngapiken bilih kula ingkang kapondhokan wau punapa sampeyan sumerep piyambak punapa ming jarene, amila rehning sampun kanyatahan bilih kandhanipun pun mahiben angayahwara punapa boten pantes tuwan redhaktur saupami dipunajar supados kapok angripta kondha goroh, awit manawi kadalurung sampun tamtu badhe boten andadosaken sakecaning manahipun ingkang kalebet kabar, dhapuripun amatang tunanumbak luput.
Kaserat tanggal kaping 27 wulan Rabingulakir taun Jimawal ongka 1805, Ngabehi Jagapraja abdi dalem panewu gedhong tengen.
Tembung dora punapa boten kawadhagen prayogi alintu. Redhaksi.

Ing rehning kula kaleres kakinipun rara sejati saugi manggen anunggil sacepuri, dados kula kajibah angaturi pariksa dhumateng para prayantun ingkang swau nate tepang rembag kalayan rara sejati mugi andadosna kauningan manawi putu kula rara sejati samangke sampun kataging ing jangji mantuk dhateng jaman kalanggengan tanpa sesakit, mila pun kaki kumapurun parlu angaturi uninga mekaten sawab bok manawi wonten satunggaling sarjana ingkang sawatawis rengu panggalihipun awit saking kasaru tanduk ing tembungipun rara sejati ingkang tanpa wawaton nalika gesangipun, boten langkung bilih kapareng sadaya duduka ingkang tumancep ing pangalih kula suwun luluhipun sageda santun dados panggalih para marta sanadyan panjenenganipun redhaksi.
Katandhan pun kaki kyahi panaraga.
Redhaksi dherek gumun dene teka cupet temen umuripun rara sejati iba tiyang sepuhira.

Mugi andadosna kauninganipun Wiryamartana sakaliyan sobatipun ingkang jujuluk Khaji Ngabdul Rakhim menggah kawontenaning panjurung sampeyan ingkang tumrap *Bra Martani* ongka 15 punika teka sulaya kaliyan pamireng kula yen saking midhanget kula tumanjanipun yatra wau sanes anama sangon ananging dumunung selawat dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, ing khaji pundi-pundiya ingkang sami makmu dhikiran maulun dhateng wonten kagungan dalem surambi masjid ageng , amila pambaginipun rampag boten angetang epel-epelan, wasana sulayanipun pamireng saking antawisipun punika manawi wonten sumitra ingkang langkung saking terang mugi-mugi kaparenga angsung barkah andedahaken ing kayaktosanipun, sokur bilih mitra kula sang sriyatwa piyambak karsa paring katrangan.
Kramadongsa.

Panjurungipun sontrang sobatipun Kramadongsa sarta panjurungira endhang nyai sember boten kapacak awit suraosipun sepa sarta badhe amumungu sesatron. Redhaksi.

Redhaksi sampun anampeni seratipun Dahwen sugal saking Ngayogya, riringkesanipun angandhakaken lalampahaning priyayi satunggal anama katadaja ingkang lampah durcara, sakalangkung andadosaken cuwaning redhaksi dene tan saged amituti kajengipun ingkang kintun amacaka kakondha wau amargi anggepok tiyang tanpa landhesan, kalih dene malih ing *Bra Martani* dede panggenanipun sarta kakondha wau karoncenen mila redhaksi kedah angrembagi manawi saestu lampahing priyayi wau resah sarta anguwatosi prayogi katuraken dhateng ingkang

kuwajiban anguningani, bok manawi angger suradbi wonten sesebutanipun ingkang kuwagang amambengi lampah ingkang gepok dhateng ayem tentreming tiyang salaki rabi.
Redhaksi Se.Ef.Pe.

Sampun langkung nem taun sepriki kula akaliyan anak kula jaler sasarengan sami guyub anjarwakaken tembung jawi babading jagad amethik saking tembung Nedrelan, sapamireng kula babad wau sapriki dereng wonten ingkang mradinaken, sarehning kula anggadhahi osik badhe angecapaken babading jagad tembung jawi wau mila kula kedah anyumerepi punapa babad wau andadosaken suka renaning bongsa jawi tuwin punapa ing pawingkingipun badhe wonten paedahipun, bilih saestu amikantuki wontena ingkang karsa amratelakaken senadyan mawi serat kintunan utawi kapacak ing salebeting *Bra Martani*, dene babading jagad wau ing ngandhap punika pupucukanipun kajarak dipunpacak ing *Bra Martani* amurih para mitra anyumerepana.
Se.Ep.Pe.

Bubuka

1. kang diarani babad iku angandhakake samubarang lalakon, dene babade manungsa iku amratelakake manungsa enggone katuwuhan budi lan tata krama wiwit saka jaman kuna tekan ing jaman samengko.
2. ana dene saprene wus luwih saka 6000 taun ing donya kaisenan manungsa, nanging kongsi telung ewune taun mung sapele banget kang dikawruhi lalakone jalaran saka sepining layang kandhan ginace nyumurupake kahanane jaman mau, dene kang kena dianggep temen iya iku manungsa saya lawas sangsaya mundhak polahe padha tetepungan, temaha makolehi ing ngatasing budi lan tata kramane balik kang ora tau gegepokan karo ing liyan tetep besuke ora duwe tata kongsi ing jaman saiki.
3. Ana dene babad mau diperang dadi telung perangan kayata babad jaman kuna babad jaman tengahan lan babad jaman anyar.
4. Babad jaman kuna kawitane saka tumitahing manungsa ewon taun sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos kongsi taun 476 sawise miyose kanjeng nabi utawa lagi nabure kraton erum, nalika agama Ngisa wiwit ngrebda ing sajroning tanah Eropah.
5. Babad jaman tengahan kawitane ing taun 476 sawise kanjeng Nabi Ngisa miyos kongsi ing taun 1492 iya iku lagi nagara Amerikah nembe kawruhan.
6. Babad jaman anyar kawitane taun 1492 kongsi saprene.

Perangan kapisan

Fasal I

Babad jaman kuna

1. anadene babad jaman kuna iku diperang-perang limang perangan kayata:

A. awit saka kunane pisan kongsi taun 2000 sadurunge miyose kanjeng Nabi Ngisa.
B. Perangan kang kapindho amratelakake dumadine sadhengahing praja kang wus kajuwara kongsi jumenenge prabu sirus ratu kawitan ing tanah Persi iya iku awit saka taun 2000 kongsi taun 550 sadurunge miyose kanjeng Nabi Ngisa.
C. Saka palamane prabu Sirus kongsi jumenenge prabu Iskandar Dulkarnin ratu ing Masedhoni awit taun 555 kongsi taun 333 sadurunge kanjeng nabi Ngisa miyos.
D. Saka palamane prabu Iskandar Dulkarnin kongsi jumenenge prabu Agustus ratu kang kapisan ing nagara Ngerum awit saka taun 333 kongsi taun 31 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos.
E. Saka palamane prabu Agustus kongsi lebure kraton Ngrum sisih kulon.

Perangan kapisan

Fasal II

Sarehning ora ana caritane bab kahanane dhek kuna-kuna kang iku ora bisa anggenahake lakoning jaman iku, ana dene kang dikawruhi ing manungsa bab ananing lakon ing waktu 2000 taun sadurunge Kanjeng Nabi Ngisa miyos iku meh kabeh alalandhesan pangira-ira bae, ana uga caritane kang kasebut ing kitab Toret iya iku babade bongsa Yahudi bab titah ing donya kandhaning Nabi Adam lan ibu Khawa utawa bab kiyamat, nalika palamane Nabi Enuhnanging akeh kang ora anggugu awit kalane amemutilalaku mau pirang-pirang ewon taun sapungkure lalakon mau.

2. wondene caritane waktu 2000 taun sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos ing ngisor iki kang kena dianggep temen.

Mungguh agama terang yen lagi samono manungsa padha anyembah brahala dene kang pinilih dadi dewa iku samubarang kang anangekake gumune, kayata srengenge, lintang, kali kang gedhe-gedhe, kakayon, iku kabeh padha disungkemi awit saka kurmate utawa saka wedine dialani, mangkono mulane padha duwe panutan akeh, samono iku isih padha anuduweni dewa sawiji kang luwih saka ing panunggalane dewa utawa kang luwih ing pangreksane marang dheweke katimbang karo olehe ngreksa bongsa liyane.

3. Basane manungsa kang kuna pisan iku banget pasajane salingga-linggane mung sakecapan kaya dene basane bocah kang lagi wiwit calathu, empere tembung kang kawitan iku mau-maune paniruning sawara kang rinungu, dene basa mau saya lawas saya mundhakjalaran saka undhake kawruh ing manungsa, wondene beda-bedaning tembung iku jalaran saka udharing pambudi kena dianggep padha ingatase sadhengahing bongsa lan maneh jalaran saka bedaning tanduk lakune.
4. Kang dadi pangupajiwane manungsa kang kuna pisan iya iku sadhengah kang tinemu bae, kayata thuthukulan, dhadhangkelan, who-wohan utawa pakolehe bedhag pikat tuwin pangamek iwak sapanunggalane, bareng wus enjoh anyumbokake khewan iya iku minongka pangupajiwane nuli padha amulasara lemah iku wiwitane among tani, pametune lemah banjur diurupake karo pasilane nagara liya, ah iku tuwuhe dagang dol tinuku bareng lawas-lawas padha duwe akal agawe piranti murih makolehakepamulasaraning bumi tuwin bedhak pikat sarta pangameke iwak, maha padha gawe piranti ngambah lautan utawa padha nemu akal anyenengake kauripan utawa ngendahake panganggo, kabeh iki anelakake sarta pencare taberen.

Anadene kang dadi ulama iku padha niti priksa utawa ambudi sakehing prakara awit para germa, para dagang layar, para tani utawa sakehing wong kang padha tumandang inggawe ora kuwagang ambudi kawruh saking ora kaure, ulama mau padha anglumpukake bubukane sadhengahing kawruh, kayata kawruh nganggit, kawruh anggambar, kawruh ngukir tanah kanggone ametha wujude kang dipanuti utawa ginawe amumule.

5. manungsa wateke lumrah padha anggoleki jajagongan utawa pitepungan karo papadhane tumitah ing kawitane manungsa padha amanggon dhewe-dhewe saakrab-akrabe, kang tuwa pisan umure iku kang minongka pangarep utawa kamituwa padha abangun turut ing sapituture, lawas-lawas kang dadi lurah mau saya gedhe pangawasane awit kang dibawahake saya mundhak kehe nuli padha nuwuhake wageran murih anyantosani tata, iku mula bukane ana bongsa lan praja ingadegan ing ratu.
6. Manungsa iku pinerang-perang dadi bongsa dhewe-dhewe beda ing kahanane jalaran saka panggonane lan hawaning tanah kang didunungi utawa patraping panguripane, turunan kang ojo pisan diperang dadi 5 perangan, kayata turunan kokasis, turunan songgul, turunan aprikah, turunan mlayu, lan turunan amerikah, wondene bongsa kang tuturunan kokasis mau iku kang mojod dhewe limpading budi. Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Nawawi:

Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Mijil. Eh bok ayu tingalana iki, warna kang mancorong, lakuningsun lah iki pendahe, marang sapa jalma darbe singsim, midera sabumi, tangeh lamun antuk. Angupaya sosotya her bumi, warna kang mangkono, dudu jalma mancorong kang duwe, bekja temen kang bakal darbeni, yata rara sulbi, tumingal angungun. Sigra mojar sapa kang darbeni, kalpika kinaot, ingsun durung tumon sajege, kyahi bapa kalebu wong sugih, sosotya di-adi, tan tumimbang tuhu. Jaka Islar mesem anauri, mujiya hyang manonn, lah jaluken ya kalpika kiye, yen pinareng sira andarbeni, pesthi sira dadi, pangaubaningsun. Nadyan bapa babu ngaub sami, bok ayu samengko, atajina dhahar lawan sare, dayoh ika dhingin prihen bali, yata rara sulbi, miharsa basengut. Sigra sami sareng manjing panti, rama ibu karo, wus kapanggih tata palungguhe, ki kajinah gupuh denira ngling, tetanya aniti, kang kinanthing iku. Kinanthi. Ki jaka Islar umatur, ngaturken tingkah ing nguni, mring tetamu ingkang mindha, jalma santri awlas asih, punika kintun kalpika, katura marang kiyahi. Punika pratandhanipun, asma kang munggeng jro singsim, kajinah nampeni sigra, sosotya binuka aris, pustaka jroning kalpika, pinandeng munya dumeling. Estu pusaka satuhu, agem jeng sultan Ibrahim, Ibnu Adam ing Bulkiyah, kajinah sawusnya titi, gya sumujud ing bantala, sru sokor sihing hyang widi. Satangine saking sujud, sigra amojar marang rabi, iki nyahi wruhanira, dhedhayoh kang mindha santri, kang tutulung marang ing wang, iku jeng sri narapati. Ing Bulkiyah ratuningsun, kang miseseng pati urip, pustaka jroning kalpika, kang wawarah marang mami, babo nyai bekjanira, sokur kena den aubi. Nyai kajinah duk ngrungu, langkung sukanireng galih, mojar sarwi ngusap dhadha, dhuh gusti sri narapati, bisa temen namur raga, dene kongsi anglampahi. Lumampah anusup-nusup, apa karsane jeng gusti, nora linyok tangguh ing wang, kumudu anggegendholi, dhuh engger rara sulbiyah, tedhanen marang hyang widhi. Darapon sira lulus, kagarwa jeng sri bupati, kiyahi singsim punika, paran ingkang dados kapti, singsim semu panengeran, ki kajinah sigra angling. Eh ta Islar paran iku, kasidaning ali-ali, sapa ingkang pinaringan, jaka Islar matur aris, kiyahi mugi paringna, dhumateng bok ayu sulbi. Ki kajinah sigra mulung, rara sulbi anampeni, kalpika laju ing nganggya, saplak ing dariji manis, prabanira sang wanita, kasuluhan dening singsim. Wuwuh sumunu dinulu, samya suka rama bibi, ing sawusira mangkana, jaka Islar sigra pamit, mring ibu miwah sudarma, yyan ta badhe anututi. Anglabeti karsa prabu, denirarsa tawab kaji, jumurung ibu myang rama, jaka Islar mesat nuli, gung sineru lampahira, tan winuwus aneng margi. Kadya pitulung hyang agung, lampahnya agya kapanggih, kalawan jeng sri narendra, nuju kendel sor wreksa di, gya ngabekti jaka Islar, mesem jeng sultan ningali. Alon ngandika sang prabu, eh Islar agelis prapti, paran baya lakunira, ki Islar matur wot sari, ngaturken purwa wusana, ing karya dupi tinuding. Miwah ing nalikanipun, ngaturken paparing singsim, dhumateng kiyahi bapa, langkung suka reneng galih, menggah tur nyahi paduka, sumonggeng karsa jeng gusti. Tuwin nalika dhumawuh, nawala dhateng ki patih, nuju siniweng punggawa, dupi nupiksani tulis, ki patih arawat waspa, maos surat lan manangis. Wusnya pinaringken sagung, mring nayaka kang sumiwi, gantya-gantya kang nupiksa, kathah kang waspanya mijil, wusana rekyana patya, parentah angleksanani. Sadaya kang dados dhawuh, kang munyeng jroning kintaki, lan malih parentah ira, mring nayaka agung alit, pinrih bela lara-lapa, kang samya tresna ing gusti. Nunten nawala lumaju, katur mring jeng prameswari, ki patih agya siyaga, sakeppraboning ajurit, tan antara nuli budhal, kyana patih nyaririani. Lampahnya meh sareng ulun, yata jeng sultan miharsi, mring ngaturnya jaka Islar, langkung sokur ing hyang widhi, mring tumemening kya patya, lumakya angnyeng narpati. Jeng sultan ngandika arum, Islar sira sun jarwani, lalakon sariraning wang, samengko wus antuk kang sih, ing gusti sang murbeng ngalam, karsaningsun den jurungi. Pratondha ingsun katemu, mring papara nabi kekasih, kang dhangin jeng nabi Ilyas, maring ngislama mami, myang pangestu sung mupangat, kapindho jeng nabi kilir. Maringi salam pangestu, lan paring nikmat linuwih, jro papalir neng kamulyan, pindha sasaneng swarga di, Islar sira tingalna, pratondha kang aneng mami. Jeng sultan sakedhap mesu, ing cipta lir para nabi, tan antara salin alam, panggenan kang den lenggahi, munggeng ing ngisor mandira, mulya dadya taman sari. Kawuryan mesi kadulu, sekar kang munggeng ing benjing,

telaga wening kalintang, sapungkuring bale rukmi, kang linangse ing diwongga, papajangan tulya asri. Miwah palenggahanipun, singangsana kang rinukmi, rinurum dening sosotya, alelapak prang medani, dhadhaharan miwah inuman, supaos munggeng ing ngarsi. Jaka Islar dupi dulu, ngungun cengeng aningali, rarengganing papajangan, dene sarwa sosotya di, jeng sultan katingal lenggah, munggeng singasana manik.
Taksih wonten candhakipun.
Raden Panji Partakusuma.

Ongka 23 Kemis kaping 8 Juni 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Nalika malem Senen kang saweg kapengker ing dalem asistenan Surakarta ingkang kadamel pista katingal angegla mawi aksara dilah anyebutaken kormat dhateng Pan Dher Wek sagotrahipun ingkang badhe mangkat enjingipun, mongka sedyaning para mitra rinubunga sapisan engkas.
Wonten malih tetembungan ingkanag sami sesebutanipun dipunpapanaken sangandhaping galdri madyaning konten sarta aksaranipun mawi karengga, sisih kiwaning galdri lebet punika ingkang dipunrengga kadamel mapanaken tun sarta garwanira kang sawek kaormatan sarta panggenanipun para agung-agung, sisih tengen kadekekan wapenira tuwan Pan Der Wek ugi mawi sinukarta wonten seseratan sesebutanipun: riyong sajiyu, tegesin ora ana barang bisa tumindak yen ora kalawan panjurung ingkang wasesa, wonten lung-lungan ingkang rumambat urut timbok mawi maris sakawan sarta ciniren seseratan kumidhen uti dhulsi kumisi pamulangan gedhong mulasara sunu pamulangan gimnasti, sedaya pedamelan wau tuwan pan dher Wek tumut amandhegani lepat dipunjumeneng presidhen inggih dados lid sainggiling konten lebet wonten seseratan ungelipun Surakarta Bogor, nginggil wonten seseratan malih mugi wilujeng sapanginggilipun ing pundi-pundi kadekekan paris rurumpakan, dene bendera tri warna dipunpapanaken ing pundi-pundi asri tiningalan.
Ing wingking dalem wonten pakebonan dipunrengga kadekekan dilah ting pinten-pinten sarta korsi utawi meja kadamel nyadhiyani kang sami karsa isis sasampuning sami dhangsah.
Wondene awit praptaning tamu jam satengah wolu, sareng jam sanga sasampuning para luhung-luhung rawuh punika jongkir Pan Dher Wek sagarwanipun prapta lajeng kairid dening ingkang jumeneng presidhening pista tuwan Upreste Sefer, boten dang ulajeng wiwit dhangsah, meja main pinten kebak tuwin papaning minuman ugi tansah dipuntuweni.
Nahan kandhaning para tamu purwaning pista katingal kirang seger utawi kikirangan kempyangipun, limrah asring-asring makaten dangu-dangu marintis sarta tumuwuh gambiranira, sareng sampun sami dhadhaharan boterham sawoworipun tuwin sareng sampun bibaran main para agung-agung sarta para kakung putri sami ngalempak ing galdri ngajeng sarta sami angasta gelas isi anggur sampanye, tuwan UpresteSeper ingkang mresidheni lajeng adamel kundhisi tetembunganipun angormati dhateng tuwan sarta mipro Pan Dher Wek dipunwaradinaken anggennira mimitran, sadanguning wonten ing Surakarta ingkang kaprejengaken malih kumidhen ing Surakarta punika ingkang anyantosani inggih tuwan Pan Dher Wek sarta garwanipun karsa dados pangajeng purih dipuntulada, wasana tuwan presidhen angacari dhateng para tamu mugi-mugi sarasa angunjuk kawilujenganipun famili Pan Dher Wek, lajeng inggih sami saur peksi rambah-rambah anggenira surak, boten dang ukang sinuba-suba amangsuli kundhisi mawi tembung malajeng kasambetan tembung nedrelan suraosipun sakalangkung trimakasihipun, dene para agung-agung utawi para mitra sami guyub amratelakaken sih katresnanira, dene ing sapawingkingipun tan liya ingkang kaajeng-ajeng karaharjaning kraton ing Surakarta.
Sareng ingkang sinuhun sarta kanjeng gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sampun sami kondur maksa taksih sami suka-sukan adhangsah, wasana sareng para dyah sampun sami kondur aguling, punika para priya sami ngalempak ing pandhapi wingking, jongkir Pan Dher Wek kinubengan tansah anggenira gegentosan angunjuk kawilujenganipun, sareng bang-bang wetan sampun sumirat enjing para tamu ingkang awet pyambak angunduri ngupayeng pakasutan sadaya sami saekan saha andadosaken suka renaning galih ngatasing genira anindakakenkumisi pranatan pista.

Kabar camboran

Ing celak panularan Surakarta wonten lembu estri wulu pethak turun Benggala sakalangkung wredi gadhah anak estri sae wernanipun sarta tiru embok, samangke dereng umur 17 wulan mongka saweg gadhah adhi satunggal, medal estri wulu ugi pethak kados kapas dipunwusoni

angremenaken bilih tiningalan, ingkang murugaken nganeh-anehi tracak ngajeng kalihipun cemeng anjanges mawi gilap, dene tracakipun wingking kakalih jene kadi denta, mila kinabaraken awit kathah amastani kapara awis lembu ingkang genjah sarta ingkang wreni pelak makaten.

Nalika tanggal kaping 24 wayah dalu angrintenaken tanggal kaping 25, ing Sragen wonten griya kabesmen kang kapara amitunani kathah, cacah wuwung ingkang kabrastha ing agni 33 iji gadhahanipun tiyang wolu, dene gunggung ingkang kapitunan kataksir 11000 rupiyah, sareng dipuntiti pariksa dening tuwan asisten residhen terang bilih latu wau saking pandameling durjana tuwin wonten tiyang ingkang dhawah ing panggrayangan lajeng kacepeng sarta kakunjara, pamanggihing kathah kadurjanan wau prayogi enggal dipunpancasi awit manawi karembenaken anyumelangi badhe amumucuki yayah nalika salebeting taun 1875.

Wonten gentho ingkang sampun kasusra anama Trawijaya aliyas pak Lancanag wedalan saking dhusun tangsad bawah kamantren laroh dhistrik Wanagiri, gentho wau sakalangkung meceripun dhateng maesa darbekipun Kasan anom dhusun redi wijil, saemper badhe kapurugaken dhateng pajagalan ing Kawisanyar.
Sareng durjana badhe ambikak kandhang konangan dening Kasan anom, ing mongka Kasan anom asikep dadamel pedhang lajeng anempuh dhateng pandung, pun pandung ambekta dadamel linggis, wadung sarta kenthes kajeng wali kukun, lajeng purun amethukaken sarta nepsu, nanging sareng tongga tepalih dhateng tandang pun durjana dipunlarihi ing waos, aled kalih dinten Pak Lancang pejah.

Ing sadinten kalih dinten punika ing Kawis pandhan utawi ing Gadhungan kraos ebah ing bumi, ing Kawis pandhan ebahipun boten patosa namung ing Gadhungan kapara sanget, sanadyan boten ngantos amitunani para tiyang ingkang gagriya ing kanan keringipun dhusun wau inggih maksa sumelang, kawastanan sang giri ladhu ingkang ngalilir genira guling mugi-mugi sumelang ing tiyang wau awit saking gigirisen kemawon, sabab redi manawi dangu kendelipun ing mongka krodha punika bilahenipun boten kenging kawilis.

Kirang langung kalih taun sapriki kapalipun tumpakan tuwan Es upsin der kajeng jati panuju kabekta ider ing brecak wilatung lajeng pincang, sarehning sampun boten kenging katumpakan kapal wau dipunaken bekta mantuk, nanging ing margi ucul boten kantenan wasana dereng lami tuwan Es panuju dhateng ing Bacem aningali gadhahanipun kapal ingkang ucul dipuntumpaki sawijining priyayi, tuwan Es lajeng kinen ngetut wingking priyayi ingkang numpaki, kadadosanipun kapal wau dipungedhok ing panggenan priyayi kang anama Raden Ngabehi Purwapraja ing Jebres, lajeng kalapuraken dhateng Kretanagaran, kapal lajeng katarik ing parentah, wondene tuwan Es pangintenipun bilih kapal enggal kawangsulaken punika boten pisan sabab ngantos sapriki tuwan Es taksih angentos-entosi wangsulipun kapal saemper kados polisi sumelang anggepok dhateng ngabehi Purwapraja wau.
Para tiyang kumedah angaturi enget dhateng parentah karsaha aniti pariksa prakawis kang kasebut nginggil punika, wasana para tiyang boten sumelang yen parentah samangke botena anindakaken adil murih enggal anyepenga ingkang dados pandung kapal sabab sampun kaping tiga punika tuwan Es kapandungan kapal tanpa titik, ing mongka sapisan punika dipunpanggih pyambak, mila nalongsa yen kapalipun ingkang kapanggih taksih kalastarekaken dados darbekipun Raden Ngabehi Purwapraja.

Surakarta

Makatena ing sawawratipun prayantun alim tur sampun ragi sepuh suprandosipun kenging dipunbalithuk dhateng bajingan kang amindha prayangan kang saking Suranadi, nalika wulan Mei tanggal kaping 28 wulan taun punika ing wanci marib kiyahi Kgabdul Kha kaleres saweg

salat maherib, wonten tiyang estri dhateng mangangge rukuk cara bojo kaji, kiyahi Ngabdul Kha uninga nanging dipunwastani bojonipun piyambak, dene ngangge rukuk pethak dipunyana yen badhe tumut salat, ing wusana tiyang estri wau lajeng mendheti barang pangangge kang wonten sampiran, kyahi Ngabdul Kha inggih sumerep ananging dipunyana yen badhe kasimpen, ing wusana pun mindha prayangan medal dhateng pawon lajeng los boten kantenan, kang makaten kapitunan dados gugujengan ing kathah sabab ki Ngabdul Kha getun lan dheleg-dheleg kemawon, mugi andadosakna kaprayitnan.
Katandhan pun Surarja.

Ing nalika dinten malem Jumungah tanggal kaping 2 wulan Junei punika ing kampung kaparak kiwa, kagunganipun kapal titiyan Rahaden hangabehi Pringgadipura ical kabekta durjana pandung, nalika dinten Rebo kapal wau kasuwun katumbas ing priyantun dipunawis 200 rupiyah dereng kepareng, sumerepipun ical kapal wau wanci jam 3 dalu, punika mugi andadosna emut mugi sampun ngantos ngandelaken dhateng rencang sabab bok manawi kados punika slarakipun gedhogan kasupen boten dipunpaceli, tuwin kula trang pirsa piyambak menawi patrolan prapatan Singasaren kang mengidul dumugi kawatan sak pengilen dumugi tipes punika rejanipun tiyang patrol menawi jam 9 dumugi jam 12 kang sarta padhang bulan, panggurdahipun anggegirisi langkung saking jam 12 kang sarta petengan kang wonten namung tingipun pal kimawon , manawi kiranag trangipun mugi kapirsanana. Katandhan Raden Bagus Kaduryatdi.

Ingkang manawi pareng karsanipun tuwan ingkang ngarang *Bra Martani* saha wonten selaning papan, atur panjurung kula punika mugi kapacaka ing pustaka *Bra Martani* wedalipun Kemis ngajeng punika.
Sampun watawis lami anggen kula ngancang-ancangi kapidulur ngaturi panjurung, namung tansah kasendhu ing pakaryan perlu atasipun ing kula, samangke nyangkin metek pandedelipun ing sedya boten wonten sarana ingkang kula damel minongka nibeng kas ardaning kaniyatan wau, sanalika kedah anglirwakaken sedya liya saking punika, mila kaleksanan sumelap sumela-sela wonten ing pasamuwan *Bra Martani* awit saking pangajap lumunturing kadredyanipun ing para swarjana.
Dhuh risang para swarjana mugi sampun wonten angwinihaken ing duka cipta jalaran saking saseratan kula punika, mandar aparinga barkah saserepan dhateng patakenipun tiyang kalimputan kados ing ngandhap punika.

1. ingkang sampun kalimrah ing bongsa jawi bilih nuju dinten anggara kasih Jumungah mawi sasaj isekar angobar dupa, saweneh dinten punika kawastanan dinten malang punika purwa saking punapa.
2. Pangetang turuning laelatul kadri kawatonaken tanggalipun ing wulan Ramlan, punika mirit saking punapa.
3. Nepdaling dinten pekenan punika pamendhetipun skaing punapa.
4. Ing warsa dal punika gogolonganing taun wuntu punapa wastu.
5. Tanggalipun sapisan ing wulan Mukharam warsa alip dhawah ing wuku teka boten wiwit sinta tuwin pahang.

Sampun amung punika ingkang kula suwunaken barkah dhateng para swarjana, mila saking atur kula sampun kagungan panggalih mengku ing kasujanan awit wiwinih ing ngajeng saking tembung pasaja.
Katandhan kula pun satriya ingkang dudunung wonten kebon karajan Surakarta.

Saking kapengin kula wanuh kalayan ingkang sisilih nama Mustari, ngantos boten ngowel dhateng mumeting sirah jalaran kapara mempeng anggen kula angubengaken uket amrih sageda anggayuh padangonipun ingkang mungel ing salebeting *Bra Martani* ongka 21, parandene sarehning balillu kula sampun kagebeng ing papasthen temahan teka wigar kekenthenganing pamanggih, mila ing mangke narimaha kula ngaturi katrangan saking pandangu sampeyan sawek

pepethanipun kemawon rumiyin lowung-lowung manawi kenging kadamel gagaran anglajengaken ing pambudi, pinten banggi ing tembe kula saged andamari peteng panggalih, ananging panyuwun kula namung manawi wonten kalintuning katrangan wau mugi kaanggepa kadi dene mentheng katibup angine mongsa katiga.
Menghah pathokaning keblat saged ugi sumerep boten mawi pirantos pandoman awit kala jaman kina saderengipun para wegik andamel pirantos wau sampun saestu sawiyaha bongsa sumerep dhateng keblat, sanadyan kula boten saged amijang wujud punapa ingkang kadamel ketenger, ewadene saking pangraos kula kados kenging kasantunan dening upami makaten , ing dirgantara kathah maujud ingkang abra markata inggih punika surya, rembulan, tuwin lintang sapanunggilanipun, mongka sadaya wau bilih saking pandelenging manungsa saemper kados lumampah saking wetan mangilen, dados kodrating Allah ingkang makaten wau punapa boten kenging dipunugeri bilih paletheking surya tuwin lintang-lintang wau dados keblat wetan, surupipun keblat kilen.
Wasana kula nyuwun sumerep gentos punapa sababipun lampahing angin ajek ing pulo jawi punika, bilih mongsa katiga saking kidul mangaler, rendheng saking ler mangidul.
Bale paura kaping 31 Mei 1876. Tabiyat.

Sampun kapara lami andheging cariyos sanggrar pamingitan santah mariyah dhelnofah ingkang kapacak ing *Bra Martani* ing mangke kauntubaken malih.

XIII sanggar pamingitan santah mariyah dhelnoyah.

Wasana baron wau kula sukani rembag kula purih papanggiyan kaliyan ingkang rama dyah uktifiyah saha lajeng kasuwuna mugi kaparingaken dados semah, panerka kula mongsa teka boten parenga yen amangwang saking kaluhuraning baron lan kasugiyanipun.
Sang baron anuruti saha katampenan ing sapantesipun nalika amara tamu, saksana sang baron amulat dhateng sang dyah ingkang dados pupundhen sanadyan dereng wanuh, sanget angraosaken kawiryan sadangunipun wicantenan salebeting pinarakan wonten ing prenah celak kaliyan sang dyah uktifiyah, langkung dinten sangkin mindhak kenceng ing karungrungan, pamujinipun mugi-mugi sang dyah animbangana, nanging sang baron lepat panyiptanipun rehning uktifiyah ing ngajeng sampun nate kasengsem dhateng satunggaling priya tur ingkang wau boten kumama, saweg ing sapunikanipun nembe angraosaken bilih kang raka dyah Juliyah punika ingkang kalulutan ing batos, wah malih sanadyan priyayi wau ing sapunika sampun palastra panyiptanipun dyah uktifiyah sampun kinencengan dening wiraos saha tan saged ginggang anggenipun reraketan ing batos akaliyan priya kang sampun lamis.
Ing sawatawis dinten mitra kula baron wau atutuwi malih dhateng dyah uktifiyah, ciptanipun badhe anyuwun kataimbangana anggenipun kayungyun, wangsulanipun manawi sakalangkung nedha anarima saha kurmatipundyah uktifiyah dhateng baron, ananging boten pisan saged animbangi katresnan, suprandosipunsang dyah bilih wonten karsaning rama kinen amasrahaken raga dhateng sang baron inggih sedya linampahan, rehning badhe netepi kawajibaning tanaya ingkang bangun turut, ananging manawi dipunsakajenga boten pisan purun dados semahipun sinten-sinten serepipun badhe anglampahi wadat salaminipun gesang.
Sarehning mitra kula sang baron wau sanget anggenipun anetepi dhateng lampah ing kaprawiran sarta andarbeni bubuden alus mila boten purun ngupadi kawiryan ingkang angendhih dhateng kasangsaraning tiyang sanes, lan boten purun krama yen boten pancen dados kajengipun wanudya piyambak, mila dados kendel anggenipun narekahi.
Dene kula piyambak inggih angleresaken dhateng sang baron lajeng kula ateraken dhateng dalemipun kang rama dyah uktifiyah, punika inggih tumut mupakati ing pamanggihipun mitra kula sang baron sami kaliyan panampi kula, ewadene amitedhani serep ugi bilih cuwanipun sanget rehning boten saged anglulusaken kapendhet mantu.
Makaten rampahipun mitra kula ngantos anemahi brongta kingkin, monga manawi kaumpamekaken puspita saweg wancinipun mekar, salajengipun dados kula tumut anenggani

sapuminisan, kajawi manawi kapambengan wonten padamelan ingkang prelu sanget anggen kula anjarumi murih anglejaraken manahipun mitra kula.
Sang baron amituruti kajeng kula, nanging boten maksa kayungyun ing sadinten-dintenipun wewah anglayung, katawis sirna dayanipun sareng dungkap satengah taun seda, kula cerekaken layonipun dhateng astana.
Ing sanalika parelti boten saged anahani waspanipun ingkang adres mijil sanadyan sang grap warselo ingkang ngamung myarsakaken inggih kadi rinontog galihipun.
Awit saking sangeting murina dhateng dyah uktifiyah, marselo apitaken kados pundi ing tembe wekasanipun.
Wangsulanipun pareli, rehning kang rama dyah uktifiyah seda ing dalem kalih taun dumadya dyah uktifiyah anglajengaken kaniyatanipun anglampahi wadat manjing dados siswa pasucen sanggar pipingitan.
Pareli sanget cuthel kojahipun kasaru sang ertoh bertoki anyelaki dhateng satriya gung kakalih, pareli nunten amanuhaken mitranipun grap marselo kaliyan sang ertoh enggal sami raraosan prakawis remeh ingkang kalair sadinten-dintenipun, dangu-dangu supeket pamitranipun kadi sampun wanuh pinten-pinten taun. Taksih wonten candhakipun.

Candhakipun bading jagad
Wiwit 2000 taun sadurunge kanjeng Nabi Ngisa
Fasal II
Babade tanah Indi

1. Kalane jaman kuna ana sawijine bongsa dudunung ing prenah kidul kulone tanah Asiyah ing Samir utawa ing cedhak wewengkone, bongsa wau diarani bongsa Arya utawa Ari, bongsa iki salong kang padha ngalih ngidul parane urut bangawan Indhus, basane sangkrita, kitab-kitabe bongsa Indhu ingaranan kitab Weda iku tinulis ing basa sangkrita mau.

Bongsa Ari mau salong kang ngelor kulon parane iya iku kang nurunake bongsa Persi, bongsa Arab, karo anurunake meh bongsa Eropah kabeh.

2. Layang Weda kang kasebut ing dhuwur mau angandhakake yen bongsa Ari iku padha marsudi among tani lan panginguning raja kaya sarta padha lunga saka bangawan Indhus mangetan anurut bangawan Gongga, anelukake isining bongsa ing kono nalika 2000 taun sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos, anadene perange karo wong ing kono mau kacaritakake ana ing layang Ramayana ing taun 1400 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos, tanah Indhustan teluk marang bongsa Ari bareng ing taun 500 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos uga anelukake tanah dhekan sarta pulo salon.
3. Sawese Indhustan teluk kabeh marang bongsa Ari, iku anuwuhake praja pirang-pirang kabeh tan beda sarengate utawa pranataning praja, anadene layang panggerane snag manu iku titi mangsane 700 taun sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos ing kono sok mongka dadi gawe patang perangan kayata, brahmana, satriya, wisiya lan sudra, brahmana iku ulama kang menehi panggeran sarta kang menehi pratikel marang ing sang ratu bab panyekele nagara, dene para ratu padha ora wani analisir rembuge bongsa bramana.
4. Bongsa anyar kang nelukake Indhi mau duwe panutan anyembah bathara Endra, pamburine anyembah bathara Brama, nuli bathara Brama mau diasmani telu kayata bathara Brama kang anitahake, bathara Wisnu kang anyantosani, lan bathara Siwah kang anglebur, mulane diarani Trimurti.

Ilmu Brama anyesutake yen jiwaning manungsa anitis-nitis saka ngisor mandhuwur sapangkat-sapangkat kongsi sigeg bali ing bathara Brama kang anitahake, para bramana banget enggone marsudi among tani anatah sarta ngukir reca tuwin kawruh ing rurumpakan akeh kanag padha anganggit layang-layang.

5. Ing saprene taun 600 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos ana sawijining sujana anama Sakyamuni putrane ratu, sangkane saka pagunungan sisih lor kaliwat enggone wicaksana tuwin alim, janma mau angudi murih anglaras agama Brama, dene kang diwartakake

nyawane manungsa iku kena disuwekake sarana mratapa nglakoni dhendhaning dosa anyirnakake kahanane nganti tumeka ing rahayu tana kena winirasa, sang Sakyamuni jumeneng pandhita akeh muride, sasedane diarani Buda tegese pujongga, lawas-lawas sang Buda dianggep dewa bareng kang panutan Buda lawas gone rebut unggul karo kang padha panutanBrama, kang panutan Buda mau kasoran kongsi ditundhung saka ing Indhustan, pating palesat ing sisih wetan sarta kulon iya iku wektu wiyose kanjeng Nabi Ngisa.

6. Sawise ratu agung Iskandar Dulkarnin ing Masedoni wus anelukake sisih kulone tanah Asiyah nuli tedhak urut kali kabul, marang tanah wenjat, iya iku tanah kang mengku kali lima, banyune wutah dadi sawiji ing bengawan Indhus karsane sang prabu tindak nganti ing bengawan gongga, nanging bareng karsa nyabrang kali lima kang bang wetan pisan wadya balane ora paca gelem andherekake, bareng ing taun 326 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos, prabu Iskandar Zulkarnin tedhak maneh nurut bngawan Indhus, mangidul nganti perang …banjur kondur marang Persi miyos malih urute ara-ara sisih kidule pasisir ing belujistan lan Persi. Taksih wonten candhakipun.

Wangsulan pandawa Sukarakarta

Sanadyan boten dados punapa kedah-kedah anglairaken suraosing manah kang esmu mangungun, dene kados boten tumrecep ing panginten-inten, menggah tiyang sepuh punika saestu sampun boten purun awit sampun boten remen manawi amiraos kados dening suwalan jawab ingkang sakedhik paedahipun, sabab sampun kaengetan ing purwaning agesangdumugi wusananing ing jaman kang langgeng mugi-mugi kauningana sampun andadosaken rengat ing panggalih, ewadene kula boten anyerepi ing karsanipun tiyang sepuh sanesing kenek redhaksi.

Punika candhakipun cariyos Nawawi

Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Kinanthi. Katon ujyala sumunu, kumukus ambusanani, langening bale turunan, jaka Islar gya nungkemi, ing pada turnya mangrepa, dhuh gusti sri narapati. Estu wahyu geng dhumawuh, dhuh pukulun mugi-mugi, lumuntura sung mawahya, mring abdi kang kawlas asih, gusti lamun mangkatena, kawula panjingna murit. Tumemen dasih pukulun, tempuhneng kang satru sekti, lebur luluh tan suminggah, jeng sultan ngandika aris, Islar ingsun anggep sira, nanging ngungkurna sak sirik. Jeng sultan wusnya ngandika, gya umadhep ing keblat angabekti, marang sang amurbeng tuwuh, maosa surat sukuran, jaka Islar neng wuri tumutur sujud, mangkana sawusnya salam, gya dhahar sri narapati. Nyanyamikan paparingan, ingkang miji saking asmaning widi, wusnya dhahar sang prabu, ki Islar kinen nadhah, jaka Islar kaecan pambuktinipun, gumuyu lan matur nembah, dhuh pukulun sri bupati. Lamun kados makatena, tembe wingking tan susah ngraratengi, dene nikmate kang langkung, sagung bukti paringan, nadyan panti tan susah yasa pukulun, tur punika sarwa endah, nglangkung ipakaryeng jalmi. Jeng sultan mesem ngandika, eh wruhanta Islar ingsun tuturi, kang mangkono dudu laku, karem kamulyan donya, mung narima umanut karsa hyang agung, yya lali wajibing umat, ing satata den lakoni. Kang mangkene kala mongsa, apa sira tan ngrungu caritaning, jeng Suleman Ibnu Dawud, jumeneng nabi raja, karatone Nabi Suleman linuhur, tanpa sasameng tumitah, lan jeng nabi kocap sugih. Paran dene nora tinggal, ing pakaryan sacara-careng jalmi, aja mungguh kaya ingsun, yen lamun kasupena, nora wurung ing besuk nemu babendu, ki Islar gumuyu suka, dhuh-dhuh gusti inggih inggih. Ingsun dherek ing sakarsa, mugi-mugi kuwata anglampahi, yata wus antara dangu, kendelira jeng sultan, nulya linggar ki jaka Islar tut pungkur, sajengkarira narendra, wisma di wus sirna sami. Paripurna kadya lama, tan winuwus kamulyanya samargi, lepas lampahnya sang prabu, wus prapteng kakbatolah, nuju mongsa tawab kaji pepak sagung, oliya jamhur suhada, seseg penuh jroning masjid. Sarawuhira jeng sultan, lawan jaka Islar manjing jro masjid, samya singak kang andulu, mring cahyane kang prapta, dene kadya basonta nalika bangun, angaladi pasamuwan, lir rinengga jroning masjid. Samya mire ingkang celak, wus anyana lamun dede sesami, jeng iman masjid dinulu, tan samar mring jeng sultan, uluk salam sarya marepeki gupuh,

jeng sultan binekta lenggah, munggeng ing ngarsa pribadi. Lawan angaturi salam, she mahribi suka ngesorken dhiri, wruh yen kekasih hyang agung, nging tan arsa malehna, yata dangu tawab kaji bakda sampun, jeng sultan Ibrahim medal, she mahribi atut wuri. Luwar sadaya bubaran, sowang-sowang mung kantun she mahribi, kang angsung wuwulang sampun, ing patrap kasuciyan, mring jeng sultan sadaya sampun kacakup, she mahribi nulya musna, jeng sultan kantun neng masjid. Sultan Ibrahim ngandika, ehta Islar mintara ingsun tuding, sira maspadakna laku, si patih abu ilham, talikanen ing pratingkah ingsun utus, yen sira uwis waskitha, nuli baliya den aglis. ingsun anti aneng Kakbah, ing tri ari ngiras ngeningken dhiri, ki jaka Islar wot santun, sigra mangraub pada, agya mintar gancang lampahnya sineru, nengena kang aneng marga, wuwusen rekyana patih. Lan sagung para punggawa, ingkang sampun mimba saking nagari, saglar sapapan gumergut, watara kawan nambang, prajurite sikep gagaman prang pupuh, lembing busur lan gudebag, paser duduk lan jemparing. Sadaya dinekek ngarsa, piniliyan kang sami sura sekti, denirarsa aprang pupuh, mangrurah sarpa galak, kya papatih nimbali pangageng dhusun, ingkang kinen anedahna, panggenan sang sarpa werit. Tan antara sampun prapta, ngara hara ronging sarpa kapanggih, kadya guwa langkung singub, kya patih gya parentah, ronging sarpa kinen mangrurah den gupuh, lan kinen nabuh tengara, lan surak mawanti-wanti. Gong kendhang munya wurahan, kadya guntur gumuntur balebegi, yata sang naga winuwus, kang aneng jro bantala, dupi kongas gandane sujalma agung, sang sarpa ngakak gya medal, genging sarpa tigang tiris. Sisik gumebyar lir retna, netranira kadya baskara kalih, galak makrora sumebut, mring gening sakeh jalma, mangap-mangap mangingkis wisa sumembur, tinadhahan ing sarampang, duduk cacap lan jemparing. Paser suligi gudebag, saha surak kkumrutuk lir garimis, sang naga kosik kalimput, nanging datan ngumama, dening braja langkung kandel sisikipun, maluruk sangsaya krodha, pethik pinuter kumitir. Sumiyut nabet manungsa, kang pangarsa keh mati kapalipis, snag sarpa naut manembur, wisa tumameng ngongga, apuyengan maledug tan kena kiwul, rumab katamaning wisa, keh niba pating gulinting. Wadya lit mangelun bubar, kyana patih waspadaha ningali, krodharsa umangsah gupuh, rehning kalangkung merang, de ingagnyan mring nata tiwasing laku, tan wus yen manggih duduka, kya patih mahambek lalis. Sigra nyandhak pangawinan, yata para punggawa para mantri, wruh lamun ki patih bendu arsa umaguta prang, para mantri kumrutug mengsah mangayun, tuwin bupati satriya, gumulung pareng ngebyuki. Ngalingi rekyana patya, mangrubuti sarpa saya mawredhi, ngakak manahut manembur, kalis katiban braja, para mantri keh sinaut kabarubuh, kang panggah-panggah kasrakat, wuwara keh kang ngemasi. Suprandene datan ginggang, wit tumemen ing karsa narapati, yata kang rame prang pupuh, ki Islar kawuwusa, dupi prapta kagyat denira andulu, dene mantri keh palastra, ki Islar mangsah tan wigih. Manjing kang uleng-ulengan, jaka Islar sigra anyandhak pethit, sarwi narik cundrikipun, pethit sarpa pinagas, awetara sacengkang tugeling buntut, sang sarpa ngaceceng pejah, saking ampuhnya kang cundrik. Ki patih waspada mulat, lamun jaka Islar ingkang mejahi, kya patih tumedhak gupuh, saking luhuring kuda, marepeki mring jaka Islar rinangkul, ki patih saya manabda, eh ta babo suta mami. Islar sira iku prapta, tulung ing prang marwaseng naga aji, estu yen sira pinunjul, kinathi Jaka Islar, kyana patih langkung denya sugun-sugun, tuwin kang para nayaka, nungsung sabda rum amanis.

Taksih wonten candhakipun. Raden Panji Partakusuma.

Ongka 24 Kemis kaping 15 Juni 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Kacariyos ing dinten Senen tanggal kaping 5 wulan punika wayah satengah satunggal, ing sepur setasiyun wingking Mangkunagaran katingal uyel-uyelan, punapa ingkang dados nalar dene kreta ingkang sami dhateng boten wonten pedhotipun dipuntitihi para dyah para tuwan, sakedhap kemawon galdrining setasiyun sampun kebek dening para ingkang wisma ing nagari Surakarta, musik saking loji ageng inggih wonten ing ngriku amratandhani bilih wonten damel inggih punika kormatipun tuwan Pan Dher Wek saha ingkang garwa ingkang sakalangkung kathah among mitranipun ing salebeting tigang taun anggenira wonten ing Surakarta. Nalika samanten kathah ingkang sedya amrejengaken seca tuhuning pramitran sarehning sakaliyan badhe bidhalan dhateng Bogor.

Wasana kreta landha udher kagunganipun kanjeng tuwan residhen dhateng katitiyan dening tuwan asisten Pan Dher Wek kaliyan ingkang garwa kairingaken erawah sami busana pethak tetenger serep biru lajeng sami kumpul ing kamar panggenan tamu, ing ngriku garwanipun tuwan militer komendhan smapun angantosi, nahan sareng sampun angiseni gelas mawi anggur sampanye wahaning kumisi pista lajeng kanjeng tuwan residhen karsa amangandikakaken tembungipun sakalangkung amurugaken seging manah awit kaicalan amtenar bau tengen ingkang saestu wegig guna kastawa saged angejum dhateng para mitra, dene tuwan Pan Dher Wek ing saestu sasat kacawisan pangkat ageng-ageng bok manawi ing pawingkingipun tuwan Pan Dher Wek ingkang badhe kapiji anggentosi palenggahan jumeneng residhen ing Surakarta, wekasaning tetembungan kanjeng tuwan Lamres andhawahaken pamuji dipunslameta anggenira sami lampah tebih sarta ing tembe sinembadan saged wangsul sasarengan sagotrahipun sarta jumenenga residhen ing Surakarta.

Saksana mipro Pan Dher Wek amandhi gelas isi sampanye sarta anglairaken tembung arum amanis, suka panrima dhateng para ingkang karsa anjujugaken samawana dhateng kanjeng tuwan residhen Lamres sagarwa putranira anjalari dados kasenengan.

Gya wancining bidhalan sampun andungkap lajeng sami pamit-pinamitan, kathah ingkang sami angrentahaken eluh lajeng tuwan Pan Dher Wek sagarwa putra anitih ing etrein suling mungel sarengan sendhon wilhelmus pan nashuwin, amratandhani yen ingkang sinuba-suba oncat saking Surakarta, dene ingkang tinilar kantun angraosaken sakalangkung turidanira yayah kapegatan tresna.

Kabar saking Ciyamis

Nalika malem Senen tanggal kaping 21 wulan Mei, sang bupati Arya Kusumadiningrat karsa aboja krama angormati tuwan asisten residhen mister Mates sagotrahipun.

Sajawining para priyantun Walandi Jawi ingkang dipunsuruhi saking ing pundi-pundi, para alit ing bawah Ciyamis sami kumpul kiwa tengen ing kabupaten sedyanira badhe angsung wilujeng dhumateng tuwan asisten residhen sagarwa putranipun ingkang badhe bidhalan saking Ciyamis.

Tatembungan ingkang kalairaken dening sang bupati nalika smai ngadhep pasugatan ingkang sarwa pepak, dunungipun tumanduk dhateng tuwan Mister Mates sagotrahipun, punika mijil saking ing satemen-temen sarta tetembungan wau amratandhani manawi ing purwa dumugi wekasanipun priyantun gung kekalih wau sami sae kapraya sanadyan ing padamelan nagari utawi ingkang kalebet ing among mitra.

Sasampuning dhadhaharan tuwan Mister Mates sagotrahipun kinormatan dening para priyantun Jawi sarta ingkanag dados komendhaning prajurit mawi gendhing saha pandam kathah, lah nalika samanten para tiyang ageng alit nem sepuh sami sakarya majeng anyaosi wilujeng dhateng mundrining lurah ingkang emggal misata kathah ingkang sami anguswa pada, mila ing pangraos para ingkang wonten ing Surakarta boten pisan kamereni awit kadhatengan janma ingkang kadya

Mister Mates sagotrahipun malak mandar sami dipunpanembrama, dene ingkang batine boten sirna anggen kula angraosaken suka seneng sadangunipun cacelakan kaliyan Mister Mates.

Ing *Bra Martani* ongka 23 angabaraken bab lembu ingkang anak-anak medal estri wulu pethak kados kapas kawusonan wreninipun inggih sae, ingkang nganeh-anehi suku ngajeng tracakipun kakalih cemeng anjanges, ingkang wingking kakalih kados gadhing, sareng kula anyumerepi manawi wonten lembu ingkang ujudipun makaten dados kula kengetan nalika rumiyin ing nagari Benggala cariyosipun wonten lembu ingkang makaten wreninipun, sarehning ingkang gadhah kacupetan dados kawade, ananging sasampuning dipunpariksani ing tiyang saking pundi-pundi mila saged pajeng yatra kathah, dene ingkang badhe anumbas asalin tindhih, wasana ingkang ngonjoni regi punika ingkang menang mongka priyantun agung sugih, sareng lembu wau sampun wonten ngastanipun priyantun ingkang ngarsakaken tumbas anglangkungi malih anuwuhaken kabegjan, pangkatipun priyantun mindhak-mindhak sasat tan pasah, dene anggenira anggelar jajahan sakalangkung amikantuki, sarehning kewedan anggen kula nempelaken nugraha wau kaliyan lembu kang tinumbas dados sapriki dereng manggih katrangan, ewadene pamanggih kula kados saking kathahing tiyang ingkang mastani bekja, mila gampil anggenipun ngupados konca ingkang dipunajak amulasara siti utawi ngupados kauntungan sanes.
Ngayogya ping 12 Juni 1876.

Ingsarat kabar *Porsten Landhen* anyariyosaken makaten

Bab panen pantun ing kiwa tengening Imagiri boten patos angrebda kados pangajeng-ajenging para tiyang sabab sisih kidul lan urut lepen Opak pantunipun smai kathah ingkang gabug, pamanggihing para tiyang jalaran saking kapethatan jawah.
Nahan ing bumi Pundhong wonten ingkang nindakaken lampah sanes ngatasing pananem pantun, kadadosanipun sakalangkung amikantuki, tuwan ingkang dados up sinder ing ngriku angatrapaken makaten: ing mongsa kapatsabin dipunmilujeng ngantos lebet nunten dipunayemaken sawulan laminipun lajeng lekas anyebar wiji dipunangkah ing mongsa kanem sageda amencar winih, atrap makaten wau sakalangkung angasili sabab amewahi dhapuran sarta ageng-ageng elasing pantun andadosaken untungipun para alit.

Nalika ing dinten Senen kang saweg kapengker wonten satunggaling lare jaler jumaka anyemplung ing lepen caket Jurug lajeng kerem, ing ngajeng dipunwastani toyanipun boten patos lebet mongka ingkang dipunanjlogi panuju kedhung.

Ing bawah Ngayogya ingkang sami giling tebu kathah sumelangipun awit kathah jawah deres utawi angin barat, owel bilih kalajeng sabab tebunipun sami seger tuwin sae sadaya.
Sasakit benter tis inggih dereng wonten mendhanipun malah mangke wonten sasakit weteng sasarengan benter tis.

Wangsulan sarta pangargya

Ing *Bra Martani* ongka 22 wonten pratelanipun bab babading jagad, ingkang punika sakalangkung andadosaken bingahing manah kula dene babading jagad smapun kajawekaken, awit anggen kula angajeng-ajeng tumangkaripun babad wau sampun lami saha kula purun mastani yen ageng pikantukipun amargi kawruh saking tanah Eropah sami pasaja sarta wantah asarana wawaton nyata, pangraos kula piyambak bilih tiyang jawi sasaminipun ingkang sampun kacipratan kawruh saking tanah Eropah lajeng kathah indhaking panglimbang ingatasipun prakawis ing alam donya ingkang netepi tuwin boten temahan kapara ical gugon tuhonipun.
Wasana panyuwun kula dhumateng panjenenganipun redhaksi ing saderengipun babading jagad kadamel jilidan mugi wontena karsanipun macak ing *Bra Martani* satamatipun, kula masthekaken yen kathah tiyang ingkang mrelok bulokaken maos sarta ing *Bra Martani* mindhak regeng awit wonten peni-peninipun angungkuli ingkang sampun kalampahan. Sarjani.

Sakalangkung suka seneng ing manah kula dene pun embah Jalangen karsa angarubiru dhateng lepating panyerat kula sadaya sabab kadi dene ingkang kasebut ing *Bra Martani* ongka 21, ananging saseratan kula ingkang satunggal bab ingkang anyebutaken kuwaos punika anjawi karsanipun embah pangraos kula boten susah pun embah aru biru, awit wonten ing ngriku dhasar sampun tetela yen kajarag.
Mekaten malih pun embah aparinga saserepan menggah ingkang dipunwastani tembung rimbag lan sambawaning tanduk punika kados pundi. Kaliyan malih embah, kula suwuni berkah aparinga saserepan bab tembung dangu, gugu, rungu, liru, siku, risi, sami, keri, sapanunggilanipun punika menggah rimbaging tanduk kados pundi, utawi malih marma, darma, arca, arja, arga, arda, sarta, sapanunggilanipun ingkang makaten wau kawastanan aksara punapa.
Sampun namung punika kemawon rumiyin ingkang kula suwunaken embah ing panjenengan sampeyan embah.
Wasana sanget-sanget ing panuwun kula dhumateng paringipun embah Nukarta saseratan kula sadaya wau boten namung kula nyaosaken pangonggo-unggo kula kalayan getun angungun kang ajalaran kapegatan sih katresnan ingkang rumesep ing sanubari dening wayah ing jengandika bok yayi retna Rara sejati.
Balerong lek 26 asuji tuwin dyiwala ing warsa sandak sadha, angkaning warsa condra sangkala dwi rada brahmana tunggal.
Mitranipun kawa Ngayogya, Pati open.

Dinten Akhad kaping 18 wulan punika wanci jam pukul 9 enjing kula pinuju kakesahan medal ing margi Cayudan mangetan, dumugi sahantaraning margi Carikan kula lajeng kapethuk prayantun numpak kareta pangageman kuluk lan nyampingan, wanci satengah tuwuh jedhulipun saking ngalun-alun mangilen kilap purugipun, salebetipun trenjuhan wau meh kemawon kula nekuk dhengkul sabab kula kanyana prayagung nayaka dados kula parlu tangled dhateng sarengan kula malampah, e priyantun kula kok sampiyan serepaken ingkang nitih kareta punika wau sinten, sang lumampah mangsuli kalayan mrengut makaten ah nika niku bok manawa priyayi jaksa pangulon aran Mas Behi Dipa Pradata, sareng wangsulan makaten kula kapara kaget e punapaha dene namung samanten pangkatipun mawi kenging numpak kareta wonten ing alun-alun, sang lumampah mangsuli iya bok gih teka damar mancung cinupet gunemira ta kang kok kaya dhayoh, inggih sampun.
Katandhan Badranaya ing Baki.

Panjurung kabar mamelas ing Surakarta

Para tiyang alit ing loji sande sami anggrantes jalaranipun saking lurah ing kampung Kartasudira punika patrapipun saklangkung resah kadosta: yen wonten satunggaling tiyang kampung ngriku yen nuju patrol Kartasudira wau asring angedhangi, yen pinanggih tilem tingipun kaseler, enjingipun kang patrol sadalu wau katarik saha kaajrih-ajrihi badhe kasepir, ing wekasan kang patrol wau serep adatipun lurah mila lajeng munjung dembaga bunder kaliyan Kartasudira, ting lajeng kawangsulaken, sadalunipun malih Kartasudira ngadhangi dhateng patrolan ananging pinuju taksih sami melek lajeng gurdah: Kartasudira lajeng gebleki pedhang kaliyan konca patrol sarwi misuhi kathah-kathah: e bok inggih sampun kagungan patrol makaten lurah, ing wusana lakuhan makaten wau sampun rambah-rambah.
Anjawi punika Kartasudira wau sampun nate ngapusi ting manginten gadhahanipun Mas Behi Martapradata ugi nunggil sakampung liji sande, mandar katur ing parentah kilap katranganipun sarta malih purun-purun ngangge nami raden ing mongka asli alit, mila kula badhe ngabaraken malih. Katandhan R.D. kapriksaha.
Meh kemawon serat tingkeman isi panjurungipun R.D. boten katampen jalaran namung dipuntempleki mustaka raja satunggal iji, ing mongka werating serat kapanggih tikel mila redhaksi ambayar 20 sen malih, ing pawingkingipun manawi wonten serat ingkang makaten redhaksi suthik anampeni.

Punika candhakipun cariyos babadipun nagari

7. sawuse prabu Iskandar tedhak ing Indi lawas antarane nagara mau ora disaba maneh dening bongsa liya, wasana tanah Indi mau banget mumbule atasing tata krama kasugihane arta ing manungsa, anadene wulange sang Buda nuwuhake sasatron kang padha manutan pandhita iku diungsek sarani Indi.

Kacarita tanah Indi akeh prajane, kang duwe paprintahan sarta anggeran dhewe-dhewe mulane ewuh banget manawa anedya anelukake Indi kang sugih uwong.

8. sajrone taun 1398 sawuse kanjeng nabi Ngisa miyos anyaritakake janma aran Timurleng saka nagara Samarkan ing Turan utawa Turistan prapta ing Indi anindhihi wadya bala bongsa Monggul angungsek kongsi ing Dheli ing bengawan Gongga sarta tansah unggul ing jurit, Timurleng wau sarengate Islam, banget dikeringi awit saka putus ing kawruh, nuli amencarake agama Islam ing sajrone tanah Indi, sasedane sang Timurleng ing taun 1405 kratone diwaris dening putra wayahe.

9. tedhake sang Timurleng siji aran batur iku kang ambangun praja gung ing Dheli lan Agrah lan anelukake Indi, apa maneh akeh olehe nglumpukake raja brana, dene nalika jumenenge ratu agung akbar tanah Indi banget masesane, Akbar mau seda ing sajeroning taun 1605, wasana sajumenenge urengset tanah mau awit rusak, ratu iki sedane ing taun 1707, saingga rawuhe namersah ratu ing nagara Persi kang nglebur nagara Dheli sarta ambandhang sakehing raja brana.

10. wis kuna mula nagara Indi kasusra bab kasugiyane amal raja brana lan akeh pametune kang ora tumuwuh ana ing nagara liyane, mulane pametu mau diajeni banget apa dene bab taberen kayata tenunan iku banget angonjoni, wong dasiyah tengahan lan kulon utawa wong Aprikah padha nukoni barang adi-adi mau saka para dagang kang padha adadagang metu dharat ing Asiyah tengahan utawa ngambah lautan metu sagara kulsum tumeka ing ngerum san suwes.

Kacarita wis lawas para dagang ing tanah Eropah nedya menyang tanah Indi dhewe akulak barang gramen, nanging ora ana kang weruh dalane apa kena diambah ing prau kapal, wasana ana sawijine bongsa Portegis arane Paskodhegamah ingkang angawiti layar mancal saka tanah Portegis anggoleki dalane kang menyang Indi.

Paskodhegamah anglekasi layar angubengi tanah Amerikah nuli leren ing gisik wetane Aprikah, ing kono Paskodhegamah amranggul sawijine wong kang weruh sadalane menyang Indi, temah diaterake menyang gisike nagara Malabar tanah Indi.

Bareng sajerone taun 1498 Paskodhegamah anjok ing nagara Kaliyut, ora antara lawas nuli bongsa Portegis ayasa kutha Gowah, pancen praja dununge paprintahan gedhe ing tanah Indi, wiwit samono panguwasane bongsa Portegis ing tanah Indi sangsaya mundhak, ing saurute pasisiran padha diadegi gedhong pancen ginawe laku dagang, lawas-lawas padha disengiti ing konca bumine jalaran saka enggone alaku paripaksa.

11. anadene let satus taune ing sajerone taun 1598 kawitane bongsa Walonda anekani kapulowan Indi wetan, para bongsa Portegis padha dimungsuh nuli padha ditundhung, akeh gone mitunani bongsa Walonda marang bongsa Portegis ing sajerone Indi ngareping selon utawa ing Indi buri, nuli bongsa Welonda padha angadegake gedhong pancen ginawe laku dagang.

12. ing sajerone taun 1677 kumpni Inggris olih lilahe panggedhene tanah Indi ayasa gedhong gramen ing tanah Indhustan, nuli prabu Urengseb amaringake kutha Kalkuthah marang bongsa Inggris mau nuli kayasa dadi praja dununge paprintahan gedhe.

13. kacarita bongsa Prasman nalika samono wus ayasa Pondhiseri malah kongsi angrebut gedhong padagange bongsa Inggris ing kitha Madras nuli bacut apeperangan, bongsa Inggris karo bongsa Prasman ing nagara Indi, wekasane sirna pangawasane bongsa Prasman ing Indi, amung kutha Pondhiseri isih lestari dadi duweke bongsa Prasman, dene lalakon mau kabener ing taun 1763.

Awit saka taun samono bongsa Inggris kena ingaranan angratoni ing nagara Indhustan, panggedhene tanah kono abayar bulu pekti, bongsa Inggris olehe angalumpukake raja brana saka nagara Indi banget kehe, lawas-lawas bongsa Inggris analukake kutha Dherak.

Bareng ing sajerone taun 1799 sasurude ratu wekasan ing nagara mintor ajujuluk timpo saib bedhahe kraton Inggris Palem. Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Nawawi:

Lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Sarkara. Kyana patih angandika aris, adhuh babo kulup sutaning wang, sira linggiya ing kene, jajar kalawan ingsun, witning banget tarima mami, sayekti kadya paran, ayyana sireku, Jaka Islar aturira, nuwun ajrih kawulestu jalma alit, dede pangkat punggawa. Boten pantes kasiku ing krami, gya nambungi sang wajir pamungkasrasta rosan rum delinge, eh adhi dika nurut, sakarsane rekyana patih, ujer salinggarira, gusti sang aprabu, sang nindya mantri wisesa, wus winenang makili dugi prayogi, pangkating wadya bala. Jer andika adhi wus katitik, wicaksana tur prawireng yuda, wuwuh dene sokur bage, kya patih wignya junjung, ing sapangkat dadya priyayi, yata para dipatya, keh nambungi wuwus, nging Jaka Islar tan arsa, dadya namung sinuba binoja krami, kya patih masanggrahan. Animbali sagunging patinggi, para umbul lan para lulurah, wusnya kumpul sadayane, kya patih gya dhadhawuh nglaksanani welinging raji, tinata wus sayogya, myang papan kang suwung, kang mentas kanggonan sarpa, pinundhutken saking jalma kanan kering, kinarya padhekahan. Sinung prabeya saking kya patih, yata Jaka Islar wusnya wikan, kya patih pangrakite, wus sayogya dinulu, Jaka Islar anulya pamit, lilingsen amulana, kya patih lingnya rum, dhuh Islar lamun kenoha, sira iku yya lelana tanpa kardi, dadiya kanthining wang. Besuk lamun kondur narapati, sira sun suwun dadya punggawa, de wus katon pakaryane, lan dhapurira patut, kasembadan prawira sekti, yata ki Jaka Islar umatur anuwun, pukulun rekyana patya, ing samangkya sih paduka wus kapundhi, nanging badan kawula. Dereng dumagi nyakiti dhiri, kilap ing benjing tembe ing wuntat, gya ki Jaka Islar lengser, kang mulat samya ngungun, tuwin risang anindya mantri, yata ing sawusira, panggenan lumintu, ajek sakeh jalma desa, nglaksanani ing karsa sri narapati, dyan kundur kyana patya. Jaka Islar kang winuwus malih, lampahira wangsul marang Kakbah, datan antara praptane, sumiweng ngarsa prabu, ingkang nganti munggeng surambi, ki Jaka Islar nembah, mangusapi lebu, jeng sultana mesem ngandika, dene gelis paran tingkahnya si patih, apa wus kaleksanan. Barang paugeran dhawuh mami, Jaka Islar nembah aturira, estu kaleksanan dene, kya patih kongsi dangu, amarnata sampun sayogi, tumemen kyana patya nglaksanani dhawuh, tuwin duk mangrurah, sarpa kang agalak kadyanggane mangun jurit, nanging keh katiwasan. Saking kirang saubeting pikir, dene sarpa ronabaseng yuda, temah kathah sangsarane, wit saking ajrihipun, nglaksanani angnyeng narpati, kawula langkung ebat, nalika andulu, tangkepe wadya punggawa, nalikanya ki patih arsa ngawaki, nunten para punggawa. Tan ingatag samya angawaki, mangrurahi ing sarpa nunten pejah, reh sudibya sru guyube, kawula malah tumut, ing saangsal-angsal sakedhik, pejahing ponang sarpa punika pukulun, jeng sultan suka miharsa, denya sagung punggawa muyang kyana patih, tumemen karyanira. Sri narendra angandika malih, sira Islar ngucap kaya ngapa, kang saubet pirantine, mrih kena sarpa iku, kang tan karsa sangsareng jalmi, ki Islar matur nembah, yen amba pukulun, kang sarpa sinung mamangsan, kinenuran kang supami kadya panjing, estu gampil kewala. Yata mesem jeng sultan Ibrahim, gya ngandika payo Islar mangkat, alelaku sapatute, jaka Islar umatur, dhuh pukulun sri narapati, saking panuwun amba, tan wrin lepatipun, sumanggeng ngaturken pejah, yyan marengi sapangungkur saha mampir, ing wismane pun bapa. Jaka Islar lir konjem ing siti, atur ira kadya rawat waspa, sultan mesem jro kalbune, uningeng semunipun, jaka Islar amengku pamrih, rehning prabu minulya, nembadani kayun, dene ta ki Jaka Islar, wus lalabet tana ginggang tumekeng pati, sumarma sinembadan. Gya tumedhak ririh sri bupati, payo Islar marang wismanira, karsengsun titinjo bae, Islar sukeng kalbu, gya lelampah sri narapati, Jaka Islar neng wuntat, marga tan winuwus, wus prapta ing padhukuhan, yata kuneng Rara Sulbi kang winarni, kang mentas saking sendhang. Lampahira kapergok nengmargi, Rara Sulbi kagyat tan anyana, lamun kapergok lampahe, sigra mendhak tumungkul, wit kabutuh merang tan sipi, yata jeng sultan mulat, ngungun jroning kalbu, ningali Rara Sulbiyah, cipta nata kadya kumaraning bumi, sang Sulbi warnanira. Warnanira lir mimbaning sasi, sri narendra supe sanalika, tan riringa panyandhake, witing galih margiyuh, lawan ketang welas tan sipi, marang rara Sulbiyah, katonton anglayung, kacihna yen tarak brongta, wenes ijo anglelentrih amimbuhi, raras ruming sarira. Liringe netra kang lindri-lindri, duk kumilat tumempuh mring nata, surempu sirna bayune, ki Islar

suka dulu, gya trengginas manggul kalenthing, kang sampun ingsi toya, kang cinangking dangu, marang ing rara Sulbiyah, dene ewuh lamun ngindhit kalenthing, wit kinanthi mring nata. jaka Islar garundhel neng wuri, mula bungah dhing kekanthen asta, kang manggul jun kaya priya, yen sun tinggala iku, mengko butuh tan nginum warih, mesem sri naranata, tumoleh mring pungkur, gumuyu ki Jaka Islar, yata kuneng nyai Kajinah ningali, marang tetamunira. Estu lamun jeng sultan kang prapti, lan anganthi mring rara Sulbiyah, langkung suka tan buh gone, sekala gagap gugup, Nyi Kajinah umanjing panti, ki Kajinah ginugah, kang nendra anugur, sikile sinendhal-sendhal, Ki Kajinah geragapan tangi linggih, mojar lah ana apa. Nyai Kajinah sigra nauri, daweg methuk rawuhnya jeng sultan, punika nganthi punebeng, ki Kajinah duk ngrungu, nyandhak kethu jubahe kari, kaliru nyangking bantal, kang estri angrebat, bantal sinendhal binuwang, yata wau sang nata rawuh ing panti, ing wisma sami mendhak. Ki Kajinah arsa awot sari, nging cinegah denira jeng sultan, tinata palenggahane, wusnya lenggah sang prabu, rara Sulbi arsa gumingsir, ngrarakit pasugata, astane sinambut, mring nata datan sinungan, wit katresnan narendra sengsem ningali, si sinom lir tinata.
Taksih wonten candhakipun. Raden Panji Partakusuma.

Ongka 25 Kemis kaping 22 Juni 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Wingi sonten ing kamar bolah wonten pista dhangsah ingkang dipunpistakaken para siswa jaler estri ing sekolahan welandi titiga ing Surakarta, saliyanipun para tiyang sepuh jaler estri kathah para ageng Jawi sarta para tuwan liyanipun ingkang sami anuweni pista wau, saweneh awit saking anggenira anuhoni suka senengipun para rare saweneh jalaran saking anggenipun angreksa anak putunipun ingkang sami andon susuka, kathahing rare kirang langkung 250 iji, sakalangkung andadosaken pangenget-engeting para ingkang sami prapta ing pista, owel dene kasukan ingkang makaten namung setaun sapisan. Ping 22 Juni 76.

Ngayugyakarta

Serat saking Ngayugyakarta angabaraken manawi mange kanjeng Raden Adipati Danureja anggenipun tirah dhateng pasiraman ing dhusun Krakal bawah Begelen sampun kondur wangsul ing Ngayogyakarta malih sarta wilujeng tuwin katingal seger punapa dene pulih kikiyatanipun, sapinten kemawon suka senenging para garwa saha putra santana aningali priyagung kanjeng raden adipati saged akas dhangan lajeng angasta malih pusaraning nagari, saestunipun manawi sujalma ingkang pancen kagungan tatanggelan ageng sarta awrat punika manawi suda kakiyatanipun utaawi peteng ing panggalihira jalaran saking antebing ayahan prayogi wisata dhateng panggenan agentos angin, boten benten kaliyan adat lampahipun para priyagung bongsa kulit pethak murih amulihaken daya.

Aliya saking bawah Begelen, kanjeng raden adipati sareng sampun karaos waluya lajeng tindak dhateng Toyamas sabab kanjeng raden adipati tedhakan saking Toyamas, liyanipun pasareyan ing dhawahan kathah panggenan ingkang dipuntuweni, dene ingkang sami atur bekti meh boten wonten kendelipun, saking kathahipun para santana ingkang wonten ing bawah Toyamas kitha Purwakreta inggih ugi dipuntuweni dening kanjeng raden adipati malah andadosaken suka senengipun jalaran saking asringing papan panggenan bawah Purwakreta, atrapipun pasareyan ing Dhawahan caket ing Toyamas sakalangkung anuwuhaken pangalembana, mila kanjeng raden adipati lajeng karsa amaradinaken dhateng para punggawa sarta santana dalem ing Ngayogyakarta Hadiningrat.

Surakarta

Radinan sawetaning Katangan sacelakipun ing Baturana wonten lalampahan osra kanthi mangungun, ing nalika angrintenaken malem Senen tanggal kaping 19 wulan Juni ing taun punika ing sawawratipun pinuju jawah tur petengan, wanci jam sedasa dalu wonten tiyang lumajeng turut radinan mangidul ing wetawis awit kajawahan ragi deres, suprandosipun andadosaken kasangsara anggenipun lumajeng wau sabab kapethuk priyantun lumampah saking kidul kairingaken tiyang kalih sami cawetan, sareng kapethuk tiyang kang lumajeng wau dipungebagi ing sabet kadakwa nunjang tiyang ingkang saweg lumampah punika, pinujunipun tiyang ingkang dipungebagi lajeng jerunthul nyemplung dhateng kalen, yenta smapun anyemplung kalen kados sandhanganipun dipundhedheli sadaya, kula ngungun sanget nalar makaten punika ingkang lepat punapa tiyang ingkang lumajeng punapa prayantunipun, dene yen prayantun lumampah dalu rak mawi tatenger yen boten karsa nitih kareta rak mawi tatenger ting kang ageng utawi kadherekaken ing pangkating upacara, punika anedahaken bajingan mindha-mindha prayantun sabab mawi angsal-angsal nyendhal iketipun tiyang kang dipungebagi wau, getun kula tiyangipun kok boten purun nyuduk ingkang ngantos koprot wadhukipun punika, inggih priyantun punika rehning dalu petengan sinten kang uninga.

Katandhan kakangipun pun jarunthul mas murina.

Bok manawo wonten tiyang kecalan anak

nalika ing sinten Setu tanggal kaping 13 wulan Mei taun 1876

prikonca kula pangindhung wasta pun Wongsa Suwignya gagriya wonten sakidul pager banon jepuri dalem ing Jayadiningratan, punika mentas manggig rare jaler watawis umur 5 taun, rare wau dipuntakeni wangsulanipun saking dhusun Dalanggu, ananging pangakenipun sampun boten gadhah bapa biyung, menggah patrap solahing wreni saklangkung memelas saking watawis punika dede anaking tiyang kuli apesipun anaking bekel sabab pasemonipun radi gadhah prak ati cemengipun mawi manis, yenta taksih wonten ingkang gadhah anak saiba genipun ngupadosi, wondene rare wau sapunikanipun inggih taksih wonten ngriku.

Ingkang manjurung kabar punika darbya sutarja.

Surakarta

Andadosaken kasenengan utawi amaedahi dhanganing tiyang lumampah dalu lan makewedaken ingkang sedya lampah dursila, awit ing sapunika margi ingkang saking wande pelem mangetan dumugi ing Kedhung kopi sampun kaparingan lentera ting saturutipun dados tiyang lumampah dalu suka seneng sanget, saking pamujinipun para tiyang apes mugi-mugi kanjeng parentah ageng akarsoha galih paring lentera ting radinan ageng kang saking Ketandhan dumugi ing prapatan beton, punika taksih katingal singlo utawi andadosaken sumelanging nalika dalu, upami kaleksanana mendah sangsaua sakalangkung suka bingahipun tiyang kang lumampah kapesan.

Katandhan mugi-mugi.

Karanganom bawahing Surakarta

Ing nalika wulan Mei kaping 29 taun punika, prayantun demang ing Gemamol wasta Pangka kaleres jagi ing dalemipun tuwan ingkang maosi siti, nalika dalu angrintenaken malem Ngahat dhuwungipun mas demang wau ical kapendhet ing dursila pandung, menggah regining dhuwung 350 dalah saput rantinipun, dhuwung dhapur sengkelat tanggung sejadeng rongka ladrang trembalo iras kandel lan jene blewah, mendhak kendhit inten, , ing sarehning dhuwung wau mesiyat manawi para priyantun ingkang manggihaken kula gedugi ngaturi panebus 350 tigang atus suwidak rupiyah, temen atur kula punika mugi-mugi panyuwun kula ing panjenengan redhaksi atur kula punika menawi wonten selaning papan kalebetna ing pustaka warti supados wiyar jajahanipun.

Katandhan demang rupaka.

Panjurung

Bra Martani ongka 23 ingkang medal Kemis kaping Juni 1876, wonten ingkang anyebutaken bilih tuwan Es upsinder jati kecalan kapal, gancaripun makaten: kapal wau dipuntumpaki panuju mideri becak wilatung wekasan pincang mila lajeng boten dipuntumpaki kadadosanipun kapal ucul ing margi boten kantenan, boten lami kapal wau ketitik dipuntumpaki priyayi lajeng kalari, kapal kapanggih dipungedhogaken panggenaning priyantun jujuluk Raden Ngabehi Purwadipraja ing Jebres, saksana tuwan Es sahes unjuk ing parentah ngatasipun bab punika.

Kayektosipun kawartos kapal lajeng kagantung wonten ngastaning parentah, saengga dumugi sapriki dereng rampung dados boten wonten emperipun pisan-pisan bilih polisi anggadhahana sumelang anggepok dhateng Raden Ngabehi Purwadipraja kados cariyosipun kala Kemis punika, mila ingatasing Raden Ngabehi Purwadipraja piyambak saking watawis kapara ngungun bilih anggenipun ngarsakaken kapal kenging ing kala jepat, awit boten nyana manawi kapal wau wonten salebeting pepedhut sanadyan peraboting panumbas sarana patrap kalimrahan ing akathah, saengga ingkang ngantos boten kenging dipunwastani kasepen kakuwatan, saking panginten para tiyang boten susah kekathahen aturan murih anyundhul atur supados aniti pariksa prakawis punika dumuluripun dhateng atreping adil destun naming angentos-entosi lah kados pundi karampunganipun ingkang ngantos pamawratipun boten silir.

Katandhan brakuthu.

Sampun lami Kemis kapengker punika anggen kula angalap berkah dhumateng priyantun sarjana nyuwun teges kajengipun tembung kawi ingkang wonten sekar dhandhanggula kapacak ing *Bra Martani* ongka 22, ananging punika dereng wonten ingkang kersa amaringi panjarwa, ingkang punika saking atur kula mugi wontena ingkang maringi sah anjarwani sampun ngantos anglenthar kados ingkang sampun kalampahan, saklangkung sanget ing panuwun pangajeng-ajeng kula.
Tondha sugyarja.

Pun kaki sumengka angaturi tambahing suka pirenanipun wayah kula pati open ingkang saking sulayanipun laliyan ingkang abdi rencang kula pun jalangen, ing mongka mekaten wau saestu wiwinih dayaning driya ingkang sampun kalajeng marucut sami kawayha tumraping pustaka warti dados kenging kairub bebasan jarag-jinarag, tur wayah kula pati open masa dadak kasora ing yuda wecananipun boten pisan-pisan, anannging pun kaki ko kedah meksa lumampah kadhahara aturira ingkang awit kula manah wayah kula kalangkung boten timbang yen lantarana ngendika kaliyan wau ingkang abdi pun jalangen, o..angger eman sanget mila pamujinipun pun kaki sange mugi angger binukoha ing kaengetan angengetana ujar pari paben makaten: *yen wong alus dhemen udur karo wong kasar kongsi padha kalalen iku ngadhate wong kang alum banjur dadi kasar*, namung punika angger atur papenget kula: ewadene pandangunipun angger bab tembung rimbag sapiturutipun ingkang tumemplek ing *Bra Martani* ongka 24 ngatasing aturipun keng abdi pun jalangen aras-arasen ngaturi wangsulan kilap manawi saking kaweken, boten langkung bilih kepareng pun kaki angglundhungaken aturipun tiyang langkung ing margi bab pandangu kadi ing ngandhap punika kajawi parenging redhaksi.

1. kadosta: tembung rimbag punika sadaya tembung kenging kawastanan rimbag.
2. Sambawaning tanduk punika lepat, leresipun sambawaning tanduk ananging boten parlu kapratelakaken awit wayah kula pati open saweg karsa ngagem aling-aling sada.
3. Kadosta: rimbag tanduk ing tembung dangu, gugu, rungu, liru, siku, risi, sami, keri, punika pamanggihing konca langkung ing margi dangu dados kadangu, gugu agugu, rungu ngrungu, liru, ngliru, siku nyiku, risi ngrisi, sami nyami, keri ngeri, sasaminipun ingkang makaten, dene bab aksara darma, marma arca, arja, arga, arda, punika dipunwastani aksara repa: sampun angger namung punika aturipun pun kaki, wasana atur pamuji kula dhumateng karaharjan ingkang tanpa wekasan mugi sumaosa wayah kula.

Kyahi panaraga.

Sampun kapara lami anggen kula angajeng-ajeng lumunturing sih para prayagung sarjana utawi para prayagung kang sami kadunungan limpading kawruh, dene boten wonten karsaha paring barkah ing panyuwunipun sadherek kula ingkang dados abdi tukang amakani kagungan dalem paksi ingkang sanget kapenginipun sumerep sababipun wonten peksi saged wiraos utawi mungel cara wicantening manusa kadosta ungelipun peksi menco utawi peksi jalak penyu tuwin peksi jalak tuwa punika kang wonten ing tanah jawi.
Anggen kula tumut angajeng-ajeng lumunturing barkah punika dene prayogi temen panyuwunipun saserepan sadherek kula pun tukang peksi, sabab kina kemina awit jaman purwa sapriki dereng wonten kang ambuka ing sababipun peksi kang waged abasa jalma, makaten punika manawi amaedahi menggahing kawruh.
Ing jaman kina ingkang kawedharaken ingkang dados sabab menawi bongsa iwen utawi bongsa kewan yen saged basa jalma kasemokaken ing kekeran ngelmi panitis, ing samangke kirang dumelingipun.
Katandhan pun mangayun-ayun.

Manawi kapareng saking karsanipun para sarjana tuwin para ahli palak mugi aparinga barkah seserepan kados ing ngandhap punika.

Nalika ing dinten Selasa angrintenaken tanggal kaping 21 wulan taun punika ing wanci jam 2 dalu, kula tangi tilem lajeng medal dhateng ing latar, ing ngriku kula aningali mega saking pamanggih kula mega wau warninipun radi aneh, keblat titiga langitipun biru sarta resik sanget wulan tuwin lintang katingal sadaya, amung keblat ingkang wetan punika meganipun angalempak kados gunung patrapipun kumpul lajeng bubar ngantos rambah-rambah makaten kemawon dangu-dangu lajeng angalempak ngantos tigang jam dangunipun, menggah mega ingkang makaten wujudipun wau patraping angin ingkang wonten ing jumantara kados pundi, kang mongka kula punika kalebet tiyang remen tilem ing latar sarta umur kula smapun 48 taun, saking kaengetan kula saweg punika sumerep mega ingkang makaten wau, nalika samanten anggen kula wonten ing latar ngantos bangun enjing, mila mugi wontena karsanipun para sarjana aparing saserepan kados ingkang kula aturaken ing nginggil wau, kajawi punika kula tumut angajeng-ajeng dununging patanenipun reksa kukila bab peksi beyo.
Pun Rahman.

Nalika ing dinten Kaliwon ingkang sampun kapengker punika kula pinuju kekesahan, wonten ing radinan sasarengan kaliyan tiyang lumampah kekalih sami pagineman kados ing ngandhap punika.
Kariya: tudhungmu ron dhehut iku kok bregas temen olehmu tuku ngendi.
Wongsa: bregas-bregasa wong gaweyan prasman saka tokone tuwan singsis.
Kariya: iba larange regane nek saka tokone singsisan.
Wongsa: iya bener kabeh barange larang anamung peni alus awet, sak tanah jawa ora ana toko sing barange aneh-aneh mengkono sing ngungkuli becike.
Kariya: iya dhing, aku dhek biyen tuku cita sembagi karo lurike wis ana telung taun nganti saiki ijih kena tak enggo ora luntur durung amoh.
Wongsa: tuwan singsis iku sing tak erami olehe pinter milih dagangan penganggone wong jawa piyayi gedhe cilik utawa para tuwan.
Kariya: barange sing aneh apa meneh.
Wongsa: sakarepmu ana, kaca gedhe cilik, gambar, paturon wesi, amben wesi, kursi wesi, meja, kurungan wesi, kurungan penjalin, pot-pot kembang peni aneh gedhe cilik, meja panulisan kayu mahoni tutupane aneh, lopak-lopak slaka, lopak-lopak mrakas, utawa mas barlin, wadhah rokok mas, timang, gesper, peniti tudhung, peniti dhadha, ali-ali kabeh nganggo inten-intenan, mirah, jemerut, lenga wangi cendhana, mlathi, dherus, pendelm bedhak, pupur, sabun wangi, cupu keda kristal karo porstelin, bothekan, tutup saji bara buliyun karo kembang suruh, sutra ron dhehut gawe kuluk kanigara, tepi, renda.
Kariya: iyata aku nek antuk pursekot pajeg bumiku kowe tak jak menyang tokone tuwan singsis, ingkang punika sareng kula mireng gunemipun tiyang kekalih wau kula kepengin sanget inggih badhe tumut pariksa utawi badhe tumut tumbas barang daganganipun tuwan singsis kang peni-peni.
Ingkang kintun panjurung nginggil punika punapa tanpa pituwas. Redhaksi.

Candhakipun babading jagad

14. anadene kumpni Inggris ngluwihi maneh gone ngumpulake mas picis raja brana saka tanah Indi sarta angandhahake rurusuh, para ratu ing tanah kono wus padha suda banget kuwasane, wasana sajerone taun 1857 ing Indi ana perang gedhe bongsa Indi lalawanan bongsa Inggris, nanging sirep ing sajerone taun mau uga iya iku waktu panyuweke kumpni Inggris, dene pangawasane kaliyerke marang gupremen Inggris.
15. sanadyan tanah Indi isih wutuh isining wong ewadene ora amadhani kasusrane kaya ing jaman kuna jalaran banget akehe mas picis raja brana kang wis padha diusungi utawa rusak ing papan panggonan kang mau-maune padha gemah raharja awit saka wasise wonge anenun samubarang mori alus utawa wulu wedhus, dene kang dadi sababing rusake panggonan mau iya iku sarehne nemu tandhing, bongsa Inggris saha bongsa Amerikah padha bisa anguruni barang

dagangan mau luwih murah pangajine awit panggarape mawa piranti pabrik kang mlaku sarana kukus (tembung walonda setum)

Pasal IV
Babade tanah Cina

1. Anadene bongsa Cina iku turune bongsa Monggul, wiwiting caritane bongsa mau saprene luwih 4000 taun unine: para bongsa Cina asal saka Asiyah dhuwur wetan iku padha anundhung wonge nagara marang pagunungan utawa marang sisih kiduletanah mau, bongsa Cina banget olehe amarsudi among tani kang ditanduri saurute kali kang diparabi kali biru sarta kali kuning.

Bongsa Cina wisma kuna-kuna enggone mojok ngatasing kawruh kayata panggawene sandawa, dalancang, lan cap-capan sarta pandoman sadurunge bongsa Eropah anuhoni bongsa Cina wis padha sumurup kabeh.

2. Anadene tanah cina iku kaliwat jembare mulane kaconggah metoni salire barang rupa-rupa kang masthi dienggo ing wong bumine, bongsa Cina iku unggul dhewe ngatase kapinteran katimbang karo tanggane bongsa liya sarta ora gelem atetepungan karo bongsa saliyane, mulane bongsa Cina ing sajerone taun 250 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos kongsi ayasa banon kelir banget kandele ana ing tepis wiringe nagara.
3. Kacarita taun 500 adege sujana Cina bisekanira: Liong dhutse iku kang jumeneng guru sarta nabining bongsa Cina tuwin kang maseh sarengating dhingin lan banget pangudine murih asumungkema marang kang maha suci utawa luluhure sarana kalakuwan utama, akeh anggitane layang sang Liong dhutse sarta kaliwat akeh para muride, bongsa Cina tan pegat olehe angurbani gurune nganti 500 taun lawase, dene sapungkure 500 taun engkas diyasakake masjid, kongsi saprene sarengate sang Liong Dhutse isih dilakokake dening bongsa Cina kang sumurup ing tata lan krama utawa ing sajerone kadhaton ing nagara Cina.
4. Anadene ing sajerone taun 65 sawise kanjeng Nabi Ngisa miyos nalika bongsa Buda atundhung saka Indi ngarep sarta anisih ing bang wetan, sarengate sang Buda dilakokake ing nagara Cina malah rineksa dening kang jumeneng ratu, dene kang dadi ulamane bongsa Buda akeh kang padha papa lawas-lawas ora kineringan ing akeh awit saka tingkah lakune ala ing tanah Cina, kang kalebu ing bongsa sudra sarta wonge wadon isih uga padha angukuhi agama Buda.
5. Wasana ing sajerone taun 1280 nagara Cina teluk marang bongsa Monggul kang dadi pamugari iya iku sang Jenggiskan, wiwit samono tanah Cina kalilan diambah ing wong amonca kongsi ing taun 1368 wasana bongsa Monggul bacut ditundhung lunga maneh.
6. Ing sajerone taun 1608 bongsa Manjus anganciki nagara Cina sarehne bongsa Cina nalika samono padha congkrah mulane kandhah ing bongsa Majus, dhasar wanter aprawira ing jurit, praja ing Peking saha paprintahane dijabel, bongsa Manjus iku temah banjur anganggep basane, pranatane, lan adate bongsa Cina.
7. Kacarita bongsa Cina banget lawase ora anglilani nagarane diambah liyane saha ambencarake jajahane nagara Monggul, Tibet sarta Pormosah kabawahake ing paprintahan nagara Cina.

Bongsa Prategis dililani omah-omah ing polo Makao cedhak ing Kanton, bongsa Walonda, bongsa Prasman, lan bongsa Inggris ya padha angadegake gedhong dagang ing Kanton, ora pisan-pisan bongsa Eropah dililani dumunung ing panggenan liyane ing kono, bongsa rus padha dagang adol tinuku karo bongsa Cina ana ing sisih lore tanah Cina sarta padha kulak the sarta sutra.

8. Anadene ing pamburine ing nagara Cina akeh paperangan, nalika taun 1842 bongsa Cina aperang karo bongsa Inggris, bongsa Cina diesuk kongsi manengah nagara anyedhaki kutha Nangking nganti kajiyat padha prajangjeyan bedhami sarta gupremen Cina nglilani marang bongsa Eropah padha teka adagang layar ing palabuhane.

Wasana bongsa Cina akeh kang masgul atine awit ratune dianggep kendho enggone ngasta paprentahan nuli padha angraman kongsi amremen ing ngendi-endi saprene durung bisa sirep.

Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Nawawi:
lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Sinom. Wruh semunya ki Kajinah, ing karsa sri narapati, kalintang sukaning driya, dene ta ni rara Sulbi, tan sinung pisah kedhik, mintotken katresnan prabu, nanging sri naranata, satuhu tan karya lamis, yata sawusira ngaturan pambagya. Agupuh athak ithikan, nyai Kajinah ngladosi, ingaturken pasugata, dhaharan kang adi-adi, Kajinah ngacarani, dhuh pukulun sang prabu, kang abdi sumapala, ngaturken dhadhaharan kedhik, kang tanpa karsa caraning padhukuhan. Dipunageng mangaksama, ngandika sri narapati, eh Kajinah wus kasedya, kaliwat tarimah mami, lawan ingsun mengeti, yya amingkis sira iku, marang sariraning wang, rehning nanamur ninilip, payonana sarayat sahakrabira. Ing patrap cara kawula, ayya nganggo gedhe cilik, sandika kyahi Kajinah, yata adhadharan sami, sira ni rara Sulbi, kinarsaken dhahar kembul, kalangkung ajrihira irib denira bukti, wusnya dhahar sang nata aris ngandika. Amahyaken karsanira, ingkang marang rara sulbi, ki Kajinah aturira, sumanggeng karsa narpati, sampun kang menggah siwi, kinarsakaken ing ratu, senadyan pejah gesang, tan kawasa andarbeni, sri narendra ngandika mring Jaka Islar. Jroning langgar resikana, ingsun amondhok jro masjid, Jaka Islar aturira, sayogi sare ing panti, kawula kang naosi, lan kang rumekseng pukulun, lawan abdi paduka pun bok ayu rara Sulbi, sri narendra mesem nanging datan arsa. Tur ing batos naranata, sakalangkung brongkta kingkin, marang ni rara Sulbiyah, suprandene sri bupati, tan arsa anglampahi, ing patrap kang murang kukum, rehning prabu minulya, anetepi ongga suci, yata wusnya nata jengkar manjing langgar. Kang umiring Jaka Islar, lankung suka nglaladosi, nanging kocap ing carita, narendra duk aneng masjid, lir keneng guna dhesthi, mung rara Sulbi kang dulu, katon sasolahira, meh tan kuwawa anahani, Jaka Islar uningeng semuning nata. dadya karya samudana, pinrih tentrem sri bupati, Jaka Islar pirembagan, lawan rama miwah bibi, nunuwun mring snag aji pun Rara Sulbi puniku, mugi-mugi lilanana, angladosi mring sang aji, yyan susuci tanapi yen nata dhahar. Sri narendra datan arsa , mung tansah ngeningken dhiri, sira ta Ki Jaka Islar, kang kumedah darbe pamrih, sang prabu pinrih nuli, engeta mrang dyah ayu, mantuna darbe karsa, angrucat nama narpati, tumoleya kadhaton nagri Bulkiyah. Dadya matu Jaka Islar, pukulun jeng sri bupati, sampun lega manah kawula, yen karsa amba ngaturi, angenggar-inggar dhiri, cangkrama madyeng wanagung, myang cangkrameng bangawan, misayeng ngulama prayogi ,lepen agung ing ngriki kathah kang mina. Jeng sultan nurut kewala, nanging salebeting galih, dereng arsa mangun suka, ngandika sri narapati, eh Islar dipunaglis, sira ngupayoha prau, payo ngupaya mina, ki Islar nembah gya mijil, angundhangi akrap miwah mitranira. Amijilaken prabeya rumanti cangkrameng kali, sanalika sampun pepak, keh sujalma kang umiring, bekta seser piranti, jaluk estri dulur-dulur, uata rara Sulbiyah ingatag milya mrakali, arsa lumuh pineksa marang Kajinah. Ni rara ajrih mring rama, angluri bekti sudarmi, rara Sulbi sigra mintar, kapareng sri narapati, duk tedhak saking masjid, sang nata dupi andulu, yen rara Sulbi mintar, winatarsa mring kali, sri narendra kasupen maca tigafar. Amicara jroning nala, iki cobaning hyang widi, kang marang sariraning wang, dene ta sarira mami, meh tan bisa nyabili, yen wruh mring si Sulbi iku, eh badan kaya paran, apa wus kalilan yekti, ambaleni kuwajibaning narendra. sang prabu amesu cipta, mangu wiwaraning mawjid, sanalika amiharsa, syara neng karda dumeling, eh eh Sultan Ibrahim, tetep sihira hyang agung, yya sumelang ing karsa, iku ta si rara Sulbi, ingkang pasthi ginanjarake mring sira. Sumarma sinungan rupa, tanpa sasameng pawestri, pinacang garwaning nata, lan sinung cahya nelahi, myang sinung kalbu suci, yata syara sirna sampun, mangkana sri narendra, tumedhak amarepeki, marang rara Sulbi nyandhak astanira. Ni rara mendhak manembah, gya kinanthi mring narpati, tumutur ki Jaka Islar, nyandhak tanggok aneng wuri, ingkang mentas cinangking, mring rara Sulbi duk wau, mangkana lampahira, keh jalma sami udani, cingak mulat marangs ang kekanthen asta. Dene pindha hyang hyang ingkang, angideri sawarga di, tan gothang yen tiningalan, pantesing putra lan putri, kang wus wruhana angling, nora talah dene iku, sutane ki Kajinah, si rara Sulbi duk dhingin, warnanira dinulu lumrah kewala. Ing mengko salin warnanya, kadya kumaraning bumi, lah iku kang nganthi sapa, jalma taruna tur pekik, cahyane mindha sasi, baya-baya trahing ratu, ananging namur raga, tan wus kang rerasan sami, lampahira

smapun prapta ing bengawan. Jalma keh nanduken yasa, piranti kang sampun rakit, suka-suka antuk mina, jaka Islar ambawoni, mangkana sri bupati, tan arsa anitih prau, lenggah soring mandira, kalawan ni rara Sulbi, sri narendra lumingling aris ngandika. Eh Sulbi panggene sira, tan ngambil mina mring kali, pijer ngadhep marang ingwang, kapitunan sira iki, tutunggu marang mami, tan ana pituwasipun, rara Sulbi manembah, mesem tumungkul denya ngling, aturira yayah pamurda piluta. Dhuh pukulun sri narendra, estu musthikaning bumi, punika kawula tengga, kang darbe mina jro warih, lamun ulun antuk sih, mring gusti jeng sang prabu, sapinten gunging mina, saestu nunten dhatengi, sri narendra arsa tur sru kasmaran.
Taksih wonten candhakipun. Raden Panji Partakusuma.

Ongka 26 Kemis kaping 29 Juni 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Nalika ing dinten Akhad tanggal kaping 25 wulan Juni punika ing pabrik gendhis Tasikmadu kagunganipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kawit agiling malih sarta mawi sipunwilujengi, kanjeng tuwan residhen Lamres pan Toren Bureh karsa sasarengan sakreta kaliyan kanjeng gusti sinisihan ing putra Mangkunagaran sami tedhak dhateng Tasikmadu sinambetan ing kreta pinten-pinten ingkang katitiyan dening kanjeng tuwan militer komendhan, para upsiring loji ageng utawi tuwan-tuwan sanesipun, langkung kedhik saking jam 9 enjing para ageng sarta ingkang sami sinuruhan prapta ing Tasikmadu, ing pangraos pabrik ingkang makaten pangyasanipun boten susah mawi dipunpajang malih sabab sampun kasusra bilih pabrik Tasikmadu tanpa sisihan ing nagari Jawi, iba yen pawedalipun urut kaliyan namining pabrik utawi urut kaliyan warni sarta rupaning piranti ingkang kanggo, sareng jam sadasa kanjeng gusti adhawah kinen wiwit muter gilingan nunten kanjeng tuwan residhen anglairaken kundhisi wilujengipun pabrik gendhis ing Tasikmadu mugi-mugi kathaha pikantukipun murih andadosna karaharjan tuwin untungipun para alit, pradongga pinten-pinten ingkang kaungelaken, ngajengaken jam 12 para tamu kairid dhateng panggenan dhaharan sasugatan kapanggih pepek, sareng sampun sami dhahar kanjeng tuwan residhen amilujengaken kanjeng gusti Pangeran Arya Mangkunagara sagarwa putra dalem nunten winangsulan dening pangeran adipati, boten dang ukanjeng tuwan residhen angunjuk wilujengipun tuwan Kam ingkang manggalani pabrik Tasikmadu sakarerehanipun dalasan semahipun tuwan Kam ingkang mranata dhadhaharan inggih dipunwilujengi.

Dene pabrik Tasikmadu wau ing saestu bilih tanpa tandhing, pangraos saged amarnekaken satus dacin langkung ing dalem sataun, iba yen tebunipun kadi tebu ing padokan Ngayogya darbekipun tuwan Wensekeng tanemanipun tuwan Wolef amasthekaken bilih saged angungukuli sasamining pabrik gendhis, bok inggih kanjeng gusti karsaha utusan niti pariksa pananeming tebu ing bawah padokan.

Serat kabar welandi pinten-pinten awawarti bilih Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan ing praja gung Kistambul ingkang sampun seleh kaprabon Sang Abdul Asis anyuka tuwuh mawi gunting dipundamel anugel otot.

Kreteg gantung ing Surakarta caket kamar bolahsaya lami sangsaya katingal amutawatosi, mila andadosna kauninganipun para ingkang ngasta pangawasa nagari, saderengipun ambruk mugi dipundandosana.

Nalika Setu sonten ingkang saweg kapengker kanjeng pangeran kapitan pan setap Arya Mataram karsa aboja krama, angormati tingalanipun taun kanjeng ratu Nedrelan, nalika kaping 17 wulan punika pancen ing ngajeng sampun kagalih badhe anuwoni badhe adamel pista dhahar, nanging kanjeng pangeran panuju kapambengan boten sakeca ing sarira, dene ingkang sami prapta ing riya mataraman liyanipun tuwan militer kumendhan saupsiripun, kanjeng tuwan residhen , tuwan-tuwan mardika satunggal kalih akaliyan ingkang raka kanjeng pangeran bei utawi para pangeran sanesipun ingkang kadunungan tenu.

Sadangunipun pinarak dhahar, kanjeng tuwan residhen angunjuk wilujeng dalem kanjeng ratu Nedrelan, nunten kanjeng Pangeran Riya Mataram adamel kundhisi wilujengipun kanjeng tuwan residhen sagarwa putranipun, sasampunipun ngunjuk sapisan malih lajeng bibar dhahar, nunten para tamu sami kasukan kertu ngantos langkung madyaning dalu.

Gugon tuhon

Kirang langkung kawan wulan saprikiing dhusun mara bawah dhistrik wedhung bageyan dekam wonten sawijining khaji anama Jafar ajal ing ngriku, sareng saakhatipun malih lare kathah ingkang dudunung caket ing jarak tani kaji wau ngangen maesa asring mirengaken galadhag-galudhuk lajeng dipunkandhakaken dhumateng sawiyah tiyang ingkang purun miharsa, lajeng dipuntiti pariksa dening para sepuh sasarengan kaliyan bongsa wilayatipun ingkang ajal wau, sareng ginemipun raryalit kapanggih yektos lajeng layon dipundhudhuk sangsaya anyelaki kaluwat selot sanget ebahipun, sareng kaluwat sampun katingal sarta dipunbikak papanipun nginggil dede layoning khaji ingkang kapanggih ingkang wonten lebet: bajul, para tiyang lajeng lonjong mimis palajengipun dene bajul wau lajeng kesah purugipun dhateng lepen cinariyos ing lepen wau kathah bajulipun nanging boten amitunani dhateng tiyang mung bajul ingkang nama Jafar punika asring-asring anyarap tiyang, dereng lami lurah dhusun ing marga lindhun dipunudag ananging boten miris lajeng dipuntandangi bajul Jafar pejah, awit samanten tata tentrem ing dhusun mara lindhuk pulih nanging para tiyang maksa taksih gugon tuhon: bilih tiyang pejah saged malih dados kewan malah kapara angencengi.

Kabar telegram anggigirisi

Bahita asrep anama litnan jendral Kusen kapitan prelup skaing Aceh medal Padhang badhe dhateng Betawi, Semarang, tuwin Surabaya, katiwasan nalika dinten Kemis kaping 23 wulan punika wanci dalu wonten ing setrat lagundhi bawah ing Lampung, dene baita wau sirna babara pisan punapa dene malih sawarnining serat epos inggih boten kacakup namung para numpang 60 iji ingkang katulungan dalasan lare satunggal, saksana bahita asep anama Sinrana kapatah amitulungana kang sami kasangsaran ananging tanpa damel wangsul saking Telukbetung, kapitaning bahita sarta setirman dipunentosi dhatengipun saking anyer ing Betawi, dene para ingkang katulungan kantun ing Telukbetung dipunpethuk bahita kukus anama sang brama ingkang sami kiwas udakawis wonten saking 230, bok manawi saged amratelakaken namining kang sami pejah saganten, para tiyang sakalangkung geteripun badhe anyumerepi satunggal tunggal kang sami tiwas, dene jalaraning bilahi dereng saged amratelakaken ananging anuwuhaken pangenget-enget dene teka ageng temen dhendhaning widhi.

Lokomotif angabaraken

Saemper kathah ingkang sami kaengetan nalika ing bawah Kedhiri wonten raja pejah, ingkang anindakaken kadurjanan wau tiyang ing dhusun Wanasari dhistrik Pare dene ingkang tiwas Cina kalih iji, dereng lami rad sambrang aniti pariksa kadurjanan wau ngantos getem kalih dinten laminipun tujunipun kawatonan ing pasaksi anteb awit saking taberinipun wadana ing Pare anama Raden Mas Pringgakusuma ingkang sakalangkung rajin dipunbantoni dening asisten wadana ing Brenggala ingkang saklangkung awas anjalari saged amancasi paukuman kisas dhateng para durjana anama 1.Prayakrama, 2. Kramadaya, 3. Pak Siwil, sarana dipungantung, dene kamisepuh ing dhusun Wanasari nama Sakrama sarehning sepen ing paseksi dipunluwari.

Kabar telegram saking Betawi bab tiwasipun bahita asep Litan Jendral Kusen

Nalika ing dinten Rebo sonten bahita wau anunjang karang ingkang boten katingal, gya kapitan kinen angunduraken bahita wau nanging boten ngantos saged mundur lajeng tugel kalih buntutipun lajeng kelem endhasipun enggal anututi, para numpang klas nomer 1 ingkang katulungan lare 1 kaliyan babu, nunten nyonyah bos saanakipun satunggal tuwan Edhiling, Kaptin Rosenrad, Bram Sekol sarta Mayor Bum wah awak-awak bahita 25 iji tuwin para numpang 34 iji ingkang dipunkinten tiwas, Kaptin Timeng Waltres tuwin Lubling Wendhen punapa malih litnan barisan Jayapasita, wehake up hinyurpet litnan lautan Netgelat Perstih, nonah Lisester tuwin para numpang 140 iji, saksana bahita asep 1. brama, 2. Baron benting kapatah sami amitulungana ingkang kasangsaran kantun ing kapulohan.

Wonten tetembungan Welandi dadamelanipun syargi tuwan mister Pe A Es pan Timbureh Brahuwer angandhakaken lalampahanipun tiyang agung akbar ing tanah Indhustan nalika ing taun 1556 dumugi 1605 cariyos wau ing saestu angremenaken sarta amaedahi, mila pamujining para priyantun tuwin bongsa Jawi bok inggih wonten sujanma ingkang aksa dhangan karsa anjarwakaken tembung jawi kandhaning sang prabu Akbar wau mendah pajengipun.

Panjurung

Kula mentas tuwi sadherek kula dhateng Kartasura kula lajeng sowan dhateng kabupaten ngantos sadinten, ing ngriku kula sumerep pamardenipun bandara kula raden tumenggung bupati ing Kartasura dhateng para lare magang sakalangkung amenginaken utawi kathahipun para lare magang kula etang ingkang wonten ngajengan kimawon kirang langkung 20 iji, ingkang kula gumuni punika boten saking punapa rehning kula tiyang dhusun, dene ingatasipun magangan kok sampun sami garap prakawis piyambak-piyambak, neracak seratanipun sami cakep-cakep dhateng pandamelan, sareng bibar pasowanan jam 3 kula lajeng mundur, jam 7 sonten kula sowan malih ing pandhapi kabupaten smapun dhawah para magangan sampun sami garap pandamelan nyerat kajenengan ingkang bupati, jam 4 dalu saweg bibar, kula taken dhateng sadherek kula saking cariyosipun saben dalu inggih makaten malah dinten Akhad punika wanci libur, bilih magangan Kartasura boten sadaya sami nyrempeng padamelan wonten pandhapi kabopaten ingkang kula gumuni punika anggenipun sami wekel-wekel para magangan wau, saking kinten kula saupami kadhawahaken wonten kabupaten sanes kados boten cuwa, ing sarehning kula gadhah sadherek magang wonten Kartasura rinten dalu kula amung tumut mumuji kimawon mugi-mugi wontena karsanipun kanjeng parentah ageng tumunten aparing pangkat.
Kaserat ing kampung Drekila ping 21 Juni 1876.
Katandhan Mintaraga.
Panjurung nginggil punika resepipun punapa mangalembana. Redhaksi.

Surakarta

Nalika tanggal kaping 31 Mei 1876 wanci jam 2 dalu griyanipun tiyang Cina wasta babah yap bung kahi ing Pandheyan ing Kartasura kalebetan durjana kecu sarana andhodhol kontening griya pandhapi kaliyan dadamel alu tuwin waos, barangingkang kenging warni-warni gunggung regi *f*3676 rupiyah, dene ingkang gadhah griya ngantos medhang dhateng sang kecu anamung datan tumama lestantun sang kecu anelasaken karsa pamundhutipun barang lajeng kondur lampahira sigra-sigra dadamel katilar, kala samanten panewu dhistrik kitha pinuju rundha, sanalika ingkang bupati Kartasura karsa tedhak kadherekaken para priyantun sarta mirantos dadamel Yadbung kahi matur bilih tiyang durjana kecu terang tiyang Ngayoja awit rasukanipun lorek abrit (lorog), sanalika ingkang bupati utusan namtokaken panewu dhistrik kathithang sakancanipun jagi wonten setasiyun Dilanggu, panewu dhistrik Lepu sakancanipun jagi wonten setasiyun Ceper, panewu dhistrik kitha sakancanipun kabipantonan priyantun kabupaten anggledhah urut lacak.
Kocapa panewu dhistrik Klepu sareng jam 8 enjing mangsanipun kareta latu dhateng, ngandheg tiyang Ngayoja kalih ingkang sami badhe numpak kareta latu wau kagledhah kacina arta tuwin benik lajeng kaladosaken kabupaten, kapriksa ngaken nama Ranadikrama, 2. Wongsadikrama sami bawah Bantul (Ngayoja) saha angaken sampun ngecu dhateng pandheyan wau kancanipun 7 iji, 1. Jawikrama bobolan saking kunjara (Surakarta), 2. Pak Barja, 3. Selareja, 4. Ira, 5. Ranasentana, sami kabawah Bantul, kanjeng tuwan asisten residhen ing Klathen lajeng ngaturi serat ing kanjeng tuwan residhen Ngayoja nyuwun kacepengipun tiyang kasebut nginggil, boten antawis dinten kanjeng tuwan residhen Ngayoja angintunaken 1. Selareja, 2. Pak Barja, 3. Jawikrama, sareng wonten Kartasura kapriksa ngaken sampun sami ngecu Pandheyan wau amung kang nami Jawikrama klentu.
Paprentahan Kartasura sapunika kenging dipunwastani kenceng awit ingkang bupati Kartasura saben dalu karsa rundha piyambak nitih titiyan dhateng dhusun-dhusun, mila panewu dhistrik ingkang bawahaken dados saben dalu inggih rundha.

Waradinan ageng bawah Kartasura sapunika kenging dipunwastani neracak sae awit wangunipun boten sanes kalayan bageyan Krapyak.
Katandhan kenceng.

Surakarta

Kula radi ngungun awit mirengaken wiraosipun panakawan akaliyan para nyai kang wasta pun Traju kaliyan pun Rara Timbang, asring-asring kumedah anyauloni ginemipun prayantun syarjana ingkang kalebetaken ing pustaka warti.
Wiraosipun Traju kaliyan pun Timbang kados ing ngandhap punika.
Kula pun Rara Timbang kapesa dening pun Traju kapurih amalimpingi wiraos ingkang dereng angsal wangsulan ginem kang mawi sekar dhandhang gendhis amung sapada anggitan kang saking Yasadipura kapisan, rehning kula sampun ngakeni yen tiyang bodho menawi dereng leres mugi kaleresena, sakelangkung andadosaken suka bingahipun ing manah kula.
Ing ngandhap punika pamanggih kula.

Kawi	wredi	Mangreti
Awigena mastu	kasagetena wit kakirangan	mugi dipunsagedenaha
Masasidhi sinidhaha	kang dhateng saserepan jinurunga	wit kirang saserepan kula kang dha
Dera sang murweng rat	dening sang kang murwa ing rat	teng ing kalepasan dipunju
Kang anglimputi sahrate	ingkang anyekapi ing sarat	runga dhumateng ingkang amurwa
Dene ulun mahayun	kula anggadhahi kajeng	ing rat ingkang anyekapi
Makirtya ring kanang palupi	mangretos tepa palupi	ing saerat kula angga
Lepiya kang supadya	lepiyan supados	dhahi kajeng adamel tepa pa
Dumadya wuwuruk	dados wuwulang	lupi kadamel lepiyan supa
Ing suta wiyah priyawak	anak putu wrina ing awak	dos dados wuwulang dhuma
Sinangkalan sapta catur	kula sengakalani	teng anak putu kula purih
Syareng jalmi	1747	sumerepa dhateng ngawakipun
Janma nis kumadama	tiyang apes kedah ingunggulaken	sabab tiyang apes kedah angunggulaken kula sengkalani analika damel wuwulanh 1747.

Candhakipun babading jagad

9. kawuwusa ing taun 1855 bongsa Cina aperang maneh, bongsa Inggris sarta Prasman padha ngakahi kutha Kanton sawise kutha mau dimariyemi, bareng ing sajerone taun 1860 praja ing Peking teluk nuli bongsa Cina agawe prajangjiyan rurukunan anyar.
10. sanadyan nagara Cina lan isining wong udanaraga luwih saka 400 yuta suprandene ing saikine suda dayane marga saka paperangan lan bubrahe pranatan kina, karodene sanadyan bongsa Cina ing jaman dhingin angungkuli bongsa Eropah kapinterane ing saiki iya mung mandheg samono bae sabab bongsa Cina salawase angungkulake kawasisane lan kacukupane mulane ora praduli ing liyaning bongsa wekasane dadi ora bisa anangkarake kawruh, samono iku bongsa Cina maksa mojok banget ngatasing among tani utawa amulasara lemah.
Ing sajerone nagara Cina akeh kang padha nandhang papa mulane akeh isining wong kang padha ninggal panggonan padha lunga ing amonca kayata menyang Indi nuri lan kapulowan Indi wetan, Ustraliyah, tuwin Amerikah sisih lor angupaya pangupajiwa.
Sarehne bongsa Cina kaliwat taberine lan matuh ing gawe dadi salawase ora kukurangan pangan.

Pasal V

Kraton Batil darbeke bongsa Asiri lan bongsa Medi

1. ing alam kuna ana bongsa ngulandara padha omah-omah ing saurute bengawan Uprat sarta Tigris, ing kono padha wiwit angarjakake padesan mau sarana agawe susukan utawa bendungan, mulane enggal nemu pasilane adol tinuku karo nagara Indi, dene isining wong urunan saka kokasus asale Nabi Sem ora beda karo wonge tanah Asiyah sisih kidul kulon.

Acarita sajerone taun 2200 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos ana sawijining sujana bisekanira Nimrod ayasa kutha Babil ing tanah cedhak bengawan, ing kono iya diyasani papanggungan gedhe luwih saka 800 kaki dhuwure, sasumurupe wong kutha Babil iku kutha kang tuwa dhewe.

2. Anadene ora ana lawas ana sujanma jujulukira Nikus ayasa praja karan Ninife tedhak bengawan ing taun 2000 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos iku kang nglurahi bongsa Asiri iya asal Nabi Sem, sang Nikus mau angandhahake praja ing Babil lan praja liyane, sasurude sang Nikus garwane anama Semiramis kang genteni iku asaya masjid lan kadhaton ing dhuwure direka patamanan, prajane kinubengan ing banon kelir banget santosane.
3. Sawise krtaon ing Asiri mau wus umadeg sawatara lawase kang rong panduman padha anyempal iya iku bongsa nagara Babil lan bongsa Medi padha manggon ana ing nagara Persi.

Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos
lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Smaradana. Jeng sultan ngandika aris, eh Sulbiyah atiyasa, wus widagda pangucape, sapa mumuruk mring sira, ni rara matur nembah, tan wonten ingkang mumuruk, saking sihira hyang sukma. Mring dasih kang kawlas asih, kang tan mongeng ing satitah, sang nata mesem delinge, paran lamun kelakon, kang kaya karep ira, de ingsun jalma anglangut, kalunta tan mikir praja. Ni rara matur wot sari, langkung sayogi punika, saking papa kamulane, anglabeti lara lapa, dipunprapteng palastra, sampun kasedya pukulun, boten mamecut punika. Atasing kang murbeng bumi, ingkang datan kakilapan, amumpuni saliring reh, lamun asmaning datolah, mangsulken tyas paduka, sakedhap anulya wangsul, enget satata narendra. sang nata ngungun miharsa, mring aturira sang rara, wignya karya pasemone, ing pamrih ingkang kalih bab, tumrap atur sajuga, dhingin lampahnya sang prabu, ping kalih pribadinira. Sakala sri narapati, kasok ing katresnanira, osiking driya sang katong, paran wusanane baya, dene ta si Sulbiyah, warna yu atine putus, ngungkuli sang prameswara. Apa nora dadya runtik, yayi prameswari ika, kang wus misiseng gadhaton, dang ukendel sri narendra, rara Sulbiyah mulat, wruh seminira sang prabu, denya wagugen mring garwa. Ni rara mesem angliring, kacatur salaminira, kinanthi dereng samangke, angliring marang jeng sultan, kadya atur pratondha, narendra dupi katempuh, lir kataman ing warastra. Rontok rantas rongtang ranting, sangsaya kasmaranira, kewran ing tyas karutdene, kang marang sang prameswara, osiking tyas narendra, anjejer wiseseng kakung, estu mangreh ing wanita. Gya jumeneng sri bupati, ni Rara Sulbi cinandhak, kinanthi mungging kiringe, binakta mring padhekahan, tan nganti kang miyasa, mina munggeng lepen agung, kaselak kasengsem ira. Marang ing ni Rara Sulbi, mangkana laju mring wisma, ki Kajinah age-age, amethuk marang narendra, wus laju tata lenggah, nyai Kajinah umatur, dhuh engger kundur priyongga. Dene boten angentosi, kang sami misaya mina, sang nata aris delinge, bibi sumarma manira, agya mulih mring wisma, kaselak sru brongta wuyung, marang ing atmajanira. Ngandika malih narpati, eh Kajinah yen sembada, ingsun kawin mengko sore, lawan si Rara Sulbiyah, cara santri kewala, yya rinengga durung ungsun, reh ingsun anamur raga. Ki Kajinah matur inggih, sumongga sakarsa nata, yata nyi Kajinah age, angrukti sajen sidhekah, lawan wong sanak ira, tinata pawismanipun, ing sapantesnya kewala. Kasaru ki Islar prapti, antuk mina langkung kathah, sesenikan lir begjane, ingkang ngarsa winiwaha, ki Islar dupi myarsa, yen ing sore ningkahipun, ni Sulbiyah lan sri narendra. langkung sukanireng galih, laju biyantoni karya, kuneng wus antara sore, pangulune sampun prapta, laju ningkah narendra, mas kawin janining ngelmu, maos suluk sultan bahdad. Duk cariyos joharmani, ing sawusira paragat, andhatengken srikawine, ni Rara Sulbi winejang, mungging jroning papreman, ing solah datan winuwus, tingkahnya srti lan priya. Awit susilaning estri, pinriyembadeng ngasmara, ingkang mongka pangrungrume, singir kang mengku carita, lampahnya dewi johar, nalika papanggihipun, kalawan jeng sultan ing sam. Dhasar jeng Sultan Ibrahim, wasis yen amawa karsa, swara rum wilet tembunge, yayah kadya gula drawa, sing amyarsa kacaryan, de ni rara Sulbi tuhu, wanita limpad ing cipta. Yen mungguh asari-sari, puspa menur rinumpaka, ing mangkya lagya nedhenge, kusuma angangkat mekar, rinungrum ing

bremara, winisesa srusuh rempu, matrenyuh jrih yen supala. Nengena kang andon resmi, ing jawi kang jajagongan, ki Kajinah wong sanake, binojana suka-suka, sisingir tarebangan, kendhang bedhug miwah angklung, anutug sadalu pisan. Ki Kajinah dhasar sugih, tan etang ambuwang wragad, denira langkung sukane, denira karya jagongan, kongsi jangkep sapasar, nadyan jangkepa setaun, tan tuna mantu narendra. dene badhe anuwuhi, kamulyan donyeng ngakherat, yata risang pinanganten, langkung dening sihsiniyan, yayah tan kena pisah, siyang dalu runtung-runtung, kasok tresnane sang nata. awit dene Rara Sulbi, limpat pasanging grahita, sang nata kongsi kasupen, mring garwa miwah mring putra, kang tinilar neng praja, tangeh denya arsa kondur, kuneng ganti winuwusa. Lir sareng lampahnya nguni, traping kondha karya gantya, nagri Basarah samangke, panjenengan Sultan Kabsah, Makhmu Nursidi Salam, kacariyos sang aprabu, Basarah sungkaweng driya. Sumarma nata prihatin, nagrinya kambah ing corah, awit sang dursila dene, mangrebda akarya rusak, mring sakehing sudagar, tuwin mring wadya sang prabu, yen sugiha gagempuran. Pethuti dursila julig, widigdaya prakoseng prang, sang dursila pinangkane, saking nagari Bulkiyah, paminggiring jajahan, kang kepung wangkit puniku, kalawan nagri Basarah. Pawismanira amencil, munggeng satengahing wana, kalintang werit margine, ing laledhok pindha kutha, sumarma langkung gawat, paubeng kang pindha dhukuh, ri bandhil lawan ri tanjang. Saonjotan angideri, lan kathah kang sato galak, dene kang dadya margine, lamun manjing padhukuhan, saking ngandhaping kisma, kadya erong urung-urung, sumarma tan ana wikan. Kang mongka pethut pangarsi, awasta ki Ali Jenab, gagah prakosa dhapaure, sutane wowolu priya, sami agagah-gagah, panekar jalma laku dur, satus jalma pipiliyan. Ki Ngali Jenab winarni, sanadyan angombrah-ombrah, yen ngambil-ngambil liyane, tan arsa katunggil praja, kanan kering amonca, nagri kang den ambah lebur, yayah tan mundur ing yuda.
Taksih wonten candhakipun.
Raden Panji Partakusuma.

Ongka 27 Kemis kaping 6 Juli 1876
BRA MARTANI

Surakarta

Margi ingkang dhateng Jurug samangke ketingal risak malih panuju tekukanipun ing Jebres, kenging kaupamekaken kadi praja ing arab saking kathahipun sela ing margi mongka ageng-ageng tuwin landhep-landhep kaselanan jeglongan sarta kathah ingkang gogos awit sakings antering toya jawah, punika ingkang ngrasakaken kareta, ing sacaketipun Brontakusuman inggih nunggil risakipun margi ageng, salajengipun boten patos-patos risak nanging kedah dipundadnonsi ugi, para ingkang gadhah pasewan kreta sanget-sanget pangarsa-arsanipun murih enggala margi ageng wau dipunmulyakaken.

Nalika ing dinten Rebo ingkang kapengker ing wanci sonten wonten maesa kathah dipungiring medal setrat ngajeng, panggiringipun mawi kasesah, dene kewan wau terang bilih dereng semerep ing nagari sarta tata krami dumados selang tunjang ngantos angagetaken ingkang sami dodolan lumampah-lumampah ing margi-margi utawi ingkang numpak kreta, pamanggihing tiyang kathah manawi anggiring kewan ingkang makaten wau prayogi angupadosa wanci sanes sarta amedala lurung ingkang pancen dados pasthinipun, gumun dene nalar makaten wau boten murugaken bilahi sabab adat kewan wau manawi aningali barang ingkang ngajrih-ajrihi asring amutawatosi, mugi-mugi ingkang ngasta pangawasa anguningana, kalihdene grobag ingkang asring-asring dipunwedalaken tengah-tengah margi ageng punika dipunpambengana kajawi yen sisihipun boten kenging kaambah.

Ing dhusun Guntur, Karangpandhan wonten lare angen kathah, ingkang satunggal nama Saridin umur 14 taun sedya mendhet susuh manyar ing paglagahan, saksana dipunkrutug ing sima lorek dipunbadhog sakal ing ngajenganipun rencangira, lajeng rencangipun wau sami mlajeng anyancangaken dhateng ingkang gadhah anak, para tiyang sepuhipun agita namung dheleg-dheleg sabab kantun amanggihi jisimipun sapalih dipunbekta mantuk lajeng kapendhem.

Nagari tampi lapuran bilih ing dhusun Tangkisan bawah Sukaarja, Wanagiri wonten tiyang jaler anama Punjul pejah kaninten jalaran sakit kolerah, pamujinipun tiyang kathah mugi-mugi panginten-inten wau lepat.
Nagari lajeng angintunaken jampi kolerah, kuciwanipun para alit manawi dipunsukani jampi kolerah inggih dipuntampeni nanging asring-asring boten dipunombe.

Wonten ingkang cariyos boten mawi anaggethok tular sampun aningali sakitan pejah badhe kakubur dipunrembag mawi bale, sikilipun jisim agambleh-gambleh andadosaken gumunipun para ingkang panuju aningali, sanadyan ingkang pejah paranteyan maksa umating Allah mila mandho ringkang jujugaken layon pantes dipunajara sarta kadukanan ingkang anteb.

Wonten jisimipun kere kakalih ingkang pinanggih wonten saeloring kreteg ageng ing Bayalali, 2. Ing dhusun Gumawang bawah Karangpandhan, nalar makaten wau pamanggihing kathah boten amratandhani kamurahaning tiyang dhateng sasami-samining kang tumitah, saweneh amaastani anggenira kirang tepa-tepa wau awit bongsa jawi saklangkung ajrihipun dhateng polisi sabab asring anjalari kapitunan.

Sadaya tiyang dhusun sabrang dhistrik Wetes bawah Karanganyar panuju menek wit kenanga dhawah mangandhap lajeng kapisanan.

Ngayogyakarta

Nalika wanci dalu tanggal kaping 20 angrintenaken tanggal kaping 21 wonten gentangan amratandhani bilih wonten pakewed, kayektosan ing kampung Jagakarya bawah Martanagaran wonten durjana kecu, ingkang dipunkecu juru teluk, barang darbekipun telas sadaya dalasan sinjang wedelan kabekta, ing mongka tiyang jaleripun panuju tanggung kantun tiyang estrinipun ijen, iba anggenipun angrayah konca kecu, ananging pangetangipun durjana lepat sabab polisi ing Martanagaran sakalangkung tengen, durjana gangsal ingkang lajeng kacandhak enggal dipunkunjara angentosi putusaning nagari, durjana gangsal wau ingkang satunggal anakipun abdi dalem mantri, lo punika kados pundi.

Ing bawah Nyayogya sakit benter lertis tuwin sakit weteng dereng wonten mendhanipun.

Menggah tata tentreming salebeting dhistrik bawah Sleman taksih anguciwani saingga tiyang dhusun boten wonten ingkang ayem, kalaning dalu yen dereng amirantos bilih dipuntuweni durjana pandung culeng utawi kecu, mila tan maha sami tataken pyambak: gawene konca polisi ing sajerone kabupaten apa bae apa pijer thenguk-thenguk disambi anyeret sikile digantung, ora pisan amalanga kadurjanan, besuk apa bawah Ngayoja diparingi polisi usar, iba yen tatemenan sarta kang dadi pangawid, priyayi kang wanter patut-patute sarupaning durjana sasusuhe kabeh kacandhak.
Mila bok inggih tiyang ageng karsaha angayoni ing bawah Ngayoja dipunparingana polisi usar mendah resikipun, ing mongka samangke saben enjing para tiyang dhusun tansah anggenira aniti pariksa barang darbekipun punapa wonten ingkang cicir utawi ical.

Surakarta

Nalika Selasa kaping 27 Juni taun punika kula pinuju dolan lumampah ing radinan miji piniliyan ingkang mujur mangilen, sareng kula noleh mangidul mireng sabawa pating gareneng pating gerathok wonten ingkang nangins, kula lajeng taken kaliyan sasarengan kula lumampah, nang ing ngriku punika wonten punapa dene ting gareneng katingal udreg, sauripun ingkang kula pitakeni mekaten, lo puniku mas rongga arka pinilih rak ngajak tilar donya, kula radi kaget, lo deneng kok teksih nem temen ngajal jalaranipun sakit punapa, wangsulanipunturene dhadhakane sakit wawratan nanging kaya wong kebubuh banget ngenese mekoten sabab empun kerep mentas kepaten anak cilik nuli anake kang padha gedhe padha lara, lagi waras bojone banjur duwe anak metu kembar bayine slamet biyange mati konduran, boten lawas mas rongga banjur lara dhewe, dhi kula gumuni bareng mas rongga lara wong sak omah niku lara kabeh tekan dhayoh lagi mondhok milu lara, lah niku mas rongga dhi dadi ngenese bingung kakeyan wragat dhasar radi boten duwe, dene panjenengan dalem Ingkang Sinuhun inggih kagungan welas kersa maringi wragat arta rambah-rambah.
Katandhan pun sandhung watang.

Surakarta

Panjurung kabar sapele

Atur taklim kula rinengga sagunging panembrama ingkang mawantu-wantu mugi katur panjenenganipun mitra kula ingkang sisilih nama Mas Jayapramana.
Sasampuning ingkang kadi punika wiyosipun sampun antawis lami pambeng kula dhumateng karenteging manah ingkang saklangkung kumawawa adrengipun atasing anggen kula badhe anggelaraken pawartos sapala, ananging kedah sumengka kalair wonten pasamuwan *Bra Martani* amargi ing saben-saben kula mireng tansah andadosaken kodhenging manah inggih punika uran-uranipun bongsa wanita ingkang pancen koyek sarta maliter tuwin para taledhek sasaminipun, wondene katranganipun kados ing ngandhap punika namung kalih pada sarana sekar kinanthi.
Ithik-ithik nuli mutung, kurang apa becik mami, tresnaku sapirang-pirang, si gendhuk nora nimbangi, sun kaliwat nganiaya, dene teka mejaneni. Ithik-ithik nuli mutung, kurang apa becik

mami, tresnaku sapirang-pirsang, pedhota nalar puniki, putra nata ing ngalengka, teka angrarujid ati.
Ingkang makaten punika, awit saking sumengkaning atur panuwun kula dhumateng mas Jayapremana, bilih andadosaken dhangan ing panggalih saha wonten selaning padamelan mugi karsaha aparing barkah ngatasing kasebut nginggil wau kados pundi dunungipun sarta wiwitipun ingkang nganggit sapisan sintentuwin tumrapipundhumateng bangsaning tiyang punapa, amung punika atur panuwun kula.
Sinerat Cayudan tanggal kaping 5 Jumadilakir Jimawal 1805.
Katandhan pun arem-arem driya.
Redhaksi rumaos owel dene mas arem-arem driya kasagedanipun katindakaken ing bongsa remeh.

XIV sanggar pamingitan Santah Mariyah Dholkofah

Sang ertoh dahat sarjunipun dhateng grapar seloportah awit saking tranging kaengetan saha patitising pamikir bab saking sabarang kardi wewah malih sadangunipun maspaosaken Grap Marselo sang ertoh kumejot waosing driya kengetan dhateng putranira kakung ingkang sampun tilar, kaempi emper yen mila Grap Marselo kenging dados pantaranipunputra kang sampun angemasi.
Nunten sang ertoh nembung dhateng Marselo kasuprih tutuwi dalemipun, winangsulan sakalangkung amrayogeni wiraos punika kang dipunentosi sabab trang saking pamanggihipun Marselo yen ingkang asung brongta kusumaning ayu dyah Mahdalonah ingkang wisma ing sanggar pipingitan Santah Mariyah Dholkofah punika tan wonten kakalih kajawi putranipun kang kinasih sang ertoh betoki.

Pasal kaping 3
Panempuhing duratmaka

Sang Grap Marselo anyerapi bilih pas pun wanci jam sawelas denira wonten ing dalemipun sang parkis gileti, nunten mundur saking ngarsanipun ertoh bartoki saha anilar satriya pareli dhateng pamitan dhateng mitranipun singfiyani, tindak dhateng prenahipun sanggar pipingitan Santah Mariyah Dholkofah.
Saweh kemawon prapta ing ngajenganing masjid nunten miyarsa sabawaning tiyang ingkang mutawatosi, mila Marselo boten purun anglajengaken lampahipun rehning tan samar ing panggalih manawi dipunkodhol lampahipun.
Nunten Marselo mulat wonten janma titiga ing pepetengan saha sami nangge mantel lan topi wiyar pinggiranipun, mila mung katawis wandanipun sakedhik, tiyang titiga wau mawi anyelaki sang anom.
Grap Marselo boten pisan andugi yen tiyang tiga punika gadhah pikajengan juti, mila anglajengaken lampah dereng dangu lajeng kabujeng dening jalma titiga wau sarta sang anom miyasa tiyang abibisik makaten: iya kuwe-iya kuwe aku ora pangling.
Grap Marselo lajeng lampahipun nanging ing batos prayitna sabab kamanah wonten ing panggenan samar lan peteng, sawek kemawon denira lumaris sumerep bilih badhe katubruk ing tiyang tiga wau.
Sang anom trangginas angajengaken tiyang titiga saha angliga sanget tuwin amapan, trapipun amungkuraken banon kelir panyiptanipun sampun anedya ngajengaken panempuhing sang durjana tomboka jiwangga katayen ngantosa dhumawah pejah.
Salajengipun duratmaka titiga wau anempuh dhateng Marselo sami angliga sabet suduk, mila boten tandhing, samanten punika sami wasisipun sang pekik saged anangkis ngantos dangu, ing sanalika durjana satunggal kasandhung lajeng adhawah nunten dipunlarihi dening sang pekik, enggal sang durjana kang satunggal malih anarajang sami sabet suduk sang Marselo trangginas anginggati dados dadamel katanggor ing banon kelir ngantos putung kantun garanipun, durjana

badhe malumpat lumajar nanging karumiyinan dening Grap Marselo, margi dipuntadhahi ing dadamel jaja terus malikat ngantos angemasi sarta anyebut dhawah ing siti.
Durjana kaping tiganipun anyipta bilih boten kawawa lalawanan kaliyan priyagung kadi Grap Marselo nunten oncat.
Grap Marselo sanget sayah lajeng ambuntel astanipun ingkang labet sakedhik sarwi lumaris malih dhateng panggenan celak kori alit kapanggih menga lajeng manjing, nanging taksih sayah sanget mila tan kadugi nurut ing undhak-undhakan temah angentosi angiras aso.
Nunten Grap Marselo kengetan kunarpaning durjana ingkang kaperjaya bok manawi ambekta nyina ingkang saged anedahaken sinten tiyangipun utawi bok manawi ing pawingkingipun saged anglacak marganing kabegal, sokur yen kapanggiya gesang salah satunggil amurih kenging kapitakenan punapa nalaripun teka mawi lampaha juti makaten.
Grap Marselo nunten amurugi panggenaning durjana, nanging sapintenta gumunipun sareng kapanggih sampun boten wonten satunggil-tunggila dene titi kuthah ludira, sareng Marselo badhe wangsul malih dhateng sanggar pipingitan aningali maujud mancorong wonten ing siti lajeng tumungkul kapendhet, dipuntingali wujud jene warni prapatan mawi katretes ing sela inten saha endah padamelipun.
Sang Marselo anggrahita yen nyina wau ing tembe bok manawi saged anerangaken mengsah ingkang amarasandi tan keksi mila maujud wau lajeng kapendhet badhe kabekta ing sapurugipun saha sedya katingalaken bilih wonten prelunipun.
Sang anom lajeng lumaris dumugi ing kori gedhong kapanggih kaliyan kyahi santri.
Kyahi santri wicanten lah dalah ing sapunika dhateng ing ngajeng kula sampun anyana yen badhe tanpa damel anggen kula ngentos-entosi wonten ing ngriki.
Sang Marselo amangsuli antawis satengah jam sapriki kula boten nyipta bilih saged papanggiyan malih kaliyan sampeyan kyahi.
Kyahi santri rehning tan sumerep ing nalaripun dados semu kaget, wangsulanipun mawi amalimpingi, sok makatena punika tondha katemenan sampeyan.
Sang Marselo gupuh nambeti lo kyahi sampeyan sampun kaganasen mastani punapa-punapa bilih dereng kawajiban amimesani, kula rak sampun dangu wonten ing ngajengan kori ngriki saderengipun sampeyan dhateng, wasana kula kapambengan durjana titiga badhe anyidra mejahi dhateng kula.
Kyahi santri anjumbul saha muwus lo punika kadi pundi dene wonten titiga makaten.
Sang marselo nunten angandhakaken ing purwa madya wasananipun.
Kyahi santri sarwi midhanget denira myarsakaken, ing batos angupadosi elidipun dene wonten kaelokan makaten nanging tan kapanggih eleripun.
Kyahi santri lajeng tumenga mandeng dhateng sang marselo sarwi angling alon Insya Allah punika nglengkara sanget nunten sang pekik kapurih tut wingking.
Sang anom anuruti kabekta angambah margi ingkang sampun kasumerepaken kala rumiyin dumugi ing masjid alit nanging ing sapunika boten patos-patosa kaisenan raja brana sarta amung kadilahan lampu satunggil ingkang gumantung ing rante mlaka, wonten sangarsanipun gandaning kenya nirmalawati.
Ing ngriku kyahi santri mendhet Kuran malih kaulungaken dhateng Grap Marselo sarwi anjarwani makaten.
Sampeyan sumpaha yen sampeyan boten pisan-pisan sedya acacariyos namaning wanudya ingkang badhe sampeyan panggih ing dalu punika utawi boten pisan-pisan amrejelaken tembung, pancen manggepokan kaliyan nalar ingkang badhe sampeyan ginem kaliyan wanudya wau.
Taksih wonten candhakipun.
Se Ep Pe.

Punika candhakipun babading jagad

Bareng sajerone taun 777 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos praja ing Ninife bedhah, dene ing sajerone taun 700 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos praja ing Asiri sirna.

4. kacarita kraton Ing Babil nuli umadeg maneh ngratoni dhewe akeh kang padha kedhep saksana ratu ing Babil angandika kinen angobong kitha Jurusalem isining wong padha dadi buwangan, nuli nglebur praja ing Mesir, nanging ora lawas ing sajerone taun 555 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos praja Babil banjur dienciki bongsa Persi.
Anadene tilasane praja ing Babil lan Ninife saprene isih ana nanging wis padha kurugan pasir, wondene nagara mau wus malih dadi glagah rayungan, ing mongka kuna-kunane banget arja sarta loh jinawi.
5. kacarita ing Medhiyi iku ing kunane arane nagara sisih kidule sagara Kaspi dadi salore nagara Persi, wondene isining wong diperang-perang sauturunan-turunan kabawah marang bongsa Asiri, wasana ana panggedhene siji umadeg ratu sakehe bongsa Medhi, ratu mau nuli angadegake praja ekbatanah ing taun 700 sadurunge kanjeng nabi miyos saka anelukake pirang-pirang nagara kang prenah cedhak tapel watese, nagara Persi iya milu kandhah, kawuwusa panggedhene bongsa Persi jujuluk Sisye angrebut kraton Madhiyi, mulane awit ing taun samono 555 sadurunge kanjeng Nabi Ngisa miyos kraton Medhiyi sirna.

Pasal VI

Kandhane praja baktring lan sarengate sarengate sarathursta

1. Sawuse bongsa Asiri padha dudunung ing tanah Indi lawas-lawas angadegake praja aran Baktring bumine loh jinawi prenahe cedhak bangawan amu kulone pasmir, dene isining wong banget sumilanelan kaawicaksanane sarta nemen enggene adagang adol tinuku karo nagara Indi, ing kono sajerone taun 1300 sadurunge gusti kanjeng Nabi Ngisa miyos kandhane ana wong agung bisekanira sarathursta.
2. Dene sang Sarathursta iku amumulang sarengat anyar kongsi saprene isih dianggep dening bongsa Persi ing nagara Bombei, anadene piwulange sang Sarathursta amratelakake lamun ana Allah sawiji utama diasmani Urmus iya iku kang anitah aneng bumi lan langit lan kang maringi barang sakalir barang kang utama, ananging wuwulange ana uga jim-jim kang ala wateke tinindhihan dening ariman ratuning peteng, mulane iku kang kudu disingkiri, dene piwulange muni sajerone kitab kang diarani sendhafestrakitab mau waradin ing nagara Ira[..].
3. Anadene sawuse bongsa Baktring katelukake dening bongsa Medhi nuli kaendhih maneh dening bongsa Babil, wasana dikesepake dening bongsa Persi lan bongsa Medhi, koni ing pamburinedisalini agama Islam dene kang isih panutan Sarathustra padha dibuwang ing sajabane nagara Persi ngili ing nagara Indi.

Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos Nawawi:
lalampahanipun Sultan Ibrahim Ibnu Adam

Durma. Pethut kecu ngali Jenab pakumpulan, sukastha munggeng ngarsi, kang sepuh priyongga, awas titingal ing johar, prawira ing ngagal remit, mongka gelali, lan dadya pamugaring. Sundhulane awas aningali ppijra, patitis olah wada, arine awasta, ni ngali abudipak, ngali kalbat balikabsi, ngali tarmiya, ngalibek ngali tarkab. Suta wolu raracak prawireng yuda, teguh rosa tan sipi,lan ginulang-gulang, parigel solah tandang, saliring gegaman wamis, marma yen nebak, pamisman pilih tandhing. Yata bapa Ngali Jenab parentah, eh sagung suta mami, ewadene ingsun arsa angrurah, lurahing juragan sugih, nagri Basarah, kang aran kasan arbi. yata matur suta sepuh ngali johar, inggih bapa kiyahi, telik kula prapta, ngaturken ing panugma, juragan sun kasan arbi, sampun prayitna, angsal bantu prajurit. Kawan atus myang wadya papiliyan, saking para bupati, punggawa Basarah, murina sedya lawan, lamun paduka dhatengi estu yen aprang, rarempon mengsah nagri. Yata menggah ngali jenab duk miharsa, sigra denya nambungi, bagus ngali wijra, lamun menggah kawula, sedheng silih nyengka tandhang bagya wasisan, untung-kuntung katawis. Lah ing benjing punapa denya katingal, kaprawiraning jurit, kalamun unggula prang, yanta dadi pancadan, kasidaning kang kamuktin, lamun manggunga makaten tanpa kardi. Yata guyub sutastha pangajabira, ki ngali jenab angling, yen kaya mangkata, payo leksanana, gitiken

ing mengko bengi, sarowangira, trapana kere wesi. Lawan padha welegen ing bujakrama, yata sampun rinakit, satus wadya sura, mangkrak samya gambira, sangkep gagasaning jurit, dupi antara diwaseng surya lingsir. Nulya budhal gegancangan lampah dharat, ganti ingkang winarani, Kasanarbi dahat, sampun miharsa warta, saking ature kang telik, estu yen prapta, sang mursita ing latri. Kasanarbi wus miranti methuknya, kadya kanthaning jurit, lan atur uninga, marang sultan Basarah, jeng sultan duka miharsi, sigra parentah, jeng sultan anindaki. Ayun mirsa warnane sang laku cidra, sigra rekyana patih, amatah punggawa, lan wadya pipiliyan, kang badhe bantu ing jurit, wadya krinambang, […] narpati. Anyelamur lampahnya sultan Basarah, sumedya nyegat margi, lan kyana patya umiring ing narendra, santana satriya mantri, samya pinindha, wadya lit magersari, wusnya rakit jeng sultan anulya budhal, […] kang den geni, yata kawarnaha, sang gagedhug dursila, ngali jenab poma sun prapti, wanci rep surya, jujug juragan arbi. Ki juragan kang sumbar neng radin, duppi wau ningali, sang dursila prapta, sigra nabuh tengara, bendhe kendhang gong lan beri, surak gumerah, prayitna anadhahi. Yata ri sang dursila mahambek sura, gumulung nempuh wani, satus wadyanira, sareng ngamuk mangrupak, angangsahken pedhang tamsir, duk katadhahan, rame kongsi silih ukih. Para pethut wawolu kasonga bapa, pangamuke mangukih, kadya yeksa krodha, kang tinarajang dhadhal, pamedhange ngobrak abrik, keh jalma rantas, pinedhang tigas pacing. Wadyanira ki juragan kathetheran, amales tan ngudhili, sagung wadya bajag, parigel ngamuk rampak, anuwek nigas ngakahi, saya keh pejah, wadyanira ki arbi. Panggah-panggah sinurung tatas busekan, larut tan mongga pulih, yata para tongga, kang tutulung keh prapta, maju napung ingajurit, pethut dursila, para ngali ngawaki. Songa bapa sudira suramarata, lir bantheng tawan kanin, sinosog talempak, suligi nambi cacap, tan ana kang miyatani, pamalesira tan kewran karya pati. Duk semana ing dalu kadya rahina, kehing obor lan agni, dadya katingalan, para pithut tandhangnya, jalma tandhang samya giris, bubar lorodan, amung kari ki ngarbi. Lan pudhaknya sedasa wus cinekelan, mring pethut para ngali, nangis ki juragan, ngrarepa minta gesang, ki ngali jenab marpeki, sarya sru mojar, eh-eh juragan arbi. Lamun sira mrih waluya angganira, nurut marang mami, lah payo den inggal, manjing mring wismanira, sira pasraha mring mami, arta betramal, tanapi suta rabi. Ki juragan ngrarepa ing aturira, dhuh dhuh kiyahi inggih, sumongga ing karsa, punapa kang kinarsan, […] wus den luwari, wau juragan, para pethut den irit. Marang wisma cinaraka wus praptanya, pra akrap methuk sami, kinen samya gelar, arta miwah barana, myang pasugata rinakit, munggeng jerambah, nyai arbi gya angling. Kadya paran sang dursila sinugata, ki juragan nauri, lah sira menenga milu nyuba-nyuba, iki panebaasing urip, nadyan enteka, amal yen ijeh urip. Bok mawa ing tembe bisa mulihna lan kabeh anak mami, saosna mring ngarsa, yata nyai juragan, gupuh denya ngleksanani, wusnya pepak para pethut prapti. Ingacaran lenggah wus tata lenggah, munggeng sajroning panti, sigra ki juragan, masrahken warni barang, ki ngali jenab lon angling, eh wruhanira, iya juragan arbi. Amalira ingsun ambil sapratigan, lan sutanira estri sun jaluk sajuga, dadiya mantuning wang, barana sadum iki, mongka gegawan, gene salaki rabi. Lilakena wruhanira ki juragan, wewolu suta mami, pitu kang wus krama, oleh anak juragan, saben-saben bajag mami, ngambil wanita, suta juragan sugih. Ingsun karya mantu lan ngambil barana, ya mung saprateloning, kaya iki uga, ki juragan miharsa, ngungun sumongga ing kapti, yata ki jenab, sutanira wuragil. Kang wasta ngali sasra wus jejaka, warna gagah respati, sutane juragan, kang aran rara wuryan, warnanya ayu mrak ati, suta panengah, punika kang pinilih. Lan binekta pudhak estri titiga, yata sawusnya dadi, genira pabenan, prasamya sukanira, sabab ki jenab amisik, ing kayunira, ing tingkang kang piningit. Sawusira sinugata sigra dandan, pikulan barana di, pamit gya budhalan, sutane ki juragan, tinandhu binekta latri, duk prapteng marga, lampah tata sami. Sutanira wuragil lawan rembatan, kinen nimpang anilip, leskar kawandasa, umiring samya nimpang, ki ngali jenab miharsi, lamun cinegat, arsa ngungkurken jurit.

Taksih wonten candhakipun.

Raden Panji Partakusuma.

Ongka :28 Kemis kaping.13. Juli 1876

Bra Martani

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pangecapan ing dinten rebo enjing. Badhe kapacak ing serat bra martani. Pangaosing pamacak wahu salarikipun :25. Sen. Regining serat segel.

Serat bra martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Tegesipun salarik-larikan ingkang isi gangsal tembung. Reginining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung. 26. Sen, ing dalem seket dumugi satus tembung.60. sen. Pangaosing pamacak wahu kedah kabayar rumiyin.

Telegrap angabaraken bilih raden saleh juru gambar dalen sri maharaja nederlan atampoi nuwala dalem ing kang sinuwun ing proisen. Mawi tapak asta dalem pribadi tetembunganipun maduwara. Suraosipun pari pirsa manawi raden saleh kaganjar bintang krunardhenedhenlas.

Surakarta

Nalika dinten jumuwah wage tyanggal kaping. 14. Jumadilakir jimawal. 1805. Ngabehi cakradipa. Abdi dalem panewu panumping tilar donya. Jalaran sakit sepuh. Umuring langkung. 70. Tahun. Dipun kubur ing dhusun malese celak ing prambanan. Namung tilar putu jaler satunggal. Dereng anyuwita awit taksih alit sanget. Manawi kaurut inggih lare punika ingkang badhe gumantos.

Surakarta

Kala ing dinten male selasa. Angrintenaken tanggal kaping. 4. Juli. Tahun punika. Kula mireng kabar ing kampung hemlayan. Wonten tiyang estri nami biyang brintik. Nuju jagongan kaliyan bojonipun. Wonten ing pagriyanipun piyambak sadangunipun jagongan kula mirengaken wicantenan sahe. Malah sambi nedha tatedhan. Boten antawis dangu kula mireng swara pating arengok ing pagriyanipun biyang brintik wahu. Lajeng kula nuweni meriku. Sanget pangungun kula. Dene biyang brintik sampun kapanggih pejah labet kenging latubananipun gasong sadaya. kabar dadakanipun tiyang brintik nyondoldilah gantung lisah petruliyun lisahipun mara dini awakipun biyang brintik saha murub. Punika biyang brintik lajeng pejah sakal.
Ingkang kula gumuni tiyang jawi punika sok kirang prayitnanipun. Kang wusana kang kados makaten andadosaken kasangsaran. Mugi dados pangenget-enget.

Katandhan selang gumun.

Dereng dangu ing nagari ngayogyakarta. Angideraken kagungan dalem masiyat, waos anama tunggul wulung. Mawi kurmat tan bina yang kare.kajengipun para tiyang murih nulak kasasakit. Mugi-mugi gusti allah karsa amiyarsakaken pangadhuhipun para tiyang. Sanadyan pangaduh wahu sarana angideraken dadamel.

Panjurung saking kendal katandhan suyalayampur. Boten kapacak awit para juru set. Boten wonten ingkang sagah amacak saking ruwedipun nyeratipun. Redaksi.

Serat babar vors tenlanden ongka. 43. Amratelakaken kadi ngandap punika.

Menggah watakipun bongsa sabrang limrah kasebut. Prim de daster lingen. Langkung malih bongsa cina. Anggeni raremen amanggen ig pundi-pundi. Kang sakinten angasili. Punika

angjalari kangjeng tuwan residhen ing semarang kawiyat pribadi. Amambengi maheber ing bongsa sabrang wahu. Tegesipun. Kapesthi panggenanipun pyambak-pyambak. Sarta anyirnakaken pageran ingkang rumiyin-rumiyin.
Pranatan kang makaten wahu saskalangkung prelu. Awit watek sudagar ing bongasa cina sakalangkung mulukipun. Sahingga dipun damel upama: cina yen malusungi dados ipun lintah. Utawi akosok wangsul. Mila anuwuhaken sunat amatesan papan pagriyanipun para cina.

Wasana saliyaning bongsa cina bongsa sabrang sanesipun karsanipun tuwan residhen semarang dipun awokaken ing pranata wahu inggih sangsaya prayogi. Ananging boten teka sumelang saking doyanipun dhateng yatra. Namung ingkang dipun jageni anggeni raremen kaanggep resik alim. Punika asring-asring anggalewanga ken pamikiring bongsa jawi ingkang pancen watak gampilan sarta bingungan manwi sampun anggadhahi ngilmu.

Kuneng ing surakarta para encik ingkang awis mahing kampung peken kliwon. Sadaya sadherekan atata tentrem. Suprandene bongsa cina. Maheber agegriya ing sakajeng-kajeng. Ngaler ngidul magetan. Mangilen ing prja surakarta. Kebekdenin bongsa wahu. Ing mongka anggenipun kukucir. Boten kadi kalimmrahan. Sabab pagriyanipun kathah ingkang sasat panggenaning kanisthan. Utawi anyamaraning apyun peteng. nanging kangmesthi ngiras dipun damel panggenan main. Utawing pagantosan alit-alitan. Ingkang angrisakaken bongsa alit tiyang jawi. Kang sami awis maca caketanipun. Wasana yektos manawi lalampahan wahu kalebet awisan. Ananging juru reksa ingkang doyang baledug gamil dipun lela grom mawi lisah. Supados kendela. Tur punika ingkang anyumelangi. Ngatasing cina ingkang manggen jawi ning kikis.

Sawarnaining kadurjanan kadosta, angecu. Angringkes amandung. Punika pangrancang ipun asring-asring ing phondhok ipun bongsa cina wahu. Mawi kacegahan apyun peteng. Anjalari kapitunaning gupremen sarta pakter. Ingkang sampun sagem-sininggem.

Aliya saking punika kathah kemawon para lare estri ingkang pancen saged imah-imah kaliyan bekel dhusun sapanunggilanipun. Leburipun lare wahu manjinging panggenan wahu. jalaran saking panglembuk ipun nyahi sengkek. Dene bab bobotohan ngaben sawung. Jangkrik dherekan utawi kecik. Ingkang asring-asring dipun pahiti ingkang darbe wisma mawi kang gantosaken barang. Kadosta. Wuwusing sem timang sapanungilanipun. Sarta mawi nyaremi. Nembu mugi sadasa rupiyah satusipun. Punika kajawek aken ing petang. Sabab remeh. Ewa dene remeha dipunapa. Cekapipun damel gegamaning nalar. Muroih amatesan griya papaning bongsa primdhe desterlingen. Manawi ing pawingkingipun sampun kaleksanan. Dipun waspaosna polisinoing surakarta anggeni rahanyantosani pranatana. Sampunngantos salah ton aningali bebesel.

Surakarta

Panjurung kabar bab lampahipun durjana pandung. Ingkang kabejan. Tuwin ingkang kacilakan. Wewengkon kapulisen kaparak tengen. Awit tanggal kaping, 10. Wulan ingkang kapengker. Dumugi tanggal kaping.10. wulan punika. Sampun katuwenan kadurjanan pandung rambah kaping.3. menggah tatranganipun kabos ing ngandhap punika.

1. ing kampung samakan . ing wanci tenga dalu sang pandung sumedya badhe mendhet wacucal ingkang sami karendhem. Rehning iongkang darbe griya mireng sabawananipun tiyang. Gupuh lajeng medal saha sikep dadamel waos ligan. Sareng dumugi ing jawi langeng jujug panggenan rendhemen wahu. Sang durjana uninga naming sumedya badhe sumingkir. Ingkang darbe griya sumerep lajeng dipun sapa. Sarwi dipun ancari waos. Sang durjana boten pisan yen badhe suwala. Lajeng pasrah jiwa raga. Inggal kapikut lajeng tinrapan ing pusara. Sareng katiti wahu tiyang ngakeni bilih griya ing kampung marta kusuman. Malah asring

nglampahi berah patrol. Senadyan sampun waleh. Boten sumingah ing kadurjananipun. Suprandene meksa tampi ganjaran pakurmatan ungeling bendhe ingkang angungkung.

2. Ing kaliwonan wonten prayantun kakalih sami mondhok. Asli saking ngampel utawi ngandong. Sumedya badhe ngupados pandamelan saking gamagang. Kaprenahaken ingkang boten tebih kaliyan dalem. Ing wanci dalu katamuwan durjana. Lebetipun ing griya sarana gangsir. Sadaya dadosanipun prayantun kakalih lajeng sami karangkut. Liya ingkang karaket. Ing badan kabekta ing durjana sadaya. Telas pangaos. 177 rupiyah pethak. Langkah ingkang makaten wahu. Saklangkung geni ramamelan. Mila sangking pangajeng-ajeng kula ingkang mugi tumuntena pikantuk titik ingkang yakim. Sageda gandeng kalayan sakdurjananipun. Sahiba legane manah kula.
3. Ing kampung katandhan. Pagriyanipun abdi dalem mantri gladhag. Inggih katamuwan pandung. Sang durjana saweg ngraketi griya. Mas ngabehi wahu medal badhe lang-lang. Kapergok lajeng kasapa pandung sumedya badhe oncat nanging lajeng katukeban ing kathah pandung lajeng kacepeng. Katiti wahu pandung angakeni asli sangking tanah pacitan mondhok wonten pagriyanipun pangidung gandekan tengen. Enjingipun tyang ingkang dipun pondhoki wahu lajeng katarik ing pulisi. Lumados ing parentah lajeng kakunjara. Ing mangke dereng kinanten kadadosanipun.

Mese nagari surakarta tanggal kaping.6. jumadi akhi. Tahun jimawal. Ongka. 1805.

Katandhan. Mangtuncarit.

Serat saking satunggiling presil bawah ngayogya suraosipun makaten.

Kula sampun anuoni pakewedipun amambengi pandung tegilan. Jalaran saking kendor polisi. Wonten patoman ingkang dipun uruti urutipun. Sahingga risakmsadya. Para tuan ingkang majegi siti. Anglabeti kinen angreksa. Ananging meksa boten kuwagang. Sapisan kaping kalih kula nate anyepeng pandung tegilan makaten. Lajeng dipun ladosaken dhateng nagari. Nanging kadadosanipun kaayemaken. Kados ingkang pandung wahu dipun aken anyambat damel. Balih sampun. Lajeng dipun luwari. Sabab dipun manah mindhak angathahi rembag. Dhuh. Benjing punapa wonten pamasoh lajeng dipun santuni priyantun guna taberi ing damel.

XV. sanggar pamingitan santah mariyah dolnovah

Sampeyan sumpaha. Wados wahu boten pisan pisan badhe sampeyan wiyak. Sanadyan mawiya tetembung an. Sanadyan mawi sastra. Utawi sarana tetembung. Tan pitarekah liyanipun. Punapa dene sampeyan boten badhe waleh. Sanadyan dipun wesiasata. Suwawi sumpah lalandesana dayaning masjid punika. Utawi dayaning kang sampeyan angge nirmala.

Sampeyan asumpah. Wonten ing ngarsaning ibu dalem jeng nabi ngisa ikang sampeyan tingali punika.

Kyahi sastri nunten kendel lajeng sang pekik amuwus saha andawahaken pisumpah. Suraosipun makaten.

Kula sumpah teman-temen badhe ngekeri wawados. Saha kula nyumanggaken badan kula bilih ngantos cidra. Purun anglampahi ukun ingkang dados kawajibane tiyang purun anggempalaken pisumpah. Sanadyan kula dipun wesihi sata inggih sandika.

Kula asumpah wonten sangarsaning kenya nirmala. Ingkang wonten ing ngajengan kula punika. Mala landhesan dayaning masjid. Saha lalandhesan warnining kang kula anggep nirmala. Bilih wados ingkang badhe kula serepi boten badhe kawentar. Serepipun wawados badhe kula benta manawi sampun tinakdir mantuk ing zaman akhir. Sanadyan kula kapeksa angeniraken kawiryaning dunya. Wados wahu boten badhe kawangkis.

Nunten kuran dipun aras lajeng kasukakaken dhateng kyahi santri saksanakinureban pamuji. Amurih ngisahi.

Isa nalika grapar sela kengetan dhateng kusumaning ayu. Ciptaning kalbu inggih punika wadunyanipun ingkang dipun mastani kyahi santri wahu. Parta ingakang badhe kapanggihaken

ngantom boten saronta anggenipun badhe uninga. Mila langkung sukanipun sareng uninga bilih kyahi santri amengakaken kori. Sarta angawe dhateng martela kasuprih lumebet.
Nunten prapta ing panggenan sanes. Mawi pinajang saliring rerenggan tulyandah. Sangkep sesiniraman kawargi. Punapa dene kathah isining gambaran.inggih sanadyan kathaha. Amung satunggil ingkang anggandeng manahipun sang martela. Gambar punika ingkang pinondha wanudya satunggal angagem busananing kenya kang kang sampun manjing pasecen.wanodya wahu trapipun jangkeng.saha anyepengi bahunipun satunggaling satriya. Ingkang ngrasuk busana kaprajuritan. Dene topongipun kaselehaken ing siti. Ludira mancur saking labet wandanipun semu biyas.netya kapara lengka.dene wanodya wahu tumengantrenipun kadi anunuwun dhateng kang murbeng jagad. Agemira tameng satriya wahu wonten sastranipun mungel anyebutaken. Ingsun palastra awit saka palastraning wong. Durjana gedhe kang nyendal nyawaning wang.dene kang amateni.anyana.
Yen parimpen gone singidan ananging ing tembe ana kang bakal aduduhake wismane.
Sang martela ebat aningali saha angres galihipun sasatan saged kumedhep anggenipun maspaos aken. Endahing wanodya saha bagusing satriya kang kagambar.
Sareng martela mantuk anggenipun maspaosaken gambar wahu. Nyahi santri sampun kapanggh luweng saha boten sumerep korinipun ingkang dipun surupi.
Sang martela micoreng nala.amawa anane dene ananalar mangkene. Nunten wira wiri aningali gambaran wahu.tandangu marselo amyarsa swara arum sinawung ing calempung semunipun kadi kikidung amintasih dhateng dewi kenya nirmala. Dahat kayungyunipun dhateng swara wahu. Kadya uloning widadari.
Sang martela nunten anyelaki jandela. Adrenging tyas badhe sumerep. Sinten kemawon ingkang kadiswaraning jim pangidungipun. Nanging meksa boten saged sumerep.
Wasana swara wahu kendel gentha munya jam sakawan anjing. Sanget gumunipun sang martelo dene sampun lungsem makaten.

Taksih wonten sambetipun.
Se. Ep. Pe.

Candakipun babading jagad.

Bareng sajeboning tahun .777. sadurunge kangjeng nabi ngisa miyos praja ing niniveh bidhah. Dene ing sajerone tahun.700. sadurunge kangjeng nabi ngisa miyos praja asiri sirna.

4. kacarita kraton ing babilnulihu madeg maneh. Ngratoni dhewe. Akeh kang padha kedhep. Saksana ratu ing babil angandika kinen angobong kutha jurusalem isining wong padha dadi bupangan. Nuli nglebur praja ing mesir. Nangin ora lawas ing sajerone tahun.555. sadurunge kangjeng nabi ngisa miyos. Praja babil banjur dienciki bongsa persi.
5. Ana dene tilasane praja ing babil laninive. Saprene isih ana nanging wis padha kurugan pasir. Wondene nagara mahu wus malih dadi glagah rayungan. Ing mongka kunane banget arja sarta loh jinawi.
6. Kacarita ing mediye iku ing kuna arane nagara sisih kidule sagara kaspi. Dadi salore nagara persi. Wondene isining wong diperang perang saturunan turunan. Kawabah marang bongsa asiri. Wasana ana panggedhene siji umadeg ratu sakehe bongsa medhi. Ratu mahu nuli angadekake ekbahanah inghun.700. sadurunge kangjeng nabi miyos. Sarta anelokake pirang-pirang nagara kang prenah cedhak tapel watese. Nagara persi iya milu tadhah. Kawuwus panggedhene bongsa persi jujuluk sirus angrebut kraton mediye. Mulane awit samana ing tahun 535 sadurunge kangjeng nabi ngisa miyos kraton mediye sirna.

Vasal VI
Kandhane praja bakri lan sarengate saratustra.

1. sawuse bongsa asiri padha dudunung ing tanah indi. Lawas-lawas angadegake praja aran bakri. Bumine loh jinawi. Prenahe cedhak bangawan amu. Kula nekat mer. Dene isining wong banget susilane lan kawicaksane. Sarta nemen ing gone adagang adol tinuku karo nagara indi. Ing kono sajerone tahun.1300. sadurunge gusti kangjeng nabi ngisa miyos. Kandhane ana wong agung biseka nira sarathustra.
2. Dene sang sarathustra iku. Amumulang sarengat anyar. Kongsi saprene isih di anggep dening. Bongsa persi ing nagara bombai. Ana dene piwulanga sang sarathustra apratelakake. Lamun ana allah sawiji kang utama. Diasmani omus. Iya iku kang anitahake bumi lan langit. Lan kang amaringi sakalir tarang kang utama. Ananging wuwulange ana uga jim-jim kang ala wateke. Tinindhihan dening ariman. Ratuning peteng mulane iku kang kudu disingkiri. Dene piwulange muni sajero kitab kang diarani sendhavestra. Kitab mahu waradin ing nagara iran.
3. Ana dene wuse bongsa bakri kateluke dening bogsa medhi. Nuli kaendhih maneh dening bongsa babil. Wasana dikedhepake dening bongsa persi lan bongsa medhi. Kongsi ing pamburine disalini agama islam. Dene kang isih manutan sarathustra. Padha dibuwang sajabane nagara persi. Ngili ing nagara indi.

Taksih wonten urutipun.

Punika kandhaning dhuwung nama
Labu gagang
Ing banjar mas

Kacariyos ing sawijining dinten. Kangjeng sultan mustahidubilah. Pinarak siniwak. Para punggawa sami sowan andher. Jeng sultan ngandika:

Heh bocah ingsun padha. Sapa kang bisa analukake praja ing pasir. Nalika samanten boten wonten satunggal ingkang mangsuli atur. Wasana dipati gandhi jeng ing ngarsa ning ratu. Sarta wot sekar. Nunten munjuk: kawula nuwun munjuk ing paduka. manawi boten wonten abdi dalem ingkang purun anglampahi ayahan dalem. Nuwun abdi dalem kawula cumadhong dhawah pangandika dalem. Abdi dalem sumarah ing karsa dalem sang prabu suka ing panggalih. Lajeng andikakaken amaringi wadya bala. Sapinten ingkang dados kajeng ipun dipati gandhi. Ananging sang dipati lenggana atur panuwunipun mugi kalilana anandangan pribadi. Kaconggah anelukaken praja ing pasir. Saksana sang dipati bidhal. Namung abekta rencang titiga.

Sareng prapta ing pasir. Dipati gandhing dipun parikrama dening jeng sultan ing pasir. Tuwin dipun sugatani. Sareng anjarwakaken manawi kautus ing sang prabu banjar mas andikakaken nelukaken praja ing pasir. Jeng sultan sakalangkung geter saking kagetira. Ngantos kapitenggengen. Dangu-dangu amangsuli: heh utusan, kawruhanira. Yen praja ing pasir banget cilike. Mulane nembunga marang pepatih ingsun dipati mayang.

Sareng kairid dhateng kapatihan dipati anembung mundhut telukipun praja ing pasir. Kyana patih dipati mayang. Sareng miyarsa tembung diksura makaten bramatya. Jaja mapinga-pinga. Sarta gumujeng latah. Heh kyahi sira baliha ing gustinira. Nuli besuk anggowaha wadya bala kang pepak. Yen mengko wis katemenan ing gegaman lah pantes amancasan. Sapa kang duweni praja pasir.

Kyahi dipati gandhing mangsuli. Apa gawene angadu bala. Angulahken getih tanpa asil. Yen ta sasar sedyanira arep ngadu gegaman lah bok iya ijen bahe. Sira kalawan ingsun. Padha asilih ukih. Kyahi patih amrayogeni. Lajeng anyuwun lilahipun sang ratu. Saksan punggawa kakalih sami angrok bonda wala pati asalin dhuwung. Lir sardula wikridhita. Sang patih anggenira anubruk dhateng dipati gandhing. Nanging dipun tadhahi ayem sarta boten kagimiren. Pratondha yen prajurit saestu. Sahingga tigang dinten anggenira ayuda brata. Boten wonten ingkang kasoran. Sareng sayah priyagung kakalih wahu sami aso. Ing salebeting tilem. Dipati gandhing anyupena kadatengan tiyang sepuh sarta anjarwani :heh kulub yen kyahi patih isih anduweni keris sela bugagang. Ora bakal bisa angandhahake.

Sareng enjingipun malih kengetang anggenipun supena. Dipati gandhing lajeng tumandang malih wonten ing pabaratan. Sareng sampun ajeng-ajengan lajeng muwus : heh kisanak sasuwene peprangan mongsa ana kang unggul utawa kasoran yen awit agenti keris. Mulane ayo padha salin gegaman. Padha anganggo klewang utawa tumbak. Sareng sang patih katingal anglenggana. Lajeng dipun uman-uman malah kraos isin nunten purun asalin dedamel. Ing mangke dipati mayang asikep dadamel klewang. Dipati gandhing amndi tumbak. Gya sami ajeng-ajengan dipati mayang sakelangkung nepsu. Dipun tampeni ayem-ayeman dening dipati gandhing. Dangu-dangu kyana patih kaprajaya jajatrus walikat. Awit samanten praja pasir teluk dhateng kraton ing banjar mas. Dhuwung silabu gagang dipun pendhet dhateng dipati gandhing. Kaanggep darbekipun sarta dipun angge. Sareng wayah dalu anyupena malih. Dipun jarwani dening kaki-kaki sepuh. Yen dhuwung wahu kalebet wingit. Kanggenipun manawi pasamuwan ageng manawi dipun damel padintenan mindhak amurugaken risaking praja.
Dene sansanti wahu dipun tuhoni. Sareng sampun amranata lajeng wangsul dhateng banjar mas. Dhuwung silabu gagang dipun unjukaken sang prabu. Tuwin amratelakaken supena nira. Kacariyos dipati gandhing lajeng kakula wisudha dados patih. Dene tumbak sirikil ingkang kadamel mrajaya dipati mayang. Punika sadangunipun ngantos palamanipu pangeran idayatulah. Dados agemipun ingkang jumeneng papatih ing banjar masing.

Punika candhakipun cariyos nawawi :
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam

//oo// : Pangkur : //oo//

// Pethut kecu ngali jenab wus miyarsa sangking aturing telik. Lamun ing pojok sisingub. Ing margi teterusan. Wonten baris sikep gagaman prang pupuh. Kadi arsa nela bung prang. Tigang ewu winitawis.// ki ngali jenab miyarsa. Sedyanimpang sigra kang para siwi. Ariyeg deni rama tur. Nedya pinethuken. Ngali jenab anjengek deni ramuwus. Lah kapriye akal ira. Wong tri ewu den tadhahi.// sira mung pitu belaka. Baturira suwidak wora luwih. Lah paran gonira ngadu. Dadya otota kawat. Balung wesi nora wurung remak rempu. Abecik nimpang kewala. Nalusup manjing wonadri. // kang para siwi tur ira. Yen paduka kyahi idat tan apti. Akedah lumajeng ngunthul. Jrih ing tandhing sumengka. Inggih amung kawula nyuwun pangestu. Kula pethukne priyongga. Lan kadang pipitu sami. // Babegjan yen unggul ing prang. Amrih kasub ing kayun bok menawi. Kadugen benjang ing pungkur. Yen pejah boten bakal. Ngali jenab sampelah miyarsa wuwus arsa dilar datan tega. Wusana amituruti. // ngucap yen mangkono padha. Iya payo arep wruh ingsun iki. Marang kabeh prawiramu. Dene nora kejamak. Ambergundung wani mungsuh telung ewu. Saksana kang para suta. Gya ngabani bajag kuli.// kinen tumutur kewala para ngali pipitu andhingini. Ambabener lampahipun. Yata kang kawuwusa. Kang ngabaris mung geng madyaning sisingub. Saksana sami uninga. Lamun sang dursila prapti. // mantri telik tur uninga. Mring apatih laju katur narpati. Jeng sultan basarah gupuh akenen bung tengara. Lawan para prawira kinen mangayun. Angrakit gelar lumbungan. Sang dursila kang pinurih.// tinangkep ywa kongsi gagal. Ri saksana ing gelar wus rinakit. Sulus piatin winangun wadya pinariga. Lelajer nyamenga ngarsa minep pungkur. Yata sang pethuk dursila. Tan wrin yen keneng piranti. // katela jur lampah ira. Prapteng tengah baris wus deninebi. Akubeng kadya kinepung. Jalma siji tan gagal. Yata pethut ki ngali johar andulu. Yen lampah nyakepeng gelar. Kang parari den undhangi. // angumpula aywa parenca. Miwah jagul suwidak ngumpul sami. Rembag galige denya ngamuk. Nenggel siji kewala. Yata sareng manempuh surak gumuruh. Panempuh nya katadhahan. Pengkuh kang para bupati. // akupel uleng-ulengan. Mamrep pedhang duduk paser suligi. Lembing towok sareng tempuh tengara mawurahan. Para pethut panempuh. Ira kagulung. Karoban tandhing sumengka. Jagul kecu keh ngemasi.// para ngali ngamuk rampak. Kinembulan punggawa para mantri. Anyurung-nyurung kawangsul. Satemah gulagepan. Para mantri basarah

keh wireng kewuh. Tuwin kang para punggawa. Kang ngaben ken gada bindi.// para pethut karepotan. Mempis-mempis ingiles kapalipis. Nanging datan sedya mundur. Suka sareng palastra. Dadya ramerug rebah tangi manempuh. Kapitu pethut sudira. Tan tumama dening wesi. // nging sayah pinukul gada. Lamun arsa rininggep anguwati. singa [ ] dinedel lebur. Wadya lit ing basarah. Keh palastra samya giris denya dulu. Tan kena parek katrajang. Kang panggah mung para mantri.// para pethut sruning sayah. Sami dhepok aso tengaking baris. Ginutuk calimprit duduk. Jemparing kadya jawah. Tan rinasa mangkana pethut gegedhugang. Ki ngali jenab uninga. Yen suta ning tingka rempis.//ki ngali jenab gya prapta. Mring unggwaning putra sarya sruang angling. Lah pegene padha lungguh. Baturmu keh palastra. Ingksng jamak ing ayuda mrih kiwul. Kang putra merang miyarsa. Sabdeng rama lir ngundhati. // ki ngali johar asigra. Madek kordha ngikal pedhang kumitir. Sigra umengsah manempuh kang parari uninga. Samya ngadeg agolong mangamuk lipung. Kadya kang bandheng kabranan. Singatina raja gusis.// ki ngali jenab asigra. Bajag kuli binekta mundur sami. Sakantunya ingkang lampus. Amung tri dasa sanga. Kang salikur wus pejah. Madyeng prang pupuh. Ngali jenab matak montra. Wadya kang ngepung ngubengi.// pinasangan ngelmu kemat. Linangkungan tan ana kang praduli. Penyanane padha batur. Bajag kuli wus medal. Sangking baris laju samya kinen mantuk. Ngali jenab wangsul sigra. Mamanuki pranging siwi. // yata kang angamuk sura. Liwung ing tyas wus datan sedya urip. Wadya lit tan kena kiwul. singati nerak nerak dhadhal. Tinadhahan para mantri kang ngarubut. Kana kering wuri ngarsa. Anibani gada bindi.// dadya malih karepotan. Meh karenggep ki ngali jenab uning. Yen suta arsa kapikut. Sangking sru sayah ira. Ngali jenab agya matak ajinipun. Sarya anjejeg pratala. Kaping tri saksana mijil. // bayu bajra angin gora. Anglimputi tedhuh awor lan riris. Ing nalika wanci bangun. Meh pajaring Yang Surya. Sanalika petenge lir tengah dalu. Dadya kang ngabonda yuda. Bingung lan kaworan matis. // yata jeng Sultan basarah. Ingkang maksih manggung menggeng turanggi. Patih Ahmakh munggeng ayun. Miwah para punggawa. Kang ngampingi munggeng kana kering prabu. Nalika keneng prahara. Ketering tyas narapati.// ngandika mring patih Ahmakh. Kaya patingkah yekang ngajurit. Dene katamaning tedhuh. Para kecune padha. Apa uwus karenggep kya patih matur. Pukulun pun bajag sura. Tan kenging den parepeki. // langkung prawira ing yuda. Wadya tuwan kathah ingkang ngemasi. Sang nata miyarsa ngungun. Lah paran karep ira. Kyana patih sigra denira umatur. Pukulun yan kasembadan. Paduka kundur rumiyin. // langkung pakewed punika. Mutawatos dene peteng ta sipi. Ing benjing amba pukulun. Kang ing ngregep pun bajag. Yata para pungawa gilig turipun. Dadya nurut sri narendra. gya tengara mundur jurit. // wadya lit dhasar wus susah. Tinengaran suka wus bubar sami. Yata ingkang para pethut. Nagli jenab uninga. Yen kang ngepung bubar sedayanipun. Pthut kawalulan bapa. Nalesep manjing wonadri. // wusnya sapih kang ayuda. Nulya sirna papeteng kang nglimputi. Hyang Surya wus mijil dangu. Trang uningeng wusana. Yata Sultan basarah. Dupyarsa kundur. Katlipeng dadya kasasar. Ing dhukuh pinggiring margi.// dhukuhnya kyahi kajinah. Pinggir margi sinungan wis mamasjid. Respati pagak dinulu. Pinuju duk semana. Sang anamur Sultan Ibrahim neng ngriku. Kalawan ki jaka Islar. Lenggah munggeng ing surambi. // yata jeng Sultan basarah. Dupi sayah kendel manjing ing masjid. Lan kya patih datan kantun. Miwah para punggawa. Dupi manjing sanalika panggihipun. Panjenengan sami Sultan. Kadya sri manataweni. //oo.//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma.

Tuwan susman enko ing surakarta angaturi uninga. Bilih amentus angadeaken gudang pirantos angrimati petroliyum. manggen ing saleripun setasiyun surakarta. Sarehning para tiyang boten kalilan angrimati lisah wahu wonten wonten ing griyanipun langkung sawates. Pramila pangangkahipun tuwan susman anggening angadegaken gudhang wahu. Namung badhe amikantuken para tiyang ingkang sami karsa yandho petropliyum. Lajeng kenging anitipaken wonten ing gudhangipun. Menggah waragaipun mawi kapangkat-pangkat wahsa kalangkung mirah.

(44)

ingkang anandhani ing ngandhap punika

angaturi uninga. Sinten ingkang kadugi nyanggi uwos. Ing dalem satahun.3000. tigang ewu dhacin. Lumados saben wulan. 250. Kalih atus seket. Dhacin. Wonten salebeting nagari surakarta. Awitipun benjing tanggal kaping.1. wulan september. 1876. Dumugi pungkasaning wulan agustus.1877.

ingkang punika bilih wonten ingkang gaugi nyanggi. Lajeng asuko aseratingkeman. Anyebutna kasagahanipun. Kakintuna dhateng kantor kula ing jebres. Saderengipun wulan agustus ing ngajeng punika. Dene manawi badhe sumerep prajanjiyanipun. Kenging aningali dhateng kantor kula ing jebres. Utawi kenging didhakatringan dhumateng kula.

Jebres kaping .1.juli.1876.

6. weinin.

(43)

para priyantun ingkang karsa tumbas utawi meling kajeng gebingan usuk reng. Belabak tuwin kajeng obong. Kula aturi tumbas utawi meling dhumateng kula.

Tuwan je. Eva vogel.
Ing mangku nagaran.

(35)

tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.

Dlancang kangge serat iber-iber warni-warni. Sakelangkung prayogi kadamel serat ulem-ulem.
Enpelos warni-warni.

Album mawi gambar sorot.50 iji (sadaya gambar wadi) regi satunggal album 50 rupiyah. Prangko pos.55 rupiyah.

Babad tanah jawi. Wiwit saking nabi adam dumugi ing tahun 1647. Boten mawi kasekaraken. Regi satunggal buk. 15. Rupiyah. Prangko pos.18. rupiyah.

(19)

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk.

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.

Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.
Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.
Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.
Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.
Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni
Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni

Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

(5)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

Ongka :29 Kemis kaping.20. Juli 1876

Bra Martani

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pangecapan ing dinten rebo enjing. Badhe kapacak ing serat bra martani. Pangaosing pamacak wahu salarikipun :25. Sen. Regining serat segel.

Serat bra martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Tegesipun salarik-larikan ingkang isi gangsal tembung. Reginining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung. 26. Sen, ing dalem seket dumugi satus tembung.60. sen. Pangaosing pamacak wahu kedah kabayar rumiyin.

Kula wisudhan

Raden behi cakra dijaya. Asisten wadana karang pucung banyumas kajungjung dados bupati ing cilacap anama raden tumenggung cakra dijaya.
Raden ngabehi cakra atmaja papatih ing temanggung kedu. Kajungjung dados bupati ing brebes tegal. Anama raden tumenggung cakra atmaja.

Surakarta

Nalika tanggal kaping. 2. Angrintenaken kaping .3. wulan punika. Ing persil persil jengkilung wonten obong-obongan. Losipun sata tigang iji. Sami isi sata. Tuwin griya liya-liyanipun telas dados awu. Dipun tapsir kapitunanipun kirang langkung. 50. Ewu rupiyah. Dalasan samangke deremg terang. Latu wahu punapa pandameling durjanan punapa jalaran saking cupeting pangatos-atos.

Dereng lami wonten lare estri. Awawadeyan panganan mider ing salebeting kota surakarta. Lajeng ing celakipun lepen sangkrah. Lare wawadeyan wahu dipun andegaken dening jajaka. 2. Asamudana badhe nunumbas. Kayektosan dipun wadeni panganan pangaos. 50. Dhwit. Sasampunipun jajaka ingkang satunggal kesah. Lajeng dipun tututi dening jajaka ingkang satunggal malih. Nanging boten wangsul. Pun lare estri nembe pirsa yen dipun kemplang dening bajingan. Lajeng anututi sarwi anangis. Nanging boten katututan. Gumuning tiyang kathah dene kathah ingkang sumerep manawi lare estri wahu dipun apusi. Teka boten wonten satunggal ingkang anyaruweni. Ing mongka lare estri wahu ing ngajeng. Sampun kapara bingah. Awit saged pepajengan. Wekasan badhe amethukaken dipun pala dening tiyang sepuhipun.

Nalika tanggal kaping .1. angrintenaken kaping. 2. Ing dhusun krapyak surakarta. Wonten griya kabesmen. Tujunipun katututan saged anyirepaken. Yen ngantos sakalajeng saemper saged anisihitu nalika satahun sapriki wonten ing pakauman.

Nalika ing dinten setu kang sawek kapengker. Wonten bongsa encik dipun gitiki dening bangsanipun pyambak. Sareng mantuk bojonipun pandung (pangling) dumados sungik dipun rangkul.

Nalika tanggal kaping.1. tuwan asisten residhen ing klathen atampi palapuran bilih dalunipun kang sampun kapengker. Ing dhusun batur celak kali wongga bawah kartasura dipun kecu. Sarta ingkang ical pangaos. 7000. Tuwin mawi ambesmi griya. Tuwan asisten saksana tindak dhateng

dhusun batur. Katranganipun dene kecu. Namung griya katunu mawi kadurjanan pandung. Ing [ ] nglampahi tiyang tiga. Dipun pariksani boten wonten barang ingkang ical. Malah salebeting luluwangan prenah griya ingkang kabesmen wonten amal sakalangkung kathah. Saemper punika ingkang dipun angkah. Saksana parentah andhawahaken kenceng kados yen para durjana neggal badhe kacepeng.

Wonten tiyang dhusun tanjung namakreta sengaja. Bawah wanagiri. Sampun kapara dangu sakit yayah tiyang deres. Punika dereng dangu angot lajeng ngrebat dhuwungipun bekel dhusun ing gandhul. Ingkang panuju ngreksa kunjarana. Lajeng tiyang nami marta prawira dipun tubruk sarwa dipun tatoni rahajeng boten anyumelangi. Salajengipun kados badhe ngamuk. Sampun dipun tandangi para tenggak. Ngantos labet dipun cengikipin.

Porstenlandhen

Sadangunipun kula elik-elik. Sawarnining susumuran ing kampung jawi. Kula purih amageri awit saking asring asring anjalari bilahi. Nalika ing dinten salasa kang sawek kapengker. Wonten tiyang tiyang kabilahen satunggiling priyayi ingkang radi watak maleteng. Punika kasmaran dhateng semahing kemasan ing dhusun matese. Dene wanodyanipun animbangi utawi boten punika boya terang. Kalaning dalu panuju ingkang gadhah semah seweng. Pun andong kasmaran prapta ing prakawis ning kemasan rencangipun kasuprih angentosi ing jawi. Dene sang pekik saemper sakalangkung kasmaranipun sahingga kapilamuren. Sabab sanadyan padhang wulan akencaran inggih meksa pun prawira nom kajrungup sumur. Ngantos alerep sadalu nanging boten papanggiyan kaliyan sang sarpanaga. Enjingipun dipun entas. Pun maleteng dumados sakit weteng awit sadalu dipun ekum ing toya. Dene anggenipun anyamudana dhateng kemasan bab anggenira mendhem ing sumur punika kadereng wonten ingkang anerangaken.

Encik gangsal ingkang anjemalani bangsanipun encik mongka sawek panganten anyar. Anjalari bojonipun ngantos pandung. Sami dipun ukum sawulan krakal. Nalika samanten encik ingkang dipun kaningaya kecalan arlojinipun sapriki dereng kapanggih.

Pak apwun ing surakarta ingkang dipun lenglenga ping kalih. Ingkang angsal maksa cina anama oyamlo. Dipun pajegi. 5310. Rupiyah. Sawulan. Sarta anyanggemi panumbasing apwun. 1000. Kati sawulan. Pangaos.20.000. rupiyah. Anyakipun benjing kaping. 1. Wulan agustus ngajeng punika. Dumugi wekasanipun wulan dhesember. 1877.

Kangjeng tuwan jendral mayur dimong ing semarang dipun pindah dhateng betawi. Kajumenengaken dados sevtwede abdeling. Dene ingkang anggentosi jumneng komendhan twede militer abdeling : kangleng tuwan jendral sekolse.

Ngayogyakarta

Tata tentreming nagari sangsaya anyumelangi. Jalaran saking lemesipun polisi. Dereng dangu prenah kilening lepen code caket kretek ageng ingkang dhateng pakualaman. Wonten kecu ing pagriyanipun tama wirya kampung ledhok saring sawikingipun tuwan de je. Ing mongka ingkang wonten griya namung tiyang estrinipun tama wirya. Gumuning kathah teka konca grewu ingkang caket panggenan wahu. Boten wonten tutulung. Saemper sami ajrih dhateng kecu. Dene ngupadosi titik utawi apesipun anyaruweni murih pinanggih. Kados boten pisan yen kamanah. Sabab polisi awis amradunteni bab kang reremahan makaten. Mila konca durjana kecu sangsaya kendel. Ngantos purun anyambut damel caket ing nagari. Ing pangraos samangke sampun wayahipun nagari ngayogya dipun adegana polisi ingkang santosa. Murih angresikaken gelah-gelah ing praja. Sanadyan ingkang mengalani nagari ngayoja. Andarbenana karsa. Bilih kangjeng

parentah ageng ing betawi. Boten mawi manadukara tuwin amaringana wragad kados kangelan kalampahanipun tata tentreming praja.

Kabar bab pamupuning bagi ingkang tanpa waton kathah ingkang sami ngresula ngantos konjuk. Ing mangke badhe katiti pariksa. Kados-kados kathah nalar ingkang badhe kawiyak.

Kamemetaning manusa samangke sangsaya andedel. Serat kabar walandi angojahaken bab wacucal sawer. Punika ing samngke dipun damel dandosan. Ing kitha kucing bawah nagari prasman para tiyang amarsudi ngalempakaken sawarnining wacucal sawer. Ingkang sapisan amurih nyudakaken kathahing sawer. Kaping kalih wacucalipun sakalangkung amekantuki. Sanadyan taksih mentah utawi ingkang sampun kasamak. Dene sawer wahu boten teka dipun sanjata. Sabab manawi kasanjata. Risak wacucalipun. Mila dipun wekani. Sarana kapancing mawi tikus sapanunggilanipun buron alit. Nanging pakan wahu dipun wisani. Ing nagari kucing satahun sampun saged anglempakaken wacucal sawer. 5000. Iji. Sami kabekta dhateng prakrik ing ngriku dipun damel dandosan kadosta : samaking album wadhah yatra alit alat sarta edi. Ingkang mikantuki sanget wacucal ing sawer sawa. Ingkang asring katingal ing tanah jawi. Inggih yektos boten patos saha nyumelangi rehning boten mandos. Ananging inggih meksa anggigirisi. Pantes dipun sinakna sawatawis. Kalih dene wonten pakangsalipun.

Punika anyariyosaken riringkesan menggah kadhatonipun tiyang agung Sultan ing Turki. Abdul Asis ingkang sampun surud.
Menggah abdi dalem ing salebeting kadhaton kemawon. Jaler estri katapasir. 5. Utawi. 6000. Cacahing panegar kusir sarta kenek. 935. Kapal titiyan sarta kapal kreta : 625. Sabentahun ingkang sinuhun ngarsakaken numbas kreta saking eropah. 25. Iji. Pangaosipun boten kirang saking 5000. Satunggal sang prabu boten patos remen ameng-ameng ambujeng. Suprandene saben tahun mragadi kagungan dalem menaseri (kebonan sarupining kewan) sayuta rupiyah. Ing salebeting menaseri wahu wonten isining : leyo sima lorek sima tutul siraf tuwin sagawon laut sapanunggilanipun. 150. Iji. Ing mongka sadinten tedhanipun amulu pun daging.
Ing salebeting purbaya salangkung malih isining wanodya. 1200. Iji. Ingkang wonten ing cepuri. Namung kadamel amratelakaken bab kathahing wragad. Para arum wahu pambuktinipun gendhis pangaos. 200. Ewu rupiyah satahun. 6. Yuta. Kathahing dokter. 48. Iji. Saapotekeripun wragadipun satahun . 328. 000. Rupiyah. Kathah ing juru edum paparing dalem dhateng para musafir namung.12. iji tedhanipun satahun. 31000. Rupiyah. Wonten ingkang dados juru peca. Padamelanira ameca kandhahipun satruning kistambul punika tedhanira.7000. satahun pakumpulaning musik kacacah. 300. Iji. Dalasan juru pasindhen punika tampi blonja rangkep.
Kawuwusa tiyang agung ing Turki salangkung remen dhateng dadamel kaayasa gedhong. Sajumene dalem dados sultan yasanipun punika : kadhaton ing behilerbi sarta ing ceragan. Tuwin masjid ing idhi. Ing ayasaga. Ing senjirli. Rogan. Ing altunisadhe ing ekimba king angha idhar basah liya punika kakathah panunggilanipun. Mongka pangreganipun angebat-ebati dalasan amangke taksih wonten ingkang dipun yasani. 70. Gedhong. Sedyanipun badhe kasewakaken murih wonten asilipun.
Sareng kagunggung sadaya wragading kadhaton kistambul ing dalem satahun-tahunipun kapanggih. 25. Yuta rupiyah. (25.000.000.). dados sapara sedasaning pawedalipun praja ing Turki. Sahingga boten saged anutupi. Mila ngantos kacupetan andadosaken derdah.
Sasurud dalem marang titilaran dalem dalasan arta. Kapanggih. 150. Yuta rupiyah. Punika badhe kadamel angrapeti sarupining sambutan dalem sapanunggilanipun.

Punika uran-uranipun
Jagaplok
Ngepluk

//oo//oo// kasmaradonya kang becik. Dahad ing pambudi nira. Kang enak marang uripe. Ciptaning angongka-ongka. Sinambi lumah-lumah. Apa kang endheng sinambut. Pangaweyang ngalam donya.// ngaji sungkan maca : suthik. Barang gawe boh babar pisan. Sathithik ana karyane. Lunga nongga adol nama. Yen mulih banjur nindra. lan dhoso pangucapipun, rada ngepluk wah sungkanan. Waskitha sabarang bukti, udamamah mring lontoran, unggul prawira yen badhog, awasis dhasar trangginas, lamun ana panganan, waspada angungak wakul, resik yen ngorodi layah. Garjita sajroning ati, nemuwa dhuwit kang kathah, gogesa anyambut gawe, apa margane bisoha, rabidhing ayumana, ingsun seja dadi dhukun, japa montra durung bisa. Angur becik dadi tani, sugih pari lawan beras, yen nuju metu sawahe, nanging kapalang tan bondha, lan macul nora bisa, baya enak dadi ngindhung, lunga dagang nyang Samarang. Mulih banjur gawa dhuwit, nunggang jaran gudebrahan, atiku iba bungahe, mongka tan darbe pawitan, nyinyilang datan angsal, yen arep tutuku bingung, angur enak dadi bandar. Saben dina mundhut dhuwit, marang sakehing wong pasar, ingsun bungah krempyang-krempyong, nuli jeng sultan mariksadangu ciliking pasar, mongka ingsun bandaripun, cinekel banjur binonda. Becik suwiteng walandi, moh sarsan kalawan kopral, angur ngenger londa lemper, balanjane pendhak pasar, gawene gosok barang, tur antuk lorodan kemsul, calana tanapi meja. Dhasar tuwan nuju pigi, aku kinen tunggu kamar, guguyon karo gundhike, iba sukane tyas ingwang, tumuli tuwan teka, kapinuju banget mabuk, banjur ingsun ginebukan. Dera sotah nora sudi, dadi budhaking pra tuwan, angur dadi kaum bae, memangan nora kelangan, mrena mrene den undang, ngetan nocok ngulon nucuk, meme brakat saben dina. Enak yen den undang ngaji, tompa wajib brakat slawat, bocah mati esuk sore, nanging kogele tas ingwang, sembahyang nora bisa, karo donga nora pecus, mulang bocah nora bisa.

Taksih wonten candhakipun.

Ingkang manjurung dongeng punika sugyarja.

Manawi sambeting dongeng sepa kadi ing nginggil punika aluwung kakendelan.

Redhaksi Se Ef Pe.

Surakarta

Ing nalika dinten Rebo wanci jam kalihwelas siyang tanggal kaping 19 wulan Juli taun punika ing kampung Balong katuwenan sang hyang brama karsa ambrastha pagriyan ngantos ragi kathah, anaming boten wonten tiyang ingkang kasangsaran ing watawis ing kapitunan ragi kathah.

Makatena sareng dalunipun wanci jam tiga dalu ing kampung Grobogan sakidul peken Kaliwon inggih kabesmen ugi, makaten punika mugi-mugi samu anggaliha kaprayitnan sabab sang brama kathah liripun. Prayitna.

Panjurung saking Ngayogya katandhan: kathok sing boten kapacak awit wonten tetembunganipun ingkang saklangkung wadhag, kaping kalih boten amasajani namanipun sayektos. Se Ef Pe.

Panjurungipun M. djanodin dipunlerepaken awit kirang genah ukaranipun, prayogi dipunaken anyangling rumiyin. Redhaksi Se Ef Pe.

Redhaksi tampi panjurung skaing miyud-miyud samar angandhakaken bab saradhahu welandi ingkang inggilipun 8 utawi 7 kaki saurudipun, sarehne panjurung wau karoncenen ing mangke dipunringkes, dene saemper ingkang nuwuhaken adamel panjurung wau dedegipun saradhadhu wau, ananging manawi amratelakaken ageng inggiling tiyang ngantos manjuluk sakaki-sakaki punika anggelakaken manah bilih wewah utawi sudanipun kapratelakaken dim-diman punika kenging karaosaken.

Se Ef Pe.

XVI sanggar pamingitan Santah Mariyah Dholnofah

Sang pekik nunten ambikak jandhela umiyat wonten patamanan ageng padhang dening kencaring sitengsu, sareng mulat mangetan katingal sampun sumiret enjing.

Grap marselo anglocita. O dene agung temen kaluhuraning wengi. O kodratolah. Sapa kang bisa mulat tanpa ngabekti menyang kang anuwuhaken saniskara. Apa sababe dene wong enjoh aguling

ngadoh ing titingalan kang kaya mangkene capuri kang dak deleng iki. Masthi ana isine janma kang tanpa mala. Patute padha bae karo aku. Kasengsem marang sarupaning nalar kang mangebat-ebati. Sajroning capuri kiye. Pantine sang putri kang dak pundhi-pundhi. Sapa baya liyane kang darbeni swara manis arum mahu. Kajaba dhweke. Kang ngulukake kidung tumekeng ngabyantaning hyang kang maha agung.
Sang marselo nunten amyarsakaken malih. Malah panyiptanipun kadi mireng tiyang ngunjal napas nanging tan katingal maujudipun.
Sang pekik miraos. O patute aku kang rungu-rungunen nunten amriksani kanan kering tan wonten katingal mila lajeng lumampah malih nunten kyahi santri prapta.
Sang marselo apitaken. Punika kadi pundi kyahi. Dene kula lajeng katilar kantun anggana. Mongka kapepetan tan sumerep ing marginipun punapa sampeyan taksih mahiben ing katemenan kula. Menggah anggen kula ngugemi prasetya kadi pundi tegesipun.
Kyahi santri amangsuli. Kula punika boten wajib sampeyan uring-uring. Sabab kula boten kenging kajibah. Menggah tindak lampahipun tiyang sanes. Sampeyan ing dalu punika dereng tinakdir saged papanggiyan kaliyan wanudya ingkang kula umukaken sabab wonten nalaripun ingkang mambengi. Emben wayah sonten sampeyan kula entosi ing ngriki. Kapathekena yen badhe boten cidra.
Marselo mangsuli. insaallah kyahi. Benjing emben kula wangsul malih.
Sakalangkung anggenipun badhe andhedhes sang marselo dhateng kyahi santri. Nanging boten kawedal sabab kyahi santri tingalipun rengu. Mila lajeng kasigeg nubten lumaris kondur. Medal margi ing panggenan kala kabegal wahu. Sanget sumungkemipun dhateng gusti allah. Rehning taksih kinahuban boten ngantos anemahi tiwas.
Para abdining grap marselo sami dahat ing wibuh bingungipun dene gustinipun ngantos lungse dereng kondur. Mila sareng katingal lawuh. Sanget ing bingahipun sadaya. Sabab saking sami asih. Kados dening purun anglabeti dhumateng ing pejah.
Kang abdi sajuga nama stefano. Punika awit saking kang rama grap marselo. Ngantos tumurun dhateng kang putra anggenipun andumugekaken nyuwita.
Sareng kapitedhanan serep lalampahipun gusti. Bab anggening katempuh ing durat maka. Lajeng mamprung palajaripun dhateng panggenaning dhukun sarwi dipun ajak sareng dhateng dalemipun marselo. Dhukun lajeng amariksani dhateng labetipun grap marselo. Kapanggih boten pintena.
Sareng enjingipun marselo katuwenan dening mitranipun satuhu satriya fifiyani. Nunten kajatenan manawi meh manggih bilahi ageng. Sanget gumun saha ruditanipun kang mitra. Kuciwa dene kala samanten boten andherekaken ciptanipun kados saged anyepeng durjana salah satunggal.
Grap marselo nunten anedahaken praptanjene ingkang pinanggih. Lajeng kailing-ilingi. Katiti pariksa amurih sumerep sinten kang andarbeni. Nanging boten manggih dhokipun. Fifiyani nunten anyebut namanipun priyayi satunggil kalih. Ingkang lampahipun anyalawadi. Nanging sarehning sami tedhak ing bongsa luhur. Dados grap marselo boten kagungan panginten yen gadhahana lampah juti saha nistha makaten.

Taksih wonten candhakipun.
Se. Ep. Pe

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu adam
//oo// Sinom //oo//

// yata jeng sultan basarah. Ngungun denira ningali. Cahyane kang lagya lenggah munggeng madyaning surambi. Lir wimbaning hyang rawi. Sembada warnane bagus. Wingit pasemonira. Jetmika amratandhani. Datan kontap kadhatenganing sasama. // dadya jeng sultan basarah. Ulap angesor kenthiri. Sigra mandhak uluk salam. Maka gupuh marepeki. Gya jeng sultan. Ibrahim nahuri salam andheku. Wrinyan sami narendra. tata palenggahan sami. Jawab asta umatur sultan

basarah.// kadhula tigas kawuryan. Sinten paduka puniki. Dumununging padhekahan. Kadya dene jalma alit. Yata sultan Ibrahim. Mesem anahuri wuwus. Paduka sampun gita. Kawula sujalmi santri. Sanes lawan paduka tinitah raja.// katawis ing ngupacara. Punika ingkang umiring. Sakepraboning narendra. sultan basarah nahuri. Estu kula narpati. Ing basarah praja ulun. Inggih namung paduka. kadi lamung maksih kumbi. Mokal lamun santri andarbeni cahya.// kang kadya wulan purnama. Estu cahyaning narpati. Sanadyan sami narendra. yen dede ratu kakalih. Inggih boten darbeni. Cahya kang kadi pukulun. Dhuh luhung amalehna. Sampun jeng paduka kumbi. Jaka islar sigra anambungi sabda.// pukulun sultan basarah. Jeng paduka salah kardi. Ugi panagakening jalma. Sakarsa punika wajib. Paduka anampeni. Jer ugi sampun ki dayun. Yata sultan basarah. Mesem denira miharsi. Wus kadhadha anggantheng ciptaning driya.// tangguhnya kang para nata. estu tan kena kasilib. Yata kang imbal wacana. Sangsaya resep ing galih. Denya sultan Ibrahim. Yen kala mangsuli wuwus. Swara rum mawiletan. Tur mawantah sabda sidik. Sanalika ciptanya sultan basarah.// kadyarsa mapuruhita. Ing reh kaluhuran kang ngling. Ing karsa maksih sinamar. Yata kasaru kang prapti. Jalma wreda sru langip. Lan guwayanira alum. Katondha yen sungkawa. Ki werda anuli linggih. Lenguk-lenguk. Kadi mangunguning driya.// adangu tanpa sebawa. Nulya malih wonten prapti. Jalma ro estri lan priya. Netrane pra sami bintet. Labet lamining tangis. Warnane kongsi jalebut. Jalma estri lan priya. Sapraptane sami linggih. Dheleg-dheleg sami angusapi waspa.// sultan basarah tumingal. Ngandika marang kya patih. Heh iku jalma tri prapta. Semune banget prihatin. De teka amarengi. Kalawan ing praptaningsun. Abecik takonana. Apa wadine wong iki. Kyana patih manembah alon aturnya.// pukulun sri naranata. Punika kang darbe wajib. Atanya kang darbe wisma. Jeng paduka tamu sami. Ki jaka islar myarsi. Gya marpeki tetanya rum. Mring jalma tri sungkawa. Samya kagyat anahuri. Jalma dherda anjarwaken sungkaweng tyas.// dhuh anak manira weca. Marmengsun katon prihatin. Atmajaningsun sajuga. Priya wus diwasa mangkin. Arsa apalakrami. Para akrab kabeh rujuk. Nanging ta awak ing wang. Wong langip kepati-pati. Nora bisa maragadi palakrama.// wus nirgoningsun ngupaya. Mubeng komet ora olih. Sutengsun kaliwat mothah. Lamun nora sida kawin. Kudu anglampus dhiri. Kaya paran raganingsun. Yen ta nora susaha. Dene suta mung sawiji. Warna bagus lan bekti marang sudarma.// ki jaka islar miharsa. Mesem sarya mojar aris. Sira sapa aranira. Kalawan sujalma ngendi. Ki werda anahuri. Ki mubadan araningsun. Iya jalma bulkiyah. Ki werda pajarnya titi. Yata ganti jalma ro ingkang tinanya.// kang pijer sami karuna. Ki islar sendhu denya ngling. Lah sira padha menenga. Insun atetanya wajib. Sira naneka sami. Marang padhukuhaningsun. Yata janma ro sigra. Kang priya aris nahuri. Anak bagus manira iki juragan. // dumunung nagri ing karsan. Araningsu ngabdul majid. Sumarma ingsun ngambara. Sungkawa ngulari siwi. Pawestri ayu luwih. Ilang ginawa ing kecu. Kalawan amaling wang. Sapratelon kang den ambil. Dene amal ilang tan dadi tyasing wang.// mung sutaningsun wanodya. Iku kang dadi prihatin. Jalma ro titi wusnya. Sultan basarah miharsi. Mesem umatur aris. Marang ingkang namur laku. Punika kadya paran. Sinten kang darbeni wajib. Atutulung angluwari duka cipta.// marang kawulaning Allah. Kang kasangsaratan sipi. Nahuri sang namur raga. Kawula miharsi warti. Ingkang wajib nulungi. Kang mongka wakil hyang agung. Nanging lawan istiyar. Rehning ngumat dadya wakil. Pangwasane sanes lan sang murbeng ngalam.// gumujeng sultan basarah dhuh kawula matur yekti. Sumarmi kawula prapta. Ing ngarsa paduka ugi. Mentas tutulung jurit. Mengsah kecu wahu dalu. Nanging langkung prawira. Pun kecu bonda kalani. Wadya bala basarah kathah palastra.// suprandos pun kecu gagal. Tan kenging karenggep siki. Tri ewu wadya kawula. Punika wadya pinilih. Ing ngamuk basah basih. Sumarmi kawula ngungun. Dene panedya kula. Amung anetepi wajib. Teka boten sinembadan ing hyang sugasma.// punika sabab punapa. Dene wajib den lampahi. Mawi boten sinembadan. Kang namur raga nahuri. Paduka dereng sidik. Anuju karsa hyang agung. Lir ning kang kuku molah. Ing pangkat kang dadya marmi. Yen tan kilap estu lamun sinembadan.// karenan sultan basarah. Myarsa sabda amranani. Sangsaya ganthenging driya. Denira darbe pandalih. Yen ngucapa sang aji. Wong iki pesthi yen ratu. Tur ratu waliolah. Nanging lagi namur dhiri. Yata kuneng wonten malih kawuwusa.// ki juragan arbi prapta. Kang mentas kinecu latri. Nalisik nusul narendra. duk

kapanggih aneng masjid. Juragan arbi nangis. Manembah agya sumujud. Mring jeng sultan basarah. Umatur amelas asih. Dhuh pukulun ngaturken tiwas kawuya.// nalika pun kecu prapta. Lajeng kawula tadhahi. Kawan atus kang methuk prang. Ing ngamuk sru bosah basih. Pun kecu langkung segti. Wusna hamba kapikut. Pun kecu ambeg santa. Sutamba estri denambil lan bara amung anedha sapratigan.// pitembung dhateng kawula. Mongka gagawaning siwi. Ing ngambil mantu priyongga. Dhumateng pun kecu julig. Wicantenya duk latri. Lamun saben saben ngecu. Ngambil estri lan brana. Punika sumongga gusti. Angandika aris sultan basarah.// heh yanarbi wruhanira. Iku jalma jalu estri. Kang prapta padha karuna. Iya kaya sira iki. Ngulari suta estri. Ilang ginawa ing kecu. Lah paran wus nanya. Dene ingsun milu budi. Tan karenggep wadyaningsun karusakan.// wus nir sagung pangupaya. Sapa bisa mitulungi. Karya ilange dursila. Estu lamun sun susupi. Ki jka islar myarsi. Mring sabda nira sang prabu. Alon ing ngaturira. Marang jeng sultan Ibrahim. Dhuh pukulun akanthi pendah punika.

Taksih wonten candhakipun
Raden panji parta kusuma.

Panyuka kabar

Nalika kaping .16. jumadilakir jimawal. 1805. Raden ngabehi praja prawira abdi dalem panewu bumi. Ajal. Sinten ingkang anyambutaken dhateng raden ngabehi wahu saletipun. 100. Satus dinten amratelakna ing kabupaten bumi. Manawi langkung saking wawangen wahu badhe boten kaangsalaken.

Surakarta kaping. 20. Jumadilakir jimawal 1805.
Abdi dalem bupati bumi purwa nagara.

Tuwan susman enko ing surakarta angaturi uninga. Bilih amentus angadeaken gudang pirantos angrimati petroliyum. manggen ing saleripun setasiyun surakarta. Sarehning para tiyang boten kalilan angrimati lisah wahu wonten wonten ing griyanipun langkung sawates. Pramila pangangkahipun tuwan susman anggening angadegaken gudhang wahu. Namung badhe amikantuken para tiyang ingkang sami karsa yandho petropliyum. Lajeng kenging anitipaken wonten ing gudhangipun. Menggah waragaipun mawi kapangkat-pangkat wahsa kalangkung mirah.

para priyantun ingkang karsa tumbas utawi meling kajeng gebingan usuk reng. Belabak tuwin kajeng obong. Kula aturi tumbas utawi meling dhumateng kula.

Tuwan je. Eva vogel.
Ing mangku nagaran.

tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.

Dlancang kangge serat iber-iber warni-warni. Sakelangkung prayogi kadamel serat ulem-ulem.

Enpelos warni-warni.

Album mawi gambar sorot.50 iji (sadaya gambar wadi) regi satunggal album 50 rupiyah. Prangko pos.55 rupiyah.

Babad tanah jawi. Wiwit saking nabi adam dumugi ing tahun 1647. Boten mawi kasekaraken. Regi satunggal buk. 15. Rupiyah. Prangko pos.18. rupiyah.

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk.

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.
Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.
Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.
Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.
Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni
Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni
Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

(5)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

Ongka : 30 Kemis kaping 27 Juli 1876
Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak Adhpertensi
Satembung dumugi 10 tembung. 1. Rupiyah liyaning wragad segel.
Kapacak kaping kalih langkung saking ping kalih satengah regi.
Serat Bra Martani wedalipun saben kemis reginipun ing dalem satahun 12 rupiyah pethak.
Pangetanging segel satembung dumugi 45 tembung : 30. Sen. 46 dumugi 95: 60. Sen.
Adhpertensi ingkang kakintunanken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Lotere iyatra ing betawi. Ingkang kadhawahan preis ing ngandhap punika pratelanipun.

Nomer.	
12983	100.000
20576	20.000
22779	10.000
13675	5.000

Nomer.			
4753	2991	16432	1253
24253	22273	15861	23850
23597	21419		

sami anyewu rupiyah

Surakarta

Tiyang grobogan anama sariman. Anglampahaken grobagipun badhe kabekta ing pabrik gembongan. Sareng marginipun anekuk lembu kakalih awangkal boten purun kaereh. Lajeng amberot ngantos anunjang lare alit umur. 5. Tahun anjalari dados pejahipun. Saemper kados pun sariman panuju katileman ing salebeting grobag. Manawi estu makaten pantes piyambakipun kaukuma ingkang anteb. Wasana tansah anggumunaken dene teka boten patos asring wonten bilahi ingkang makaten. Katimbang pandelenganipun para tiyang grobagan ingkang asring-asring anglampahaken sakajeng-kajeng. Mugi-mugi ingkang sami kuwajiban amambengan ingkang temen-temen murih anyirnakaken lasangsaran.

Nalika pista ing kraton mangke punika panuju ing dinten panjenengan para tuwan ingkang majegi siti dhusun boten patos kathah ingkang sowan. Saemper jalaran saking kathahing damel.

Raden ayu amangku wijaya anyambutaken sengkang dhateng embok jaya suwara. Sareng dipun tedha wangsul boten tumunten dipun ladosaken lajeng dipun aturaken polisi asamudana kapandungan. Embok jaya suwara lajeng dipun cepeng katiti pariksa. Sengkang wahu taksih langkep. Ingkang dinakwa lajeng kaluwran. Para tiyang amastani punapa polisi boten kapara kasengkuten genira anyepeng embok jaya suwara.

Radinan ingkang dhateng sepur celak mangkunagaran samangke katingal sae. Sabab mawi dipun selehi sela ageng-ageng lajeng dipun krikil kamongka ing tengah anggeger sapi.

Ing kraja surakarta wonten tiyang kasangsaran lare jaler anama kasiman umur. 12 tahun. Samapunipun leber nyambut damel pabrik kopi taksih angresiki gilingan mawi sapu. Mongka gilingan wahu taksih mubeng. Sanalika sapu kacokot ing gilingan. Pun kasiman dumadakan anggodogi rekanipun anggene anyepengi sapu kacelakan dumados tanganipun tengen kasahut ing gilingan ngantos meh dumugi ing pundhak. Sareng wonten anggembor nedha tulung gilingan kakendelaken. Pun lare lengenipun sampun melepes. Dalunpun wanci jam. 11. Pun kasiman ajal.

Embok mulya semita gegriya bawah surakarta dipun tilar tiyang jaleripun anama kreta wijaya. Sareng tanggal kaping. 6. Juli pun jaler wangsul ing panggenanipun estri. Lajeng anaboki bojonipun nunten amiruda sapriki dereng wonten titikipun. Saemper butajengan ingkang dados kalar.

Sakitan anama suta reja ingkang sampun karampungan ing pradata saged miruda saking pakunjaran ing sragen. Sarana anglebur seloting konten. Ing mongka kancanipun sakitan 12 iji dilalah teka boten purunaal. Sareng enjing kunjara dipun pariksani sami kepanggih pepak.

Margi terusan ing pakampungan bawah surakarta samangke katingal dipun sirami bilih sonten. Malah katingal ngungkuli panyiramipun katimbang kaliyan margi ageng. Sabab ing ngriku asring dipun sirami mawi uruh-uruh. Anjalari nuwuhaken sesakit

Para kere ingkang kadunungaken ing dhusun wangkung sawetanipun benawi. Samangke awit ngrebda anjrah wonten ing praja surakarta. Sami aningalaken kaujudanipun ingkang saklangkung nistha. Kang mongka kathah para tuwan ingkang sami urun yatra saben wulan kadamel angragadi pakeren wahu. Salong tuwuh saking palimarma utawi prelunipun sampun ngantos dipun rurusuhi dening para kere. Ingkang punika sakalangkung prelu yen para kasangsaran wahu dipun pambengan anggenira mayeng. Kalih dene malih pamulasaranipun ing pangraows anyekapi. Namung ingkang dados mandhor jawi punika ingkang asring angumpetaken cadhog. Mila para kere lajeng kesah apriman.

Wonten kabar manawi estu kangjeng tuwan direktur binenlan sebestir boser pamit dhateng nagari welandi. Ingkang adhe kakresakaken anggentosi dene tuwan up insepektur pangorkom. Ingkang estu badhe kinula wisudha anggentosi tuwan mister eni. Angajeng sekretaris jendral pan koloni.

Punika dongeng babonipun saking hindi. Ingkang kawastanan ito padesa.
Kathah panunggilanipun sarta maedahi.

// Wonten punggawaning ratu ageng kalih iji. 1. Anama dana wirya. 2. Dana praba. Sakaliyan awarni buronan. Punggawa kakalih wahu ing ngajeng sakalangkung mukti awit dipun tresnani sarta kacaketaken dening sang nata. Ingkang enem areraosan makaten : ki raka kadi pundi samangke. Sampeyan kula teka ngatos dhwah ing papa. Sakalangkung kera tuwin tanpa kardi. Ingkang sepuh mangsuli : iku mangkene adhi darmane kawitane kowe karo aku kongsi kuru kacupetan. Ya iku awit ingkang sinuhun sang prabu ing saiki wis pirna kang digalh. Mulane para punggawa padha ora disaruweni sarta ora dikarsakake rerembagan. punggawa ingkang enem mlajeng anjola sarta pitaken. O punika kados pundi ki raka dene teka anggepok sarira dalem sang prabu. Kula teka boten dherek ing pamanggih sampeyan manawi punika anjalari ngantos adamel papa.
// ingkang sepuh mangsuli tembung. Layak yen kowe amaidoha. Ananging nalar mengkono mahu kena dianggep yakin. Mengko kowe dak caritani kojahe. Ing kuna ana ratu gedhe subageng rat bisekanira. Prabu praba kusuma warna singa barong. Iku kagungan kalilip sapala. Manawa dalu ora saged sare. Awit sajerone rema dalem kang kaliwat ketele dienggoni tikus pithi mungsa juga kongsi wus wiwit anusuhi. Yen dalu reme dalem dicacah krekat-krekut dumadi sang prabu ora saged ayem kongsi akeh kang buthak mustaka dalem sarira dalem iya kera.
// sang prabu saksana animbali abdi dalem patih aran mahudara. Pangandika dalem. Heh bapa parana pratikele. Ingsun narpati luhung dene isih kagungan sungkawa ora bisa anyirnakake. Kyana patih umatur. Punapa ingkang dados sungkawa dalem. Sang prabu angandika. Kang dadi turidaning ati yen wengi ingsun ora enjoh guling. Awit dibebeda dening tikus kang ana ing rambut ingsun. Kongsi akeh kang buthak awit dicacah saben wengi. Kyana patih umatur. Dhuh

gusti awit punapa panjenengan dalem tan karsaha anyirnakaken pun tikus. Wangsulan daelm. Ingsun ora enjoh amateni si tikus.
// kyana patih waskitheng tyas lajeng anyaru atur. Dhuh inggih gusti kasinggihan pangandikaning sang prabu. Mengsah dalem sakalangkung nistha sarta alit. Ing mongka panjenengan dalem kaluhuren. Kaliyan abdi dalem ngupayeng isarata. Abdi dalem darbe mitra ing pakampungan wasta pun kocing. Punika sanadyan awis katingal amesthi saged anglagani panggalih dalem.
// kyana patih wisata anemoni mirane si kocing. Bareng katemu ditembung. Heh mitraku kocing au diutus sang prabu andikakake nimbali kowe. Awit sang narpati lagi kagungan kalilip yen wengi ora saged sare awit dirusuhi dening tikus kang manggon ana ing sajerone rema alem. Yen bengi swarane pating krekut manawa kowe bisa anglegani panggalih dalem kapasthekake yen kowe bakal diaken mitra tuhu sarta gedhe ganjarane.
// si kocing amangsuli sabda. O punika sakalangkung anyumelangi. Sabab bilih kula ngantos samarak sang prabu mendah duduka dalem. Kapasthekaken kula lajeng karikis sabab sampun kalebet ing ila-ila.
// kyana patih angling. Iku aja pisan awelang ati. Aku kang nanggung suker sakite karo dene sabda pandhita ratu. Yen wis kagungan pangandika masthi yen urub paring dalem ganjaran marang kang bisa ngeniraken sungkawa dalem.
// lah iku adhi si kocing. Kamanisen dening pituturing sang patih bacut andherekake diirid malebu ing kraton marak sang naradipa.
// bareng wus ana ngarsa dalem si kocing banget anggone diugung sarta digumateni. Ora kalilan ginggang sacangkang. Sasad abdi kinathik. Cadhonging daging ingkang sinuhun pribadi kang nguningani. Awit samono sang prabu saged tentrem cakeca enggenira sare. Sabab si tikus wedi mungsuhe dadi ora bisa molah. Mulane lagi bae sapasar lawase sang prabu wus katingal seger. Si kocing kaliwat muktine. Sarta enggal lemu yen turu mapan ana ing ngandhap sampeyan dalem.
Wasana lawas-lawas sitikus kaluwen bacut metu malumpat saka enggone sisingidan ana ing sajerone rema dalem. Bacut di cebak ciyet dening si kocing. Lah iku bacut langgeng sakeca ning manah dalem. Guwaya dalem pulih kaya mahune tuwin akas dangan karsaha ameng-ameng ing ngendi-ngendi.
// kuneng kawuwusa adhi. Si kocing iku wekasane mesakaken bareng ingkang sinuhun sang prabu wis mari andarbeni sungkawa si kocing dikiwakake. Maringan bukti yen maringan. Andangu bae ora pisan semune anglirwakake kautaman. Lawas-lawas si kocing tumeka ing papa kuru kamlingkingen bacut mati ing pakampungan. Lah iku adhi kakondha mahu anyamleng. Ora beda karo lalakonmu sarta lalakonku kiye. Sabab ing ngarep ingkang sinuhun prabu praba kusuma sadurunge mimiran karo si onta banget karsane buron alas kang kena dibukti. Bareng ing saiki para punggawa kowe karo aku wis mari didangu sarta ora pareng amburu menjangan. Lawas-lawas mesthi yen mati lapa. Ewadene babade si kocing mahu kang kongsi kasangsaan awit saka kurang panrimane sang prabu anuwuhake bendune kang murbeng alam. Sabab sang prabu ora elet lawas bacut amethukake pringga kaya anyar. Angungkuli kangwus kalakon kongsi ngenes panggalih dalem. Bareng sang prabu karsa ngupaya isarate anulak turida amiren yen si kocing wis mulih ing jaman ilangan anjalari sang prabu prapta ing kunjana papa.
// lah mulane adhi ratu mahu yen sakelanen ora ana sing digalih wekasane ora prayoga mara yektenana.
// manawi kapanggih baboning dodongeng wonten sambetipun.

Panjurung

Anglajengaken patakenipun tuwan redhaksi

Pasamuwane bra martani ingkang medal dinten kemis kaping. 29. Juni ongka. 26. Wonten panjurungipun. 1. Minta raga ing kampung drekil anyariyosaken bab taberinipun tumanduking damel magang ing kabupaten kartasura. Punika mila saleresipunkimawon. Saupami boten linampahan taberi makaten nunten kados pundi anggenipun badhe anampeni rumentahing sihipun priyantun ageng. Dados punika boten kenging katembungaken angeram-eramaken. Sabab sampun

kalimrahanipun para pri konca magang. Malah sampeyan angawuningana pri konca magang kantor saha ing kabupaten gupermenan kados boten yen karsaha angawartosaken wonten ing pasamuwan bra martani. Sarta panginten kula boten manawi ajega kados makaten.

Katandhan. Ma. Ta. Ga. Ka.

Ingkang mastani pangeram-eram sinten. Kalih dene ngkang nandhani panjurung saemper angleresaken panampining redhaksi. Nanging dipun rembaga bilih karerehan angalembana dhateng inggil-inggilanipun sarana serat kabar asring-asring lepat.

Redhaksi.

Pangesah ingkang pantes kagalih dening para ngesah sarta pangresulaning para repot tiyang miskin. Ingkang sumedya anglampahi kalimrahanipun ngagesang. Inggih punika badhe angimah-imahaken anakipun. Wedalipun pasambat makaten. He ya Allah kang asipat rahman ingkang aparing rejeki dhateng sakathahing makhluk. Aparinga pangapunten sarta angajibahana sapikajengan kawula. Dene kawula boten katilar ihtiyar panyambut kawula ing damel angantos boten etang rahinten dalu amurih kacekapan. Ing mangke dumugi ing wanci kawula badhe aningkahaken anak kawula estri. Dene ingkang dados pangresulaning manah angungkuli bilih kawula nanhang kaluwen kalih dinten. Inggih punika kacupetan ing samukawis angantos boten saged mardekakaken srakah. Wragading ningka tumenga supa tumungkul sepi badhe candhak kilakan tan pawitan. Anyanyambutan pangandel awit saking jrih kawula nyibal saking pranataning agami. Kawula lajeng lumampah dhateng kauman sanak kawula badhe temanten jaler estri asarana bekta kajeng sarta godhong. Ing sadhateng kawula kauman boten pisan-pisan manawi amanggih abingah. Jalaran ingkangb kawasa aningkahaken boten karsa tampi. Pangandikaning pangageng ngriku. Naib. Kedah amundhut srakah warni yatra. 15. Boten kenging gethang sigar. Sampuna anilari gantosan ingkang warni sinjang katepsir pajeng. 15. Boten saged minggah.

Lo punika sumongga dipun galiha. Saiba susah sarta pangresulanipun tiyang ingkang wekel punika. Dene kesangeten temen anggenipun cukang ingkang dados naib lan bok inggih dipun murwat.

Ma. Ta. Ga. Ka.

Panjurung saking purwakarta

// durma//. // mugi tuwan redhaktur amarengan ambajurung pawarti yen sela ing papan. Mugi tuwan pacaka. Munggeng pustaka pawarti. Respati ngarsa. Sinandhing ngandhap punika//.

// ing nalika wanci jam satengah sanga. Malem setu pon nenggih tanggal ping sajuga juli ing wulan ira sewu wolung atus warsi lan pitung dasa nem iku kang wari.// titir munya angganter tan ngangge kendhat. Jam goyang ambarungi. Gumrah para tandanag. Lumayu cangcut bedama weneh mandhi lodhong isipi tuwin timba. Dene tan ana agni.// prenahira ing pungkuran kadipatyan. Paguwon kampung neki. Heh kancana apa. Mangsuli kang tinanya. Ana janma nandhang anin. Daruna nira ambedhang dudu wajib.// nalarira truna bongsa pamit lunga. Nedya ngupaya pilis sarta wus samakta. Angrasuk busananya. Pan arsa onjalan maring ing sanak ira. Kang prenah wetan margi.// datan lama truna bangsa wus karasa. Manahnya senag-senig. Nulya mantuk wisma. Yen ti krungu sewara. Kapyarsa pating kelisik. Tan was yen dustha sigra ambukak kori.// wus trangginas plajar ira punang dustha truna bangsa nututi. Tut wuntut lampahnya. Datan tebih sing wisma. Saking gung nepsu nireki. Sigra kacandhak. Sinuduk boyok neki.// nulya sambat gemborira punag dustha. Tulungan wak mami. Cinandhak kastanya. Sinuduk ping kalihnya. Kineng prenah tungtung ati. Kang kaping trinya. Sinuduk lambung kering.// para tandang wus tumeka ing panggonan. Ponca wala sinapih. Eh konca elinga. Delengen ingsun sapa. Ya kadangira pribadi. Nutuh kang kurdha. Nulya ulungken keris.// wus cinandhak tanganira truna bongsa. Pulisi kang nyaweni. Kairing lampahnya. Ginawa ing kunjara. Pinasrahken ing prajurit. Iku kang jaga. Gantya ocapa malih.// binayangan marang kadang ira samya. Iku kang nandhang kanin. Parentahdhawuhna. Kinen sira gawaha. Mring wismane raden mantri. Cacar age den

usadani.// dene priksa tatunira kang rakasa. Kang manggen tungtung ati. Nulya den usada. Kang sarta ing ngambenan. Kapasrahna kadanfeki. Sigra ginawa. Dhateng wisma nireki.// datan samar raden mantri wus anduga. Nimbang ananning kanin. Kaya datan lama. Tumuwuh ngalam padhang. Sayekti atan anisip. Enjingnya wayah jam dwi siang ngemasi.// wus dilalah takdiring tiyang kang wisesa. Sang dhusthan piranti. Angigul kewala. Tan nyana manggih bancana. Anyipta lanange reki. Wus datan ana idajil kang manjingi.// urusannya ing benjang pinanggih tuwan. Rat samba kang mancasi. Hamba menusulan. Warta munggeng ing koran. Agung mengkuwa kang ngeis. Tamat kang crita. Tondha nyi klendhing mungil.//

taman pejah ping.4. juli tahun 1876.

Kula radi gumun mirengaken wiraosipun panakawan kalih para nyai. Pun traju kalih pun timbang. Wiraosipun kados ing ngandhap punika.

Pun timbang kang miraos. Traju bok ya au konwenehi surup. Bab rerasan eblat. Kang wus kalebu ing pustaka warti. Mulane aku jaluk surup memyang kowe. Jare mungguh bab keblat [ ] we gedhe paedahe. Yen wong agama mukhama. Kari-kari rerasan kang ana pustaka warti kok banjur cuthel. Ora ana banjure sakprene. Dadi atiku gela. Sauripun pun traju. Em sikenes dhing ora-ora. Sebajan aku idhep rerasan keblat kuwe ora tak gawa lerweh. Pun timbang mangsuli mekaten. Traju mulane kowe diparabi si kenthus menyang lurah. Dene ko kaya kodhok kenthus temenanyen ora digepok kempes bae. Yen digepok banjur mlembung. Iku sabab apa. Pun traju mangsli. Kowe samurupa aku kudu-kudu [ ] hepi jenengku. Aja kaya si ngalim. Anak kaum kidul kuwe wong jeneng si ngalim kuwe wajibe sabar lan becik atine. Kok jebul ugal-ugalan lakune. Mulane banjur kena pamelah kasangsara banget.

Pun timbangmiraos malih. Si ngalim kasangsara kena ngapa. Pun traju mangsuli. Dhek wingi aku weru dhewe. Si ngali ngundha layangan ana ngalun-alun kenure layangan kasampar bocah. Wong kenure ora pedhot. Si ngalim banjur mara tangan bocah kang nyampar kenur banjur ditaboki nganti nangis. Wis mengkono bocahe tiba lungguh banjur diu[ ]i endhase. Kuwe gumunku. Ana si ngalim lagi mlaku banjur ngidak mawa geni areng. Kejepi[ ] an drijine sikil dikipatake ora kena. Si ngalim niba nangis gulungan setengah mati. Sikile mocot babar pisan nganti saprene durung waras. Wetarane banjur dilut lara bubrah.

Kang kaya mengkono kuwe wong kosiku dening jenenge.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun sultan Ibahim
Ibnu adam
//oo// kinanthi //oo//

// jaka islar aturipun satat lir jalma alit mring jeng sultan ibnu adam. Areh megsih among wani. Dhuh kakang atur kawula. Jeng paduka mugi-mugi.// karsa adarbe pitulung mring jalma kang kawalasasih. Kang sami nandhang sangsara. Jeng sultan basarah myarsi. Mring aturnya jaka islar. Nambungi sabda tur nyaris.// dhuh inggih ulun nunuwun mring sang angeningaken dhiri. Namung ugi kaleksanan. Paduka saged mungkasi sirnanipun kecu sura. Punika kang ngrurusuhi.// saking ing wetawisipun. Sedaya ingkang prihatin. Saking pun kecu punika. Sumarmi ulun adari. Sinten kang saged ambengkas. Saestu kawula pundi.// sang namuraga umatur. Kawula tan darbe wajib. Dene yen karsa paduka. Inggih kawula sak dami. Lumaksaneng agya tuwan. Sigra sang anamur dhiri.// nunurat sakedhap sampun. Pustaka amung sasuwir. Kang mengku sabda utama. Pustaka sawusnya dadi. Sinungken mring jaka islar. Kinen maringken tumuli.// mring jalma kang arsa mantu. Kang susah wragading nguni. Kiwer dalan winelingan. Kinen lumakuwa nuli. Mengko yen kepapag jalma. Wowolu ana ing margi.// pustaka wenehna gupuh. Ing mengko sira ngawruhi. Pangwasane kang pustaka. Yekti bisa mitulungi. Marang kasusahanira. Lah uwis mangkata aglis.// ki werda aris umatur. Menggah lampah ing kang pundi. Kang murih kapethuk ira lan

jalma wewolu mangkin. Sang namuraga ngandika. Sakayunta pesthi panggih.// kang miharsa samya ngungun. Ing pratingkah tan andugi. Mwah jeng sultan basarah. Dadya karsa angyektosi. Kadadyaning kang pustaka. Ingkang badhe angerami.// ki werdahu mangkat sampun. Mituhu saliring welir. Wus lepas ing lampah ira. Tanpa sedya jujur margi. Dupi prapta pinggir wana. Agya kapethuk lan jalmi.// mijil saking ing wana gung. Wewolu ingkang satunggil. Anynggi buntelan dinar. Langkung kathah winiwawis. Kadi yen dinar saleksa. Ki werda ngulungaken aglis.// mring jalma kang munggeng ngayun. Punika ingkang lumaris. Pethut kecu ngali jenab. Lawan sutanira sami. Dupi sinungan pustaka. Ki ngali jenab nampeni.// ki ngali jenab gya lungguh surat den iling-ilingi. Kang sastra mung sacalirat. Surating sastra mengeti. Tembung kawulaning allah. Jalma kang tinitah urip.// anggaota wajib iku. Mamrih amal kang asugci. Amal sugci wit kamulyan. Mring donya mwang akir. Lamun jalma manggaota. Amal reged deb kayuni.// iku pesthi nora wurung. Wit cilaka ngawal ngakir. Tur siji rupaning amal. Sinungan marga kakalih. Heh manungsa sesa-sesa. Elinga yen bakl mati.// ki ngali jenab anjetung. Wring suraning intaki. Kengetang ing sanalika. Surating srat manjing ati. Ki ngali jenab karuna pustaka pinundhi-pundhi. Wanti-wanti tiniyub. Ing ngembun lan wuwus aris. Heh ta kabeh sutaneng wang. Ingsamengko awak mami. Eling marang kasuciyan. Baya wus karsaning widi.// wit saking pustaka iku. Kang narikj mring kalbu mami. Kang putra ngungun miharsa. Lawan suka sokur mami. Dhuh kyahi kasinggihan kawula sami umiring.// ngali jenab tetanya rum. Marang ingkang ngangsu tulis. Heh kakang sinten andika. Kalawan jalma ing pundi. Kula wenangna tetanya. Sinten kang maringi tulis.// ing pundi panggenanipun. Kawula arsa mangabekti. Nahuri kang sinung sabda. Kawula sujalma miskin. Apanengran ki mubadan. Dumunung bulkiyah mriki.//

// dene punika kang angsu.pustaka wonten masjid. Kula dereng wring ing nama. Warnane anom apekik. Cahyaning nindha basanta. Gandane kadya kasturi.// kawula punii ngungun. Dene tan umingeng warti. Ulun dinangu wit susah. Yen sutamba nedha kawin. Kula tan adarbe wragad. Wusana pinaring tulis.// mung puniku kawruh ulun. Ki ngali jenab miharsi. Kacathet sajroning nala. Sigra mojar marang siwi. Dinarsa sunggen sunggena. Marang ing si kakang ii.// dimen karya wragad mantu. Mesakake jalma miskin. Yata suta tan suwala. Dinar sinungken tumuli. Ki mubadan langkung kagyat. Gumeter denya nempeni.// wit umiyat arta agung. Saejeg dereng darbeni. Ki ngali jenab ling ira. Kakang sampun walang galih. Lah kawula tedahena. Mring kang maringi kinteki.// ri saksana mangkat gupuh. Ki mubadan munggeng arsi. Sarwi gendhong dinar ira. Yata tan adangu prapti. Ing masjid pinggiring marga. Ing prenah samya anganti.// dereng ewah lenggahipun. Yata ing nalika dupi. Ki mubadan prapta nira. Sarta wonten kang tut wuri. Sami cingak kang tumingal. Waspada rakyana patih.// marang kang samya tut pungkur. Yen pethuk kecu ing latri. Kang ngawasta ngali jenab. Lawan sutanira sami. Datan pangling kyana patya. Duk samya ngamuk kaeksi.// ki patih micareng kalbu. Lah apa wadine iki. De si pethut iku prapta. Kya patih nembah turnya ris. Marang jeng sultan basarah. Pukulun sri narapati.// punika pun pethut kecu kang samya dhateng mariki. Pukulun inggih punika kang angamuk wahu latri. Jeng sultan ngungun miarsa. Dadya arsa angyekteni.

//paran karepe si kecu. Dene ta padha sumiwi. Marang kang adarbe wisma. Yata sang dhatengan sami. Ki mubadan angsung tedah. Marang kang paring kinteki.// ki ngali jenab agupuh. Mendhak marek atru bekti. Sumujud nungkemi pada. Nira jeng sultan Ibrahim.wusnya tangi nagli jenab. Gya ngatag kang para siwi.// sadaya kinen sumujud. Sigra nembah ganti-ganti. Sultan basarah tumingal. Sangsaya eram ing batin. Ing reh tan umingeng sabab. Teluknya sang pethut sekti.// ngali jenab nembah matur. Marang sang anamur ragi. Dhuh pukulun seksenana kawula tobat samangkin. Mantun ing lampah dursila. Manjinga agama sukci.// dhuh gusti hamba nunuwun. Paduka panjingna murit. Tedahna margi kang terang. Hamba atur payi urip. Lumakweng sakarsa tuwan. Tempuhna ing satru sekti.// dipun kongsi lebur luluh kawula datan lumingsir. Sang namuraga miharsa. Mesem angandika aris. Lah sira iku jarwaha. Sli nira kang sayekti.// ki ngali jenab gya matur. Ing purwa wus aneng nguni. Mwang asli miwah ing nama. Mwang nalika lampah juti. Wus katur sadaya nira. Titi gya ing nganggep murit.// kang yarsa eram gegetun. Ngandika sultan ibrahim. Marang jeng sultan basarah. Punika sri narapati. Bahe luwar sadayanya.

Jalma kang nandhang prihatin.// jer kang karya sampun suyut. Sakarsa ambahu miring. Sultan basarah miharsa. Suka sokur amumuji. Dibyaning sang namuraga. Ing reh tan kena kawijil.//

taksih wonten candhakipun.
Raden panji parta kusuma.

Panyuka kabar

Nalika kaping. 16. Jumadilakir jimawal. 1805. Raden ngabehi praja prawira abdi dalem panewu bumi ajal. Sinten ingkang anyambutaken dhateng raden ngabehi wahu salebetipun 100. Satus dinten amratelakna ing kabupaten bumi. Manawi langkung saking wawangen wahu badhe boten kaangsalaken.

Surakarta kaping. 20. Jumadilakir jimawal. 1805.
Abdi dalem bupati bumi purwanagara.

(45)

Tuwan susman enko ing surakarta angaturi uninga. Bilih amentus angadeaken gudang pirantos angrimati petroliyum. manggen ing saleripun setasiyun surakarta. Sarehning para tiyang boten kalilan angrimati lisah wahu wonten wonten ing griyanipun langkung sawates. Pramila pangangkahipun tuwan susman anggening angadegaken gudhang wahu. Namung badhe amikantuken para tiyang ingkang sami karsa yandho petropliyum. Lajeng kenging anitipaken wonten ing gudhangipun. Menggah waragaipun mawi kapangkat-pangkat wahsa kalangkung mirah.

(44)

para priyantun ingkang karsa tumbas utawi meling kajeng gebingan usuk reng. Belabak tuwin kajeng obong. Kula aturi tumbas utawi meling dhumateng kula.

Tuwan je. Eva vogel.
Ing mangku nagaran.

(35)

tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Dlancang kangge serat iber-iber warni-warni. Sakelangkung prayogi kadamel serat ulem-ulem.
Enpelos warni-warni.
Album mawi gambar sorot.50 iji (sadaya gambar wadi) regi satunggal album 50 rupiyah. Prangko pos.55 rupiyah.
Babad tanah jawi. Wiwit saking nabi adam dumugi ing tahun 1647. Boten mawi kasekaraken. Regi satunggal buk. 15. Rupiyah. Prangko pos.18. rupiyah.

(19)

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk. (4)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

lotere iyatra

ingkang kauntunganipun kangge ing griya pamulasara lare ing surakarta.
Menggah kathahing yatra. 150.000 rupiyah.
Debe parincening pamenang kados ing ngandhap punika.

Preis ongka 1.	50.000.rupiyah
Preis ongka 2.	15.000 rupiyah
Preis ongka tiga	5.000 rupiyah

Preis kalih nyatunggal kathahipun	2.500 rupiyah
Sadasa	1.000 rupiyah
Kalih dasa	500 rupiyah
Satus	100 rupiyah

Sarta wudhonipun tiyang satunggil sadasa rupiyah.
Wah kathah ingkang kapatah wade lot wahu tuwan-tuwan ing ngandhap punika

Tuwan je. Bisalar	Surakarta
Tuwan jonas portir enko	Surakarta
Tuwan dhe susman	Surakarta
Tuwan dhe grut kolef enko	semarang
Tuwan je pan der lindhen	semarang
Tuwan koken enko	surabaya
Tuwan ge kolef enko	betawi
Tuwan a rusete	cirebon
Tuwan resi	ngayogyakarta
Tuwan a el somres	ngawi
Tuwan a be likardi	mediyun
Tuwan vurneman	salatiga
Tuwan ungka	rembang
Tuwan a ha je dhimon	padhang

Namaning tuwan-tuwan sanes panggenan ingkang badhe kapatah sade lot sarta patrap pambikak ing lotere I wahu ing tembe badhe kapratelakaken.

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

[not identified by PNRI, but presumably 1876 no. 31, 3 Aug 1876. Immediately following it is no. 32 10 Aug 1876]

Sang anamur ragi. Amaringken lulus.// kacari abasarah sang aji. Tansah amiraos. Nuwun jarwa ingkang sayektine. Marang ingkang lagya namur dhiri. Saklangkung mangudi. Sanalika sirnau. // weca lamun jeng sultan Ibrahim. Ing bulkiyah kathong. Mimbeng praja mesu sarirane. Sultan basarah sukadya ngenting. Arsa abur bekti. Nging cinegah gupuh. // pantas sasaman samini ngaji. Yata winiraos. Jangji tulus nunggil samitrane. Yata Sultan basarah gya pamit. Mring Sultan Ibrahim. Nulya budhal kondur. // saha wadya bala datan kari. Samarga sang katong. Gung miraos mangalembanane. Sudibyane jeng sultan Ibrahim tan rekaseng galih. Denira sri ayu. // angayumi mring sagunging jalmi. Kang datan pantuk don. Ing samangke birat prihatine. Yata ganti winarna [ ] lih jeng Sultan Ibrahim. Kang megsih neng dhukuh. // ngali jenab sampun den jarwani. Yen tuhu sang katong. Ing bulkiyah kang munggeng dhukuhe. Ngali jenab suka sokur ngenting. Estu manjing murid. Lan sasutanipun. // cipta samya labet marang gusti. Ki jenab wusa boyong. Kulawarga mwang kecu sakehe. Ing ngundangan sadaya wus ngalih. Saking ing wanadri. Tumut adhudhukuh. // nunggil kajinah neng kanan kering. Sakala mirantos. Langkung arji kajinah dhukuhe. Babanjingan wisma kanan kering. Ki jenab mragadi. Amamlila rahagung. // sanalika dhukuhe dwana gri. Mwang kathah ponang wong. Para juragan nglari sutane. Mangkwa kapanggih sadaya sami. Keh juragan sugih. Besan milwa dhukuh. // karya wisma gedhong turut margi. Tan awarlang ngatos. De ki jenab langkung keringane. Sakeh jalma dursila samya jrih. Malah sagung juti ki layu sumuyut. // yata wahu jeng Sultan Ibrahim. Kinaryake gedhong. Langkung peraking nguparenggane. Kontha padalemaning narpati. Bangsal geng ing ngarsi. Pasamuwanipun. // lamun sagung pra murit sumiwi. Pinaring wiraos. Patrap marang sugcine anggene. Yata jeng sultan mawatah nuli. Karya lurah kalih. Ki islar pangayun. // kinen nglurahi sakehing jalmi. Lan ki jenab mangko. Suta wolu dadya sasorane. Kacarita sewu kehing jalmi. Ki kajinah mangkin. Pinundi sinepuh. // suka sugih saha krabe sami. Yata winiraos. Temah kawentar lelampahane. Kabiwara mring sajroning nagri. Yen Sulatan Ibrahim wus manggen ing dhukuh. // yata wuwusen sang prameswari. Kang munggeng kadhaton. Lagya kalanggah kalawan putrane. Jeng Sultan anem ing kawawangi. Sri mukhamad tahir. Mangkwa yuswanipun. // sampun manjinging pitulas warsi. Diwasa kinaot. Warnanira kalintang baguse. Mimba jeng nabi yusup ing mesir. Sang nuring ngrat kasir. Cahyane sumunu. // tansah dadya sambating ngakingkin. Kenya jro kadhaton. Gung wuyung ngantan pegat sumiwe. Nanging sultan anem estu tebih. Marang ing pawestri lelabuhanipun. // kadya kang rama kalbunya sugci. Mrih prawireng kewoh. Wus sudibya putus saliring reh. Ambeg santa budya amartasih. Wadya sanegari tantrem jrih sumuyut. // yata wahu sang ngaprameswari. Andangu pawartos. Heh ta emban para nawatane. Gusti nira jeng sultan Ibrahim. Samengko neng ngendi. Denira dumunung. // matur nembah ni emban mustari. Dhuh gusti sang sinom. Hamba sampun miharsa kabare. Raka paduka gusti sakmangkin munggeng wana pasir. Padhukuhanipun.// ki kajinah nguni kang darbeni. Akhatah ponang wong langkung arja samangke. Dhukuhe. Raka paduka gusti pinundi. Mring sakehing jalmi. Malah pethut kecu. // ngali jenab sampun manjing murit. Mring gusti sang katong. Tuwin wonten kabare samangke. Raka paduka apalakrami. Kajinah sungestri. Warna yu kalangkung. // pindha kumara saking swargadi. Cahyane mencorong. Kadya wulan purna masenene. Dhasar ayu gusti sarwa bangkin. Wasta rara sulbi. Jetmi kaaruruh. // punika kang kagarwa sayekti. Mring gusti sang katong. Raka paduka langkung asihe. Kadi boten kenging sah sakedhik. Sampun marem gusti. Rakanta sang prabu. // tan anggalih kondur mring nagari. Galihipun kepon. Wuh punika gusti ing benjinge. Bok ngasorken mring paduka gusti. Diemban mustari. Atur nyalir wadul.// rehning rumeksa mring prameswari. Nanging sang lir sinom [ ] tiyosiyah sanes tampine. Duk miharsa aturnya bok cethi. Entyarsa ing galih. Bingarne twanipun. . lir sinekar mesem ngandika ris dhuh wuh sang ngakatong. Sokur bage iya sokur sokur bage. Mangun krama ana kang tinoleh. Heh wruhanta bibi. Lamun raningsun.// sru narima mring sira rasulbi. Geng piutang ing ngong. Lamun ora mengkono yektine. Sri narendra nglingut tanpa uwis. Kang kelangan mami. Prabu twasnya gambuh.//

Taksih wonten candhakipun.

Raden panji parta kusuma.

Panyuka kabar

Kala dalunipun dinten kemis angrintenaken tanggal kaping. 30 juni. 1876. Cakra dikara bekel ing dhusun pojok batur ingkang sampun ajal. Bawah dhistrik jenon kabupaten karta sura paresidhenan surakarta griyanipun ksbesmen. Enjingipun panewu pangagenging dhistrik andumugekaken amejahi latu sarana

andhudhuk siti jog ning griya wingkinging kang sampun pejah latunipun. Ing ngriku amanggih barang mas inten warni-warni sarta arta sami kapendhem kados ing ngandhap punika.

1.	kandelan bunton tatahan	13 iji
2.	kandelan balewah mawi slorok	1 iji
3.	benik mas tatahan warni-warni	33 iji
4.	benik mas tatahan mawi klandhe	12 iji
5.	supe alang-alang sekapung	8 iji
6.	supe seser	12 iji
7.	supe gunung sapikul maripatipun coplok pangapit inten	2 iji
8.	supe soca ludira mas	3 iji
9.	supe tajukan maripat inten	1 iji
10.	supe maripat mirah	1 iji
11.	maripatipun coplok	1 iji
12.	maripat sola ijem	1 iji
13.	cathokan mas	2
14.	lung uwi	1
15.	maripat sela abrit	1
16.	mendhat mas	1
17.	kalung dinar mas	33
18.	kalung buder tatahan	2
19.	kalung bunder tatahan mawi rante	1
20.	kalung sungsun	4 gagrakan
21.	sengkang mawi inten	1 rakit
22.	sengkang mawi inten	1 sele
23.	sengkang mas	2 rakit
24.	ukiran mas dhapur kraengan	1 iji
25.	timang mas tatahan	9 sasang
26.	jendhelan kuningan	1 iji
27.	pedhang wesi	1 iji
28.	tumbak	1 iji
29.	jamang kaliyan sumping sami mas	1 iji
30.	blongsong jungkat mas	1 iji
31.	kalung sungsun tiga	1 pasang
32.	gelang kana mas	1 iji
33.	cundhuk menthul mas	2 iji
34.	gelang sebit rontal	2 rakit
35.	gelang lunging uwi	4 rakit
36.	wukon mas	5 iji
37.	arta rupiyah sarta keton	1127 rupiyah slaka

paturaning warisipun cakra dikara barang-barang wahu kaake gadhahanipun cakra dikara. Ananging sapunika taksih kaandheg dening parentah jawi ing surakarta. Amargi bok bilih panangkanipun saking lampah kadurjanan. Milanipun para tiyang ingkang rumaos kaecalan barang kados ingkang ngninggil wahu bilih sumedya nitik wujudipun kawangenan. Salebetipun tigang saking titi masanipun panyuka kabar punika gadhaha atur utawi sowa dhumateng parentah ageng jawi ing surakarta. Sawi ambekta cacepenganipun serat pisait waranali kakecalan barang wahu. Badhe lajeng katimbang kengengipun kaanggep pandarbenipun barang ingkang kaaken. Bilih anggenipun gadhah atur utawi sowan sampun langkung sangking tigang wulan boten badhe katindhakaken. Amargi barang barang wahu sampun kaparingaken dhumateng warisipun cakra dikara.

Surakarta kaping. 31 juli. 1876

(46)

lelang

benjing tanggal 7. Wulan agustus punika tuwan jebiselar badhe lelang. 30. Iji kapal wedalan saking nagari rati tanah sabrang. Kapal wahu sadaya pilihan wonten ingkang kangge rakitan kareta utawi tumpakan. Saderengipun dinten lelang para priyantun kenging ningali kapal wahu ing toke nipun tuwan jebiselar.

(47)

ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi panggebaking lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se. e. pinter
Sekretaris

(48)

benjing dinten selasa tanggal kaping. 8. Wulan agustus punika wanci jam. 8 ½. Sonten ing dalemipun tuwan asisten residhen mister matis badhe wonten kong seret. Sakelangkung sae ingkang [ ] inonah loreh mariyah. Panunggilanipun parain gendhing ingkang kasuwur ing nagari betawi.
Bayaranipun satunggal tiyang. 3. Rupiyah

(49)

Panyuka kabar

Nalika kaping 16. Jumadilakir jimawal. 1805

0ngka kaping: 32 Kemis kaping .10. agustus 1876
Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Adil makaten kenging ibrataken wawatoning panggeran perang. Dene panggeran perang wahu urutipun andadosaken dados pethinganing karotan. Makaten pangandikaning tiyang agung napoleyon kapisan. Mila manawi wonten abdi dalem prajurit ingkang dipun langkahi ing kaindhakanipun ing mongka boten kauningan dhateng sang prabu. Punika bilih ing pawingkingipun kasumerepan dening ingkang sinuhun. Lajeng dipun mulyakaken sakala. Wonten kandhanipun. Nalika sang prabu amariksani wadya bala ageng. Pinuju ing salebetipun wulan januwari. 1814. Sang narpati umiyat sawijining prajurit ing salebeting baris. Sanadyan sampun kapara sepuh. Lenggahipun saweg sersan. Dedegipun ageng inggil maripatipun sumorot lir ngedalaken latu. Dhapuripun anembagi. Bergatipun perang sampun langkung saking kaping kalih dasa. Rawisipun sakepel sisih. Ing mongka sampun pingul. Anutupi cangkem sangsaya amemedosi wandanipun. Sang prabu boten pandung. Sersan lajeng dipun awe. Kakersakaken medal saking gelid. Pun sersan sareng myarsa pangandikaning nata. kraos angles suprandene ing sadangunipun ambegipun kendel. Dereng sapisan rumaos gembeng. Saksana pun sersan rahinipun asemu abrit sang prabu angandika. Ingsun patute wus tahu a[ ] marang pekenira. Nanging wus lawas sapa aranira. Kawula nuwun wasta kula pun nowel. Ingsun wis wanuh kang padha aran owel. Sira iku sing ngendi. Wetonira saka ing ngendi. Kawula nuwun kawula wedalan saking kitha paris. Apa sira ana ing ngarsaningsun. Nalika perang gedhe ing itali. Kawula nuwun inggih gusti. Kawula dherek kalikatang let caketing kretek arkolah. Kawula nuwun. Ah ing saiki ingsun engetan ora pangling. Lah ing samengko gupuh ira sersan. Kawula nuwun inggih gusti nalika tanglet wonten ing kitha marenggo kawula kadadosaken sersan. Sang prabu andangu malih. Lah sawise samengkono kapriye. Pun sersan tumungkul. Kawula nuwun salajengipun kendel samanten kemawon. Sok mengkono sira suthik manjing ing gegelenganing gardhe prajurit sinelir. Dhuh gusti boten wonten malih ingkang abdi dalem ajengaken namung saged dadi pun lebetaken dherek prajurit sinelir mila abdi dalem boten kentun. Nalika perag ing oserlitse sarta ing wagra[ ]. Tuwin ing perang pundi kemawon ananging lodene ora sira bacutaken patura ira. Kawula nuwun inggih saestunipun. Kawula dipun langkahi ing kaidakan kawula.

Sang prabu sareng myarsa aturipu sersan larapan dalem asurem. Lir si [ ] suteja imaharda. Sok mengkono sira surasane kasasaban. Lah apa sira ora diunjukake ing panjenenganingsun. Murih atom paganjaran ridherkruwis. Sersan angunjuki wangsulan. Kawula nuwun kawula asring-asring dipun suwunaken ganjaran ananging wangsulanipun panjenengan dalem boten amarengi. Sang prabu ngandika. Wis baliya ing gelid ingsun bakal amariksani prakara nira. Lan bakal angadili.

Sang prabu nunten animbali kolonel sarta dipun pangandikani ngantos dangu bibisikan. Sadangunipun ingbalan wacana ingkang dipun sipati. Sersan kowel. Wekasanipun terang. Bilih sersan kowel. Kenging kaewokaken prajurit kendel atata tataking paperangan. Bangun turut dhateng panggeraning perang tuwin anetepi kuwajibaning soldhat. Boten mikir bathi. Namung asrah jiwangga bilih wonten prelunipun anyantosani nagari. Watak kang makaten wahu. Sang prabu sakalangkung karemipun. Sampun asring-asring sersan kowel anggelaraken kawanteranipun ing peperangan. Ananging dangu latipun sepen. Sarta udhu gegaranipun murih saged anyuwun ganjaran. Mongka sampun lami mesthinipun atampi ganjaran dalasan ganjaran ridherkruwis. Inggih boten kaparingan ing samangke sang prabu sampun terang. Manawi nowel dipun siyi. Kedah kamulyakaken mawi kinormatan. Sang prabu saksana animbali dhateng nowel. Wis lawas pekenira mesthine kaganjar. Sabab ing salawase sira amratelakaken manawa awatek kendel. Nunten sang prabu anguculi kagungan dalem kruwis saking jajanipun dipun tempelaken pribadi ing dhadhanipun sersan nowel.

Kolone lajeng amangsiti. Tambur mungel salajengipun wadya bala ingkang baris umeneng. Sersan kowel ingkang sawek kaganjar ridher ring lesiyun panir kakepyakaken sarta angabani. Heh para prajurit awit

asma dalem sang prabu ing mengko sersan nowel karsa dalem kinula wisudha dadi twedhe litnan saksana rupining sanjata amresentir. Pandel tumelung mangandhap. Musik mungel.
Nowel sakalangkung angres raos raosing manah. Kadi tiyang nyupena. Aningali sang prabu. Sedyanira badhe anguswapadaning nerpati. Nanging sareng tiyang agung saemper tiningalan. Yayah angesahi sambutan. Boten pisan kados sang nata aparing ganjaran mila litnan nowel boten siyos andugekaken sedyanipun.
Sang prabu boten pisan angudaneni pasemonipun kowel. Lajeng amangsiti dhateng kolonel. Kang liningan saksana amandhi pedhang. Tambur ropel. Kolonel angabani. Heh para prajurit kawruhanira karsaning sang prabu. Twedhe litnan nowelsamengko kinula wisudha dadi erste litnan. Nowel emeh kemawon kalemper amyarsakaken. Sukunipun meh boten saged nglawehi. Mripatipun sadangunipun ing dalem 20. Tahun. Namung nagrentahaken luh sapisan inggih punika nalika tampi warti. Yen biyungipun ajal. Samangke kocoh-kocoh malih. Sarta boten saged aningali kadi lamuken. Lambenipun kumedut nanging boten saged wicantenan. Saksana tambur ropel kaping tiga nipun. Kolonel angabani. Heh para militer. Awit asma dalem ingkang sinuhun. Ing samengko istelitnan nowel anggepen dadi kawitanira.
Sang prabu lajeng amolah aken titiyan dalem kadherekaken jendral setap dalem. Busananira gumebyar. Karnaning narpati andumugekaken sepeksi. Suprandene kapitanowel den lirik anyap semunipun pamandeng dumadosa nowel kjrihan lambenipun abiys. Mripatipun amrem. Yayah pejah-pejaha. Sang prabu angadika dhateng setap dalem. Heh para opsir bokmenawa pekenira padha krasa gumun. Lalakoning mangkono. Nanging satemene tindakira ora patitis. Si nowel iku dilangkahi ngatas kaundhakane tanpa sebab. Mulane luput. Lah kaluputan mahu kudu dimulyakake. Awit adil mangkono. Wawatoning panggeran perang. Dene pangger perang mahu urute anjalari pepethingane karosan.

Nalika malem salasa kaping. 17. Rejeb jimawal punika. Ing pangabeyan surakarta adiningrat wonten pasamuwan sru asri rerengganipun. Inggih punika kaleres wiyosan tahunanipun. Sang narendra tanaya jeng pangeran angabehi.
Sasampuning para sinuruhan priyagung walandi jawi. Sarta para tuwan tuwan antenar tuwin opsir. Punapa dene malih para tuwan mardika. Sampun sami prapta. Elet santara. Musik anyuwara. Mratandhani rawuh dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan. Kadherekaken jeng gusti pangeran adipati anom amengkunagara. Sarta para putra santana dalem.sang narpati kinormatan kadya saben. Sareng sampun sami tata lenggah para tuwan sarenti majeng anyelaki ingkang sinuhun. Angaturaken tabe kormat. Boten dangu para sinuruhan sami amanggen sowang-sowang ing kursi. Sahantara malih gongsa mungel gendhing ladringan calunthang. Sinindhenan sekar ageng prawira lalita. Minongka panembrama. Dening para saged ingkang bawaniputra nata bratan raden masrim esmu praba. Swaraning gongsa arum wasista para di yaga. Wegig kang sami anyindheni. Mila kapyarsa saking mandrawa. Raosing tyas kabanjiran ing sarkara. Wewah jinenengan mring para agung-agung ing ngarsaning sang narpati. Tiningalan yayahing swargaloka. Teka wingit kadya badhe manjing ing tawang panganti-anti.
Wondening ijemaning panembrama ing ngandhap punika urutipun.

1. //mongka langeling pangidung. Linut lelagoning gendhing. Sumapala tru nambrama. Mring pararsamangastuti.
2. //dhumateng wiyosan amba. Tahunan ing soma kaping. Nembelas rejeb jimawal. Saya luhur ngesthi tunggal.
3. //tumedhak dalem grinarpa. Berkah dalem kang lumutur. Nambahi suka arja. Mawantu ing gunatama.
4. //miwah dirganing kang yuswa. Kawibawan amimbuhi. Marma winedhar mangkana. Dene ta wahu sang prabu.
5. Estu narendra minulya. Kalangkaning jagatraya. Sumunu ujalanira. Yayah mrabani kanang rat.
6. //kalanglang panuwun kula. Mawantu sukaning driya. Jeng tuwan residhen rawuh. Mwang para pangeran tuwin.
7. //mitra para tuwan-tuwan. Sami rumesep ing kalbu. Sadayaning kang sugata. Gumlaring kawiryan jawi.
8. Nahan ulun suka sokur. Bantoni condhong kayun. Lir katamaning er mawar kang nanduk gonda mrik minging.
9. Sumrah sumrambah martayu. Mring kang anrus ing panyipta. Tulus tetepa salama. Karenan senenging budi.
10. //mugi hyang kang maha luhur. Angsunga rahmat lumuntur. Marang tamu kamukala. Sarjuning tyas wida.
11. // sumawana mintamba. Katunaning saniskara. Kang kawistoreng sasana. Yogyang sunga pangaksama.

12. //sampat sabda panambrama. Tondha asma sang narpa putra. Jeng pangeran angabehi. Ri sang prawira lalita.

Salajengipun ingkang sinuhun sarta kangjeng tuwan residhen tuwin para tuwan sawatawis. Sami kasukan setoter. Para tamu liyanipun inggih sami mahinwis. Utawi omber. Saweneh wonten ingkang setoter. Sakalangkung gambiranira. Pasemonipun sang dana iswara suka rena. Bibaripun jam satunggal dalu.

Nahan gumuning tiyang kathah. Lelangen kang makaten teka boten wonten priyagung mangkunagaran satunggil tunggila. Iba kempyangipun angabed luluingidaning pamanggih.

Ingkang kagungan dalem pranyata wasis anggenira anampeni tamu. Boten wonten satunggal ingkang boten katuwenan sarta dipun saruweni sumeh. Mawi tembung manuwara. Anjalari saeka rasa guyub kang sami mretamu.

Surakarta

Panjurung kula wisudhan

Nalika dinten rebo tanggal kaping .2. agustus tahun. 1876. Abdi magangan kabopaten kaparak kiwa. Awit sangking wekel dhumateng pandamelan ingkang kawajibaken. Samangke kapatedhan pangkat ing ngandhap punika.

1. mas suleman kakarsakaken dados abdi dalem jajar mijita nuhastra kaparek kiwa. Kaparinga nama ki merta yuda. Angampil kagungan dalem siti dhusun. 1. Jung.
2. Truna karya. Kakarsakaken dados abdi dalem jajar wisma marta kaparak kiwa.kaparingan nama ki truna karya. Ugi kapatedhan ngampil kagungan dalem siti dhusun. 1. Jung . pangangkatipun prikonca kakalih wahu. Sangking panyuwunipun kabopaten kaparak kiwa. Saha lajeng dados kaparengipun kajeng parentah ageng.

Kula pun sedyarja.

Punika kabar aneh. Ing dhusun baron surakarta. Wonten uwit [ ] sang. Nanging sampun sawatawis wulan. Uwit wahu pejah. Samangke thukul malih. Lajeng medal jantungipun anjebol saking siti kathah para tiyang Ingkang sami gumun aningali. Punika kadi pundi pamanggihipun para saged.

Ing dinten punika salasa. Wonten titingalan ingkang kapara anggumunaken. Urut margi ageng saking ngalun-alun surakarta dhateng laweyan. Wonten layon dipun rembat abdi dalem prajurit. Ingkang sami ngetutaken boten patos kathah. Katindhihan opsir satunggal. Mratandhani bilih ingkang tilar. Abdi dalem prajurit. Punika uruting radinan. Ingkang ngrembat tuwin ingkang ngetutaken layon.mawi kikingdingan sarta agiyak-giyak. Kadi tiyang sawek bibingah kang mongka nalar satunggal makaten wahu. Kedah kormat sarta amujekaken ingkang kamuksan. Boten manawi pratingkah aheng makaten awit saking panedhanipun ingkang tilar piyambak. Dipun kubur mawi kinidungan. Samanten inggih maksa dados turidaning kang myarsakaken.

Bab griya kabesmen.

Senadyan sampun ragi dangu. Kados boten wonten kasepipun.

Nalika dinten slasa tanggal kaping. 25. Wulan kapengker punika. Ing wanci jam. 4. Sonten griya gedhong kareta kagunganipun raden angabehi purwadipura. Kaliwon kaparak[ ] pun sirna kadhahar ing brama. Tujonipun boten mawi ngembet griya sanesipun. Jalara [ ] kang cukatipun ingkang sami tandhang. Sasampuning kareta kawedalaken. Namung para griya ingkang [ ] ket ing ngriku sami karebahaken kabekta sumingkir tebih. Anjalari sang brama lilih krodhani [ ]. Nanging semonipun maksih cuwa.

Sasirepipun ing latu ingkang mentas abrastha griya. Para tandhang sampun sami mantuk a[ ]. Wis. 10. Menut letipun kenthongan kapatiyan mungel anganter. Kula inggal lajeng bandhang dumugi ing panggenan sampun pinagih sirep. Kaprenah saler wetan dalem kapatiyan sawek brastha empyak satunggal lajeng karebat ing kathah brama tanpa dadosa.

Sareng rebonipun tanggal kaping 26. Wanci jam 12. Siang ing kampung jaya menggalan ugi bawah kabopaten kaparak tengen inggih kabesemen. Salangkung anggigirisi ubaling brama. Ngantos telas griya kirang langkung 36.

Anjawi sangking ingkang sampun kasebut ing inggil sadangonipun kula gagriya ing mesen. Aturanipun ing kabupaten kaparek tengen boten kadi samangke. Prayogenipun ing radinan utawi kathahing pajagen. Naming kuciwa sakhedik.dene margi ingkang dhateng pakampungan meksih kathah ingkang dereng

prayogi. Wonten ingkang ciyut rungkut tuwin jitheg sanget. Kalipun manawi wonten bancana latu siang utawi dalu. Kapesthekaken para ageng ageng sami rawuh mariksani. Mila saking pamuji kula ing rahinten dalu kang saega boten kendat. Sadaya margi ingkang dhateng pakampungan kaparsudiya prayoganipun. Sampun ngantos kirang. 5. Kaki wiyaripun. Supados sampun ngantos pakewet lampah pum ing pumpa. Ing wasana kauningana mila anggen kula macak kabar wahu ngantos lat. Amargi kula saweg kapambeng nenggani sadherek kaganjar sakit benter tis.

Kaserat ing mesen tanggal kaping .16. rejeb tahun jimawal. Ongka .1805.

Surakarta

Nalika dinten jumuwah kaliwon tanggal kaping .6. wulan rejeb punika. Ing wanci jam. 7. Sonten. Ing kampung grobogan bawah pulisi prajurit wonten sabawaning tiyang kemriyeg. Mawi katembungan ungel-ungel makaten. Brug-brug neng brug-brug neng . neng-neng brug. Sarta para tiyang jaler estri kathah sami ting talusup wonten ing kebon tuwin wonten panggenan ingkang pancen lindhuk sarana bekta latu obor sarta colok.

Ingkang makaten wahu punapa ingkang dados nalar. Inggih punika anakipun bitang kanem rare estri anama pun urip kinten umur. 5. Tahun saweg panuju medal saking pakabaran kabekta dening sang mamedi wewe. Lah dalah ing ngriku biyang kanem sakalangkung sarta grayungan anggenipun ngupadosi dhateng anakipun. Ananging kinten.3. jam tansah dereng pinanngih pangudinipun. Amargi mekdal samanten kula lajeng dumugekaken lampah kula. Wondene salajengipun kula boten sumerep.

Ti // ti
Katandhan pun dilalah.

Punika candhakipun cariyos nawawi.
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// Gambuh //oo//oo//

// yata sang raja sunu. Dupi miharsa sadangunipun mring aturnya sira ni emban mustari. Kacathet daleming kalbu. Lamun kang rama sang katong.// wus manggen munggeng dhukuh. Sultan anem sedyarsa sumusul. Mring kang rama angaturaken pangabegti. Ing reh nguni dereng ngemut. Dukti nilar lelanandon.// lan kadereng ing kalbu. Ayun uninga ing dharnaipun. Ingkang rama margiyuh narendra siwi. Manganggen-anggen tyas prabu. matur ring ibu wot sinom.// dhuh pukulun jeng ibu. Hamba nunuwun arsa sumusul. Mring jeng rama kadereng arsa ngabegti. Ing pada raka pukulun. Ing reh utamaning katong.// bekti mring rama prabu. Lawan sarat wrin sudarmanipun. Dene hamba tinilar wit sangking alit. Dhuh boten lasmi pukulun amung sapangu kemawon.// yata myarsa kang ibu. Mring aturing putra tyas kumenyut. Sungkaweng tyas kumembeng sang prameswari. Aseret mangsuli wuwus. Dhuh dhuh engger putraning ngong.// bener karsanta iku. Nanging kaya paran raganing sun. sira tinggal sapa kang ingsun tingali. Yen ti kari brongta wuyung. Tan wus ngayam- ayam layon.// kalawan sira kulup durung antuk lila kang satuhu. Marang ramanira kang lagya malandi. Manedha marang hyang agung. Sira nganti yasa pakon.// ywan ta sira kasendhu. Lamun dinalih anyaru wuwus. Witing ingsun iki kumudu udani. Mring ibumu anyar iku. Kang tutulung marang ing ngong.// dhuh kulup karsaningsun. Ywan ta pareng ramanira prabu. Ingsun marek kalawan sira nak mami. Mwang patih nayaka sagung. Sumiwiya mring sang katong.// dene ramanta prabu. Wus saestu denira dumunung. Sumiwiya kabeh iku yekti wajib. Sayegti datan kasendhu. Yata sang nerpati anom.// myarsa andikeng ibu. Datan samar mring sakarsa nipun. Bakeng semu wit tinilar langkung tis-tis. Dadya angecani wuwus. Mindha lumakweng sapakon.// srih lejare sang ibu. Yata antara sang raja sunu. Nilip mijil animbali kyana patih. Mwang para punggawa sepuh. Tan dangu sumiweng katong.// gya medaraken wuwus. Prabu anem ling sakarsa nipun. Kyana patih lakung sedya gegedholi. Mwang para punggawa guyub. Nanging sang narpati anom.// ing karsa datan kengguh kyana patih kinen mijil sampun. Kawuwus wahu ing nalika latri. Dupi wanci tengah dalu. Amanganti sireping wong.// mijil sang nara sunu wadya sawiji tan ana weruh. Amung lawan turongga kaprabon jurit. Sadaya datan rinesuk. Mung ameng pedhang sawiyos.// wus lepas lampah ipun. Kuneng enjing sajroning gedhaton. Miwah sagung para sinom.// wus gumrah sapraja gung. Lamun jengkar sang narendra sunu. Yata kyana patih wus arembag pikir. Lan aya karsa sumusul. Mimilih kang wireng kewuh.// punggawa kang wawalu. Lan ambekta mantri kalih atus. Lampah ira sadaya amindha santri. Nitih kudanging barundhul mung lawan pedhang kemawon.// kya patih budha sampun. Lan matah kang dhateng kadhatun. Punggawa ndel rastarosan kang piniji. Yata kuneng lampahipun. Kang rumiyin narendra nom.// kuda nira sideru. Lampahira tan ngambah marga gung. Nilap-nilap mrih ywa tuninganing dasih. Wus lepas nunurut dhusun. Ing margi lit kang asing lo.//yata ganti

winuwus. Sultan Ibrahim kang munggeng dhukuh. Nuju lenggah kalawanira rasulbi. Jaka islar munggeng ayun jeng sultan ngandika alon.//heh Islar dene gupuh. Sira dandana arsa sun wutus lumakuwa ing marga kang ngalor iki. Ing inggokan pasir ladhu. Sira nimpanga ing kono.// marga gawat kang singup. Mengko sira kelamun kapethuk. Mring sujagma sawiji nitih turagi. Warnane anom abagus. Cahyane gumiwang katon.// yaiku putraningsun. Sultang anom kang mengku kadhatun. Kang paparab sultanu mukhamad tahir. Mengko yeng takon maring sun sira matura dene lon.// lamun arsa tetemu. Lawan ingsun aturana gupuh. Marang kakbatolah umanjinga sugci. Sawusnya yekti katemu. Kalawan sariraning ngong.// aneng jro kakbat iku. Jaka islar myarsa langkung ngungun. Matur nembah dhuh gusti sinten kang warwarti. Yen raja putra sumusul. Kang mangkaten langkung elok.// jeng sultan ngandika rum. Nora ona kang warta maring sun. lamun ayun wruh takona nuli. Iya marang bok ayumu. Sira rasulbi yen weroh.// nira rasulbi muwus. Islar sira mangkata den gupuh. Sira iku diduta marang nging gusti. Becik ngiman ken pituduh. Sira durung wruh pakewuh.// jaka islar gumuyu. Si bok ayu iki teka wuwuh. Limpat ing twas baya gusti kang nulari. Iya sokur babo sukur. Kawula nunut kemawon.// nanging tapeni dipun. Andika pantes atur susuguh. Mring jeng gusti prabu mudha kang anilab. Kadi ing wetawisipun. Jeng gusti rgi ket langso.// yata langkung saarju. Siti sulbiyah gya ngrakit sampun. Rara tengan sawarna kang angdi –adi. Sekul nya mugeng nging subul. Lamu-lamun munggeng tenong.// tuwin inuman ranu. Munggeng kendi miwah gelas ipun. Mwang dhadharan saklancaran karma manis. Jaka islar dyan agupuh. Trengginas gya nyunggi tenong.// lawan anggendhong sumbul. Sinung wastra dinulu barengkuk. Datan supe kendhine sampun cinangking. Manembah mimtar sumebrung. Tumingal mesem sakatong.// dene dhokoh dinulu. Ing majade ki islar punika. Datan pantes nyanggi tenong nyangking kendhi. Denya gagah dhapuripun. Lan sampu prawireng kewoh.// ing ngagal rempit putus. Suprandene lumampah kadyku. Jaka islar dadya tuladhane ngandi. Mangkwa wonten tunggilipun. Sang pethut kecu kinaot.//ngali jenab nasub. Denya dursila sitan antuk mungsuh. Suprandene lagune bisa nyalini. Punika tuladha tuhu. Dursila ngungkur ken kewoh.//oo//

tuwan je. Ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit reginipun mirah sanget.
Papan tumpukan kajeng ing timuran.

Panyuka kabar

Kala dalunipun dinten kemis angrintenaken tanggal kaping. 30 juni. 1876. Cakra dikara bekel ing dhusun pojok batur ingkang sampun ajal. Bawah dhistrik jenon kabupaten karta sura paresidhenan surakarta griyanipun ksbesmen. Enjingipun panewu pangagenging dhistrik andumugekaken amejahi latu sarana andhudhuk siti jog ning griya wingkinging kang sampun pejah latunipun. Ing ngriku amanggih barang mas inten warni-warni sarta arta sami kapendhem kados ing ngandhap punika.

1.	kandelan bunton tatahan	13 iji
2.	kandelan balewah mawi slorok	1 iji
3.	benik mas tatahan warni-warni	33 iji
4.	benik mas tatahan mawi klandhe	12 iji
5.	supe alang-alang sekapung	8 iji
6.	supe seser	12 iji
7.	supe gunung sapikul maripatipun coplok pangapit inten	2 iji
8.	supe soca ludira mas	3 iji
9.	supe tajukan maripat inten	1 iji
10.	supe maripat mirah	1 iji
11.	maripatipun coplok	1 iji
12.	maripat sola ijem	1 iji
13.	cathokan mas	2
14.	lung uwi	1
15.	maripat sela abrit	1
16.	mendhat mas	1
17.	kalung dinar mas	33
18.	kalung buder tatahan	2
19.	kalung bunder tatahan mawi rante	1

20.	kalung sungsun	4 gagrakan
21.	sengkang mawi inten	1 rakit
22.	sengkang mawi inten	1 sele
23.	sengkang mas	2 rakit
24.	ukiran mas dhapur kraengan	1 iji
25.	timang mas tatahan	9 sasang
26.	jendhelan kuningan	1 iji
27.	pedhang wesi	1 iji
28.	tumbak	1 iji
29.	jamang kaliyan sumping sami mas	1 iji
30.	blongsong jungkat mas	1 iji
31.	kalung sungsun tiga	1 pasang
32.	gelang kana mas	1 iji
33.	cundhuk menthul mas	2 iji
34.	gelang sebit rontal	2 rakit
35.	gelang lunging uwi	4 rakit
36.	wukon mas	5 iji
37.	arta rupiyah sarta keton	1127 rupiyah slaka

paturaning warisipun cakra dikara barang-barang wahu kaake gadhahanipun cakra dikara. Ananging sapunika taksih kaandheg dening parentah jawi ing surakarta. Amargi bok bilih panangkanipun saking lampah kadurjanan. Milanipun para tiyang ingkang rumaos kaecalan barang kados ingkang ngninggil wahu bilih sumedya nitik wujudipun kawangenan. Salebetipun tigang saking titi masanipun panyuka kabar punika gadhaha atur utawi sowa dhumateng parentah ageng jawi ing surakarta. Sawi ambekta cacepenganipun serat pisait waranali kakecalan barang wahu. Badhe lajeng katimbang kengengipun kaanggep pandarbenipun barang ingkang kaaken. Bilih anggenipun gadhah atur utawi sowan sampun langkung sangking tigang wulan boten badhe katindhakaken. Amargi barang barang wahu sampun kaparingaken dhumateng warisipun cakra dikara.

Surakarta kaping. 31 juli. 1876

(46)

ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi panggebaking lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se. e. winter

Sekretaris

(48)

tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.

Dlancang kangge serat iber-iber warni-warni. Sakelangkung prayogi kadamel serat ulem-ulem.

Enpelos warni-warni.

Album mawi gambar sorot.50 iji (sadaya gambar wadi) regi satunggal album 50 rupiyah. Prangko pos.55 rupiyah.

Babad tanah jawi. Wiwit saking nabi adam dumugi ing tahun 1647. Boten mawi kasekaraken. Regi satunggal buk. 15. Rupiyah. Prangko pos.18. rupiyah.

(19)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.

Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.

Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.

Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.

Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.

Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni
Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni
Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

(5)

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk.

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 33 Kemis kaping .17. agustus 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Samangke sesakit benter tis ing bawah surakarta. Dereng wonten sudanipun malah katingal sadaya anteb. Dhatengipun sakit tekpradin sami kemawon. Ing suraos tanpa sangkan. Tiyang ingkang katuwenan sesakit. Lajeng kemawon rog-rogan. Kraos asrep. Asring-asring ngantos kirang langkung saejam dangunipun nunten gentos benter. Inggih kirang langkung saejam dangunipun. Ing mongka bilih boten enggal katututan ing jampi. Saben dinten kemawon sasakit wahu anuweni. Kula sampun asring angyektosi manawi who kamal sakalangkung amikantuki. Asem wahu dipun bubur lajeng katedha dipun angkah angkah pyambak kathah kedhikipun. Murih anggampilaken bubucal. Manawi sampun lajeng kaombenan eteh. Manawi boten wonten eteh. Dipun ombenana wedang godhong sembung. Nanging asingeban sawatawis. Murih ngedalaken riwe. Ingkang prelu kaopenen. Inggih punika sampun ngantos enggal-enggal purun adus bilih dereng mantun babar pisan.

Dereng dangu kula kapinujon amider-mider bawahing kraton surakarta. Sedya kula angupados siti dhusun ingkang kenging dipun pajegi. Teka ngiras saged angyektosi sawarnining kreteg. Ingkang asring-asring dipun catur utawi dipun cawad. Ing mongka sadaya sami katingal kapara prayogi. Anjalari kamayaranipun tiyang lumampah. Sarupining kretet saking kedhung bandheng dumugi nagari surakarta. Meh sadaya sampun kaanyaraken dene margi ageng boten anguciwani. Saking surakarta dumugi ngampel. Sawarnining krereg ing mongka meh sadaya prenahipun wonten ing jurang. Sampun sami kamulyakaken kantun sakawan iji. Punika inggih badhe kadandosan ing salebeting tahun punika ugi. Saking ceper dumugi gondhang winangun kretegipun sadaya sadaya sampun sami kaanyaraken . kantun satunggal kalih tur taksih sami katingal santosa. Saking delanggu dumugi kartasura kretegipun katingal risak. Ewadene sampun kaleksanan anggenipun andadosi malah kakalih ingkang sampun rampung.

Aliya saking punika. Kula aningali sawarnining kagungan dalem gedhong sapanunggilanipun. Wonten salebeting beteng. Punika katingal sami dipun anyaraken. Awit kapinujon kula saged anyipati pyambak nalika sowan ing kraton. Kaleres pasamuwan ageng. Kuneng ingkang kenging kakandhakaken malih. Inggih punika sawarnining kalen ageng alit. Salebeting nagari sami kebak toya lampahipun santer gumarenjeng gupuh ing sapurug-purug anjalari dados kamayaraning tuwin ontungipun ingkang sami gagriya. Sumawana anjalari dados kaslametaning ing ngakathah.

Lah sedaya pedamelan wahu pakabaran. Awit saking taberi kerkat tuwin kawekelanipun abdi dalem arsitek. Tuwin bikar. Saba pyambakipun boten pisan ajrihii pringgabaya. Manawi wonten prelunipun dipun tuweni. Mila mugi mugi tuwan bikar dipun yektosan dene kang kuwajiban anengeri. Tuwin sageda tampi nugraha.

Manawi boten lepat nalika rumiyin panjeneganipun ingkang sinuhun kaping.7. sampun kakarsakaken ambudi. Anjoging toya nagari. Nanging boten kadadosan malah kabaran panjenengan dalem sapunika ngantos andhawahaken pangandika andadosaken suka rena ning

panggalih dalem. Sareng samangke toya saged anyarambahi ing pundi pundi. Sakalang mutaberi paedah.

Sampun wonten kalih tahun satengah kreta diwirya bekel ing dhusun waru bawah siti tebasan ing mutiyan. Dipun undur saking kabekelanipun. Awit saking atur panuwunipun ingkang majegi dhusun. Amargi pun bekel sakalangkung wangkal. Saderengipun kalungsur tiyang wahu. Sampun andarbeni panedha angrabeni anakipun ketib anama iman kanapi. Sarta dipun sanggemi nanging sareng kreta diwirya pocut sarta anglampahi kadurjanan. Dados anyirnakaken ubangginipun lare estri ingkang badhe dipun rabeni. Ingkang anggentosi dados bekel pun ketib iman kanapi.

Elat kalih tahun anggenipun ngulondara. Kreta diwirya ngatingal malih ing dhusun waru. Sarta ananglet prejanjeyan dhateng ima kanapi. Nanging iman kanapi anglenggana. Sabab boten mrayogeni yen mantu angsal gentho. Sareng sampun katembung ping kalih ping tiga. Tan padadosa. Kreta diwirya asusumbar badhe anglebur. Iman kanapi dipun aken anjangi badhe dipun sanjata. Awali-wali anggenipun anjangi. Imam kanapi lajeng angaturi pirsa dhateng tuwan ingkang majegi. Sarta kapratelakaken bilih namaning durjana ingkang badhe mejahi. Sampun dipun serati delancang kang kasimpenan ing griyanipun.

Wasana ing malem jumungah ingkang saweg kapengker. Wonten tiyang sakawan dhateng ing wismanipun tuwan ingkang majegi siti. Ngaturi pirsa manawi iman kanapi dipun cidra. Saksana tuwan Er e dhabo. Sanadyan sampun dalu. Meksa anindaki dhateng dhusun waru. Ing nriku yektos amanggih jisimipun iman kanapi wonte ing ngamben. Nalaripun ngajeng iman kanapi panuju anedhani kapalipun. Lajeng wonten ungeling sanjata rangkep prenahipun saking jawining pager jaro. Mimis amranani iman kanapi ngiras kapalipun iman labet kalih dhadhanipun ingkang tengen satunggal. Satunggal malih prenah weteng mimis anatoni kapal lajeng pejah. Ing sanalika tuwan dhabo. Kinen angupadosi serat kang kasebut ngajeng. Inggih kapanggih. Suraosipun atemen-temen. Sahingga polisi ing karang duren jalaran dipun sanjangi dening tuwan dhabo. Lajeng kinen anyepeng dhateng pun durjana kreta diwirya. Tuwin tiyang gangsal malih. Sabab saemper panyidra wahu dede kreta diwirya piyambak ingkang nindakaken. Ingkang dipun aken tiyang sanes.badhe dipun epahi sanjata kekalih.

Ing samangke kawontetanipun nagari surakarta utawi ing ngayogyakarta. Ngatasing kaplametanira. Kathah sudanipun. Sumawana para isining tiyang jawi utawi cina ingkang miskin sabab sami kathah ingkang kaganjar sakit kasrepen. Utawi sakit weteng. Asring-asring wonten jisiming kere turut radinan ingkang pejah jalaran kacupetan daya. Para tuwan ingkang majegi siti kathah anggenira ambyantoni jampi kinah nanging adadipun tiyang jawi limrah. Sami lenggana ing jampi wahu. Saweneh purun anginum. Ananging bilih kraos sakeca kedhik kemawon. Lajeng purun adus. Anjalari lajeng kambuh malih. Mila sanadyan para ingkang dados pabrikan gendhis boten anerjoni mugi enggal kaparingan jawah. Murih anyirnakaken sesakit.

Sarehning samangke sampun kalimrahan manawi serat ing keman boten mawi dipun elak. Namung dipun tutup mawi gom. Mila gampil bikakipun sasampunipun kawaca. Lajeng katutup malih. Boten pisan angrisak ulesi serat. Atrapipun panggenan ingkang dipun egom. Kausar-usaran toya lajeng amoh. Gampil panesetipun.

Menggah nalar makaten wahu. Samangke ing nagari egelan dipun pambengi. Isaratipun namung sakedhik. Serat tikeman wahu ingkang dipun selehi pustaka raja sarta dipun selehi ngalamat. Gegeripun anugela panggenan egom dumados bilih dipun bikak seratanipun tumut risak. Samanten manawi badhe ngalamati kedah angentosi garingipun egom.

Ngayogya

Menggah panyiramipun radinan ageng ing mongsa katiga punika kathah pakiranganipun. Salong dipun temeni salong boten pisan. Saweneh namung dipun damel isarat kemawonmurih katingal teles.

Ngayogyakarta

Wonten priyantun satunggal kalebet wegig ngatasing kapolisen. Punika anglahiraken pamikir. Wonten pasamuwan. Bilih katuran kadi ing tanah gupremenan murih andekeki tenger epal pethak. Ing saurutipun radinan ageng utawi radinan terusan kadamel panggenan panglempaking para tandang bilih wonten gentangan utawi thong-thong. Aturan makaten wahu. Boten amikantuki dereng lami wonten lepeyanipun. Ing dhusun bongkoyan dhistrik cepit dipun kecu. Para tandang sami netepi prentah ngalempak ing panggenan tatenger epal pethak. Murih tampi dhawah saking pangagengipun. Serepipun tiyang bondha ingkang kecu. Boten dipun pikir. Sabab para tandang pamanahipun boten wajib bilih mingsera saking wates wahu. Wekasanipun sareng kecu sampun pikantuk barang amal apanunggilanipun. Tuwin sampun sami kesah. Para tandang nembe dhateng mitulungi. Nanging sampun tanpa damel. Mila kasinggiyan panimbangipun priyantun kang kasebut ngingil wahu. Sok makaten leres surasaning paribasan. Ewah-ewahan makaten dereng kantenan yen angutameni.

Ing dinten salasa ingkang nembe kapengker wanci jam sekawan siang. Ing kampung ledhoksari nyayogyakarta. Angungelaken gentangan. Jalaranipun wonten sawijining tiyang jawi akendhat. Ingkang dados daruna dereng terang.

Pethikan saking kandhane tiyang agung napoleyon bonaparte

Nalika dipun samaraken ing pulo senteledah. Sang prabu sakalangkung anggenira dipun ulat-ulati dening kang pinatah dados guprenur ing pulo senteladah wahu. Boten wonten prakawis sakedhik kakang manggepokan kaliyan sang prabu. Ingkang boten kasumerepan dening gupernur kang nama udsonlo. Dalasan barang sapala ingkang badhe katur sang prabu kedah dipun serepi rumiyin dhateng gupernur. Ing sawijining dinten sang prabu anampeni papan catur saking ingkang garwa kangjeng mariyah luwisah nanging papan catur wahu. Sampun kasumerepan dening gupernur. Dipun titi pariksa boten wonten wadosipun. Suprandene katawengan. Sareng sang prabu anampeni papan catur. Karaos ing manh bilih ing papan catur wahu. Wonten kang ginaib. Mila sarupining pasagen ing papan wahu. Dipun selusur. Wasana wonten satunggal ingkang lolos tumumpang ing pasagen sanes. Panyiptaning narpati boten lepat. Manawi wonten ingkang sinamar. Ing salebeting pasagen wahu isi dalancang. Sareng dipun pendhet teka gambaripun ingkang putra kakang. Ingkang jujuluk prabu ngirum. Gambar dipun prenahaken ing ngarsa dalem sarwi dipun lingling. Sang prabu margiyuh. Surya dalem gumembeng. Lajeng angandika makaten. Heh kulup anakku ger. Sira iku kelangan kabeh. Kaprabon sarta kasugiyanira sirna. Apa turahe. Sareng dangu-dangu meneb sungkawa dalem. Lajeng adhedhawah sarwi anglingling sang narpa sunu gambaripun. Tuwin ngandika. Lah ing saiki kengetan. Ana kang ora encoh sirna. Iya iku asmane wong ngatuwanira kang kasusra mutabar ing ngendi-endi.

Sinten ingkang boten asring-asring miharsa lalampahan utawi kekendalanipun para nata gung agung ing kraton ageng ing ruslan. Wonten ingkang jumeneng narpati biseka nira sang prabu peter. Puniks wonten ingkang munasikani. Dipun anggah sedanipun. Para ingkang ngawoni sami sisingidan. Anggenipun rerembagan ngantos pinten-pinten dalu. Panggenanipun kumpul ing gedhong mawi kapirantosan. Murih sampun ngantos konangan. Samanten sarehning tiyang agung peter pancen prayogi watekanira sarta dipun tresnani saisining nagari abdi dalem sadaya. Mila sang prabu enggal uningani bilih wonten piawon. Sang prabu lajeng animbali abdi dalem mayor satunggal ingkang kenging dipun andelaken ing kasetyanira. Dipun paringi pirsa punapa ingkang sampun kapireng. Jam satengah sawelas dalu dikakaken asdhiya ing panggenan kang sampun kapilih. Sarta angirida wadya bala sawatawis. Ananging lampahipun kakarsakaken sasamaran. Sang prabu mawi anecegaken kagungan dalem jam kaliyan jamipun mayor. Murih sampu ngantos sulaya. Sarehning sang prabu sakalangkung bindu boten saronta. Dumados angrumiyini tindak dalem ijen. Dhateng panggenanipun rerembagan para durjana. Wayah jam sadasa dalu sang prabu sampun tindakan asamudana ameng-ameng. Sareng wonten ing ngajenganing griya gedhong panggenaning para durjana wahu. Aningali tiyang kathah ingkang sami suka suka sarta nginumm anggur. Inggih punika rekanipun kadamel pepaes. Murih sampun ngantos kawangaran. Sang

prabu lajeng amurugi. Para durjana kaget kawastanan bilih sampun wiyak wadosipun. Nagning sang prabu ugi wicaksana. Pangandika dalem asamudana. Ah ora kapenak temen wong dadi ratu. Akeh kang digalih. Mulane banget kepinginingsun. Bisa anyenengaken sarira sawatara. Ingsun aninggal tatanggunganingsun gedhe. Sedya milu abungah bungahing wewengkonira. Mara ingsun mundhut anggur ambyantoni murih regenge kukumpulan. Tindak ulas-ulas makaten wahu. Anjalari saged anyamaraken wados. Para awon sirna sumelangira. Ing ngajeng kagalih manawi sang prabu sampun anguningani durcaranipun. Sang prabu boten pisan anglairaken semu yen duka. Lajeng mundhut anggur malih. Sabab tansah anggenipun angentosi praptanipun mayur sawadya balanipun. Ing batos mayor dipun bendoni sarta kauring-uring. Saksana sang prabu amirengaken tembung makaten. Sedhenge adhi. Lajeng dipunangsuli dhateng kancanipun makaten. Durung mangsane becik dienteni sathithik engkas. Mongka ngantos kaping kalih. Sang prabu boten kakilapan awit sakalangkung anggenira prayitna. Sabab panjenengan dalem ingkang badhe kacidra. Sareng amiyarsakaken tetembungan wangsit kaping tiganipun. Lah punika sang prabu kadarpa amurugi dhateng kang nglahiraken tembung wahu. Sarta dipun pangdikani makaten. Yen sira penemune durung wayahe mungguh ingsun wis sedheng wancine. Ing sanalika kadurjana ingkang kapurugan dipun asta lajeng anjungkel. Para ingkang sami kumpul ing panggenan ngriku sakalangkung kaget sarta gumeter awit kagunturan ing prabawa. Tuwin kawastanan sang prabu sampun sumeta wadya bala nira. Boten dangu mayor sakarerehanipun prapta. Aningali sang prabu sampun kapanggih wonten ing panggenan sarta katingal taksih kurda jaja mawinga-winga. Mayur anyaketi atadhah karsa. Dipun pethukaken dening sang prabu lajeng dipun astani pilinganipun. Mayur sru kaget nanging enggal pirsa ing semu rehning dipun wastani kirang patitis. Mundur sawatawis sarwi angunjukaken erlojinipun mugi kacecegna kaliyan kagungan dalem. Sang prabu animbangi. Kagungan dalem ejam dipun pariksani. Katingal dereng mangsanipun prapta ing griya awon wahu. Enggal sang prabu anglahiraken adilipun. Mayur dipun awe sarta dipun aras bathukipun minongka anyirnakaken kalepatan dalem. Nalar makaten wahu sakalangkung kapanggih ing maksudipun. Mila mayur boten pisan-pisan angsal pamanggih ira.

Saksana sang prabu andhawahaken pangandika. Mayur kinen angepang gedhong panggenan durcara wahu. Mila saged kacakup sadaya isining para awon pinten-pinten boten wonten satunggal ingkang gagal.

Kondhesta.

Tuwan redhaktur

Pinuju kula dhudhah dhudhah paseratan lajeng pinangih suwekan uran-uranipun para sol dhadhu. Kala ing surakarta wonten konggres. Awon nganggur kula damel jojo jojo. Manawi kaleresan kula santuni tembung jawi. Mawi kula rengga ing sekar durma. Manawi kaparangen saha dangan ing panggalih panjenegan mugi tuwan karsa amacak in bra martani kemis ngajeng punika. Amung minongka seselan kemawon supados sampun ngantos kirang pasamuwanipun ing bra martani. Ananging sampun panjenengan poyoki. Kula mindhak kapok. Malah tuwan karsa ha apring pitedah sakalangkung bingah saha panarima kula.

Ing ngandhap puniak kawontenaipun

//payo konca payo padha anglurug prang. Menyang praja ing aceh. Ambedhah kratonya. Mengko wus prapteng mongsa. Kancanira sawidak luwih. Samya pinetak aneng gisikan acih.//kang kapupu aneng madyaneng ngalaga. Kang padha anglabuhi. Karyaning nagara. mwang karyaning narendra. ptine konca nireki. Kudu winales manjer bandhera dhisik.// sadurunge padha bali tanah jawa. Kraton kudu den ambil. Wong acih prawira. Sira yatan kuciwa. Mula samana kalindhih. Karoban marga. Ing mengko mesthi geni.// prajurite wong acih masa gagala. Datan wande ing mangkin sira uinggul ing prang. Ngluhurna lurah ira.ngadela gamanireki. Kaya kang kadya. Kuwajibaning prajurit. // mula bala indiya padha suraka sung pakurmatan maring. Nederlan sri nata. payo ngrampungi padha. Sulaya lawan wong aceh. Den tandangan suraka wanti wanti.//

ing ngarga kumlasa kaping.15.agustus. 1876

Kukila

Kula teka ringkih temen ithik-ithik kapok. Redhaksi angarsa-arsa kadugekna. Ananging tembung. Kudu winales ing nginggil punika. Punapa boten kalintu.

redhkasi

Surakarta

Kagungan dalem bangsal lojen ing siti inggil. Ingkang iring wetan ingkang mentas kabangun ing samangke sampun katingal anjiglag. Sakalangkung cetha angegla. Andadosaken tambah asuka senengipun ing kathah. Amargi ing atasipun para priuyantun ageng saha para aliting saestu sami kadunungan panggalih amrayogekaken bilih karsanipun nagari ingkang makaten wahu. Sanadyan gusti kula ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ugi kagungan cipta salebeting panggalih sakalangkung dahad manadukara punapa ingkang dados unjuk pamrayoginipun papatih dalem. Ingkang kalayan badhe anjalari wimbuh ing rarengganipun karaton dalem ing nagari surakarta adiningrat. Wasana kula sanget akuma purun sumengka dherek mamuji tata karaharjanipun karaton dalem saha lumintuwa ing sapanginggilipun sampun ngatos kirang satunggal punapa.

Punika punapa boten keting kabasakaken katepan ngrageh redi. Redaksi

Surakarta

Nalika kaping 5. Wulan agustus tahun punika. Kula pinuju doaln ing radinan mangkuyudan. Sareng kula noleh mangaler mirsa sabawa tiyang gemeder rubung-rubung. Ungalipun sokur bocah beler. Sareng kula ningali ingkang dipun rubung tiyang kathah. Lare kuthah ludira. Kula pitaken namanipun ing lare pun marida. Watawis umur kawan welas tahun. Dene anggenipun gogobrah rah wahu anjalari dipun cakot ing kethek bangkokan. Mila pun kethek purun nyakot lare. Kethek wahu kacancang ing ngandhap jambu dipun sogoki ing teken dhateng lare kang kacakot punika. Sampun dipun engetaken dhateng tiyang sepuh meksa kimawon. Sareng pun murida ketungkul tanganipun kenging dipun cepeng ing kethek lajeng kacakot kawit epek-epek ngantos dumugi ing pundhak labet pitu tapak untu.

Punika lare beler tur sembroana.

Andadosna kauninganipun mitra karmadongsa. Kula punika sayegtosipun taksih bodho sanget. Dhateng kasusastran sapanunggilanipun. Langkung malih dhateng saserempan utawi nalar ugi taksih kikirangan.

Mongka sampeyan purih batang cangkriman ingkang punika kula dereng mesthi saged. Wondene anggen kula asring tumut ningali bra martani kemawon. Annanging sarehne saking karsa sampeyan naming dados salantaraning pagujengan utawi panjarag kadamel cagak lenggah. Dados ing sasaged saged kula inggih nglaksani.

Sukyarja.

Panjurung wangsukan sawonteniupn

Sarehning wayah kula angger kramadongsa ing samangke sawek karsa mungup-mungup angrentahaken pagujengan sarana rinacik ing cangkriman minongka lambaraning katresnan. Mawi anyampe dhateng pun kaki miwah pun anakmas sukyarja. Inggih punika dangdang gula amung tigang pada. O. leres lepat anjawi parengipun angger sukyarja bilih pangintenira pun kaki jengandika ingkang mijil sangking pamanggih kula tiyang bodho mekaten.

Ing pada pungkasan punika bokmenawi tiyang cina kang ngupados candhu kamagut ing kalen.

Ing pada tengahan bokmenawi palendhungan modhel inggal ing setatenan.

Dene ing pada sekawit puniak prayogi kadamel ngengehan. Margi kula kedah ngangge ujaripun rare alit. Supados saged dipun regeng kadekekan panebus sarta kaumbukaken sekariupn. Supadi dadya ngalamet yan wonten gesehing budi salah juga mugya paringanak sami. De panebus sapada ngandhap punika.

// dhangdhang gula.// oo// anak ayu apurwa sawiji. Uwit jagad pangira suwana. Agodhong mega rumembe. Kang prdapa kukudhung. Uwoh lintang selaga langit. Sekari wulan niyat semi kilat arum. Siniram bu lawan udan. Sinaringan kilat thathit kobar-abir. Oyode banyu ngaras.//oo//
sampun angger punika kemawon pamuji kula mugi angger sageda ambatang sawab badhe boten aming punika.

Katandhan kakijengandika kula. Panaraga.

Sanadyan cangkrimanipun pramanongsa sampun kabatang tiga-tiganipun. Suprandene panjurung ingkang kasebut nginggil punika. Inggih dipub pacak ugi. Awit wonten panebusipun.

Redhaksi

Redaksi tampi panjurung saking ngabehi. Saraba jaya. Suraosipun amumungu dhateng putuniupun ingkang jujuluk sukyarja. Dipun suprih asring-asring angintunaken panjurung. Saba pun eyang remen maos sarta remen dhateng kasusastra.

Radhaksi

Panjurungipun rara jampil boten kapacak. Awit wonten tetembunganipun ingkang kasar. Kakalih dene malih tembung. Masalah. Saemper rara jampil dereng sumerep murudipun.
Panjurungipun brakuthu ingkang sinengklan. Tata. Uwuk. Ngesthi. Wong. Boten kapacak. Awit suraosipun kadi ayebar wiji. Murih wonten kerengan.

Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam

//oo//oo// Pangkur//oo//oo//

//kuneng ganti winursita. Lampahira kang nilib nerpati. Anjujur marga kang samun. Kadya kinoning sukma. Sinung wikan marang jalma kawlasayun. Nihaya kang nora majad. Mring sasamining dumadi.// mangkana wonten sujalma. Langkung miskin tanpa dayaning urip. Kaweken ngingoni sunu. Rarya lit duk sumaga. Suta kalih lan batih rare tetelu. Kang kaprenah kaponakan. Nging tinilar bapa lalis.// katempuh ngenger mring paman. Mongka langip wus tang kedhang-kedhing. Kimiskin dupu kabutuh. Dhedhepa mring tetongga. Akal-akal utang kuldi siki sinung. Mring tetongga ingkang welas. Jangji nicil saben sasi.// punika kuldi kang dadya. Pangupaya buburuh sabeneri. Sakadar pikantukipun. Binukyi lan narima. Kuneng enjing kimiskin kesah buburuh. Tan kari lan kuldinira.kimiskin duk aneng margi.// anggrahita arsa mentar. Marang jawi kitha kang ragi tebih. Kang supaya nira antuk. Buburuhan ragi kathah. Ywan oanuju bisa luwih takeripun. Kinarya tumbas sandhangan. Ing reh wus sami balindhis.// akenceng pikiring nala. Linaksanan laksana sampun mijil. Sangking kitha lampahipun. Dupu anta tebih. Sanalika wonten jalma kang kapethuk. Mung sawiji busana endah. Nyuriga anjarespati.// duk kapethuk ponang jalma. Sigra ngucap eh kuldi nira iki. Ingsun sewa yen saarju. Rehning manira sayah. Aun tunggangara terna mring wisma ningsun. Nora doh mung rong ngunjotan. Sepira bayare pasthi.// sun tikeli sira paman. Yata ingkang darbe kuldi miharsi. Asuka dalem mring kalbu. Sigra mojar sumongga. Ri saksana kuldi tinunggangan sampun. Kang darbe nut wuri lampah. Ing antara sampun tebih.// ngambah marga singub gawat. Datan ana jalma kang liwat siji. Yata sang jalma balithuk. Punika wong durjana. Pethuk kampak ambebegal ngapus-apus. Sang dursila sigra mojar. Heh wruhanta ing saiki.// tibane anta nira. Icipana rsane kanjar mami. Yata miharsa ki buruh. Gumeter dherodhogan. Sigra ngucap ngrarep adhuh anak bagus. Bok sampun akarya pejah. Kula punika wonhg miskin.// buburh awit kawratan. Angingoni mring suta alit alit. Supami kawula lampus. Sinten kang ngingonana. Dhateng lare kang sami kawlasayun. Dhuh amung badan kawula. Ki bagus anedha alim.// ki balithuk asru ngucap. Nora kena sira anjaluk alim. Sabab wus karemaningsun. Mangkene lakuning pang. Jalma buruh miyarsa biyas ulatipun. Nunutuh daleming driya. Mring lampah ingkang kasilib.// ki buruh nangis mamela. Dhuh dhuh bagus paringa nedha urip. Yen menggah kuldi punika. Karsa andika alap. Gih sumongga naming sampun karya lampus. Ki balithuk ngucap sugala. Kuldimu pesthi sun ambil.// sira tan wurung palastra. Ingsun karya jajalan kanjar iki. Yasan anyar ayun weruh. Ki pethut mudhun sigra.

Cacaketan sarwi nari kanjaripun. Ki buruh gumeter ngucap. Dhuh sakedhap dika anti.// kula ngabekti mring sukma. Yun palastra manggiya marga sugci. Yata ki pethut sarju. Ki buruh gya sembahyang. Dupi muji gugur ilate katekuk. Sruning maras lan kelingan. Welasing mring rayat siwi.// yata duk lagya mangkana. Katali kajeng Sultan mudha pramti. Dilalah kadya panuju. Lampahira kesasar. Prabu anom abdolah tahir duk dulu. Mring jalma roro wus nyana. Yen dursilarsa mateni.// kuda nira gya kinetab. Narik pedhang prabu ngabdolah tahir. Ing ngikal meh tibaningpun. Mring pethuting durjana. Engeting tyas ingsun panjengan ratu. Mateni kurang pariksa. Lawan nora adurahi.// tetep yen kurang utama. Loking jana durung prawireng jurit. Mateni wong lagi mungkur. Yata ngendelken pedhang. Angandika heh dursila nora patut. Sira satruning negara. Lah sangganen pedhang mami. // sira jalma ngendi baya. Meksih bocah warnanira apekik. Sira arsa medhang mringsun. Wus pasthi sira ludas. Dening sun adyane ono sepuluh. Ingkang kaya sira uga. Mongsa kewrana awak mami.// amateni marang sira. Prabu anom sigra denyauri. Payo tekakna den gupuh. Ingsun tan seja oncat. Pethut kampak sigra ngikal kanjar tempuh. Prabu anom duk jinangkah. Ing kanjar agya marengi.// tangane sinabet pedhang. Kena pagas kanjar tumibeng siti. Ki pethuk tangane buntung. Kikicir lumba-lumba. Prabu anom ngingerken turangganipun. Ki pethut sinabet pedhang. Rantas gulu tigas pacing.// gumlundhung endhase tiga. Kapisanan ki pethut wus ngemasi. Duk lagya semana nuju. Ki jaka islar prapta. Nyunggi tenong nyangking kendhi ngindhit sumbul jaka islar ebat mulat. Printingkah kang mangun jurit.// jaka islar wus anyana. Yen kang nitih kuda narendra siwi. Katareng cahya sumunu. Ki islar seleh sigra. Tenong sumbul agya nembah lan umatur. Pukulun sang narpa putra. Kawula puniki abdi.// ing rama paduka sultan ibnu atlam bulkiyah sri Ibrahim. Dhuh gusti hamba ing ngutus. Ing rama jeng paduka. kinen marek dhateng paduka pukulun. Yata sang prabu taruna. Wahu kalane miharsi.// kumenyut daleming driya. Cipta tuhu yen duta ning rama jiki islar dinuk ing semu. Dhapur gagah sembada. Prabu anom aris pangandikapun. Sira dutane jeng rama. Dene sira wruh mring mami.// sapa kang tuduh mring sira. Dene nusul angambah marga sepi. Ki islar nembah umatur. Gusti rama paduka. kang atedah dhumateng hamba pukulun. Punika hamba binektan. Dhadharan saking pun bibi.// sasegah dhateng paduka. prabu anom saya ngungun ing galih. Dene lintang elokipun. Ing tingkahe kang rama. Prabu anom sigra denira tumurun saking kuda nulya lenggah. Munggeng sor wreksanga ubi. // turongga sampun cinancang. Mring ki islar. Yata ki janma miskin nguni kang ngarsa linampus. Mring pethur kang dursila. Duk uninga mring pratingkah kang tutulung. Marek nembah lan karuna. Srubirat wardaya ningkin.//

taksih wonten candhakipun.
Raden panji parta kusuma.

Tuwan lingkring ing surakarta asade lot lotere iyatra ing surakarta..
regi satunggal lot. 15. Rupiyah.

(51)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget.
Papan tumpukan kajeng ing timuran

Ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi pagebaki lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se e pinter
Sekrataris

(48)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.
Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.
Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.
Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.
Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni
Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni
Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

(5)

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk.

(4)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 34 Kemis kaping .24. agustus 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Putranipun jaler kanjeng pangeran arya suryaningrat patutan saking wanudya ing menadho. Kirang langkung umur 25. Tahun. Samangke sowan tutuwi ing sanak kadangipun ing surakarta. Ingkang kajujug sadherekipun sepuh kangjeng pangeran mayor kapaleri arya cakranagara. Sedyanipun putra sabrang wahu badhe anyuwita ingkang sinuwun kangjeng susuhunan.

Ing dinten punika salasa tanggal kaping 22. Agustus wanci enjing ing loji ageng surkarta. Panuju apel wonten saradhadhu welandi kakalih wedalan prasman ingkang kirang. Lajeng dipun upadosi boten kapanggih. Wasana jagang ingkang ngubengi biting dipun utahaken toyanipun. Tan antara katingal jisimipun saradhadhu kakalih ingkang ical wahu. Jalaraning anyupet jiwa boten wonten ingkang aneges. Nanging terang bilih tiyang wahu kawuron anggenira kadugen nginum janewer.

Dereng dangu krama semita tiyang dhusun pakonan surakarta. Gadhah damel amanggihaken anakipun estri. Tiyang jawi anama kariyadi krama dipun suruhi. Sareng sampun kapara dalu kariyadikrama badhe mantuk. Sawek kemawon medal saking panggenan dhuwungipun kasebrot lajeng dipun tututi ngantos agelut. Pun dursila saged anyebrak dhuwungipun katandukaken dhateng ingkang gadhah ngantos labet kalih welas. Saksana anakipun jaler kariyadikrama sami anulungi. Sahingga saged ngrebat dhuwung wahu. Lajeng gentos dipun sarungaken dhateng durjana. Nunten katututan dening kreta wijaya sarwi bekta penthung. Dipun dhawahaken dhateng pun durjana lajeng mengkrad. Sareng katiti pariksa terang bilih pethut ing adhon pun sura pawira. Dene sadhatengipun polisi pun kariyadikrama kepanggih sampun ngamasi.

Nalika tanggal kaping.12. agustus wanci jam 9 dalu. Ing pabrik gendhis gondhang winangun bawah klathen. Wonten cilaka. Satunggaling kuli panuju anyambut damel kapleset dhawah ing kupinganing jinontra ingkang panuju mubeng. Kuli wahu lajeng kemawon kapisanan. Jalaraning kapleset wahu boten terang. Punapa saking tuna pangatos atos punapa saking pandleyaning kang bilahi wahu.

Ing pabrik wana sari bawah karta sura. Wonten kuli satunggal anama kreta semita. Bilahi kenging kilang benter. Margi panuju amikul kilang kabekta dhateng panggenan sanes. Lajeng kepleset kaesiraman kilang benter kenging dhadha utawi gulunipun. Sakalangkung antebing tatu. Nanging kenging dipun ajeng-ajeng mantunipun.

Nalika tanggal kaping. 7. Agustus embok irasana. Celaking plundhungan bilahi kaplindhes ing kreta latu. Bok menawi boten saged gesang. Jalaran saking kirang pangatos-atosipun.

Dereng dangu raden ayu adipati sepuh arya danuningrat mangkat sangking semarang numpak bahita latu dhateng betawi. Badhe lajeng dhateng sinapura nunten dhateng mekah minggah khaji. Ingkang dherekaken dhateng pabeyan ing semarang. Para priyantun kathah sasemahipun.

Ngayogya ping. 11. Agustus enjing punika wonten priyantun satunggal kapara asal dipun irid dening litnan paku alaman satunggal kabekta sowan ing ngarsa ningrat residhensi. Marga kadakwa kanggenan apwun peteng. Putusaning radresidensi. Juru sasikuh dipun dipun kunjara sawulan laminipun sarta dipun dhendha sewu rupiyah.

Dereng dangu ing betawi wonten gandhek dhateng. Utusanipun para ratu ing sali. Sami sowan caos bekti ing ngarsa ning kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral. Mawi dipun kormati kadi adat. Sareng tanggal kaping. 15. Wulan punika. Para gandhek anuweni gedhong pangecapan ung betawi.kadherekaken dhateng seremoni mister jawi.

Tuwan ka. Ole priyantun pinardikengrat. Amarsudi mutabaring pamong tani. Ingkang sampun kathah anggenira mitedahaken ngatasing pananeming pantun. Punika samangke dipun waoni pamanggih ira. Dening tuwan oman ing surapringga. Kawastanan manawi pamanggih wahu boten awawato kawruh satuhu. Mawi kawijang-wijang ingkang leres sarta ingkang kalintu. Sarehning piwulangipun tuwan ole kapara sampun kathah paedahipun. Tuwin tuwan oman saemper ugi kathah seserepanipun bab pananeming pantun. Mila pamujining para tiyang. Mugi-mugi priyantun wenggig kakalih wahu. Sami saeka kapti anggonda maru bratanya. Murih amewahi pahasilan.

Dereng dangu serat kabar ing betawi anyariyosaken wati ingkang ageng paedahipun. Inggih punika manawi kangjeng pangeran afipati arya mangkunagara. Angewahi karsanipun ing ngajeng. Boten anarjoni angangsuraken panebasipun kagunganira siti dhusun dhateng para tuwan-tuwan. Ing mangke amarengaken. Dene anggen kula amastani kabar ageng wahu. Teka awit lepat ing kapitunaning para ingkang amajegi siti dhusun punika boten pisan. Sayektosipun mila kawastanan kabar ageng. Saba manawi kangjeng pangeran meksa boten angewahana anggenipun lenggan angangsuraken. Badhe anjalari dados tutuladan sarta badhe anyumelangi sagedipun anglajengaken pamong tani ingkang katindakaken dening par tuwan. Dene atrapipun kangjeng pangeran adipati ngantos angewahi karsa wahu boten anunggil. Saweneh mastani makaten saweneh mastani mekaten. Ananging ingkang kenging dipun ugemi bilih punika. Awit saking panyuluhipun kangjeng tuwan residhen ing surakarta. Ingkang katindakaken mawi tandak tanduk prayogi. Anjalari para ratu karsa ambyantoni. Manawi kagalih badhe andadosaken karaharjaning praja nira.

Lokomotif angabaraken bilih durjana ingkang mejahi cina gwok nyok samangke sampun kapanggih. Sasampuning aju jaksa mas cakra dipura nalika ing dinten setu kang sampun kapengker. Aniti pariksa pagriyanipun cina pun cong san ing kampung patudhungan. Ing ngriku aningali labeting rah ing siti utawi ing tembok tuwin ing patileman. Wasana sareng amyarsa kabar. Bilih cina wahu rikala enjing sasampunipun wonten raja pejah. Kesah numpak sepur dhateng ngambarawi terus dhateng sumawana bawah temanggung. Ajungjak sawahu enggal mangkat dhateng ngambarawi. Saking ngriku dipun sarengi wadana kabujeng dugi ing sumawana tanpa leprep. Ing ngriku cina cong san lajeng kacepeng. Dipun bekta dhateng semawis. Kalebetaken ing kunjara. Pakabaran cina cong san wahu. Kalebet sanak kaliyan sawijining cina. Asingidan ing pagriyanipun. Saking ngriku anggenira miruda. Kuneng mas ajungjak sa cakra dipura. Dipun alembana wiwekanipun ing prakawis punika. Sasampuning wangsul saking ambarawi. Lajeng mas cakra dipura dhateng pacinan aniti pariksa pagriyanipun cina anama soh sumbing. Lajeng cina wahu dipun cepeng. Margi dhawah ing panggrayangan tumut angrencangi rajapati.

Dereng lami ing kitha gung londhon panuju wonten kumidhi salebeting bale ingkang jejel tiyang. Wonten jajaka satunggal pejah kapenyet saking kathah ingkang sami ningali kumidhi. Saksana

wonten tiyang kapara sepuh amangangge. Punika angurebi layoning jajaka. Sarwi asesambat. Dhuh anakku ger dene teka kasangsaran. Ingkang myarsa lajeng sami biyak karaos memelas layon lajeng dipun bopong mantuk.
Wasana enjingipun malih. Ing sawarnining serat kabar. Wonten undhangipun priyagung loret.
M. ingkang saklangkung sugihipun. Suraosing undhang wahu. Para tiyang kapurih andedahaken panggenanipun jisiming ingkang putra. Kang pejah wingi dalu salebting kumidhi. Dalunipun ing serat kabar sampun wonten pitedah ing dhokter. Bilih piyambakipun tumbas jisim ingkang badhe kangge ing ngilmu anatomi. Tegesipun kawruh menggah perang-peranging badan sadaya. Dhokter wahu tan lenggana amasrahaken jisim wahu. Trimah wangsuli yatra. 72. Rupiyah. Nanging priyagung loret asuprih angesahaken manawi yektos wajib. Kadadosanipun lajeng kabayar. Terangipun tiyang ingkang ngaken –aken kadi bapa. Saestu nipun durjana. Pamcen sampun damelipun awade jisim. Kang mongka jisimipun jajaka wahu. Kathah kandhutanipun wang kertas. Dipun pendheti lajeng enggal anyewa kreta. Jisim dipun balejedi. Lajeng dipun sade dhateng dhokter pikantuk yatra. 72. Rupiyah.

Serat kabar dheporstelandhen angabaraken makaten limrah tiyang jawi ingkang kapara cekap giris manawi manggepok kaliyan griya setat preban ing samawis. Pagenan amulasara tiyang ingkang nandhang sakit. Jalaran saking kirang prayoginipun gedhong wahu. Ngantos kasub ing pundi pundi sarana dipun kabaraken salebetipun serat wawarti.
Wasana sakalangkung andadosaken sukarenaning manh kula. Awit saged angyektosi. Bilih pranatan kang boten prayogi wahu ing mangke sigeg tuwin pamulasaraning para dhokter kang kapatah anyambut kardi ing gedhong wahu. Boten sanes astitinipun kaliyan ing salebeting rumah sakit. Ing ngandhap punika lelepiyanipun.
Wonten satunggaling bekel dhusun jaganalan anama dipasentika. Umur. 65. Tahun. Punika sampun nem tahun anggenira buwanan boten pisan saged aningali lajeng dipun bekta tuwan ingkang majegi siti dhusun dhateng semarang. Dipun pasrahaken ing tuwan dhokter aren saniyus. Kaaturan aniti pariksa. Dhawahipun dhokter. Tiyang wahu saged mantun anggenipun wuta. Ananging kedah dipun bedhel maripatipun. Pun di pa santika pasrah jiwangga. Lajeng dipun tandangi ing dhokter rahajeng saged waluya malih. Pun dipa sentika edah angentosi ing gedhong pamulasara ngantos sawatawis dinten angresikaken mantunipun. Salajengipun mantun babar pisan samangke sampun wangsul malih dhateng jaganalan ing surakarta.
Sapinten suka bingah tuwin gumunipun para gotrahipun. Sareng ningali pun dipa sentika samangke saged saras ing mongka ngajeng sampun nem tahun anggenipun wuta. Malah ing mangke saged amaos serat ingkang dipun umugaken ing sadinten dinten ing dhusun jaganalan tan liyan mung tindak ing pamulasaraning para sakit ing gedhong wahu kang kaliyan asih tresna. Dumados tiyanga ing kiwa tengening jaganalan. Manawi wonten prelunipun bingah sanget yen dipun pulasara ing gedhong setat perban ing samawis. Mila ing samangke sasat sampun jangkep pamarsudining nagari. Ing sarehning boten sok tiyanga sumerep utawi wanuh kaliyan pun dipa sentika. Mila pamanah kula badhe amradinaken sarana serat pawarti ingkang mugi redhaksining serat bra martani lajeng purun anyangkok kapacak ing serat kabar wahu.

Katandhan ye.

Surakarta

Ing samagke radinan ageng ingkang katingal singlo mwnawi wanci dalu. Inggo-inggokan radinan ing mesen ingkang sapangetan punika menawi pinuju petengan sakalangkung samar tiyang lumampah ing ngriku. Mongka awit pukul pitu dumugi pukul setengah sawelas teksih kathah tiyang langkung ing ngriku. Awit tiyang wade rumput ingkang sangking sawetan benawi ajeg anggenipun mantuk dalu. Ingkang punika saupami kangjeng parentah ageng karsa amitulungi paring dilah lentera. Saiba suka bingahipun tiyang alit ingkang sami lumampah ngupados upajiwa. Anjawi ingkang punika menawi wonten dilahipun kadursilan ragi wonten kamayaranipun. Kabar rumiyin kathah tiyang dipun sebrot iketipun wonten ing ngriku.

Katandhan pun mugi-mugi.

Surakarta

Ing nalika malem rebo angrintenaken tanggal kaping. 16. Agustus tahun punika. Ing radinan saleripun peken kliwon. Wanci jam sedasa dalu wonten kemreseg. Kabar wonten bongsa pingul soldhat. Lumampah saking kidul mengaler. Anaming suldhat wahu mendem sanget ketawis lampahipun keloyoran. Ingkang mongka tanpa rencang sareng dumugi ing wetan sekolahan suldhat wahu lajeng dipun bebeda ing gentho setunggil sami setunggil. Wetawis pun gentho sembrana pari kina. Reh ning sumerep yen mendem. Sareng badhe gogoh-gogoh kanthongan rasukan lajeng dipun sampluk sarta badhe dipun uleng dhateng suldhat kang mendem wahu. Pun gentho lumajeng nusup-nusup dhateng pagriyan. Lajeng ical boten kantenan. Ing wusana tiyang kang gegriya wonten ing pinggir radinan sami kesusahan menawi wonten mekaten punika. Saba mawi ngembet embet.

Pun gumun.

Nalika malam selasa tanggal kaping.1. ruwah jimawal punika. Ing riya mataraman surakarta wonten pasamuwan. Rinenggan ing para pangeran sarta darah liyanipun tuwin paraupsir sawatawis sarta para mitranipun tuwan tuwan ingkang kagungan dalem. Manawi boten kalintu dununging pista wahu. Amilujengi tumedhaking siti putra sasiki. Sasampunipun prapta para ingkang sinuruhan lajeng sami amapan salong kasukan kertu. Saweneh agigineman asuka-suka. Kathah para santana dalem ingkang mapan kakarsakaken angguyubi. Wonten ingakng mradongga salong sumawis badhe angura-ura. Saksana lajeng beksa dhadhap kanoman gendhing rangsang. Pathet nem. Para digbya sakawan ingkang sami nglahiraken kawasisan malah manawi boten lepat putra dalem satunggal anama pangeran cakraningrat dherek ambeksa.

Sasampunipun lerep sawatawis lajeng para ingkang kadunungan mutada. Sami anyekar ageng suka rena. Lampah. 22. Pedhotipun. 8. 7.7. uran-uranipun ing ngandhap punika.

Mamrih dadya. Suka rena. Sanggyaning. Pra satriya. Rengen kidung. Lahela. Winor lawa. Nraras sira.

Pradongga sri kawuryan kadi angayam-ayam lumuntur. Rira kang sada. Ngapinardi. Srih widada kasidane. Parasca. Sanityas.pinardawa. yayah lir. Asmarengtyas. Marmangsung. Raras mala.

Kendel sakedhap lajeng beksa topeng (boten kengetan gendhingiupun). Pathet nem. Sujana sakawan ingkang ami beksa. Sang narendra siwi pangeran arya mataram dherek ambyantoni. Salajengipun mawi jemparing putra nata bratan kakalih. Manawi boten kalintu gendhingipun. Gonjang-ganjing sadalu boten wonteng ingkang dipun raos namung kawiryan jawi. Ingkang sami putusing gendhing kapesthekaken sakalangkung karenanipun bilih amyarsakaken mirengan makaten.

Wasana ing ngandhap punika surasaning panembrama sekar kinanthi. Pangidungipun tinumraping gongsa katawang raras maya pathet barang.

// kinanthi purwaning kidung. Kudangan supadya dadi. Uluntur kang oanembrama. Paduka rawuh ing ngriki. Kaka sang narendra putra. Pukulun jeng pangran kalih.

// tuwin salung tamu-tamu. Kang pupul aneng panti. Dahating panuwun hamba. Paja paywa walang kalih. Den samya suka pirena. Sampun sba sita sami.

// ing sakadar ulun sekung. Ngrarengga langeningaksi. Beksa kalawan kasukan. Mawang sekar dhawah ing gendhing. Minongka pangabi wada. Paran kaprenging kapti.

// sumawana ululn atur. Saking drenging tyas ngastuti. Maring hyang kang maha mulya. Maring ngayu waneng dhiri. Ginanjara dirga yuswa. Kadugena ing sakapti.

// puwara sabda winantu. Pamiluta mamat sih. Lamau katan yogya. Pamboja kramamba yogi. Pangeran arya mataram. Tarlen minta pangaksami.

// itih panembanging timbang. Kang binarung ing senggani. Ping tri dasa ing risoma. Rejeb jimawal kang warsi isaka nira kalima. Ruhur sariraning aji.//

sareng jam satengah satunggal para tamu sami mundur. Salong wonten ingkang nglajengaken genira kasukan setoter. Sarta main bolah.

Panjurung

Anyatakaken bodho punika andhatengaken

Ladak

Sabanipun pandhita bodho punika anuwuhaken ladak. Bilih satunggaling manungsa boten sumerep pasilan tuwin kawruhipun sanes. Masthi anginten luhur sarta edi piyambaking dalem duga punika.

Inggih punika tandhanipun nalika tiyang cina nembe sarawungan akaliyan tiyang bongsa kulit pethak. Sabarang damelanipun tiyang pethak dipun asoraken saha nyipta boten animbangi endahing sabarang pakaryanipun. Ananging sareng tiyang cina dipun sukani erloji dening bongsa kulit pethak nalikanipun erloji wahu kendel boten lumampah tiyang cina kawedal basanipun mangkaten. Erloji iki wis mati becik didol tuku maneh siji kang urip.

Makaten malih saking panarkanipun tiyang ing bahda nalika rumiyin tanah eropah punika langkung alit kados nungswa boten kadunungan wana tuwin boten wonten asilipun wicantenipun tiyang bahdad. Ya geneya yeng ing tanah eropah ana asile. Dene para sudagar ing kana padha dilakoni teka marang ing bahdad sumedya kulak barang dagangan.

Langkung malih bodho miwah ladakipun tiyang malatu.awicanten makaten. Pulo perca ora kena diubengi dening wong kalawan prahu kapal. Jalaran saka gedhene.

Mila sareng dipun cariyosi yen jagad punika sampun nate dipun ubengi kajajah tepung sarana isarat bahita kapal. Tiyang malayu lajeng wicanten. Ambuwi. Kapriye goroh. Manawa puloku ora kena diubengi wong kalawan prahu kapal. Jagad maneh yen kena adi ubengi.

Sangsaya ladak malih. Nalika jaman kina. Ing nagari ingggris wonten satunggaling mantri. Dinuta dening ratu gustinipun dhateng ing tanah siyam. Sareng mantri cundaka dumugi ing tanah siyam lajeng sowan ing ngarsa dalem sang prabu. Sumedya angaturaken bab lampah-lampahing padaganganipun tiyang nagari inggris akaliyan ing tanah siyam. Saha angaturaken wawadosipun ing tanah eropah sadaya. Tuwin angaturaken prakawis aneh-anehing kang kalampahan ing nagari nipun inggris. Aturipun mantri cundaka. Kawula nuwun gusti. Bilih panuju masa asrep toya ing lepen-lepen sarta ing kulah salebetipun nagari kula inggris sami jendhel dados toya beku atos kados sela. Ngantos kenging kaambah dening kareta kapal tuwin manungsa. Saega daratan. Sareng sang prabu siyam amirengaken atur cariyosipun mantri cundaka lajeng angandika mangkaten. He mantri. Kandhamu iku nglengkara banget. Andadekake eraming panggalih ingsun. Kapriye sababe dene banyu teka jendel atos kadi watu. Kali-kalining karajanku ora tahu jendhel kapriye maneh yen banyu liya-liyaning nagara ing ngalam dunya iki padha jendhel kabeh. Aturmu iku nyata goroh. Ingsun ora pisan pisan karsa anggugu sarta ingsun suthik anampani wong goroh. Luwih becik kowe ingsun tundhung mulih. Sareng mantri cundaka kadhawuhan pangandika dalem sang prabu siyam mangkaten lajeng enggal luwengser. Wangsul layar dhateng nagarinipun.

Bilih tuwan redhkatur karsa macak panjurung kula punika tumrap wontening bra martani. Kula badhe manjurung malih.

Katandhan S. P. N.

Panjurung

Kula maos serat bra martani ongka. 33. Ingkang medal kemis kaping. 17. Agustus punika ing ngriku wonten wawarah ing jampi sasakit ingkang taksih kalampahan sapunika. Sarehning panampining manah kula dereng patosa terang manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur mugi aparinga katrangan supados sampun ngaping kalih damel anggen kula badhe anglampahi. Kadosta asem ingkang dipun bubur wahu punapa ingkang taksih kulitipun punapa kenging ingkang sampun oncekan kemawon. Makaten pambuburi ngasem wahu punapa boten mawi aben punapa-punapa. Amila kula kamipurun anyuwun katrangan amargi anggen kula sakit sampun.4. wulan punika dereng saged saras bubar pisan. Punapa malih batih kula tiyang sagriya ugi gentos kemawon ingkang kadhatengan sasakit wahu. Mila ngantos lami anggen kula boten saged nyaosi urud panjurung punapa-punapa.

Katandhan. Open.

Asem wahu ingkang prayogi inggih ingkang mentas dipun onceki. Sarta ingkang mateng. Dene pambuburipun sangsaya prayogi dipun wowori gendhis aren sawatawis. Wasana redhaksi manadukara. Mitra open sageda enggal mantun tuwin estu dhangan. Pelif.

Serat panjurung saking kramadongsa ing surakarta. Dunungipun saking sugyarja. Boten kapacak sabab tingalipun badhe kerengan kemawon. Mila redhaksi gumun sanget. Kados kramadongsa anggenipun makaten margi saking kikirangan damel. Mila boten liya ingkang dipun manah. Namung badhe tangledan. Manah saemper anggenira kiter ing pabarataning bra martani. Yeng kenging amethukna mengsah. Manawi makaten etukipun murih kawastanan jangkep ngatasing mutada. Aluwung dipun singkiri. Kuneng lelampahan kang makaten. Redhaksi owel sanget. Dene kramadongsa taksih taruna. Nanging kapara langgug.

Redhaksi.

Panjurunging nagari Surakarta

Sasampuning atru taklim kula. Ingkan kathah-kathah. Sayogi sumaos panjenenganipun embah. Ingkang jujuluk. Kyahi panaraga. Nuwun awiyosipun bah. Boten awit saking atur punapa. Sampun antawis lami anggen kula ngancang-ngancangi. Badhe nyuwun saserepan dhateng panjenengan sampeyan bah. Amung tansah kesaru ing pakaryan prelu. Ing ngatasipun sak kula. Samangke nya kin meteg pandedelipun ing sedya. Mila kaleksanan tumrap wontening pustaka warti. Margi saben-saben kula medhanget. Tansah andadosaken bingungipun manah kula. Ing ngatasipun tiyang cobolo. Gih punika dongeng amung kalih pada. Ing ngandhap punika kawontenanipun.

// sinom. // wonten wanodya yu edah. Kamje asrameng beji. Kampuh gadhung sri rineda. Gadanira marbut minging. Sang kakung lon marpegi. Cinandhak sarwi anggarut. Wetis kenging gumebyar. Sang kakung sru anungkemi. Sampun lesah sarira sumunggeng karsa. // wonten wanodya yu edah. Wismane teng leng jaladri. Saben-saben yen akrama. Tansah winayuh ing laki. Ngrabeni padha sayegti tan ana ayun. Supradene punika yen pinisah marang laki. Sakeh maru ing ngewanan marang priya.// I //.

Lo. Bah. Ingkang mangkaten punika. Sangking atur panuwun kula. Bilih adadosaken cadhong. Dhanganging penggalih. Saha kapinuju sela ing damel. Panjenenganipun bah. Mugiha karsa aparing saserepan ngatasing nginggil punika wahu. Kados pundi batanganipun. Utawi ingkang nganggit sapisan sinten. Amung sangking atur panuwun kula. Sadaya para prayagung sarjana. Tuwin panjenenganipun embah kyahi panaraga. Mugi sampun sami angwinihaken ing duka cipta. Awit sangking saseratan kula. Wasana amung punika atur kula. Sumaga kagaliya.

Kaping. 10 agustus. 1876. Kula wayah sampeyan ingkang dhedhukuh. Salering. Cahudan. Pun rara. Jowa.

Panjurung inggil punika tanpa dipun ewahi. Ananging redhaksi asung rembag dhateng rara jowa. Prayogi agugu lang lengggah ing aksara. Saderengipun amedali ing pabarataning bra martani.

Radhaksi.

Punika candakipun cariyos nawawi
Lalampahipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// Smara dana//oo//oo//

// ki buruh asru manangais. Sumujud munggeng bantala. Tangi mangrepa ature. Dhuh gusti sinten paduka. dene maksih taruna. Tutulung mring kawlas ayun. Kawula boten anyana. // lamun gesanga samangkin. Punapa wawalaes hamba. Dhateng gusti nah ing angger. De hamba miskin kalintang. Yata sang raja putra. Aris pangandikanipun. Heh ta paman wruhanira.// yen mungguh pitulung mami. Mring sira pakoning suksma. Dumadak kudu marene. Weruhing sasolahira. Jer ingsun kewajiban. Lah pagene sira iku. Wani ngambah marga gawat.// ki buruh matur wonte saring. Angaturaken mula buka. Wit pamurih mring ngindhake. Wedaling kuldi punika. Yen

langkung sangking tadhah. Dadosa patumbasipun. Inggih pisalining wastra..// sang prabu ngandika aris. Pagene tan matur sira. Mring juru gedhong sang katong. Yekti sira pinaringan. Lamu kongsi katura. Ki buruh nembah umatur. Reh kumpralangkung jrih ira. // ki islar dupi miharsi. Sabdanya sang narpa putra. Langkung dening pangungune. Dene sang narendra putra. Wus mirutameng tingkah. Lan wus katon tandhanipun.lamun prawira ing yuda. // lamu dinulu ing wanci. Dereng pantes ayiyasa. Kuneng malih winiraos. Wonten tunggiling dursila. Titiga kathah ira. Mentas amemandung dalu. Antuk arta sagendhengan.// dursila tri dupi prapti. Umiyat bangkeneng rowang. Kang pegat utamanggene. Labet pinarwaseng padheng. Jalma tri pun dirangan. Puniku wong sanakipun. Dhasare tunggil pakarya.// yata dursila unani. Lamun ngisoring mandira. Wonten jalma kadi reren. Lan wonten cancangan kuda. Busananira endah. Miwah kang sami alungguh. Busanane sarwa pelak. // jalma juti siki angling. Iku kang mateni baya. Marang kadang ingsun kiye. Layah yen ora matiya. Ujer denebut tiga. Lah kapriye konca bakur. Apata nora malesa. // rowang nya agya nahuri. Abecik winales uga. Padha telu wus kamake. Mongsa ta dadak kalaha. Iku kang siji bocah. Kang siji buruh nyethuthuk. Payo padha tinarajang. // kapindhone oleh misil. Kuldi kuda lan sandhangan. Yata wus rempeg rembuge. Dursila seleh gendhongan. Cawet lan narik pedhang. Yata ki islar andulu. Yen wonten jalma dursila. // arsa anambuh ing jurit. Umangsah tanpa subawa. Rakite kadya ngalimpe. Ki islar sigra malumpat. Trengginas narik pedhang. Jalma tri pinegat ngayun. Ki islar sarya sru ngucap. // heh baya sira wong juti. Cacawedan narik pedhang. Lah baya sira tunggale. Jalma kang gulune pagas. Dursila sgra ngucap. Iya iku sanak ingsun. Baya sira kang anglunas.// marang kadang ingsun iki. Lah ing mengko rasakena. Endhasmu genti sud pothol. Sun juju wing wangkenira. Ki islar sigra ngucap. Payo tekakna den gupuh. Dhasar ingsun kang anglunas. // jalma dursila miharsi. Kat gada sareng tumandang. Jaka islar kinaroyok. Kinupeng denebut tiga. Sareng nibani pedhang. Ki islar malumpat gupuh. Sumebaut saengga kilat. // arikat tatag tarampil. Tan kepra denebut tiga. Pinedhang tan kasarempet. Pinarbutan kering kanan. Sebrang sebrung malumpat. Yen pinapak mangsah pagut. Atajem nadhahi pedhang. // sinabet agya manangkis. Tan kongsi tumibeng ngongga. Jalma tri sami talerdhor. Kasoran kadira nira. Yata narendra putra. Waskithane nira dulu. Mring tandangnya jaka islar. // mangalem daleming galih. Wong iku tuhu prawira. Layak kinathik mringh rama. Bya kaprenah apa. Mring si ibu anyar iku. Saksana sang raja putra.// kudanya wus den titihi. Sumeja tutulunging prang. Sampun tinarik pedhange. Ki jaka islar uninga. Lamun sang raja putra. Karsa nira atutulung. Agya denira mangrupak. // sereng seseg amungkasi. Juti siki pinarwasa. Ing pedhang tugel gulune. Aniba sampun palastra. Kang kalih sareng mangsah. Ki islar panggah tan keguh. Pinaringan pamedhangnya. // juti kalih tigas pacing. Dasya tiga sareng pejah. Sami gumlundhung murdane. Sang narpa putra tuminghal. Sakalangkung ngebat. Mring ki islar dibyanipun. Wus cinathet daleminf tyas.// sumedya kinarya kanthi. Daiya lajering praja. Yen pareng rama sang katong. Mangkana ki jaka islar. Agya mareg sumembah. Marang ing narpa sunu. Narendra putra tumedhak. // saking ing luhur turanggi. Mangsug mring ngingsor mandira. Ki islar nancang kudane. Raja putra wus nya lenggah. Aris denya ngandika. He ta paman basaningsun. Sireku kaprenah apa. // mring jeng ibu anyar iki. Ki islar matur anembah. Pukulun hamba kadange. Mring pun bibi kang kagarwa. Dening rama paduka. hamaba anembah leresipun. Ngandika sang raja putra.// heh paman tetanya mami. Paran kamulane baya. Panggihe jeng rama katong. Lawan jeng ibu taruna. Ki islar matur nembah. Dhuh angger mangke sapangu. Hamba ngaturaken pratingkah. // padhuka dhahar rumiyin. Punika sasegah ira. Pun bibi mring gusti angger. Kalawan dhahar punika. Terang sampun kalilan. Jeng rama paduka prabu. Paduka kinen dahara.// ki islar ambuka aglis. tenong mijil kenrampadan. Tinata munggeng ngarsane. Narendra putra ngandika. Paman sira barenga. Adhahar kalawan ingsun. Ki islar matur lenggana. // gya dhahar narendra siwi. Sawua ira linorodan. Ki buruh ginugah age. Kang ngrungkrl karukup sinjang. Awit jrih nyakalintang. Anon kang rame prang pupuh. Ing mangke sadaya sirna. . ki buruh gya tangi bukti. Sarengan lan jaka islar. Yata tuwuk sadayane. Narendra putra ngandika. Heh paman jaka islar. Ana gegawane iku. Si juti anggendhong arta. .// iku paringna tumuli. Mring si paman buruh ika. Dimen karya patukune.

Sandhangan lawan kang pinangan. Lan sakehe bandhangan. Penganggone sila kudur. Kabeh iku paringena. // nuli motna ing kuldi. Ki islar matur sandika. Kalawan alon ature. Gusti yen pareng ing karsa. Hamba angaterna. Sakedhap anunten wangsul. Pamrih sampun kudhandhangan.//oo//

taksih wonten candhakipun.
Raden panji parta kusuma.

Tuwan lingkring ing surakarta asade lot lotere iyatra ing surakarta. Regi satunggal lot 15. Rupiyah.

(51)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget. Papan tumpukan kajeng ing timuran

Ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi pagebaki lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se e pinter
Sekrataris

(48)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 35 Kemis kaping .31. agustus 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Ing dinten punika kemis tanggal 31. Agustus ing alun-alun surakarta wonten ukum-ukumanipun kisas. Sarana dipun gantung. Ingkang dipun ukum durjana tiga anama iradi krama. Ira drana. Lan sujut. Ingkang sami dosa amejahi tiyang.

Panjurung

Kabar ing surakarta

Nalika ing dinten setu tanggal kaping .5. wulan ruwah ing tahun punika. Ongka. 1805. Ing wanci pukul .7. enjing. Ing lepen awisan sawetan kreteg celak beteng kraton. Para tiyang tuwin rarejalu estri. Katingal pating baleber tuwin pating garubyug. Sarta sami anguwuh-uwuh. (Ayo padha delok bayi mati). Wonten satunggal ingkang anahuri. (endi-endi. O. iya galo. Kemambang ana kali). Tan dangu wonten priyantun jaler satunggal. Inggih punika ingkang nama mas rongga. Reksa sutirta. Enggal anggenira anyandhak sang kunarpa. Ingkang kemambang wonten ing lepen wahu. Tiningalan bayi wahu jaler. Saking kinten-kinten sawek kemawon anggenira mijil sangking guwa garbaning biyung. Kinten-kinten dereng wonten kalih dinten. Bayi wahu sasampunipun kasugcenan dhumateng mas rongga wahu. Kathah tiyang ingkang sami amanjurung monten sekar tuwin menyan. Saweneh wonten tiyang angulungi udheng kinen angangge pasatan. Mongka udengipun wahu namung satunggal. Saking kedah kumedahipun badhe amanjurung. Sasampuning kaulesan lajeng kapethak ugi wonten sapinggiring lepen awisan wahu. Kaleres sakilening beteng kraton saha mawi kapageran deling sahingga makaman bayi ing purwadadi.

Sinerat ing jati pitutur tanggal kaping. 6. Wulan ruwah. Ing warsa jimawal ongka. 1805.

Katandhan kondhestu.

Jisim mawi dipun krameni : sang. Punika kedah anyuwun dhamangipun. Redhaksi

Ngayogyakarta

Bab tiyang estri rondha ingkang dipun kecu ing dhusun bongkotan bawah cepit ingkang sampun kawartosaken ngajeng. Samangke kinabaraken malih. Bilih para kecu sampun kacepeng sadaya. Sarta sampun wonten ngastane justisi. Ingkang dados panji ing cepit. Sakalangkung sengkut anggenipun anindakaken damel murih kacepenge para durjana. Mila enggal manggih titik. Pranyata yen abdi dalem panji kenging kadamel tutuladaning para priyantun liyanipun bawah ngayogya ingkang kapatah anyepeng polisi.

Nagari ngayogyakarta amariksani kenceng menggah prakawisipun cina pagade tan tiksiyu ing gonda manan ngayogya. Suprandene dalasan samangke dereng wonten titikipun barang mal ingkang kacakup nalika dipun sarengi kobong. Dene gunggunging kapitunan kirang langkung. 18. Ewu rupiyah. Polisi ngiwa nengen anggenira aniti pariksa barang amal gadhahanipun para ingkang gegriya caketing ngebong. Sarta ing kampung sayidan tuwin ing ledhok. Kathah barang ingkang dipun andhek benjing kasukakaken wangsul manawi sampun terang yen dede barang

colongan. Wekasanipun sande manawi kathah barang ingknag dipun samaraken. Malah kathah para tiyang ingkang sami nglaharaken basa. Sumelang sanget ing pawingkingipun. Manawi anyuwun wangsul ipun barang ingkang kapundhutan. Saba sampun wonten lepiyonipun yen barang wahu kedah dipun tebus mawi arta kathah. Wonten para polisi amastani lampahan makaten dipun anggep boten sepintena.

Bab padlurunging durjana
Ing ngayogyakarta

Kadosta nalika ing dinten jumungah kaliwon tanggal ping.6. rejeb. Wanci jam. 3. Dalu. Sawingking dalem raden tumenggung. Danu kusuma. Namung let saserep. Kalebetan durjana. Kadugi tiyang. 15. Iji. Ingkang kaleres gadhah griya tiyang ngindhung grobogan. Wasta prawira wirya. Wondene raja darbekipun ingkang kabekta ing durjana. Katapsir pangaos. 200 rupiyah. Ing sarehning sang durjana sampun dumugi anggenira mumundhuti raja darbe. Boten saged langkung sangking pangaos.200. wahu. Sang durjana lajeng mundur lon-lonan kalawan wilujeng.
Boten antawis lami. Anuju ing dinten slasa pon tanggal ping. 24. Wanci dalu jam.2. griyanipun mantri gudhang kopi ing kentheng kabupaten kenggulan kalebetan durjana. Kadugi tiyang. 13. Amendheti raja darbekipun mantri gudhang wahu. Katapsir telas pangaos. 1000. Rupiyah langkung. Sarta ingkang darbe griya tatu sirah. Tuwin bahu sawatawis. Unduring durjana kayan wilujeng.
Sareng ing dinten kemis kaliwon tanggal ping. 26. Taksih wulan rejep. Wanci dalu jam. ½ 2. Griyanipun tiyang cina wawadeyan gigriya pojok benteng kraton ingkang tembing ler wetan kampung gondaman. Ugi kalebetan durjana. Kalebet kalayan parusa. Kathah kedhiking durjana boten terang. Sareng sang durjana sampun lumebet ing griya. Amendheti barang sawatawis. Cina ingkang darbe griya anulak kalayan sanjata. Wasana sang durjana mundur mawi ambesmi griya. Ngantos angrembet griya kiwa tengening ngriku. Katapsir kapitunaning cina wahu. Boten kirang pangaos. 20.000. rupiyah. Wondene para tandang kathah ingkang sami pating salenggruk sarta lenger-lenger. Adheleg-dheleg. Awit cina wahu angrangkep gadhe. Dene unduring durjana. Kalayan wilujeng.
Makaten malih pangajeng-ajeng kula. Dhateng dayaning epal tandang. Dereng wonten ingkang nglaksanani.
Samawana rundha ageng nagari ingkang tiyangipun ngantos atusan. Inggih boten wonten kagunanipun. Ingkang amurih kakaya dhateng tata tentreming nagarinipun. Malah mandar angunduraken tata tentreming nagari. Tuwuh pangersulaning ngalit. Ririgen ingkang sumanten wahu. Punapanun kaindhakanipun.

Anjawi punika para titiyang ingkang sami lumampah siang. Wonten ing margi bawah kabupaten pangasih kathah sumelangipun. Awit ing ngriku kathah babaya ingkang ngatingal. Dados yen makaten margi kabawah pangasih kenging kawastanan gawat.
Nalika dinten jumungah wage tanggal ping. 20. Rejeb punika wanci enjing jam.6. kangjeng ratu mas. Garwa dalem ingkang sinuwun kangjeng sultan kaping. 3. Ing ngayogyakarta seda. Jalaran gerah sampun sepuh. Kadugi yuswa. 15. Tahun. Boten atilar putra. Layon dalem sumare pajimatan ing ngima giri.
Kapuruna ning sang gelah-gelah leletheking praja. Sangsaya dedel. Tansah ngangseg lumebet salebeting nagari. Awit sang pulisi katingal kaweken kadayanipun.
Katemahan sareng ing dinten akad pon wanci tengah dalu. Lurah miskin ingkang dudunung tungkakan tapis satengah pal tebihipun sangking benteng ageng kraton tebing kidul wetan. Kalebetan durjana kadugi tiyang. 6. 8. Kathahipun. Angsalipun barang pangaos. 4 ½ gelo. Ananging ingkang gadhah griya. Mawi kataton. Begja yen gadhaha umur ngantos. 6. Dinten. Awit tatonipun kathah sarta rakaos. Tiyang tandang wonten ingkang tatu satunggal kaleres

maripat ingkang kiwa. Tandangipun anyalawadi. Wontening dalu wahu lampah lampahing durjana wilujeng.// Ti ti//

Serat kabar saking eropah angandhakaken perangipun bongsa turki kaliyan bongsa serwi. Kabaring kang tuwuh saking turki suraosipun angunggulaken jurit ira piyambak. Dene ingkang tuwuh sangking bawah serwi inggih ugi angalembana kawanteraning wadya balanipun.ngantos saged amangsulaken mengsah sarta kathah ingkang sami lampus. Kraton. Enggelan angetohi bongsa turki malah ambahu kapini sahingga boten angopeni lampah sakajeng-kajeng ipun bongsa turki. Dereng dangu ing kraton enggelan amyarsakaken kabar bongsa turki genira sakama kama. Para tiyang anyuwun pirsa terangipun dhateng parentah ageng. Nanging ingkang jumeneng minister tan saged anerangaken. Awit parentahan ing turki sepen boten asung warti. Malah dipun dorakaken. Wasana samangke sampun wonten kabar terang menggah lampahipun bongsa turki dipun parinci satunggal tunggalipun malah serat kabar sangking engelan kapara mitya kardha anjalentrehaken saking sakalangkung anggegirisi.

Wonten kitha ageng anama filipong polis padhusunanipun sawidak ingkang dipun rayah lajeng dipun besmi. isinipun tiyang jaler estri tuwin lare. 20. Ewu cacahipun. Dipun siasat lajeng kapejahan. Lampahan makaten punika terang kaliyan para priyayinipun bongsa turki. Malah awit saking pakonipun para priyantun wahu.

Bongsa tasibasuk sarta bongsa sir kasir. Punika sami ambrastha dhusun oposelo. Sareng para rayah katingalan. Isining dhusun wahu estri tuwin lare kirang langkung 500. Ingkang mawud ngungsi ing saparan paran. Dumugi ing dhusun kaloper. Saklangkung sayah boten kaconggah anglajengaken lampah. Lajeng para ngili kengkenan dhateng lurah ing dhusun anedha bantu tetedhan. Sawek kemawon rerembagan kaliyan bongsa muslim dipun garudugi mengsah kirang langkung. 200. Sarta mawi dadamel lajeng angrayah sakawontenaning barang ingkang dipun cangking ngili. Tiyang estri. 50. Sarta taksih sami neneman ingkang ingkang dipun rebat. Sadhatengipun juru rayah ing wisma nira. Para simah ing bonsa turki suthik kanggenan para estri ingkang katawan wahu. Dipun sumrih anyingkiraken tebih. Salajengipun kasangsara. Nunten pondhokipun kabesmi. Dalasan isinipun tiyang.

Lampah kanisthaning bonsa turki kang makaten wahu. Ing suraos masa allah. Ananging anuwuhaken crahing paprentahaning kraton turki.

Jumenengipun prabu murad
Narendra ing praja Turki
Saking kraton konstantinopel anyariyosaken menggah jumeneng dalem
Prabu Murad Kaping V

Sang prabu dumadakan karsa dalem ingkang dipun tedhaki rumiyin. Gareja bongsa kristen ingkang kaparaban sofiyah kerek. Sang prabu bilih andadosaken karsa. Saged tindak dhateng gareja wahu. Mawi anitih kagungan dalem bahita. Anjujug ing kitha istambul. Bilh estu makaten tindak dalem. Sarupining palwa perang. Saged anyaosi kormat mawi ungeling mariyem. Nanging sang prabu boten karsa anuwuhaken turidanipun ingkang paman sang mulku ing samangke seleh kaprabon. Sarta kang nglerep ing caketipun istambul mila dipun lampu tedhak dharat miyos praja galatah. Nitih kagungan dalem kreta sajak dalmud. Ing lurung ageng tanpa wilisan kathahing tiyang. Sareng titihan dalem kreta badhe lumampah ngajenging gedhong buris. Lah punika para tiyang sami sorak tan sipi. Sadaya anyaosi kormat. Tuwin anyuwara atur bekti tembung turki. Nanging reh ing gedhong bures wahu bongsa pinten-pinten ingkang sami kumpul mila tembung rupu-rupi ingkang kalahir. Kathah ingkang sami awuri wangi-wangi sekar-sekar kang rinengga saking jadhela inggil dhwah ing titihan dalem kreta. Pasemonipun sang prabu katingal suka seneng sarta angiwa nengen anggenira maring artabe dhateng kawula dalem sarana asta mila lajeng kakawis bilah sang prabu ngagem sarung asta pethak. Dados kalih bab ingkang nuwuhaken gumun. Kang kapisan. Ing makina-kina dereng wonten panjenenganing para nata ing turki. Ngantos anyaruweni dhateng kawulanipun nembe sapunika. Kadosta prabu abdul asis nalika dipun caosi kormat dening para abdi dalem wadya bala. Wangsulanipun namung sarana

nempelaken asta dalem ing agem dalem topi. Nahan dhateng para kawula dalem liyanipun. boten pisan sang prabu angopeni. Ewadene ing salebeting tahu wekasan sang prabu pribadi inggih boten wajib amahoni. Awit para kawula dalem sangsaya boten open bilih kapethukan ing sang prabu. Bab ingkang kaping kalih ingkang gumunaken. Agenipun ngagem sarung asta sang prabu murad punika ing nguni-uni boteng lampah.
Kuneng sareng sang prabu murad rawuh ing kitha istambul punika kapara isining tiyang boten kenging dipun suwawa anggenipun bingah asurak –surak sang narpati anjujug ing praba yasa kawak panggenanipun anyimpeni wasiyat erkuwi serif. Agem dalem rasukan sare jeng nabi panutup. Sasampunipun sembahyang sang prabu miyos malih ngagem busana sarwa endah. Tedhak dhateng gareja sopiyah kerek dalasan para bongsa kristen sami asuka bingah. Sabarang ingkang marak dipun andikani aparikrama benten kaliyan makina-kina.

Kula ngaturi uninga dhateng para priyantun ingkang ahli nglampahaken palak utawi metang pananggalaning rembulan. Manawi ing nalika ngahat tanggal kaping. 29. Rejeb tahun jimawal ongka. 1805. Wanci sonten dados wonten malemipun senen kula nuju wonten ing ngara-ngara ingkang tebih ing padhusunan konca kula tiyang. 3. Iji. Punika kula kaget sumerep manawi rembulan sampun tanggal prikonca kula wahu inggih sami nyumerepi. Sareng kula mantuk dumugi griyaning ngali serta almenak kangge ing tahun walandi. 1876. Punika. Utawi kula petang saking kurup arbangiyah leresipun tanggaling rembulan ing wulan ruwah jimawal punika wonten ing dinten senen sonten utawi malemipun slasa. Sareng dinten malem slasa wahu dalu kula aningali rembula malih katingal sampun inggil sanget bokmanawi angemperi tanggal kaping kalih. Rehning pagriya kula tebih ing nagari sarta wonten dhusun sangandhaping ardi marapi. Kula migi kaparingan saserepan wonten ing kabar bra martani. Menggah tanggaling rembulan wahu punapa wonten malemipun senen punapa wonten malemipun slasa. Mila ing manah kadereng nyuwun saserepan dhateng priyantun ahli pananggalaning rembulan utawi kang ahli palak wahu. Amargi kula badhe puwasa ing wulan ramelan ngajeng punika. Menggah anyakipun puwasa ing dinten punapa.
Ing dhusun paras sangandhaping ardi marapi tanggal kaping. 22. Agustus. 1876.

Kula pun temen bodho.

Para lepasing budi bilih anarjoni. Wontena karsanipun anegesi pasuwalipun mas temen bodho. Sabab tingalipun teka prelu sanget anggenira nglahiraken. Aweli kedhik dene asmanipun boten kurup kaliyan watoning pitakonan.

Redhaksi

Dongeng yasa dalem ingkang sinuhun bagus
Kaptrapaken wonten ing seraty wulang reh
Ing salebetipun sekar gambuh
Ongka. 4. Kala ing tahun
1742

Cariyosipun bab. Adigang lan adigugng. Adiguna.

Wonten satunggal abdi dalem nayaka. Ingkang sampun kaparingan pangkat palengghan mardika.kala taksih lumamapahi damel kaparingan nama pun dira dadagda. Ing samagke sampun kamardikakaken saha kaparingan panggenan papan ingkang sakelangkung asri kawuryan. Utawi kapanci ingkang dados tedhanipun boten kantos kakirangan. Mila makten pun dira dadagda ing ngajeng sampun angsal sih dalem awit anglabeti ing pandamelan ingkang prayogi.
Utawi kala panjenengan sang prabu anipun. Akarsa mangun prang pun dira dadagda boten sisah lan salira sang prabu. Mila ingkang dhados dhawah dalem dhumateng sawarnining tiyang ingkang celak kaliyan dudununganipun ri sang pinardika. Sami kadhawaha ngugung sampun wonten ingkang munasika. Malah para pangagenging dhusun sami andikakaken mewahi asrining dudusunan. Tuwin ambiyantoni sabarang atedhanipun sang pinardika.

Yata kawuwus pun dira dadagda ingkang sampun mukti awibawa. Ing satunggal dinten karsa acangkrama. Dhumateng pataman ingkang sampun karengga ing tutuwuhan ingkang indah-indah. Sarta ing panggenan ingkang sakeca ingkang kayoman dening tutuwuhan ayom-ayomi. Nalika damel paninisan dhateng sang pinardika langkung sakecanipun kasilir ing samirana angirig gandaning kang sarwa sari. Amewahi ayeming galih. Dumados sang dira dadagda karep aninis wonten ing ngriku.

Makaten wonten ingkang wuruk sudi karya kapanasan ing panggalih. Purun angririsak ing tutuwuhan ingkang asri kawuryan.wahu. wonten satunggil lulurah awasta pun welakas. Ambekta rencang kathahing tunggil bongsa. Sapraptanira ing ngriku pun welakas lajeng angrobak-abrik ing patamanan. Saha anyempali amunggeli sabrang lung-lungan sarta anenedha ing sak ddoyanipun. Rehning pun welakas rencangipun kathah patamana enggal tingal risak. Bosah basih.

Yata kapinujon pun dira dadagda dhateng karsa ninis. Ing pataman pun welakas taksih wonten ing ngriku dalah sak rencangipun sareng sang dira dadagda sumerep yen patamanan dipun risak dhateng pun welakas sang dira dadagda sakelangkung ing krodhanipun. Yayah anglunasa sewu ing sanalika. Jajabang mawi ngawi ngarsaya srudenira dabda. Ah ah si kodhik gelah ing sabumi alam. Dene iku si welakas teka wani-wani angrurusak lan angrusuhi ing patamanan ingsun. Kang wus tamtu paparinge sang prabu animpun.

Heh welakas lah apa kaniyatanira panggawe kang kaya mangkono iku. Sang welakas wruh yen sang dira dadagda bramatya. Gya marepak lan sumahur sugal. Heh dirada ira nana kaniyatan ingkang musthi kawulaning kang kawasa amung sumeja angupaya boga. Dene sira angaku patamanan iki yen paparinge sang prabu anipun sanajan ingsun ya musthi milu duwe. Atas kagungane sang kawasa sang dira dadagda miharsa sangsaya sasru bramatya nira. Heh kowik sira wani lan ingsun. Musthi sira lunas kagem dening ngastaningsun. Sang walakas anahuri lah payo tekakena mongsa sira bisowahan nututi kaprawiraningsun. Sang dada agya mengsah gora sabda prabawa kadya galudhug munyalan andahut wreksa binedhol kaputer kumitir kadya likasan. Yata panekarira sang welakas miyat sang dagda angikal gora rupa. Geger jrih mawur sanarad. Dene sang welakas tan ajrih malah tandang kadya wigena. Dupu sang dagda marepek aninani gora rupa. heh tadhahana yen nyata padha prawira. Dupu pinupuh sang walakas agya malumpat mesat sahingga kilat. Tang kongsi katiban ing gora rupa. heh dodohun pagene teka uncat sang welakas susumbar lan lelawa. Yayah sang budhaya nalika ginendhingan. Sang dagda mobat-mabit tan sita-sita sinonga ngayem kewala. Sang dagda rehning pamutering gora rupa sangsaya sru dadya angobahaken ing ngangga nira priyongga megal-megol yayah badhut matawanjak. Dangu ing ngantara sang ngayuda tan pawekas. Anagis sang welakas andarbeni cipta yen tan wigya amarwarsa mring sang dagda. Malah yen kalenan sang welakas saestu yen sangsara. Yata ing sasampunya mangangen-angen sang welakas milar angoncati. Sang dagda langkung cuwaning driya.

Yata sang welakas kang singlar sangking ing ngayuda nunten kapanggihan para rereyan sami mangujiwat langkung suka. Dene sang welakas tan kongsi kaprawasa rening sumengka tandhing. Sang welakas nuli ngucap. Heh rowang ingsun aja susah ati dumeh ingsun anguncati ing prang karo si dagda. Misih ana dayaningsun. Nanging kowe padha sumingkira dhisik. Besok yen ingsun wis bisa anglunas marang si dagda padha bubah-bungaha lan memangana ana ing patamanan kang kasengker asri kawuryan.

Yata sawusira mojar mesat amanggihi samitranira sang gebayan wana. Wasta sang lucit. Dupu panggih samya sih siniyan. Sang welakas nulya amedharaken nalika prang kaliyan pun dagda.utawi kang dados mula buka ning ngaprang kawahyakaken.sang lucit mangsuli sabdahe sang welakas sira ora bisa amurih patine si dagda. Sanadyan kowe minta sraya marang kang padha gagah gagah prakosa. Iku ora kuwagang mungsuh karo si dagda. Sang welakas miharsa susah tanpa daya. Nuli mojar. Heh lucit wruhanira yen ora lunasi dagda musthi bakal kaesi-esi selawase. Nadyan sira iya milu kaesi-esi saba si dagda luwih kawenag-wenang.

Sang lucit anahuri. Eh. Ingsun ora kewuhan gawe lunase si dagda. Lah payo padha anemoni marang samitra ning sung kang bakal ingsun tandhingake ngayuda karo sidagda. Nadyan

samitraningsun bongsa ringkih. Lan sumengka ing tandhing. Musthi wani karo si dagda lan musthi bisa anglunas. Anggere ingsun lan sira bisa angrunggar-unggar mring kasuraning samitraning sun. yata sang welakas dangan enggal amituruti. Nulya sareng lumaksana sang lucit lan sang welakas. Dupu prapta ing pangenanira sang bujongga kara. Kapagih lagya sakeca tilem munggeng dudunungan ingkang sayogi. Wahu sang prapta sami kewedan. Tumulya sang welakas wicanten lah ingsun wungune sang bujongga kang lagi nendra. Nulya marepek menggeng ngarsaning kang lagya sare. Sang lucit mulat pratingkahira sang welakas genira badhe amwungu. Inggal ing nguwuh-uwuh lan angampah.

Heh welakas bakal bilahi sira yen mangkono pratingkah ira gonmu amwungu mring sang lagya sare. Sabab si bujongga iku angagem gegaman kang liwat ambebayani. Menek kaget selang surup temah kowe diprawasa.

Taksih wonten candhakipun
Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam

//oo//oo//sarkara//oo//oo//

//angandika sang narendra siwi. Paman buruh sira tampanana. Arat lan bandhangan kiye. Sumurupa ring ingsun. Angingoni mring anak yatim. Lawan sira mariya. Laku abuburuh. Arta karyanen pawatan. Lamun kurang nyuwuna mring sri bupati. Naranata bulkiyah.// yata ki buruh dupi miharsi. Sanalika sujud ing bantala. Tangi ngrarepa ature. Dhuh gusti sang binagus. Ingkang ambek santya budya sih. Kawula tan anyana. Yen kadya puniku. Estu mung cipta palastra. Jeng paduka angger karsa mitulungiwusna manggih gesang.// mangkya angger karsa amaringi. Kang tinedha miwah kang sinandhang. Sapinten angge gugunge. Kapiutangan ulun. Rehning langip kawelasasih. Tan saged mangsulena. Pasihan pukulun.// mung gusti kang murbeng alam. Mugi-mugi paringa wawales gusti. Kaharjan kaluhuran.// dhuh pukulun paduka jarwani. Rehning kawula tigas kawuryan. Sinten jeng paduka angger. Dene ta maksih timur. Anrang baya tang mawi ajrih. Mesem sang raja putra. Angandika arum. Kang mengku ing bulkiyah.// yata kang buruh kagyat miharsi. Sru anjeleh denira karuna. Tumengeh wiyat mukane. E. hyang. Kang maha luhur. Kang ngasipat rahman lan rakim. Kang datan kakilapan. Dhuh panedha ulun. Mugi-mugi maringan. Mring kekasih paduka narendra siwi. Cahya wahyu nurbuat.// yata kabul dongane ki miskin. Sanalika sang narendra putra. Kadya baskara cahyane. Yayah jeng nabi yusup. Maha dipa nuring rat kabir. Lawan prabu taruna. Kraos nikmatipun. Entyarsa sokuring sugasma. Yata jaka islar ngungun aningali. Ing tingkah kang mangkana.// temah milwa sokur amumuji. Yata kuneng duk lagya mangkana. // kasaruwahu praptane. Kya patih kang angunthul. Lawan sagung para bupati. Cara santri lampahnya. Mantri kalih atus. Kang umiring cara kumpra. Dupi prapta ki patih pangling mring gusti. De yayah andakara. // dangu kendel rekyana patih. Gya jinawil mring ki jaka islar. Kyana patih kagyat noleh. Duk weruh gya angrangkul. Mring ki islar sarya lon angling. Dhuh anak jaka islar. Sireku katemu. Nengkene lahiku sapa. Jalma mudha mukane ambalerengi. Cahya ngasorken raja. // jaka islar gumuyu nahuri. Lah ki patih teka kasamaran. Lah sinten andika badhe. Wekawis kang linuruh. Dupi panggih wekasan pangling. Ki patih amiharsa. Grahita ing semu. Wruh kalamun gusti nira. Dherakalan tumurun saking turanggi. Manembah sru karuda. // lara-lara tangise ki patih. Miwah sagung kapara pugawa. Sumujud bantu tangise. Ngandika sang ngaprabu. Lah wus padha linggih asami. Saksana wus nyaseban. Neng ngarsa supenuh. Kyana patih matur nembah. Kadya paran jeng gusti atilar puri. Estu datan sayogya. // dereng wanci panjenengan aji. Yen tumulat rama jeng paduka. miwah gusti saestune. Nagari wayang wuyung. Yen tan wonten paduka gusti. Mila kawula nemah. Tumutur sumusul lan sagung para punggawa. Bok dinuka mring rama sri narapati. Kang lagya mesu cipta. // yen kuwawi kondura jeng sultan. Prabu anom aris angandika. Heh bapa takona age. Mring paman islar iku. Kang winisik dening ramaji. Mungguh lelakoning wang. Iki wus katemu. Isun antuk sihing suksma. Pinarinagn cahya luwih saking nguni. Mwang sinung panggaweyan.// atutulung

mring wong kawlasasih. Lan anglunas mring jalma dursila. Lah iku ana tandhane. Idine rama prabu. Ingkang marang sarira mami. Heh bapa aywa susah. Ingsun nuli kundur. Yen wus ngabekti mring rama. Yata jaka islar sigra anambungi. Lir medhara carita.// lelampahan jeng Sultan Ibrahim. Duk kalunta prapta ing wusana. Miwah nala kapanggihe. Lan garwa ingkang kantun. Salajeng nya ki islar uning. Wusana kang timbalan. Mring sang raja sunu. Yen arsa panggih kang rama. Kinen laju marang ing kakbatolahi. Punika kang pinungkas. // dupi myarsa I kyana patih. Sigra matur marang raja putra. Lamun makakaten angger. Estu kalilan sampun. Dening rama paduka aji. Dadya datan sumelang. Anaming pukulun. Kawula lan pra punggawa. Nuwun dherek ing lampah paduka gusti. Narpa putra ngandika. // iya bapa sira sun lilani. Lawan nayaka kapinituwa. Padha umiringa kabeh. Mung mantri kang rong atus. Konen mulih marang nagari. Wa sisan ngaterena. Mring si paman buruh. // yata sandika aturnya sami. Tandya sareng denira budhalan. Ungkur-ungkuran lampahe. Mangkana kang winuwus. Panjenengan Sultan Ibrahim. Nimbali ngali jenab. Lan sasutanipun. Wowolu wus munggeng ngarsa. Angandika aris jeng Sultan Ibrahim. Heh jenab wruhanira. // ingsun arsa mring kakbatolahi. Anemoni marang putraning wang. Sira mintara den age lan sutamu wowolu. Marang kakbah darapon uning. Maranging putraning wang. Kang umadeg ratu. Bulkiyah sultan mukhamad. Ngali jenab manembah suka tan sipi. Sultan wus nya ngandika. // nulya musna ki jenab tan uning. Langkung ngungun miwah sutanira. Sigra sumusul rembage. Mring kakbah amituhu. Gagancagan denya lumaris. Mangkana kang winarna. Prabu anem sampun. Prapta lan rekyana patya. . mwang punggawa ki islar ingkang umiring. Manjing tawab jro kakbah. // prabu anom sampunya sugci. Dupu lenggah sakala tuminghal. Kang lenggah munggeng ngarsane. Aneng kathil jomerut. Cahyanira katon nelahi. Ki islar duk uninga. Sigra nembah matur. Marang sang narendra putra. Dhuh pukulun punika rama narpati. Kanthi lenggah ing dhampar. //kinanthi//.

Taksih wonten candhakipun.
Raden panji parta kusuma.

Bendara denmas arya surya udaya. Asuka wuninga dhumateng para priyantun sapanunggilanipun. Yen nalika ing dinten akad tanggal kaping. 6. Wulan ruwah tahun punika. Bandara raden mas arya surya diwara. Irsntelitnan artileri. Lisiyun mangkunagaran. Seda kondur dhumateng rahmat tolah.

Mila para priyantun sapanunggilanipun ingkang sami anyambutaken dhumateng. Raden mas arya surya diwara. Ingkang mawi serat pratondha. Sarta tondha asta seratanipun piyambak. Prayogi sami kepanggiha tuwin angintuna serat pratondha. Dhumateng raden mas arya surya udaya. Kawates ing dalem. 40. Dinten. Awit titimongsa sedanipun ing ngajeng wahu. Dene yen wonten ingkang langkung wawates ing dinten. Ing nginggil wahu. Sadaya ingkang sami ngintunaken serat pratondha. Katete[aken ibranipun ing prakawis.

Katandhan ingkang dados kupmisi.
Raden mas arya surya udaya.

Lelang

Benjing ing dinten salasa kaliyang rebo tanggal kaping.12. utawi. 13. Wulan september ing ngajeng punika. Ing mangkunagaran dalemipun. Swargi kangjeng pangeran kusuma diningrat. Kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Dhwung mawi penthuk jene. Wonten ingkang kretes inten. Tuwin birliyan. Warni-warni. Pedhang. Golok. Erloji jene. Kalung tuwin karset erloji. Ali-ali mawi sela inten tuwin berliyan. Paidon selaka. Berlin tuwin tembagi. Benet kajeng sona. Jatos tuwin kajeng nongka. Bangku kajeng sona tuwin kajeng jatos. Konsoles mawi tutup marmer. Mebles damelan saking nagari welandi. Meja main. Kenap. Babut. Meja panyeratan. Meja pangraupan. Meja bunder tuwin pesagi. Rana. Meja toilet mawi lemek marmer utawi saking kajeng. Pigura warni-warni. Kaca. Lonceng. Patileman tuwin kursi saking kajeng mahuni. Patileman tuwin kursi saking kajeng sona. Patileman tuwin kursi saking kajeng jatos. Serpis dhahar. Serpis the. Salangan wawah woh-woh tuwin beri saking jene utawi salaka. Lodhong ageng-ageng. Kapal tumpakan. Kapal rakit kalayan

pakeyanipun. Lembu utawi mainda. 1. Kareta pos. 1. Kareta milor. 1. Kareta kus. 1. Kareta bangku kalih. Barang tosan kangge kareta. Bekakas pandhe. Lampu grun gantung. Wudhuk tuwin lampu teplok. Kere. Lantera warni-warni. Buk wacan warni-warni. Teken warni-warni. Utawi sanesipun barang.

Wah malih

1. griya payon sirap prenah sisih kilen.
1. griya payon sirap prenah sisih kilen.
1. griya payon sirap prenah sisih kilen.
1. griya payon gendheng.
1. griya pisang salirang. Payon sirap.
1. griya pringgitan
1. griya wonten ing kampung mara kusuman.
1. gedhugan.

Para priyantun ingkang tumbas griya ingkang kasebut ing inggil wahu kapurih tumunten ngusung.

Para priyantun kenging ningali barang wahu ing dintenipun akad kaliyan senen tanggal kaping. 10. Kaliyan 11. Wulan september.

Tuwan je. Ef. We. Slut. (52)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget. Papan tumpukan kajeng ing timuran.

Tuwan lingkring ing surakarta asade lot lotere iyatra ing surakarta. Regi satunggal lot 15. Rupiyah.

(51)

Ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi pagebaki lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se e pinter
Sekrataris
(48)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 36 Kemis kaping . 7. september 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Kula wisudhan kabar kawat

Tuwan Se mudhi. Ingkang wahu juru basanem ing dinten punika saking karsanipun kangjeng gufremen kaparingan pangkat juru basa tembung jawi wonten ing nagari ing surakarta.

Lokomotif amratelakaken bab pranatan murih amambengi padagang ing kapyun salingkuhan.

Amenggih samangke nagari wajib dipun puji. Jalaran sasampuning kadhamangaken sarana serat kabar pinten-pinten. Utawi saking atur panuwunipun pakter pyambak. Ing mangke nagari lekas karsa anyantosani wajibipun anggenira nebasaken pamadening apyun. Boten katimbang kaliyan ing ngajeng. Ing suraos nagari anetepi paribasan. Luwung kapara kasep kaliyan boten pisan. Sabab yen ta nagari maksa anglestantunaken kabesturon. Boten anyaruweni kuwajibanipun. Ngatasing maksuding panggera pak. Ing mongka nagari kedah angiyomi dhateng pakter. Amasthi nagari ing pawingkingipun badhe kalingseman. Yen ngantos kapradata ngarsaning pangadilan. Awit para khakim wajib anraju sarta angrampungi. Sanadyan alawanan kaliyan nagari pindhah. Boten mawi mityakarda amawang tiyang. Lah sinten ing tembe ingkang kajibah. Bilih para pakter anggadhahi atur manawi apyun paringipun nagari boten pajeng. Awit dipun resahi ing dagang salingkuhan. Sarta angaturaken katrangan. Yen kuwajibaning pakter awade apyun kanh sampun katebas. Samangke dipun resahi ing tiyang pinten-pinten atus. Ujer nyinanipun sampun boten kikirangan ingkang nyalingkuh ageng-agengan sarta alit-alitan meh saben dinten. Terang sami kaputusan ing rol polisi.

Nahad boten amung punika ingkang anyumelangi. Wonten malih tunggilipu ingkang ngungkuli mutawatosipun. Ingkang mongka nalar bab arta. Inggih punika saupami panebas wahu kalampahan dipun lenglang malih. Awit ingkang dados pakter kenger boten saged sok pajeg. Ingkang badhe purun anebas sarta amajegi arta kathah. Sinten kemawon. Anjalari boten saged cucuk. Lalampahaning pakter ing surakarta ingkang sampun ambruk punika anjalentrohaken bilih cariyos punika wonten watonipun.

Mila samangke rahajeng dene nagari karsa anuruti atru panuwunipun para pakter. Ewane sanadyan karsaning nagari wahu sampun kenging dipun jurungaken. Suprandene sarehne sampun katingal atrapipun pranatan anyar. Inggih meksa boten saged angenepaken. Kedah anerangaken bilih karsaning nagari ingkang makaten wahu saestu prayogi. Ananging anggenira ngempakaken kirang jangkepipun.

Sumongga dipun galih kawiwitan kinarya pangilon. Ing salebeting paresidhenan semarang. Mila kadamel tuladha awit kang kapisan pajeging apyun sami-sami paresidhenan ageng piyambak. Kaping kalihipun. Awit kula saged angyektosi piyambak saking semarang. Bab lampahing pranatan wahu. Mila kenging kadamel wawaton. Kawontenanipun ing bawah semarang. Boten siwah kaliyan sanesing paresidhenan.

Menggah samangke murih amambengi dagang salingkuhan. Nagari amringi priyayi ferifikatur kakalih. Wah sakawan utawi gangsal priyayi mami kapalan. Tegesipun juru reksa ing kikis.

Ferifikatur wahu kadunungaken ing demak satunggil. Ing grobogan satunggil. Dados sisih wetan sarta sisih kiduling semarang. Dene juru reksa wates dipun pacak ing kedhung ing godhong. Ing gubug sarta ing kuwu. Awit saking ngriku anggenipun amrojolaken apyun para juru salingkuh. Kapurugaken dhateng bawah kratonan kakalih. Utawi dhateng paresidhenan ingkang tepang wates. Dene atraping ferifikatur wahu dipun aken anglurahi para juru reksa wates. Atraping makaten wahu manjurungi. Sabab kenging dipun ajeng-ajeng badhe mikantuki. Awit para ferifikatur wahu ing ngajeng sampun nate anyambut kardi ing pabeyan. Dumados terang menggah lampahipun salingkuhan. Anggenipun amijekaken para antenar kang sampun wasis sarta pinter ing damelipun. Punika inggih ugi amratandhani. Bilih nagari angemen-emenaken tarsanipun. Lah dumugi ing ngriku kanggeg aggen kula angalembana. Dene menggah aturaning padamelanipun para amtenar wahu. Punika boten angwatoni saged angajeng-ajeng jangkeping kamayaran. Sumongga kakaliya. Para amtenar polisi sami dipun kandheni upas. Ingkang kinarya ambyantoni analisik dhateng nalar ingkang nalisir utawi liyaning prakawis. Apesipun dipun angge kinen ngiringaken durjana. Sapanunggilanipun. Ing mongka para antenar ingkang mambengi dagang salingkuhaning apyun. Utawi ingkang anyantosani suraosing reglemen boten mawi dipun paringi bantu. Dados suraisupun priyayi ferifikatur ingkang amethukaken juru salingkuh ingkang sami gegolonan. Utawi ingkang badhe ngangrak barang rembatan. Kang kakinten anyalawadi. Punika ferifikatur keah angijeni.

Lah ing mangke para ingkang maos kula aturi anggalih pyambak. Punapa wonten antenar kendel awegiga kadi punapa kemawon. Ingkang kaconggah anindakaken damel kadi ingkang dados kuwajibanipun. Sabab boten ngemungaken amutawatosi awit kathah sumelangipun angetohaken pati. Sanadyan tiyasaning badan inggih boten cekap alelawanan kaliyan para juru salingkuh kathah. Yektos ugi bilih yen wonten prelunipun. Polisi badhe saged ambyantoni. Ananging pitulung wahu pakewed anggenipun nyuruhi. Manawi mara ferifikatur panuju puter. Aliya saking punika. Para polisi manawi amitulungi dhateng ferifikatur badhe angandhahaken wajibipun pyambak. Ing mongks pasitenan ingkang tebih nagari. Taksih sakalangkung regedipun. Mila kula boten andherek. Manawi polisi lestantun kasuprih ambyantoni dhateng feifikatur.

Liya saking punika asring-asring bilih ferifikatur atampi kabar wados wonten damel prelu. Kedah enggal kesah angyektosaken paribasan sampun ngantos kadaluwarsa. Ibarat bilih kasep gangsal menit kemawon. Sasad anyumelangi saged utawi botenipun kacepeng juru salingkuh. Mila kados pundi kemawon rekanipun. Manawi priyayi ferifikatur kajiyat angentos-entosi bantu. Ingkang punika manawi badhe rahajeng tindakpun pranatan prelu sanget. Para ferifikatur utawi juru reksa wates dipun kanthenan upas. Ingkang sakinten cekap arta acumawis sadinten-dintenipun. Tumut manawi ider sarta manawi anggaledhah tuwin anjageni sawarnining lurung ingkang sakinten badhe kaambah.

Wasana wonten nalar malih ingkang kedah dipun pratelakaken sadangunipun agigineman bab kirang jangkeping pranatan.

Nahan ingkang samangke nagari emperipun kemba anggenira anyantosani ambaureksa ing pasisiran. Awit kagalih pasisiran wahu gampil dipun purugi sarana bahita alit-alit ingkang asring-asring dipun angge dening juru salingkuh. Anglebetake daganganipun nalaripun nagari ngantos kemba. Manggenipun kakathahen anggenira medalaken waragad. Mila nagari samangke sawek jojo-jojo. Ingkang dipun suprih ngreksa. Panggenan ingkang reja. Kadosta ingkang ageng-ageng. Papajenganipun apyun kapara kathah. Kula sampun angyektosi bilih sisih wetan utawi kidul ing semarang. Kadosta ing demak utawi ing grobogan. Panggenan kalih wahu sami kadunungan priyayi. Ferifikatur sarta juru reksa tapel wates. Lah sasampunipun makaten ingkang jajampangi kitha ing samawis sinten ing mongka punika ingkang sugih tiyang sarta sarta ageng pyambak pamadening apyun. Tuwin ingkang ngulataken sisih kilenipun sinten. Wah ingkang anyundakani ing setasiyun sepur sinten. Pasuwal makaten wahu boten mawi wonten ingkang mangsuli. Ingkang wajib angreksa boten wonten malih. Kajawi polisining semarang. Samanten wahu inggih badhe anyekapi. Yen ta polisining semrang boten gadhah tatanggelan sanes sarta yen sampun wonten watonipun bilih ing semarang cekap ing sakamukawis. Boten kenging dipun wahoni

kedhik-kedhika. Suprandene pamnggih kula. Sadangunipun ing samawis paneliking salingkuhan taksih amimingini awit kathah asilipun. Ngantos konca polisi balerengaen dipun lampu angandhahaken kuwajibanira. Tuwin sadanguniupn polisi taksih prelu pisan kanggenipun. Punapa dene dereng kayektosan. Yen polisi kenging kasingkiraken. Salaminipun polisi ing semarang. Dereng pisan kenging yen dipun reresahan. Sanadyang namung dipun kesut sakedhik. Inggih boten preayogi. Kalih dene malih sanadyan polisi ing semarang boten gadhaha kuwajiban ing pabeyan inggih meksa taksih awrat tatanggelanipun. Menggah poliai mekaten boten kenging dipun bebahana ambahu reksa asok ing pajek. Sabadyan medera ing pundi-pundi inggih dereng wonten lepiyanipun. Dene bab solokaning pajek wahu. Kedah wonten bahunipun pyambak. mila sampun teka enggal-enggal dipun uring-uring. Bilih sedya kula asalin tindhih. Boten sarenti. Saba manawi pranatan makaten dipun tindhakaken kaliyan bugi prayogi. Yekti yen mikantuki. Malah ing samangke sampun lelandhesan waton. Sadangunipun wonten priyayi ferifikatur pama dening apyun ingkang masthi dados wajibipun pakter ing pundi-pundi. Katingal mindhak kathah. Dumados ing pawingkingipun bilih dipun lelang malih. Amesthi wiwah pajegipun timbang kaliyan sudaning salingkuhan. Ananing samanten punika prelu. Bawah semarang sisih wetan sarta kilen dipun jejampangan. Dening priyayi ferifikatur. Sarta dhateng juru pangreksa tapel wates. Ingkang prelu sanget priyayi ferifikastur. Mawi kabyantonan dening konca upas ingkang anyekapi. Sarta acumawis sadinten-dintenipun.

Menggah priyayi utawi para upas ingkang sami kapatah amambengi dagang sakingkuhan. Punika kedah amacung. Utawi tanpa dipun aru biru. Yen mekaten atrapipun badhe amikantuki. Jalaran saking atur pamrayogining pitayanipun bandar. Ewade aturaning pitayanipun bandar wahu. Inggih boten kenging dipun ugemi sadaya. Saba pitaya wahu. Asring-asring tumut angopyok apyun ingkang dede saking gupremen sangkanipun. Lalampahan makaten wahu amitunani yen manawi bogen guyub kaliyan bandar. Dene menggah pajenganing apyun yen katawis tikel punika terang sanget. Ing ngajeng nalika wedaling apyun siram saking gudhang gupremen boten mawi dipun campeni. Punika amratelakaken bilih bandar apyun tanpa angindhakaken argi tuwin amewahi patagiyaning tiyang ing tanah jawi. Malah saged amardhekakaken pajeg. Ngantos wewah sapalih. Katimbang kaliyan alamangke. Ananging bandar wahu kedah amiyambaki pama dening apyun.

Wasana manawi pranatan ingkang badhe katindhakaken angiyomi dhateng bandar. Saged kalampahan. Pun bandar badhe amiyambaki. Punika ing pawingkingipun kedah dipun cecegaken kaliyan atur kula kang kasebut nginggil punika. Ingkang manawi boten katindhakaken makaten boten badhe anuwuhaken kamayaran. Malah badhe kenging dipun awokaken padamelan ingkang angawrat-awrati isining tiyang. Tanpa wonten paedahipun.

Ing nagari surakarta

Nalika ing dinten akhadiyah tanggal kaping 13. Wulan arwah. Warsa jimawal. Ongka .1805.

Ing wanci jam .4. enjing. Abdi dalem reksa pradongga ingkang saos wonten salebeting kagungan dalem gedhong gongsa ing sitinggil. Pinuju mentas tilas sawek medal toyan wonten sacelaking panggenan ngriku. Dipun balurut ing durjana ingkang mipi wonten sajawining konten lumebet lajeng mendhet kagungan dalem bonang kodhok ngorek. Durjana dereng kantos saged medal kaselak ingkang mentas toyan wahu wangsul. Wonten ing ngriku lajeng dipun sapa. Ananging wangsulanipun durjana boten tumonja. Asamudana saengga tiyang gendheng. Sareng pun reksa pradongga wahu sampun wespaos bilih punika durjana. Enggal dipun sikep ijen kimawon kantos dedreg. Kancanipun ingkang sami caos sitinggil sareng mireng enggal lajeng tangi atandang tulung sami ngroyok. Durjana kacepeng lajeng dipun besta. Dupi dipun takeni. Naminipun asontan santun. Wasana kanthonganing rusakan katingal wonten seratipun. Mungel tiyang wasta singa drana ingkang luwar mentas dipun krakal. Menggah aslining griyanipun saking bawah kabupaten ngampel. Ti ti.

Katandhan pun. Arja prayitna. Ing gandhekan kiwa.

Nyuwun sih pitulung saserepan

Manawi para priyantun sampun nate ngalami utawi priksa ingkang dados panulaking hama. Rayap. Rangas. Punika kula aturi paring sih amitulungi saserepan kamotna wonten ing bra martani. Supados maedahi ngakathah. Ngatasing tiyang alit utawi prayantun ingkang kenging hama punika wahu. Kang awit pagriya kula punika sami risak jalaran kadhatengan [unika wahu. Manawi panuwun kula punika wonten ingkang karsa paring pitedah ing sarat. Badhe sapinten suka pirena bingah ing manh kula. Ti ti.

Sinerat ing dhepok bale karta tanggal kaping. 17. Wula saban. Ing tahun. Jimawal. Sinengkalad. Buta sirna ngesti putra.

Katandhan ingkang sawek kawuryan. Jaya sudarma.

Andadosna pamirsa sampeyan kakang bok rara jowa. Saking genira katingal angegla yen embah jengandika kyahi panaraga sumedya boten karsa angaturi wangsulan bab pandangu sampeyan ingkang suraos kinen ambatang dongengan kalih pada. Kilap bilih katumbug ing sabab ingkang kedah anduwa dhateng babaganing suraos makaten. Ewadene saengga boten angregani cuwaning panggalih punapa datan prayogi ing sasaged saged dayaning pamabatang kula wutahaken ing ngaturan inggih punika pamanggihipun manah kinten-kinten. Makaten pambadhe kula. Dongeng kang purwa pada. Boten manawi sekar pandhan eri ingkang winestanan sekar pudhag. Dene ingkang pada pusana. Boten manawi uyah ingkang kraminipun rerem. Manjing memengsakan. Sanadyan boten naming punika wontening aturan kula kakang bok. Cecek boten sok sampuna katur.

Katandhan mas rara duryati.

Para nata ing eropah manawi anyebutakan asmanipun pyambak wonten beda bedanipun. Nanging boten wonten satunggal ingkang anjungjung dhiri. Kadosta sang prabu ing nederlan punika yen andhawahaken pangandika mawi nawala. Sesebutaning bubuka. Ingsun wilem kaping [ ] saking nugrahaning Allah jumeneng nata. saurutipun. Ing kraton ruslan atrapipun sanes kadosta. Manira iskandar kaping [ ] narendra gung ingkang bawani sarupaning bongsa rus saurutipun. Namung para ratu ing tanah indi. Punika limrah manawi paring nawala bubukaning tembung anyengkakaken sarira. Kadosta. Penget iki nawalaningsun undhang ingkang sinuhun kangjeng susuhunan saurutipun dumados para ingkang ngagem makutha wenang adamel pranatan caraning nagari piyambak-piyambak. Ingkang ounika nalika kula amaos bra martani kaping 31. Wula agustus amrangguli serat panyuka kabar. Bubukanipun mungel. Kula bendara denmas. Saurutipun. Ingkang makaten wahu sarehning kula kepengin agadhah waton mila anuwun seserepan dhateng para putus ing sastra sarta lulungidaning si larja. Punapa wajib sawiyah tiyang. Asala punapa kemawon saliyaning kang kadunungan makutha utawi calon badhe ngagem makutha. Anjungjung sarira dipun pacak ing serat pawarti. Awitipun pamanggih kula serat kabar wahu boten ngemungaken dipun waos dening para alit sanadyan para ratu inggih ugi karsa anupi basani. Lah manawi panjenengan nata utawi priyagung agung anguniangani tetembungan bandara. Punika punapa boten saru.

Pun asor.

Sayogi kaatur ing panjenenganipun tuwan redhaksi. Manawi sela ing papan atur kula puniaka nuwun kapacaka ing bra martani.

Ing saajalipun khaji mukhamad mukhtar. Abdi dalem pangulu khakim ing pakualaman. Ingkang kakarsakaken agentosi kalenggahanipun pangulu khkaim. Kawata kaji abu bakar.

Ing salaminipun kangjeng tuwan pan der el jumeneng residhen ing madiyun waradin sadaya ing pundi-pundi salebetipun paresidhenan madiyun. Anemahi gemah raharja miwah tata tentrem.

Lampah kadurjanan meh boten wonten babar pisan. Para priyantun sapangandhap katawis sami mindaking kakataberebipun.

Nahen ta nagari magetan dhasar ingkang sawahu sampun kasusra nagari tentrem awit pranatanipun kangjeng bupati. Yen wonten tiyang kapandungan lajeng angungelaken gundhala. Punapa malih tiyangipun sami sabiyantu mitulungi. Awit nalar makaten wahu kathah pandung ingkang kalingseman lajeng babektanipun. Mongka sak punika kawewahan kawasisanipun kangjeng tuwan residhen anggenipun mangun arja. Mila kenging kabasakaken kewan tansah gumelar wonten panggenan boten wonten durjana ingkang ambarak. Punapa malih tanem tuwuh sami dumugi wewangining pangundhuh. Boten wonten tiyang ingkang purun pating calandhak angundhuh tanpa tembung. Senajan barang ingkang prentah utawi kasupen kantun ing margi-margi ugi boten purun ical musna. Nanging lajeng ngatingal wonten mila temahan ing sapunika ing magetan prekawis pirampungan landrad. Meh boten wonten babar pisan ing sawulan kalih wulan destun satunggal utawi kalih ingkang makaten punikakula boten kasupen ing katauberenipun kangjeng bupatos. Awit manawi wonten babaya punapa-punapa boten tebih aneya kangjeng bupatos amasthi rawuh. Punapa malih ing wanci dalu. Kerep tindak nganglang dhateng dhusun-dhusun aniti priksa tumindakipun tiyang jagi ing dhusun-dhusun. Samanten wahu meh boten wonten dintentanpa langkungan ingkang bupatos amirsani pakaranganipun titiyang ing dhusun tuwin mriksani taneman kopi. Tentreming nagari wahu kados meh ingkang ngelani pun kangjeng bupatos. Wewah sapunika prakawis ngabotohan kartu. Sanget kangjeng bupatos amambeng. Awie sampun tetela bilih ngabotohan wahu anyunyuda tata tentremaning manah. Sanajan ing kabupaten pakempalan abingah-bingah inggih boten kenging kertu. Katingal kumlembar. Supami wonten putra santana ingkang anrajang kasukan kretu sampun tamtu manggih duduka ingkang langkung sanget.
Kula mireng pawartos. Yen raden sutandar mantri guru magetan kaliyan raden sasra subrata mantri guru kanigara. Sami anyaosaken serat panyuwun ing kangjeng gupremen sami nyuwun sakolah ing nagari wlandi. pamuji kula panuwunipun priyantun kakalih wahu sami kaleksanan. Supados ing tembe sageda amitulungi para pujongga eropah anggenipun anyebar kawruh inggih punika wijing kanugrahan wonten nunswa jawi. Katandhan sanyata.
Redhaksi boten gadhah waton anampik panjurung nginggil punika. Namung kedhik bilih tiyang angalembana ing lurah. Boten prayogi yen amratelakaken namanipu ingkang ngalembana. Tujunipun ingkang kasebut nginggil punika nama sesamaran.

Candhakipun dongeng yasan dalem ingkang sinuwun bagus
Kapatrapaken wonten ing serat wulang reh. Ing salebetipun sekar gambuh.
Ongka. 4. Kala tahun. 1742

Wuwusira sang lucita marang sang welakas angsung pemut lan angsung tuladha. Heh welakas kowe apa lali nalika si sona arsa minta sraya marang si warci. Kapurih amarwasa marang ingsun iku ya katemu turu si warci. Bareng si sona anggugah marang si warci kaget banjur amrwasa tan nganti catur pariksa. Saba si sona kurang weweka. Mongka si warci watake turu tangi tansah prayitna wus pasang gegaman sadina-dina. Bareng si sona kawarwasa kaliwat dening kalaran panangise kongsi kawruhaning akeh. Kang mangkono tuwas lara ora sida minta sraya. Mulane ngaurip kudu wruh ing watak.
Sawusira mojar sang gebayan lucita agya marepeki mring sang bujongga kang lagya sare. Lah welakas dulunen pratingkah ingsun. Kowe onoa ing ngiringan kang rada adoh. Ing semangsane si bujongga mengko krodha enggal kowe umatura lan tawang tangis. Sang welakas tumulya amituruti sang lucita nunten nitih ing gigithoknya kang lagya sare. Sang lucita tantuha rehning sang bujongga pinuju kumureb. Sang welakas kalangkung pangungunira aningali patrapnya sang lucita. Datan pisan yen kadugi. Yenta angucapa. Dene wong arep anjaluk tulung teka banget degsura pratingkah kang mengkono iku. Tan pantara dangu sang bujongga agya wungu. Kagyat dening gigithok katitiyan mring sang lucita. Sanalika sang bujongga sru bramatya. Arsa

amarwasa marang sang lucita datan saged ing reh sang lucita tan keni ginayuh. Sang bujongga gya nabda tan saririh. Hah dene si lucita wani kaliwa tanpa urus. Dumeh apa pokal kang kaya mangkene iki. Sang lucita sumahur sarya angenoraken raga. Dhuh pukulun sampun paduka enggal rudita ing penggalih. Mila patrap kula kados mekaten awit saking sanget jrih kula dhateng paduka.

Sang bujongga agya sumahur sunggal. Sira kaliwat dora cara angaku wedi marangingsun. Dene patrapira kaliwat luwih songka degsura kang mengkono dudu traping ngawedi. Dhuh pukulun manawi kula sowan wonten ing ngarsa dalem. Rehning paduka sawek sare menawi seling serep kula dereng ngantos umatur estu paduka nuten marwasa. Sinten ingkang kuwawi anadhahi sara kang wonten paduka. dumados sowan kula sumedya ngungsi gesang wusana manggih pejah. Mugi paduka sarehaken ing mangke kula matur kang pratela. Punika pun walakas inggih ugi kados badan kula mekaten. Yata sang bujongga amiharsa atur kang tembung murda piluta sanalika lilih kridhanira. Heh lucita sumewaha ing ngarsaningsun. Apa kang mawa dene padha banget nandhang susah ati. Sang lucita agya tumurun sangking gigithok gya tumameng ngarsa lan anguwuh mring sang welakas. Sang welakas gerawalan saha karuna. Prapta lajeng nunggil makidhupuh lan sang lucita. Sang bujongga gya andangu marang sang wekas heh sira jarwaha marangingsun.

Sang welakas gya umatur dhuh pukulun sang sudibya paduka kang estu kineringan dening kang sarwa tumitah. Sumarmi kula sowan akaliyan pun lucita. Badhe anunuwun pitulung panggesangan dhumateng jeng paduka. ing samangke sabongsa kawula utawi sabongsanipun pun lucita sami kuru aking reh katunan boga. Awit pandamelanipun pun dira dadagda kang murka kethaha. Rumaos sampun karenggep tanpa tandhing. Malah jeng paduka inggih ugi badhe dipun langgar. Kapurih kados kula mekaten. Sang bujongga nalika miharsa mijil kasura nira. Heh sira aja padha susah musthi ingsun tandhinge si dagda. Mongsa ana wani nanggulang liyaningsun.

Taksih wonten candhakipun.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// kinanthi //oo//oo//

// narendra putra sumujud. Mangraup pada ngabekti. Kang rama agya anyandhak. Mustakanira kinempit. Ing ngaras lungngaya nira. Kasok tresnanira kalih. // ing ngarasta kongsi dangu. Lir manekung mring hyang widi. Wusnya sigra andodonga. Sang kutub Sultan Ibrahim. Manedha kem mring kang putra. Luluse jumeneng aji. // kang umiring mring sang prabu. Kya patih lan pra bupati. Kamitenggengen tumingal. Denya jeng Sultan Ibrahim. Rawuh ira ranpa sangkan. Lan munggeng dhampar rinugci. // lan cahya nira sumunu. pratondha jumeneng wali. Kya patih ing ngawe sigra. Marang jeng Sultan Ibrahim. Kyana patih geragapan. Marek sarya mangabekti. // mwang para bupati sampun. Waradin samya ngabekti. Sawusira tata lenggah. Ngandika Sultan Ibrahim. Heh sutengsun prabu mudha. Ana karsa nira kaki.// sira mrih temu lan ingsun. Manembah sang narpa siwi. Pukulun pasowan hamba. Dumunung kalih prakawis. Rumiyin hamba sumembah. Ing pada jeng rama aji.// dene kaping kalihipun. Kawula anuwun idi. Menawi sembadeng karsa. Ulun arsa mukul nagri. Awit saking kang wirayat. Pun kaki kalinus kakim.// makaten wirayatipun. Nalika nira duk nguni. Awit eyang sultan Ngumar. Kanthi sultan ngabdul majid. Amukul nagari karsan. Duk alam sultan ismangil. // lami denya aprang pupuh. Ananging sultang ismangil tan kenging kasoran yuda. Benjing kasor ing ngajurit. Yen sampun turun ping sapta. Bedhah nagari karsani. // kang punika leresipun. Eyang sultan ngumar nguni. Turun sapta prapteng hamba. Kawular saha nuhoni. Tetepe ingkang wirayat. Dhuh jeng rama mugi-mugi. // hamba anuwun pangestu. Tedhakna lileng hyang widi. Yata kang rama ngandika. Heh wruhanta anak mami. Bener kang angsung wirayat. Ananging sarehna dingin. // tyas ira aywa kasusu. Sira amesuwa dhiri. Delingna karseng hyang sukma. Darapon tulusa kang sih. Kang putra matur

anembah. Sampun kawula lampahi. // aturira raja sunu. Yayah ameksa sakedhik. Kang rama sampun uninga. Pangandika nira aris. Heh lamun kasemon sira. Ambawah nagri karsane. // kuneng kang imbalan wuwus. Kasaru ki jenab prapti. Mwang wowolu sutanira. Mwang nakoda keh umiring. Besanya ki ngali jenab. Ki layu umanjing murid. // kang prapta samya sumujud. Ing pada Sultan Ibrahim. Sawusnya pra samya nembah. Marang sang narendra siwi. Jer sampun sami dinuga. Punika prabu taruni. // ki patih cingak andulu. Mring dhapuring ingkang prapti. Bibisik mring jaka islar. Ki patih wus den jarwani. Yen punika ngali jenab. Pepethut kecu ing nguni. // ki patih sangsaya ngungun. Angalem dibyaning gusti. Jeng sultan sepuh ngandika. Heh yaiku anak mami. Kang ngaran ki ngali jenab. Samengko wis manjing murid. // marang ing sarira ningsun. Lawan sasutane sami. Sang raja putra manembah pukun langkung prayogi. Punika yen marengena. Benjang hamab damel kanthi.// lan paman islar punika. Kawula sampun ngyekteni. Ka [ ] prarana ing ngayuda. Kang rama ngandika aris. Heh kulub wis pasthi sira. Iku kang pinaring kanthi. Yata wus antara sampun. Kang samya umanjing sugci. Sultan sepuh angandika. Heh kulub muliya nuli. Ibunira aturana. Prihen sumusul mring mami. // lan kabeh pawong sanakmu. Lan para lajering nagri. Ngiringna mring ibu nira ngiras tatemu lan mami. Wusnya titi andikanya. Gya musna sultan Ibrahim. // kang kantun pra samya ngungun. Sigra sang narendra siwi. Kalawan rakyana patya. Wus kundur marang ing nagri. Ki islar lan ngali jenab. Samya pinaring ngubanggi. // pangkat palenggahanipun. Langkung suka nira kalih. Ing mangke kinen wangsula. Marang padhukuhan sami. Rumeksa amring kang rama. Yata tanpa waneng margi. // prabu anom lampahipun. Wus prapta ing dalem puri. Gya sumiweng bgubu nira. Langkung suka prameswari. Narpa putra wunya nembah. Ngaturaken solahnya nguni.// duk panggih lan sultan sepuh. Wusna dhawuhaken weling. Kang ibu dupi miharsa. Suka nira tan sinipi. Badhe kinarya sal-angsal. Mring maru nira rasulbi.// tuwin dhawah aranipun. Kang sura adi-adi. Busekan sajroning pura ing jawi I kya patih. Wus waradi undhangira. Sekala sampun miranti. // yata enjang kang winuwus. Tindaknya sang prameswari. Anitih rata gothak. Kaliyan sang narpa siwi. Ginarbeg ing ngupacara. Tuwin ingkang para putri. // wahana jempana tandhu. Jinajaran mager sari. Tumpak blak sajroning pura. Tan wonten kang sedya kari. Miwah wadya sajro praja gumerah lir nagri ngalih. // wadya gung saengga ladhu. Kang lumampah ngarsa wuri. Punggawa para satriya. Tinata lampah ing baris. Kang wahana pangkat pangkat. Mwang pepandhen amarnani. // bandhera tunggul lelayu mwang gangsaning pra bapati. Tinabuh saturut marga. Mwang kengran kendhang saruni. Swaranira mawurahan. Wor pangriking turonggesthi. Busana bra mubyar murub. Surem sang hyang bagaspati. Jalma desa kagegeran. Kang katrajang dening baris. Wus lepas ing lampah ira. Mangkana ingkang winarni.// kang sasana mugeng dhukuh. Ngali jenab marentahi. Marang sagunging panekar. Karya pasanggrahan sami. Mwang badhe pondhokanira. Punggwa lan para mantri. // mwang jalma liyanig dhusun. Ingkang celak kanan kering. Para umbul para demang. Tampi dhawah sangking nagri. Milwa karya pasanggrahan. Gumerah kang nata weni.//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma.

Sadaya priyantun ingkang gadhah gadhuhan siti dhusun. Bawahing pabrik. Tamabak. Kebon so. Sima. Kethithang. Brajan. Baron. Pambayaripun paos awit pasokan bakda siyam tahun jimawal. 1805. Punika. Wonten kantor kula ing jebres.

Jebres kaping.4. september. 1876.
Tuwan Er weinen. (55)

Bendara denmas arya surya udaya. Asuka wuninga dhumateng para priyantun sapanunggilanipun. Yen nalika ing dinten akad tanggal kaping. 6. Wulan ruwah tahun punika. Bandara raden mas arya surya diwara. Irsntelitnan artileri. Lisiyun mangkunagaran. Seda kondur dhumateng rahmat tolah.

Mila para priyantun sapanunggilanipun ingkang sami anyambutaken dhumateng. Raden mas arya surya diwara. Ingkang mawi serat pratondha. Sarta tondha asta seratanipun piyambak. Prayogi sami kepanggiha tuwin angintuna serat pratondha. Dhumateng raden mas arya surya udaya. Kawates ing dalem. 40. Dinten. Awit titimongsa sedanipun ing ngajeng wahu. Dene yen wonten ingkang langkung wawates ing dinten. Ing nginggil wahu. Sadaya ingkang sami ngintunaken serat pratondha. Katete[aken ibranipun ing prakawis.

Katandhan ingkang dados kupmisi.
Raden mas arya surya udaya.
(53)

Lelang

Benjing ing dinten salasa kaliyang rebo tanggal kaping.12. utawi. 13. Wulan september ing ngajeng punika. Ing mangkunagaran dalemipun. Swargi kangjeng pangeran kusuma diningrat. Kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Dhwung mawi penthuk jene. Wonten ingkang kretes inten. Tuwin birliyan. Warni-warni. Pedhang. Golok. Erloji jene. Kalung tuwin karset erloji. Ali-ali mawi sela inten tuwin berliyan. Paidon selaka. Berlin tuwin tembagi. Benet kajeng sona. Jatos tuwin kajeng nongka. Bangku kajeng sona tuwin kajeng jatos. Konsoles mawi tutup marmer. Mebles damelan saking nagari welandi. Meja main. Kenap. Babut. Meja panyeratan. Meja pangraupan. Meja bunder tuwin pesagi. Rana. Meja toilet mawi lemek marmer utawi saking kajeng. Pigura warni-warni. Kaca. Lonceng. Patileman tuwin kursi saking kajeng mahuni. Patileman tuwin kursi saking kajeng sona. Patileman tuwin kursi saking kajeng jatos. Serpis dhahar. Serpis the. Salangan wawah woh-woh tuwin beri saking jene utawi salaka. Lodhong ageng-ageng. Kapal tumpakan. Kapal rakit kalayan pakeyanipun. Lembu utawi mainda. 1. Kareta pos. 1. Kareta milor. 1. Kareta kus. 1. Kareta bangku kalih. Barang tosan kangge kareta. Bekakas pandhe. Lampu grun gantung. Wudhuk tuwin lampu teplok. Kere. Lantera warni-warni. Buk wacan warni-warni. Teken warni-warni. Utawi sanesipun barang.

Wah malih

1. griya payon sirap prenah sisih kilen.
1. griya payon sirap prenah sisih kilen.
1. griya payon sirap prenah sisih kilen.
1. griya payon gendheng.
1. griya pisang salirang. Payon sirap.
1. griya pringgitan
1. griya wonten ing kampung mara kusuman.
1. gedhugan.

Para priyantun ingkang tumbas griya ingkang kasebut ing inggil wahu kapurih tumunten ngusung.

Para priyantun kenging ningali barang wahu ing dintenipun akad kaliyan senen tanggal kaping. 10. Kaliyan 11. Wulan september.

Tuwan je. Ef. We. Slut. (52)

Sadaya griya ingkang kasebut apertensi ongka. 52. Inggil punika boten sakestu lelang. Ingkang kakersakaken dados kumisi lelang.

Tuwan je. Ef. Pogel. Kaliyan. Je. Ef. We. Selut. (54)

Tuwan lingkring ing surakarta asade lot lotere iyatra ing surakarta. Regi satunggal lot 15. Rupiyah.

(51)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget. Papan tumpukan kajeng ing timuran.

(50)

Ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi pagebaki lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se e pinter
Sekrataris

(48)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 37 Kemis kaping . 14. september 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Kula wisudhan

Radeb behi nata dimeja. Guru bantu ing surakarta. Ing mangke kinawulasudha. Dados mantri guru ing basuki.

Raden mas Ismangun danu winata wayahipun kangjeng raden adipati danu reja. Patih dalem ing ngayogyakarta. Karsaning kangjeng gupremen. Kakula wisudhan dados. Twedhe komis ing kantor ageng algemene skretaris.

Surakarta

Ing bawah surakarta sesakit kasrepan utawi benter tis. Dereng wonten sudanipun. Ingkang dados rekaos sesakit wahu asring-asring wangsul. Mila ingkang kaprawasa sekalangkung lungkrahipun kawewahan samangke sakit cangkrangen meh weradin. Sanadyang boten patos anyumelangi prayogi dipun atos-atos ayingkiraken toya utawi angin sawatawis. Tuwin sampun ngantos kandhek ambubucal.

Awit saking dhawah pangandikanipun kangjeng pangeran adipati arya mangkunagara. Ing lepen kebon agung tanah mangkunagaran dikakaken anyelehi dhawahan. Dipun bawani dening tuwan pe. We. Portir. Administratur siti dhusun bawah mangkunagaran.
Wragadipun kirang langkung. 9000. Rupiyah. Sareng sampun rampung sarta boya kenging kailedaken. Saged anyarambahi sabin kirang langkung. 3000. Bahu. Pranatan kang makaten wahu pantes kapradinaken ing ngakathah. Mila sareng sampun kayektosan asilipun. Kangjeng pangeran adipati arya mangkunagara. Awit saking suka renaning panggalih. Tuwan portir wahu kaganjar yatra. 2000. Rupiyah mawi dipun ulungaken pribadi.

Porstenlanden angabaraken makaten

Wonten akhat laminipun juru bedak apyun peteng mantuk tanpa asil. Ing ngajeng angkatipun saking griya mawi mirantos ambekta wadya bala. Kadi badhe ambedhah praja. Lajeng anjujug griyanipun sawijining cina. Ing pacinan surakarta. Tanpa jinenengan konca polisi. Ing mongka cina wahu kaceluk tani. Lajengipun juru bedhag wahu. Badhe agledhah. Ananging kapambengan dening cina ingkang gadhah wisma. Sabab boten badhe tarimah. Pun juru bedhag sumelang anglajengaken sedyanipun lajeng kesah dhateng pagriyanipun litnan cina. Nanging rencangipun katilar. Juru bedhag lajeng nedha idi dhateng litnan cina. Murih sageda anggledha. Litnan cina anglenggana. Kajawi juru bedhag wahu saged angaturaken temen yen wonten apyun prteng. Ing salebeting griyanipun cina wahu. Juru bedhag boten saged anerangaken nanging saking kumecer-keceripun dhateng pituwas juru bedhag tansah apari paksa. Litnan cina tan gingsir pamadalipun lajeng anyukani rembag prayogi ngaturana uninga dhateng kangjeng tuwan residhen. Wasana kanjeng tuwan ingkang boten pisan anglampahaken angreh amabahu kapini. Wadhahipun boten ngemungaken boten karsa angideni anggaledhah. Malah juru bedhag sawadya balanipun

andikakaken enggal kesah saking griya ingkang dipun siweri. Sapintenta lingsemipun juru bedhag apyun. Lir sona ingkang kawon kerengan buntutipun angawet.

Jalaran kang kasebut inggil wahu wonten ingkang kapitaken. Dhateng anu. Ingtembe bilih wonten lalampahan apari paksa makaten kados pundi. Jawabipun.
Yen ana kang wani-wani mengkono. Kowe kudu anindakake kuwajibanmu. Wong umah-umah.
Loniku kados pundi tuwan tegese ngangge nindakaken kuwajibanipun tiyang agegriya.
Mengkota. Apa kowe duwe palang pintu.
Inggi gadhah tuwan.
Lah kuwe jajalen mulede ana ing endhase si juru bedhag kang duwe laku suwiyah. Yen kowe ora kuwagang dhewe. Jaluka tulung menyang tongga teparomu. Nanging aja geseh para juru bedhag sakanca ne aja kongsi mulih. Yen ora babak benjut. Yen ing tembe wis amrangguli mengkono mesthi yen kapok.
Lah ing mangke redhaksining porstenlanden apitaken.
Punapa leres rembagipun pun anu. Rembag kula piyambak redhaksining wus pita warti bra martani. Prayogi amradinaken lampahan kang kasebut nginggil wahu.

Redhaksining porstenlanden.

Sampun kalih dalu pajagen ing tekukan margi sekolah ana ing surakarta. Boten dipun iseni tiyang tenggag. Sarehning pajagen wahu boten kabikak kalih dene boten anyakecani bilih ngantos seweng. Mila saemper kadi kirang pangatos-atos. Ingkang punika para ingkang kuwajiban mugo anguningana. Manawi katimbang anggenipun asring-asring kapandungan ing cecelakanipun margi wahu. Boten pisan prayogi. Yen ta pajagen wahu dipun sirnakna.

Wonten kabar manawi ingkang bawani bala tontra ing tanah jawi. Ngarsakaken dhawah pangandika. Murih angrukti wadya bala sewu iji. Ingkang badhe kalurugaken ing palagan.

Kambengan ngaben sawung

Ing [ ] diningratan sarta ing cayudan surakarta. Wonten kambengan sawung mongka ingkang sami mandegani para priyantun. Para polisi ingkang kajibah ambahu reksa tata tentreming praja. Mugi aniti pariksaha awit kathah para reged ing kang anuweni kambengan wahu.

Ing cacaketaning setasiyun sepur ngayoyakarta. Samangke kathah resah awit saking lampahipun para grema ingkang ngupados apyun peteng. Boten wonten satunggal ingkang ingkang numpak sepur ingkang boten dipun anggrak. Dalasan tiyang estri dipun balojodi. Ingkang karemenan sanget para estri ingkang taksih raran. Dipun titi pariksa mawi kawudanan sarta kagrayang ngantos anglingsemaken anggepok tata krami. Ing sawijining dinten wonten lalampahan makaten panuju kasumerepan dening tuwan-tuwan satunggal. Punika ingkang mambengi. Manawi nagari karsa amulang atasing kautamen dhateng isining bongsa jawi. Lalampahan ingkang boten pantes wahu. Kedah dipun sirnakna.
Ing semarang kathah bongsa cina ingkang manjing panutan islam. Ingkang boten dhenger kawastanan sumengka pangawak braja. Saestunipun boten. Sabab sanadyan busananing cina kaselehaken wataking lintah boten pisan saged sirna. Dados anggenipun santun agami tuwin busana wahu. Namung kadamel uwot murih anggampilaken anggenira anyerot.

Lokomotif angabaraken bab satunggiling lurah dhistrik ing bawah kendhal. Ingkang sampun asring-asring dipun rengoni pinten-pinten tahun awit reged sarta boten cakep. Punika samangke karsaning parentah ageng ing betawi. Awit saking atur panuwunipun kangjeng tuwan residhen semarang. Dipun pocot sakala mawi nawala kentheng saking betawi. Satampining telegram elet kalih dinten pun wadana sampun kambang medal sagenten dhateng nagari batawi.

Ing bawah prayangan dereng dangu wonten bupati dipun lerehi. Anjalari tiyang alit wewah ajrih asihipun dhateng gupremen. Manawi prakawisipun wadana kang kasebut ngajeng wahu. Dipun kencengaken papriksanipun punika inggih badhe saged anyengkakaken kaluhuraning gupremen. Krana tindak ingkang mratandhani kencenging adil makaten awis kapireng.

Serat saking kendhal ngabarake makaten

Nalika ing dinten senen kaping. 4. September wanci dalu ing mongka jawah deres ing kitha kendhal kaget awit saking rawuhipun kangjeng tuwan residhen. Salajengipun samadyaning dalu. Kangjeng tuwan lajeng kondur malih dhateng semarang. Wasana kapirengan ing ngakathah. Bilih praptanipun kangjeng tuwan wahu angrampungi nalar ingkang salangkung prelu. Jalaran wonten dhawah timbalan saking parentah batawi. Sarana serat kentheng. Manawi wadana ing dhistrik boja. Atmajanipun bupati ing semarang dipun undur saking pangkatipun mila elet satengah jam malih. Kangjeng tuwan residhen sampun bidhalan dhateng kendhal sarta amranata pribadi.

Karsanane nagari wadana wahu lajeng dipun angkatna dhateng betawi mawi bahita latu ingkang mangkat tumunten mila angkatipun nalika ing dinten tanggal kaping pitu. Dipun suprih lerepa ing betawi angentosi rampungipun papriksan.

Ing ngajeng sampun kayekten bilih wadana wahu nalika wonten ing bawah salatiga. Sampun nate adamel resah. Awit palimarmaning nagari dipun pindhah ing bawah kendhal. Ing ngriku meksa boten ewah lampah tingkahipun saengga lurahipun boten saged amujadahi anggenira angaturaken regedipun wadana. Suprandene taksih langgeng anggenipun dados wadana. Mila sapisan punika karsaning nagari sakalangkung dipun puji. Kebat acukat tur santosa tindaking gupremen. Anjalari dados kautamen ngatasing para priyantun jawi utawi tiyang alit.

Patih semarang nalika ing dinten salasa kaping. 5. September. Ajal. Jalaran saking weteng. Suraosipun nagari kaecalan abtenar. Ingkang kathah kawagedanipun. Ing ngajeng wonten bawah purwadadi. Wekasan wonten ing bawah kabupaten semarang.

Bupati ing semarang awit sampun lami anggenipun gerah. Samangke kaparingan pami tigang wulan. Dhateng siti rapi. Murih amulyakaken sarira.
Dene wadana semarang anggentosi dados wakil patih. Ngiras amakili bupati ing semarang.

Ing serat bra martani ongka. 36. Redhaksi kapara amahoni panjurungipun ingkang nama sanyata. Awit suraosipun tan liya. Angalembana dhateng inggil-inggilanipun. Sarehning katemben mila panjurung wahu dipun pacak.
Ing mangke redhaksi tampi malih panjurung saking sanyata ing nagari magetan ijemanipun meh nunggil amewahi kawicaksananing lurah ira. Ing saupami panjurung wahu kalajeng dipun waradinaken badhe anjalari dados gangsulipun para lurah sanes ingkang nunggil pangkat. Tegesipun badhe angandhahaken dhateng kaluhuraning sasami. Aliya saking punika. Panjurungipun sanyata kapesthekaken boten badhe dados sarju utawi kaparengipun ingkang dipun alembana. Mila ing suraos nalar makaten wahu kedah mawi weweka sarta pangatos-atos. Tuwin engeta dhateng paribasan. Umpak makaten kedah timbang kaliyan ingkang dipun umpak manawi ngantos kawraten sok asring angetebi umpakipun. Sarupuning barang ingkang kaladuken amurugaken kogug.
Sarehning sanyata emperipun wegig mila redhaksi angrembagi. Kasugiyaning kridha. Liyaning pangalembana. Mugi dipun lahirna.

Candhakipun dongeng yasan dalem ingkang sinuhun bagus
Kapatrapaken wonten ing serat wulang reh. Ing salebetipun sekar gambuh
Ongka. 4. Kala tahun. 1742.

Sang bujongga angandika heh lucita karo si welakas sira padha umintara talikanen si dagda menawa ana katon ing dudunungane kono kowe inggal baliya tutur marang ingsun. Kang musthi ingsun tumuli tumandang angembari kaprawirane si dagda. Sang bujongga sawusira mojar nuli gereng gereng lan garunengan. Ah ah si dagda sita sita temen. Baya ngandelake gung birawa kinapiyang dening sang prabu sumarma tanpa kekering. Lah iya bakal bilahi sira. Sang lucita lan sang welakas amiharsa garunengan sang bujongga sakalangkung suka wiraos kang makaten rumaos amewahi kencenging pamrih.

Saksana sang lucita lan sang welakas agya mintar analika mring sang dagda. Dupi prapta kapinujon sang dagda sampun dangu anggenira angupaya marang sang welakas saba sakalangkung cuwa maksih adon tahonta. Sawarnaning rurungkut ing obrak-abrik lan ambebedholi tutuwuhan ing ngundha-undha swara genturan. Ing sakawontenanipun ing ngriku. Agung alit kuwur kawur kabirasat mring kridhanira sang dagda. Sanadyan sang prakal balan sangandaka kang sampun kawical kineringan suprandene kalunglud lumajar tanpa panggah.

Yata sang lucita dupi uninga agya mangatak marang sang welakas heh welakas agya paguten kridhane si dagda. Sira den bisa tandang kaya manuntun si dagda prihen teka mring panggonane si bujongga. Lan sira yen umagut sapisan iki bakal katon kaprawiranira. Lah dulunen iku kang padha gagah prakosa temah tanpa daya maongka sira wani ananggulang saiba kaluhuranira payo wetokna kenthingira kang pramati. Sang welakas tyasira kadya inguger myarsa sabdaning sang lucita. Sang welakas entyarsa mangsah umesat kadya solah matandhak.

Dupi pagut sang dagda angrik kadya gurnita lan angikal gorarupa. Heh welakas ing saiki antakanira mangusiya marang endi pasthi kagem dening ngastaningsun. Sang welakas anahuri lan mangun wigena malang megung angewaniah tongong mokal sira bisa amarwasa marang ngingsun. Payo ing kene tekakena kaniyatanira. Dupi pareng marepak sang welakas pinupuh ing gora rupa tandang indha mangiwa manengen sebrang sebrung akesit kadya thathit maputeran. Sang dagda anyarempeng malah gung kasliyo. Yata sawarnaning bongsa kang samya uninga mangungun lan mangalembana marang sang welakas.

Yata sang lucita agya lumajar wangsul artur uninga marang sang bujongga. Dupi prapta ing ngarsa umatur lan megap-megap kadya reh maketer ing tyas. dhuh pukulun kauningana punika pun welakas sampun ananggulang dhateng kridhanipun sang dagda. Ananging kilap pejah utawi gesangipun ing reh sumengka ing tatandingan. Sang bujogga langkung kagyat pagene nganggo wani ananggulang wus musthi si welakas bali bilahi. Sang lucita agya umatur estu pun welakas yen tiwas manawi jeng paduka boten enggal paring pitulung. Sang bujongga krodha mesat lumepas kadya andaru lumampah. Lan prabawa gora sabda karya cingak mring sakathahe kang tumingal.

Wahu sang bujongga dupi prapta aningali kang maksih ayuda brata sang dagda lawan sang welakas dangu sapu[ ] ran rok silih ukih dereng wonten ingkang kasoran. Sang bujongga agya umangsah tanpa sebawa. Sang dagda kalenan datan uninga yen tinambuh ing prang. Pijer anguber-uber marang sang welakas sang bujongga agya amarwasa marang sang dagda. Sara kang langkung dupi sang dagda kataman ing sara. Kang kaprawasa kaleres suku alumba-lumba lan mangdhuh-adhuh ing reh pangrebdaning wisara akarya rapuh ing ngongga dadya gora rupa sah sangking ngasta. Lan sang dagda anjejer gumeter. Sang welakas uninga yen sang dagda sampun kasakitan pagulawat.

Sang welakas suka-suka atatandhakan amubengi marang sang dagda. Dene sang bujongga amerepeki karsa andulu tingkahnya sang dagda. Dupi parek sang dagda angekasaken ongga denira mrih bela. Sang bujongga keni sinahut ing ngidak mustakanira. Sruning pamidih kongsi angremukaken mustaka. Puwara sang bujongga sampun palastra. Dene sang dagda genira badhe rebah mangangkah kalimpenipun sang welakas kang suka mubeng tetandhakan dupi kapareng munggeng ngiringan sang dagda angebruki marang sang welakas. Rehning sang dagda langkung genga inggil lan awrat. Sang welakas dupi karebahan kapisanan pasambat ing wusana tiga-tiga sareng palastra.

Taksih wonten candhakipun

Nyuwun serep kridha kaliyan krudha. Bedanipun punapa redhaksi Pamanggihipun tiyang kina. Menggah sanesipun miraos. Kridha. Kalayan. Krodha.
Kridha punika dipun westani sembada. Tegesipun nepsu dereng kawedal. Krodha punika dipun westani sebawa. Tegesipun nepsu kang sampun katingal. Punika kula sumongga.

Punika ikang kapatrap ing wulang dalem sekar gambuh kang kaping catur
Suraosipun kados kados ngandhap punika
Aja arep nganggo watak kang tetelu iku

//gambuh// sekar gambuh ping catur. Kang tinutur polah kang cinatur. Tanpa tutur katula-tula katali. Kadaluwarsa katutuh kapatuh pandadi ewoh.// aja kongsi kabanjur. Barang polah ingkang pora jujur. Yen kabanjur sayekti kojur tan becik. Becik ngupayaha iku. Pitutur ingkang sayektos.// ana pocapanipun. Adiguna ngadigang adigung. Panadigang si kidang adigung ngesthi. Adiguna ula iku. Telu pisan mati sampyuh.//

kawujudanipun dongeng nginggil punika.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
// Sinom //

// pasanggrahan sampun dadya. Binusanan sarwa edi. Mwang sampun rakit sugata. Wahu jeng sultan Ibrahim. Dupi nganggah ing panti. Rara sulbi munggeng ngayun. Lawan ki jaka islar sang prabu ngandika aris. Heh suliyah mengko sira dhedhayohan. // yayi prameswari prapta. Iya ing sadina iki. Akanthi sang narpa putra. Lawan si rakyana patih. Ing samangko meh prapti. Wis parek kalawan dhukuh. Yata rara sulbiyah. Manembah umatur raris. Dhuh pukulun kang mugi-mugi parenga. // kadhu lalawan pun islar. Nuwun methuk wonten margi. Mrih agal lepat kawula. Lan wajib tamiyan gusti. Kedah-kedah ngabekti. Wonten madyaning delagung. Nunuwun pangaksoma. Naraendra mecem mangsuli. Ya wus bener mungguhingku karepira. // nanging saruti ningalan. Rehning keh wadya umiring. Abecik sira methuka ing latar pintu sawiji. Kaya tan dadi runtik. Yayi sori tyase punjula. Wanita ambegsanta. Para marta sih ing ngabdi. Wis kacetha reh ayu widagdeng karsa. // sira ni rara sulbiyah. Tumungkul dahad prihatin. Mangkana osiking nala. Anebut kang murbeng bumi. Dhuh hyang kang maha sugci. Dosamba paduka lebur. Ing warni kang kalih bab. Ing reh tumuruting gusti. Ingkang estu sikusaru sumakeyan. // jalma papat tanwrin ongga. Kawula kaliwat saking. Mahayun netepi papa. Temah pinidih ing gusti. Tur gusti guru dadi. Paran gen datan tumurut. Dhuh dhuh kang maha mulya. Kang tan kilap saosiking. Amung tuwan kang karya papa lan mulya. // yangise rara sulbiyah. Kang munyeng daleming batin. Sang prabu kadya wus wikan. Nulya angandika aris. Heh islar dipun aglis. sira lawan sakancamu. Miwah si ngali jenab. Mapaga mring suta mami. Prabu anom ing samengko nuli prapta. // ki islar matur sandika. Agya mijil angundhangi. Jalma dhukuh wataranya. Kalih ewu kinen nyangking. Dapegam miwah warih. Binubuhan anyapikul. Dene ki ngali jenab. Ngundhangi juragan sami. Kinen methuki marga atur inuman. // mwah who-who kang mawa tirta. Pra juragan minangkani. Sagung woh munggeng tetalam. Weneh bokor penuh asri. Kang badhe mring pra gusti. Sinasab ta luki alus. Tenongan jojodhangan. Gumerdeg samargi-margi. Kawuwusa sira nira rasulbiyah. // kang rumaras sajroning tyas. gya ngrasuk busana mayit. Dinulu amelas sarca. Cahyanira anglelentrih. Kacihan pasrah pati. Marang prameswari prabu. Bombrong tanpa siyaga. Nanging temah ngrespateni. Raras rume kadya kumarumusthika. // wedana kang mindha wulan. Tuhu lamun busanani. Asrining jagad wiryawan. Tangeh antuk angulati. Kang kadya rara sulbi. Saking sih ira hyang agung. Sinung warna mangkana. Karya ganjaran sayekti. Nasta panyasri naranata sulbiyah. // sultan Ibrahim tumingal. Katarik welasing galih. Wus lenggah sri naranata. Munggeng madyaning pandapi. Mangkana kang winarni. Wadya kang

lumakweng ngayun. Dadya cucuking lampah. Sekawan para bupati. Sampun prapta sawadya umyang gumeruh. // pinethuk mring jaka islar. Ngaturan sugata warih. Weradin sawadya nira. Punggawa satunggal angling. Heh adhi wonten pundi. Panggenanipun sang prabu. Ki islar atur ira. Punika lenggah jeng gusti. Wonten bale samadya wisma ing ngarsa. // punapa boten lajenga. Sagunging para bupati. Punggawa pangarsa mojar. Mangke anganti kya patih. Boten kenging nglangkungi. Marang kang dadya pangayun. Ngabegti mring narendra. saksana wus den aturi. Pasanggrahan satepining kang wiwara. // ganti-ganti ingkang prapta. Wadya gung kagiri-giri. Swarane umyang gumeruh. Kadya prakempa kang bumi. Ki islar angturi. Kang para bupati kumpul. Miwah para satriya. Wus manggih papan miranti. Wadya alit suka wus sinung dunungan. // mangkana sang prameswara. Kalawan sang narpa siwi. Kang nitih rata rinengga. Upacara amarapit. Ing wuri kyana patih kang umiring kadya ladhu. Yata sang prameswara. Dupi celak pintu jawi. Sigra tedhak kalawan sang raja putra. // ki islar sumingkir nebah. Ing ngawe mring raja siwi. Angesoda nembah-nembah. Raja putra ngandika ris paman iriden nuli. Ingsun kalawan jeng ibu. Nembah ki jaka islar. Mangkana nira rasulbi. Kang amethuk satepining palataran. // lan bapa kyahi kajinah. Nyahi kajinah tan kari. Titiga prasmya mendhak. Tindak seng prameswari. Sira nira rasulbi. Tumungkul anglir sumujud. Ing batin pasrah jiwa. Rehning tindaking pawestri. Bok kasereng tyasira sang prameswara. // sang raja putra tumingal. Mring kang methuk sujalma tri. Sampun andugi ing nala kalawan ira rasulbi. Kang ibu den aturi. Dhuh ibu wetawisipun. Pun bibi kang umapak. Wonten satepining kori. Prameswari kagyat tindak gerawalan. // wus manjing jroning wiwara. Pamethuke rara sulbi. Manembah nungkemi pada. Sarya waspa nira mijil. Wahu sang prameswari. Gupuh denira angrangkul. Ngandika lir nembrama. Lah ta iki kadang mami. Ingkang welas marang ing sarira ning wang. // dhuh dhuh ya pagene sira. Abusana cara mayid. Karya rudahe tyasing wang. Mamelas kadangku iki. Tan pisan-pisan mami. Adarbe yasaking kalbu. Malah gung kapotangan. Tumungkul nira rasulbi. Tanpa nabda mung waspa nira drawayan. // ki kajinah nyi kajinah. Mendhak arsa mangabekti. Andugi sang prameswara. Lamun sang martuwa kalih. Ngandika prameswari. Lah ta paman sampun-sampun. Ngabekti mring kawula. Bok kasereng mring sang ngaji. Jer kawula abdine mantu andika. // saksana sang prameswara. Nira rasulbi kinanthi. Langkung jrih nanging pineksa. Sadaya kang para cethi. Santana para putri. Umiring mugenging pukur. Ngungung sagung wanodya. Umiyat mring rara sulbi. Datan ing wang kalawan sang prameswara. // kadya kartika sasaman. Tuhu lamun busanadi. Asrining jagad wirya wana. Garwa sang kutub narpati. Sampun amratandhani. Sih ira sang murbeng tuwuh. Mring prabu waliolah. Mangkana sang garwa kalih. Lampahira wus prapta ngarsa narendra. // sang prabu entyarsa mulat. Mring garwa sang prameswari. Mangalem daleming nala. Tuhu yen putri linuwih. Wigyadenya norasih. Katonton resep mring maru. Yata sang prameswara. Mesem sarya angabekti. Sri narendra uninga eseming garwa. // las-ulas anduki prana. Samya suka nireng galih. Mangkana kang samya prapta. Sadaya sampun ngabekti. Ngandika sri bupati. Sulbi aturan agupuh. Gustimu manjing wisma. Saksana lumeser kalih. Manjing dalem ing jawi kadya kasmaran.//oo//

taksih wonten candhakipun.
Raden panji parta kusuma.

Sadaya priyantun ingkang gadhah gadhuhan siti dhusun. Bawahing pabrik. Tambak. Kebon so. Sima. Kethithang. Brajan. Baron. Pambayaripun paos awit pasokan bakda siyam. Tahun jimawal. 1805. Punika. Wonten kantor kula ing jebres.

Jebres kaping. 4. September. 1876.
Tuwan er. Weinen.

Bendara denmas arya surya udaya. Asuka wuninga dhumateng para priyantun sapanunggilanipun. Yen nalika ing dinten akad tanggal kaping. 6. Wulan ruwah tahun punika. Bandara raden mas arya surya diwara. Irsntelitnan artileri. Lisiyun mangkunagaran. Seda kondur dhumateng rahmat tolah.

Mila para priyantun sapanunggilanipun ingkang sami anyambutaken dhumateng. Raden mas arya surya diwara. Ingkang mawi serat pratondha. Sarta tondha asta seratanipun piyambak. Prayogi sami kepanggiha tuwin angintuna serat pratondha. Dhumateng raden mas arya surya udaya. Kawates ing dalem. 40. Dinten. Awit titimongsa sedanipun ing ngajeng wahu. Dene yen wonten ingkang langkung wawates ing dinten. Ing nginggil wahu. Sadaya ingkang sami ngintunaken serat pratondha. Katete[aken ibranipun ing prakawis.

Katandhan ingkang dados kupmisi.
Raden mas arya surya udaya.
(53)

Tuwan lingkring ing surakarta asade lot lotere iyatra ing surakarta. Regi satunggal lot 15. Rupiyah.

(51)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget.
Papan tumpukan kajeng ing timuran.

(50)

Ingkang nguwasani lotere iyatra ing surakarta angaturi uninga para priyantun sadaya menawi pagebaki lotere I wahu sampun katamtokaken benjing tanggal kaping. 25. Wulan september ngajeng punika.

Tuwan se e pinter
Sekrataris
(48)

tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkanh kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Dlancang kangge serat iber-iber warni-warni. Sakelangkung prayogi kadamel serat ulem-ulem
Enpelop warni-warni
Album mawi gambar sorot. 50 iji. (sadaya gambar wadi) regi satunggal album. 50. Rupiyah. Prangko pos 55 rupiyah.
Babad tanah jawi. Wiwit saking nabi adam dumugi ing tahun. 1647. Boten mawi kasekaraken. Regi satunggal buk. 15. Rupiyah. Prangko pos. 18. Rupiyah.

(19)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk.

(4)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.
Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.
Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.
Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.
Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni

Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni
Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 38 Kemis kaping . 21. september 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Pamainipun lotere iyatra ing surakarta sampun katamtokaken benjing ing dinten senen tanggal kaping. 25. September punika wanci jam. 10. Enjing. Ing griya pamulasaran lare ing surakarta.

Surakarta

Ing bawah surakarta samangke sampun wonten kintunan jawah. Ing mongka katiganipun sakalangkung landhung. Mila kathah sasakit. Dene jawah kintunan wahu sampun limrah salong amikantuki. Ing salong anjalari sakit kasrepan awit saking hawaning siti. Ing pakampungan kathah ingkang pating galereng. Liyanipun para alit para sugih utawi tiyang ingkang nyekapi. Ugi kathah ingkang ginanjar sakit. Owel ing surakarta boten wonten dhokter tiga sakawan kados ing ngayogyakarta. Tur manawi katimbang ing surakarta. Kaliyan ngayogyakarta. Meh tikel tiga. Ageng ing surakarta. Mongka samangke kawontenanipun. Namung wonten dhokter kakalih. Ing mongka ingkang satunggal dhokter benteng. Mila ewed bilih dipun suruhi dhateng ing panggenan kang kapara tebih. Dene ingkang satunggal malih. Dhokter kratonan sarta mangkunagaran garapanipun awrat boten kenging dipun jujug manawi wonten prelunipun. Mila pandugining tiyang kathah. Bok inggih wontena dhokter ingkang purun awisma ing surakarta. Kalih apesipun satunggal malih saemper boten badhe kikirangan padamelanipun.

Nalika tanggal kaping 29
Agustus salebeting dhusun trani bawah karang gedhe
Surakarta

Wonten lalampahan kapara angumunaken. Wonten pandung malebet ing griyanipun embok marta leksana tiyang tani. Ing mongka enjing enjing. Ingkang gadhah wisma tangi aningali wonten tiyang lajeng dipun uleng rambutipun durjana dipun jambak sarta acerek-cerek nedha tulung. Pun durjana ngunus pangot kadamel nangkis anjalari embok marta leksana tatu wolung iji. Nanging namung satunggal ingkang kapara anteb suprandene durjana boten ucul. Sareng tongga tapalih sami dhateng tandang. Pandung saged ucal saking pangukelipun embok marta. Sarana rambuting durjana katigas. Tigasaning rambut taksih dipun gegem sarta dipun damel pratondha kakendelaning estri. Pun durjana saged oncat gegundhulan ingkang punika kedah angyitkani rangkep sabab badhe alalawanan pethut gegundhulan amasthekaken manawi asring asring marucut dipun cepeng.

Nalika wiwitipun wulan punika. Tiyang nama karya wijaya. Dhusun bengle caket karang gedhe. Dhawah saking uwit aren lajeng kapisanan.

Nalika ing dinten setu kaping. 9. September para priyantun sami katingal aniti pariksa kawontenenipun kreteg gantung ing surakarta. Dene papriksan wahu. Punapa awit saking gigineman ingkang asring-asring dipun pratelakaken salebeting serat kabar. Utawi awit saking atur panuwuning arsitek dalem. Punika dereng saged amastani.

Manawi boten lepat kabaripun kreteg wahu badhe kasantunan tosan mawi saka wesi. 72. Sarta sesekaran. Angemperi kados panggelaring lentera kathah. Saiba endahipun.
Menggah punika dipun mulyakaken utawi boten maksa kedah dipun dandosi. Awit dereng dangu sampun wonten kuda-kuda ning kretek wahu. Ingkang gregeli dhawah mangandhap pinuju ing ngajenganipun tiyang estri. Ingkang badhe anglangkungi kretek gantung wahu. Pamujining ngakathah mugi arsitek dalem angreksaha sampun ngantos wonten tiyang kabilahen sanadyan kretek wahu dipun bibrah ababar pisan. Inggih luwung makaten katimbang genging sumelang.
Wonten ingkang cariyos bilih ing mangke yatra ingkang medal saben wulan kadamel wragad amulyakaken kagungan dalem gedhong sarta kretek sapanunggilanipun. 4000. Rupiyah. Wah kenging mendhet kajeng jati. Tanpa prabeya. Ing mongka kala ngajeng. Namung kaparingan wragad 3000. Rypiyah. Sawulan. Boten wonten wewahipun.

Ing bawah wana giri nalika kaping. 4. Tuwin kaping. 7. Wulan punika. Kraos lindhu. Ebahipun ombak-ombakan. Saking kilen dhateng wetan.
Nala dongsa abdi mangkunagaran ing jumantara. Kadhawahan alu pirantos panggilingan kopi. Saengga tugel darijinipun kalih. Tangan tengen.

Serat saking salatiga angabaraken manawi anggenipun nyuwun pamit bupati semarang. Sarta anyingkiraken wadana ing boja. Nalar kakalih wahu manggepokan kaliyan prekawis kadurjanan kecu. Ingkang kawentar pundi-pundi. Ing griyanipun nyonyah op salatiga.

Jampi kasrepan

Wonten ingkang sanjang. Godhong ponca sudani dipun damel wedang sarta dipun ombe kadi teh punika amitulungi jalaran riwe medal paruntusan. Nanging kedah ugi anjageni. Sampun kantos kendhat ambubucal.

Wonten tiyang jawi badhe anglampahaken apyun peteng. Punika nalika dinten akhat tanggal kaping. 10. Malumpat saking kreta sepur. Antaraning surakarta dhateng lepen yasa. Dhawahipun mangandhap katenggor ing atos lajeng kalemper. Wasana upsinder sepur nama tuwan dhe dhateng. Tiyang ingkang badhe oncat kapanggih taksih boten enget lajeng dipun pitulungi. Kabekta dhateng setasiyun saking ngriku dipun bekta kapasrahaken dhateng polisi. Nalika kasumerepan dening upsinder. Ing gegeripun tiyang wahu katingal mandhukul. Sareng kapariksanan kawontenanipun apyun kirang langkung sakati.

Saret kabar deporstenlandhen angelikaken. Manawi ing margi caket ing gedhong pangecapan surakarta. Bilih sampun remeng-remeng. Asring katingal wonten tiyang jaler rasukanipun pethak terkadhangan mawi asikep dadamel. Tiyang jawi wahu lampahipun tarutusan angiyog-iyog sawarnining kori griya. Dene sedyanipun sumongga kagalih.

Serat kabar deporstenlandhen angabaraken

Makaten

Bubuka

Sarupining tiyang ingkang dudunung ing indi nederlan wajib anyuwun dipun bahu reksa. Awak sarta barang darbekipun.
Anenggih para tiyang boten lepat anggenira anggadhang-gadhang ambek santanipun kangjeng tuwan residhen lamres.
Wonten kabar etukipun santosa. Bilih kangjeng tuwan angarsakaken kinen aniti pariksa kenceng. Bab lampahipun cong cun pak apyun. Anggenira sakama-kama manawi anggledhah. Sarta para polisi jawi tuwin cina. Kapurih anetepi panggeran pakabaran cong cun walandi samangke badhe dipun pradata kriminil awit anggenipun lampah sakajeng-kajeng.

Kangjeng tuwan residhen saking pakabaran. Sampun andhawahaken parentah dhumateng para asisten residhen kinen anilingaken ngatasing warti bilih bandar apyun samangke awade apyun mentah sarta apyun kothokan. Anjalari kathah ingkang anglanggar reglemening pamadenipun apyun. Punapa dene malih para asisten dipun dhawahi kinen amariksani kenceng. Bab patiken peteng. Kang anjalari ambibrahaken rembagipun tiyang. Wasana samangke dipun entosi. Jebuling serat dhawah wahu. Ngiras badhe andhamangaken dhateng sawiyah tiyang. Bab lalampahan wahu.
Nahan ing mangke kula kadereng awawarti. Bilih kula tampi serat saking samarang sarta batawi. Ingkang kintun sami priyantun pujongga kang sampun kasusra. Ijemanipun angalembana dhumateng tuwan asisten residhen mister mates. Dipun wastani anggenipun jumeneng asisten residhen ing surakarta. Amurugaken bathi. Boten ngemungaken ngatasing padamelan nagari. Sanadyan ngatasing tiyang amimitran inggih ugi amikantuki.

Kuneng kula kadereng angengetaken tatembunganipun kangjeng tuwan mister dherkin deren. Suraosipun. Boten wonten praja saged tata tentrem manawi boten angiyomi isining tiyang sarta barang darbekipun. Sarta boten badhe wonten tata krami. Boten badhe tuwuh. Sarta badhe sirna karaharjaning praja. Manawi pangiyoman wahu. Boten kaopenen
Wasana kula boten sumelang malih. Manawi kangjeng tuwan residhen sampun anguningani labetipun. Amasthekaken lajeng karsa amranata. Murih sampun ngantos wonten lalampahan sakajeng-kajeng malih.

Tiyang cina anama tan lahi sun ingkang sadangunipun salami nira agegriya ing surakarta. Katengeran prayogi lampah tingkahipun. Cina wahu nalika wanci enjing tanggal kaping. 8. Wulan punika dipun anggrak ing wingking mangkunagaran dening cong cuni pak apyun sarta dipun titi pariksa apari paksa. Tumunten enggal pun cina anuwun adhil dhateng nagari. Ngatas lampah sakama-kama makaten wonten ing madyaning radinan ageng. Manawi lampah ing cong cun kang makaten tanpa dipun pambengi. Badhe boten wonten cina utawi bongsa jawi. Ingkang tanpa sumelang.

Salebeting sadinten kalih dinten rad panjustisi ing samarang badhe amradata. Satunggiling prakawis ingkang kapara anteb. Nalaripun makaten para tuwan administraturipun kangjeng pangeran adipati arya mangku nagara. ingkang darbeni wajiban anindakaken polisi utawi justisi pyambak. punika liyanipun padamelan tanem tuwuh. Inggih dipun bebahi anindakaken polisi. Ing salebetipun bageyanira sowang-sowang. Dene panguwasa wahu. Namung wajib anyepeng durjana sarta para awon ingkang langkah panggeran. Punika dipun cepenga lajeng kalajengna dhateng lurah redi. Murih dipun panca sana sarta dipun ukuma ing ngriku. Ingkang punika para administratur sami anyadhiyani panggenan kadamel ngunjara para awon sarta dipun reksa ing tiyang.
Sampun makina-kina makaten tindakipun boten wonten satunggal ingkang mastani lampah suwiyah. Wasana wonten satunggiling tiyang jawi ingkang asring bombong paben para paben. Tegesipun prakawis reged. Punika panuju salah tingal bilih saking wonten pituwasipun. Ambebolehi dhateng sawijining arestan ingkang sampun luwar kawan tengah tahun laminipun. Dipun purih matura ing parentah manawi boten tarimah ing mongka nalika samanten ingkang jumeneng asisten residhen ing kawispandhan sawek enggal-enggalan dados asisten.
Kuneng tuwan asisten residhen sanadyan kapara kaweken prakawis wahu kaaturaken dhateng kangjeng tuwan residhen kukheniyus. Lajeng kemawon prakawis wahu dipun tindakaken.
Kangjeng pangeran adipati arya mangkunagara ngantos anembung pyambak dhateng residhen manawi para administraturipun kadunungan kuwajibaning polisi. Sabab prelu sarta anyumelangi bilih dipun sirnakna kuwajiban wahu kalih dene malih kangjeng pangeran adipati angesahaken bilih para administraturipun dipun anggep redi.

Sinten-sintena ingkang jujur panggalihipun amesthi tarimah makaten. Dene manawi dereng kapanggih ing rembag destun kangjeng pangeran adipati. Dipun tembunga. Utawi dipun dhwahan. Para administraturipun dipun kesuda ing kuwajibanira anglampahaken polisi. Nanging residhen kukeniyus karsanipun sanes. Sabab tiyang jawi ingkang ambobolehi kasebut ing ngajeng wahu mandhak dipun pitulungi anjalari administraturipun kang mangkunagaran tunggal ingkang anetepi dhawah saking nginggil dipun pranata kaaturaken ngastaning rad justisi.
Wasana prakawis wahu andadosaken gumuning tiyang kathah. Saemper kadi nalika palamanipun residhen kiwen isen. Meh sami watakipun kados residhen kukeniyus. Samanten inggih wonten prakawis ingkang meh makaten. Wekasanipun walandi ingkang kapranata dipun tutup sawulan laminipun.
Bandar cinten ing sabrangan juruk ing ngajeng dipun dhawahi anetepana semanggemanipun nyadhiyani bahita sasak. Ugi pun bandar lajeng anetepi. Wasana amurih bahita wahu dipun anggeya dening para tiyang alit bandar andarbeni tarekah. Sarupining margi alit-alit ingkang anjog dhateng panggenan ingkang ethek dipun dekeki eri. Lah punika sumongga kagaliha pantes utawi botenipun.

Prabu murad ing praja gung turki boten langgeng anggenira jumeneng narendra. samangke sampun seleh kaprabon. Ingkang dipun jumenengaken anggentosi. Jeng pangeran abdul amid.

Kangjeng tuwan se. boser direktur binenlan sebestir. Awit saking panuwunipun pyambak. samangke karerehaken sarta kaparingan pensiyun. Ingkang kakarsakaken gumantos jumeneng direktur binenlan sebestir kangjeng tuwan eni. Ing ngajeng jumeneng sekretaris jendral pan koloni.

Kangjeng tuwan mister altingmis. Ing ngajeng jumeneng presidhening rat pangadilan ing indi nederlan. Samangke pamit wonten ing eropah. Karsa dalem sri maha raja. Kajungjung jumeneng minister pan koloni.

Lokomotip angabaraken tampi serat saking surakarta. Suraosipun makaten.
Tuwan bul singluwen praptanipun ing surakarta sasat tanpa sangkan. Angkatipun dhateng semawis inggih ugi kendelan inggih tuwan wahu sampun kasusra tandhan anggenipun purun bela. Nalika perang wonten ing ngaceh. Suprandene boten kabawah kaprentah. Namung saking karsanipun pyambak mila ngantos tampi ganjaran bintang wilem seurdhe. Sarta tetenger sanes-sanesipun.
Anggenipun tutuwi ing surakarta. Awit saking pangajeng-ajengipun kangjeng pangeran adipati arya mangkunagara. Badhe karsa awewanuhan kaliyan tuwan bul singluwen. Mila sareng lerep ing dalem karesidhenan surakarta. Lajeng dipun tuweni dening kangjeng pangeran adipati. Sakarerehanipun para upsir sadaya. Saiba suka renaning sang ambek marta. Para upsir ing loji ageng sawadya balanipun. Sami ngatur kormat serenadhe dhateng tuwan wahu.

Surakarta

Kala salasa kaping. 19. September punika wanci jam ½ 2. Siang. Raden atma dikara urdenas kasepuhan puput yuswanipun tilar dunya mantuk dhateng kalanggengan salajengipun kapetak wonten ngastana karta sura. Menggfah rerengganing pametak kenging kawastanan samuwa. Ingkang punika mugi andadosna sumerepipun para mitranipun sadaya.
//pukulun kang bela sungkawa ing kalbu. Madyas tungkara kang lalis. Tumameng ngarsa hyang agung. Mugi sinung pradana sih. Rata jati neng kadhaton.//
// I // katandhan rudita.

Redhaksi dherek margiyuh amyarsakaken tilaripun raden behi atma dikara. Mugi-mugi pinaringan margi ingkang padhang. Sarta dipun ruwat pidosanipun tuwin ingkang tinilar kantun

kaparingana iman ingkang santosa.

Redhaksi

`

Panjurung : bangil

ingkang serat. Saha kairingaken. Ingkang tabe akathah rinengga sagunging pakurmatan. Ingkang mugi-mugi kaatur ing panjenenganipun tuwan jonas portir enko. Redhaksi saking srat pakabaran. Bra martani. Ing nagari surakarta adiningrat.

Ri sampunipun ingkang kadya sapunika kawiyosipun boten langkung. Ingkang manawi andadosaken. Parenging panggalih sampeyan. Tuwin kagalih prayogi. Punapa dene wonten selaning papan. Panjurung kula punika. Mugi karsa amacak ing bra martani. Katur dhumateng mitra kula kyahi hakim. Sarta mutaalim. Punapa dene prayantun sanesipun. Ingkang supados. Bra martani. Muruba cahya murcaya. Ing pundi-pundi nagari.

Kula nuwun atur serat bote saking punapa. Sarehning ing waktu punika. Salebetipun wulan saban angajengaken wulan ramelan (siyam) atur kula dhumateng mitra kula kyahi hakim sapanunggilanipun. Prayantun sadaya. Mugi-mugi karsaha. Kagungan pangandika. Pirembagan. Angrujukaken. Ing panggalih. Menggah dhawahipun. Dinten siyam punika. Kamrata ing bra martani. Saha nunggilanipun. Awit ingkang sampun kalampahan. Ing nagari jawi. Saking pamireng kula. Saben tahun mawi geseh ing satunggal-tunggalipun kabupatosan. Siyamipun let sadinten. Dados dhawahipun ariyadin inggih let sadinten. Kadosta ing nalika dinten akat amalemaken senen. Tanggal kaping. 14. Ruwah punika. Wonten grahana rembulan. Wusananipun wonten kekalih kyahi muta alim ing bangil. Amastani grahana wahu. Tanggal kaping. 15. Wonten ingkang mastani tanggal kaping .14. ingkang mastani tanggal. 15. Wahu kula takeni. Kyahi. Mendhet etangan pundi. Sahuripun. (mendhet saking etangan ijtihat) dene kang mastani tanggal kaping. 14. Punika mendhet saking kurub. Ing ngriku kula takeni malih. Dhumateng ingkang mastani tanggal kaping. 15. Dhawahipun siyam dinten punapa. Sahuripun. (dinten rebo dados umuripun wulan ruwah. 30. Dinten. Anamung dereng kenging kapesthekaken. Kedah anyatakaken rembularymiyin). Dene ingkang mastani grahana tanggal kaping.14. dhawahipun siyam ugi dinten rebo. Dados umuripun wulan ruwah punika. 29. Dinten. Lo punika pundi ingkang leres. Punapa sahuripun. Ingkang mastani grahana tanggal kaping. 15. Punapa sahuripun ingkang mastani grahana tanggal kaping. 14. Manah kula jeng bungeng. Awit ing bangil dereng saged nemtokaken . dhawahipun siyam dinten punapa.

O. nun. Saking pamanggih kula. Kondhangan sanget. Kula andherekaken. Sahuripun. Ingkang mastani grahana tanggal kaping. 14. Dados dhawahipun siyam dinten rebo. Awit etangan ijtihat. Tuwin anyatakaken rembulan. Punika wetawis badhenipun. Geseh malih. Dhateng lintu-lintu. Kabupatosan. Margi etangan boten wonten gendholanipun. Dene etangan kurup wahu. Mawi gegendholan. Punapa dene sampun. Kalebet ing salebetipun. Buku pananggalan jawi (almenak) kagem para prayantunipun kangjeng gupermen tuwin sanesipun sadaya. Mongka badhe boten kangge. Ta kados pundi.

Mila perlu sanget kula atur panjurung ing bra martani. Tuwin sanesipun. Sarta kairingaken. Ing panuwun pamuji kula siang muwah dalu. Amung wontena sih piwelasipun. Mitra kula sadaya. Anggalihan. Kang kasebut ing nginggil wahu. Amurih weradin dinten siyam sarta mugi kasebutna nagarinipun. Dhawahipun siyam dinten punapa. Supados andanganaken panggalihipun. Ingkang sami maos bra martani. Salompret malajeng. Sapanunggilanipun.

Ti ti bangil tanggal kaping. 18. Ruwah jimawal. 1805.

Katandhan pun muhamad sudira.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// smara dana //oo//oo//

//Prabu anom tansah mungging. Sumiwi ngarsaning rama. Mangun oneng sekaliye. Mengkana rekyana patya. Miwah para punggawa. Wus sumiweng ngarsa prabu. Mangabekti gantya-gantya. // tingkahnya kadya punagi. Kapanggih lan gustinira. Wusnya pundhat sedayane. Laju denya aseseben. Kya patih matur nembah. Ngaturken satingkahipun. Sapengkerira narendra. // denira rumekseng nagri. Tuwin marang narpa putra. Datan wonten sangsayane. Narendra nanduki sabda. Lan suka manembrama. Wusnya titi kinen mundur. Sadaya amasanggrahan. // pakuwon sampun miranti. Cukup lnan sawadya bala. Sinegahan sedayane. Tan wonten kang kakirangan. Suka manah ing wadya. Loh jahnawi dhusun agung. Pacangkraman warna-warna. // wahu jeng sri narapati. Kundur anganthi kang putra. Dupi wus celak lampahe. Kawistareng saking wisma. Prameswari ngandika. Bok maru pethuken gupuh. Lakimu kundur mring pura. // tumungkul nira rasulbi. Nembah ngingtan lumaksana. Ni kajinah matur alon. Dhuh gusti jeng prameswara. Estu ajrih pun rara. Anglangkungan pukulun. Reh cethi datan sayogya. // ngandika sang prameswari. Bibi nuting tata krama. Kula puniki dhedhayoh. Bok maru kang darbe wisma. Sayogi kang umapag. Kula boten singgan-singgun. Kuneng riyon sami sukan.// kaselak sri narapati. Rawuh myarsa gunemira. Ngandika lah apa kuwe. Pijer guguyon kewala. Iren karepe apa. Nganggo pinethak-pinethuk. Wong desa tan dadi apa. // wus lenggah.sri narapati. Gya miser sang prameswara. Kapering puri prenahe. Rara sulbi kapangarsa. Mesem sri nara nata. loya gene bok kang patut. Tatane wong palungguhan. // kang anom ana ing wuri. Kang tuwa munggeng ing ngarsa. Jemak mengkono benere. Ginendeng sang prameswara. Jejer sinandhing lenggah. Kang mulat suka gumuyu. Pra putir lan babuinya. . // bibisik pating kalesik. Dene jeng sri naranata. Teka ngalih lagehane. Bisa karya sukaning dyah. Nguni duk aneng praja. Wingit jetmika ing semu. Ing mengko malih gerapyak. // sandhinge nahuri angling. Biyen mula sri narendra. ya mengkono lageyane. Nanging rada sinasaban. Samengko iku ora. Lan sathithik iku katut. Pepatute santri desa. // sangsaya gujeng ing sami. Mesem jeng sri naranata. Sang prameswari ature. Pukulun sri nanarata. Inggih sedya kawula. Mung tutuwi lan sumujud. Dhumateng pada paduka. // rehning rumaos yen cethi. Bok den gugung sumangkeyan. Narendra santak delinge. Apa nora kangen sira. Dene ta pisah lawas. Sang prameswari sengut. Lan nyablek wentising raka. // kang cinablek angesemi. Kang mulat sangsaya suka. Ambata rubuh gujenge. Umatur sang prameswara. Punika angsal-angsal. Busana kang ngadiluhung. Pisalin maru kawula. // sang nata nulya mangsuli. Apa nora panas diya. Anganggo becik marune. Kang lumrah den ala-ala. Mesem sang prameswara. Jer sanes kawula nelung. Tan kadi sawiyah jalma. // sang nata nolih mring wuri. Heh sulbiyah tampanana. Gustinira peparinge. Sira anggowa pusaka. Den becik edhep ira. Kang angsung putri pinujul. Sasat widadari swarga. // mongsa oleh mangulati. Kang kaya bojoku tuwa. Dhasar ayu bisa momong. Kalbune loma legawa. Sumambung prameswara. Sarwi suka gujengipun. Iki apa ngalembana. // apa ngungrum angumpaki. Dene kaya bocah desa. Bojo santri wus benere. Lamun tan bisa memela. Tan wurung jinem ala. Watake santri sok besur. Cethil ing engombra-ombra. // lah pundi jebule nguni. Genya dadya waliolah. De pijer kelonan bahe. Andhekeman padesan. Gumujeng sri narendra. mahu mula ingsun tutur. Bok menek mahido sira. // wus wiyahe wong ngahurip. Anganggo sapangkat-pangkat. Panggonane dhewe-dhewe. Wli kutup ya wus bisa. Rabi nom iya kena. Mung anggere aja gundhul. Mung gugu gemandhul ika. // sangsaya gujenge sami. Lulus suka pari suka. Dhasare samya katemben. Tumonto mring gusti nira. Dangu antareng lenggah. Sarya dhadharan anutuk. Sadangu nira adhahar. // sira ta nira rasulbi. Sinandhing mring prameswara. Gung kinarsaken karongron. Yata kang surya diwasa. Ing dalu tan winarna. Ing jawi ingkang winuwus. Bujana sang narpa putra. // prabu anom tansah mungging. Amakuwon lan kya patya. Mwang punggawa sedayane. Tan pisah lan prabu mudha. Nunggil sapasanggrahan. Jaka islar siang dalu. Angladosi sukeng driya. // mwang ngali jenab tan kari. Lan wowolu sutanira. Kapiji munggeng karsane. Miwah kang para juragan. Besane ngali jenab. Sengkut denira susuguh. Angladosi ondra wina.// denya sumungkem tan sipi. Marang ing sang narpa putra. Dene jeng sang prabu anom. Ambek santa parimarta. Lan agung manembrama. Dhasar sang narendra sunu. Ing nguni sampun uninga.// kaprawiraning ngajurit. Ki islar mwang

ngali jenab. Sumarma langkung geng sahe. Ginadhang dadya gegala. Benjang yen gitik praja. Ing karsa sang narpa sunu. Kinanthi saliring karya.//oo//oo//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma

kasade satunggal kapal sandelut taksih nem mathi pepak tanpa ciri. Bab regi para priyantun kaaturan nyuwun kabar dhateng tuwan pe. Purnemen ing salatiga.

(56)

Lelang

Benjing ing dinten jemuwah tanggal kaping. 6. Wulan oktober ing ngajeng punika. Ing tokonipun tuwan susman enko. Menggah ingkang badhe kalelang barang toko warni-warni.
Ing dinten kang kasebut ing nginggil wahu ugi badhe lelang barang prabot opsir. Kadosta. Puraser sloder bidheki. Saking renda jene kangge para kapitan irste utawi twidhe litnan.

Susma enko ing surakarta

(57)

tuwan en mastro dominiko. Dhateng ing nagari surakarta mondhok ing losemenipun tuwan selir. Angaturi uninga para priyantun sadaya menawi piyambakipun bekta dagangan mas inten birliyan merjan erloji utawi sanesipun barang warni-warni.

(58)

Tuwan lingkring ing surakarta asade lot lotere iyatra ing surakarta. Regi satunggal lot 15. Rupiyah.

(51)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget.
Papan tumpukan kajeng ing timuran.

(50)

tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkanh kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Dlancang kangge serat iber-iber warni-warni. Sakelangkung prayogi kadamel serat ulem-ulem
Enpelop warni-warni
Album mawi gambar sorot. 50 iji. (sadaya gambar wadi) regi satunggal album. 50. Rupiyah. Prangko pos 55 rupiyah.
Babad tanah jawi. Wiwit saking nabi adam dumugi ing tahun. 1647. Boten mawi kasekaraken. Regi satunggal buk. 15. Rupiyah. Prangko pos. 18. Rupiyah.

(19)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni patrumanipun teken ingkang kenging kadamel nyanjata mawi katulupaken. Patruman wahu wonten ingkang kawastanan Vurpelen punika menawi kangge nyanjata wanci dalu. Mawi ngedalaken latu sahingga kembang api.

(3)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.
Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.
Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.
Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.
Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni

Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni
Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 39 Kemis kaping . 28. september 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Kecu

Lokomotif angabaraken nalika ing dinten setu angrintenaken akat tanggal kaping. 16. Wulan punika. Griyanipun cina nami tan ting yan dhusun kali dodol dhistrik ngaran kalebetan durjana kecu. Tiyang. 12. Sami ambekta obor. Wayah jam. 12. Dalu. Pun cina boten dhenger sangkaning gumeder. Menyat saking patileman dhateng ing jawi. Lajeng dipun sabet ing penthung dhawah klenger. Para durjana angincih-incih cina badhe kapejahan bilih boten malehi panggenaning amal. Sareng sampun dipun serepaken grobokipun karemuk isinipun ingkang pangaji dipun pendheti. Mung sakedhap kemawon barang darbekipun telas sadaya. Rahajengipun cina boten dipun pejahi. Salajengipun lurah dhistrik dipun sukani pirsa saksana anuweni griya ingknag kakecon. Ananging kanggeg samanten kemawon boten wonten gatranipun murih ambujeng para durjana. Dene ingkang dados margi wadana boten anyengkutaken ngatasing kadurjanan ingkang makaten dhapuripun. Punika kathah ingkang sami boten mudheng.

Panganggrak

Nalika tanggal kaping. 3. Wulan punika tiyang jawianama kasan. Gegriya dhusun prawata bawah kudus. Wangsul kesahan saking demak. Ambekta papajenganipun dagang sedhah. Yatra. 17. Rupiyah. Sareng wanci jam sadasa dalu ing caketing griyanipun dipun begal dening tiyang titiga. Sarta dipun penthung dhawah klenger. Yatranipun pitulas rupiyah dipun rebat ing para awon. Pun kasan boten pandung dhateng durjana kang satunggal anama ngadi wong saking dhusun prawata ugi. Lurahipun dhusun lajeng lapur dhateng wadana anedha serat biwara. Murih anyepeng para durjana saksana mangkat. Sareng ing dinten kemis kaping. 22. Wonten tiyang ing pacinan gang tengah semarang ingkang dhawah ing panggrayangan. Tiyang wahu lajeng kacepeng kabyantonan ing polisi.

Dinten punika kemis tanggal kaping. 21. Angkatipun bupati ing semarang. Pamit dhateng dhusun lepen cari bawah siti rawi.

Serat saking juwana angabaraken

Nalika dinten selasa kaping. 19. Wulan punika. Polisi pikantuk damel ing wanci jam. 5. Siang. Tiyang jawi anama tadrana dhusun bledhar bawah mantup dipun cepeng lajeng kagledhah kapanggih kanggenan candu. 6. Belik. Isi. 1300. Tahil. Sareng kalih jam malih manggih. 2. Belik malih kacemplungaken lepen isi. 400. Tahil candu boten semerep ingkang darbeni.

Saemper manawi kapariksa kenceng. Badhe kathah ingkang kewiyak ananging ingkang sampun neges bilih para lurah dhusun sarta para karerehaning polisi. Limraha sakuthon kaliyan juru salingkuhan. Masthi boten badhe mahiben. Manawi pangagenging nagari kapara kaweken anindakaken papriksan. sabab para ingkang dipun pinta sraya dening juru salingkuhan adat sami kalebet mojok ing damel asring cekap ing ngatasing padamelan sanes.

Surakarta

Para begal samangke sami ngatingal ing bawah sragen. Nalika tanggal kaping . 5. Wulan punika. Tiyang estri anama bok guna krama. Sarta bok iratan. Sami kesah saking dhusun gothekan dhateng peken kramat. Sareng dumugi celak ing kretek lepen pengo. Dipun begal ing durjana kathah. Sarehning boten angulungaken bektanipun yatra. Bok guna krama kapara lawan ngantos tatu tanganipun.

Nalika tanggal kaping. 9. Wayah dalu angrintenaken tanggal kaping. 10. Ing margi ageng bawah soka arja (klathen) prenah kiduling dhusun kepoh. Wonten raja pejah. Ingkang kapejahan tiyang saking mranggen anama setra semita. Ingkang sami tandang anyumerepi sampun tatu lebet prenah dhadha. Nanging pun sri sakit ngajeng saderengipun mafat taksih saged amastani namaning durjana kang anatoni. Lajeng ajal. Polisi samantara anindakaken panyepengipun tiyang ingkang amejahi nama tawijaya. Sareng kacepeng lajeng katuring polisi. Jalaranipun kadurjanan wahu dereng terang.

Ngayogyakarta

Samangke kula angawiti malih ngojahaken menggah resahipun ing bawah ngayogya. Dereng dangu para durjana kecu sami atutuwi griyanipun bandar apyun ing bantul. Para awon anjujug kori ngajeng. Sabab kori wingking kapepetan dening kandhang babi. Sakalangkung anggenipun badhe ngungsi kang darbe griya. Sawek kemawon jumangkah ing kori. Lajeng dipun kepruk endhasipun cina nunten wangsul malebet malih. Sarehning kewran sanget lajeng nyandhak gendul lisah petroliyun ingkang anyandhing ngriku. Dipun sirat-sirataken lisahipun dhateng para kecu ingkang sami giyak-giyak malebet ing griya.

Saksana kecu satunggal ingkang nyangking obor anyandhak latu ubal-ubalan. Awit kalomoh ing lisah. Lajeng gi [ ] ma lajeng tan sipi. Kancanipun ajrih tumut malajeng. Dereng sadasa tindak pun kecu ambruk sanadyan gosong maksa saged oncat saderengipun polisi prapta.

Lajeng polisi andhawahaken parentah kenceng. Sinten-sintena ingkang tatu kobong lajeng dipun cepenga kaladosna ing parentah.

Wonten malih lalampahan kadurjanan. Dereng dangu ing bawah nanggulan para kecu anempuh griyanipun tiyang kang kapara cekap anama tawikrama dhusun lugon bawah kademangan kedhung gubah. Dipun rayah barang darbekipun sadaya sarta mahesa satunggil kalih. Griyanipun lajeng kabesmi. Para tongga tepalihipun sarehning ajrih aningali kecu kathah sami angungsi ing griyanipun pyambak. kabar polisi ing nanggulan dipun wangeni. 25. Dinten kapurih anyepeng para durjana.

Wonten kabar ing godheyan dereng dangu wonten raja pejah ingkang sakalangkung anggegirisi. Yakin botenipun taksih sumendhe.

Wonten jajaka kalih sami sah dharek sakaliyan panuju among wiyandi. Gegriya sakilening sentolo. Sabrang lepen pragi. Punika sami kekesahan dhateng peken godheyan badhe anuweni remenanipun taledhek. Dipun entos-entosi wangsulipun dening para akrabipun. Nanging boten katingal wangsul. Lajeng kajujul kapanggih sampun layon sakilening redi breja. Pating jlempah ing pasabinan. Sarehning sedyaning durjana. Layon kalih wahu dipun wastanan bathang kewan sisihipun layon ingkang satunggal dipun salehi godhong tom saprangkul. Ingkang satunggal malih dipun sandhingi klapa. Terangipun dereng kapiharsa. Nanging temen yen nalar wahu ingkang dados jalaran buta ajengan.

Wonten konca siman satuggal anyepengi tiyang aben sawung ing peken ngayogya. Para botoh suthindipun ejak wawanuhan kaliyan krakalan. Lajeng mendet yatra nyakethip dipun jejelaken ing tanganipun siman. Yatra katampenan botoh dipun eculaken.

Para cina sami sami bebathon dagang lisah petroliyun anjalari pangaosing lisah wahu samangke ngalih welas rupiyah sapethi. Ing mongka ngajeng namung nyadasa sapethi. Bok inggih para toko tuwan-tuwan sami animbangan. Murih mayaring pangaos iba pamujining tiyang kathah.

Surakarta

Ilen-ilen wingking beteng ageng manawi boten kapambengan badhe enggal bibrah. Sabab kenco grobagan asring-asring angguyang lembunipun ing cacaketaning ilen-ilen wahu. Kathah lambening kalen ingkang jugrug. Malah dereng lami wonten lembu grobagan kenem ingkang dipun giring kalebetaken ing ilen-ilen wahu. Mila kathah pipinggiranipun ingkang risak. Ing mongka manawi benjing estu angilenaken toya ing salebeting kota. Inggih toya kalenan wahu ingkang badhe dipun angge. Mila prelu ilen-ilen wahu dipun openi.

Nalika tanggal kaping. 2. Wulan siyam punika. Mas rongga ingkang jagi masjid ageng. Apanggih lare wonten ing bangsal gongsa katen lare wahu kinten umur. 7. Utawi. 8. Wulan. Lajengipun kalapuraken dhateng pulisi.

Kula gadhah rencang estri wasta bok krama menggala. Ing ngajeng dados dhukun tumindaking ngilmi padhukunanipun sarana angsal wangsiting dhemit (prewangan).
Ingkang andadpsaken gawoking manah dene bilih bok krama menggala pinuju ijen teka lajeng gumujeng kel-kelan kados wonten rencangipun gojeg. Kula pitakeni anggenipun gumujeng kel-kelan wahu sabab dipun jak gujeng kaliyan remenanipun awasta kolug motig inggih punika abdinipun nyahi ira kidul. Dongeng. Redhaksi.

Asring-asring manawi kreta latu badhe langkung caketipun delanggu dipun balangi sela. Ingkang sakalngkung anyumelangi. Saemper kados ing panggenan ngriku wonten kukumpulaning tiyang awon badhe amitunani lampahing kreta latu utawi kang sami numpak. Ing ngajeng tuwan dhe grap upsinder sepur asring-asring ameningi. Kreta latu dipun balang ing sela ngantos tiga utawi kalih iji. Ingkang dhawahing kreta. Kondhektur satunggal sampun nate kenging pilinganipun ngantos kalemper. Kathah ingkang mastani manawi punika pandamalanipun akrabi khaji ingkang gugon tuwon dhateng ngilmi. Mila mugi nagari karsa anguningani lalampahan kang makaten wahu. Boten ngemungaken murih anyingkiri bilahi. Sanadyan khajiya. Boten wenang amitunani dhateng ing sasamining tiyang. Liya saking punika. Ing sacaketing kali yasa panggenanipun khaji yahya. Inggih asring-asring kreta latu dipun sawat ing sela

Ing ngadhap punika wonten kabar prayogi kapacak ing bra martani. Ananging manawi wonten kirangan alusing tembung nuwun supados kalaras.

Jampinipu griya kabesmen

Ing salebetipun tahun 1875. Ing bawah dhistrikan kabupaten kutha arja ing sawetawis meh saben. 2. Dinten sapisan wonten griya kabesmen anamung boten kalintang saking kiwa tengenipun dhusun sida garan suren lan simadhung. Ingkang andadosaken sungkawa penggalihipun ingkang ngasta pulisi. Mila lajeng sadaya bekel dhusun dipun pacaki yen ing tembe wonten malih griya kabesmen tanpa katrangan bekel badhe nasalahaken.
Anenggih para bekel lajeng sami mematah ngiling-ilingaken ing bawahipun sowang-sowang murih sagedipun nyirep ingkang dados surah ing pulisi. Kawuwusa naya semita bekel ing dhusun suren pandheka jinemanipun pikantuk katrangan yen tiyang kang wasta. 1. Krama sura. 2. Krama yuda. Nunggil dhusun ingkang sampun misuwur winastan tiyang ugal-ugalan saben-saben pinanggih klayan tiyang sanes sami satunggal purun ngungasaken kadigdayanipun ambesmi

griya. Lan saben-saben uger sami satunggal gadhah pitembung nedha utawi nyambut arta boten dipun sukani. Krama sura lan krama yuda mawi ngancam-ancam. Iya dira sakna omahmu. panuju satunggaling dinten krama sura lan krama yuda kadugi wanci jam .8. dalu angles saking panggenan ingkang kaulataken dening pulisi. Ing sanalika naya semita lan kancanipun praboy dhusun kalayan sadasa tyang ingkang boten nunggil lampah ugal-ugalan sami dipun sasmitani yen krama sura lan krama yuda angles saking panggenan ingkang kaulataken dening pulisi. Ugi lajeng kaupadosan klayan sapontha-pontha. Tyang. 6. Utawi. 8. Sareng kadugi wanci jam. 1. Dalu griyanipun tyang wasta amad ingkang boten tebih saking panthaning tyang wuwungipun murub saingga amadhangi ing sakiwa tengenipun. Panthaning pulisi ingkang boten langkung. 40. Cengkal tebihipun saking panggenan wuwung murub inggala tenging panggenan ngriku kaleres krama sura singidan wonten ilo-ilo kelir sumur ler kilen. Klayan jejogedan. Naya semita rikat ngingeri nyaket dhateng panggenan jogedan. Klayan nyangking waos. Krama sura linariyan kanin ing jongga trus nanging nalisip saingga waged anggembor minta tulung dhateng krama yuda. Ugi krama yuda nyaket ngangkul sarta narik krama sura sedya kabekta lumajar lan tansah angliga dedamelipun pedhang sareng sumedya lawan dhateng naya semita lajeng dipun ayati waos krama yuda lumajar krama sura katilar. Salajengipun krama yuda kabujeng ing kathah krama sura karampog ingga ajur kuwandhanipun krama yuda katur ing parentah.

Nalika rebo tanggal kaping. 2. Wulan agustus 1876. Putusanipun presidhen rad mider krama yuda katetepaken ukum pejah.

Wiwit dinten pejahipun krama sura lan kacepengipun krama yuda ingga. 13. Wulan lami dipun dereng nate sapisan kemawon wonten wuwung murub mila anjalari dados kelajeng tentremipun pulisi saiba ayem lan senengipun sadaya tyang ingkang gadhah griya awit kyahi waeweri sampun kapikut. 2. Ipun.

Katandhan. 8.

Bra martani ongka. 35. Angojahaken bab pandarungipun para durjana kecu. Ing nagari ngayuja karta. Sarta mahoni reregenipun parentah.

Ing mangke kula suka pawarti. Sanajan durjana kecu sami mudhik ananing durjana malingmeliripun sigeg

Inggih punika pratondha daya tuwin prabawanipun rundha ageng sarta wontenipun pal tandang punapa dene majengipun para titindhah pakampungan.

Menggah budi dayanipun para durjana ingkang salingkuhan panempuhipun punika masthi nrajang ingkang tipis utawi ingkang sela panggenanipun sabab pajagenipun para pulisi tansah mungsengsarta boten kakirangan sasaged-saged ngupaya tuwin ngabengi. Ananging para durjana tansah mubeng minger anganiriban kados upamenipun rare jelungan.

Wondene para tiyang pakampungan ingkang kasingkringan nalar tuwin manah jirih sami palitiran. Kados rare sakit mules wetengipun. Pangresulaning para tiyang alit punika tetela bangsaning keset wonten nyinananipun katandhing kaliyan tiyang ingkang radi mangretos punika sami guyub sengkut anglampahi pranatanipun nagari. Supados tata tentrem sabawah wewengkonipun piyambak-piyambak.

Wasana para durjana kecu sampun sami sumerep bab pranatan ingkang kagelar ngakathah. Pramila anggenipun nempuh para kecu salingkuhan. Pratingkahipun milih ingkang gampil anggenira ngoceti. Upami sing angupaya bayangan mokal sanget yen purun atanggon utawi nrajang ingkang gawat dados terang bab ririgening parentah boten kenging dipun basakaken tanpa wiguna. amasthi maedahi ngakathah. Bab katrangan ririgen boten susah kula andhar ing ngriki sabab dede panggenanipun.

Mangkaten malih ingkang nuwuhaken eraming manah. Inggih punika para bangsaning keset tansah gumrangsang angen-angenipun punika kados pundi. Jalaranipun punapa. Yen sangking cingkrangipun sandhang tuwin pangan sarta awisipun pangaos barang tutubasan. Kenging punapa bangsaning keset wahu boten marsudi kasil tuwin among tani. Ananging tansah ngubungi sarta

sakuthu kaliyan para sasaring pikir. Mokal yen boten sumerep. Para durjana punika satruning praja.
Kaserat sakidul baluwerti. Ing nagari ngayuja karta. Tanggal kaping. 25. Wulan sakban ing tahun jimawal ongka. 1805.
Utawi tanggal kaping .15. september tahun. 1876.
Pratondha juru tamanan kusuma wicitra. Ing nagari ngayuja karta.

Kikiranganing aksara redhaksi boten prelu amewahi.

Dereng dangu kula nampeni serat fitwah pananggalan. Punika tedhakanipun.
Mungguh wong ahlul falak gantining wulan iku kaitung saking kumpuling surya kan condra ing wekasan wulan. Kayata wekas wulan rejeb tahun. 1293. Ing kukumpuling surya condra tumiba ing malem ngahad jam. 8. Punjul. 16. Menit. Awit ing kono wulan saban wus kawetengake. Babare wulan saban dadi malem senen. Mula katemtokake metune tanggal ing malem senen. Dene wulan ramlane. Iku ing dina senen wanci jam. 5. Esuk. 36. Menit. Wus kawetengake. Babare wulan ramlan ing malem slasa. Mula wong ahlul falak anemtokake metune tanggal ing slasa. Maka dheweke kuwajiban pasa ing dina slasa lan wong kang ambenerake. Dening mungguh kalumrahake wong akeh kudu kanthi nyata katingale tanggal ing malem slasa wahu. Yen nora. Maka kudu nyampurnakake saban. 30. Dina.
Lah punika punapa sampun amethuki ing karsanipun ingkang pitaken bab tanggal. Sawab kula namung nedhak saking srata fitwah kemawon. Sumongga kagalih pyambak. dening petangan kurup arbangiyah sapanunggilanipun punika. Saking kinten-kinten kula pyambak. kedah teta-tepana garinipun. Kangge ngriki-ngrika sami kemawon. Maka serap medaling tanggal boten sami. Menawi badhe sumerep gancaripun malih. Tuwin badhe karsa nyidikaken etang-etang bab punika. Tuwin bab grahana. Sapanunggilanipun lintang-lintang. Kula mrayogekaken. Amitepanga klayan mustari sawab kula sampun mireng pawartos. Wahu mustari sampun pikantuk pitwah kathah saking nagari kendhal. Jalaran anggenira nyuwun serap keblat.

Katandhan marih.

Anyatakaken ngilmu nujum

Wonten lintang kalangan sadasa sanes kados rembulan tuwin surya ingkang limrah kawastanan malathek miwah surup saking tuwin dhateng panggenan ajeg saha malih ugi benten kados lintang liyanipun. bilih kawaspadakaken lintang kalangan wahu pinten-pinten dinten amesthi ngolah-ngalih panggenanipun sarta boten dipun tut dening lintang sanesipun. Medal miwah angslupipun lintang kalangan punika ugi nglah-ngalih panggenaipun. Mila lintang mangkaten wahu kawastanan lintang kalangan utawi lintang mider.
Wondene lintang sanesipun punika langgeng ing panggenanipun tata lokangipun ing dunung sadinten-dinten boten ewah. Makatwn ugi wedal miwah angslupipun ananging manawi tiningalan sarana semprong ugi kawistara ngalih panggonan pangalihipun saking sakedhik.
Kajawi lintang kalangan tuwin lintang ingkang boten ewah panggenanipun (lintang langgeng) wonten lintang alit-alit asring katingal wiwitipun katon alit sarta cahyanipun sakedhik mubyar. Saha ebahipun alon-alon ing sahantawising lintang sanes dangu-dangu katingal dumilah cahyanipun tuwin rikat ebahipun . ananging sansaya dangu padhangipun balerengti miwah ebahipun sansaya rindhik temahan sirna sangking paningalan.wondene lintang wahu linut ing cahya warninipun kados buntut awit saking punika kawastananlintang buntut. Menggah cahyanipun lintang buntut tuwin lintang kalangan punika sami kemawon muncaripun. Ananing boten gilang-gumilang kados prabanipun lintang langgeng. Dene cahyanipun lintang mider punika ewah-ewah.
Pinten-pinten lintang [ ] gas ingkang katon sahantawising lintang langgeng. Sakawit cahyanipun langkung padhang tinimbang prabanipun lintang kalangan nanging dangu-dangu surem terkadhang sirna babar-pisan. Wondene lintang langgeng punika sumunar kaliyan cahyanipun piyambak sabab boten saged celak lintang liyanipun angemum padhang. Menggah cahyanipun

lintang mider wahu katon semu pethak nanging bilih tiningalan sarana semprong sinung cahya monca warni. Tiningalan tanpa semprong ugi saged katon cahyanipun wonten ingkang dadu sarta semu biru.
Lintang ingkang kenging tiningalan sarana netra wantah punika kathahipun wonten kalih utawi tigang ewu. Bilih tiningalan sarana semprong katon kathah.
Manawi tuwan redhaktur anggalih lowung panjurung kula punika kaangge anambah regenging serat kabar bra martani mugi kapacaka kawedalna kemis kaping. 2wulan september punika. Supados kula tuman manjurung. Katandhan. S. P. N. K.

Panjurung cangkriman

// sekar sinom mung kinarya. Nglipuring tyas ingkang rempit. Tumanduk mring sumitreng wang. Kramadongsa kang wewangi. Bilih sarju ing galih. Sela pakaryan kang prelu. Mugi karso ambatang. Cangkriman gen kula manggih. Wonten mregi sekar sinom mung dwi pada. // keh warnane bangsa ning wang. Ing dhapur tan angresepi. Mung gadaningsun kewala ingkang samya den sengsemi. Ing para ratu tuwin. Panagung alit sadarum. Awit pahalaning wang. Prasasat tanpa sisiring. Karya luhur weh begja mwah cilaka.// sanadyan maweh jantaka. Aben-aben tekeng pati. Ewadene den upaya. Ing siang kalawan ratri. Tan ngetang baya pati. Kewala sabawa ningsun. Nadyang kuciweng laras. Sami tan kemba miyarsi. Saksat kimyarsakaken ruming pradongga. // kajawi kang kalih pada. Mitreng wang sugyarja nguni mbatang cangkriman sampeyan. Ingkang wonten dhangdhang gendhis. Bilih dereng marengi. Anyuwun batanganipun. Pada ingkang wiwitan. Sanget gen kula manganti.nadyan sampun mangsuli boten kapacak. // nanging samangke punika. Kula aturi anggalih. Sagedipun kalaksanan. Kapacak ing bra martani. Kula ming dherek nempik. Rehning taksih radi punggung ing kawruh dimen mimdhak. Sawatawis king sakedhik. Tamtu badhe andadosken suka rena. // nadyang kyahi panaraga. Saha mas rara duryati. Menawi kapareng karsa. Lega adhanganing galih. Sami kula aturi. Mbatang cangkriman punika. Karya wit atepangan wonten pustaka pawarti. Ing wasana sampun ngantos dados duka. //oo// I //oo//
redhaksi

redhaksi tampi kabar saking ngayogya. Kapratandhan. Siswaning jaya pramana. Angabaraken bab lampahing polisi. Panjurung wahu boten kapacak awit kang ngintunaken boten masajani namanipun. Kalih malih pitembungan sarta sastranipun kirang terang. Saemper kados lare ingkang nyerat utawi tiyang ingkang dereng dhenger ing sastra pisan-pisan.
Redhaksi

redhaksi tampi kabar saking rajiman ing ngayogyakarta. Angojahaken bilih wonten bongsa raden anama saleh. Ing paku alaman. Anggadhahi panuwun dhateng nagari. Badhe anyuwita tumut perang ing ngaceh. Dalasan samangke dereng tampi timbalaning pangagengipun ing ngaceh. Kula sumongga kajengipun rajiman wahu.
Redhaksi

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// kinanthi //oo//oo//

// kacatur kadya mamangun sukane kawula gusti. Lir punagi tingkah ira. Dene panyiptaning nguni. Sagung nayaka bulkiyah. Tanwin nya panggih lan gusti. // sabab sagung wali kutub. Wus manjing asmeng hyang widi. Anggalih sugci kewala. Tan tumoleh kawiryaning. Ing jaman para manungswa mung kanjeng sultan Ibrahim. // wus jumeneng kang satuhu. Tan linyok pakaryeng wali. Katonton prandhanira. Ing ngagal repit wus bakit. Winya jleg kang tanpa sangkan. Marang ing kahbatolahi. // yen ngabekti sanga prabu. Musna saking dalem puri. Dumunung ing kakbatolah. Miwah lamun tawap kaji. Sultan mor lan bangsanira. Sagunging wali kekalih. // dene

yen nalika kundur. Ngagem pangkating narpati. Satiti adiling praja. Sultan maksih nyarirani. Lampahnya sultan iskandar. Punika ing linurung. // mangkana duk kaneng dhukuh. Sri kutub sultan ibrahim lan garwa siti osiyah. Katiga sang siti sulbi. Dalu yen wus sirep jalma. Narendra amedhar ngelmi. // sang prameswari sumungku. Kawaryanira tan sipi. Miwah sang siti sulbiyah. Karenan denya miharsi. Dadya tri nunggil sacipta. Ing donya prapta ing ngakir. // nalika siang winuwus. Karya sukaning pra putri. Tansah mangun kalangenan. Ing wana mwang kali-kali. Tuwin sang narendra putra. Kasukan ing siang latri. // cangkrameng madyang wana gung. Kyana patih kang umiring. Miwah kang para satriya. Punggawa tan apimantri. Dene wadya padhukuhan. Ki islar dadya pangirid. // lan ngali jenab punika. Pakaryannya anggigiring. Sagung satos towan. Kidang sangsam lan jajawi. Mrih sukane raja putra. Tuwin sagung para gusti. // yen kundur saking wana gung. Antuk buron warni-warni. Laju kinarya bujana. Tuwuk sakathahing abdi. Ing siang dalu gumerah. Gongsa mradongga ngrarangin. // pakuwon pating carengku. Sagunging para bupati. Bekta gongsa sowang-sowang. Tuwin sagung para mantri. Keh warnanya titingalan. Jalma padhusunan sami. // sami prapta elur selur. Wawadeyan langkung laris. Dhusun ingkang tebah-tebah. Kapiluyu sami prapti. Tingkah kongsi kabiwara. Mara saliyaning nagri.// yen sang prabu wali kutub. Bulkiyah sultan ibrahim. mangkya mamangunira yaya. Denya nastapa wus lami. Mangkana sultan basatah. Tetela denya miharsi. // lamun prameswari prabu. Kalawan narendra siwi. Marek marang paadhukuhan. Dene jeng sultan Ibrahim wus kasusra sidhi cipta. Jumeneng wali kekalih. // dadya ing basarah prabu. Rembag lawan prameswari. arsa marek ngalap berkah. Sang prameswari lumiring. Saksana sultan basarah. Parentah marang kya patih. // kinen ngundhangi wadya gung. Kang umiring ing narpati. Rinakit kaprabon raja. Saupacara miranti. Dene prameswari nata. mamatah kang para cethi. // angrukti badhe sesangu. Mwang pisungsung peni-peni. Kyana patih wus anduka. Mring bulkiyah atur uning. Lamun jeng sultan basarah. Arsa umarek sarimbit. // patih ing bulkiyah sampun. Saos pasanggrahan adi. Kang amot wadya basarah. Dene sang narendra siwi. Dhinawuhan mring kang rama. Badhe kapethukna benjing. // yen nateng basarah rawuh. Mangkana ingkang winarni. Sri naranata basarah wus budhal sangking ing nagri. Kalawan sang prameswara. Anitih grebong rinukmi. // sagunging para rum-arum munggeng tandhu miwah joli. Marapit jalaranira. Wus lepas lampahing baris. Rereh samarga cangkrama. Akarya sukaning dasih. // mangkana lampahnya rawuh. Jajahan bulkiyah nagri. Yata sang narendra putra. Sampun ing ngaturan uning. Sigra methuk lan kya patya. Mwang sagung para bupati. // amiranti sawadya gung. Gora reh kagiri-giri. Yayah kang ngudadi pasang. Pangkat-pangkat tinon asri. Rakiting wadya bulkiyah. Kang dadya cucuking baris. // wong baduwi kalih ewu. Samya bajo sora sari. Tarenggos kokopyah abang. Abate-bate mas abrit. Pasikepan tameng pedhang. Sereng lampah ingkang baris. // tenger salompret bangkilung. Kendhang saruni ing wuri. Manungsane gagah-gagah. Naracak sami geng inggil. Dinulu kadi reksa sabarengos capang lan wok bang brit. // mung kakalih lurahipun. Sami tetopong mas adi. Kakalih wahana liman. Manthi gada ngrespateni. Dupi pethuking pramuka. Wadya basarah muring-ring. // mulat kang sami amethuk. Dinulu anggigirisi. Yen upami tinrajanga. Wadya basarah ngelesi nanging wong baduwi samya. Piyak baris nganan ngering. // kang methuk sundhul sumundhul. Sagunging para bupati. Laju anepungi samya. Pabarisan ngapit margi. Langkung nyan teng basarah. Ngungun denira ningali.

Taksih wonten candhakipun.

Lelang

Benjing ing dinten jemuwah tanggal kaping. 6. Wulan oktober ing ngajeng punika. Ing tokonipun tuwan susman enko. Menggah ingkang badhe kalelang barang toko warni-warni.

Ing dinten kang kasebut ing nginggil wahu ugi badhe lelang barang prabot opsir. Kadosta. Puraser sloder bidheki. Saking renda jene kangge para kapitan irste utawi twidhe litnan.

SusmaNenko ing surakarta

tuwan susman enko ing surakarta mentas nampeni. Pedhang modhel enggal kangge para upsir ingkang sami kalurugaken perang. Wah malih serep kopel dragon puraser kangge para litna kapitan sak panginggilipun.

(60)

kamar obatipun tuwan apoteker magilse ing surakarta. Anampeni pil mawi gonda manawi kaemut anyegeraken lathi. Sarta gandanipun minging marbug arum bilih dipun ulu boten mitunani malah andoyanaken nedha. Pangaosipun sadhus. 2. Rupiyah.

Magilse (59)

Tuwan susman enko ing surakarta mentas nampeni malih
Mori madha polang nomer. 3000.
Mori meslim nomer. 15. 16. Utawi sanesipun mori.
Mori kuning
Pike
Laken cemeng ijem abrit utawi wungu
Tutup meja
Saputangan
Kranthil pajangan utawi sanesipun barang (61)

tuwan en mastro dominiko. Dhateng ing nagari surakarta mondhok ing losemenipun tuwan selir. Angaturi uninga para priyantun sadaya menawi piyambakipun bekta dagangan mas inten birliyan merjan erloji utawi sanesipun barang warni-warni.

(58)

kasade satunggal kapal sandelut taksih nem mathi pepak tanpa ciri. Bab regi para priyantun kaaturan nyuwun kabar dhateng tuwan pe. Purnemen ing salatiga.

(56)

tuwan je ef pogel ing mangkunagaran asade kajeng obong ageng alit regi ning pun mirah sanget. Papan tumpukan kajeng ing timuran.

(50)

Tuwan jonas portir enko mentas nampeni barang saking nagari welandi kados ingkang kasebut ing ngandhap punika kawontenanipun.
Pethi pnyerat mawi brongsong wacucal regi. 175. Rupiyah.
Pethi panyerat kajeng gembol sakelangkung sae regi. 90. 80. Utawi. 70. Rupiyah.
Pel peles regi. 10. Ngantos .15. rupiyah.
Gebyas wadhah beter. Mawi uliran sakelangkung sae. Regi. 4. Rupiyah.
Penmes damelan inggris wonten ingkang mawi kekertrek regi. 5. Ngantos. 7. Rupiyah
Gunting inggris regi .3. ngantos. 4. Rupiyah
Wadhah mangsi warni-warni
Kertas warni-warni
Enpelop warni-warni
Landesan serat warni-warni
Portepel warni-warni
Mangsi warni-warni
Pigura warni-warni
Erloji jene warni-warni
Rante kalung. Jene warni-warni
Traju toya warni-warni
Pandoman warni-warni
Rol ukuran warni-warni

Utawi sanesipun barang kekathahen manawi kasebutna sadaya.

(5)

tuwan jonas portir enko asade buk wacan warni-warni. Buk atlas utawi gambaripun nagari sadaya. Seratnipun mawi tembung cara mlajeng. Buk A, B, C. carakan jawi. Utawi sanesipun buk-buk.

(4)

para tuwan ingkang ngecapaken serat bra martani. Badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan jonas portir enko.

0ngka kaping: 40 Kemis kaping . 5. oktober 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Ngayogyakarta Adiningrat
Ing bra martani ngriki acacariyos awit karsa dalem ratu kula
Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan Ingkang Kaping. 6
Karsa dalem angula wisudha para abdi dalem kados ing ngandhpa punika
Pratelanipun

Salowongipun abdi dalem bupati anom wadana gldhag. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi dados bupati anom wadana gladhag wahu.

Raden panji nata dirja. Abdi dalem kapala dhistrik ing angin-angin bawah kabupaten suleman. Kapatedhan nama raden riya. Jaganegara. Punika putranipun swargi kangjeng pangeran arya adiwinata. Kapisan ingkang seda tanglet kaliyan brandhal wonten ing dhusun nglengkong. Kala prang dipanegaran. Dados wayah dalem swargi ingkang sinuhun kangjeng sultan ingkang kaping. 2. Ing ngayogyakarta.

Salowongipun raden panji. Nata dirja wahu. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi kalenggahanipun dados dados abdi dalem panewu parentah kabupaten suleman raden mas jamal. Abdi dalem bekel puna kawan badhaya ing purwa retna. Kapatedhan nama. Raden panewu. Nata dimeja. Punika putranipun raden tumenggung. Danu kusuma. Dados wayahipun kangjeng raden adipati. Danu reja. Bintang singaning nederlan.

Salowongipun raden panji. Nata atmaja. Abdi dalem kapala dhistrik ing gamping. Bawah kabupaten suleman. Ingkang sampun kalorod saking kalenggahanipun jalara taledhor anggenipun nyepeng pulisi. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi kalenggahanipun dados abdi dalem kapala dhistrik ing gamping.

Raden panji. Mangun praja. Abdi dalem kapala dhistrik ing krajan gadhingan bawah kabupaten kalasan. Kapatedhan nama raden panji. Nata amipraja. Punika putranipun swargi raden tumenggung. Merta nagara. litnan kolonel kumedhan. Dados wayah dalem swargi ingkang sinuhun kangjeng sultan ingkang kaping. 2. Ing ngayogyakarta.

Salowongipun raden panji. Mangun praja wahu. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi kalenggahanipun dados kapala dhistrik ing krajan gadhingan.

Raden angabehi mangun wilaga. Abdi dalem panewu kapala kampung salebet beteng karaton. Kapatedhan nama raden panji. Mangun praja. Punika putranipun swargi raden tumenggung kusuma dipura. Dados wayahipun swargi pangeran. Kusuma yuda. Ing japan. Ingkang wahu dados papatih dalem ing ngayogya. Danu reja ingkang kaping. 4.

Salawongipun raden angabehi. Mangun wilaga wahu. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi kalenggahanipun dados abdi dalem kapala kampung ing salebet beteng.

Masriya padma winata. Abdi dalem mantri anom reh siti sewu jawi kiwa.

Salowongipun masriya padmi winata wahu. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi kalenggahanipun dados mantri anom reh siti sewu.

Raden riya sindu pati. Abdi dalem mantri anom reh jawi tengen bamija. Kapatedhan nama raden riya. Tirta kusuma. Punika buyut dalem sawrgi ingkang sinuhun kangjeng sultan ing ngayogyakarta ingkang kapisan.
Salowongipun raden riya. Sindu pati wahu. Karsa dalem ingkang kapinta anggentosi kalenggahanipun dados mantri anom reh jawi tengen bumija. Mad riya tirta diwirya.
Ing nalika dinten kemis pon wanci jam. 3. Siang. Tanggal ping. 24. Ruwah jimawal punika. Raden angabehi. Duta pratama. Abdi dalem kaliwon anggandhek iwa. Atilar donya mantuk ing kalanggengan. Jalaran sakit badanipun sadaya. Sampun kapara lami.
Ingkang punika perlu sami andadosna wuninganipun para kadang warga ingkang sami dudunung liyaning nagari dalem ing ngayogyakarta sadaya.
Kabar durjana kecu ing ngayogyakarta. Sapriki dereng wonten kabar menggah mendhanipun. Mandar para pulisi ingkang bawahipun kaambah ing durjana wahu. Ngantos bejer. Saha komet panonipun. Awit sang durjana. Kacepeng wonten malih. Kacepeng wonten malih. Yen makaten tiyang dados polisi punika. Kedah ingkang wiyar tingalipun. Ingkang mirengan karnanipun. Ingkang tipis pocongipun. Ingkang cukat lampahipun.
Lah ingkang kasebut ing nginggil punika. Tembung irib-iribing tata tentreming nagari. Nalar makaten wahu. Kangjeng parentah ageng. Kedah kajibah darbe pamilih piyambak. Awit ingkang nyumerepi dhateng lampah ubeding kapulisen.

Ti ti kondhestu

Ing dinten punika tanggal kaping. 29. September. Anakipun jaler tuwan pe. Dipun cokot ing sagawon. Para tiyang amastani sagawon gemblung. Naning lajeng katututan jampi. Sarta sagawon wahu saemper dede sagawon edan. Mila kenging dipun ajeng-ajeng. Bilih boten anyumelangi.

Kados sampun kathah ingkang mireng kojah ing tuwan anama blondhin. Ingkang kasusra kawasisanipun saged lumampah sanginggiling kentheng. Ing mongka kentheng wahu dipun pasang sanginggiling jrojogan ingkang kawastanan niyagara ing tanah amerika. Ingkang wutahing lepen wiyaripun anggigirisi. Samangke wonten malih ingkang nisihi saged ngancik kentheng sainggiling jrojogan niyagara. Ing mongka taksih raran anama dyah sepel terini. Malah angungkuli tuwan blodhin. Nalika samanten para ingkang ningali ewon utawi leksan. Sami kumpul caketing drojogan. Sisih-sisihan. Dyah sepel terini lajeng amandhi teken timbangan mencok ing kentheng alelewaha angrespateni. Lumaris elon-elonan dumugi ing sabrang sisihipun. Sanadyan kathah ingkang sami gawok agumun suprandene kathah ingkang sumaput para dyah kathah ingkang anggonda toya wangi. Nanging sareng dyah sepel terini rahajeng dumugi ing sabrang. Lah punika surakipun para ningali. Kadya bengkahken wiyat. Bangunipun wonten nginggiling kentheng miling-miling lir jangkung. 10. Menit sasampunipun aso saprapat jam. Dyah sepel terini acancut malih. Mencok ing kentheng wangsul ing panggenan dangunipun. 12. Menit. Para tiyang rebut dhucung genira amanembrama. Salong dipun tangisi. Kathah ugi para pekik ingkang kasmaran sakhal. Sebab kena sepel terini boten ngemungaken wasis malah kawastanan sekti. Pancen ayu.

Mila kenging kawastanan anyumelangi. Manawi tiyang ingkang suda kaengetanipun dipun umbar. Ing ngadhap punika lepiyanipun kawontenanipun ing dhusun madya taman bawah mangku nagaran nalika tanggal kaping. 25. Wulan september punika.
Tiyang jawi anama rana wijaya sampun asring-asring ketingal suda engetanipun adamel slametan ing griyanipun. Liyaning modin ingkang sami ngepang. Bokipun nama nyai kasanarun sarta bojonipun tuwin tiyang gangsal malih ingkang dipun suruhi. Sasampuning ki kaum amad anom andongani ajat tuwin atumut kedha sarta angrakit brekat kathah. Sedyanipun badhe aso mantuk sawek kemawon anyaketi kori dipun bithi gegeripun adhawah. Sareng ngadeg malih rana wijaya amendhet penthung dipun dhawahaken endhasing kaum suprandene sawek kemawon dipun ajak wicantena gegujengan. Kyahi kaum saksana mlajeng. Rana wijaya lajeng anubruk tiyang

sanesipun. Wonten satunggal anama jaga penganten punika ingkang kaprawasa dipun penthung endhasipun. Lajeng ambruk pejah. Kancanipun inggih wonten ingkang labet. Dalasan biyung utawi bojonipun sami kataton. Biyungipun kenging penthung iringaning endhas sareng penthungipun rigol pun edan anyandhak arit ageng. Bojonipun badhe kagorok rahajeng saged uwal nanging bahunipun ingkang tengen putung. Sarta caket gulu tatu. Sareng tiyang sadaya sanpun sami kesah. Rana wijaya kantun ijen kaliyan jisimipun jaga penganten kori tuwin jandhelanipun ineban. Saksana polisi prapta. Griyanipun rana dimeja kakepang sasarengankaliyan tiyang dhusun ing ngriku. Dipun bikak boten kenging. Sabab dipun kancing santosa. Dangu-dangu jandhelanipun kenging kabikak lah ing ngriku katingalan pun rana dimeja sampun gumantung ngandhaping dalurung. Sareng para tiyang sampun saged malebet ing griya. Kapariksanan rana dimaja sampun kapanggih layon. Nalika kekepangan boten pisan wonten wiraos ingkang badhe anuwuhaken nepsu. Para kumisi terang amastani manawi ingkang anyupet jiwa sakit edan.

Lokomatif angabaraken makaten. Kathah bongsa jawi ing semarang amastani kirang tata. Dene lenggahing mufti masjid semarang. Saking karsaning kang bupati dipun sampiraken dhateng bongsa koja. Menggah mufti wahu tiyang musanif mutada raosing kitab ingkang asring anuntun sarta andilahi salebeting pradata surambi. Manawi nalar ahli waris ngedum warisan sapanunggilanipun murih anetepana saraking nabi. Menggah rumiyin boten mahiben bilih padamelan mufti wahu. Dipun lampahi dening bongsa sanesipun tiyang jawi. Awit nalika samanten awis tiyang jawi ingkang putus dhateng suraosing kitab samangke sampun boten kenging dipun wastani kikirangan saba kathah para khaji ingkang sami langkung kamemetanipun ngatasing koran sapanunggilanipun. Ywasaning jeng nabi. Mukhamad. Katimbang kaliyan ingkang dados mufti samangke. Mila kathah ingkang mastani. Bilih pandamelan wahu boten kenging kawastanan pantes dipun lampahi dening tiyang sanes guyubaning bongsa kang boten nunggil kabawahing surambi. Manawi prakawisan.

Pabrik Eis

Lokomotif angabaraken bilih pabrik toya kenthel (eis) ing semarang njeblug anggigirisi. Wonten barang atos ingkang mlesat ing pundi-pundi. Tujunipun boten patos kathah ingkang katiwasan. Dene bab kapitunan katapsir kirang langkung. 80. Ewu rupiyah. Rahajeng teksih wonten pabrik alit caketing pabrik ingkang jeblug wahu. Kenging kalampahaken murih amitulungi panganggening toya kenthel ing semarang. Kajawi punika pabrik eis satunggal malih ing bojong. Kenging kaarsa-arsa saged puter ing sawiwiting wulan oktober. Pabrik eis ing surakarta sanalika kalajeng minggah anggangsal welas sen sapunipun. Sabab saliyanipun bawah surakarta. Kedah mitulungi dhateng bawah semarang utawi ngayogyakarta. Mugi-mugi ingkang darbe pabrik ing semarang enggal saged mulyakaken kapitunanira. Sabab wedal sapunika. Toya eis wahu. Meh boten saged kantun. Saking prelunipun.

Tuwan pe. Pe. Portir administratur ing ngramaka bawah mangkunagaran. Ingkang dipun dakwa alangkah panggeran ngantos kapradata ngarsaning rat panjustisi. Samangke luwar prakawisipun boten kenging kaudur malih.

Ing kitha toholo sarta ing galeta. Bawah ternate sarehning resah kathah ingkang sami ngili. Numpak bahita kapal prang anama ponte anak. Ing kitha papilong caket toholo kathah biting. Tuwin bahita cacahipun satus dipun awaki tiyang sewu. Sami balanipun danu baba asan. Ananging bahita samanten wahu meh luluh kabrastha dening kapal perang ponte anak sakalangkung kathah para mengsah ingkang lampus kumpeni rahajeng sadaya.

Kancanipun kraman kraheng bonto-bonto. Tilang. Lala. Ing bawah mekasar sami nungkul ingkang bawani nama dhaeng parapah kacepeng ing sisih eler sami tata tentrem.

Kikiranganipun toya kenthel (eis) ing semarang. Kados boten saged dangu. Sapabrik eis anyar. Gadhahanipun tuwan rodhe. Badhe enggal kalampahaken. Liya saking punika tuwan aris. 2. Tuwan sekol ing semarang. Sami anindakaken sakayangipun murih enggal saged dipun adamel eis malih. Sadinten-dintenipun taksih saged angwontenanken eis. . 600. Pun. Bilih panganggenipun mawi pangatos-atos badhe anyekapi. Punapa dene ing rumah sakit boten badhe kapitunan.

Ing Mangkunagaran

Nalika ing dinten malem slasa tanggal kaping . 7. Wulan ramlan ing tahun jimawal sinengkalan. Marga sirna ngesthi pati.

Ing wanci jam satengah pitu. Tiyang jaler wasta rengga pitana. Tilas abdi dalem rengga sasana. Griya ing madya taman sakilen lepen stasiyun. Ing wekdal punika pinuju sawek sidekah rasulan angundang tongga tepalihipun. Dupi sampun badhe ngijapaken biyungipun angelungi arta wajib dhateng rengga pitana wahu. Nanging kaledhong ngantos kaping kalih. Punika andadosaken duka yayah sinipi jajabang mawi ngantre kocak amondar-mandir kumedud padoning lathi. Rengga pitana whu tandya ngadeg nyat amenthet linggis. Kabekta medal mipi sajawining konten. Sareng wahu medal saking griya tumunten kapenthung. Kaumbengok lumajeng asipat kuping. Ingkang sami wonten ing griya lajeng medal ananging tiyang wahu inggih sami kening kapenthung nyapindhah sadaya. Namung ingkang wonten wingking pyambak punika dipun bujeng dupi sampun ketututan dipun penthungi linggis kantos pejah. Sareng sami mlajeng katilar wangsul dhateng griya amenthung biyungipun dupi ingkang estri katingal linggis kabucal. Amendhet bendho kang estri lajeng dipun plathok sareng kang estri ankem sirah malah dipun plathok malih. Kanton tanganipun katut buntung. Punika lajeng uwal sami saged medal. Dupi sampun boten sami nglawani. Tumunten kontening griya dipun ineb sadaya. Saha dipun tetegi ing slarak nahan ingkang wonten salebeting griya. Kocapa ingkang tandang tulung wonten jawi. Lajeng ngaturi uninga ing parentah nyuwun parenga amejahi. Parentah inggih ugi marengaken. Saha maringi bantu prajurit sadedamelipun. Dupi sampun dhateng panggenan ngriku konten griya lajeng dipun dedel menga. Wasana rengga pitana wahu katingal sampun pejah gumantung. Saha gulunipun tatu bendho.

Wondene ing ngajeng sampun nate gadhah sakit gendheng. Ananging anggenipun saras sampun. 9. Wulan punika.

Panjurung

Lare awasta warja anakipun tiyang nama sastra marga ing dhusun tegal bamban (karta sura) enggal punika kaplinthes grobagipun tiyang nama sariman ngantos anemahi pejah. Sariman lajeng kacepeng dening polisi kaladosaken dhateng nagari. Menggah karampunganing pangadilan dalem pradata sariman kaleres kaukum bucal laminipun. 2. Tahun tanpa rante.

Lah punika kenging kaangge cermin netra. Tumram dhateng juru anglampahaken grobag ingkang sembrana.

Dereng lami tiyang wasta setra wijaya ing dhusun taketen dhistrik gesikan (klathen) dhawah saking menek wit malinjo anemahi pejah.

Lah punika kenging kaanggep dados pepenget tumrap dhateng para sepuh supados bilih anak putunipun amemenek lajeng kasrengenan.

Katandhan yukti.

Ingkang kula pupuji mugi wontenipun serat kula punika sampun pisan-pisan andadosaken rengat saha dudukanipun tuwan redhaktur. Se. ep. pilip. Sanadyana kula sampun amanoni. Bilih tuwan redhaktur saben-saben karya amamacak cariyos adi migunani wonten ing bra martani. Pinangka dipun amenthet saking serat nederlan ewa semanten sarehning ing mangke bra martani katelakan cariyos adi migunani wahu. Mila kula kedereng andarbeni panuwun mugi wontena karsanipun tuwan redhaktur anggiyaraken panunggilanipun cariyos adi migunani kasebut ing nginggil ingkang badhe amamalad indhaking regengipun serat bra martani.

Wasana manawi serat kula punika kagalih cumanthaka. Kula amung cumadhong panagaksaminipun tuwan redhaktur.

Katandhan. Minakancana ing tirta gumilang.

Mila sampun andadosaken panggalih sampeyan mas kusuma wicitra. Sarehning kula tiyang cublak dados parlu nyuwun sesererepan bab tembung panyerat sampeyan ingkang kawrat ing bra martani. Ongka. 39. Kadosta ingkang mungel durjana pratondha. Sarta. Polisi. Sakit pangresula. Mangretos pranatan supados gumrangsang. Tani. Punika gesehipun ing teges punapa kaliyan manawi kasebat mangkaten. Durjana. Pratondha. Sarta. Polisi. Sakit pangresula. Mangretos pranatan supados gumrangsang. Tani. Wasana kula angajeng-ajeng sanget dhateng wangsulan sampeyan ingkang tumunten.

Katandhan saruni ing taman sekar.

Kula namung parlu pitaken dhateng kusuma wicitra sakedhik panujurung sampeyan ingkang kasebut ing bra martani ongka. 39. Punika tapak asta sampeyan piyambak punapa serataning lare ingkang saweg jajal-jajal nyerat dene yen seratan sampeyan piyambak kula gawok sanget teka pelo miwah boten yekti. Yen serataning lare sabab punapa boten sampeyan pariksani. Murih saged angleresaken pundi ingkang lepat panyeratanipun.

Katandhan. Darma dasaja ing langen adi.

Panuwun kula asanget sanget mugi wontena karsanipun tuwan redhaktur. Se. ef. Pilif. Amitulungi macak panjurung kula punika tumrapi bra martani wedalipun kemis benjing enjing.

Panjurungipun rudita ingkang suraosipun amratelakaken bab ajalipun raden atma dikara. Tuwin samuwaning rerengganipun ing pametak kawrat ing bra martani. 38. Parlu kedah kula sambeti urus jalaranipun samuwa kados ing ngandhap punika.

Menggah rerenggani pametak layonipun raden atma dikara anggenipun samuwa. Punika boten liya winih saking barkah saha rumentah ing sih kawelasan dalem gusti kula ingkang sinuhun kangjeng susuhunan amargi patedhan dalem waragad kathah ngantos anyakup saparlunipun. Malah ambaleberi lumembar dhateng sumawaning rerengganipun ing pametak tuwin dhateng para gading wilujengan bok manawi wontenipun mangkaten tumuwuh saking panggaliyan dalem ing bab sangsaranipun raden atma dikara. Pinimbuhan setya tuhunipun anggening anglampahi kawajibanipun ing salami-lami. Miwah angayah dhawuh dalem ingkang sinuhun ngandikakaken anganggit kawontenanipun saben tedhak dalem ing pasanggrahan langen arja. Tuwin ebah osiking kawon ingkang parlu-parlu. Sanadyana raden atma dikara anandhang sakit sarta kamlaratan. Ewadene anggenipun ngayah karsa dalem wahu dipun lampahi sarana lega dhanganing manahipun. Saha ing sasaged-saged pinarsudi sae ing dadosipun supados amamalad ascaryaning panggalih dalem. Saking panggagap anggenipun puguh sumengka mangkaten punika kados arda cumepta bok bilih saged kalunturan nugraha dalem kaanggep wong kapangundhuh ing kangelan tuwin rekaos.

(Mohitalab dati arsa) ananging teka andadosaken pangondhok-ondhok ing manah. Dene pangajap-ajapipun raden atma dikara boten kasembadan. Sabab selak kaseksa ing papasthen puput umuripun tilar dunya murud ing kalanggengan. Mila panggalih dalem ingkang sinuhun kaejegan ing welas katondha paring dalem waragad kathah.

Dene anak tilaranipun raden atma dikara. 9. Ingkang jaler pambarep amagang wonten kabupaten pangrambe. Umestu para mapasih adilipun panjenengan nata. ing mangke lare. 9. Wahu saestu dereng sinungtuking panguwajiwanipun.

Wasana kula amumuji mugi pun pambarep saged angulati kalabaning bapa ingkang ngantos kapanggih. Murih wonten ingkang ngehubi para sadherekipun saha angentasaken saking

kasangsaran anetepana ingkang sampun dados pangajeng-ajenging ngatasipun wajibing tumitah sepuh sageda angatingalaken labet kawekelaning bapa sarta setya tuhuning pangawulanipun.

Katandhan. A. P. M.

Redhaksi dherek manjurungi

Mugi andadosna kauningan ing panjenenganipun redhaksi. Bilih anggen kula jajampi bubur asem punika sampun rambah kaping tiga. Ananging boten jodho. Amila sapunika kula kendeli.

Wondene anggenipun manadukara panjenenganipun redhaksi tuwin pilip punika taksih kula pundhi. Supados kalampahan anggenipun paring pupuji tumuntena saras ing sasakit kula wahu.

Katandhan open.

// sekar pucung. Kalulun laguning tembung. Panambanging gita. Basa inaran palupi. Amimirid ri sang parameng ing sastra. // nadyan kadung tuna pangriptaning kidung. Kumadayeng driya. Tanwun sindhining pamidih. Linulusna katur mring jaya sudarma. // saking sekung kasidembeking tumangguh. Manggagap pembatang. Cangkriman kanang padadwi. Yen madayeng den agung aksamanira.// ing pangcup kawula pagadug-gadug. Dudu gawatara. Datan liyan naming saking. Nenggih arta wasana masa boronga.//oo//

kramadongsa

Punika candhakipun cariyos nawawi

Lalampahanipun Sultan Ibrahim

Ibnu Adam

//oo//oo// Raras driya //oo//oo//

// nalikanya ki patih angrakit. Punggawa noma anom. Pinapantes kalawan pangkate. Samya pinaringan busanadi. Lan rekyana patih. Darbeni panuwun.// mring sang prabu anom pamrayogi. Sengkeran jalma ro. Jaka islar sinuhun samangke. Jumenenga wajir senapati. Ngreh abdi prajurit. Ingkang wolung ewu. // ngali jenab ingkang anisihi. Senapati anom. Lan sutane ki jenab wus dene. Samya pinaring pangkat prajurit. Pramuka pangarsi. Jaka islar mungguh// datan wing wang dinulu respati. Busana kinaot. Sinuwunken idi jumenenge. Sultan kutub sampun amarengi. Myang narendra siwi. Kalangkung panuju.// denya sampun ing nguni umeksi. Tangkeping prang popor. Jaka islar katon prawirane. Liya punika ipe sayekti. Mring sultan ibrahim. Miwah prabu sepuh. // sakelangkung mring ki islar asih. Dereng kit ngalapor. Mangkya pantes yen sinengkakake. Sinungka praboning senapati. Tan wing wang mantesi. Dhinapur jalma gung. // nagri bulkiyah kasub linuwih. Panjenengan katong. Sakalangkung ing mangkya luhure. Dhasar prabu wirata menggalih. Wah jumeneng wali. Waskitha ing ngalus. // tuwin para lelajering nagri. Keh prawireng kewoh. Tuwin prabu anom sudibyane. Wus kawentar yen prawireng jurit. Lan pekik tan sipi. Cahyane sumunu.// kadya sang prabu nur ing rat kabir. Ing mesir kadhaton. Undha-undhi estu prabawane. Ing samangkya praja kanan kering. Sumuyut jrih kasih. Mring bulkiyah prabu. // kuneng gantya kawuwusa malih. Lampahnya sang katong. Sultan basarah laju lampahe. Nanging anggungungun sri bupati. Denya aningali. Para punggawa gung. // kang amethuk dinulu respati. Punggwa nom-anom. Samya neracak bagus warnane. Rowa rikat tangkeping prajurit. Busana mranani. Sumebar bra murub.// sri narendra ngalembaneng galih. Prameswari katong. Sinung wikan narendra delinge. Yayi dewi ing bulkiyah iki. Tuhu tanpa siring. Ratune pinunjul. // ingsun iki eram aningali. Dene ta mengkono. Sultan ibrahim bisa-bisane. Anglakoni anilar nagari. Mwang nilar kamuktin. De kaprabonipun. // nora kurang rarasing kamuktin. Dhasar maksih anom. Kacarita kang mongka garwane. Putri susilabekti ing laki. Parandene kongsi tinilar anglangut.// sultan ibrahim anem tan sipi. Sumarma samengko. Wus katekan kang dadya karsane. Kaprabone bisa angungkuli. Miwah para aji. Jrih asih sumuyut.// prameswari aturira aris. Pukulun sang katong. Lamun ulun papanggih ing mangke. Lawan garwa jeng sultan ibrahim punapa ngabekti. Hamba pantesipun. // sultan basarah sigra mangsuli. Yayi mungguh ing ngong. Sira yayi nembah abecike. Ngalap berkah mring sori linuwih. Dara pon hyang widi. Sih ira lumintu. // yata eca kang gunem neng margi. Tan antara katon. Senapati islar

pamethuke anindhihi prajurit neng ngarsi. Wah ana turanggi. Sinungsungan agung. // sakaprabon ngupacara asri. Buka sri tetopong. Prajurit tan andhangah semune. Pangkat-pangkat prajurit sinelir. Ngapit kanan-kering busana bra murub. // sultan basarah kagyat ningali. Angandika alon. Sapa baya ingkang prapta kiye. Dene dhapure gagah respati. Kaprabone luwih baya ta wong agung.// dupi parek waspada sang aji. Mesem ngandika lon. Heh si adhi ingkang methuk kiye. Kalingane wus pangkat bopati. Heh dan parek adhi lawan jenengingsun. // away mudhun sangking turanggi. Tudhuhena ing ngong. Para wajir sawiji wijine. Sira barenga lan laku mami. Sagsona sinanti. Ki aslar adheku. // sadangunya lelampah narpati. Agung amiraos. Singa prapta dinangu namane. Mwang pangkate palenggahan wajir. Ki islar mastani wiji-wijinipun.// nulya katingal sang narta siwi. Wadya busana byor. Jejel penuh samped pangiride. Narpa putra nitih gotha kadi. Songsong tunggal asri. upacara ngayun.// sultan basarah atata nyaris. Adhi sapa katon. Beda lawan ngarep ngarep kabeh. Kaprabone acara narpati. Ki islar nahuri punika pukulun. // putra paduka sang narpa siwi. Gusti prabu anom. Dadya wakil ing rama lampahe. Sultan basarah dupi miharsi. Tumedhak rumiyin. Sangking ratanipun. // awit sepuh nanging angandhapi. Reh kuntap kaprabon. Lampah dharat lan prameswarine. Prabu anom ing ngaturan uning. Lamun sri bupati basarah tumurun. // prabu anom gupuh animbangi. Wus dharat mirantos. Dupi parek tumundhuk kalihe. Sultan basarah ebat ningali. Mring sang narpa siwi dene lintang bagus. // lan cahyanya kadya balerengi jeng sultan ngalap sor. Angrapepeh kinanthi astane. Binekta mring tarubyasa adi. Miwah prameswari pakendelanipun.//oo//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma

0ngka kaping: 41 Kemis kaping . 12. oktober 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Kados sampun waradin kasumerepan bilih tuwan bul silopen pangagengipun rodhekruwis. Anyukani bibingah dhumateng para militer ing beteng surakarta. Yatra kayhahipun. 500. Rypiyah. Murih sami asuka-suka. Menggah punika sampun pinten-pinten dinten anggenipun atata tata damel panggenan susukan ing alun-alun wingking beteng ageng. Tujunipun kaleresan boten wonten jawah. Kapara madyaning papan panggenan kadekekan tarub kadamel main kumidhi. Ing wingkingipun panggenan kewantiren wonten malih made alit alit kadamel sulapan.
Sareng ing dinten kemis kaping. 5. Para militer sampun wiwit angrakit titingalan. Wanci jam tiga ing alun-alun wingking beteng sampun jibeg tiyang aningali. Sareng jam. 5. Para militer sampun katingal ngangge busana. Lah punika ing alun-alun wahu meh boten katingal tiyang. Namung mastaka ingkang kenging dipun sipati. Rasukanipun para ingkang sami main amonca warni. Wonten ingkang endah wonten ingkang gujengaken. Wonten militer satunggal punika mindha-mindha dados rasaksa. Ana mamargo. Kapara dipun singidaken. Sarta dipun rante. Lajeng dipun abani dening ingkang angreksa dipun celuk kaping. 3. Kaping. 4. Tansah agereng-gereng. Rante kapirengan kumricing. Saksana margo anjebol saking anggenipun singidan naging kapambengan ing rante. Wrenipun badan sakojur katutupan ing kamli adhiwud-dhiwud suku dipun angus cemeng. Rahinipun samanten ugi. Sakalangkung angajrih-ajrihi. Lajeng dipun abani kapurih ambadhog. Nunten wonten pitik alit ingkang tinangsulan ing ngriku. Kadamel sediyan tedhanipun rasaksa. Pun margo lajeng anyaut pitik dipun sempal-sempal kados dipun jambal. Kathah para tiyang ingkang kapara boten ngresepi. Ningali titingalan makaten. Malah para lare kathah ingkang sami kami gilanen. Bok menawi andadosaken kagum. Ing mongka pun margo mawi amandhi gada. Dipun obat-abitaken. Wonten malih titingalan ingkang anggujengaken ger-geran. Ingkang sami aben balapan mawi kapal dipun tumpaki. Inggih ugi murugaken suka seneng. Kathah ingkang sami dhawah saking kapal. Nanging boten mawi kapok. Lajeng numpak kapal malih awali-wali.
Ingkang kapara anggumunaken. Para militer samanten kathahipun sarta sami asuka-suka. Teka boten wonten satunggal ingkang wuru. Utawi ingkang ngantos atingkah tan patut. Bok manawi saking patitis anggenira angrakit tuwin anyingkeraken sawarnining inuman ingkang muroni. Mila kathah ingkang ngalembana dhateng para opsir ingkang anata tuwin mandhegani. Kadosta tuwan militer komendhan oprestergeter. Sarta tuan litnan lawik utawi litnan tonet.

Sampun sawatawis dinten semahipun tiyang jawi parencanganipun tuwan E ing jebres ical boten kantenan anjalari bojonipun meh nganyut jiwa. Tujunipun kapambengan. Wasana ing pakawisanipun tuwan wahu wonten sumur boten kangge mawi dipun sasabi gedheg panuju wonten tiyang ingkang lumampah caketaning sumur wahu. Mambet gonda arus. Sareng sumur dipun pariksani. Wonten jisimipun ing mongka sampun amoh. Sanalika lajeng katur ing parentah. Jisim dipuin entas kajenengan dening tuwan asisten residhen sarta tuwan dhokter mayor Esinger. Sanadyan katawis bilih jisim wahu saestu jisimipun tiyang estri ingkang ical. Suprandene boten

saged anerangaken punapa kang dados jalaraning pejah. Ananging rehning sumur wahu ing sadangunipun kasasaban ing gedheg. Dados boten saged anginten manawi tiyang estri wahu pejah bilahi. Wonten emperipun kadurjanan dene genipun badhe anyupet umur bojonipun. Punika anuwuhaken pagrayangan dhateng piyambakipun. Mila lajeng kakunjara. Ananging dalasan mangke dereng wonten pangakenipun.

Surakarta

Ing dhusun melikan bawah baturetna wonten raja pejah. Wartosipun makaten singadrana bekeling dhusun wahu dipun pondhoki tiyang jawi saking dhusun kelampeyan anama mretaniti. Boten pisan gadhah barang pangaji. Dalasan dhuwung inggih boten bekta. Sareng dalu mretaniti atileman kaliyan anak putonipun singadrana wonten ing amben wasana ingkang gadhah griya dhateng mentas amariksani kandhang mahesa. Nembe badhe tilem amirengaken sanjata mungel jumedhot pelor butul ing pager. Sanalika singa drana aningali bilih lajeng pejah. Sapriki ingkang nglampahi kadurjanan wahu dereng kacetha. Nanging kathah mastani manawi ingkang dipun angkah pun singa drana. Polisi tansah taberi anggenira ambudi.

Nalika anyaketi sigegipun wulan september. Wonten gudhang. 2. Kagunganipun kangjeng pangeran adipati mangkunagara. Ing bawah sela retna sami lebur. Ingkang satunggal gudhang ing sela marna. Risak dening cleret tahun malah wonten tunggilipun. Griya. 15. Krestalan. 10. Kandhang kewan. 6. Sarta keseran. 9. Ingkang satunggal malih gudhang ing malangse. Kabrastha ing latu. Jalaran ingkang tenggak nedya nyeret anithik latu sangadhaping emper. Panggarapipun kapara sesembranan lajeng latu anyandhak payon kambengan. Samantara gudhang kewlagar. Kopi. 25. Dhacin ingkang konbong. Tunggakipun sampun sami kakunjara. Kapesthekaken manawi badhe kapatrapan.

Para wek mister sami sarembag angideraken serat kalowongan murih nglempakaken arta kadamel amragadi pakeren ingkang dhungkupi. Awit ekasipun kadamel pagesanganing kere wahu. Samangke surut. Amargi kathah para urun ingkang kesah utawi lalis nalar makaten wahu. Prelu sanget sabab manawi pakeren wahu ngantos wedar wengkunipun badhe ambibidhung ingkang sami griya ing loji sapanunggilanipun.

Kabar ing ngayogya tiru-tiru kados surakarta. Badhe nyasa pasamuwan. Murih anglempakaken arta. Kadamel amragadi sandhanganipun para lare sekolah. Anakipun tuwan-tuwan ingkang sami kikirangan boten saged ngwontenaken. Mugi-mugi para tuwan ingkang ngosikaken nalar sae wahu. Kabyantonan.

Wonten tiyang estri ing dhusun jambon bawah klathen anama bok praya sentika kesah wana wates ngayogya mendhet kajeng tunu. Dereng ngantos angsal kathah dipun serudug sarta dipun uleni dening wiju. Ngantos labet kathah. Enjingipun lajeng tilar.

Wonten kuli satunggal ing dhusun mranggen kepanggih pejah ing jurang celak dhusun ngriku. Saemper dhawah kejrungup.

Ngayogyakarta

Nalika ing dalu tangal kaping. 17. Angrintenaken tanggal kaping. 18. Wulan september. Tiyang jawi anama bongsa wirya bekel ngiras dados mandhor ing dhusun ngrandhu. Tumut presil pe. Bawah kabupaten sleman dipun tuweni ing durjana kecu mawi ngasuk dedamel. Tujunipun ingkang gadhah griya seweng. Angleresi kesah nyadran. Saderengipun siyam. Para kecu dhateng angreyok sarwi asumbar-sumbar ingkang gadhah griya kinen medala. Ananging boten wonten sahuripun bojonipun cancut saged madal kori butulan wingking. Sarwi anilar barang darbekipun ingkang pangaji. Anggenipun taberi anggemeni. Wasana anuwukaken para reged warninipun

ingkang kapendhet ing durjana. Dhuwung. 5. Tumbak. 4. Sanjata. 2. Tuwin barang remeh sarta barang suwek gugung pangaji. 680. Rupiyah. Boten wonten ingkang sumeleh kantun. Polisi sengkut aniti pariksa tan dangu kapanggih guyubaning durjana kecu. Malah salong sampun kacepeng. Pangudinipun tan kandhek mugi-mugi polisi sampun ngantos kendel yen dereng cakup sadaya murih kenging kapatrapan ukum ingkang pantes.

Wonten kabar saking sleman manawi kreta sentika bekel jethis palan sampun amejahi pandung mawi katumbak. Jalaranipun tiyang kang dipun pejahi wahu anyolong taneman tom. Lajeng angungelaken gentangan nanging tiyang ingkang tandang boten wonten satunggal ingkang saged mastani asalipun pandung wahu.

Nalika tanggal kaping. 9. Angrintenaken kaping. 10. Wulan september. Wonten pandung malebet ing gedhong pateyan ing marta negaran. Katha warnining barang ingkang dipun remeni sarta dipun pendheti. Gumun dening konca tenggak boten wonten kang nyumerepi. Anyepeng malih yen sageda. Ingkang kapara anggumunaken dene salebeting wulan siyam teka awis temen pandung anyambut karya. Bok manawi saking wiyangipun para ingkang kapandungan anglapuraken dhateng polisi. Awit ajrih manawi dipun dedangu. Lumampah awira-wiri.

Nalika malem akhat kaping. 19. September ing jaya ningratan wonten griya kabesmen saknalika griya kalih ingkang luluh. Griya ingkang wonten kiwa tengenipun enggal karebahaken wonten serat saking kiwa tengenipun kabupaten kalasan suraosipun makaten. Dereng dangu wonten tiyang anama drema asal saking dhusun gandhu. Kepanggih labet kapara anteb sumeleh ing pasabinan sampun boten enget sareng polisi dhateng. Tiyang ingkang labet wahu ngalilir. Sareng kapariksanan angakeni bilih truna menggala bekel dhusun mantub bawah kalasan ingkang anatoni. Saksana katiti pariksa terang manawi bekel wahu estu ingkang mranani. Lajeng dipun kunjara. Kathah ingkang ngalembana sengkutipun ing damel bupati kalasan.

Ing semarang para tuwan sarta ingkang sami awisma ing ngriku. Sami guyub anglempakaken arta. 20. Ewu. Dipun sukakaken dhateng tuwan aris tukang damel eis ing semarang. Tanpa sareman. Murih enggal saged angrakit mulyakaken pabrik eis awit sampun kayektosan manawi eis wahu. Samangke jampi ageng. Boten badhe saged pisah. Ngatasing negari semrang.

Kabar jisimipun kecu ingkang angecu bandar apyun ing bantul. Ingkang dipun sirati endhasipun mawi lisah petroli lajeng murub. Kapanggih ing salebeting patebon bawah presil pundho. Panuju temponipun angrembang. Sareng katiti pariksa. Ingkang pejah wahu sadherekipun jaler bekel ing brajan. Mila bilih yektos makaten polisi badhe enggal saged manggih larenipun. Ewadene samangke polisi pancen pantes dipun alembana. Anggenipun taberi angupadosi kadurjanan.

Kabar ing kantor karesidhenan wonten panggaraping yatra. Ingkang pancen kadamel maragadi ilen-ilen ing bintaran. Samangke kisruh ing mongka ewon. Kabar wahu dereng wawaton temen.

Mangsanipun ing sadinten kalih punika. Bawah ngayogya boten ajeg saemper sampun numpak rendheng. Nanging warnining tebu anelakaken sanes kalih dene malih kathah ingkang dereng rampung anggenipun giling. patoman tingalipun seger. Owel pangosing nila boten saged kathah.

Sasakit dereng sirna sadaya. Kathah ingkang taksih katuwenan kasrepan. Tujunipun boten patos anyumelangi. Ingkang dados gumun ing wantuning wulan siyam. Teka pandung boten patos-patos anglibed.

Nalika malem salasa ingkang sampun kapengker kamemetanipun pandung ketingal mewah. Wonten tiyang jawi malebet griyanipun tuwan Le. Ing ngemper wonten ingkang tileman akemit.

Pun pandung lajeng tumut tileman ing sacelakipun konca tenggak. Sareng ingkang tenggak sampun tilem asengkuran kemulipun kapendhet kabekta angles. Ingkang gadhah kaget lajeng cerek-cerek maling maling. Pandung mlajar nanging dipun cepeng dening konca patrol. Lajeng kakunjara.

Jalaran panjebloging pabrik eis ing semrang. Ing ngayogya samangke kapitunan. Boten saged pikantuk eis. Ing mongka ngajeng panggenaning wade eis. 2. Pagenan. Ingkang amurugaken turidaning manah. Atarapipun juru damel eis ing surakarta. Punika lajeng dipun kendeli pakintunipun eis. Semunipun kados amalesi makaten. Dados kang sami ajegan tumut kapitunan. Leresipun luwung anyengkakna pangaos kathah kang sami trimah. Rehning sawek prelu sanget. Mugi-mugi ingkang sami mrasudi damel eis enggal saged angwontenanken.

Turki

Kabar ing praja gung turki samangke sekalangkung tintrim. Ing ngajenging kitha istambul sakalangkung tata tentrem suprandene samangke kathah sumelangipun awit resah sanget. Para durjana apepanthan mawi sikep dedamel sami malebet ing griya. Tujunipun ingkang gadhah wisma kathah weyanipun. Dados gampil pangecunipun. Saliyaning gudhang-gudhang ing kitha perah sarta ing galatah. Ingkang kebek barang-barang. Griya-griya ingkang tebih nagari. Punika ingkang dipun angkah para durjana. Ingkang karemenan pisan sarupining wisma ingkang seweng awit ingkang gadhah sami kekesahan dados boten wonten ingkang mambengi. Ingkang limrah para durjana wahu. Sami kulina pasang rakiting griya ingkang badhe dipun tuweni. Para patrol emperipun sami sakuthu kaliyan para durjana. Mila nilar kuwajiban. Samangke resah dereng maleber. Nembe mamandung kemawon. Sadinten-dintenipun serat kabar ing nagari turki. Boten wonten kendelipun amratelakaken kadurjanan bebegal sapanunggilanipun. Ingkang dipun rebat. Yatra erloji sapanunggilanipun. Makaten wahu boten mawi mangwang wayah. Sanadyan rahinten. Inggih purun andurjanani wonten ing radinan ageng. Suprandene lampah resah makaten wahu. Sampun kaweca. Gumunipun sakedhik dene nembe sapunika kabulipun. Sabab samangke ing salebeting nagari turki kacupetan arta. Dagang layar tuwin pagunan sasaminipun ingkang pinarsudi. Sami kanggeg mila kathah isining tiyang ingkang tanpa pangupa jiwa. Dados sami angulondara. Awit padamelan ajeg boten wonten. Mila suraosipun ing praja istambul sakalangkung ruwed kathah ingkang mergiyuh.

Surakarta

Kula radi ngungun. Amiharsa tuwin aningali pratingkahipun tiyang gugon tuwon. Ing nalika wulan oktober kapong. 1. Tahun punika. Wonten bas tukang batu. Bawah tuwan kang maosi siti. Punika wahu bas kaundur pandamelanipun. Amargi kirang sae lan kirang rikatipun yen nyambut damel. Ing wetawis anggenipun angendeli sampun kalih wulan. Ing wusana pun bas kaweken menggah ing tedha. Sanget kasusahan melarat. Lajeng ing dinten malem jumungah nenepi ing pakuburan lare kang kapethak wonten ing tegal ngenthang-ngenthang. Sareng bas nenepi wonten ngriku wanci tengah dalu wulan sepuh remeng-remeng wonten lare dhateng tanpa rencang wicanten makaten. Bas aja susah atimu sesuk kowe sebaha menyang tuwane. Tak ideni kowe sesuk dibalekake dadi bas tukang batu manh. Karo belanjamu diundhaki. Pun bas kaget ningali dhateng lare kang wicanten wahu. Lan boten pangling dhateng lare punika. Estu lare kang dipun kubur punika kang dhateng. Sabab nalika lare punika teksih gesang pun bas sumerep werninipun. Nunten bas mangsuli mekaten olehe dianggep maneh kepriye wong aku wis dicacad ora becik. Lare punika mangsuli mekaten. Aja maido kowe saiki gaweamu becik. Sareng enjing pun bas lajeng sowan dhateng tuwan. Kapinujon tuwan sawek paben kalih bas kang gentosi punika. Sareng bas lami dhateng bas enggal lajeng dipun copot. Bas lami katetepaken malih. Sarta belanjanipun dipun indhaki sayektos. Sareng sampu kalampahan tetep lajeng kuburipun lare kang mripeni dipun cungkup gendheng. Sarta kapageran sae. Punika lajeng kathah tiyang kang tumut gugon tuwon.

Katandhan pun gumun.

Kacilakan tuwin kapitunan ingkang
Kalampahan ing wulan september kapengker punika

Tiyang estri anama iratana ing dhusun guthekan sragen wanci bangun enjing lumamapah dhateng ing peken dhusun larangan sareng dumugi ing margi dhusun gerdhu penga. Lajeng kabegal dening durjana kakalih. Begal ingkang satunggal anyikep sarta anutupi maripat begal satunggalipun amendheti arta ingkang wonten ing gendongan. Ing mangke begal ingkang satunggal sampun kacepeng dening polisi. Ananging ingkang satunggal deraneg kacepeng. Saibane anggenipun delik begal ingkang dereng kacepeng punika bok manawi kados gangsir ngeleng.

Tiyang anama kramajaya ing dhusun mranggen bayalali pejah kaglundhung ing jurang saleripun dhusun mranggen wahu. Badanipun sakojur anandhang labet. O . Allah punapa punika ingkang winastan julung kaglundhung ing jurang.

Lare anama sarija ngumur. 18. Wulan. Anakipun suta drana ing dhusun demalang dhistrik grogol karta nagaran pejah kacemplung ing suwakan. Nalika kawuninga bapa biyungipun pinuju kesah maggaot. Ingkang kapitados angrumeksa sarija ninekipun ananging pangrumeksaning nini lena. Awit kasambi angratengi tetedhan. O. ingkang maha agung pun sarija teka amelas ares dene dereng lami anggenipun jumedhul wonten ngalam padhang teka lajeng kapeksa ing pejah. Kalih dene saiba ta ageng ing kasusahaning yayah renanipun.

Tiyang anama setra semita ing dhusun mranggen bayalali pejah wonten ing margi ageng sakidulipun dhusun kepuh dhistrik ngute suka harja jalaran kaaniaya dening tiyang. Ingkang kenging dakwa nganiaya wahu tiyang nama tawijaya ing dhusun badran mangkunagaran lajeng kacepeng dening pulisi. E. e. punika inggih mesakaken. Lah dalah bilah dosanipun tawijaya tetela. Ing alun-alun surakarta adiningrat badhe wonten titingalan ingkang anyenyetaken manah. Inggih punika gantungan.

Tiyang estri anam setra prawira ing dhusun keyungan sragen wanci siang mantuk kesah saking ing dhusun calupak anumpak kapal tanpa rencang.dumugi margi ing dhusun sadeyan ampel lajeng kaandheg dening tiyang jaler satunggal ngaken kengkenanipun bandar ing salam kaprentahan anggledhah bok setra prawira. Margi kakinten ambekta apyun peteng. Nanging sareng panggledhahipun sepen tiyang wahu nunten amlajengaken artanipun bok setra prawira kathahipun. 115. Rupiyah punapa punika boten kenging kawastanan ambegal.

Katandhan yukti.

Kula maos serat bra martani ongka. 38. Kemis kaping. 21. September. 1876. Wonten panjurungipun mitra kula. Ingkang jujuluk. Rudita. Ingkang suraos angbaraken. Nalika kaping. 19. Wulan punika. Raden atma dikara abdi dalem urdenas kasepuhan. Tilar ing dunya. Mantuk dhateng kalanggengan. Punika salangkung panarima kula. Dhumateng mitra kula rudita. Namung dahat rentenging manah kula. Dene kaoncatan sumitra ingkang sanget rumaket. Mila saking pamuji kula ingkang boten pegat. Ingkang mugi raden atma dikara pikantuk margi kang padhang. Saha pikantuka nugraha salebeting kamuksan.

Sinerat ing langen sastra kaping. 33. September. 1876

Katandhan sungkawa.

Owel ingkang kintun panjurung boten amasajani namanipun. Murih pirsa sinten ingkang renteng manahipun.

Redhaksi.

Dhateng saruni ing taman sekar

Sarehning piyambakipun ngaken tiyang cubluk mongka pitaken teges bab panyerat kula. 11. Tembung punika kula aras-arasen mangsuli. Sabab tanpa damel saupami kula wangsuli kateranganing wawaton piyambakipun inggih gidhuh. Awit saking pangakenipun piyambak cubluk. Mindhak pitaken malih ingkang boten jaman.

Dhateng darma dasaja ing langen adi

Sarehning piyakipun ngaken gawok mongka pitaken dhateng kula. Punika kula inggih aras-arasen mangsuli. Sabab mindhak mijeni udur bab sastra. Saupami kula wangsuli kateranganing wawaton piyambakipun inggih gidhuh. Awit kanyina panyeratipun ingkang mungel piyake dhateng. Bra martani. Serataning lare. Leres pangakenipun piyambak yen gawok serat amargi saking bebegi panggalih. Ananging dereng sumerep kateranganing ing lampah.

Bab punapa piyambakipun pitaken bab seseratan punapa ingkang kula cariyosaken bab kawruhing sastra. Ingkang kula cariyosaken punapa dede kawontening lampah. Bab dursila. Bab pranatan. Bab ririgen sarta bab keset leresipun jawab inggih pundi ingkang dipun cariyosaken. Pramila kula aras-arasen mangsuli. Midhak damel kusuding surat pawarti.

Kusuma wicitra putranipun se ep pe.

Manawi ingkang kasebut nginggil punika anuwuhaken panangkis badhe boten dipun pacak.

Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// kinanthi//oo//oo//

// tata palenggahanipun. Wahu sang narendra kalih. Munggeng meru padmasana. Ing ngayap para bupati. Dene sang sori basarah. Ngaturan pakuwon wingking. // kang manggihi sampun sinung. Kaprenah uwa napati. Lawan para tri santana jawi lebet wus miranti. Sugata mawarna-warna. Saha wadya anyekapi. // dhaharan sadaya sampun. Sultan basarah tur nyaris. Dhuh engger narendra putra. Kawula miwah pun bibi. Sumarmi karaya-raya kamantyan arsa sumiwi.// mring nama sang wali kutub ing mangke kang para aji. Kathah kang sedya sumewa. Mrih barkah sang prabu wali. Dene kawula punika. Sampun pitepang duk nguni. // uninga pangwasanipun. Rama paduka sayekti. Yen jumeneng waliolah. Sakarsane den jurungi. Dene hyang kang murbeng alam. Kawula ngungun tan sipi. // dene jeng angger puniku. Timur sampun mratandhani. Kapireng ing monca praja. Sawabing rama numusi. Amupuni kaprawiran. Lan sinung cahya nglangkungi. // yata sang narendra sunu. Sabda nata ananduki. Sultan basarah karenan. Tansah amangalem batin. Wigyane sang narpa putra. Mirapeti rum amanis. // yata ing antara sampun. Dangu anentremken dhiri. Nulya budhal saha wadya. Sangsaya gung kang lumaris. Dadya tontonan samarga. Ing lampah tinata asri. // nahan sultan wali kutub. Methuk samadyaning kori. Lan kakalih garwanira. Roro cene tan winarni. Sultan basarah duk prapta. Cumundhuk arsa ngabekti. // cinegah asta sinambut. Ngandika sultan ibrahim. Yayi prabu sampun nembah. Sasalaman kang prayogi. Jer paduka tan kabawah. Marang ing nagari bulki.// dene prameswari prabu. Panggih sami prameswari. laju akekandhen asta. Binekta mring dalem puri. Langkung denya sih siniyan. Titiga yayah anunggil. // kadang sarama saibu. Dene kang lenggah ing jawi. Sagung punggawa basarah. Sadaya samya ngabekti. Sultan basarah neng dhekah. Kacatur samadya sasi.// binojana siang dalu. Kang prelu pakarya aji. Tetep denya puruhita. Marang jeng sultan ibrahim. Manjing sugci sanalika. Nanging tan jumeneng wali. // ing basarah sanga prabu. Sumedyar saha nglabeti. Marang sang narendra putra. Sabab kang ginunem sami. Denyar saha mukul praja. Nagari karsan ambalik. // ing nguni kabawah sampun. Ing karsan mring nagri bulki. Ing mangke ngadeg barisnya. Sumarma sang raja siwi. Tansah nunuhun mring rama. Karsa amukul larsani. // ngandika sang prabu kutub. Kulub durung mongsa iki. Kasore nagara karsan. Antinen sawarsa maning. Ganep etunge duk kuna. Nalika sultan ismangil.// ubayane luluhurmu. Bener prapteng sira iki. Kang bedhah nagara karsan. Sultan basarah miharsi. Alon wahu atur ira. Dhuh angger sang narpa siwi. // sabdaning rama pukulun. Kedah angger mituruti. Kawula mongsa tegoha. Umiring marwaseng jurit. Wadya paduka basarah. Karya babanten pangarsi.// yata narendra sunu. Jro galih tan mituruti. Mring pangampahe kang rama. Ing karsa ageha jurit. Reh lagya mempeng kasuran. Dhasar wus prawireng jurit.// lan mangkana karsanipun. Wahu sang narendra siwi. Wawadi semuning rama. Kewran kondur maring nagri. Dene karaton bulkiyah. Raja putra pun gumanti. // sumarmi sang raja sunu. Karsa jumeneng narpati. Aneng ing nagari karsan. Kang

rama ingkang pinurih. Wangsula karatonira. Aneng ing nagari bulki.// dadya lamis aturipun. Denya angecani galih. Marang jeng sultan basarah. Aturnya sang narpa siwi. Paman prabu ing basarah. Sampun sumelang ing galih. // kang estu sarira ulun. Kedah-kedah mituruti. Mring dhawuhira jeng rama. Satata tataning jalmi. Mituhu sabdaning bapa. Panjawi karseng hyang widi. // punika ingkang anglemput. Jer kakalih sami wajib. Sultan basarah miharsa. Ngungun mangaleming batin. Dene sang narendra putra. Ing kalbu sampun patitis. // mangkana kang gunem rembug. Reraket tanem badani. Mangkana sultan basarah. Dupi wus samadya sasi. Pamit kondur lan kang garwa. Wus kalilan budhal sami. // ngaterken sang narpa sunu. Kalawan rekyana patih. Lalampahan saonjotan. Ngaturan wangsul tumuli. Ubaya yen estu prang. Amuwun kinen nimbali.// ing ngupaya sampun putus. Ungkur-ungkuran lumaris. Mangkana ingkang winarna. Sakondurnya narpa siwi. Ing dalu nimbali sigra. Arya islar senapati. // lan ngali jenab puniku. Suta wowolu tan kari. Miwah kang para santana. Kang taruna sura seti. Piniji mring narpa putra. Kang sepuh tan den aturi. // sadaya sumewa sampun ngandika sang narpa siwi. Heh paman islar karseng wang. Sira amepeka baris. Lan si uwa ngali jenab. Iya ing sawingking iki. // ingsun budhal sesuk. Amukul nagri karsani. Umatur sang arya islar. Punapa rekyana patih. Gusti boten dhinawuhan pinrih ngungkuraken kardi.//

taksih wonten candhakipun.
Raden panji parta kusuma.

0ngka kaping: 42 Kemis kaping . 19. oktober 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Griyanipun cina anama cowa tiyong yong ing pacinan surakarta. Dipun templeki serat panantang ing papager tembok. Suraosipun manawi badhe wonten kecu tiyang. 200. Sangkanipun saking ngayogya. Dene ingkang badhe kakampak 1. Griyanipun cina nama babah lim jinig. 2. Agong sing (gendhon) para cina sampun sami kadhawahan. Dipun suprih prayitna anjageni. Ananging pangintening tiyang kathah. Manawi wonten serat panantang makaten wahu. Adat panggenan sanes ingkang badhe dipun tuweni durjana.

Ing ngajeng nalika mrajangji bab lotere iyatra ing surakarta. Dipun pratelakaken manawi ingkang menang anampenana yatranipun wetah ing kantor eskontomat sekapehi ing betawi. Mawi andedahaken lot ingkang kadunungan preis.

Tetembungan kang makaten wahu. Panampining tiyang kathah. Sampun boten saged dipun ingsar-ingser. Tegesipun boten kenging teka dipun muridi sanesipun ingkang sampun kacetha wahu.
Wonten ingkang menang preis kathah. Awisma ing surakarta. Punika kintun serat dhumateng kantor eskontomat sekapehi ing betawi. Sarta angsung pirsa bilih pyambakipun menang preis. Tuwin yatra menangan wahu sedyanipun badhe dipun purugi benjing tanggal kaping. 25. Wulan oktober. Wasana sakalangkung kagetipun tuwan ingkang menang. Awit atampi wangsulan suraosipun kadi kang kasebut ing ngandhap punika.

Betawi ping. 2. Oktober

Nederalanse

Eskontomse

Kapei

Kula sampun tampi serat sampeyan kang katitimangsan kaping. 26. September. Ingkang punika kasumerepan. Bilih yatra loterei ingkang katitipaken ing kantor kula eskomtomat sekapehi. Ing ngajeng panitipipun mawi patuwas. 4. Rupiyah ing dalem satusipun satahun. Punapa dene malih kedah dipun lerepaken ing kantor kula. Laminipun sawulan. Nunten kenging katagih mawi angomberi sawulan malih. Aliya saking punika yatra loterei wahu. Masthi katampenan ing surakarta. Sarana serat wisel ingkang badhe dipun bayar ing kantor kula ing betawi.
Saemper kados ing ngajeng kalintu ing panampi. Ananging maksa dupara. Dene wonten seling serep kang makaten. Manawi ing pawingkingipun kepanggih prelu. Serat kabar badhe anerangaken malih. Nanging ingkang menang kula rembagi angekahan papacaking loterei kemawon.

Wonten kabar manawi jendral mayur dhimon dereng dangu katimbalan dening kangjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral dhateng bogor. Kakarsakaken rerembagan bab perang ing

ngaceh. Sabab jendral dhimon pakabaran badhe kakarsakaken anggentosi jendral myur wikres pan kerkem. Manawi siyos pamit mundur saking peprangan.

Serat saking bogor angabaraken makaten. Nalika ing dinten akhat kaping sapisan wulan punika. Ing bogor meh wonten tiyang amethukaken turida. Jalaran saking weyanipun rencang estri. Wonten rare estri umur. 4. Tahun dolan ing kekebonan dipun etutaken babunipun. Ananging pun babu pijer kasengsem dhateng wowohan ing sacaketing kebon wahu. Lare alit palajaran anyaketi sumur esat lebetipun kalih dasa kaki. Asring-asring sumur wahu dipun angge bucalan uwuh sarta bala pecah. Wasana lare wahu kajrungup ing sumur. Andadosaken susah tuwin kagetipun para tiyang sepuhipun rahajeng kedhik dene sumur wahu kebek uwuh. dados lare alit wahu. Boten anteb dhawahipun mangandhap. Sarta boten mawi tatu. Nalar makaten wahu andadosna pangenget-enget.

Punika amratelakaken pangresahipun lurah dhusun

Wonten adat kalimrahan ingkang dipun pupuji dening konca alit sarta angasili dhumateng lurah dhusun ing mongka asil wahu saleresipun boten kawenangaken ing pranatan.

Menggah adat kalimrahan wahu. Sanadyan boten waradin salong kedhik warninipun salong warni-warni. Tungtumipun inggih amadha rupi. Dene bedanipun boten kathah. Mila padamelan lurah dhusun wahu. Kathah ingkang kepingin.

Lurah dhusun wahu limrah amupu beya. Kadamel pauntunganipun pyambak sarta asring anampeni yatra utawi pamedaling dhusun.

Manawi wonten ingkang ningkahan adat asuka pirsa dhumateng lurah dhusun kedah anyukani yatra. Kamurwa tiyangipun. Nanging ajeg boten kirang saking tigang rupiyah. Asring-asring manawi ningkahan makaten adamel slametan. Lurah dhusun inggih dipun sukani. Beras utawi liyaning tetedhan. Manawi wonten griya dipun wade. Utawi barang liyanipun lurah dhusun dipun ujuri dening ingkang wade. Kamurwat pepajenganipun. Manawi asade raja kayanipun lurah dhusun kedah dipun ujuri boten kirang saking nyatengah rupiyah. Manai asung pirsa badhe panen pantun lurah dhusun anampeni yatra dipun etang blabagipun utawi nyatunggal tiyang. Tuwin adat bojonipun lurah dhusun dipun purih tumut ngeneni. Pikantukipun dados wajibipun pyambak.

Wonten malih manawi panen pala wija utawi ngundhuh wowohan kajeng tahun tuwin ator kakajengan kadamel kajeng tunu. Lurah dhusun inggih kabageyan manawi anyunati mahesa utawi lembu. Lurah dhusun inggih tampi bibingah. Bilih ing dhusun anusuk kathah pakantuking ulam lurah dhusun kabageyan. Mila lurah dhusun petangipun boten susah tumbas bumbu. Manawi badhe andadosi griyanipun. Ing pundi-pundi ingkang sampun kalimrahan panganggepipun lurah dhusun dipun damel mesthi. Dene bilih wonten ingkang anyulayani. Lajeng dipun purih engeta dhateng kuwajibanipun ingkang nyulayani wahu. Sarta dipun jibahaken murih anetepana kuwajiban.

Ing sadangunipun lurah dhusun dipun luluti dening tiyang alit amesthi salaminipun mayar. Dene bilih wonten ingkang boten trimah awit dipun bobolehi. Utawi dipun gigiris punika adat lurah dhusun wahu dipun undhat-undhat. lajeng katur ing parentah sarta kauduraken.

Dene bilih parentah kapara ombering pamikir. Lurah dhusun wahu lajeng dipun undur saking padamelanipun utawi dipun atrapi paukuman entheng. Manawi boten makaten prakawisipun kaaturaken dhumateng leleresan ingkang masthi. Suprandene lalampahanipun lurah dhusun wahu. Anggepok bab kaping. 122. Bab patraping paukuman ngatasing tiyang tanah jawi. Ing ngriku anyebutaken sarupining priyayi (amtenar) utawi karereyanipun kaanggep lepat. Bilih ngantos purun-purun amupu utawi aken amupu yatra. Sarta anampeni. Ingkang dede kuwajibanipun kalebet pajeg utawi liyaning prabeyaning gupermen.

Menggah bab. 122. Wahu prayogi sanget dipun atrapaken ngatasing priyayi ingkang cekap balanjanipun. Nanging bilih ngatasing abdining gupermen ingkang tanpa balonja kang mesthi. Sarta kedhik pakantukipun tinimbang kaliyan tatanggelanira. Punika boten urup.

Taksih wonten candhakipun.

Surakarta

Wonten rencang kula jaler wasta pun sarimin. Cariyos dipun suruhi kere mantu wonten ing jatos nem. Dene besanipun ugi sami kere pekenan. Pun sarimin gumun-gumun. Dene anggenipun manggihaken penganten wahu wonten ing bango mawi dipun tarubi. Pun sarimin karenan anggenipun jagonan mawi kasegah rampadan. Wah mawi kesuka kertu gangsal. Pun sarimin pinuju menang kalih rupiyah anggenipun kertu. Lajeng dipun sukakaken dhateng kere kang mantu punika. Sumerep nyumbang. Makaten punika ing kagunan tiyang padhusunan kathah kang sok mindha-mindha kere nenedha wonten ing peken.

Katandhan pun sarimin.

Ing dinten senen kaping. 16. Oktober. Tahun punika. 1876. Rare estri ingkang ical wasta pun sagiyah. Anakipun patra yuda. Bawah tuwan kang maosi siti. Tuwan A. dhe. Ing samangke rare wahu sampun kapanggih mantuk piyambak. Ingkang anggumunaken dene nalika icalipun rare wahu. Kainten dipun gondhol wewe setan. Sabab rare wahu wetawis sawek umur gangsal utawi nem tahun. Dene icalipun sampun satengah wulan. Malah sampun kalebetaken serat kabar bra martani. Ingkang atembung sakelangkung asusahanipun bapa biyung. Sareng rare wahu mantuk piyambak. Biyungipun saklangkung bingah. Saha ngantos gulungan wonten ing siti kados tiyang ewah. Dene sareng sampun sareh.rare dipun takeni selamenipun ical punika wonten ing pundi. Sanjang yen wonten griyaning bibekipun. Dene nalika mendhet bibekipun dhateng rare dhateng rare punika mindha-mindha wewe. Mila dipun reka makaten sabab ing ngajeng rare wahu sampun katembung dipun pendhet anak sampun suka. Ing wusana sareng radi ageng dipun jabel. Mangkaten. Lajeng daos gendra. Pun bibi sareng nusul dhateng rare kang mantuk wahu lajeng uleng kalih bak ayunipun ngantos udreg. Lajeng kasapih dhateng kang jaler patra yuda. Rare siyos dipun betakaken dhateng bibekipun.

Katandhan kondhestu.

Panjurung

Kala ing dinten akat kapengker punika wanci jam pitu sonten wonten durjana amandung ting saka ingkang dereng kasuled kagunganipun onder mayor raden mas tumenggung wirya diningrat. Kapinujon durjana adengangan lajeng lumajeng anggendring dhateng ing lumbung kilen. Pulisi rade rongga wirya pranata dhateng para tiyang ingkang cengkok bahu durjana enggal saged kacepeng. Makaten punika radi kenging kaalembana.

Manai ing wanci dalu pinuju sami peteng wah jawah riwis-riwis para tiyang ingkang sami langkung wonten sakiwa tengening waringin sengkeran ing alun-alun kidul. Bok bilih sami angandhut sumelang. Amargi saupami katanggulang dening lampah culika. Amasthi kangelan anggenipun tumunten saged pikantuk pitulungan sanadyana bengok-bengok sakayangipun tulung. Tulung inggih meksa badhe tanpa wasana. Sedheng ingkang lampah culika malajeng sipat kuping dhateng ing katangan sabab dununging griya pajagen tebih kaliyan waringin sekeran mila mugi wonten karsanipun kangjeng parentah ageng anggalih adegipun griya pajagen wonten sacelaking panggenan ingkang andadosaken was sumelang wahu. Supados adamel tentrem manahipun tiyang ingkang sami lumampah.

Ing kampung gajahan sura karta. 17. 11. 1876. Katandhan dumilah.

Kabar ing bawah toya mas. Samangke kathah obong-obongan. Ingkang dipun besmi. Los tembako. Kathah kapitunaning para ingkang anggadhahi kuwajiban. Polisi tan kendel anggenira ngupadosi ingkang dados jalaran ambesmi. Kathah amstani bilih kadurjanan wahu. Awit but ajengan saking kathahing para tuwan ingkang sami gadhah tatanggelan. Ingkang dados gumuning kathah. Dene ing bawah toya mas sawahu pun kenging kawastanan tata tentrem. Bok manawi para tuwan ingkang sami darbe tatanggelan anumbasi tembako. Kirang astitinipun anyumerepi tingkah lampahing karerehanipun. Mugi-mugi kadurjanan wahu. Kang gega samanten kemawon

awit owel sanget bilih kalajeng. Margi pamedaling tembako ing bawah toya mas kenging kaanggep mojok.

Para kumpeni ing makasar anggenira amambengi pangramanipun kraeng bonto-bonto. Samangke kenging kawastanan santosa angluhuraken kawontenaning wadya bala kumpeni. Bilih lestantun makaten sengkutipun. Boten manawi enggal amurugaken tata tentreming nagari mekasar.

Ing malem rebo angrintenaken tanggal kaping. 18. Oktober. Kangjeng tuwan residhen surakarta. Ngarsakaken resepsi. Angrumiyini pikramanipun ingkang putra putri. Sasampuning ingkang sinuwun kangjeng susuhunan rawuh. Tuwin para kangjeng oangeran sarta priyantun ageng-ageng. Tuwin para tuwan kumpul. Lajeng wonten titingalan. Para dyah nyonyah. 12. Cacahipun sami lumaris saking tengening dalem residhenan busananipun pethak anunggil. Anyangking teken alit kareka jemparing kacepengan ngasta kiwa. Mastaka mawi rinengga ing makutha. Lampahipun ararunturtungan sarwi asesendhon ririh. Mawi dipun iringi dilah. Ingkang dipun purugi. Ngajenganing dalem residhenan sangandhaping panggenan andheging kreta. Ing ngriku lajeng kendel. Dyah satunggal majeng sarwi angaturaken panembrama dhumateng calon temanten tembungipun amewahi remening para arum ingkang sami kikidungan.

Sareng sampun panganten sakaliyan tumungkul angaturaken panrima. Nunten para dudungik sami lumaris wangsul cuwa kedhik sapejahi dilah. Gandaning welirang angebeki galdri dalem residhenan. Ngantos adamel gelanipun ingkang sami kumpulresepsi.

Katur dhumateng sumitra kula kramadongsa

Menggah cangkriman kula ingkang wonten sekar sinom kalih pada. Saking pambatang sampeyan arta. Punika inggih sampun leres. Saha andadosaken suka pirena bingahing manah kula. Boten langkung kula amung ngaturi panjurung pamuji. Ingkang mugi sumitra kula tinebihena sagung ponca bahaya. Cinelakna ing suka raharja. Utawi sageda lastantun atepangan pangandika wonten ing bra martani kalayan kula. Supados kula wahu katularan mangreti nalar ingkang parlu.

Kajawi punika kula kok gadhah cuwa sakedhik dene sumitra kula dereng karsa ambatang cangkriman sampeyang piyambak. Dados boten timbang kaliyan pangajeng-ajengipun mitra sugyarja. Utawi kula. Awit cangkriman sampeyan punika sampun boten wonten ingkang batang malih. Wasana boten karsa mbatangaken. Dados punika kenging kaupamekaken bangikan tanpa babaran.

Ingkang punika mugi karsaha mbatangaken tamtu andadosaken suka pirenaning manah. Sanget ing pangajeng-ajeng kula.

Jaya sudarma.

XVI. Sanggar pamingitan santah mariyah dolnofah

Ing wasana fifiyani. Apitaken dhateng grap marselo. Punapa boten kagungan bedhang. Yen ta estu makaten boten manawi wonten priyaka tampik punika ingkang mambengi dhateng grap marselo.

Sang pekik mangsuli. Bilih boten kagungan bedhang ingkang mutawosi ing sarira lajeng muwus malih makaten. ingsun ora ana kang ngawruhi kawujudane wanudya kang dak sengsemi. Aku ya wus tahu acecelakan karo wanudya mahu. Nanging sapisan aku durung tahu imbal wacana. Malah aku dhewe durung weruh asmane. Mulane kalebu ing kaelokan yen wus ana kang weruh sabab iku wadine kang dak simpen sajroning maniking wardaya.

Fifiyani anyambeti. Lah yen kaya mangkono apa ya dimokalake yen kang sarira amadha rupa karo satriya liyane. Kang pancen diarah dening para durjana.

Marselo amngsuli. Panerkaku ora mangkono. Sabab duk nalika samono aku angrungu pambisiking durjana. Yen dhasar aku kang diarah. Ewadene bok aja kalantur ararasan bab prakara iki. Ing tembe boten manawa bisa kawiyak wadine.

Wasana ing dinten punika fifiyani wonten ing dalemipun frap marselo. Kathah ingkang kakojahaken sang dyah lorah inggih boten kantun kaumukaken.

Fifiyani tansah nyemoni. Murih kawalehan. Anggenipun andon asmara grap marselo. Nanging maksa boten pisan-pisan kawalehan sareng numpak sonten dhukun amariksani sang anom pinanggih labetipun sampun meh saras babar pisan.
Ing dintenipun malih grap marselo angemut-emut anggenipun raraosan kaliyan satriya pareli. Saking bab lalampahanipun sang ertobertoki. Ingkang dipun gumuni dene sang ertoh kagungan wonda kaluhuran makaten saha pantes budi dayanipun teka mawi anebihaken kang putra-putri. Kaprenahaken ing sanggar pamingitan punapa inggih yakin bilih kusumaning dyah kasuprih nampani rukuh tondha kasucen ing pawingkingipun.
Sang marselo semu maras sareng ngraosaken makaten saha micareng driya. Nanging mongsa dadak kalakon karodene sadurunge sang dyah kusuma dimanjing sisma ing sanggar pamingitan aku arep anglabuhi aja kongsi kapati-pati arep mambengi karsaning bapa. Ingkang kagungan kawajiban kabeh. Apa lire teka aku angabot aboti pikiran. Sapa weruh manawa saka karsane sang dyah dhewe. Nedya angadohi kawiryan dunya. Yen dhasar kaya mangkono panemune sang dyah.
Kapriye wekasane awak ingsun.//

//dhang dhang//oo// bonggan gon manira etut wingking. Angarsa-arsa kanugrahaning hyang. Dadiya lalakon bae. Dene yen bakal wurung luwung mulih ing jaman akhir. Manawa nemu arja. Mwang pamuji tutuk. Nanging durung katemenan. Benjing dalu goningsunbakal kapanggih. Kwi santri kang jajarwa.// tan liya mung kusumaning wati. Wah parayitnane kang dadi iman. Kinencengan ing sumampahe. Iku pamangih ingsun. Datan liya kang den arani. Namung papundhening wang. Sang dewaning rum. Dewi mahdhalenah rosah. Dhuh darajat amaringana basuki. Mring jalma kawlas arsa.// wasana tumapak ing dalu. Dumugi enjingipun malih. Pangraosipun grap marselo. Kadya sawindu laminipun. Nunten andungkapi daluning malih. Anggenipun badhe angleksanani ubaya dhateng kyahi santri.
Grap marselo nunten amendhet erlojinipun saha boten kaselehaken murih sampun ngantos geseh menggahing wancinipun umangkat.
Sareng jam sawelas mungel lajeng mendhet mantel saha ngrasuk dadamel nunten mijil dhateng sanggar pamingitan ingkang kajujug.

Pasal kaping. 4.
Punika angojahaken supena

Kocapa ing sanggar pamingitan ingkang kasebut nama santa mariyah dolnofah. Punika ing lebet isi para wanudya ingkang sampun manjing pasucen. Sanggar wahu andarbeni raja brana anglangkungi kathah mila pinunjul piyambak sasamining gedhong ing salebeting praja flerense.
Sang dyah mahdhalenah andarbeni mitra sami estri satunggal ingkang sampun manjing pasucen saha ingkang anyondhongi ing pamanggih utawi budinipun sadaya akaliyan sang dyah mahdhalenah. Dene namanipun inggih punika dyah orsini. Sakalir barang kang amumpuni dhateng kawajibaning janma utami. Sarta ingkang anebihi dhateng sawarnining nalar juti. Punika ingkang dados kekencenganing manahipun dyah orsini.
Sudarmanipun sang dyah wahu amastani. Manawi bubudenipun ingkang putra punika. Wawaton saking piyangkuh sagunging titiyang sami condhong akaliyan amanggihi pun tiyang sesuh makaten wahu. Rehning kacingkrangan anggenipun angajeni dhateng bubudenipun putra putri. Kadadosanipun putra punika. Kasingkiraken saking para bongsa wilayatipun kaprenahaken ing sanggar pamingitan ginentosaken dening ingkang rayi estri. Ingkang andarbeni bubuden reneh kaliyan kang raka. Mongka punika ingkang didama-dama dening kang sudarma.
Dyah orsini tumunten oncat saking pasamuwaning ngakathah. Manjing ing sanggar pamingitan samanten wahu tanpa sambat tanpa netah saking jujuring pamanah. Ewadene andadosaken sekeling manah. Teka piyambakipun kawastanan adigung dening kang sudarma.
Dyah orsini wahu manjingipun pasucen anampeni rukuh. Sarengan kaliyan dhatengipun mahdhalenah wonten ing sanggar pamingitan.// taksih wonten candhakipun

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo// Pangkur //oo//

// ngandika sang raja putra. Paman islar sira aywa baribin. Sawadine karsaningsun. Sira dhewe weruha. Lan si uwa ngali jenap iku patut. Kanthinen amanguna prang. Sasutane aywa kari.// dene kang para punggawa. Sapratelon umiringa mring mami. Kalawan samantrinipun. Miliha kang taruna. Aywa milu kang wayah satengah tuwuh. Wong baduwi kang rong nembang. Telung duman milu mami. // dene karereyanira. Wolung ewu aywa na kang kari. Kabeh anom anom iku. Sandika arya islar. Ngali jenab kalangkung suka ing kalbu. Mangsit mring para sutanya. Kulub ing sapisan iki. // antepen prawiranira. Rerehamu pilihana kang becik. Ing karsa sang narpa sunu. Lamun ungguling aprang. Sira padha ing besuk kinarya luhur. Nadyan tan mangkono uga. Sedheng silih anglabeti. // anggoleki pati apa. Kinarsakken marang ing narapati. Suka sagung para sunu. Myarsa sabdaning rama. Dhasar sampun kasedya antuk pitutur. Yata kang samya pinatah. Ing dalu pating bathithit.// watara wong tigang leksa. Ingkang badhe umiring ing ngajurit. Ing dalu samekta sampun. Ing wanci tabuh tiga. Budhal saking dhukuh sang narendra sunu. Lumaris tanpa tengara. Gegaman sampun miranti. // arya islar munggeng arsa. Nitih kuda kaprabon senapati. Dene ingkang dadya cucuk. Baduwi sewu samas. Kadya yeksa tandange rowa gumergut. Wong baduwi wulu panjang. Naracak sami geng nginggil.// pasikepan tameng pedhang. Sewu samas samya nitih turanggi. Kakalih lurah pangayun. Sami anitih liman. Kang sawiji amir mujas wastanipun. Kang sawiji amir palak. Kakalih prawireng jurit. // sikep gada paris waja. Raja putra nitih rata rinukmi. Sinongsongan tunggul agung. Sagung para punggawa. Lan santana munggeng kanan kering prabu. Sami wahana turongga. Atetopong mas jinawi.// sikepkapraboning ngaprang. Wadya mager sari ingkang ngampingi. Dene kang munggeng ing pungkur. Wadya kang kalih leksa. Ngali jenab kang mongka titindhihipun. Lan wowolu sutanira. Rumeksa munggeng ing wuri.// wus lepas lampahing wadya. Kawuwusa ing nalikane enjing. Ki patih miharsa sampun. Yen jengkar raja putra. Estu mukul nagri karsan lampahipun. Ki patih agya sumewa. Mring kutub sultan Ibrahim. // angaturken tinghaira. Narpa putra datan paring ngudani. Sultan kutub ngandika rum. Heh patih aywa susah. Putraningsun antuk pitulunging laku. Kaya lamun unggulin prang. Wus pasthi karseng hyang widi. // mangkana wus kabiwara. Estu mukul praja sang narpa siwi. Prameswari sultan kutup. Sira siti osiyah. Sakelangkung sungkawa nira ing kalbu. Dene putra manguna prang. Rehning majade reng wanci. // timurnya sang narpa putra. Wonten kedhik asrepira ing galih. Dene kang kinanthi kewuh. Arya islar prawira. Tuwin ngali jenab nguni wus kasebut. Kaprawiraning ngayuda. Mangkana kapyarsa malih. // saking nagari basarah. Dadya sultan karsa bantu ing jurit. Nimbali papatihipun. Kinen milihi wadya. Kang taruna kang sami prawireng pupuh. Lawan wus atru uninga. Mring guru sultan Ibrahim. // wus samekta wadyanira. Kawan leksa prajurit kang umiring. Sigra budhal sang prabu. Ki patih tengga pura. Gagancangan lampahing wadya sineru. Ywa kongsi kari ing karya. Yata ganti kang winarni. // lampahnya sang narpa putra. Kendel mampir ing bulkiyah nagari. Anata gegamanipun. Lan karsa anggeganjar . mwang paparing busana kang adi luhung. Mwang karya sukaning wadya. Bujana ing siang latri. // mijil barana jro pura. Wadya bala sukanira angenting. Dene sang narendra sunu. Bala bapa ri marta. Angungkuli kang rama pambekanipun. Denya wadya sanegara. Anuwun tumuting jurit. // sinapih-sapih tan kena. Pra santana sawiji tan akari. Satemah sangsaya agung. Kang umiringing yuda. Cipta nunggal anglabuhi lebur luluh. Mangkana sultan basarah. Aneng ing margi miharsi. // yen raja putra neng praja. Lagya mangun geganjar wadya alit. Sultan basarah gya laju. Manjing nagri bulkiyah. Kapiharsa raja putra sigra methuk. Tumundhuk asesalaman. Binekta manjing nagari. //kalangkung sinuba-suba. Amakuwon munggeng ing ponca niti. Raja putra siang dalu. Tumut neng pasanggrahan. Arya islar ngali jenab datan kantun. Mirapeti pasamuwan. Langkung sukanira sami.// sultan basarah tur ira. Anak prabu datan mawi nimbali. Pun paman kalangkung gugup. Dupi miharsa warta. Ewet aya punika ing

ngaprang pupuh. Raja putra atur ira. Cipta kawula ing benjing. // manawi sampun kantenan. Awrat entheng ulun atur rudani. Mring paduka paman prabu. Tur nya sultan basarah. Adhuh angger satemah kasep ing laku. Yata kuneng sawusira. Budhal anggambuh ing jurit.//oo//oo//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma.

0ngka kaping: 43 Kemis kaping . 26. oktober 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Lokomatif angabaraken kawontenaning praja gung turki.

Anenggih samangke sampun wonten ratu anyar ingkang angregani dhedhamparing tiyan agung sayidina ngusman. Ing ngajeng jengkaring prabu murad kaping. 5. Sampun kaweca rumiyin ananging asring-asring kasandekaken. Wasana sang prabu murad ingkang jumeneng waliolah. Salebeting prabayasa. Sakalangkung dipun gigidhuh ing angen-angen kang anggigirisi. Siang dalu tan wonten kendelipun. Jalaran saking kaladuken anggenipun ngunjuk awit anggenira badhe anyirnakaken sumelangipun nalika jumengira ingkang paman sang prabu abdul asis.

Wonten ingkang meca nagari istambul nalika panjenenganipun prabu abdul asis. Bilih ingkang badhe gumantos nata ing tembe namung tigang wulan. Anggen ira angrenggani kaprabon wasanipun boten geseh kedhik-kedhika. Sabab ing wulan agustus nalika sang prabu murad gerah sanget sang grutfisir asesarengan kaliyan mindhat pasa. Tedhak dhateng panggenanipun seh ulislam. Sedyanipun anedha serat pratelan katerangan (setwa) menggah gerah dalem ingkang anjalari kedah anyelehaken kaprabon. Sabab kitab angesahaken ngatasing panjenenganipun sultan ingkang suda engetanira. Serat setwa wahu enggal dipun ulungaken. Sareng tanggal kaping. 31. Agustus pangeran abdul amid ingkang rayi prabu murad dipun pethuk sarta kadherekaken saking dalemipun mawi upacanten. Lajeng kalenggahaken ing dhedhampar rukmi. Sineksenan para agung-agung. Sarupining bahita kapal ingkang kambang ing palabuhan bosporus sami kurmat ngungelaken mriyem. Para tiyang jejel ningali rerenggan wahu. Ananging boten onten satunggal ingkang katingal suka rena. Malah nalika samanten sakalangkung anyep boten wonten ingkang sami bingah-bingah apasang dilah.

Wonten emperipun bilih sesepenan wahu pancen kajengipun tiyang buminipun piyambak sabab samangke sampun matuh dhateng lalampahan kang makaten dados boten gita. Tuwin samanggihipun bongsa turki bab takdir kenceng panganggepipun Allah hualam.

Wonten malih kang mastani sesepen wahu margi saking sang prabu pribadi. Awit panjenengan dalem boten anuwuhaken gasbiraning manah.

Ing ngajeng kawentar bilih sang prabu amid dedegipun geng inggil awijangkara. Sakalangkung karosanipun. Dipun arsa-arsa rawuh dalem mawi anitih turongga. Wasana lepat sabab sang prabu katingal kera sarta angemu gerah. Tuwin rawuh dalem mawi nitih kreta. Sasat boten abusana. Tinon boten angresepi. Sok makatena kasinggiha ginemipun tiyang monca areraosan. Bilih samangke tedhakipun tiyang agung sayidina Usman. Sampun sami malih. Dados alit-alit asemu gerah sadaya. Jalaran saking kaladuken anggenira karsa ngunjuk. Kadi pundi anggenipun kawawi anedhakaken atmaja pelak utawi kiyat kiyat.

Lokomotif angabaraken

Sakalngkung gawatipun manawi badhe anyumerepi kawontenanipun ing peperangan ingkang yakin. Utawi bab anggenipun rerembagan para nata agung-agung. Murih angasoaken peperangan wahu supados sageda arurukunan. Nalika tanggal kaping. 29. Agustus ing turki. Kaaturan pirsa. Bilih kitha terwiyah gadhah atur abedhami. Sareng tanggal kaping. 2. September para utusanipun

nata agung-agung. Amratelakaken dhumateng turki. Murih aso rumiyin anggenipun mangun yuda. Namung sapunika kabar ingkang dipun serepi ing kathah. Dene bablandhang cekakipun ing pangaso wahu. Tuwin prajangjeyan ingkang katawekaken dhumateng turki. Sarta karsa utawi botenipun anampeni rurukunan wahu. Sadaya punika boten anunggil. Salong serat kabar awawarti bilih turki dereng amangsuli. Salong malih anyanjangi bilih sang fet basarah. Sampun amangsuli mimiringan mawi ijeman ngatasing utusan kang sapisan wonten malih ingkang ngojahaken bilih sampun wonten wangsulan mawi serat sarta anawekaken prajangjeyan rurukunan dhateng kitha serpiyah utawi dhateng pangagengipun montonegro.

Manawi anggega kabar ingkang wekasan. Turki alenggana angendeli yuda. Ananging karsa ugi adamel prajangjeyan rurukunan. Mila ing suraos dereng kenging dipun ugemi yektenipun menggah anggenira anyaruweni para nata gung agung ing nagari eropah. Kalayan malih sawarnining kabinet (menggah kabinet wahu tegesipun pekantoraning para nata) sami iyek abebalangan tulis. Arerembagan bab peperangan wahu. Enggalipun samangke boten pra tamtu yen para nata agung agung dareng sami saeka rasa.

Ing ngajeng para tiyang sami angarsa-arsa sajumenengipun sang prabu abdul amid dados sultan badhe amyaraken rurukunan. Wasana lepat sabab ingkang sami ngrembagi luwung nglajengaken perang. Punika ingkang dipun gega. Menggah para nayaka ingkang remen ngalajengaken yuda. Anggenipun damel papacak dipun antibi. Murih dipun tangkisa dening serpiyah sarta montonegro utawi dening para nata gung agung. Sageda anglajengaken perang. Murih angluluh babar pisan.

Makaten wahu manawi katimbang raos. Wajib nagari turki yen karsanipun makaten sabab dede turki ingkang miwiti perang. Mila manawi ngantos kalajeng perang. Ingkang unggul juritipun wenang anedha alintu wragad utawi kapitunan punapa dene malih nagara eropah boten badhe gadhah wawaton angudur bab lelintu ingkang sampun dados melikipun ingkang menang. Ananging ngatasing turki lah punika beda-beda. Ingkang dados daruna sapisan awit saeropah sami sara sasengit dhateng turki boten anarjoni bilih turki angelar jajahan murih amewahi daya. Kaping kalihipun kawontenanipun praja turki boten dados parengipun eropah adegipun turki sasad eropah ingkang gesangi. Kaping tiganipun mila dipun bedakaken. Sabab turki sampun anindakaken supiyah ing kitha bulgari. Dados anyirnakaken kaprawiran angicalaken wewenangipun kaanggep pasa tata kaliyan bongsa tapsila liyanipun.

Wasana menggah ing turki inggih rekaos teka kapambengan dipun suprih anyarungaken sabet ing mongka sampun anggawing badhe amethik pituwasing kangelan. Sabab turki sampun anmgunduraken wadya bala serpiyah wonten ing kitha alek sinot lajeng dipun kepang. Katubruk saking wingking. Ing ngajeng kawastanan barising kitha dheligrad boten badhe kenging katungkulaken ing mongka turki sedyanipun badhe kabedhah nunggil gelar.nalika kilayan angungsir barising alek sinot. Bilih kitha dheligrat sampun dipun gelangi. Ing mongka serpiyah tan saged amambengi. Lah punika badhe anggampilaken margi ingkang dhateng kitha belgradho sarta dhateng kragujelak krajan kina. Ing ngriku sedyanipun turki anggenipun badhe adamel prajangjeyan.

Liya saking punika praja montonegro inggih sulaya ing rembag pakabaran terang manawi samangke muktar basarah alerep wonten ing kitha [ ] binyah apaca karis. Sasampuning ngumpulaken wadya bala kalih panthan lajeng bidhal dhateng tapel wangkiting montonegro prenahipun ing grohopo. Ing mongka nalika samanten panuju basah ing serpiyah majeng dhateng montonegro wates kidul prenahipun ing kitha podgoritsa tuwin ing ngeput. Dereng saged dumugi ing praja montonegro. Wasana jeng pangeran nikolas angenipun badhe lumaris miyos praja ersegopinah. Dipun sandekaken sabab samangke sampun kawraten piyambak angreksa prajanipun. Mila boten mahiben yen samanke turki boten karsa angendeli yuda. Ananging bilih nagari turki boten saged ngampet nepsu. Tuwin angalajengaken anggenira angremuk praja. Sarta kusupen pangelik-elikipun eropah. Punika masthi badhe anjalari benduning ruslan. Wewah malih enggelan samangke rengonipun sanget dhateng turki. Awit saking lampah suwiyahipun turki ngatasing kitha bulgari. Dene kadadosanipun ing tembe. Punika anuwuhaken sumelang tuwin anggigirisi susumbaripun. Enggelan. Lalakon kang kaya mengkono kudu disirnakaken babar

pisan. Ing pundi-pundi salebeting kraton. Enggelan. Sami arerembagan murih amambengan dhateng sinten ingkang ilon kaliyan turki. Para agung-agung sami kenceng sedyanipun enggelan kinen angewahana gelaripun sakalangkung panggrundalipun para tiyang bumi. Dalasan minister dhisrael. Boten saged amambengi.

Partima praba

Sampun kapara kayektosan manawi tiyang badhe ngaturi pisungsung dhumateng inggil-inggilanipun boten kenging dipun gegampil sanadyan pisungsung wahu ageng pangosipun utawi sanadyan ingkang badhe ngaturi sugiya kadi baron rotskil. Ingkang limrah margining pakewed wahu. Ambudi ujuding barang kang badhe kaaturaken. Sarta atrapipun anggenira ngaturaken sampun anilar silakrami. Supados sampun angewedaken anggenipun nganggep maujud ingkang badhe dipun aturi bibingah. Wonten kojahipun nalika palamanipun tiyang agung menternih prines sarta minister pangarsa ing nagari ostenrik ingkang kasusra angedhepaken sasami. Sedyanipun baron rotskil ingkang kaloka menggah kasugihanipun. Badhe angaturi bibingah dhumateng sang minister wahu. Ananging pakewed anggenipun badhe nindakaken sabab sang minister sakalangkung ambeg boten kenging dipun garap mirah utawi dipun gegampil ngatasing pisungsung wahu. Ingkang kagalih anggepok dhateng kaluhuraning sang minister.

Wasana baron rotskil ambudi masalah. Murih angleksanani sedyanipun. Sabab baron rotskil watakipun boten nate anyandekaken lampah.

Nahan angajengaken tahun baru. Baron rotskil nedya angaturi bibingah dhumateng sang minister. Ananging sinawung ing parikrama. Bibingah wahu dipun dunungaken dhateng putraning sang minister putri. Ingkang sakalangkung kinasiyan yoswa wolung tahun. Sakalangkung lepas anggenipun ambudi daya.

Sang baron kinen anyasa partima. Agengipun sami kaliyan putra putrinipun sang minister. Binusanan sarwa endah. Sasereping tiyang dereng wonten ingkang nisihi sarta kinanthenan sapuhasta. Pinten-pinten losin angalih atus rupiyah pangaosipun satunggal iji. Kalungipun mutiyara pangaos kirang langkung kawan dasa ewu rupiyah.

Sang minister ingkang sakalngkung ambeg amasthi rengu. Dene wonten sudagar sugihya kadi punapa. Ingkang purun-purun angaturi bibingah kang makaten dhumateng ingkang putra. Ananging sarehning busana wahu dipun sarengi partima. Sang minister kaweken anggenipun mambengi dhateng putra. Suprandene prabot wahu cekapan kagema ing sang putri timur. Enggalipun bibingah wahu pamanggihipun sang minister boten anggepok dhateng [ ]. Kalih panjurung wahu sakalangkung wingit tindakipun. Mila sinten-sintena kang kaweken anggenira badhe ngaturi pisungsung dhumateng tiyang ageng. Utawi dhateng lurah wedananipun murih kacelakaken sapanunggilanipun angalapsih. Amendheta tutuladan kadi ingkang kasebut nginggil punika.

Surakarta

Ugi ngajengaken bakda siyam. Wonten tiyang estri lumampah saking ler. Dumugi ing waringin sengkeran alun-alun kidul. Wanci jam nem langkung sakedhik dipun sebrot ing bangsat suwengipun kenging saksele. Badhe mendhet sengkang kalih pisan tanganipun dipun bacok ing lading pun bangsat tanganipun ngantos labet gobrah gobrah lajeng lumajeng. Pinuju dipun sengkang wergulan serakit sedasa wang. Mekaten punika boten dados punapa. Amung dados sapangenget-enget.

Peken kaliwon tanggal kaping. 19. Wulan ramelan. Tahun jimawal.
Ongka. 1805.

Katandhan pun menik aliyas sutinah.

Kala ngajengaken bakda siyam punika ing radinan gem blekan kang mengaler tiyang lumampah jaler setri anglur kathah sanget. Mekaten pinuju wonten kapal ucul saking ler. Kapalipun ageng mawi bigar nubras-nubras. Kaleresan meh nunjang tiyang estri. Mengangge gesa ageng gah

wreninipun ing kapal lumajeng kaliyan dherodhog. Kocapa pun bangsat ngepung dhaplang-dhaplang lajeng angrangkul dhateng tiyang setru punika. Ingkang dipun rangkul boten praduli sabab ajrih gumeter kemawon. Sareng dangu-dangu pun bangsat badhe mendhet yatra wonten kandhutan. Lajeng tiyang estri jeleh-jeleh dipun tulungi dhateng mas ja tirta. Bangsat kang ngrangkul dipun songkol bathukipun ngantos benjut lajeng lumajeng angempet. Dipun bujung boten kecandhak.

Katandhan pun tijah. Sobatipun menik.

XVII. Sanggar pamingitan satah mariyah dolnofah

Dyah sakaliyan sakalangkung ceceging budi kadi tunggal yayah. Sami tanpa wawadi.

Manawi enjing. Sareng anggenipun sami angulukaken pamuji. Cekakipun sasat boten saged ginggang.

Sapinta cuwaning manah nalika dyah orsini sasampuning kadunungan rukuh. Lajeng pindhah pinta boten anunggil panggenan dados boten saged sasarengan ing salaminipun. Anuju satunggaling dalu. Mahdhalenah lenggah pribadi akikidung ngulukaken panrima. Sarwi amaspaosaken sakathahing lintang awenran ingkang katingal ing jumantara. Punika amurugaken pangemut-emutipun asring-asring kendel ing pangangen-angenipun. Bilih maspaosaken sakathahing dunya ing dirgantara ingkang sami mubeng lan urut lampahipun punapa dene malih yen padhang wulan kencaripun anjog ing toya lepen ageng wasta ano. Ingkang pinuju kebek deni sagunging bahita ingkang ambabar layar. Punika dahat amurugaken kasenenganipum sang dyah mahdhalenah. Kasring-asring sang dyah kagunturan ing pangraos mila yen pinuju makaten waspanipun kumembeng. Anetesi pambayun punika amratandhani bilih anarimah ing takdir. Mila lajeng ngulukaken kikidung mawi katuntun calempung. Kadya jiwanipun mumbul ing jumantara.

Kathah para arum kang sampun manjing pasucen ingkang dipun resepi dening dyah mahdhalenah. Nanging tan wonten satunggil ingkang dipun luluti kadi dyah orsini ingkang sapunika asisilih nama ri etah.

Wondene sang preda supi salaminipun kereng sanget genira pitepangan kaliyan para arum mila sami dipun girisi. Manawi sang preda supi katingal wonten kaprenah celaking panggenanipun para arum ingkang pinuju kukumpulan lajeng sami cep kendel boten wonten ingkang kumlisik dene anggenipun sami anglampahi parentah. Punika saestu boten awit asih temenipun awis sang wreda supi andhawahaken parentah sarwi asmu sumeh. Saha awis angarsakaken imbal wicantenan kaliyan para arum saking dahat angkuhipun. Mila dyah mahdhalenah kalis sanget dhateng sang guru wanudya. Kaliyan boten saged nyorahaken wadi. Mindhak lami sangsaya ewa dhateng bubudenipun sang dyah guru. Mila sangkin kesitipun dyah mahdhalenah.

Amung wanudya sajuga beatris parabanipun punika ingkang kadugi anyelaki. Saha karaketaken dening sang wreda supi. Kadadosanipun beatris dipun sengiti dening para arum ing sanggar pamingitan.

Dene dyah beatris budinipun juti. Kadya angipataken samukawis ing kautamen.

Dyah mahdhalenah saha kancanipun sawatawis salaminipun tansah dipun tepangi dening beatris tan wonten sumerep nalaripun. Meh saben dinten dyah beatris anggadhahi paturan dhateng guru wanudya angawon-awon dhateng mahdhalenah. Ngantos kalampahan sang dyah ayu kapatrapan dhendhe dening guru wanudya.

Kacariyos beatris wahu putranipun bongsa luhur ing nagari naples. Tiyang sepuhipun dahat denira angruteni atas piwulangipun nanging beatris lampahipun juti. Malah saya lami sangsaya angantepi. Sareng tiyah sepuhipun sami tilar dunya. Saha dyah beatris wahu tampi warisan anglangkungi kathah. Kalampahan kathah satriya ingkang sami angebun-ebun sonten dene dyah beatris asring angecani sarak tumanduk angulat wekasanipunb nunten katampik lalampahan makaten wahu ingkang dados karemanipun. Kacariyos wonten satriya sajuga ing nagari naples kalebet turuning ngaluhur. Warnining dhadhapuran sarwa sambad. Satriya punika dipun kasesengmi dening dyah beatris nanging sang anom wahu sampun gumantung ciptanipun dhateng wanudya sanes saha sampun sami atimbang katresnan.

Dyah beatris ing ngajeng boten sumerep bilih satriya wahu sampun darbe tunangan mila boten mawi wiweka purun angunggah-unggahi dhateng sang anom kadadosanipun katampik sahingga ngantos kalingseman sanget sabab sawek nembe anyumerepi yen priya punika sampun aningseti kasetyan kaliyan wanudya sanes. Wondene sudarmaning satriya wahu andadosaken sarjunipun bilih kang putra purun asesemah kaliyan dyah beatris awit saking kasugiyanipun sakamantya anggenipun anyerep-nyerepaken kaliyan pamarisih amurih purun apalakrama. Nanging sang anom tan arsa anggempalaken ubaya. Ingkang sampun kalahiraken. Dyah beatris prayitna anasabi kabenteranipun nanging ing batos kadya wongwa. Saha angupados nalar. Sageda anemu kuwuk mila lampah tekad amurih gempalipun kabegjaning sang anom utawi wanudya ingkang mambengi kapti.

Sudarmanipun dyah beatris tan samar saha amurugaken wibuh bingunging tyas dene kang putra badhe anemahi sakit awit saking anuruti kanepson sakalangkung anggenipun angarih-arih. Nanging beatris meksa anglirwakaken pirembaging tiyang sepuh. Malah wangsulanipun sumengit makaten. Kula punika bok sampun dipun aru biru.

Menggah denira tetepangan kaliyan kawanuhanipun inggih amurugaken tanya kecani ing sariranipun beatris. Pangambulipun kawastanan sadaya sami nyumerepi. Yen kang sarira anemahi kalingseman ageng. Mila lami angungkung sarira wonten ing salebeting gedhong. Ing ngriku anggenipun amasang wisaya. Supados angasrepaken ing kabenteran.

Ing wasana dumugi anggenipun angrembag juti. Sanalika lajeng asalin salaga. Budinipun ing mangke ater. Tuwin kapara gapyuk pitepangan ing suraos sudarminipun kaapus krama. Sabab panerkanipun ingkang putra anyirnakaken kanepson mila lajeng kakendelaken denira anglantun lampahipun kang putra. Saha wangsul kinasiyan malih.

Dyah beatris purun asasanjan malih. Tan dangu nunten dipun rubung dening para taruna ingkang sami mintasih.

Sudarmanipun sakalangkung suka bingah ing tyas duk mulat ingkang putra prasasat seger malih.

Kacariyos boten antawis lami sang anom ingkang anampik dhateng dyah beatris punika oncat saking nagari naples tan wonten ingkang sumerep purugipun andadosaken sungkawaning kang rama ibu utawi pacanganipun. Sakathahing pasamuwan boten wonten ingkang dipun kondha utawi karaosaken. Amung bab pamusnaning satriya wahu. Ananging dyah beatris piyambak anggenipun miyarsakaken tan piopen. Anuju satunggaling dinten wonten tiyang monca dhateng ing wismanipun kang rama dyah beatris. Dangu anggenipun wonten ing ngriku sami raraosan piyambakan dalunipun lajeng mangkat malih.

Sasampunipun mangkat ingkang putra beatris katimbalan. Dipun andheg sadinten muput boten kalilan kesah utawi medal.

Taksih wonten candhakipun
Se. Ep. Pe.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// Gambuh //oo//oo//

// wetara pitung dalu. Tata gegaman sajuru-juru. Kadya wonten sakethi gunging kang baris. Rehning keh samya kilayu. Kang ngarsa milwa prang popor.// enjang budhal gumuruh. Wijiling wadya kadya susulung. Kacarita kang asedya mangun jurit. Keh prawira anung-anung. Dhasare wadya nom-anom. // mempeng kasuranipun. Lawan kasengsem geng tresneng prabu. Ing pambekan prabu anom panglangkungi. Pamilutane mrih lulut. Ing kadarman ambek momot. // magkya ping kalihipun senapati kang lagya winangun. Arya islar santosa bakuh berbudi. Dhasar wus kasup pinunjul. Ing pambekan andhap asor. // datan montra anggunggung. Mring dirinya

dumeh ing narya gung. Ing wusana sagung santana narpati. Katresnan samya sumuyut. Sedya nunggil lahir batos. // sultan basarah ngungun. Aningali patraping praja gung. Tansah denya mangalem mring raja siwi. Dene wanci dereng ngungsum. Karya luhuring kaprabon.// duk budhaling wadya gung. Sultan basarah ningali jetung. Tangkeping kang para santana ngajrihi. Aseseg sereng tur guyub. Sembada busana abyor.// wadya sundhul sumundhul. Rowa rikat tan kena keliru. Pra punggawa pangkat-pangkat anindhihi. Wadya karerehanipun. Samya wahana kaprabon. // lumrah pepeyung agung. Papanjeran bandhera lelayu. Pangarsane kendhang gong lawan saruni. Punggawane bagus-bagus. Andhangah sami tetopong.// gambira datan suntrut. Tanpa maras denyarsa prang pupuh. Malah kadya age tempuha ing jurit. Nuli amarwasa musuh. Mrih lalabet mring sang katong. // kang nonton gumarumung. Sami angalem turut lulurung. Kang saweneh eram denira ningali. Mring busana abra murub. Lir sekar setaman abyor. // upacara ting pancur. Kasenenanging rawi sumunu. Yata miyos ira sang narendra siwi. Lir bagaskara duk bangun. Mimbang ngancala sumorot. // nitih rata cepurung. Para santana pangayapipun. Kanan kering tanpi ing ngarsa wuri. Wah ana ana kuda angliput. Mring gusti sang prabu anom.// ing wuri kadya ladhu. Ngali jenab lan sasutanipun. Ing samangkya sampun kaprabon bupati. Pangayape wadya satus. Tilas kecu atos-atos.// mangkya sami jinunjung. Sipat mantri tetenger pepeyung. Wiji alit sumarma tyas nya bedhedheg. Ciptage tempuh prang pupuh. Nging sami susah ing batos. // dene pinernah pungkur. Lamun parenga dadya pangayun. Watak kendel prang ngamuk kang den karemi. Ing karsanira sang prabu. Ngali jenab kapitados.// rumeksa ing pakewuh. Lawan ing benjing yen sampun campuh. Ing ngayuda ngali jenab den bebahi. Aprang wengi yen anuju. Anunukupi rep ing wong. // panekur wolung ewu. Ginulang-gulang ing ngaprang dalu. Kang nindhihi saben sewu sutaniji. Mangkana ingkang sumambung. Wadya basarah agolong.// lampahnya sang prabu. Sampun linggar saking ing praja gung. Ngambah ara-ara sajawining margi. Kadya marga katunu. Prabaning busana abyor. // ing marga tan winuwus. Lampah ira semana wus rawuh. Ing jajahan paminggir nagri karsani. Palah keh samya susuguh. Jalma wadeya rinojong. // prabu anom lan sultan basarah nunggil. Neng tengah pakuwonipun. Gung bujana sang katong. // lagya agunem rembug. Badhe panantang ing prang pupuh. Eneng-enegen [ ] kawuwusa malih. Ing karsan kang madeg prabu. Sultan ismangil kinaot. // duk mios sang prabu. Siniwa kapepak kang wadya gung. Patih akbar kang munggeng ngarsa narpati. Lawan punggawa pangayun. Pamungkase ing pakewuh.// kekalih wastanipun. Darisalam prakosa dibyanung. Kang satunggil wasta wajirna wirketib. Miyos ira sang prabu. Den aturani pawartos. // yen wonten mengsah rawuh. Saking bulkiyah ing wijilipun. Kalih praja saking basarah satunggil. Sultan ismangil gya mundhut. Rembag kang pantes linakon. // wus karsaning hyang agung. Kedah pradongdi sagunging rembag. Patih akbar kedah kenceng ngajak jurit. Sang darisalam tan rembug. Lan wirketib jalma ro. //oo//

taksih wonten candhakipun.

Kula wisudhan ing surakarta

Nalika akad legi ingkang sawek kapengker punika. Raden mas sura nasa ing karsanipun ingkang rama kangjeng gusti pangeran adipati arya mangkunagara. Kakula wisudha dados pangeran anama kangjeng pangeran handaya nata.

0ngka kaping: 44 Kemis kaping. 2. nopember 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpartensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah prthak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis sdaderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Tuwan kapitan arbah ing ngajeng dados litnan ajudan ing beteng surakarta. Nalika ing wulan september tahun punika. Tilar donya ing kitha dheah nederlan.

Ing kampun cina surakarta wonten cina ingkang gadhah pamanggih ngupados untung. Rekanipun makaten. Gendul kothong ing ngajeng isi anggur alus cirinipun taksih wetah. Punika dipun tumbasi kapara dipun wewahi ing pangaosipun lajeng dipun ileni anggur ingkang asor. Murih angsal bathi kathah. Dangu-dangu kadengangan deningsawijing tuwan ingkang gadhahan anggur alus wahu. Cina nunten dipun takeni sangkaning anggur. Wangsulanipun asasar-susur. Sareng dipun titi pariksa sumpelipun wonten ingkang mratandhani geseh kaliyan anggur ingkang tulen. Pun juru salingkuh sareng dipun dakwa anyolong lajeng bloka bilih anggur ingkang dipun sade wahu. Anggenipun ngiseni pyambak.

Semarang

Benjing dinten kemis kaping. 9. Nopember kangjeng tuwan residhen semarang badhe lelang beya alit-alit ing bawah semarang.

Ing wewengkon semarang utawi ing surakarta. Sasakit cacar setan sangsaya kathah. Mila sasaged-saged para tiyang dipun rembagi dipun atos-atos. Sampun ngantos weya.

Ngayogyakarta

Ing ngayogya wonten juru masakipun nyonyah. Be. Kadakwa nyolong sandhanganipun kancanipun nunggil sapanggenan pangaos. 30. Ruiyah. Lajeng dipun sepir (kunjara). Ananging juru masak wahu teka ajek boten sepiran boten pisan. Sabab saben dinten kesah tutumbas dhateng peken. Sabab dipun aken dening juru sepir. Ing ngriku panggenanipun anyuwita.

Dereng lami wonten cina kekalih dhateng ing panggenanipun demang dhusun ing[ ]ba. Dhistrik gamping. Ing mongka demang wahu kapara boten gadhah. Sami a[ ] wekaken supe inten ananging pun demang boten remen lajeng andedahaken supenipun pyambak dipun sanjangi manawi supe makaten wahu ingkang dipun remeni. Pun cina lajeng anampeni supe ingkang dipun tingalaken wahu gentos anggenipun ngiling-ngilingi sareng kapara lena lajeng sami mlajeng sipat kuping. Demang kaget lajeng kanen anututi dening para rencanganipun.ingkang satunggal kacandhak wonten ing patebon dalasan supe ingkang dipun bekta mlajeng. Saksana cina dipun bonda kaladosaken dhateng tuwan ingkang ngawasani presil lajeng katur ing parentah.

Ing ngayogya manawi wancining sepur dhateng. Para kusir sewun sami rebat dhucung anggenipun majeng murih dipun sewan. Lampahing kreta inggih rebat unggul mila asring-asring anyumelangi.

Dereng lami wonte kreta ingkang tubrukan kaliyan kreta sanes. Tujunipun ingkang numpaki boten ngantos kabilahen. Namung kaget sarta gumeter kemawon. Dene lampahi sepur samangke awis sumelangipun dumadakan lampahing kreta teka mawi amutawatosi mugi-mugi ingkang kuwajiban amranata. Karsa amenggalih tuwin amambengi atrapipun. Namung murih prayoginipun.

Selgi

Dereng dangu ing selgi wonten ingkang anuntumaken wragading perang. Sarta amratandhani bilih tiyang amangun yuda. Liyanipun abrastha sarupining kautamen. Anyirnakaken arta awewendran. Mila amurugaken tintriming angen-angen. Sarehning peperangan wahu boten wonten sigegipun mila ing selgi wonten yaywa gunggungan kathah ing tiyang ingkang lampus sarta kapitunaning arta. Kadosta

Nalika perangipun tiyang agung napoleon bonaparte kapisan kecalan tiyang kathahipun. 1000.000. arta. 25.000. milyun utawi kapetang rupiyah kapanggih12500 milyun. Awit saking tahun 1800. Dumuginipun tahun 1825. Wragading kang medal itali propis ostenrik sepanye. Ruslan. Enggelan. Sadaya anggigirisi kathahipun inggih punika kagunggung. 93.000.000.000. (sanga dasa tiga milyar) tiyang ingkang lampus gunggung sadaya 6.745.000. nagari enggelan sakala nalika samanten kecalan arta 12.300.000.000. griken lan nungkul kecalan 2.000.000.000. prang. Liya-liyaning kraton anjangkepi yatra. 60.000.000.000.

Nalika pearang ing krim ruslan. Prang krik kecalan tiyang 20.000. yatra. 1.000.000.000. rupiyah. Enggelan kecalan tiyang. 22.000. yatra. 2.500.000.000. piye mong tiyang. 2000. Yatra. 8700.000. rupiyah. Ruslan tiyang 630.000. yatra. 1.000.000.000. Turki tiyang 35.000. yatra. 200.000.000. dados gunggung sadaya tiyang. 889000. Yatra. 5787. Milyun rupiyah.

Nalika perang ing itali tahun. 1859. Prang krik kecalan tiyang. 80.000. yatra. 550.000.000.rupiyah. itali kecalan tiyang. 60.000. yatra. 7500.000. ostenrik tiyang. 120.000. yatra. 437000.000. gunggung tiyang. 260.000. yatra. 1062. Milyun.

Prang ing meksiko prangkrik kecalan tiyang. 70.000. yatra. 250. Milyun. Nalika angintunaken wadya bala dhateng sahiria mitunani tiyang. 15.000. yatra. 75. Milyun rupiyah. Perang ing sliswek prowis kecalan tiyang. 30.000. yatra 37. Milyun. Ostenrik kecalan tiyang. 150.000. yatra. 35. Milyun dhenemarek tiyang. 12.000. yatra. 22. Milyun rupiyah.

Nalika perang prakis kaliyan ngustenrik ostenrik kecalan tiyang.225.000. yatra. 153. Milyun rupiyah. Perang ing ngamerikah sisih eler amitunani tiyang 400.000. yatra. 6100. Milyun. Rupiyah. Perang ing abisini namung magut sapisan kemawon boten ngantos perang campuh enggelan kecalan tiyang. 25. 000. Yatra.122. miltun rupiyah. Perang ing asanten enggelan kecalan yatra. 13. Milyun rupiyah.

Wasana perangipun prangkrik kaliyan prewis ing wekasan punika. Prangkrik kecalan tiyang. 225.000.yatra.6810. milyun rupiyah. Dalasan pangaosipun kitha ing elsas sarta ing lotaringgel. Prowis sabawahipun kecalan tiyang. 300.000. ingkang lampus. 190.000. yatra 1000. Milyun rupiyah. Punika pangetangipun prines besmarek.

Pratelan kang makaten wahu masi aceluk-celuk pyambak manawi sayektosipun mila ingkang anuntumaken tiyang utawi wragad boten susah amewahi malih. Namung angucapaken pocapanipun pujongga ageng peperangan mangkono sasad anyirnakake isining jagad. Wondene perang ing ngaceh dereng kenging dipun gungung icaling tiyang utawi wragad yatra. Awit dereng rampung perang.

Punika angojahaken sakedhik nalika badhe angkatipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana litnan gupernur jendral baron dhe kok.

Anenggah nagari semarang ingkang rumaos kapotangan sih awit dipun bahureksa dening kangjeng tuwan ingkang wicaksana litnan gupernur jendral baron dhe kok. Sarta ingkang asring-asring katuwenan. Sakalangkung angraosaken suka cipta tuwin duka cipta. Nalika myarsa kabar rawuhipun kangjeng tuwan. Kaping. 15. Wulan mei. 1830. Sekung ing tyas sanget-sanget badhe

umiyat dhateng sang jayeng jurit sapisan malih boten manawi ing pawingkingipun boten badhe anyipati malih. Mila boten mahiben manawi sadangunipun kangjeng tuwan wonten ing nagari semarang. Para tiyang kathah ingkang karaos. Kadi dipun rontok.
Wayah siang rawuhipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana saking megelang anjujug dalem karesidhenan ing bojong. Ing ngriku para amtenar wagan dijawi tuwin para militer tuwin para mardika sampun sami kumpul. Mriyem pating gleger kadi ambekahna bumi. Dalasan para tiyang alit jawi ingkang rumaos dipun bahu reksa misowan. Sedya amanembrama sang soroyeng prang.
Nalika samanten wonten ingkang anggumunaken inggih punika rawuh dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan kadherekaken rayi-rayi dalem wolu sarta paman-paman dalem sekawan tuwin para abdi dalem ingkang kakarsakaken tinon sekalangkung wingit. Karsa dalem tindak dhateng semarang. Badhe apepanggihan sapisan malih kaliyan ingkang eyang kangjeng tuwan ingkang wicaksan gupernur jendral tuwin badhe anglahiraken ing katemenan dalem. Sareng kaping. 16. Wulan mei tuwan residhen semarang lekerek angaturi kurmat bujana krama. Mawi dhangsah ing dalem bojong. Sakalangkung rowa pestanipun. Ingkang dipun su[ ] hi kirang langkung tiyang. 250. Sami priyantun gegedhug sarta para mardika ingkang sinuhun miyos ugi kadherekaken ing para kangjeng pangeran. Ingkang sinuhun ngantos anuwuhaken pangeram-eraming para ingkang prapta ing pista. Awit lintu sarta wasis dalem sumbageng tindak [ ] bangkit sarta kerep karsa dalem dhangsah. Tabsila tanduk dalem dhateng para arum
Sareng madyaning dalu tuwan residhen semarang adamel kundhi sipi lajeng [ ] pun kangjeng tuwan ingkang wicaksana. Ingkang badhe kondur dhateng nederlan. Tuwin amratelakaken slametipun wewengkoning nederlan ingkang prelu nagari jawi tuwin kitha semarang. Punapa dene malih para amtenar sipil sarta militer ingkang sami kapotangan kasaenan dhateng sang [ ]rot meng jurit. Ing saestu kapuji-puji dening ing ngakathah sarta ingkang enggal jengkar saking nagari jawi. Mangsulaken tata tentrem tuwin badhe andadosaken karaharjan ing sapawingkingipun. Mugi-mugi kangjeng tuwan ingkang wicaksana enggal saged rawuh ing nederlan kang klayan kasugengan tuwin anampenana sih katresnan dalem ingkang sinuhun sri maha raja.

Kangjeng tuwan ingkang wicaksana lajeng karsa amangsuli kundhisi dhumateng tuwan residhen leklerek asung panrima sarta amangandikani bab katemenanipun nalika jumeneng residhen ing kedhu. Salebeting perang ageng. Ing ngriku tuwan residhen anglahiraken pambudi. Kawanteran sarta katemenan tansah anindakaken pratikel kang utami. Pamujining kangjeng tuwan ingkang wicaksana. Mugi-mugi kitha semarang awita dipun menggalani dene kangjeng tuwan residhen leklerek.
Wasana ing sinuhun kangjeng susuhunan ajumeneng saking palenggahan dalem. Sarta anglahiraken pangandika adamel kundhisi. Dhawah pangandika dalem anggenipun karsa bidhal saking nagari surakarta. Prelunipun badhe anjurungaken angkatipun ingkang eyang sarta badhe anjurugaken dumugi ing palabuhan. Punapa dene malih dhawah dalem prasasat angetut wingking ingkang eyang. Saking sih tresnanipun. Lan ing sadangunipun badhe boten kasupen ing kasaenanipun ingkang eyang kangjeng tuwan ingkang wicaksana litnan gupernur jendral baron dhekok. Liya saking punika ingkang sinuhun andhawahaken panrima dhumateng kangjeng tuwan residhen semarang sagarwanipun. Anggenira sami iyeg ambo[[krama. Tuwin anggenipun andherekaken murih ingkang sinuhun angudaneni dhateng para punggawaning gupermen sarta para mardika ingkang gegedhug. Karsa dalem sageda anglandhungaken mimitran.

Sareng kaping .17. mei ing kitha semarang oreg mawurahan ba[ ]enjing ing bojong sampun kebekdening kreta. Inggih punika ingkang sami andherekaken kangjeng tuwan ingkang wicaksana dhateng ing ngebum ing ngriku para isining kitha sami kumpul sedyanipun angaturi wilujeng dhateng ingkang badhe jengkar. Sawarnining bahita sami dipun tumpaki dening para agung sarta para alit andherekaken dumugi ing bahita latu. Ing ngriku sampun sumeta angormati

dhumateng kangjeng tuwan ingkang wicaksana. Kathah ingkang sami anglahiraken katemenan setya tuhu. Sarta amratandhani duhkitanipun awit badhe katilar kantun.

Saliyaning para priyantun jawi geng ageng ingkang sami angemu waspa angrangku[ ]da ning sang jayeng kedhuh. Ingkang sinuhun kangjeng susuhunan sarta para kangjeng pangeran inggih sami katingal sungkawa tuwin kumembeng kang waspa. Sakalangkung anggenipun sih siniyan kaliyan ingkang eyang. Ngantos arerangkulan. Sareng bahita latu anjungjung jangkar sarta katingal mancal punika sangsaya kathah ingkang marawayan rentah waspanipun.

Makaten kandhanipun ingkang kapemutan.

Nalika kaping. 7. Oktober punika. Wanci siang tiyang anama sawikrama agriya ing dhusun karang wuni dhistrik jenon kartasura. Anguculi tali saweting lembu ingkang mentas kapatrapaken ing amulasara sabin wasana lembu anyundhang sawikrama kenging madyaning awak sahingga anyumelangi. Tujunipun boten anemahi pejah. Ing mangke sawikrama kapulasara dening dhokter. Nalika sawikrama mentas kasundhang dening lembu karubung tiyang tongga tepalih awicanten mangkaten. O. Allah. Okeh barang bok iya aja anyundhang panggonan wadi mengkono. Cilaka temen awakku iki. Wicantenipun punika winoran arapat waspa.

Katandhan yukti

Panjurung inggil punika sampun dipun kasangli. Redhaksi

Panyuwun katerangan

Asring-asring kula mrangguli salebeting serat wonten ingkang anyebutaken tetembungan. Wekdal. Kadosta. Ing wekdal sapunika kula boten saged. Punika kados pundi karsanipun ingkang nyerat. Pamanggih kula tetembungan wahu karsanipun ingkang nglahiraken. Ing wektu punika kula boten saged. Manawi mencok panginten kula. Tembung wektu wahu. Sarehning tembung arab boten kenging dipun kramekaken. Saemper ingkang sami angawekaken tembung wektu punika. Seling serep kaliyan tembung. Wetu. Metu. Nga. Wedal ka. Leres botenipun sumongga.

Mintasih.

Ing sapunika kasansaya katingal sanget. Kabopaten ing purbanagaran. Anggenipun angewed-ewed tuwin dedangu lampahipun para tuwan-tuwan. Amaosi siti prajurit. Utawi lampahipun kontrak. Liyeran sapanunggilanipun.

Menawi kangjeng pangeran kolonel arya purba nagara wahu boten punapa-punapa. Penggaliyanipun sae sanget. Namung. Ingkang nama kapitan ajidan. Raden mas panji. Sa. Pa. Ingkang dados panutanipun para mayor le. Jeksa mas behi. Ha. Da. Mas rongga. Ha. Da. Priyantun tiga punika sakelangkung sanget anggenipun makewed muntir nglulub. Angojok-ojoki boten leres. Punika bok inggih sampun makaten. Leresipun rak inggih malah ngrikataken sampun ngantos kadangon. Naming tiyang iman supingenipun boten angsal. Sanget anggenipun awed candranipun.

Ingkang punika pamuji kula mugi wontena karsanipun. Ingkang ngasta pangawasa nagari surakarta. Utawi kangjeng parentah ageng. Kapisaha panggenanipun. Amargi yen kalajeng-lajeng makaten patrapipun. Eman temen kangjeng pangeran kolonel sampun sae penggaliyanipun. Kaliyan tuwan dhorepal. Wonten abdi dalem prajurit miji pinilih. Punika ngantos kera. Anggenipun maosaken siti lenggahipun. Awit ngantos lami boten rampung-rampung. Margi dipun pakewed dening priyantun jeksa.

Panjurungipun pandakwa sanyata saking pemalang. Angojahaken bab jajaka ingkang lampahipun amurang margi. Boten kenging kapacak awit kemeloken kalih dene ing bra martani dede panggenanipun.

Redhaksi.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu Adam
//oo//oo// sinom //oo//oo//

// lagya samya paguneman. Ing karsan sultan Ismangil. Dereng dadya kang rinembag. Wonten raja duta prapti. Sarya mundhi kintaki. Utusanira sang prabu. Bulkiyah sultan mudha. Ingkang amngembani tulis. Arya Islar senapati pamungkas prang.// sumarmi sang arya islar. Ingkang lumakwa tinuding. Ngiras maspadaken mengsah. Pasemon sultan Ismangil. Mwang gung ingkang prajurit. Tuwin sarapating rembug. Sang arya pinrih wikan. Sang raja duta kaprapti. Katingalan sadaya wahana kuda. // Ahli basah wolung dasa. Kang jajar ri kanan kering. Pinilih kang gagah-gagah. Dene kang dadya titinghih. Para sutane sami. Ngali jenab kang wowolu. Pangnugul arya islar. Nalika wonten ing margi. Samya cingak ningali wadya ing karsan.// ningali wandeng caraka. Dinulu amemedeni. Sutane ki ngali jenab. Naracak sami geng inggil. Jarot polatan andik. Aketel wuwulonipun. Brengos capang ngumbala. Lumrah godheg ngdhup turi. Papantes setan kalah sami manungsa. // dene senapati islar. Tuhu dhapure respati. Atajem polatan tatag. Wuwuyon sedheng mantesi. Brengos ngumbala wilis. Aketel atap kinetug. Wahu sang raja duta. Aken atura udani. Mnatri bumi sampun ngaturi uninga.// yen wonten duteng bulkiyah. Agya jeng sultan Ismangil. Nudhuh ingkang methuk lampah. Darisalam nawir ketip. Punggawa geng kekalih. Wus lengser saking ing ngayun. Duk prapteng pamethukan. Darisalam nawir ketip. Sami ngungun ningali sang raja duta. // amicara jroning nala. Baya karsa ta ning hynag widi. Ing mengko nagri bulkiyah. Enggone wong sura sekti. Ketara duta iki. Wong mengkono dhapuripun. Sayekti yen prawira. Parad margane basuki. Lamuna prang sagunge punggawa karsan. // nawir ketip darisalam dadya kenceng jroning ati. Ngaturi mring ratu nira. Sampun anglawani jurit yata den ancarani. Sang raja dura tumanduk. Mudhun saking turongga. Kerit mring ngarsa narpati. Arya islar priyongga mandhi nawala. // pangirit kendel taratag. Mung wowolu kang umiring. Para suta ngali jenab dupi prapta ing ngarsaji. Agya sultan Ismangil. Saking ing dhampar tumurun. Ngurmati kang nawala. Sang duta tumanduk aris. Den-adegan denya ngaturaken syrat.// nawala wusnya tinampan. Wangsul lenggah sri bupati. Arya islar kinen lenggah. Jajar lan rekyana patih. Binuka ponang tulis. Sinukma rarasing tembung. Pupuji mring hyang suksma. Kang misesa ing sakalir. Surat ulun prabu anom ing bulkiyah. // panengran sultan ngabdulah. Atur salam mugi-mugi. Katura mring paman sultan. Ismangil nagri karsani. Bubukaning kintaki. Kang punika lampah ulun. Nunuwun mring jeng paman. Menggah nagari karsani. Marengena ulun jumeneng narendra.// amengku nagari karsan. Dene menggah paman aji. Ing galih sampun sandeya. Tetepa kawula pundhi. Cipta ulun sayekti. Sami lan jeng rama prabu. Ing pamundhi kawula. Dene yen datan marengi. Paman prabu saestu yen dadya aprang. // titi anuwun wangsulan. Ing karsa dipun amusthi. Punika supadya enggal. Ing lampah tan angresahi. Yata sultan ismangil. Nawala tiningkem sampun. Aken karya wangsulan. Ijeman kang munyeng tulis. Nedha sareh ing dalem satengah condra. // ing ngriku saestu terang. Sabarang kang dados jangji. Pustaka sawusnya dadya. Sinungken sang islar nuli. Lengser saking ngarsaji. Kalawan sakancanipun. Sang duta sampun lepas. Ing wuri sultan ismangil. Amaringken nawala marang ngapatya. // kinen andadyaken rembag. Kang gilig para bupati. Nawala wusnya mufakat. Ing rembag meksa tan gilig. Yata jeng sultan ismangil. Kewran gya kondur ngadhatun. Saprapta nireng pura. Agunem lan prameswari. putranira jeng sultan putri neng ngarsa.// pambayun siti aklimah. Warnayu lantip ing budi. Lepas pasanging wiweka. Sampun diwasa sang putri. Wahu sultan Ismangil. Pangandika nira arum. Marang sang prameswara. Sira sumurupa yayi. Ana mungsuh songka nagara bulkiyah. // duk mahu wus kirim layang. Panggedhene mungsuh iki. Prabu anom kapeparab. Sultani nfabdulah turki. Ibnu sultan Ibrahim. Nawaka nira pitembung. Amundhut nagri karsan. Ingsun kang pinrih gumingsir. Yen tan karsa pinarwaseng ing ngayuda.// ingsun tataren punggawa. Tan api marang si patih. Ing rembug riyon kewala. Dadya sungkawa tyas mami. Kang mungsuh iki. Ing kabar uwis misuwur. Prabu anom prawira. Sura sekti warna pekik. Kang umiring prajurit keh kang prawira. // sang prameswari miharsa. Ngungun aturira aris.

Pukulun budi sepala. Menggah riyon rembag pikir. Estu paduka aji. Punika ingkang katempuh. Andarbeni wisesa. Sakarsa paduka wajub. Estu aprang lan saestu tilar pura. // punika sakingpaduka miwa. Miwah kang badhe nglampahi. Susah bingah jeng paduka. sedaya mung nunut sami. Ngandika sri bupati. Yayi wus bener aturmu. Sumarma taren ing wang. Rehning pakewuh tyas mami. Arsa methuk ing aprang datan kawawa.// lamun masrahna nagara. liwat apesing narpati. Ingsun arsa minta sraya. Nagara selak ginitik. Yata sang prameswari. tumungkul sungakaweng kalbu. Miwah sri naranata. Tan antuk wengang ing galih. Sigra nembah kang putra siti aklimah.// dhuh jeng ibu kang punika. Manut karsaning hyang widi. Sayogi sami tinedha. Dhumateng kang murbeng bumi. Darapon den tulungi. Marang asmaning hyang agung. Ibu lamun parenga. Saking karsaning ramaji. Hamba ingkang amethukaken ing yuda.// jeng rama lawan paduka. nenedhaha mring hyang widi. Ing ngasrama jawi kitha. Sampun mawi bekta abdi. Ulun kang madeg aji. Amisesa ing wadya gung. Kang sulaya ing rembag. Yata kang rama miharsi. Lan kang ibu kapanjingan pangrahita.// wrin pasemoning kang putra. Yen sultan ngabdulah tahir. Abagus maksih jejaka. Prawira alusing budi. Dene sang raja putri. Maksih kenya warna ayu. Sami putraning nata. paran yen dadiya jurit. Estu lamun ing tingkah karsaning suksma. // gumujeng sri naranata. Mesem ri sang prameswari. tumungkul sang lir kusuma. Ngandika sri narapati. Lah iku yayi dewi. Kaya bener aturipun. Satanira sirara. Sawadine mungsuh iki. Pesthi lamun mangkono kadadyanira.// payo padha linaksanan. Nanedha marang hyang widi. Besuk esuk ingsun ondhang. Jumenenge nini putri. Umadeg narapati. Ingkang dadya wakilipun. Lamun arsa parentah. Si uwa arya kanapi. Angembani mring putune lir andurma.//oo//

taksih wonten candhakipun

raden panji parta kusuma.

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Kula wisudha dinten senen kaping. 6. Nopember punika.
Awit saking karsa dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan salowongipun abdi dalem wasana ing kadipaten anom ingkang kakarsakaken anggentosi raden mas arya wirya winata. Abdi dalem mayor prajurit jawi jaya tatana. Kapatedhan nama tuwin sesebutan. Raden mas arya sujana pura.
Katandhan yukti.

Nalika ing dinten salasa angrintenaken dinten rebo tanggal kaping. 8. Nopember. Ing surakarta. Katingal tintrim inggih punika awit sedanipun tuwan. Er. E. en. Dhabo. Rindhiring nederlan seleyo. Bintang wasa urdhi ing nagari turki. Bintang godhen leyo panasahu. Tuwin rindhiring netalenkruwis. Jalaran gerah sampun kapara lami. Sareng ing dinten rebo jam 5. Sonten wismanipun ingkang kondur ing jaman kahilangan sampun pepet dening para pawong sanak mitranipun sadaya sami katingal duhkita. Awit kaicalan mitra satuhu. Dhasar priyagung kasusra ing pundi-pundi saking ambeg santa. Sakalangkung kathah anggenipun weweh dhateng tiyang musakat utawi dhateng sawarnining pranatan ingkang mahedahi. Para militer alit-alit inggih sakalangkung kecalan priya ingkang tansah amanjurungi. Murih slametipun pra wadya bala. Sakalintang kathah kokojahipun mister dhabo mila dipun borongaken dhumateng sanes ingkang kulina angrukti lampahanira tuwan dhabo. Kreta pinten-pinten ingkang sami andherekaken dhateng pasareyan ajebres. Para agung-agung walandi sarta para kangjeng pangeran dalasan kangjeng gusti pangeran adipati anom utawi kangjeng gusti pangeran adipati mangkunagara. Saputra santananipun kumpul andherekaken layon. Lampahipun lon-lonan asri sarta tata wingit tiningalan saking mandrawa. Saking margi ageng dumugi ing kaluwat jinajaran dening para dhadhu ing beteng sareng dumugi ing ngajeng kluwat bandhusa dipun selehaken. Para ingkang jujugaken sami cep kendel. Tuwan pandhita amajeng. Lajeng anglahiraken tetembungan angojahaken bab lampahanipun ingkang lalis. Anggenipun anglabeti ayahan sarta angendhengaken ing kamuyatan dangu-dangu amratelakaken bab engeting umat. Mila dipun emutaken kinen ngemut-emut dhateng ing pati. Rumantya ing jaman kalanggengan. Sasampunipun lajeng para militer ingkang rumaos kaicalan. Sami kikidung angluhuraken ingkang seda. Lagunipun sakalangkung angris sarta angrontok manah.

Lokomotif angabaraken makaten :
Boten teka tebih-tebih. Ing semarang ugi wonten lalampahan ingkang mratandhani kacingkranganipun menggah anggenipun ambahu reksa dhateng bongsa jawi.
Wonten satunggaling tiyang jawi sampun sesanggeman angladosi gamping ingkang mathi kangge amulyakaken masjid ing semarang. Pangaos. 300. Rupiyah. Lajeng dipun lampahi sampun wonten pinten-pinten wulan. Nunten anedha bayaripun anggenira angladosi gamping. Ananging dugi samangke tansah dipun dedangu. Boten anampeni saigar-igara. Ing mongka anggenipun murih saged anglebeti gamping wahu. Made griyanipun kalampahan kasade. Jangji dipun tebus malih. Wasana ing samangke wahu tiyang badhe amethukaken susah kecalan made griya. Awit

boten saged amangsulaken yatra pangaosing pamade griya wahu. Boten gadha pangajeng-ajeng badhe tampi bayaran. Namung dipun ubeng-ubeng kemawon. Saking kabupaten dipun dhawahi pepenggihan kaliyan pengulu. Saking pengulon dipun dhawahi sowan ing kabupaten. Lah ing mangke sinten yoganipun ingkang masthi tutulung dhateng tiyang jawi wahu. Ingkang dipun pakewed.

Serat saking bojanagara suraosipun makaten :

Ing ngajeng tuwan asisten residhen sampun nate dipun tuweni ing durjana pandung. Lajeng gentos tuwan tontrolur inggih dipun tinjoni. Ing mongka wonten ingkang tenggag inggih maksa boten amigunani. Ananging durjana kathah mirmanipun sabab namung sami anyolong sawung kebinceh. Pakicikan sarta dandang. Tuwin remeh kedhik nanging kepanggih malih.

Ing kampung-kampung boten wonten kendhatipun tiyang kapandungan nanging tiyang alit boten purun ngaturaken kagalih tanpa damel.

Nalika malem sanga likur wulan siyam wonten ingkang nandang tatu tiyang pitu. Ingkang kalih mutawatosi labetipun. Dene durjananipun dereng kinanten kacandhak utawi kepanggih eleripun.

Liya saking punika ing lepen ageng. Balok kajeng jati pating jalempah. 600. Iji. Ingkang dados prakawis ing mongka sampun pitung wulan sapriki. Tuwan asisten residhen kakathahen damel seseratan dados boten saged mingser saking meja panyeratan. Tindakan utawi andhawahaken parentah. Boten saged pisan-pisan asring dhawah. Tradhatimpo.

Ing serat bintang timur wonten ingkang angrembagi murih angewahana pengagenipun para lurah cina. Awit panganggenipun ing sapunika. Sanget gesehipun kaliyan panganggening para lurah bongsa liyaning bongsa welandi. Ing mongka panganggenira para lurah cina. Manawi katandhing kaliyan panganggenipun bongsa sabrang liyanipun. sakalangkung kasoran wasana wonten ingkang mastani manawi panganggening lurah cina punika dherek kadi caranipun nagari cina. Ananging pamanggihipun ingkang manjurung. Prayogi dipun paringaken pangangge ingkang necegi kaliyan anginipun nagari jawi. Sarta ingkang urup kaliyan pangkatipun. Ing pangraos bilih dipun reka mendhet saking panganggenipun samangke. Utawi nyengkok saking panganggenipun para amtenar bongsa kulit pingul tuwin bongsa jawi sarta bongsa arab. Badhe saged adamel pangangge ingkang necegi dipun angge ing lurah cina.

Nalika tanggal kaping sapisan wulan punika. Wonten kacilakan jalaran saking lampahing kreta sasat atotohan kalaning wonten tiyang mantu. Awit anggenipun ngalampahaken kreta tanpa dugi prayogi. Kalampahan ebuming kreta wonten ingkang nocok dhateng bakipun kreta ingkang wonten ngajeng. Saengga adamel kagetipun ing kathah. Sarta amitunani. Makaten punika ingkang anyewakakenkreta agahan anggenira angrubagini tetempah. Ing mongka kacilakan kang makaten wahu. Ingkang sami kondangan sampun angajengaken sasad dipun waha. Ananging polisi boten badhe lepat kajibah. Sabab sampun dados wajibipun amambengana lampahan kang mutawatosi makaten ing mongka wonten ing radinan ageng ingkang jejel tiyang. Boten ngemungaken murih wilujengipun ingkang numpak. Nanging murih anebihna kacilakan saking kang sami langkung ing radinan ageng.

Kangjeng tuwan residhen surakarta. Sampun angundhangaken bilih ing mangke salebiting piyagem menggah majegaken utawi amajegi siti dhusun bawah kraton surakarta. Wangsul kados rumiyin malih. Kedah anyebutaken manawi ing pawingkingipun nagari utawi sawijining sepur weh matskap pei. Badhe aya samargi kreta latu. Ing mongka anrajang siti dhusun ingkang kapajegaken. Punika ingkang amajegaken badhe suka tanpa wewenang anedha lintu ananging boten kenging anyudakaken pajeg.

Samangke polisi ing surakarta kenceng anggenira anyaruweni bab mirudaning para parencangan utawi tiyang damel mila dipun pupuji kangjeng tuwan residhen kang rumiyin dhawahipun bilih

tiyang damel wahu sapanunggilanipun boten kenging dipun ukum. Ananging ingkang gadhah rencang wenang ngudur kagolongna prakawis sipil dumados sangsaya iyeg ingkang sami miruda.

Samangke nagari angudaneni bilih pranatan kang makaten wahu. Boten badhe saged lestantun. Mila sampun wonten parencangan ingkang miruda boten mawi prasaben utawi angesahaken sambutan dipun cepeng ing polisi nunten kaptrapan ukum.
Nahan amurih mayaraken dhateng polisi. Bilih parencangan wahu miruda. Punika ing saderengipun kang gadhah rencang. Prayogi amratelakna dhateng polisi. Murih dipun pemuti. Sabab polisi samangke karsa angbuki. Mila yen makaten badhe mikantuki. Ngatase kawontenanipun parencangan.

Punika ayariyosaken kedhik bab nagari bantam
Purwanipun saking tembung bantahan
Awit isining tiyang asring-asring babatahan

Menggah ing bantam wahu wonten ingkang angojahaken lalampahanipun anoman malah kawara dipun unggulaken. Duk samanten sang anoman prapta saking sisih wetanambekta sela sarta pasir. Sedyanira badhe anambak seganten ing sundha. Ananging boten kasiyosaken awit aningali sakathahing puo-pulo jang wonten kiwa tengenipun saganten wahu. Mila sarupining sela sarta pasir lajeng dipun bucali tebih. Anjalari tuwuhipun redi ing ing karang tuwin ing pulusari. Ingkang punika amrantandhani bilih cariyosipun ing tanah indhu dipun ewahi sarta kaanggep kadi cariyos ing nagari bantam. Dene ing nagari indhustan sang anoman taksih dipun anggep dewaning pragosa. Menggah biyangipun anama onjana. Rewanda adi. Sakalangkung andadaraken kasektenira sarana toya susunipun. Ing ngajeng dewi onjana myarsa warti. Bilih ingkang putra sakalangkung anglahiraken kawicaksanan onjana suka bingah. Malah kapara anggaibaken. Angedalaken toya saceret saking pambayun. Saksana andhatengaken toya ageng. Ambanjiri pareden ing imalaya. Ambandhang sarupining redi-redi. Menggah anoman sudarmanipun anama: pawana dewaning angin dipun petha yayah sang maha dewa. Dene ibunipun kapetha yayah wedalan bramin. Wanodya wahu murih dipun remeni dening pawana. Anedha juwadah ingkang dipun mantrani. Sawek dipun bukti. Kasahut ing paksi wolung. Ananging onjana pangajeng-ajengipun katurutan sabab lajeng angandhut salajengipun kapatutan sang anoman. Jabang bayi lajeng malumpat ing baskara. Inggih punika kang jujuluk bathara surya. Bathara surya sakalangkung kaget lajeng singidan ing indra loka.
Sang endra bramatya. Anoman dipun sawati sela gelap anjalari meh kapisanan sarta meh anyirnakaken satriya luhung. Ingkang dados kikidunganing pujongga ageng anama walmiki.
Sang pawana akrura lajeng amatek ajining maruta sanalika kaprahara ageng. Punika ingkang ambuncang sang endra sakancanipun dewa. Anjalari dados sakit wetengipun sami. Lajeng tundhuk sang anoman dipun lestantunaken kasujananipun sarta dipun warisi ing kasudibyanira.
Menggah anoman wahu lalampahanipun ingkang gumunaken. Nalika mangkat saking indi badhe dhateng ngalengka (selong) angupadosi dewi sita. (siti dewi) garwanipun rama dewa. Ingkang dipun dhustha dening prabu rahwana. Punika anoman amethukaken pakewed. Lajeng ambedhol redi pinten-pinten dipun sawataken ing saganten murih saged dipun kaambah dugi ing ngalengka. Dalah samangke taksih wonten labetipun dipun parabi kreteg adam. Menggah tiyang bantam boten siwah kaliyan tiyang nagari jawi kajengipun. Mila babading dewa wahu. Dipun elih kaprenahaken ing salebeting nagari bantam: seganten sundha dipun anggep seganten palek. Sumantrah dipun anggep pulo selong. Tanah jawi dipun entha tanah indi benggala.
Wonten reca ingkang kinontha sang anoman warni madusa. Ingkang kathah warni rewonda. Manawi dinten tahunan para indhu asring amumule dhateng sang anoman anuwun pinanjangna umuripun. Sang anoman dipun parabi maruti. Dherek namaning kang rama sang pawana. Ingkang jumeneng pangagengipun para tiyang marut sarta dewaning angin. Punapa dene malih ajujuluk maha barat tegesipun angin sekti kang saking sisih kilen.

Ing saderengipun adeging kraton pajajaran. Nagara bantam ngadeg piyambak boten kabawah ing liyan sarta darbe ratu pyambak. kedhatonipun ing bantam girang caket ing serang. Panutanipun buda. Kathah tiyang mastani manawi ing bantam duk ing kina. Dipun iseni manungsa rumiyin saderengipun ngiseni sisih wetan mila angaken janma bumi. Tegesipun ingkang amijeni. Sujarahipun awit saking nabi adam dumugi ingkang jumeneng ratu kapisan ing pajajaran.

Menggah babading bantam ingkang dipun sebut jumeneng ratu kang kapisan: kuda laleyan. Dede banjaran sari. Nalika samanten nagari bantam kakiyuk dados satunggal kaliyan ing pajajaran. Uruting kang jumeneng ratu punika : kuda laleyan jujuluk panji mahesa tandreman nunten banjaran sari. Nunten mundhing wangi. Nunten siyung wanara. Jujuluk lutung kasarung. Angga larang. Mila anama lutung kasarung. Awit dipun paringi rasukan kuliting lutung. Dene namaning angga larang. Punika nalika rasukan wahu dipun selehaken. Lalampahanipun narendra putra wahu sakalangkung anggumunaken. Patutanipun satunggal anama sila wangi. Punika sareng sampun ngulondara lajeng mentas ing palabuhan ratu. Dalasan samangke taksih kaceluk.

Nalika samanten sang prabu ayasa bale mangu sajawining kraton pejajaran dipun kamani sakadhomas prenahipun caket praja bogor. Lajeng ayasa satunggal malih. Dipun kamani rawis kancana. Caketipun watu tulis. Sang prabu dipun papundhi ing kawulanipun kedhep ing pundi-pundi. Kratonipun awit saking tegal dumugi ing sisih kilen mila bantam ugi dherek kabawah. Ingkang dados bahunipun tengen putranira. Jujuluk prabu guru galangan. Sasampunipun siyung wanara kagentosan ingkang putra anama mundhing kuwat (mahesa kuwat) lajeng paku wana (incering wana dri). Lajeng prabu seda. (ratuning pejah). Nunten pajajaran dipun bedhah dhateng hasanudin. Sang prabu pucukumun putranipun prabu seda. Amampang dhateng hasanudin ing redi pulu sari. Nanging lajeng musna tanpa sangkan. Lajeng wonten ingkang jumeneng ratu : anama aling-aling. Ginentosan ing prabu kakaling.

Taksih wonten candhakipun.

Se. ep. pe.

Surakarta

Ing nalika angrintenaken tanggal kaping. 25. Oktober tahun punika. Dalemipun bongsa pingul tuwan. A. kalebetan dursila pandung. Tuwan pinuju kesah mantuk dalu. Pun dursila wahu kabar tiyang kalih lampahipun kala momor. Amindha-mindha sentananipun tuwan punika. Pun pandung sampun dangu anggenipun wonten pakaranganipun tuwan dereng ngantos malebet ing griya. Se [ ] kawenangan bateh kang dipun pracaya tengga griyanipun tuwan. Tiyang ingkang dipun pracaya wahu inggih sawek mantuk dalu saking jagong. Sareng sawek badhe malebet ing pakarangan pun pandung uninga rumiyin lumajeng ngantos anumbuk tiyang kang sawek dhateng punika. Ngantos meh klumah. Naming dereng nglegewa yen pandung. Sabab katingal kados sentananipun tuwan kang asring cundhuk jungkat gelung kadhal menek bebet bledhak bledhak. Sareng mekaten pandung satunggalipun lumajeng anunjang malih punika pun jaga griya grahita yen pandung sabab kang nunjang kantun werni gentho. Lajeng pun jaga griya krodha narik dedamel ambujung pandung kang mindha sentana. Meh kedhik pun pandung kenging dipun suduk lajeng malumpat ing kalen ical. Nanging dereng ngantos angsal punapa-punapa. Saking wetawis pun pandung kapok sanget. Sabab pambujungipun boten sita-sita.

Panjurung bab griya kabrastha ing brama

Nalika dinten kemis dalu. Angrintenaken bakkda siyam kapengker punika. Wanci jam. ½ 3. Griyanipun mas ngabehi bobos abdi dalem mantri sarageni kaparak tengen sirna kamongsa ing brama. Jalaran sangking latu pakartining dursila. Telas griya cacah wuwung. 6. Iji. Sami griya payon atep pager gedheg sadaya. Nalika ubaling latu. Senadyan tiyang dhusun sampun sami dhateng lumebet gerbeg. Ewadene boten wonten ingksng sedya amambengi pamangsaning latu. Naming rembag dhucung mendheti barang salebeting griya. Mila barang wilujeng sadaya. Pitunanipun katepsir. Kirang langkung. 160. Rupiyah pethak.

Dalunipun malih angrintenaken tanggal kaping. 2. Bok merta wijaya. Tukang wewadeyan dhateng peken dhusun. Kapalipun kabekta ing dursila pandung. Ngantos sapunika dereng pikantuk titik mila ingkang dados gumuning manah kula. Inggih boten kados sasang gelah-gelah. Dene saweg wonten jawah kintunan kemawon teka sampun awit muncul. Sumongga sami kula aturi ngatos-atos.
Kampung kaparak tengen nagari surakarta kaping. 9. Sawal jimawal. 1805

Katandhan. Peksa carita.

Serat saking bangil pasuruhan anyariyosaken manawi ing dhusun kedhung bata. Wonten lare kacemplung ing sumur. Awit saking weyane biyangipun anjalari nagari andhawahakaen parentah kenceng. Sawarnining susumuran ing dhusun kinen anyukani pager.

Bodhesti saking bangil pasuruhan angtuwari pandangunipun yukti. Kang kapacak ing bra martani ongka. 41. Ing ngriku pitaken punapa lalampahan kang sampun kapratelakaken kenging kaupamekaken : ambegal. Samangke bodhesti karsa anegesi. Dipun wastani bilih lalampahan makaten wahu. Kenging kagolongaken: mandung waktu ing siang utawi damel boso. Pamujining bodhesti mugi-mugi pun durjana kacepenga. Wasana wonten emperipun bilih bodhesti pancen wegig kapratandhan anggenipun angwalifikasi kadurjanan.

Se. Ep. pilip.

XVIII. Sanggar Pamingitan santah mariyah dholnofah

// Saengga dyah beatris kadya kinunjara. Sareng sampun kapara peteng dyah beatris dipun ejak andherek numpak kareta. Lampahipun sesamaran boten mawi dipun mangandikani sakecap-kecaoa. Saking bibrahing angen-angen. Jujug dhateng sanggar pamingitan ingkang kasebut nama santah mariyah dholnofah. Dyah beatris lajeng dipun pasrahaken dhateng ingkang jumeneng guru estri.
Sakalangkung anggenipun anunuwun dyah beatris dhateng ingkang rama. Murih kabektaha wangsul mantuk nanging boten pisan kagalih. Malah boten kawangsulan sakecap. Awit saking bendunipun.
Kang rama kathah anggenipun asung yatra dhateng sanggar pamingitan saha amisungsung raja brana. Kasidhekahaken dhateng dewi kenya nirmala. Murih kaparingan pangaksama. Sang guru wanudya inggih dipun aturi supe inten saha busana kesma. Kataretes ing sosotyadi. Nunten medal saking gedhong. Dahat ing sungkawanipun awit dening lalampahaning putra nanging kasimpen ing batos boten kalahir. Dados boten mawi pamit dhateng dyah beatris pitungkasipun makaten. Ana ing sajroning gedhong kene. Kowe kudu anglebur ing dosamu kabanget abote. Awit kowe wus anglakoni kadurjanan akon marjaya sawijining jajaka. Sarana kampak kang ko opahi. Mulane angowahana laku. Lan nunuwuna apura marang gusti Allah hutangala. Anaha karsane anglerepake panggugate wong ngatuwaning jajaka kang kocidra. Lan angidungake pangadhuhe pacangane. Kang konjuk ing ngabyantara ning hyang kang maha suci. Lalandhesan enggonmu asrah pitobat. Wondene aku lan kowe mung sabisa tetemon maneh. Aja pisan anduweni kira yen bisa rapet maneh ngatasing bapa lan weka.
Sareng sampun wonten satahun panyuwitanipun ing sanggar pamingitan beatris nunten kaparingan rukuh manjing pasucen boten awit saking kajengipun piyambak. Samantena sanadyan ngagem busana pethak wanudya wahu inggih maksa taksih gadhah manah drengki.
Makaten bubudenipun dyah beatris ingkang sapunika karengkuh dados mitraning sang wreda supi.
Kacariyos pinuju ing dinten ageng. Dyah mahdhalenah sowan ing masjid sasarengan para arum kathah. Sadangunipun sang dyah tumungkul adegipun sareng nuju tumenga amulat dhateng satunggiling satriya bagus marginipun inggih punika ingkang jujuluk grap marselo portah. Sarengi sawek amaspaosaken dhateng kusumaning rum sarwi anukmeng daya.

Sang dyah nunten tumungkul malih. Sawek nembe ing sapunika anggarjiteng tyas semu kandhuwan kingkin tan kantenan kang kagalih. Mila ragi sasar susur. Malah pangreganing pakumpulan ing masjid boten pisan kamanah. Amung lenggah sarwi mangku kitab alit tan liya ingkang kacipta. Namung sang binagus kang anyarke karsi.
Sang dyah nulya amulat malih dhateng grap marselo. Mongka sang pekik pinuju amaspaosaken sanalika kadya pagut titingalan ujungan lira sang dyah semu gumeter nunten tumungkul boten purun tumenga malih. Manahipun kapranan apoyang-payingan.
Wasana sareng bakda saking masjid sang dyah nunten mundu. Sasarengan para mitra lampahipun awirandhungan lajeng manjing salebeting kamar. Ing ngriku anggenipun andumugekaken panggrahita. Sarwi among wiyoga.
Sang dyah angantos-antos malih wancinipun kikidung ing masjid sabab sampun andugi yen sang pekik badhe wonten ing ngriku. Punika andadosaken dhanganing panggalih. Nanging maksa kuwur. Kasaru gentha munya anengeraken bilih wantuning dhahar.
Dyah mahdhalenah wonten ing panggenan dhahar. Tan saged bukti. Amung sang binagus ingkang tansah keksi. Ngantos boten nyerepi. Yen sang wreda supi anedhaki ing panggenan dhahar. Ing mongka sang guru retna anggenira tedhak mariksani. Namung kadamel ulas-ulas kemawon ing batos manahipun gangsul abut ajengan awit nunggil kasengsem dhateng sang andon resmi.

Taksih wonten candhakipun.
Se. Ep. Pe.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun Sultan Ibrahim
Ibnu adam
//oo// Durma //oo//

kawarna inja miyos siniwaka. Jeng sultanu ismangil. Dhawah mepak wadya. Tuwin para nayaka. Sadaya wus munggeng ngarsi. Gya undhang-undhang. Jeng sultani ismangil.// heh apatih miwah nayaka lan wadya. Angestrenana sami. Lamun putraning wang. Estri siti aklimah. Ing mengko ingsun pasrahi. Jumeneng nata. mengku nagri karsani.// dene ingkang amakili yen parentah. Uwa sayit kanapi. Kabeh mituruta. Apa kang dadi karsa. Yen lirwa pesthi bilahi. Lah poma-poma. Yata sagunging dasih.// sahur sabda ing batin sru pangungunnya. dene gawat tan sipi. Karsaning narendra. kang sami wicaksana. Wus tan kilap sakarsaji. Panji nging gelar. Mring parang muka prapti.// sawusira kendel undhanging narendra. sigra sang raja putri. Parentah mring patya. Kang dhawuhaken sabda. Kang eyang sayid kanapi. Parentah sarira enja miyos ing jurit.// kekerigan aywana tan milu aprang. Sadhenga ingkang kari. Yekti pinejahan. Kya patih sigra undhang. Nalika sampun waradin nulya bubaran. Kundur sri narapati.// lawan prabu dewi kinanthi mring rama. Saprapta nireng puri. Laju tata-tata. Lawan sang prangmeswara. Ing dalu jengkar sangaji. Saking jro pura. Mring arga rabun sari.// kang umiring mung cara santri kewala. Yata sampun lestari. Inja kawuwusa. Rekyana patih Akbar. Nabuh tengaraning jurit. Wadya wus pepak. Gegaman wus mirabti.// prabu dewi sampun angrasuk busana. Cara priya respati. Amakutha retna. Para cethi pawongan. Kawan atus kang umiring. Busana priya. Sami sikep jemparing.// sigra miyos anitih gotha kawaja. Cepurunge walulin. Sang prabu wanodya. Prapteng jawi parentah. Kinen budhalaken baris. Kya patih akbar. Tinuduh munggeng ngarsi.// lawan kinen tanpa cara ing ngayuda. Nambuh ing prang anilip. Yata kyana patya ambudhalaken wadya. Tengara nira tnitir.wallahu alam. Kodhe kang aningali.// asring-asringan lampahing wadya ginelak. Dene sang raja dewi gumrit ratanira. Dadya para punggawa. Lancang-lincangan sami. Samana prapta. Prenah genira baris. // kyana patih laju denya nempuh ing prang. Saleg sagunging baris. kang[ ]ge ing ngarsa. Wadya bala bulkiyah. Tan ana miharsa warti. Sru ka[ ]tha [ ]an. Tinunjang den kakahi. // wadya karsan pareng ngamuk lir regsasa. Surak mawanti-wanti. Anuwek anigas. Towok lembing gudebag. Wadya bulkiyah keh mati. Geger puyengan. Kailes bosah basih.// arya islar kalawan ki ngali jenab. Kagyat ira tan sipi. Angimpuni wadya. Prajurit

seseliran. Sewu samas wong baduwi. Kang samya rikat. Nadhahi ing ngajurit. // gelacutan tengara munya wurahan. Wor pangadhuhing kanin. Surak lir ampuhan. Sigra ki ngali jenab. Anindhihi wong baduwi. Nadhahi ing prang. Gumulung salih ukih.// aprang ruket rok caruk pedhang pinedhang. Ing reh wadya baduwi. Sami kerewaja. Lan parigeli yuda. Dadya kuwat anadhahi. Ki arya islar ngrakit bantu nusuli.// kawuwusa sultan anom ing bulkiyah. Sampun miharsa warti. Yen wadya jro kitha. Mangsah nambuh ing yuda. Kawarta tungguling baris. Prabu wanodya. Putri sultan karsani.// prabu anom sampun angrasuk busana. Duk arsa miyos jurit. Jeng sultan basarah. Prapta sumiweng ngarsa. Kalawan rekyana patih. Wadya basarah. Saleg sakang wus rakit. // gya umatur wahu jeng sultan basarah. Marang prabu taruni. Angger yen sembada. Sampun miyos paduka. ing reh mengsah tanpa krami. Nambuhing ngaprang. Lir pandamel rahywa lit. // gya mangsuli aris sang narendra putra. Lah paman kadi pundi. Yen tan amaguta. Wadya satemah risak. Tanpa raja tyase miris. Mung inggih ta lah. Mengsah lirwa ing jangji. // boten nyana dene wangsulannya surat. Saking sultan karsani. Darbeni panedha. Kendel satengah condra. Wusana kadya puniki. Sultan basarah. Mesem umatur aris.// jeng paduka angger dereng angsal warta. Ingkang maguting jurit. Punika kang putra. Pambayun rajeng karsan. Pawestri ayu linuwih. Ingkang panengran. Aklimar johar mani.// kabaripun sampun jumeneng narendra. sultan karsan gumingsir. Lawan prameswara. Etapa munggeng arga. Ing ngancala rabun sari. Menggah punika. Estu yen gelar wadi. // prabu anom mesem alon aturira. Paman tuwan jarwani. Wadine kang gelar. Mesem sultan basarah. Angger punika watawis. Semuning karsa. Ngaturken raja putri. // nanging inggih lumaku tinuku ing prang. Wus ubanggining putri. Dene jeng paduka. angger sampun kasusra. Prabu anom sura sekti. Maksih jejaka. Lah angger kadi pundi.// punapata boten sedheng tetandhingan. Yata sang raja siwi. Gumujeng miharsa. Yen makatena paman. Suwawi sami manuki. Wadya kang ngaprang. Supados sampun wingwrin. // mangastuti wahu jeng sultan basarah. Gya tedhak prabu kalih. Anitih gothaka. Kyana patih basarah. Kang dhadhani munggeng ngarsi. Para punggawa. Bulkiyah kang ngawingi.// lampah ira sampun rawuh ing payudan. Orek sagunging dasih. Wruh gustine prapta. Seja angantep yuda. Mangkana kang rame jurit. Ki ngali jenab. Pangamukeng ngukih.// lan sutane si ngatina rajang dhadhal. Datan amongga pulih. Dene ngali jenab. Kadya reksa sakrora. Sewu samas wong baduwi. Pangamuk ira. Merem tan wrining lalis.// arya islar sumusul saking ing dhuntat. Gumulung angebyuki. Rusak wadya karsan. Wus keh ingkang palastra. Kang rudira anglebi. Kya patih karsan. Mangsah ngawaki jurit.// nitih kuda pengkuh mager sari atap. Sikep towok lan lembing. Laju campuh ing prang. Rame serang sinerang. Surake mawanti-wanti. Ki ngali jenab. Wruh marang kyana patih.// nyarirani anggung nerekaken wadya. Ngali jenab merpeki. Ciptanira ing tyas. lamun ki patih akbar. Kaprawasa dening mami.pesthi len ing wang. Antuk sihing jeng gusti.// ngali jenab mangsah dharat dupi prapta. Ngarsanira ki patih. Sigra denya jangkah. Ki patih kudanira. Pinedhang sukunya ngarsi. Ki patih akbar. Mungkur tiba kuwalik.//

taksih wonten candhakipun.

0ngka kaping: 46 Kemis kaping. 16. nopember
1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta
Kulawisudhan : 13—11—16—

Awit saking karsa dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan mas sarwenda anak tilaranipun raden atma dikara ingkang nembe ajal kasebut ing bra martani. Kaganjar pangkat dados abdi dalem lurah puna kawan ing lebet karaton. Kapatedha nama tuwin sesebutan mas lurah atma dikara. Wondene pangkat lurah punika sor-soraning pangkat urdenas.

Katandhan yukti.

Panjurung murih teteping pakurmatan

Ing mangke karsa dalem. Gusti kula ingkang sinuhun kangjeng susuhunan saben ing dinten garebeg. Sawancenipun abdi dalem ingkang sami nyowanaken gongsa. Tuwin lelayu. Boten kalilan bibar kedah ngentosi kondur dalem kangjeng gusti pangeran adipati anom. Saking ing dalem paresidhenan. Dhawah sumanten wahu ugi sampun kalampahan. Anjalari tambah suka senengipun kawula dalem ingkang sami ningali. Boten ketang lesu lungkrah badanipun labet anggenipun neningali. Tindak dalem utawi kondur dalem. Jeng gusti sang narendra putra. Tansah adamel gigineman samargi-margi. Sebutipun ing ngakathah. Dene boten kadosa. Jeng gusti ingkang dereng patos yuswa. Angagem-agem cara pangagemanipun praya gung sepuh. Teka jebles boten mawi rikuh. Malah saben garebeg kula waspaosaken teka mindhak-mindhak cahya dalem. Iba benjing manawi sampun diwasa.

Anjawi ingkang kasebut ing nginggil. Cuwanipun manah kula sakedhik. Manawi kangjeng sampeyan dalem miyos ing dalem paresidhenan. Amarengi tahun baru utawi pista raja. Punika kondur dalem pakurmatanipun kados wonten sudanipun. Amargi kula sampun nyipati piyambak. Samongsa sampun radi peteng rontek ingkang sami kabekta mantuk anglur arebut dhucung lampahipun. Kula pitakeni wangsulanipun manawi sampun wanci badhe kondur wangsul dhateng panggenanipun wahu. Wasana sareng kula yaktosaken boten wonten wangsul. Mila kula wastani suda pakurmatanipun. Ewadene kula anyumanggakaken ingkang ngasta paprentahan. Awit punika badhe wiyos dalem tahun baru.

Ing dhukuh langen sastra kaping. 24. Sawal jimawal. Ongka. 1805

Sastra pandaya.

Wonten kabar manawi swargi tuwan mister dhabo. Anyukani yatra sewu rupiyah dhateng wadya kumpeni ing surakarta. Tuwin sewu rupiyah malih. Dhateng pamulangan maintali ing surakarta. Pamulangan wahu ingkang kaleres kapitulungan ageng. Sabab sanadyan katingal sangsaya mindhak. Suprandene taksih kikirangan kathah. Ing mangke sareng tampi dananipun swargi tuwan dhabo. Badhe saged anjangkepi pirantosipun ingkang taksih kikirangan.

Wonten kabar ingkang andhanganaken. Inggih punika. Bilih ing mangke badhe kenging kapasthekaken manawi nagari aywa samargi kreta latu saking surabaya dumuginipun surakarta.

Dene margi wahu badhe ngambah majakreta. Kretasana. Tulung agung. Tuwin kadhiri saurutipun.
Ingkang jumeneng insepektur sampun mangkat saking surabaya. Sedyanipun badhe aniti pariksa sarta mranata. Kathah ingkang mastani ing dalem tigang tahun bok bilih saged rampung.

Surakarta

Suwawratipun jawah dereng patosa deres. Ing lepen karang bawah kapulisen baya wangsul. Wanci jam tiga sonten banjir. Pinuju mas behi marta reja numpak kapal nyabrang ing lepen ngriku. Mawi rencang jaler tiyang sekawan. Penyabrangipun mas behi sawek dumugi tengah lepen leres. Wonten tiyang estri keli saking nginggil. Tiyangipun wanci satengah sepuh. Wetawis mentas saking peken. Dene mawi gendhong senik nanging sampun tanpa isi. Sareng mas behi mirsa yen wonten tiyang estri keli lajeng kapalipun dipun kendelaken malang wonten tengah lepen. Wusana tiyang kang keli wahu ketadhahan kesangsang ing suku kapal. Lajeng rencangipun mas behi dipun ken ngentas. Tiyang wahu kaleresan dereng pejah. Nanging sampun kathah genipun ngumbe toya. Sareng dipun tuntuk saged mutah anjalari dados mulyanipun. Katitik asli tiyang drekil.
Kang makaten pitulung sayogi sanget. Lan saiba suka bingahipun anak putunipun.

Kondhestu.

Kabar griya kabesmen

Nalika dinten slasa dalu. Angrinakaken tanggal kaping. 27. Wanci jam. ½ 4 enjing. Griyanipun nyahi merta lesan ing kampung saragenen. Bawah kabopaten kaparak tengen. Sampun sirna kamongsa ing dahana. Jalaran sangking latu pandamelipun pandung. Mawi ngembet griyanipun ki wira tama. Telas griya cacah wuwung. 3. Iji sami payon atep pager gedheg pitunanipun kirang langkung. 100. Rupiyah pethak. Ingkang anggumunaken inggih boten kadosa. Sang lelethging jagad. Dene sampun ragi wonten jawah kok meksa taksih dugi nandukaken latu. Iba susahipun ingkang sami kabesmen griyanipun.
Nagari surakarta kaping. 27. Sawal jimawal. Ongka. 1805. Katandhan mangun carita.

Lokomotif angabaraken makaten

Serat saking ngayogya dunungipun dhateng redhaksining koran surabaya amratelakaken bab grebeg siyam ing ngayogyakarta. Jalaran saking panjurunging kang kapacak ing lokomotif. Ongka. 257. Suraosipun kados ing ngandhap punika.
Sanadyan kula pyambak sarasa pamanggih kula. Kaliyan tuwan X. X. anjurungaken bilih kangjeng sultan ngayogya akagungan panembung dhumateng kangjeng parentah ageng ing betawi. Murih angenthengna para abdi dalem alit. Suprandene kula kedah anegesaken. Ing ngajeng punapa ingkang dados waton ngantos kangjeng sultan akangungan panembung utawi panedha. Punapa pancen awit amurinani tiyang alit punapa kados pundi. Jawab kula cekak kemawon. Saestunipun boten pisan-pisan. Lah punapa ingkang dados sabab. Punika gampil amangsuli. Sumongga kagalih. Para bupati sakarerehanipun. Saderenge grebegan sampun sami kumpul sowan ing nagari. Mawi mawi caket tebihipun ing panggenan sarta kathah kedhiking ingkang dherekaken. Bakdanipun grebeg teksih kendhek wonten ing nagari sami ujung. Dhateng nglebet. Kapatiyan utawi dhateng sinten ingkang wajib dipun bektani. Punika asring-asring lerep pinten-pinten dinten malih.
Para priyantun alit-alit ingkang sami tumut kajiya[ ] angentosi sasampunipun grebeg sabab kedah amranata amangsulaken barang abrak ingkang saking dhusun. Pangraos para priyantu wahu sarehning sampun wonten ing nagari agrebegan. Awonipun punapa bilih ngantos sami andherek wonten ing ngajengan dalem residhen. Dene bab tedhan punika sakalangkung gampil ngatasi tiyang jawi. Kalih dene malih manawi wonten pasamuwan ageng makaten tiyang wewadeyan boten kirang. Dene para alit wanci jam satunggal utawi jam kalih siang sampun sami wangsul dhateng pondhokipun. Manawi wonten ingkang mastani benter sanget awit saking

sandhanganipun. Punika boten beda kaliyan wonten ing dhusun dene bab wragad punika boten pintena sasad sami ugi. Katimbang kaliyan boten mawi grebegan.
Dangu-dangu anggenipun mastani bilih grebegan wahu. Andadosaken kasusahaning tiyang alit. Namung kinten-kinten kemawon. Dene bilih pancen andadosaken karsaning kangjeng sultan murih anyirnakaken ingkang angwrati tiyang alit. Prayogi ingkang sinuwun angicalaken maleman ing alun-alun. Awit maleman wahu ingkang anjalari kamlarataning priyantun kathah. Sasereping tiyang boten wonten teka maleman wahu dipun gelar ing alun-alun kraton. Sanadyan ing istambul ing mekah ing medinah utawi ing kairo (mesir) inggih boten lampah namung bilih malemaning sang prabu. Punika para punggawa sapanunggilanipun wajib urun wragad utawi ngaturi barang tedhan sanes. Samantena namung samaleman kagunganing sang prabu.
Wonten ngulami asanjang sarta miterangaken bilih ingkang jumeneng khalifah wajib amundhut. Ing sarehning ingkang jumeneng sultan ugi jumeneng khalifah. Mila kuwajiban adamel maleman. Ing mongka sinuhun sultan ing ngerum (stambul) ingkang jumeng lurah ing khalifah utawi sanesipun khalifah. Saemper boten nguningani pranatan wahu. Sumongga kacecekna kaliyan serat damelanipun niman kasimurki utawi kehi sersami pujongga ageng. Lan panunggilanipun. Boten wonten satunggal ingkang anyebutaken. Manawi boten lepat ing surakarta inggih boten wonten maleman ing alun-alun. Dene maleman wahu kaping gangsal. Pra priyantun sami kabageyan. Liyanipun maleman ira pyambak.
Wasana sampun adatipun tiyang sisih wetan. Sami jor-joran sanadyan anjalari kapitunaning tiyang sanes. Dangu-dangu priyantunipun ingkang kapitunan. Para alit sabab dipun andhek langkung kawan ejam saking masthi.
Mila sinten ingkang neges watakipun tiyang jawi. Masthinipun anjurungi putusaning kangjeng parentah ageng. Ngatasing paturaning residhen angungkuli jembar ing pamanggih.

Para tuwan ing bawah blitar kedhiri ingkang sami darbeni pakaryan adagang tembako. Aguyub sarta rujuk angunjukaken serat aturan dhateng kangjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral ing indi nederlan. Ijemanipun amratelakaken bab risaking taneman tembako. Ing salebeting satahun kalih tahun punika. Andadosaken kapitunaning para dagang pinten-pinten leksa. Sarta anjalari dados rugining para alit. Kang mongka ing ngajeng saben tahun taneman tembako wahu. Anuwuhaken kathah esok ing yatra wonten salebeting bawah blitar kadamel numbasi taneman tembako. Wondene serat aturan ingkang konjuk wahu. Suraosipun amrinci saliring nalar ingkang nalar ingkang dadosaken cidraning taneman tembako ing ngandhap punika saking

1. Bab kulungsen pananeming tembako.
2. Bab kirang panggaraping siti
3. Bab pananeming pantun gaga
4. Bab lepat pamendheting bibit
5. Bab katiga landhung

Wondene sanadyan nalar makaten wahu sampun kasumerepan. Suprandene awis ingkang pananemipun nurut ing mongsa. Jalaran saking :
Sapisan : kasep panggaraping sabin ingkang angrumiyini panggaraping siti tegalan tembako.
Kaping kalih : pamendheting siti tegilan dipun gaga utawi kataneman palawija.
Kaping tiganipun. Kirangipun bahu. Bilih pinuju prelu damelipun.
Para alit makaten kedah dipun serep-serepaken murih kawilujenganing kathah. Saderengipun anggarap sabin. Siti tegilan tembako sampun acumawis manawi mongsa labuh. Sarta sampun dipun walujeng ping kalih utawi ping tiga. Dene taneman pantun boten badhe kapitunan awit manawi sawek labuh. Sarupining lepen-lepen dereng patos kathah toyanipun mila boten mikantuki bilih lajenga anggarap sabin sadaya. Ing mongka awit saking pananeming pantun gaga. Para alit kapambengan ananema tembako. Aliya punika kathah-kathah ingkang dipun aturaken. Panuwunipun sanget-sanget. Mugi-mugi kangjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral

ruemntah karsa dalem andhawahaken pangandika. Para alit ing bawah blitar dipun serep-serepna. Murih angewahi panggaraping siti tegalan ingkang badhe kangge ing taneman tembako sami anuruta pitedah ingkang sampun kapratelakaken ing salebeting serat aturan murih sampun ngantos kalajeng amitunani padagang ing tembako. Utawi dhateng tiyang alit.

Surakarta

Kula mireng cariyos makaten. Teka kengetan nalika bok mas waneng saking salebeting kedhaton badhe mantuk wanci jam pitu sonten pinuju petengan. Sareng bok mas waneng medal ing kori panepen lajeng dipun rangkul tiyang jaler. Genipun ngrangkul ngepithing sarwi wicanten makaten. Wong puri kuwi slawase ora mulih-mulih lagi metu saiki. Wis minggata maneh disuwengmu. Lajeng sengkangipun kasebrot kenging kalih pisan. Mongka sengkang pangaos satus rupiyah. Makaten kathah tiyang langkung boten wonten ingkang nulungi. Sabab pratingkahipun kadursilan kados masesa bojonipun piyambak. Sumongga kagalih nalar mekaten punika dursila sangsaya wasisa sanget. Mugi andadosna kaprayitnan.

Pun gumun.

Punika candhakipun cariyos nagari bantam

Sareng perang sabilulah praja ing bantam girang lebur. Para ratu islam ing bantam ingkang ngadegaken ratu ing jakarta. Sami angedhaton ing kitha bantam. Sarta ing lampung. Ing palimbang. Ing salebar. Ing minangkabo. Lan sumantrah. Dene ing soka dana tuwin landhak sampun rumiyin-rumiyin kabawah. Panganggepipun boten kaprentah ing mataram. Mila sami dipun lirik. Dene ingkang jumeneng nata ing bantam punika pratelanipun. Mulana hasanudin ingkang mrenata agama islam jumeneng aji nalika tahun ajisaka. 1402. Ngantos surudipun tiyang bantam sami duhkita. Mila kaparaban prabu saba kingkinan. Ginentosan prabu mulana yusuf sangsaya anyantosani agama. Surudipun nalika tahun. 1484. Kaparaban nama. Pasareyan. Ginentosan ing prabu mulana mukhamad sedeng yuda nalika tahun. 1501. Kaparaban prabu seda ing rana. Sareng palamanipun sultan abdul mafakhi mahmud abdul kadir. Praptanipun bongsa nederlan. Sahurutipun sami jumeneng sultan lajeng ginentosan ing sultan abul mali ahmad ing tahun. 1568. Nunten kagentosan ing sultan abdul fatah jujuluk tirtayasa. Awit ayasa susukan ing tahun.1575. lajeng aseleh kaprabon dhateng ingkang putra anama abdul katsar abdul kahar ing tahun. 1576. Nanging dipun singkiraken dhateng betawi. Awit adamel resah. Saderengipun kasingkiraken sampun minggah khaji dhateng mekah. Dipun gentosi abdul fadal ing tahun. 1613. Lajeng urutipun kang jumeneg sultan. Ing tahun.1615. abu mahasin sainol abdul abidin. Ing tahun. 1661. Abdul fatah mukhamad safasinol arifin. Salajengipun kasingidaken ing ambon. Kagentosan prabu estri sultan ratu sarif ing tahun.1675. lajeng kagentosan ing sultan mukhamad waseyakisme nalika tahun. 1676. Nunten sultan mukhamad arif sainol a[ ]khad ing tahun. 1679. Lajeng dipun lahut dhateng selong. Nunten abdul mafakhi mukhamad aliudin ing tahun.1706. nunten sultan abunatsar mukhamad muhiudin sino calamin ing tahun.1731. nunten sultan abdul fatah mukhamad iskak seinolmustakiming tahun. 1737. Salajengipun kasingkiraken dhateng betawi. Ingkang makili. Pangeran sura menggala. Lajeng dipun gentosi sultan mukhamad bin sultan muhiudin ing tahun. 1739. Dipun jumenengaken angratoni tanah pareden ing marskalek dhandheles. Angedhaton ing pandhe gelang. Lajeng sultan mukhamad safiudin ing tahun. 1745. (saminipun tahun walandi : 1815).

Se. Ep. Pe.

Panuwun

Manawi panjeneganipun sumitra kula mangun carita kapareng lega ing panggalih. Kula nyuwun sih pitulungan mugi karsa animbangi prakawis kula ngandhap punika. Sanget ing pangajeng-ajeng kula.

Ing ngajeng bapa kula anggebal paos siti gadhuhanipun kalih. Jung. Kathaing gebalan 8. Pasokan. Dereng ngantos tumindak petangipun. Siti katedha tuwan dipun paho lajengipun dados prakawis.

Saking gadhuhing karampungan pradata. Bekel kales menang anampeni siti sajung. Sumerep panyauripun arta gebalan punika wahu. Ananging petangipun mindhak dados. 16. Paosan. Awit ingkang sajung saestu kapaosan tuwan.
Sareng sampun kalampahan. 6. Paosan. Bapa kula lajeng nedha pirukun intiran. Bekel kapurih ngladosaken paos ingkang sabahu. Sarta ingkang sabahu kapurih ngladosaken maliyan. Ingkang sakikil kasahuraken. Wondene petanging paosan sakantunipun inggih mindhak dados tikel. Sampun sami trimah kalih-kalihipun. Lajeng kaseksekaken dhateng prapat. Ananging tanpa polisi. Sareng sampun kalampahan. 2. Oyot. Bapa kula tilar donya ingkang nglampahi waris kula. Sareng dumugi angsal. 7. Oyot. Palihanipun siti ingkang sabahu punika boten kaladosaken dhateng kula.
Sarehna ing ngajeng punika sampun dados panrimahipun pyambak. Utawi anggening ngladosaken maliyan sampun kasumerepan ing tiyang kathah. Wah sampun rambah-rambah. Punika kenging kawastanan tiyang nyolon g punapa boten. Sanadyan bekel wahu sampun nyepeng serat pakudhung saking pradata. Ananging sampun kalingan panrimahipun piyambak. Serat pakudhung wahu saged ewah punapa boten.
Kula putunipun ki ngabehi tamenggala. Panewu kaparak kiwa. Ing puspa kusuman kina.

Pun. Jayeng wiryana.

Ing bra martani ongka. 39. Wonten panjurung suka pawarti pun juru tamanan kusuma wicitra. Punapa sacariyosipun kenging katembungaken pamujihna. Sarta gempilaken kadurjananipun. Awit saking kirang sumeleh wardining maya. Tuwin. Prabawa. Wondenten sasebutanipun. (ananging durjana maling miliripun sigeg) lerepipun miliripun mandhap. Sarehning ingkang sami mriksani bra martani wahu para gung sarjana. Dados pamiyagahipun ingkang kasebut nginggil boten susah kaandhar-andhar. Sumongga panimbang panggalihipun para bijaksana.
Kapratandhan ing gieiarja. Kramamarnjan.

XIX. Sanggar pamingitan santah mariyah dholnofah.

Dahat sekung ing tyas sang dyah mahdhalenah. Murih saged gineman kaliyan mitranipun satuhu dyah marietah. Nanging boten kadumugen awit wawalering sanggar pamingitan bilih ariyaya boten angidini. Manawi para dyah kang sampun manjing pasucen akumpulan kaliyan ingkang dereng sinukanan rukuh.
Ing wasana gentha munya anelakakem badhe awit kikidungan para arum saha dyah mahdhalenah. Lenggah ing panggenan ngadat.
Sareng gubah kawingkis sang dyah amulat nandani pun sang pekik ingkang sampun kasumerepan wahu enjing. Saha adamel kewraning galih. Pangarasanipun sang dyah katingal asulak abrit katawis bilih kandhuwan brongta wuyung.
Sakamantyan anggenipun boten badhe ningali malih dhateng sang prawira nom nanging sahantawis angen-angenipun musna. Tan saged mulat boten saged mirengaken amung wandanipun grap marselo ingkang gumawang. Saha margiyuh. Sang dyah anguda swara. // dhasar bagus grap marselo lungit. Pantes dadi lancuring wanudya. Ing tembe nurunken rajeng. Ngukadari ramancur. Tejanira ngusbara wening. Liringira gumebyar. Lir kilat abarung. Jahiting netra angraras. Teka wenes kumbaning grana anglebing. Turut tujuning manah.//
Sareng bibar masjid sang dyah sawek mutu saking anggenipun kendel sarwi angingali para arum sampun sami menyat. Lajeng andherek mantuk sarwi gugup ajujug ing pakebonan karsa angenget-enget lalampahanipun awit pakebonan wahu pinuju sepen.
Ing ngriku dyah mahdhalenah bolong galihipun sabab asring-asring agineman ing panggenan wahu. Kaliyan mitranipun dyah marietah ananging ing sapunika mitranipun pinuju sunya. Dumadya tan wonten ingkang myarsakaken mila kantun mandheg mangu badhe wangsul. Wasana aninglai sekar mawar ing ngajeng anggenipun ananem kala taksih timur. Sang dyah nunten anglocita. O kembang nalikane kowe dak tandur. Ing samono atiku isih tanpa katindhiyan lan tanpa bebeka. Ing saikine kowe wus akembang. Aku karasa panyengkring de erine ing

wardaya. Sang dyah nunten lumaris lenggah ing tangku. Meh tan darbe bayu. Kasaru datengipun mitra dyah marietah. Anerang wes dhi dudukaning sang wreda supi. Angupadosi mitranipun dyah mahdhalenah lajengipun badhe kaengetaken murih enggal manjing ing sanggar pamingitan lajeng dipun turuti.

Dene para arum sampun sami kapanggih anglempak badhe andherekaken sang wreda supi. Dhateng langgar unggyaning dewi kenya nirmala.

Sareng mahdhalenah badhe dhateng ing kamaripun piyambak kapethukan kaliyan jajaripun para dyah ingkang sami lumaris dhateng panggenan ingkang sampun tinudingan dening sang wreda supi. Badhe amanggihi dhateng para arum.

Dyah mahdhalenah lajeng anukupi wadanipun ngumpul kaliyan para wanudya. Rahayunipun sang wreda supi dereng rawuh ing ngriku. Nanging ingkang dados gugup bingungipun duk mulat bilih mitranipun dyah marietah dereng wonten ing ngriku. Mila kamanah boten badhe lepat saking paukuman.

Dyah mahdhalenah angunadika. Yata lah mitraku yen kongsi nemu paukuman. Aku kang dadi daruna. Wus mesthi bae kapatrapan yen marietah ora teka. Sadurunge rawuh sang wreda supi. Atawa kancane dyah beatris.

Ing wasana boten ngantos kalajeng. Sabab dyah marietah sampun katingal saha amaspaosaken dhateng mahdhalenah. Sarwi kejep-kinejepan anedahaken asreping manah. Nunten sami lenggahan.

Nahan guru wanudya rawuh. Sadaya sami ngiringkaken dhateng masjid badhe methuk gananing dewi kenya nirmala. Kabayang kare dhateng langgar.

Sasampunipun makaten. Dyah mahdhalenah nunten manjing ing kamar. Lajeng dhateng pakasutan dangu anggenipun anunuwun mugi kaparingan yuwana. Nunten netranipun merem lajeng guling saengga mules.

Salebeting nendra dyah mahdhalenah kabedruting supena. Kadi aningali satriya pelag werninipun ingkang sampun kasumerepan malah ing salebeting tilem katingal sakalngkung bagusipun ing sanalika pancaksuji musna. Nunten sang pekik amarepeki enggal sarwi konjem ing siti sang dyah kapriyambada ing ngriku mahdhalenah karaseng tyas kapambengan ing janma. Sareng nolih amulat nandani pun kyahi santri ibaldho inggih punika ingkang asring celakan kaliyan sang marselo. Kala wonten ing masjid. Sanalika sang pekik musna. Kagentosan sang wreda supi fiktoriyah. Brak sikano. Sarwi anguntar-untar tingalipun saha angriga patrem pabelan. Wandanipun marietah. Mitraning dyah mahdhalenah. Inggih katingal ing salebeting nendra. Lir ambahu reksa dhateng sang dyah. Ing wasana lajeng sami sirna boten katingal sadaya.

Nunten karaos kadya kapindhah wonten ing kamar ageng. Mawi kabusanan sarwa kresna sadaya. Salebeting kamar wonten bandhusa. Sareng amulat ing kiwa tengen sang dyah anyumerepi bilih piyambakan. Anunten bandhusa kaslingkap lurubipun lajeng kadulu wandanipun marietah. Sang dyah badhe anyelaki kang mitra. Sareng sampun raraketan nembe anyumerepi bilih ingkang karangkul wahu inggih punika satriya pekik sang marselo ingkang katingal salebeting supena.

Taksih wonten candhakipun.

Se. Ep. Pe.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun sultan Ibrahim
Ibnu adam
//oo// Pangkur //oo//

// wahu kyana patih akbar. Dupi arsa pinedhang mring ki ngali. Ki patih malumpat gupuh. Indha sinabet pedhang. Dupi arsa wangsul mager sari gupuh. Angalingi mring ki patya. Sarya gumeder denya ngling.// wong mungsuh ngendi marganya. Dene kongsi medhang mring kyana patih. Konca batur nora weruh. Apa bisa nyiluman. Samya ebat mager sari denya dulu. Mring dhapure ngali jenab. Lan sembada guna sekti.// sumarma tan ana wikan. Mager sari duk ngali jenab prapti. Montra kala momor kabul. Punika kang winatak. Ngali jenab nguni jer maling gegedhug. Ngali

jenab pinarbutan. Kinarubut ing ngajurit.// senapati arya islar. Munggeng kuda ing tingkah ngudaneni. Asor ungguling wadya gung. Arya islar duk mulat. Lamun ngali jenab ing prang. Kinarubut. Arya islar gya parentah. Wadya kinen anulungi.// para suta ngali jenab. Kang wowolu samya kinen nindhihi. Yata agya aprang caruk. Rok ruket leng-ulengan. Ngali jenab samana sampun kapangguh. Lawan kyana patih akbar. Ing tingkah kadya tinandhing. // ki patih angruketnya. Heh heh mungsuh kang cidra ing ngajurit. Angakuwa saparanmu. Dhapurira prayoga. Nanging nguthuh dudu prajurit linuhung. Patut pethut kecu sira. Ngali jenab duyk miharsi.// gumuyu nahuri sabda. Heh apatih bener denira dalih. Ingsun sejatine pethut. Kang ngaran ngali jenab. Ing samangko ingsun dadya punggawa gung. Sedheng tandhing lawan sira. Ki patih mengo ngewani.// ki ngali jenab bramatya ngekal pedhang. Prayitna kyana patih. Duk lumarap pedhangipun. Tinangkis samya pedhang. Patih akbar dhasar prakosa dibyanung. Prang pedhang lan ngali jenab. Tan kasor ikyana patih.// dangu jangkah jinangkah. Aputeran rok ruket silih ukih. Yata nalika wus dangu. Sor titih ngali jenab. Kasaliring sinabet pedhange putung. Ki ngali jenab pinedhang. Keni pundhak ira kering.// kerene rentasna ratas. Terus manjingkulit miwah ing daging. Pedhang katulak bebalung. Ki ngali jenab niba. Kapidhara duk arsa pinindho gupuh. Sutanira ngali jenab. Kakalih tutulung jurit.// ngali johar ngali wijra. Kyana patih ing prang denebut kalih. Ki ngali jenab karebut. Tatu madyaning jaja. Arya islar waspada denira dulu. Sigra denira umangsah. Ngalingi kang samya kanin.// kyana patih asru mojar. Sira sapa warnanira respati. Maksih anom sira iku. Aywa mungsuh ing wang. Ingsun eman lah dulunen kabeh iku. Kang nadhahi yudaning wang. Tan ana mulih basuki.// nahuri sang arya islar. Sira patih akbar baya ta pangling. Nguni ingsun jajar lugur. Duk lumaku dinuta. Wruhanira senapati islar ingsun. Ki patih gumuyu ngucap. Lah sanyata ingsun lali.// heh islar kelamun kena. Sira aywa aprang kelawan mami. Ingsun aseneng jro kalbu. Mulat mring warna nira. Angur silih mundura sun ambil mantu. Sutengsun estri diwasa. Kenya warnayu respati.// lah ambilen ingsun lila. Arya islar mesem denya nahuri. Sawadine gampang besuk. Ing mengko payo aprang. Rehning meksih mungsuh mesthi rebut unggul. Ki patih muncereng mojar. Heh heh wangkot sira iki.// payo islar sakayunta. Arya islar narik pedhang ngayuti. Ki patih prayitna sampun. Sareng angikal pedhang. Samya nginggil turongga denira pagut. Agenti pinedhang. Turongga anganan ngering.// kaliye sami prawira. Ganti tangkis tan ana kang ngeneni. Lir tinanthing yudanipun. Dadya sagunging wadya. Lir sinapih sami kendel andudulu. Tingkahe kang bonda yuda. Sura kya mawanti-wanti.// wetara danguning ngaprang. Kyana patih akbar sepuh ing wanci. Suda kekuwatanipun. Dhasare arya islar. Maksih anom dereng amisik dyah ayu. Meksih wutuh kuwatira. Kyana patih kasalingring.// pinedhang jangganing pagas. Kyana patih akbar sampun ngemasi. Sang arya islar duk emut. Nguni sabdaning patya. Langkung ngungun gegetun tempuh anjetung. Dene bakal maratuwa. Dyan pinupus karseng widi.// sru surak wadya bulkiyah. Angleleter lurahe angunggul jurit. Wadya ing karsan wus larut. Geger ati lung-lungan. Yata sayid kanapi marek umatur. Marang sang prabu wanodya. Yen ki patih akbar lalis.// ngaturan kondur mring kitha. Prabu dewi tan karsa anuruti. Ing ngayuda sedya kiwul. Mangsah gumrit ratanya. Prajurite para putri kawan atus. Anggarebeg kering kanan. Pangirit siti rukanti.// sutane ki patih akbar. Dyah rukanti bramantya tan sipi. Dene ingkang rama lampus. Arya islar marjaya. Dyah rukanti gya nabet turongga mamprung. Prabu dewi langkung marma. Nusuli putri prajurit.// siti rukanti wus prapta. Ngarsanira arya islar ningali. Yen wanodya mungsuhipun. Sampun andugeng driya. Lamun raja dewi kang arsa umagut. Dadya kendel arya islar. Wadya samya den undhangi.// aywa nala waning yuda. Yata wahu kang prapta dyah rukanti. Menthang langkap sarya muwus. Sira kang aran islar. Kang anglunas marang ing sudarmaningsun. Tadhahana panah ing wang. Gya lumepas kang jemparing.// tarampil sang arya islar. Pasang paris jemparing tan ngenani. Pinacar wutah lor kidul. Para putri kang prapta. Sami ngambul arya islar kongsi bingung. Mangkana sang dewi raja. Katingal ratanya prapti.// arya islar gya lumajar. Kudanira sinabet nader pati. Prapta ngarsanya sang prabu. Sultan anom bulkiyah. Arya islar umatur dhuh gusti gupuh. Jeng paduka nadhahana. Krodhane sang raja dewi.// wit kurdha patihnya pejah. Inggih hamba gusti ingkang mejahi. Mangke mangsah ratunipun. Kanthinge lan paduka. yata mesem sultan anom mangsah sampun.

Lawan jeng jeng sulan basarah. Nunggel mungge rata sami.// gumredeg wadya ing wuntat kadya lawusen tan kang umiring. Yata tan antara panggut. Prabu dewi tumingal. Lamun sultan anom bulkiyah kang methuk. Kumepyur meringing driya. Yayah kadya ngusap weni. //oo//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma.

0ngka kaping: 47 Kemis kaping. 23. nopember 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Nalika tanggal kaping. 5. Wulan punika wonten lare alit jaler. Saking dhusun kupangon bawah waru retna. Anama kenang kesah sesarengan adhinipun dhateng lepen badhe mendhet ulam. Saksana kapleset dhawah ing lepen saderengipun sadhereke ingkang alit saged tumulung. Pun kenang sampun kasilep.

Sampun limrah ing tanah pareden asring-asring wonten siti gugur. Lare estri saking dhusun nglaroh bawah wanagiri. Nama landhep panuju tumut biyungipun sedya ngangsu. Sureng ngambah pereng sitinipun malorot. Pun landhep awakipun sapalih penyet.

Limrah saking sembrananing tiyang jawi manawi anggarap sanjata. Nalika tanggal kaping. 7. Wulan punika. Ing dhusun ngamban bawah ngampel anjalari tiwas. Tiyang nama cakra dongsa adamel nayuban milujengi anakipun estri kaimah-imahaken. Panuju wonten upas polisi anama ranu dikrama. Dherek dipun surahi. Ambekta sanjata. Sarwi dipun ungelaken sakedhap-kedhap angormati panganten. Sareng wanci jam sawelas sanjatanipun kaisenan langkung saking taker. Murih antep ungelipun. Nanging cidra sabab sanjatanipun sareng kaungelaken anjeblug ngantos anatoni tiyang.1. Pajaya. 2. Talesan. Kenging sikilipun kiwa. Tujunipun boten mutawatosi.

Ing celak redi slagahima wonten tiyang estri kalih. Bok jasetra. Kaliyang bok onja kasamber ing gelap. Ingkang wekasan lajeng kapisanan dene bok jasetra namung anjalari budhug. Gegeripun sami geseng.

Dereng lami tiyang nami merta setika dhusun prembesari umur. 60. Tahun. Wayah jam sekawan enjing. Kaget awit wonten sabawaning tiyang cerek-cerek. Lajeng medal dhateng jawi ambekta waos. Aningali ing griyanipun demang jaya drana kalebetan durjana. Lajeng dipun lebeti nanging kapaethukaken tiyang. Kasabet mawi pedhang ping kalih. Lajeng dipun penthung ugi kaping kalih. Sasampuning dipun larihi ping kalih dene pun merta setika. Pun durjana nunten malajar. Saemper tatunipun anteb. Kapirit erahing kang gubras ing waos. Wasana tatunipun merta setika. Boten mutawatosi.

Nalika malem salasa tanggal kaping. 21. Wulan punika. Polisi ing surakarta. Sampun anyepengi tiyang. 6. Utawi. 7. Cacahipun. Ing laweyan ingkang sami kadakwa badhe angecu ing panggenan ngriku ugi. Panjing serapipun dereng terang.

Siang tanggal kaping. 21. Wanci jam. 3. Wonten tiyang nayab ing panuluran surakarta. Ing ngajeng rewa-rewa badhe neser ulam ing lepen awisan. Kantun-kantun aningali rasukanipun rantijan parencanganipun tuwan Pe. Lajeng dipun tututi ambyur ing lepen. Nunten mentas malajar kilen ngidul dumugi ing lepen jenes. Inggih misih dipun bujeng dening rantijan kabyantonan

kancanipun. Juru nayab lajeng ambyur ing lepen jenes pun rantijan inggih tumut ambyur ing lepen lajeng gelut nanging juru nayab kasoran dados kacepeng kaladosaken parentah. Rasukan kapanggih ing pager pandhan ri. Tebih saking panggenan.

Surakarta

Ing nalika dinten kemis ingkang kapengker punika. Ing dhusun jetis kapulisen ing klathen. Bawah tuwan kang maosi siti. Be. A. bekel ing jethis wasta merta diwirya. Kacakot ing sawer. Kang labet tungkak kang tengan. Anjalari dados antebipun ing sakit. Pinujunipun kapitulungan. Wonten tiyang sepuh sami ing dhusun jethis ngriku sanjang labeting untu sawer punika dipun ken angicali. Kenceng anggenipun aken wahu. Wiraosipin mekaten kuwe dhing marahi mateni rak upase kang ana tatu kur sethithik. Saking banget ampuh dadi getihe sikil kuwe munggah kabeh. Sareng dipun turut labeting untu dipun cuthiki ing lading gapit ngantos medal erahipun. Lajeng dipun kumbah ing toya kang resik. Punika lajeng saras sayektos. Dene anggenipun nyukili labet wahu pun merta diwirya boten sumerep. Sabab pinuju sumaput kalemper. Ing wusana saras ngantos sapriki. Andadosaken suka bingah utawi dadosa tuladha.

Pun jamin.

Kaum ing dhusun sendhang bawah kapulisen kawis wasta amad ngaripin. Ingkang kasusra cukeng prengkeng lumuh kapitunan yatra kang sadhuwit. Menawi prentah mundhut penaiban sarta mundhut yatra wajib tiyang ningkahan punika dhawahipun antep sarta anged edakaken. Ing samangke amad ngaripin kapitunan. Kaecalan arta selaka tigang dasa anggris. Ingkang kadekek wonten ngusus-usus sruwal kang boten pisah ing sadinten-dinten. Dene merginipun ical menggah yatra wahu. Ki ngaripin pinuju mendhet toya wulu dhateng belik. Saweg dhingkal-dhingkul githokipun dipun penthung ing tiyang. Ki ngaripin wetawis kapidhara. Dene boten sumerep icalipun ing yatra. Tuwin dhateng dursila kang mawa damel. Punika lagis boten kapanggih. Mangkaten tiyang sak dhusun boten wonten kang nyumerepi satunggal-tunggala. Sumerep-sumerep yen kecalan yatra saking sanjangipun ki ngaripin. Kang lumajeng saking belik sarwi medhap-medhap. Suprandosipun inggih dipun lari-lari dhateng pulisi utawi tiyang ngriku. Kilap lajengipun.

Kramaja.

Serat saking Japara katiti mangsa kaping. 16. Wulan punika.
Ingkang kapacak ing lokomotip
Suraosipun makaten

Kadi dene ingkang kula kabaraken nalika wingi. Ing juwana nalika tanggal kaping. 12. Sarta tanggal kaping. 15. Anganggrak apyun peteng kapara ageng-agengan. Nanging juru salingkuhipun boten kacepeng. Ewadene limrah manawi nganggrak kaping seket upaminipun. Namung sapisan juru salingkuhipun tumut kacepeng. Nalar kang makaten wahu pantes dipun uningani. Awit namung ing bawah japara ingkang makaten atrapipun.
Bilih kangjeg parentah ageng ing batawi anggalih mikantuki dipun titipriksa darunanipun. Masthi anuwuhaken pangeram-eram. Sabab lajeng badhe kauningan bilih para lura dhusun meh boten wonten ingkang kalangkungan satunggal sami tumut dados juru salingkuh utawi angrencangi. Wasana kangjeng parentah ageng badhe anguningani. Yen para kapala polisi alit-alit punika inggih sami dados sagolongan anindakaken kumpulan kaliyan juru salingkuh. Mila saged anglulusaken lampah ing apyun peteng. Boten teka dhacinan. Ngantos koyanan. Ingkang kalebetaken bawah juwana. Utawi sami sakajeng angrampas apyun ciptanipun namung sageda dhapet untung besar. Boten teka badhe amambengan salingkuhan ingkang limrah para polisi alit-alit wahu. Namung satengah regi ingkang kaaturaken dhumateng parentah. Satengahipun malih dipun sade pyambak.

Bilih pakter apyun anggadhahi paturan bab kapitunan jalaran saking padamelipun juru salingkuh. Punika ing satemenipun. Ananging sangsaya malih dipun pitunani dening pamadenipun konca polisi wahu. Bilih juru salingkuh pamadenipun mawi bathi kathah. Kadosta upaminipun. Kawade. 6. Utawi. 8. Rupiyah satailipun. Dene konca polisi pamadenipun saregi-reginipun kadosta. 2. Utawi. 3. Rupiyah satailipun malah yen kathah dipun unduri pangaos. Lah punika ingkang boten kenging dipun sisihi. Serepipun pakter boten badhe saged lawan.

Liya saking lurah dhusun utawi konca polisi jawi. Meh sadaya parq cina kagepok ing salingkuhan apyun. Sinten ingkang nedya mingked dipun jiyat tumut awit nedya rukun kaliyan bangsanipun. Malah wonten kongsinipun ageng angrebda ing pundi-pundi. Paitanira sakalangkung kathah. Kumpulipun saking bebathon lebeting apyun nenggel saking bali ageng-agengan. Kathah para tiyang dhusun ingkang dherek kongsen kabageyan pangaos 100. Dumugi 200. Rupiyah.

Samangke tuwan redhaktur kula apitaken bilih sawarnining pangkat tiyang. Sami saeka kajeng. Murih anyingkiri angger-anggeran punapa samangke boten prelu dipun wasuh sadaya. Ing saestu nagari boten lepat wonten ingkang bosok bilih ingkang kuwajiban angreksa sami sakuthon kaliyan sarupining para reged.

Wonten kabar saking surabaya. Bilih made ageng ingkang badhe kangge konggres ingkang kaping tiga ing nagari jawi. Panggarapipun dipun tanggel dening tuwan walker. Katebasaken. 33 ewu rupiyah. Wonten ingkang sanjang bilih made wahu ageng sae sarta santosa. Pangajeng-ajeng ing kathah. Sarehning ingkang nguwasani konggres wahu. Kalilan angrakit lotere I kathahipun 250 ewu rupiyah. Mugo jangkepa anggenipun mirantosi. Sarta animbanga raos punapa ingkang sampun tiningalan ing konggresan surakarta sarta ing ngayogyakarta.

Lokomotif ngabaraken manawi kangjeng up insepektur taneman kopi samangke tedhak ider ing nagari jawi tengahan. Karsanipun aniti pariksa sapisan malih. Punapa panyuwunipun para tuwan amajegi siti wana (erepah) ingkang sampun katur tutumpakan. Kenging kagalih punapa boten. Kaserep-serepaken kaliyan tebih caketing pakopening gupermen. Mila samangke pangajeng-ajengipun ingkang sami anyuwun majegi siti wana. Gesang malih. Kawewahan paniti pariksa wahu awewaton karsaning nagari ingkang kapara amarengi. Sabab nagari sampun amanggih katerangan bilih panumbasing kopi peteng dening para tuwan tansah satunggal kalih. Boten patos-patos anyumelamgi. Kalih dene malih mutawatosi pun yen anumbas kopi sakalangkung ageng. Awit boten ngemungaken ginantungan ukum kunjara sarta dhendha. Malah kawewahan dhadhaling kontrak amajegi. Mila boten wani yen purun anumbasi kopi peteng ageng-agengan. Dene kopi gupermen ingkang boten kaladosaken ing gudhang. Punika limrah dipun wade dening tiyang alit dhateng bongsa cina utawi dhateng para tuwan ingkang darbe pakawisan ingkang wonte tanemanipun kopi sewu kalih ewu uwit. Utawi kopi wahu dipun tampeni dening para mantri gudhang langkung saking timbang. Mila asring-asring turah kathah. Dados terang sanget bilih boten wonten sumelangipun yen ing cecaketaning kebon kopi gupermen wonten tanemanipun kopi presil.

Wonten kabar bilih ingkang sinuwun kangjeng raja nederlan karsa tedhak dhateng paris. Karsa dalem badhe alerap sawatawis dinten.

Wonten kabar saking benggala bilih ing praja madras sarta bombai badhe wonten keceklik tedhan. Ing bombai kemawon sampun nyumelangi. Sabab isining tiyang kirang langkung. 6. Milyun. Yatra ingkang masthi kangge mitulungi langkung saking. 12. Kethi. Bok bilih badhe anjalari angedhagaken karsaning parentah. Badhe pista ing dhelhi. Angormati sang prabu wanodya keserin ing tanah hindi.

Ing semarang kathah panggenan main ing kampung cina dipun lebeti bongsa jawi. Para upas ingkang dipun pacaki den amambengi. Saemper sami tarimah dipun beseli murih merema.

Ajung jaksa semarang mas cakra dipura sampun anggledhah griyanipun cina. Nama otyang gwan gegriya ing kampung layu. Ingkang kepanggih jawining griya. Dhus satunggal isi apyun 3. Tahil. Mugi-mugi para polisi aniti priksaha ingkang temen sabab tongga tepalihipun cina wahu sami sanjang. Bilih pyambakipun boten kalepatan awit suda engetanipun.

Iksamen

Nalika dinten slasa kaping. 7. Wulan punika. Ing pamulangan dhistrik kanigara para siswa dipun priksa kados adat saben. Ing ngriku para murid sami amimintokaken ing kasagedanipun wondene ingkang anjenengi papriksan wahu.

1. kangjeng tuwan presidhenipun kumisi sekolah
2. kangjeng tuwan sekretarisipun
3. raden bei patih tuwin priyantun alit-alit sanesipun

Ing sabibaripun papriksa lajeng amaringaken ganjaran buku awarni-warni. Gambar-gambar. Lading pangaretan bekan alit wadhah bekakas ukur tuwin anggambar. Saha pethen alit wadhah pulas. Ing wasana kangjeng tuwan presidhen amangalembana sanget dhateng para siswa ingkang kacihna ing pangawikanipun sarta aparing libur. 5. Dinten. Ing salebetipun kendel punika kepareng abingah-bingah sasenengipun.

Pista

Ing nalika dinten septu kaping. 11. Wulan punika wanci jam. ½ 5 sonten. Para siswa ing pamulangan dhistrik kanigara katingal mangangge lajeng sami plesir numpak kapal mubeng-mubeng ing salebetipun negari. Angatawisi bilih bilih abingah-bingah. Inggih punika anerusi dhawuhipun kangjeng tuwan presidhenipun kumisi. Ing dalunipun lejeng dipun pistakaken mawi tatingalan ringgit wacucal.

Wondene weragad medal saking kas kayanipun mantri guru piyambak.

Kapitunan

Ing nalika dinten senen wage kaping. 30. Oktober kapengker punika. Ing wanci tabuh. 4. Wonten ing dirgantara. Katingal peteng. Mendhungipun angendhanu. Inggih punika angantawisi bilih badhe jawah deres para tiyang sami abingah. Amargi sampun lami katelaking jawah. Ananging duka cipta. Punapa darunanipun ingkang angicalaken ing pangajeng-ajeng wahu. Awit boten dangu wonten suwanten kumrasek gumledheg inggih punika dhatengipun lesus ambirat mendhung ingkang badhe dhumawah.

Nahenta lampanipun lesus boten tarimah sirna ning mendhung kimawon ananging mawi anyaruwe griya. Barang kirna. Tuwin witing kakajengan.

Pratingkahipun lesus ingkang sawenang-wenang makaten punika para tiyang sami boten dhangan. Amargi damel kapitunan kathah. Wondene ingkang nandhang karisakan ing ngandhap punika pratelanipun.

1. ing dhusun dhempelan cacah wuwung. 40. Sami rebah wonten ingkang kabuncang empyakipun.
2. -- -- sobrah kirang langkung. 9. -- -- -- -- -- --
3. -- -- nglambangan -- guinggung cacah wuwung. 7. 56. -- -- -- -- -- -- -- -- -- -- -- --

ing sanesipun dhusun pundi ingkang katrajang ugi sami karisakan nanging boten sapintena. Wondene karang kirna. Kadosta. Kuweni. Pelem. Jambu. Jeruk. Nongka. Sapanunggilanipun ugi kathah ingkang sami rebah tuwin pagas witipun kados ginraji.

Ing sanalika pulisi ingkang ambawahaken lajeng aniti pariksa menggah kawontenanipun ingkeng kasebut nginggil sarta aneksir kapitunanipun satunggil-tunggilipun tiyang.

Redhaksi tampi panjurung jaka kliling. Dunungipun ing surakarta. Nanging juru set kapara boten kadugi amacak awit seratanipun ruwed. Mila samangke panjurung wahu dipun cubliki sarta karingkesaken. Ingkang sapisan jaka kliling angabaraken bilih radinan ageng ngajengan residhenan kiwa tengening ngajeng wingkinging beteng. Katingal sakalangkung sae. Radina ingkang dhateng kraton terus ing gadhing utawi gemblegan sapangidul inggih dipun alem sae.
Kaping kalihipun angabaraken bilih asring-asring wonten jajaka wuta. Anumpak kapal dhawuk sesanderan. Kamanah punapa boten dipun maha dening ingkang gadhah kapal.
Liya saking punika wonten malih ingkang dipun kojahaken. Kuciwanipun seratan boten patos tetela. Anjalari wegah angungelaken mila owel.
Wasana jaka kliling angarsa-arsa candhaking babading jagad. Punika inggih amurugaken cuwanipun ingkang ngarang sabab candhakipun kaupadosan dereng kapanggih. Ing mongka taksih kathah temen.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun sultan Ibrahim
Ibnu adam
//oo// roning kamal //oo//

// tan kongsi paguting tingal. Jeng sultan ngabdula tahir. Kalawan sang dewi raja. Kaselak kang para putri. Kang samya angampingi. Sadaya mangsah mangayun. Kayungyun munggeng kuda. Angalingi marang gusti. Para putri kawan atus mentheng langkap.// kakalih pangirid ira. Mongka lulurahing putri. Dewi rukanti satunggal. Patih akbar kang sisiwi. Ingkang kinarya sisih. Awasta siti jaejun. Sayit kanapi putra. Sami warna yu respati. Kalih wigyeng pusara molah ken kuda.// kadya karti kasumebar. Wedananya para putri. Samya luwes ing turongga. Saweneh kudane nirig. Ngembat langkep tumitir. Susumbar anguwuh-uwuh. Endi sultan bulkiyah. Tadhahana panah mami. Apa wulet kulite prabu taruna.// weneh kudane mandhapan. Gandhewaning ngasta kering. Pinuter kadya likasan. Nak sanak sang prabu dewi. Wasta dewi wasikin. Beranyag gandesing tembung. Susumbar metonana. Ratu de negara bulki. Dene liwat kumasura amisesa.// apa tan akulak warta. Lamun nagara karsani. Keh para putri prawira. Payo papagen mami. Swaranira cumengkling. Kapiharsa mring wadya gung. Pagugen kang tumingal. Melongo akethip-kethip. Samya kendel prajurit tan ana lawan.// pijer sengsem denya mulat. Solahnya kang para putri. Karya supe ing pakaryan. Dene lir lintang sisiring. Gumrah busana rukmi. Papending kenya cana luru. Totopong tameng muka. Bebadhong kencana wilis. Ngiras kere ling-aling ing payudara.// dewi rukanti susumbar. Endi silih kang prajurit. Kang anglalis mring jeng rama. Dene nora ana mijil. Metuwa payo jurit. Ingsun arsa males ukum. Yen sira kasor mring wang. Pesthi sira sun jujuwing. Dyah rukanti susumbare kapangarsa.// maripit barising mengsah. Turangganira anirig. Wedananya gebyar-gebyar. Kapiharsa ing narpati. Sultan ngabdulah tahir. Pangandika nira asru. Heh paman arya islar. Paguten wadon kumini. Lamun kasor tawanen luwih prayoga.// lawan kang para sentana. Sira irida nadhahi. Yudane para wanita. Lilanana milih tandhing. Payo angsahna nuli. Sakeh kadang-kadang ingsun. Saksana ing ngundhangan. Para sentana mangarsi. Rebut dhuwung gambira tingkahing yuda.// kang saweneh anan ngucap. Sarya gumuyu denya ngling. Puluh-puluh kudu kalah. Wong tandhing prang lawan estri. Dhasare wong trayoli. Yen nora kuthuk nyethuthuk. Sandhinge anan ngucap. Aja ngina sira iki. Mokal iku para putri tan prawira.// yen tan sekti mondra guna. Mongsa winetokna jurit. Kang liningan sahurira. Nadyan mangkono ayekti. Wong kalah lan pawestri. Satemene iku cubluk. Nora weruh marang ngadat. Lelagehaning pawestri. Nora susah linawan ing ngaprang kasar.// suka-suka kang pocapan. Dhasare kadya tinandhing. Para santana bulkiyah. Keh jejaka pekik pekik. Pinaring busanadi. Saking karsane sang prabu. Miwah pinaring kuda. Mangkana sang senapati. Arya islar sigra umangsah mangarsa.// wus panggih ayun-ayunan. Kalawan dewi rukanti. Angendelaken turongga. Arya islar aningali. Mring warnane sang dewi. Anjetung semu pulangun. Laminya arya islar. Atebih marang pawestri. Ing samangkya lir tenggengen witna kasmaran.// mangkana sang lir juwita. Wrin mungsuh pijer ningali. Kuda pinuter anganan. Sarya ngagagi jemparing. Arya islar kasilip. Eca

denya lengur-lengur. Dewi rukanti nabda. Heh islar payo ajurit. Panggeneya sira datan arsa lawan.// nguni duk lalis jeng rama. Sira sun pagut ngoncati. Ing mengko sira umangsah. Teka nora anglawani. Arya islar miharsi. Aseret denira muwus. Lah paran tingkahing wang. Aprang kalawan pawestri. Lawan sira wong ayu lagi duduka. // lamun ingsun nimbangan. Ngombra-ombra tanpa uwis. Abecik meneng kewala. Yata sang retna miharsi. Kakenan asmu tis-tis. Nanging sinamur lir rengu. Wahu para santana. Kathah kang sami miharsi. Samya suka sang lurah dadya tuladha.// agya kang para santana. Lumiring mimilih tandhing. Para putri wus prayitna. Nyana pinaguting jurit. Wuwusen prabu dewi. Kang munggeng rata cepurung. Waskitha tingkahira. Kang arsa arebut jodhi. Raja dewi sigra denira anduta.// kinen nyapih kang arsa prang. Angundurna para putri. Retna jetun ngetab kuda. Kumilat saingga thathit. prapteng rana kaeksi. Gebyar-gebyar lir andaru. Wedana pindha wulan. Cingak kang sami ningali. Kang jinujug dyah rukanti lawan islar.// retna jaetun manabda. Kakang bok dewi rukanti. Jeng paduka timbalbalan mring gusti sang prabu dewi. Lan kinen angundhangi. Tan kalilan aprang pupuh. Para putri undurna. Kagyat sang dewi rukanti. Angkung ngungun cuwa nanging jrih ing karsa.// angingeraken turongga. Gya ngundhangi para putri. Arya islar duka uninga. Trangginas sigra ngundhangi. Kinen manuting jurit. Aywana ingkang amburu. Nanging para santana. Samya gelane tan sipi. Dene lagya sawang sinawang kewala.// wusnya sapih kang ngayuda. Saksana sang prabu dewi. Mangsah gumrit ratanira. Angegla munggeng ing ngarsi. Sadaya para putri. Anggarebeg munggeng pungkur. Saksana katupiksa. Jeng sultan ngabdulah tahir. Lon umatur marang jeng sultan basarah.// paman prabu kadya paran. Tingkahnya kang mangun jurit. Dene lir rare dodolan. Murang krama mejanani. Sultan kabsah miharsi. Gumujeng sarya umatur. Dhuh angger sampun duka. Suwawi mangsah mangarsi. Anadhahi runtike sang dewi raja.// paduka waspaosena. Gelare sang raja putri. Tan arsa angaben wadya. Akedah tandhing pribadi. Wikan lajenge mangkin. Suwawi sami tinurut. Sigra sang raja putra. Ratanya mangsah mangarsi. Dupi pagut wus parek samining rata.// saksana sang dewi raja. Tetedha nging rata manik. Binuka kang munggeng ngarsa. Katingal sang raja dewi. Sultan ngabdulah tahir. Duk tumingal langkung ngungun. Kendel tan angandika. Gya tutumurun raja dewi. Mendhak nembah munggeng kajoganing rata.// lawan ambuka kawaca. Katon wandaning sang putri. Sawusira wangsul sigra. Rata pinuter tumuli. Kundur sang raja dewi. Kinen tengara gumuruh. Gumredeg manjing kitha. Yata senapati kalih. Nawir ketip darisalam lir andurma.//oo//

0ngka kaping: 48 Kemis kaping. 30. nopember 1876

Bra Martani

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Ing dinten benjing enjing jumuwah sonten badhe wonten kumidhi malih. Kaping sekawanipun. Dene ingkang sami main. Para tuwan utawi dyah ingkang pancen sami wasis wasis. Sarehning sampun tetela bilih angremenaken mila kaajeng-ajeng yen badhe kathah ingkang sami rawuh aningali kumidhi wahu. Kapesthekaken manawi boten anyuwani. Ingkang punika andadosna kauninganipun para agung-agung jawi.

Ing surakarta sawatawis dinten punika. Ketingal wewah rame. Awit wonten tamu para ageng jawi tedhaking daniswara saking ngayogya. Karsa ameng-ameng ing surakarta. Malah pakabaran badhe terus dhateng semarang. Dene ingkang kula serepi tamu wahu. 1. Kangjeng pangeran arya mngku bumi.2. kangjeng pangeran arya buminata. 3. Raden tumenggung sasra nagara sagarwanipun kangjeng ratu angger. 4. Raden tumenggung danuningrat sagarwanipun kangjeng ratu ayu. Para luhur wahu sami amakuwon ing jaya sarosan mangkunagaran. Sakelangkung sangkep anggenipun anyugatani sarta anyagotrah kangjeng pangeran arya mangkunagara. Dipun aturi mariksani sakathahing lelangening bawah mangkunagaran. Pabrik gendhis ing tasik madu. Inggih boten kelangkungan dipun pariksani dening para tamu.
Ingkang sinuhun kangjeng susuhunan inggih karsa amaringi bibingahan dhateng para luhur wahu. Ngantos dipun timbali sowan ing kagungan dalem tepas wangunan ing langen arja utawi ing parang jara. Sakalangkung anjalari dados suka pirenaning panggalih dalem.

Sampun kayektosan bilih ing pundi nagari. Ingkang pepak marginipun sarta pepak pirantosipun kadamel bekta barang dagangan sapanunggilanipun. Nagari wahu lajeng ketingal rame sarta kathah tiyangipun saking monca.

Sadangunipun wonten margi sepur saking semarang dumugi ing tanah kratonan wangsal-wangsul punika sampun mratandhani atur kula ngajeng wahu. Sumongga kayektenana ing nagari surakarta akaliyan nagari ngayogyakarta. Ramenipun ing panggenan tuwin kathahing tiyang. Beda kaliyan nalika dereng wonten margi sepur.
Liyaning para dagang ingkang dhateng wangsal-wangsul. Para monca inggih sakalangkung kathah ingkang sami gegriya ing surakarta. Tuwin ing ngayogyakarta. Samanten ingkang katingal mawredi boten wonten ingkang anyameni bongsa cina ing pundi-pundi tiningalan kathah ingkang sami ywasa griya. Ingkang kula sipati temen ing bawah nagari surakarta. Sumongga kang damel wiwitan amariksanana ing kampung cayudan utawi ing kiwa tengenipun ngriku. Samangke kathah para cina ingkang sami ngadegaken griya tembok tutup gendheng utawi sirap. Dipun prenahaken ing pinggir margi ageng murih gampil anggenipun gramen. Dene papan ingkang dipunancebi griya wahu sami gegadhuhanipun abdi dalem. Para cina sami tepang rembag kaliyan para priyantun wahu sarta mawi sarat pratondha pikekah. Dene serat pikekah wahu dipun pemuti utawi botenipun dening nagari kula boten terang. Saemper wonten ingkang kapemutan wonten

ingkang boten. Awit kula amriksani pyambak dereng lami wonten ingkang udur bab pakarangan. Bongsa cina akaliyan bongsa jawi. Awit serat pikekahipun sepen. Pun cina namung alelandhesan seksi ingkang anyumerepi. Nalika angadegaken griya. Manawi boten lepat sapriki udur wahu dereng kapancasan.
Pamatawis kula boten ngantos lami. Ing kampung cayudan kenging dipun elih namanipun dipun namanana kampung cina ywasan anyar. Awit griyanipun bongsa jawi badhe kasilep.

Tiyang nami cindhil kaliyan rebo. Saking dhusun bonagung. Wayah sonten badhe ngantukaken maesanipun saking pangenanipun sarehning badhe jawah. Nanging ing margi tiwas kasamber ing gelap kapisanan. Awakipun sakaliyan sisih tengen sami geseng. Kulitipun kados dipun cocohi ing ngedom.
Ira drana ing bayalali sampun sawatawis dinten wayah dalu. Panuju rondha aningali tiyang estri dipun begal. Tujunipun saged amitulungi. Ananging boten amutawatosi tatunipun.

Nalika tanggal kaping. 18. Wulan punika. Bok jatirta ing dhusun mlandhang bawah jatinem panuju ngliwed griyanipun karebahan uwit dherekan ingkang dhungkar awit angin ageng. Bok jatirta endhasipun penyet.

Ing dhusun biting. Wonten tiyang nama krama niti. Kadangon anggenipun wonten ing panas. Kraos puyeng endhasipun. Anjalari kawan dinten malih pejah. Punika ingkang dipun wastani cara welandi. Sonesik.

Ing bawah wonagiri taksih kathah sima. Ing wana redi jeram bawah jati rana. Tiyang amanggih balungan sarta sandhanganipun karta dongsa ing dhusun jaha. Ingkang ical boten kantenan samangke terang yen dipun tedha ing sima. Liya saking puniak tiyang jawi nami karya dikrama saking dhusun geneng bawah purwantara. Wanci enjing jam sadasa. Dipun tubruk ing sima ing wana pokok. Ananging rahajeng sabab sima lajeng dipun suduk ing pangot wetengipun lajeng anggero milar. Karya dikrama kacakar tatu sadasa. Ingkang satunggal kapara anteb nanging boten anyumelangi.

Karti lesana saking dhusun gondhang wana giri. Kerengan kaliyan mantunipun anam setra wikrama. Ngantos dipun unusaken dhuwung dening mantu wahu. Malah sampun katandukaken nanging mleset kenging balung iga. Mila namung tatu kedhik. Ki mantu anginten bilih ki maratuwa pejah. Lajeng miruda dalah samangke dereng mantuk.

Ing kampung saragenen nalika tanggal kaping. 15. Wanci jam tiga enjing wonten griya kabesmen. Gadhahanipun nyahi talesana ingkang dados awu. Kamurwat pangaos. 16. Rupiyah.

Ngayogyakarta

Nalika dalu tanggal kaping. 15. Angrintenanken tanggal kaping. 16. Wulan punika. Ing ngayogya amireng tiyang nabuh kendhangan tengeripun manawi wonten griya kabesmen.
Lokomotip ongka. 276. Angabaraken kathah-kathah. Ingkang prelu enggal kauningan ing ngakathah. Ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.
Wonten lurah dhusun salebeting paresidhenan bawah gupermenan. Kapara sugih. Punika ingkang mungokaken kumeceripun lurah dhistrik. Mila lurah dhusun wahu kedah adedana. Murih sampun ngantos dipun pakewed dening lurahipun. Sarta sampun ngantos kalampahan dipun undur saking kabekelanipun. Mila tutumpukan pamundhutipun lurah dhistrik menawi badhe mujadahi dipun agagi. Dangu-dangu kawon. Lurah dhusun wahu kalampahan dipun pocot saking padamelanipun sasampunipun esok barang darbekipun. Lajeng kagentosan dening tiyang sanes sabab kathah ingkang sami kepengin dados lurah dhusun mawi angaturi bebektan.

Sasampunipun kagentosan lurah dhistrik betah malih. Sabab badhe pista dipun waradinaken dhateng kererehanipun para lurah dhusun. Dados para lurah dhusun sami ambyantoni sarta kawogan damel. Gongsa utawi ringgit taledhek sami katimbalan. Ingkang beksa sami urunan yatra. Lurah dhusun kedhik-kedhikipun misungsungi. 1. Rupiyah ing mongka cacahipun lurah dhusun. 80. Iji. Saha kathah ingkang sami kepengin amengkoni dhusun mila dagangan kang makaten wahu. Sekeca sanget. Kamayaranipun wewah malih. Sabab tedhanipun inggih boten kathah wragadipun awit lurah dhistrik memet sanget angupadosi tarekah. Kadosta dereng lami wonten lurah dhusun atumbas lembu. Badhe dipun pragat manawi inggil-inggilanipun dhateng. Andherekaken idher jeng tuwan residhen. Wasana anggenipun idher jeng residhen boten siyos. Lurah dhusun wahu nadyan sobat kaliyan lurah dhistrikipun. Rumaos sumelang. Dados lembu cawisan wahu dipun titipaken panggenanipun kancanira bekel. Kalih dinten malih lembu wahu santun panggenan manggen ing kawedanan.
Manawi tata tentremipun ing nagari jawi. Ing mongka lampahan wahu. Ewon kang madha rupi.

Lokomotip ngandhapaken mekaten. Bongsa cemeng anama trogwami gagriya gagriya ing gubuk ing ngajeng dherek ingkang dados kwasanipun pakter apyun. Tiyang wahu amratelakaken bilih nalika tahun. 1873. Pyambakipun dherek amanggih apyun peteng kathahipun. 116. Kati warni candu. Dipun bagehi yatra. 12. Rupiyah dening wadana dhistrik. Kang mongka yatra persen sapanunggilanipun. 600. Rupiyah ingkang katampen dening wadana wahu. Dereng lami bongsa cemeng wahu sawek anampeni yatra. 10. Malih. Bageyanipun anggenira nyiwer apyun 16 kati. Nalika tahun. 1874.
Dalasan sapriki kula boten nyumerepi pranatan. Bilih persenipun amanggihaken apyun peteng wahu. Dipun borongaken pambagenipun dhateng lurah dhistrik. Manawi punika dados adat kalimrahan. Prayogi dipun ewahana.
Semarang. Ing dinten punika senen wonten lalampahan kadurjanan gangsal dinten. Ingkang satunggal khaji sawek mantuk saking mekah badhe wangsul dhateng pagriyanipun ing pekalongan. Sareng dumugi caketipun kampung jurjanatan adus ing lepen sandhanganipun sarta yatra. 30. Rupiyah dipun balurut ing tiyang. Mung serban kaliyan bebet satunggil ingkang dipun engehaken. Khaji lajeng sowan ing kantor polisi nanging sampun kasep sabab sampun wayah jam sekawan.

Saking ngacih. Jendral dhimong. Bidhal saking betawi dhateng aceh numpak bahita latu gupernur jendral lodhen kapitan dhearet. Mentas ing edi badhe aniti pariksa kawontenanipun ing ngriku. Saking edi lajeng dhateng lepen arakundha. Ing ngriku sampun dipun kawiti anata baris. Dening komendhanipun bahita latu marapi anama pander ledhe. Saha karerehanipun badhe anggepuk simpang ulim sasampunipun icara sakaliyan lajeng mudhik mawi barkas anyaketi pabarisan wangsulipun wayah jam. 8. Sonten.

Enjingipun kontrolur katseopen tuwi dhateng plabuhan sasarengan kaliyan raja pasai. Anama akasang. Raja wahu iloning gupermen dipun paringi sanjata ahterlapres satus iji. Sarta patrun 20 ewu. Anggenipun sami rerembagan kontrolur kaliyan raja wahu sarta jendral tuwin komendhaning bahita latu. Langkung tigang jam.
Sareng bahita gupernur jendral lodhon labuh jangkar ing praja uleleh. Sarta para tiyang andulu kangjeng tuwan jendral dhimong. Ingkang badhe anggentosi kangjeng tuwan jendral wigres pan kerkem. Punika anuwuhaken gumun. Pakabaran kangjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral sampun amaringi pangandika dhumateng kangjeng tuwan jendral wigres bilih boten saged anerjoni pratikelipun ngatas prakawis ing ngaceh mila jendral wigres lajeng pasrah sarira.
Sareng ing dinten senen tanggal kaping. 6. Nopember jendral wigres amasrahaken panguwasa dhateng jendral dhimong. Tuwin jendral wigres sekalangkung dipun pratandhani rumaketing para karerehanira para antenar sarta para upsir sadaya. Dalu wekasan saderengipun mangkat jendral

wigres dipun aturi tondha kormat dening para karereyan mawi sekar latu sarta musik pangiridipun lurah ing setaf lalampahan makaten wahu dereng wonten ingkang nyameni.
Enjingipun jendral wigres bidhalan kadherekaken para upsir. Tedhak dhateng bahita latu.
Saksana jendral dhimong lajeng andikakaken ngintuni wadya bala kumpeni numpak bahita raja dhateng praja edi. Murih ambyantoni prajurit lautan. Sarta komendhan ing edi ugi kadhawahan kinen anyukani saradhadhu sakumpeni. Kapurih majeng dhateng lepen arkudha. Saemper manawi dipun kathahi makaten kapesthekaken manawi sima ulim enggal teluk. Sakalangkung kepenginipun para militer amyarsakaken kabar saking para kancanipun parangi edi.
Wasana kula angabari dhumateng ingkang kintun serat bilih bahita latu gupernur jendral lodhon sawangsulipun kampir ing lepen arkudha malih. Sarta amirengaken kabar. Manawi raja ing pasai sasarengan kaliyan barisanipun pyambak sampun saged anungkulaken praja lanson dalasan betengipun. 6. Iji. Prajurit lautan angintunaken wangsul para ingkang tatu wolu kathahipun sami tatu mimis lela.

Bab pandung

Ing waktu mangke para dursila pandung. Sangsaya katingal anggenipun kadunungan ambeg sawenang wenang. Katondha ing kampung kaparak tengen wonten rondha miskin. Pangaotanipun nyerat sinjang. Sawek sreming-sreming nalika malem tanggal sapisan katamuwan sarana biyak gedheg. Sareng kesah mawi bekta iket maksih dados bathikan. 11. Suwek kabekta sadaya. Katepsir pangaos. 18. Rupiyah. Sang rondha ing mangke kantun gereng-gereng. Awit telas paitanipun.
Sareng dalonipun malih. Raden mas purwa pandaya. Ingkang mentas tetep dados jajar nirbaya. Ugi katuwenan. Sang leletheking jagad sarana babah. Iringan kering. Kenging kalung pangangge lare dhapur bejan mawi sel inten regi. 130. Rupiyah. Pedhang bengkok pangangge upsir. Kering belin. Rongka wacucal. Tuwin barang suwek warni-warni. Sadaya katepsir. 156. Rupiyah.
Antawis. 4. Dinten punika. Lantera gantung ing purwadiningratan. Ugi ical kapendhet pandung. Sadaya wahu sapriki dereng wonten pikantuk lacak. Mila sangking panuwun kula prayantun polisi karsaha tiwikrama. Awit bawahipun dipun cecamah dhateng satruning praja. Yen ta boten tumunten pikantuk lelabet. Bok manawi ing wingking sansaya ngrebda. Saestu yen badhe kalingseman. Kula sumongga prayantun pulisi. Kagaliya kojah kula punika. Katandhan pun. Sarwe kalangan.

Prabu pinilih akaliyan prabu arta daya
Punika anyariyosaken lalampahanipun pangeran timur
Sarta lare jaler bongsa jahudi.
Sakalangkung amaedahi kapiyarsa

Pangeran. Lah saiki wus rampung kabeh iya apa ora. Sarta aku nuli mulih ing kedhaton arep madhang.
Guru emban. O dereng pangeran ing sapunika paduka dereng saged kondur. Sabab dereng saged waradin anggen paduka angudaneni sawarnining barang kang anggawokaken salebeting srang poret (dhitslan) ing sarehning sasampuning dhahar karsa paduka badhe anglajengaken lampah. Mila rembag kula prayogi dipun lajengaken anguningani saderengipun dhahar.
Pang. Lah apa ta kang penet dipariksani maneh. Ing mongka bapa emban sariramu dak kandhani. Apa kang wus dak pariksani. Patut-patute mung satengah kang dak elingi. Sabab kokehen kang bakal dak aturaken jeng ibu. Masthi yen nuwuhake dukane. Yen aku ora bisa mratelakake. Apa kang wus kowe duduhake.
Guru emban. Bab makaten wahu sangsaya andadosaken prelu. Amulasara utawi anggugulang engetan paduka. makaten wangsulanipun baron pon damtih. Ing mongka tandukipun kapara anyujanani. Heh gusti engetan landhep makaten kalebet ambudi prayogi. Ngatasing ratu. Sarehning ing pawingkingipun paduka badhe jinodho anyakrawati ambahu dhegdha. Mila prelu

paduka anamakaken murih anggugulang engetan dalem ratu makaten boten wenang kasupen. Ageng alit kedah katiti pariksa. Sarta angopenana.
Panglong apa bener mengkono bapa emban. Sang raja siwi sarwi anglirik dhateng gurunipun asemu ambebeda. Netyanira jinis gedhah mrekakeni. Lajeng ngandika. Lo iku kepriye surupe. Durung lawas kowe amumulang yen ratu mengkono kudu-kudu omber pamengkune. Yen ana kawulane kang anyaru krama nglarakake ati. Tegese aja kongsi di openi. Kudu ambeg santa. Sarta ora kena amales ukum. Malah ansabana salire barang kang wus digepokake ing sarirane ratu mahu.
Guru emban. Kapara bingah nanging kaweken miyarsa pangandikaning pangeran timur. Dhuh gusti. Kula boten pisan-pisan matur murih anyupekna nalar kang sampun anggepok dhateng sarira ning ratu. Ingkang kula aturaken kula purih ngagem budi apura. Wasana ing mangke kula wang-wang. Paduka pancen kadunungan manah landhep saha boten supenan mila kula samangke boten sumelang malih yen paduka badhe kengetan sadaya. Punapa kawontenanipun ing praja srang poret sarta amasthekaken mutabaring tindak dalem punika.
Pang. Lah iyata bapa emban sawise mangkono. Aku iki arep kowe ubengake ing ngendi maneh. Dene teka ratan iki banget ciyut sarta kotore. Mara ta siptana. Kae ana pancak suji wesi diselehake ing tengah tengah. Sisih kana iku iya banget kisdhane. Walah ata bapa emban aku iki prenahe ana ing ngendi. Lan apa bae kang bakal pantes diudaneni ana ing panggonan reged mengkono.

Taksih wonten candhakipun.

Ing surakarta wonten bongsa cina satunggal anama sa ta ha. Andarbeni kasagedan pigunan ingkang sakalangkung maedahi ngatasing taberen. Andadosaken gumuning kathah. Bok manawi kamemetan wahu dereng patos kawentar. Saking andhap asoring pambudi.
Kula sampun anyipati pyambak yasanipun sa ta ha. Rante erloji ingkang dipun damel cucuking peksi ingkang jinis atos warninipun kados gadhing. Kinarawestha ing rukmi. Tiyang ingkang dereng aneges kawastanan yasaning nagari eropah. Sapinten seneng ing panggalih. Manawi tiyang andarbeni kamemetan kang makaten. Pun sa ta ha. Wahu sasat angecaki saliring padamelan dhateng pandhe. Kemasan undhagi. Sarta dhateng bongsa jam ingkang saged malampah pyambak (mekanik) inggih boten kaweken. Wondene yasaning rante. Sa ta ha. Saking endahipun dumados mayor cina ing semarang. Tan liya ingkang dipun angge. Namung rante dadamelanipun sa ta ha.

Panjurungipun dah pen open saking surakarta. Suraosipun bab tiyang madati boten kenging kapacak. Ingkang sapisan boten badhe amaedahi malah mindhak amijeni kerengan. Kaping kalih seratanipun kirang cetha. Kathah ingkang kalintu. Terang bilih seratanipun rare gisahu.

Se Ep Pe.

Punika candhakipun cariyos nawawi
Lalampahanipun sulta Ibrahim
Ibnu adam
//oo// Durma //oo//

// senapati nawir ketip darisalam. Sigra denya ngundhangi. Kang para punggawa. Kinen kendel sedaya. Ngumpulna sagung prajurit baris prayitna. Bok mungsuh anututi.// yata beluk wadya kang ngrengkep gegaman. Ngajengken mungsuh sami. Dhedheg tan lumampah. Angling ki darisalam. Kaya para nawir ketip. Ingsun lan sira. Becike laku iki.// nawir ketip nahuri yen karsaning wang. Payo padha nglabeti. Bedhahing negara. Ingsun kalawan sira. Wong roro den tekeng lalis. Uwis sedhengan. Sirna bareng lan nagri.// nguni ingsun lan sira matur mring nata. banget anggegendholi. Mengko katemahan. Nagri tan wurung bedhah. Patih akbar wus ngemasi. Ki darisalam. Suka lan nembadana.// gya angrakit gelar redi rada meta. Kang arbangupiatin. Bakuh glar santosa. Lajer pinara sapta. Dene senapati kakalih. Munggeng ing ngarsa. Supit

gadhing ngesthi.// ingkang munggeng telale sayid badingah sentananing narpati. Agagah prakosa. Kang munggeng sukuliman. Sakawan para bupati. Keriganira.wadya lit winitawis.// kawan leksa kadya setu bandat buta. Anggantheng ning jeladri. Wadya ing bulkiyah. Kadya samodra bena. Nguni mung wadya sakethi. Mangkya wewahnya. Tikel lir kalih kethi.// sumarmanya nawir ketip darisalam. Sami anyipta pati. Lah margane apa. Kalamun basukiya. Tan layak tikeling tandhing. Yata winerna sang islar senapati. // duk uninga yen mungsuh anata gelar. Sedya magut ing jurit. Agya arya islar. Nimbangi rakit gelar. Tatunggon sab ngupiatin. Amara sanga. Panthane kang wadya lit.// senapati arya islar menggeng dhadha. Kanthi wadya baduwi. Ingkang sewu samas. Panjawat kering kanan. Lelajer sekawan sisih. Suta ki jenab. Kang kinarya titindhih.// ngali jenab ngali johar ngali wijra. Sinengker meksih kanin. Kang makili karya. Wuragil ngali asra. Kasusra onjo pribadi. Prawiranira. Mwang dhapure respati.// ingkang para santana wus ing ngaturan. Garebeg ing narpati. Lan wadya basarah. Sedaya munggeng wuntat. Kang munggeng ngarsa sakethi. Wadya bulkiyah. Arya islar pangirit.// sawusira sigra kinen atengara. Sang islar senapati. Angabani wadya. Kinen sareng umangsah.gumulung wadya sakethi. Kadya ruhara. Lir kang ernawa banjir.// wadya karsan galigap karoban lawan. Tyas ira minggrang-minggring. Dupi tinarajang. Panggah amung sakedhap. Angelun kang munggeng ngarsi. Sinurung dhadhal. Dening wadya baduwi.// nawir ketip darisalam langkung krodha. Wadyane mager sari. Binekta mangarsa. Ambek matya palan. Sareng ngamuk anadhahi gumulung rampak. Ngangsahken pedhang tampi.
// wadya bala kang lumayu duk uninga. Titindhih ambek pati. Gya wangsul sadaya. Rame kang bonda yuda. Darisalam nawir ketib. Sayid badingah. Pangamuke mangukih. // kadya bantheng katawan krep amarwasa. Angganing para mantri. Surak lir ampuhan. Wor sambating kabranan. Papati wus tan pawilis. Yata winarna. Wajir sayit kanapi.// wus tatela saking aturing cundaka. Yen senapati kalih. Tri sayid badingah. Kawalma ambek pejah. Agya sang sayid kanapi. Nanderken kuda. Marek mring raja dewi.// ngaturaken nawir ketib darisalam. Denya methuking jurit. Sang prabu wanodya. Gupuh denya ngandika. Heh eyang sayid kanapi. Paduka enggal. Ngundurna kang ajurit.// lan paduka maspaosna dhateng mengsah. Yen tan sedya mateni. Sampun linawanan. Dimen kindhil kewala. Yata sang sayid kanapi. Nabet turongga. Manjing kang rame jurit.// nawir ketib darisalam dhinawuhan. Ing karsa raja dewi. Kinen mundur ing prang. Yata dupi miharsa. Sidhakep jalma kekalih. Ngunguning driya. Dene tan siyos lalis.// sigra arya badingah aken tengara. Ngundurken ing ngajurit. Tengara wurahan. Sapih kang bonda yuda. Arya islar animbangi. Lawan parentah. Wadya kinen tut wuri.// aywa ana kang sumedya salah karya. Ing reh lir iring ngiring. Lumirig lampahnya. Sampun atur uninga. Mring prabu anom ngastuti. Kang kawarnaha. Lampahnya prabu dewi.// sampun manjing jro kitha nagari karsan. Sawadya tan kari. Sawusnya mangkana. Prabu dewi parentah. Kinen samekta ing jurit. Baris palatar. Jagang ngisenan warih.// balowarti rinakit sampun santosa. Pintu wus den inebi. Dadya arya islar. Kendel angepung kitha. Lan karya pakuwon sami. Saosanira. Sang narendra kakalih.// tan antara rawuh sang narendra putra. Ngungun denya ningali. Dene wadya karsan. Baris munggeng palatar. Jeng sultan ngabdulah tahir. Lan sultan kabsah. Manjing pakuwon nunggil.// wusnya tata animbali arya islar. Lawan para titindhih. Wus sumiweng ngarsa. Miwah para santana. Gunem masalah ing kardi. Ngiras bujana. Karya sukaning ngabdi.// prabu anom alon wahu aturira. Mring basarah narpati. Paman jeng paduka. mugi amedharena. Mring tingkahnya prabu dewi. De langkung gawat. Ulun tan saged galih.// kadya paran kasidane ingkang karsa. Karya eweding pikir. Punapa lenggana. Lamun ugi lenggana. Nguni mawi mangabekti. Dhateng kawula. Munggeng jro rata manik.// lawan anggung anyapih kang bonda yuda. Mangke kadya puniki. Baris neng palatar. Sikep kapraboning prang. Punapa silih ngapusi. Duk atur sembah. Dene tingkah narpati.// sultan kabsah gumujeng dupi miharsa. Aturnya asemu aris. Angger yen kawula. Leres tingkah punika. Kautamaning pawestri. Yen enggal bedhah. Kitha kira kirang memanis.//oo//

taksih wonten candhakipun
raden panji parta kusuma.